# हिंदी-मैथिली कोश



**केंद्रीय हिंदी निदेशालय**
उच्चतर शिक्षा विभाग
शिक्षा मंत्रालय, भारत सरकार

# हिंदी-मैथिली कोश

सत्यमेव जयते

केंद्रीय हिंदी निदेशालय
उच्चतर शिक्षा विभाग
शिक्षा मंत्रालय
भारत सरकार

PED-1034

500-2023 (DSK-II)

© : केंद्रीय हिंदी निदेशालय

प्रथम संस्करण: 2023

मूल्य : देश: 196/-
विदेश : $ 2.35

प्रकाशकः
केंद्रीय हिंदी निदेशालय
उच्चतर शिक्षा विभाग
शिक्षा मंत्रालय
भारत सरकार
पश्चिमी खंड - 7
रामकृष्णपुरम,
नई दिल्ली 110066

# प्राक्कथन

बहुभाषी देश भारतवर्ष भाषाई समृद्धि का अन्यतम उदाहरण है। यहाँ माँ भारती ने अपना अनुपम वरदान प्रदान किया है, जहाँ इतनी मधुर भाषाएँ विराजमान हैं। देश के सभी प्रांतों में अलग-अलग भाषाएँ बोली जाती हैं। कोश निर्माण की प्रक्रिया में संबंधित भाषा के उन प्रचलित शब्दों को ध्यान में रखा जाता है जो समाज में बहुतायत में प्रयोग किए जाते हैं। विभिन्न भाषा-भाषियों के मध्य विचारों के आदान-प्रदान के लिए भाषा ही संप्रेषण का माध्यम है। केंद्रीय हिंदी निदेशालय ने स्थापना के प्रारंभिक वर्षों से ही कोश निर्माण कार्य प्रारंभ कर दिया था। कोश निर्माण योजना के निहित उद्देश्य भारत की संविधान स्वीकृत सभी भाषाओं के मध्य समरसता स्थापित करने एवं भाषाई तथा सांस्कृतिक आदान-प्रदान को सुदृढ करना रहा है। सभी भारतीय भाषाओं की विशिष्टता है देशवासियों के मध्य एकता और अखंडता की भावना को सुदृढ किया जाना, इस हेतु विभिन्न प्रांतों के विविध भाषा-भाषी लोगों के मध्य भावनात्मक परस्परता कायम करना नितांत आवश्यक है ताकि देश की बौद्धिक और सांस्कृतिक आदान-प्रदान की स्वस्थ परंपरा उत्तरोत्तर फले-फूले। विभिन्न भाषा-भाषी एक दूसरे से संपर्क स्थापित करने हेतु भाषा का सहारा लेते हैं और इस हेतु एक दूसरे की भाषा को सीखने की ओर प्रवृत होते हैं। केंद्रीय हिंदी निदेशालय की कोश योजना के अंतर्गत संविधान स्वीकृत सभी भाषाओं के द्विभाषी, त्रिभाषी हिंदीमूलक एवं भाषामूलक कोश निर्माण का कार्य किया जाता है। वर्ष 2003 में संविधान की अष्टम अनुसूची में डोगरी, बोडो, मैथिली एवं संताली इन चार भाषाओं को सम्मिलित किया गया था। द्विभाषी कोश निर्माण की प्रक्रिया के अंतर्गत हिंदी मूलक द्विभाषी कोश योजना में हिंदी-मैथिली कोश का निर्माण किया गया है। मैथिली पूर्वी भारत के विशाल भू-भाग में बोली जाने वाली मानक, सुमधुर भाषा है। मैथिली भाषा का प्रयोग बिहार राज्य के मैथिल क्षेत्र के बहुसंख्य लोगों द्वारा किया जाता है एवं मैथिली भाषा नेपाल में भी बोली जाती है।

हिंदी मैथिली कोश में लगभग बीस हजार प्रविष्टियाँ हैं। दैनिक व्यवहार के शब्दों को हिंदी-मैथिली कोश में स्थान दिया गया है। इसके प्रयोगकर्ता विद्यार्थी, शोधार्थी एवं विभिन्न आयुवर्ग के प्रयोक्ता हैं। इस कोश के तीन स्तंभ हैं- प्रथम प्रविष्टि हिंदी शब्दों की है, दूसरी प्रविष्टि व्याकरणिक कोटि है एवं तीसरी प्रविष्टि पर्याय की है। कोश निर्माण में मानक वर्तनी का ध्यान रखा गया है। कोश कार्य करते समय भाषाई विशिष्टता को ध्यान में रखा गया है। जिसमें विशेषक चिह्न (Diacritic mark) का प्रयोग हुआ है। मैथिली भाषा में उच्चारण की विशिष्टता को स्पष्ट करने के लिए वर्ण के ऊपर (’) का प्रयोग किया जाता है। कोश देखने का क्रम निम्न प्रकार है-

| | |
|---|---|
| ं | ँ |
| ः | |
| अ | |
| आ | ा |
| इ | ि |
| ई | ी |

उ ु
ऊ ू
ऋ ृ
ए े
ऐ ै
ओ ो
औ ौ

सभी स्वरों की प्रविष्टि समाप्त होने पर पुनः व्यंजनों की प्रविष्टि उपर्युक्त क्रम से हुई है। 'क्ष' वर्ण की प्रविष्टि क्+ष अर्थात् 'क' वर्ण के अंतर्गत होती है और 'ज्ञ' की प्रविष्टि ज्+ञ अर्थात् 'ज' वर्ण के अंतर्गत होती है। 'ड़' वर्ण का प्रयोग 'ड' के बाद एवं ढ़ वर्ण का प्रयोग ढ के बाद किया जाता है। कोश प्रयोक्ता को कोश देखने और शब्दों तक पहुँचने में आसानी हो इसलिए यह क्रम देने का प्रयास किया गया है। कोश निर्माण कार्य चुनौतीपूर्ण कार्य है जिसमें एक-एक शब्दों का ध्यान रखा जाता है। शब्द चयन से पर्याय निर्धारण तक का कार्य सावधानीपूर्वक किया जाता है ताकि कोश का प्रयोगकर्ता उस भाषा के शब्दों का सटीक पर्याय समझ पाए और उनकी ज्ञान पिपासा का शमन हो पाए।

राष्ट्रीय शिक्षा नीति 2020 की घोषणा के बाद ज्ञान एवं अध्ययन की विभिन्न शाखाओं एवं विद्याओं यथा उच्चशिक्षा, व्यावहारिक शिक्षा, दूरस्थ शिक्षा, तकनीकी शिक्षा, प्रौद्योगिकीय शिक्षा, कानूनी, चिकित्सा विज्ञान, व्यावसायिक शिक्षा एवं रोजगारमूलक शिक्षा के क्षेत्र में भारतीय भाषाओं के माध्यम से शिक्षा प्रदान करने की दिशा में प्रशंसनीय पहल की गई है। समेकित भारतीय संस्कृति को समवेत स्वर प्रदान करना शिक्षानीति का उद्देश्य है। भारत सरकार के विभिन्न संस्थान इस दिशा में कदम बढाते हुए हिंदी एवं भारतीय भाषाओं में पाठ्यपुस्तकों के निर्माण कार्य में महत्वपूर्ण योगदान दे रहे हैं। केंद्रीय हिंदी निदेशालय की कोश योजना के अंतर्गत संविधान स्वीकृत समस्त बाईस भारतीय भाषाओं के भाषामूलक एवं हिंदीमूलक द्विभाषी एवं त्रिभाषी कोशों का निर्माण एवं प्रकाशन किया जाता है। राष्ट्रीय शिक्षा नीति के अनुपालन में पाठ्यपुस्तकों के निर्माण एवं पाठ्यक्रम आदि तैयार करने में ये कोश महत्वपूर्ण कड़ी सिद्ध होंगे। हिंदी मैथिली कोश निश्चित ही अध्येताओं, शोधार्थियों एवं जिज्ञासुओं के ज्ञान में अभिवृद्धि कर भारतीय साहित्य की श्रीवृद्धि करेगा।

हिंदी-मैथिली कोश को सुधी पाठकों के समक्ष प्रस्तुत करते हुए मुझे अपार हर्ष हो रहा है। इस कार्य में संलग्न सभी भाषाविदों एवं केंद्रीय हिंदी निदेशालय के कोश परिवार के सदस्य साधुवाद के पात्र हैं जिनकी लगन एवं निष्ठा से यह कार्य संभव हो पाया। भविष्य में भी सबका सहयोग प्राप्त होता रहेगा ऐसी आशा है। कोश में रह गई त्रुटियों की ओर आपके द्वारा हमारा ध्यान आकृष्ट कराए जाने पर अगले संस्करण में उसे दूर करने का प्रयास किया जाएगा।

स्थान : नई दिल्ली

(प्रो. सुनील बाबुराव कुलकर्णी)
निदेशक

# विशेषज्ञ का अभिमत

भाषा के माध्यम से ही मुख्यरूप से मनुष्य अपने विचार, भावना एवं संवेदनाओं का संप्रेषण करता है। इस दृष्टि से किसी भाषा का प्रचार-प्रसार, अध्ययन-अध्यापन, मनन-अनुशीलन आदि के लिए शब्दकोश एक अन्यतम साधन है।

हिंदी-मैथिली शब्दकोश द्विभाषिक शब्दकोश है। मिथिला की लोकभाषा 'मैथिली' शब्द का प्रयोग सर्वप्रथम कोलब्रुक महोदय ने सन् 1801 ई. में किया था और उसी नाम को प्रसिद्ध भाषा वैज्ञानिक जॉर्ज ग्रियर्सन ने 1880 ई. में प्रसिद्ध किया।

भाषावैज्ञानिकों ने विश्व की समस्त भाषाओं को ध्वनि, पद, वाक्य और अर्थ की दृष्टि से प्रमुखतया चौदह भाषा परिवारों में बाँटा है, जिसमें सर्वप्रमुख भारत-योरोपीय (भारोपीय) भाषा परिवार है। भारतीय आर्यभाषाएँ भारोपीय परिवार के अंतर्गत आती हैं। भारोपीय भाषा परिवार से विकसित भाषाएँ सादृश्य के आधार पर बारह उपशाखाओं में विभाजित हैं, जिनमें एक प्रमुख उपशाखा भारतीय और दूसरी उपशाखा ईरानी है। प्राचीन ईरानी और प्राचीन भारतीय आर्यभाषा में अत्यधिक समानता है।

प्राचीन भारतीय आर्यभाषा का इतिहास सन् 1200 ई.पू. से आरंभ होता है। कालक्रम से इसके वैदिक और लौकिक दो भेद हो गए। वेदों में वैदिक भाषा का प्रयोग हुआ है और लौकिक भाषा परिनिष्ठित स्वरूप में 'संस्कृत' के नाम से काव्यग्रंथों की रचना में प्रयुक्त हुई।

आर्यभाषा पूरे देश में बोधगम्य तो अवश्य थी परंतु देश की विशालता के कारण उसमें क्षेत्रीय औपभाषिक विलक्षणता के आधार पर अनेक उत्तरकालीन भाषाओं का विकास हुआ। 1000 ई.पू. तक प्राचीन आर्यभाषा में इतना परिवर्तन हुआ कि वह सर्वथा नवीन भाषा बन गई। इसका कारण स्थानीय आर्येतर भारतवासियों की उच्चारण असमर्थता थी जिससे स्वन प्रणाली में अभूतपूर्व परिवर्तन हो गया। परंतु यह परिवर्तन आर्यभाषा में हुआ। परिष्कृत और साहित्यिक भाषा संस्कृत तो अपने व्याकरण के कारण मूलरूप में अक्षुण्ण बनी रही।

भाषाविज्ञान की दृष्टि से भाषाओं का वर्गीकरण मुख्यतः दो प्रकार से किया गया है- 1. आकृतिमूलक वर्गीकरण 2. परिवारमूलक वर्गीकरण। परिवारमूलक वर्गीकरण में भाषा विज्ञान के प्रमुख अंगों ध्वनि, पद, वाक्य तथा अर्थ को ध्यान में रखकर वर्गीकरण किया गया है। भारतीय आर्यभाषाओं के विकासक्रम में मैथिली का महत्वपूर्ण स्थान निम्नलिखित सारणी से अधिक स्पष्ट हो जाता है-




डॉ. सुनीति कुमार चटर्जी द्वारा मागधी प्राकृत का वर्गीकरण निम्नरूप में-




ज्योतिरीश्वर ठाकुर ने भी 'वर्णरत्नाकर' में प्रमुख भारतीय भाषा के उल्लेख के क्रम में संस्कृत और प्राकृत के बाद 'अवहट्ट' को स्थान दिया है। 'अवहट्ट' शब्द 'अपभ्रष्ट' का रूपांतर है। अपभ्रष्ट अथवा अपभ्रंश को देशी बोली कहा जाता है और लौकिक भाषा ही अपभ्रंश के रूप में जानी जाती है।

मैथिली अर्धमागधी या शौरसेनी से उद्भूत प्राकृत अवधी, भोजपुरी आदि से भिन्न, मागधी से उद्भूत भाषा है। संस्कृत का जितना अनुसरण मैथिली भाषा करती है उतना अन्य कोई भाषा साहित्य नहीं करता।

मैथिली भाषा मुख्यरूप से भारत के बिहार झारखंड तथा नेपाल के तराई में लगभग 28000 वर्ग किलोमीटर क्षेत्र में रहनेवाले लगभग दो करोड़ (200,00,000) लोगों की मातृभाषा है। इसके अतिरिक्त जीविका के प्रसंग में 'मिथिला' से अन्यत्र विदेश में रहनेवाले लाखों प्रवासी मैथिलों की मातृभाषा के रूप में मैथिली व्यवहार की अनन्य माध्यम बनी हुई है। विद्यापति मैथिलीभाषा के आदिकवि माने जाते हैं। सन् 1965 ई. में मैथिली भाषा को साहित्य अकादमी में गौरवपूर्ण स्थान

मिला। वर्ष 2003 ई. में भारतीय संविधान की अष्टम अनुसूची में प्रमुख भारतीय भाषा के रूप में सम्मिलित की गई। मैथिली भाषा एवं साहित्य दिनानुदिन बिहार के शिक्षा संस्थानों, उच्चशिक्षा संस्थानों तथा सामाजिक प्रतिष्ठानों में विकसित होकर कीर्तिमान स्थापित कर रहे हैं। इसके अतिरिक्त नेपाल तथा पश्चिम बंगाल के स्नातकोत्तर स्तर पर अध्ययन-अध्यापन की व्यवस्था है। बिहार लोकसेवा आयोग, केंद्रीय लोकसेवा आयोग की परीक्षाओं में भी वैकल्पिक विषय के रूप में इसे निर्धारित किया गया है।

**लिपि-**

मैथिली की अपनी लिपि है जो तिरहुता या मिथिलाक्षर नाम से जानी जाती है। लेकिन अब मुद्रण में सुविधा के लिए देवनागरी लिपि अपना ली गई है। ज्ञातव्य है कि मिथिला में वर्तमान शतक से पूर्व जितनी पुस्तकें और अभिलेख मिलते हैं वे सब तिरहुता लिपि में हैं इस लिपि में लिखी अनेक पांडुलिपियाँ नेपाल के पुस्तकालय में तथा दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय के पुस्तकालय में सुरक्षित हैं। अब तिरहुता और नेवारी लिपि दोनों का स्थान नागरी लिपि ने ले लिया और मैथिली की तीसरी लिपि नागरी हो गई। इन तीनों लिपियों का नमूना नीचे तालिका में दिया गया है। परंपरागत मैथिल संस्कृतिपोषक परिवारों में आज भी विवाह, उपनयन आदि के अवसर पर निमंत्रणपत्र लिखने में मिथिलाक्षर का प्रयोग मैथिली भाषा की अपनी विशेषता रही है। यह जनता के सर्वविध सामाजिक और सांस्कृतिक व्यवहार ही माध्यम बनी रही है। यह मिथिला में राजा जनक से लेकर खंडबला राजवंश तक तथा नेपाल में मल्ल राजवंश और मोरंग में सेन राजवंश की राज्यभाषा तथा मातृभाषा एवं विशाल भूभाग में संपर्कभाषा के रूप में प्रतिष्ठित रही है।

**देवनागरी एवं तिरहुता लिपि-**

| | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| हिंदी | अ | आ | इ | ई | उ | ऊ | ऋ | ॠ | ऌ | ॡ |
| तिरहुता | 𑒁 | 𑒂 | 𑒃 | 𑒄 | 𑒅 | 𑒆 | 𑒇 | 𑒈 | 𑒉 | 𑒊 |
| हिंदी | ए | ऐ | ओ | औ | अं | अः | | | | |
| तिरहुता | 𑒋 | 𑒌 | 𑒍 | 𑒎 | 𑒁𑓀 | 𑒁𑓁 | | | | |
| हिंदी | क | ख | ग | घ | ङ | | | | | |
| तिरहुता | 𑒏 | 𑒐 | 𑒑 | 𑒒 | 𑒓 | | | | | |
| हिंदी | च | छ | ज | झ | ञ | | | | | |
| तिरहुता | 𑒔 | 𑒕 | 𑒖 | 𑒗 | 𑒘 | | | | | |
| हिंदी | ट | ठ | ड | ढ | ण | | | | | |
| तिरहुता | 𑒙 | 𑒚 | 𑒛 | 𑒜 | 𑒝 | | | | | |
| हिंदी | त | थ | द | ध | न | | | | | |
| तिरहुता | 𑒞 | 𑒟 | 𑒠 | 𑒡 | 𑒢 | | | | | |
| हिंदी | प | फ | ब | भ | म | | | | | |
| तिरहुता | 𑒣 | 𑒤 | 𑒥 | 𑒦 | 𑒧 | | | | | |
| हिंदी | य | र | ल | व | श | | | | | |
| तिरहुता | 𑒨 | 𑒩 | 𑒪 | 𑒫 | 𑒬 | | | | | |
| हिंदी | ष | स | ह | क्ष | त्र | ज्ञ | | | | |
| तिरहुता | 𑒭 | 𑒮 | 𑒯 | 𑒏𑓂𑒭 | 𑒞𑓂𑒩 | 𑒖𑓂𑒘 | | | | |

| हिंदीक अंक | ० | १ | २ | ३ | ४ | ५ | ६ | ७ | ८ | ९ |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| तिरहुताक अंक | 𑓐 | 𑓑 | 𑓒 | 𑓓 | 𑓔 | 𑓕 | 𑓖 | 𑓗 | 𑓘 | 𑓙 |

आज कृषिप्रधान समाज में प्रचलित अनेक शब्द असामयिक हो चुके हैं। समाज बड़ी तेजी से परिवर्तित हो रहा है। पाश्चात्य संस्कृति और शहरीकरण के बढ़ते प्रभाव तथा सूचना क्रांति के कारण मुद्रण सुविधा के लिए भी भाषा को सरल और सुविधाजनक बनाया जा रहा है अतः शहरी और ग्रामीण भाषा में स्पष्ट अंतर देखा जा सकता है। यह अंतर केवल भाषा में ही नहीं अपितु ध्वनि में भी परिलक्षित हो रहा है।

(1) प्रस्तुत हिंदी-मैथिली शब्दकोश में लगभग 20000 (बीस हजार) ऐसे शब्दों का समावेश किया गया है जो प्रायः सामाजिकों, विद्‌यार्थियों, शिक्षण तथा लोगों के दैनिक क्रियाकलापों में व्यवहार में आते हैं। विभाग द्‌वारा ऐसे चुने गए व्यवहारोपयोगी हिंदी शब्दों के लिए मैथिली भाषा के शब्दों को वर्णमाला के अक्षरों के क्रम (अकारादिक्रम) से (अ से ह तक) रूपांतर दिया गया है। हिंदी शब्द के लिए मैथिली में जहाँ पुरानी मैथिली और नई मैथिली दोनों के शब्द उपलब्ध हैं वहाँ दोनों शब्दों का उल्लेख किया गया है। जैसे चंदन के लिए प्राचीन 'श्रीखंड' नवीन 'चानन'। इसके अतिरिक्त हिंदी शब्द के मैथिली में जहाँ दो अर्थों में प्रयोग होता है, वहाँ क्रम सं- 1 और 2 देकर दोनों अर्थों को अलग-अलग दिया गया है। जैसे 'खर' शब्द के लिए मैथिली में 1. गदहा और 2. घास दो अर्थ दिए गए हैं।

(2) पंचमाक्षर के स्थान पर अनुस्वार का प्रयोग- संस्कृत भाषा के नियमानुसार शब्द के अंत में जिस वर्ग का अक्षर रहता है उसी वर्ग का पाँचवाँ अक्षर बीच में आए अनुनासिक ध्वनि के लिए होता है किंतु यहाँ पंचमाक्षर के लिए अनुस्वार का प्रयोग किया गया है। जैसे- गठबन्धन- के लिए गठबंधन, चन्द्रमा- के लिए चंद्रमा, दम्भी के लिए दंभी आदि। इसी प्रकार अंक, पंच, खंड, संधि आदि।

(3) संयुक्त व्यंजनाक्षर वाले शब्दों को आधे और पूरे व्यंजन को अलग-अलग लिखकर स्वर की मात्रा दी गई है। जैसे- उच्चारण, नैमित्तिक आदि।

(4) मैथिली में व और ब दोनों का उच्चारण 'ब' किया जाता है। किंतु 'व' वाले शब्दों को 'ब' से लिखा नहीं गया है, यही उपयुक्त है। सामान्य रूप से व के उच्चारण के लिए ओ का प्रयोग किया जाता है। जैसे- वकील के लिए मैथिली में 'ओकील' लिखा जाता है।

(5) ए और य मैथिली की वर्तनी में ए और य दोनों लिखा जाता है, जैसे-

प्राचीन वर्तनी- कएल जाए, होएत, माए।

नवीन वर्तनी- कयल जाए, होयत, माय।

(6) ष तथा ख - मैथिली भाषा में अधिकांशतः ष का उच्चारण 'ख' होता है। जैसे- संतोष (संतोख), षडयंत्र (खडयंत्र), षोडशी (खोडशी), षट्‌कोण (खट्‌कोण) आदि। किंतु यह उच्चारण मात्र के लिए है। लिखने में 'ष' (मूर्धन्य ष से ही लिखा जाएगा)।

(7) मैथिलीकरण हो गए शब्द के मध्य या अंत में यदि ह्रस्व 'इ' या 'उ' आए तो उसकी ध्वनि स्थानांतरित होकर एक अक्षर आगे (पहले) आ जाती है। जैसे- शनि (शइन), पानि (पाइन), दालि (दाइल), माटि (माइट), काछु (काउछ), मासु (माउस) आदि। किंतु तत्सम शब्दों में यह नियम लागू नहीं होता। जैसे- 'रश्मि' का रइश्म और 'सुधांशु' का 'सुधाउंश' नहीं लिखा जा सकता।

(8) प्राचीन मैथिली के न्ह ध्वनि के स्थान में न लिखा जा सकता है। जैसे- पढ़लैन्ह के (पढ़लैन)।

(9) कारक विभक्ति निम्नलिखित रूप में ग्राह्य है, यह शब्द में कारक चिह्न मिला के लिखा जाता है। जैसे- हाथके, हाथसँ, हाथक, हाथमे।

(10) मैथिली में 'में' के प्रयोग में अनुस्वार वर्जित है। 'क' के वैकल्पिक रूप में 'केर' रखा जा सकता है।

(11) अनुनासिक को चंद्रबिंदु ( ँ ) के द्वारा व्यक्त किया जाय।

(12) मैथिली भाषा में मात्राओं का प्रयोग हिंदी भाषा की तरह किया गया है।

(13) हिंदी के शब्दों के मैथिली शब्दों के रूपांतरण में इस कोश में एक से अधिक अर्थ होने की स्थिति में 1, 2, 3 आदि की क्रम सं. देकर अर्थ दिए गए हैं।

हिंदी-मैथिली शब्दकोश निर्माण में केंद्रीय हिंदी निदेशालय के अधिकारियों के यथेष्ट सहयोग और सुविधा से यह कार्य संपन्न हो सका है। एतदर्थ विशेषज्ञ समिति उनके प्रति हार्दिक कृतज्ञता ज्ञापित करती है।

डॉ. नोदनाथ मिश्र

# संक्षेपाक्षर सूची

| | | |
|---|---|---|
| पुं. | - | पुंल्लिंग |
| स्त्री. | - | स्त्रीलिंग |
| अव्य. | - | अव्यय |
| वि. | - | विशेषण |
| क्रि.वि. | - | क्रिया विशेषण |
| स.क्रि. | - | सकर्मक क्रिया |
| अ.क्रि. | - | अकर्मक क्रिया |
| सर्व. | - | सर्वनाम |
| संयो. | - | संयोजक |
| क्रि. | - | क्रिया |
| दे. | - | देखें |

## हिंदी मैथिली कोश के निर्माण से संबद्ध विशेषज्ञ तथा निदेशालय के अधिकारी

**प्रधान संपादक**

प्रो. सुनील बाबुराव कुलकर्णी

निदेशक

| **संपादन** | **मैथिली भाषा विशेषज्ञ** |
|---|---|
| श्री बाबूलाल मीना, उपनिदेशक | डॉ. नोदनाथ मिश्र |
| डॉ. किरण झा, सहायक निदेशक | डॉ. गंगेश गुंजन |
| डॉ. अंजू सिंह, सहायक निदेशक | डॉ. सुमन कुमार झा |
| डॉ. शालिनी राजवंशी, सहायक निदेशक | डॉ. सुंदरनारायण झा |
| | डॉ. गोपाल कुमार झा |

**प्रकाशन**

श्री राधेश्याम मीना, उपनिदेशक

श्री अमरजीत सिंह गुलाटी, सहायक निदेशक

# अ

**अंक** (पुं.) 1. संख्याक चिह्न (1, 2, 3 आदि), 2. पत्र-पत्रिकाक अंक, 3. दाग, चेन्ह
**अंकगणित** (पुं.) संख्याक जोड़-घटाव आदिक विद्या
**अंकन** (पुं.) चेन्ह (चिह्न) लगायब, लेखन, चित्रण
**अंक-पत्र** (पुं.) निर्धारित मूल्यसँ भेट'बला पत्र, स्टांप (टिकट), अंक-पत्र
**अंक-सूची** (स्त्री.) अंक-पत्र
**अंकित** (वि.) लिखल
**अंकित मूल्य** (पुं.) मुद्रा, ऋणपत्र आदि पर अंकित मूल्य
**अंकुर** (पुं.) अँकुरा
**अंकुरण** (पुं.) कोनो बीया (बीजक) अंकुरित होयब, अंकुरायब
**अंकुरित** (वि.) अँकुराएल, अँखुआएल, प्रस्फुटित
**अंकुश** (पुं.) 1. आँकुस 2. नियंत्रण
**अंकेक्षण** (पुं.) आय-व्ययक जाँच
**अंखुआ** (पुं.) अँकुरा, अंकुर, आंकुर
**अंग** (पुं.) 1. देह 2. भाग 3. सहायक 4. अंग प्रदेश वर्तमानमे मुंगेर, भागलपुर इत्यादि
**अंगच्छेद** (पुं.) अंग के काटब
**अंगड़ाई** (स्त्री.) हाफी ल' के देहकेँ तानब, अंगैठी मोड़
**अंगप्रत्यंग** (पुं.) देहक प्रत्येक अंग
**अंगभंग** (पुं.) कोनो अंगक टूटब
**अंगभूत** (वि.) 1. अंगक रूपमे बनल 2. अंतर्गत
**अंगरक्षक** (पुं.) पैघ लोकक रक्षालेल नियुक्त सैनिक, रक्षक
**अंगराग** (पुं.) उबटन, सुगंधित लेप
**अंगविकृति** (स्त्री.) देहक विकार
**अंगविक्षेप** (पुं.) 1. नृत्य 2. गप्प-सप्पमे हाथ पयर आदि हिलायब, देहभाषा, मुद्रा
**अंगहीन** (वि.) अंगरहित
**अंगार** (पुं.) अंगार, अंगोर, चिनगी
**अंगिया** (स्त्री.) आंगी, आङी
**अंगीकरण** (पुं.) स्वीकार, स्वीकृति, ग्रहण
**अंगीकार** (पुं.) गछब, ग्रहण करब, स्वीकारब
**अंगीकृत** (वि.) स्वीकृत, गछल
**अंगूठा निशान/चिह्न** (पुं.) औंठा निसान, अंगुठाक छाप
**अंगूर** (पुं.) दाख, दाख प्रजातिक एक फल
**अंगोच्छेदन** (पुं.) अंग काटब
**अंग्रेज** (पुं.) अङरेज
**अंग्रेजी** (वि.) अङरेजी भाषा
**अंचल** (पुं.) 1. आँचर, साड़ीक अगिला भाग 2. इलाका, अंचल, ब्लॉक
**अंजन** (पुं.) आँजन, काजर
**अंजर-पंजर** (पुं.) हाड़-पाँजर
**अंजलि** (स्त्री.) आँजुर
**अंजाम** (पुं.) परिणाम, प्रभाव, फल
**अंजीर** (पुं.) 1. अंजीर 2. गूलरिक फल 3. मेवा
**अंटना** (अ.क्रि.) अँटब, समाएब
**अंट-संट** (क्रि.वि.) अप्रासंगिक, व्यर्थ
**अंड** (पुं.) अंडा
**अंड-कोष** (पुं.) अंड-कोष, अँड़कोस
**अंडज** (वि./पुं.) अंडज, अंडासँ उत्पन्न
**अंड-बंड** (वि.) अंट-संट, अप्रासंगिक, बेकार
**अंड-बृद्धि** (स्त्री.) अंडकोस (आँड़) बढब
**अंडा** (पुं.) अंडा, गर्भसँ बहराएल सजीव गोल
**अंडाकार** (वि.) अंडाकृति, अंडाक आकारक
**अंडाणु** (पुं.) अंडाणु
**अंडाशय** (पुं.) अंडाशय
**अंडी** (स्त्री.) 1. अंडी, अँड़री 2. एक प्रकारक रेशमी कपड़ा, तैलीय फ'र
**अंडी का तेल** (पुं.) अंडीक तेल
**अंत** (वि./पुं.) पूर्णता, परिणाम, सीमा
**अंतः** (अव्यय) आंतरिक

**अंतःकक्ष** (पुं.) भितरी कोठली
**अंतःकथा** (स्त्री.) अंतःकथा
**अंतःकरण** (पुं.) बिबेक, मन, चित्त, हृदय
**अंतःक्रिया** (स्त्री.) पारस्परिक संवाद
**अंतःप्रज्ञा** (स्त्री.) अंतःबुद्धि
**अंतःप्रवाह** (पुं.) अंतःप्रवाह
**अंतःप्रेरणा** (स्त्री.) अंतर्विवे'क, भीतरक प्रेरणा
**अंतःशक्ति** (स्त्री.) अंतःशक्ति, भीतरी तागति
**अंतःश्वसन** (पुं.) अंतःश्वसन
**अंतःसाक्ष्य** (पुं.) भितरी प्रमाण, अंतर्निहित प्रमाण
**अंतःस्राव** (पुं.) भितरी चुआन, भितर.भितर बहब
**अंतःस्वर** (पुं.) आंतरिक ध्वनि, आत्माक स्वर
**अंततः** (क्रि. वि.) अंतमे, आखिर
**अंततोगत्वा** (क्रि. वि.) अंतमे
**अंतरंग** (वि.) घनिष्ठ, अभिन्न
**अंतरंग रोगी विभाग** (पुं.) अंतरंग रोगी विभाग
**अंतर** (पुं.) 1. भेद 2. हृदय
**अंतरण** (पुं.) अंतरण
**अंतरतम** (पुं.) निकटतम, घनिष्ठ
**अंतर-राज्यीय** (वि.) अंतरराज्यीय
**अंतर-राष्ट्रीय** (वि.) अंतरराष्ट्रीय
**अंतरराष्ट्रीयकरण** (पुं.) अंतरराष्ट्रीयकरण
**अंतरराष्ट्रीयता** (स्त्री.) अंतरराष्ट्रीयता
**अंतरराष्ट्रीय न्यायालय** (पुं.) अंतरराष्ट्रीय न्यायालय
**अंतरराष्ट्रीय संबंध** (पुं.) अंतरराष्ट्रीय संबंध
**अंतरा** (पुं.) अंतरा, गीतक अंश, गायनक उत्तरवर्ती स्वर विधान, गीतक टेक, स्थायीक अंश
**अंतराल** (पुं.) विराम, अंतराल
**अंतरिक्ष** (पुं.) अंतरिक्ष
**अंतरिक्ष यात्रा** (स्त्री.) अंतरिक्ष यात्रा
**अंतरिक्ष यात्री** (पुं.) अंतरिक्ष यात्री
**अंतरिक्ष विज्ञान** (पुं.) अंतरिक्ष विज्ञान
**अंतरिम** (वि.) अंतरिम, तात्कालिक
**अंतरिम आदेश** (पुं.) अंतरिम आदेश
**अंतरिम उत्तर** (पुं.) अंतरिम उत्तर
**अंतरिम प्रतिवेदन** (पुं.) अंतरिम प्रतिवेदन
**अंतरिम राहत** (पुं.) अंतरिम राहति, तात्कालिक सुभीता
**अंतरिम रिपोर्ट** (स्त्री.) अंतरिम रिपोर्ट
**अंतरिम सरकार** (वि.) अंतरिम सरकार
**अंतरिम सहायता** (स्त्री.) अंतरिम सहायता
**अंतरीय** (पुं.) अंतरीय
**अंतर्कक्ष** (वि.) अंतर्कक्ष
**अंतर्गत** (वि.) अंतर्गत
**अंतर्जातीय** (वि.) अंतर्जातीय
**अंतर्ज्ञान** (पुं.) अंतर्ज्ञान, भितरिया ज्ञान
**अंतर्दशा** (स्त्री.) अंतर्दशा, आंतरिक स्थिति
**अंतर्दर्शन** (पुं.) अंतर्दर्शन
**अंतर्दर्शी** (वि.) अंतर्दर्शी
**अंतर्दृष्टि** (स्त्री.) अंतर्दृष्टि
**अंतर्देशीय** (वि.) अंतर्देशीय
**अंतर्द्वंद्व** (पुं.) अंतर्द्वन्द्व, आत्मद्वन्द्व
**अंतर्धान** (वि./पुं.) अंतर्धान, अंतर्ध्यान
**अंतर्ध्वंस** (पुं.) अंतर्ध्वंस
**अंतर्नियम** (पुं.) अंतर्नियम
**अंतर्निहित** (वि.) अंतर्निहित
**अंतर्प्रांतीय** (वि.) अंतर्प्रांतीय
**अंतर्बोध** (पुं.) अंतर्बोध
**अंतर्भाव** (पुं.) अंतर्भाव
**अंतर्भावना** (स्त्री.) अंतर्भावना
**अंतर्भूत** (वि.) अंतर्भूत
**अंतर्भेदन** (पुं.) अंतर्भेदन
**अंतर्भेदी** (वि.) अंतर्भेदी
**अंतर्मन** (पुं.) अंतर्मन
**अंतर्मार्ग** (पुं.) अंतर्मार्ग
**अंतर्मुखी** (वि.) अंतर्मुखी
**अंतर्यामी** (वि./पुं.) अंतर्यामी
**अंतर्लीन** (वि.) अंतर्लीन
**अंतर्वर्ती** (वि.) अंतर्वर्ती
**अंतर्वस्तु** (स्त्री.) अंतर्वस्तु

**अंतर्वस्त्र** (पुं.) अंतर्वस्त्र
**अंतर्विकार** (पुं.) अंतर्विकार
**अंतर्विभागीय** (वि.) अंतर्विभागीय
**अंतर्विरोध** (पुं.) अंतर्विरोध
**अंतर्विवेक** (पुं.) अंतर्विवेक
**अंतर्वेदना** (स्त्री.) अंतर्वेदना, आत्मिक वेदना
**अंतस्थ** (वि./पुं.) अंतस्थ, अंतस्थलमे स्थित
**अंतहीन** (वि.) अंतहीन
**अंतिम** (वि.) अंतिम, आखरी
**अंतिम चेतावनी** (स्त्री.) अंतिम चेतावनी, चेतौनी
**अंतिम तिथि** (स्त्री.) अंतिम तिथि, आखिरी तारीख/दिन
**अंतिम भुगतान** (पुं.) अंतिम भुगतान
**अंतिम रूप** (पुं.) अंतिम रूप
**अंतिमवेतन प्रमाणपत्र** (पुं.) अंतिम वेतन प्रमाणपत्र
**अंत्यकर्म** (पुं.) अंत्यकर्म
**अंत्यज** (पुं.) अंत्यज, शूद्रवर्ण
**अंत्याक्षरी** (स्त्री.) अंत्याक्षरी
**अंत्येष्टि** (स्त्री.) अंत्येष्टि, दाह संस्कार
**अंदर** (पुं.) अंदर, अंनर, भीतर
**अंदरूनी** (वि.) अंदरूनी, भीतरी
**अंदाज/अंदाजा** (पुं.) अनुमान, अटकरी
**अंदाजन** (क्रि. वि.) अनुमानतः, भरिसक, संभवतः
**अंदेशा** (पुं.) चिंता, संभावना, आशंका
**अंधकार** (पुं.) अन्हार
**अंधकूप** (पुं.) अंधकूप, अन्हार, इनार
**अंधड़** (पुं.) बिहारि, अन्हड़
**अंधता** (स्त्री.) अंधता, आन्हरपन
**अंध विद्यालय** (पुं.) अंध विद्यालय, नेत्रहीन'क विद्यालय (दिव्यांग) वर्तमानमे
**अंध विश्वास** (पुं.) अंध विश्वास, दकियानूसी
**अंधा** (वि.) आन्हर
**अंधाधुंध** (क्रि. वि.) अंधाधुंध, अंधाधुन
**अंधानुकरण** (पुं.) अंधानुकरण, आँखि मूनिक' अनुकरण
**अंधानुयायी** (वि.) अंधानुयायी, आँखि मूनिक’ अनुकरण कयनिहार, देखसी
**अंधापन** (पुं.) अंधता
**अंधेर/अंधेरा** (पुं.) 1. अन्हेर 2. अन्याय
**अंधेरगर्दी** (स्त्री.) अन्हेरगर्दी
**अंपायर** (पुं.) अंपायर, जेना क्रिकेट, फुटबालक रेफरी
**अंबर** (पुं.) अंबर, आकाश, मेघ
**अंबार** (पुं.) ढेरी, अंबार
**अंबुज** (पुं.) कमल
**अंबुद** (पुं.) मेघ, बादलि
**अंबुधि** (पुं.) समुद्र, सिंधु
**अंश** (पुं.) अंश, मात्र
**अंशकालिक** (वि.) अंशकालिक
**अंशतः** (क्रि. वि.) अंशतः, अंशरूपमे, आंशिक
**अंशदाता** (पुं.) अंशदाता, अंश देनिहार
**अंशदान** (पुं.) अंशदान, अंशक दान
**अंशदायी** (वि.) अंशदायी, अंशदायक
**अंशपत्र** (पुं.) अंशपत्र
**अंशु** (पुं.) अंशु, प्रकाशपुंज, किरण, प्रभा
**अँगीठी** (स्त्री.) बोरसि
**अँगुल** (पुं.) आङुर, अंगुरी
**अँगुलिछाप** (स्त्री.) आङुरक छाप, निरक्षर
**अँगुष्ठ** (पुं.) औंठा
**अँगूठी** (स्त्री.) औंठी
**अँगोछा** (पुं.) अंगपोछा, गमछा
**अँतड़ी** (स्त्री.) भोंटी, आँत, अंतड़ी.भोतड़ी
**अऋणी** (पुं.) अऋणी, जे ऋण नहि लेने हो
**अकंटक** (वि.) अकंटक, निष्कंटक
**अकंपन** (वि.) अकंपन, निष्कंप
**अकड़** (स्त्री.) ऐंठन, ऐंठी
**अकड़ना** (अ.क्रि.) ऐंठब, ईड़
**अकड़बाज** (वि.) जिद्दी, ईड़ाह लोक
**अकड़बाजी** (स्त्री.) जिद्दबाजी, ईड़पनी

**अकथनीय** (वि.) अकथनीय, जे कहल नहि जाय
**अकथित** (वि.) अकथित, जे कहल नहि गेल
**अकरणीय** (वि.) अनुचित, अकर्त्तव्य, निषिद्ध
**अकर्त्तव्य** (पुं.) अकर्त्तव्य, नहि करबा योग्य
**अकर्मक** (वि.) अकर्मक, कोनो कर्मक नहि
**अकर्मण्य** (वि.) अकर्मण्य, अहदी
**अकर्मण्यता** (स्त्री.) अकर्मण्यता, अहदीपना
**अकलंक** (वि.) अकलंक, निष्कलंक
**अकल** (अक्ल) (स्त्री.) बुद्धि, बुधि, अकिल
**अकलमंद** (वि.) बुद्धिमान, बुझनुक
**अकलुष** (स्त्री.) कालुष्यहीन, शुद्ध
**अकल्पनीय** (वि.) अकल्पनीय, कल्पनासँ बाहर
**अकल्पित** (वि.) अकल्पित
**अकसर** (क्रि. वि.) प्रायः, बेसी काल
**अकस्मात** (क्रि. वि.) एकाएक, अचानक, अनचोखे
**अकाट्य** (वि.) अकाट्य
**अकादमी** (स्त्री.) अकादमी
**अकारण** (वि.) अकारण
**अकारथ** (वि.) निरर्थक, व्यर्थ, निष्फल
**अकारांत** (वि.) अकारांत
**अकारादिक्रम** (पुं.) अकारादिक्रम
**अकाल** (पुं.) दुष्काल, दुर्भिक्ष, अकाल
**अकाल पीड़ित** (वि.) अकालपीड़ित, दुर्भिक्ष पीड़ित
**अकाल मृत्यु** (स्त्री.) अल्प बएसमे मरब, अकालमृत्यु, अपरपात
**अकालवृष्टि** (स्त्री.) अकालवृष्टि
**अकिंचन** (वि.) अकिंचन, गरीब
**अकुंठित** (वि.) अकुंठित, मुक्तहृदय, मुक्तमन
**अकुलाना** (अ. क्रि.) व्याकुल होयब
**अकुलाहट** (स्त्री.) व्याकुलता, अकुलाहटि
**अकुलीन** (वि.) अकुलीन, जे कुलीन नहि
**अकुशल** (वि.) अकुशल, अपरोजक
**अकृत** (वि.) अकृत, बिन कयल
**अकृतज्ञ** (वि.) अकृतज्ञ, कृतघ्न, उपकार के बिसरब
**अकृत्रिम** (वि.) अकृत्रिम, प्राकृतिक
**अकेला** (वि.) एकसर, एकाकी
**अकेलापन** (पुं.) एकाकीपन, एकसरपन
**अक्खड़** (पुं.) मुहफट, एठी, अनटोटल
**अक्खड़पन** (पुं.) हठ, उझट्टपन
**अक्तूबर** (पुं.) अक्तूबर, अक्टूबर
**अक्रूर** (वि.) अक्रूर
**अक्ल/अकल** (स्त्री.) ज्ञान, बुद्धि
**अक्लांत** (वि.) अक्लांत
**अक्लिष्ट** (वि.) अक्लिष्ट, सरल, जे क्लिष्ट नहि
**अक्ष** (पुं.) जुआ, पासा, धुरी,
**अक्षत** (पुं.) 1. अभंग 2. पूजाक लेल पवित्र अरबा चाउर
**अक्षम** (वि.) असमर्थ, अक्षम, जे सक्षम नहि हो
**अक्षमता** (स्त्री.) अक्षमता, अयोग्यता
**अक्षम्य** (वि.) अक्षम्य, माफी योग्य नहि
**अक्षय** (वि.) अक्षय
**अक्षयनिधि** (पुं./वि.) अक्षयनिधि
**अक्षर** (पुं./वि.) अक्षर, आखर
**अक्षर-ज्ञान** (पुं.) अक्षर-ज्ञान
**अक्षर-विन्यास** (पुं.) अक्षर विन्यास
**अक्षरशः** (वि.) पूरा-पूरा, पूर्णरूप, यथावत
**अक्षरेखा** (स्त्री.) अक्षरेखा
**अक्षांतर** (पुं.) अक्षांतर
**अक्षांश** (पुं.) अक्षांतर, अक्षांश
**अक्षुण्ण** (वि.) 1. अक्षुण्ण, बिनु धाङल 2. बिनु टूटल
**अक्षौहिणी** (स्त्री.) अक्षौहिणी, चतुरंगिणीसेना
**अक्स** (पुं.) छाह, छवि, प्रतिबिंब
**अक्सर** (क्रि. वि.) प्रायः, बेसी काल, कय काल
**अखंड** (वि.) अखंड, संपूर्ण
**अखंडता** (स्त्री.) अखंडता, संपूर्णता
**अखंडनीय** (वि.) अखंडनीय
**अखंड पाठ** (पुं.) अखंडपाठ, अनवरत

**अखंडित** (वि.) अखंडित
**अखबार** (पुं.) समाचारपत्र
**अखबारी** (वि.) समाचारपत्रसँ संबंधित
**अखरना** (अ. क्रि.) अखरब, बेजाय लागल
**अखरोट** (पुं.) अकरोट, मेवा
**अखाड़ा** (पुं.) अखराहा, अखाड़ा
**अखाद्य** (वि.) अखाद्य, खाय योग्य नहि
**अखिल** (वि.) अखिल, संपूर्ण
**अखिलभारतीय** (वि.) अखिल भारतीय, भारत-भरि
**अख्तियार** (पुं.) अकतिआर, अधिकार, शक्ति
**अगणनीय/अगण्य** (वि.) अगणनीय, गनबा-योग्य नहि
**अगम** (वि.) दुर्गम, अथाह, दुर्बोध
**अगर** (अव्य.) 1. जँ, यदि 2. धूमन, धूपयोग्य काठबला वृक्ष
**अगरबत्ती** (स्त्री.) धूपबत्ती, धुपकाठी
**अगर-मगर** (वि.) यदि, परंतु
**अगल-बगल** (क्रि. वि.) आस-पास, कात करौट
**अगला** (वि.) अगिला, अगिलुका
**अगवानी** (स्त्री.) अग्रयान, आगाँ बढि अरिआति कँ अननाइ
**अगस्त** (पुं.) अगस्त
**अगाऊ** (वि.) 1. अग्रिम, अगाउर 2. अगाउँ जे धान इत्यादि दाउनक उपरांत जोखबासँ पूर्व धानक धरा जे दान स्वरूप निर्धारित कय राखल जाइछ
**अगाड़ी** (स्त्री.) आगाँ
**अगाध** (वि.) अथाह, बड़ गंहीर
**अगुआ/अगुवा** (पुं.) प्रमुख, मुखिआ
**अगुआई** (स्त्री.) आगाँ बढब
**अगुआई करना** (स. क्रि.) अगुआएब, नेतृत्व करब
**अगोचर** (वि.) अगोचर
**अग्नि** (स्त्री.) आगि
**अग्निकांड** (पुं.) अग्निकांड, अगिलग्गी
**अग्निदाह** (पुं.) अग्निदाह, अगिलग्गी, आगिमे जरब
**अग्नि-निरोधक** (पुं.) अग्निनिरोधक
**अग्निपरीक्षा** (स्त्री.) अग्निपरीक्षा
**अग्निशमन सेवा** (स्त्री.) अग्निशमन सेवा
**अग्निसह** (वि.) अग्निसह
**अग्र** (पुं.) 1. अगिला, उपरका भाग 2. नोक
**अग्रगण्य** (वि.) अग्रगण्य, प्रमुख
**अग्रगामी** (पुं.) अग्रगामी, आगाँ चलनिहार
**अग्रगामी परियोजना** (स्त्री.) अग्रगामी परियोजना
**अग्रज** (पुं.) जेठ, जेठ भाय
**अग्रजा** (स्त्री.) अग्रजा, जेठ (स्त्रीलिंगमे) जेठ बहीन
**अग्रणी** (पुं.) प्रसिद्ध, मुखिया
**अग्रभाग** (पुं.) अगिला भाग
**अग्रलेख** (पुं.) अग्रलेख, संपादकीय
**अग्रवर्ती** (वि.) अग्रवर्ती
**अग्रसर** (वि.) अग्रसर
**अग्रसर होना** (अ. क्रि.) अगुआ होयब, अगुआएब
**अग्रसारण** (पुं.) आगाँ बढाएब
**अग्राह्य** (वि.) अग्राह्य, ग्रहण नहि करबा योग्य
**अग्रिम** (वि.) अगिला
**अग्रिम-प्रति** (स्त्री.) अग्रिम प्रति
**अग्रिम-भुगतान** (पुं.) अगाउ, अग्रिम भुगतान
**अग्रेषण** (पुं.) अग्रेषण
**अग्रेषणपत्र** (पुं.) अग्रेषणपत्र
**अग्रेषित करना** (स. क्रि.) अग्रेषित करब, आगाँ बढाएब
**अघ** (पुं.) अघ, पाप
**अघना** (अ. क्रि.) अघएब, तृप्त भेलाक पश्चात्
**अघोर** (वि.) अघोर
**अघोरी** (वि.) अघोरी
**अघोष** (वि.) अघोष
**अचंभा** (पुं.) आश्चर्य, विस्मय
**अचंभित** (वि.) अचंभित, विस्मित
**अचकचाना** (अ. क्रि.) अकचकाएब
**अचकन** (स्त्री.) अचकन, वस्त्रविशेष

**अचर** (वि.) अचर
**अचरज** (पुं.) अचरज, आश्चर्य
**अचल** (वि.) अचल
**अचलता** (स्त्री.) अचलता
**अचल संपत्ति** (स्त्री.) अचल संपत्ति
**अचानक** (क्रि. वि.) अकस्मात्, अचानक
**अचार** (पुं.) अचार
**अचिंत** (वि.) निश्चिंत, चिंताहीन
**अचिंतनीय** (वि.) अचिंतनीय, चिन्तायोग्य नहि
**अचिंतित** (वि.) अचिंतित
**अचिंत्य** (वि.) अचिंत्य
**अचूक** (वि.) अचूक
**अचेत** (वि.) अचेत
**अचेतन** (पुं.) अचेतन
**अच्छा/अच्छी** (पुं./स्त्री.) नीक
**अच्छाई** (स्त्री.) नीक, सुंदरता
**अछूत** (वि.) अछूत, अछोप
**अछूता** (वि.) अछोप, छूअल नहि हो
**अछूतोद्धार** (पुं.) अछूतोद्धार
**अजर** (वि.) अजर
**अजर-अमर** (वि.) अजर-अमर
**अजवाइन** (स्त्री.) जमाइन
**अजात** (वि.) अजात
**अजातशत्रु** (वि.) अजातशत्रु, जकर शत्रु नहि हो
**अजान** (वि.) अज्ञान, अनभिज्ञ
**अजायबघर** (पुं.) पुरातात्विक संग्रहालय, म्यूजियम
**अजीब** (वि.) विचित्र
**अजीबो-गरीब** (वि.) आश्चर्यजनक, विचित्र
**अजीर्ण** (पुं.) अजीर्ण, अपच
**अजूबा** (वि.) आश्चर्यजनक, अद्भुत
**अजेय** (वि.) अजेय
**अजैव** (वि.) अजैब
**अज्ञात** (वि.) अज्ञात, अपरिचित
**अज्ञातवास** (पुं.) अज्ञातवास, गुप्तवास
**अज्ञान** (पुं.) अज्ञान
**अज्ञानता** (स्त्री.) अज्ञानता, अविवेकिता
**अज्ञानी** (वि.) अज्ञानी
**अज्ञेय** (वि.) अज्ञेय, हिन्दीक एक विशिष्ट कवि
**अटकना** (अ.क्रि.) अँटकब, रुकब, ठहरब, विलंब भेनाइ
**अटकल** (स्त्री.) अनुमान
**अटपटा** (वि.) अटपटाङ, अंट-संट
**अटल** (वि.) अटल, अविचल
**अट्टालिका** (स्त्री.) अटारी, अट्टालिका, महल
**अट्ठाईस** (वि.) अठ्ठाइस, आठअधिक बीस संख्या
**अठहत्तर** (वि.) अठहत्तरि, आठअधिक सत्तरि, संख्या
**अठानवे** (वि.) अनठानबे, आठअधिक नब्बे
**अठावन** (वि.) अठावन, आठ अधिक पचास
**अठासी** (वि.) अठासी, आठअधिक अस्सी
**अड़चन** (स्त्री.) बाधा, बिघ्न
**अड़तालीस** (वि.) अठतालिस, आठअधिक चालीस
**अड़तीस** (वि.) अठतीस, आठअधिक तीस
**अड़ना** (अ. क्रि.) अड़ब, टिकब, प्रतिरोध करब
**अड़सठ** (वि.) अठसठि, आठ अधिक साठि
**अड़ोस-पड़ोस** (पुं.) अड़ोस-पड़ोस, प्रतिवेश, निकटवर्ती, लग-पासक
**अड्डा** (पुं.) अड्डा, एकत्र भए टिकबाक स्थान
**अणु** (पुं.) अणु, सभसँ छोट कण
**अणुचालित** (वि.) अणुचालित
**अणु-बम** (पुं.) अणुबम
**अणु-भट्टी** (स्त्री.) अणु-भट्टी
**अणु-युग** (पुं.) अणु-युग
**अणुवीक्षण** (यंत्र) (पुं.) अणुवीक्षणयंत्र
**अणु-शक्ति** (स्त्री.) अणु-शक्ति
**अतल** (वि.) अतल, अथाह
**अता-पता** (पुं.) अता-पता, अन्वेषण, खोज-खबरि
**अति** (स्त्री.) बहुत अधिक, अधिकतम, असीमता
**अति करना** (स. क्रि.) सीमा पार करब, हदसँ बाहर

**अतिक्रमण** (पुं.) उल्लंघन, तोड़ब
**अतिचार** (पुं.) ग्रहस्थितिविशेषवश विवाह आदि शुभ कार्यमे वर्जित कालावधि, अतिक्रमण, भू-छायाजन्य कालखंड विशेष
**अतिचारी** (वि.) अतिक्रमणकारी, अघोर
**अतिथि** (पुं.) अतिथि, पाहुन, अभ्यागत, कुटुंब
**अतिथिगृह** (पुं.) अतिथिगृह, पाहुनघर
**अतिथि-सत्कार** (पुं.) अतिथि-सत्कार
**अतिदेय** (वि.) अतिदेय
**अतिरंजना** (स्त्री.) अतिरंजना, बढाचढाक
**अतिरिक्त** (वि.) अतिरिक्त, आओर
**अतिरिक्त दाब** (वि.) अतिरिक्त दाब
**अतिरिक्त प्रति** (स्त्री.) अतिरिक्त प्रति
**अतिरिक्त समय** (पुं.) अतिरिक्त समय
**अतिवाद** (पुं.) अतिवाद
**अतिवादी** (वि.) अतिवादी
**अतिविशिष्ट व्यक्ति** (पुं.) अतिविशिष्ट व्यक्ति, वी. आइ. पी., प्रशस्त लोक
**अतिवृष्टि** (स्त्री.) अतिवृष्टि
**अतिव्याप्ति** (स्त्री.) अतिव्याप्ति
**अतिशय** (वि.) अतिशय, बेसी, अत्यंत, अतिसैं
**अतिशयोक्ति** (स्त्री.) 1. अतिशयोक्ति 2. काव्यक एक अलंकार, बढा-चढाकए कहनाइ
**अतिशेष** (पुं.) अतिशेष
**अतिसमीप** (वि.) अतिसमीप, बेसी ल'ग (निकट)
**अतिसार** (पुं.) अतिसार, अनपच रोग, पेचिस
**अतींद्रिय** (वि.) अतींद्रिय, जकर ज्ञान बोध नेत्र आदि इन्द्रियसँ नहि भय सकय
**अतीत** (पुं.) अतीत, बीतल समय
**अतीव** (वि.) अतीव, बहुत बेसी, अत्यंत
**अतुलनीय** (वि.) 1. अतुलनीय, अनुपम, बेजोड़ 2. अपार
**अतुल्य** (वि.) अनुपम, अतुल्य
**अतृप्त** (वि.) अतृप्त
**अतृप्ति** (स्त्री.) अतृप्ति
**अत्यंत** (वि.) अत्यंत, बहुत अधिक
**अत्यधिक** (वि.) अत्यधिक, बहुत वेशी
**अत्याचार** (पुं.) अत्याचार, क्रूर व्यवहार, अन्याय
**अत्याचारी** (वि.) अत्याचारी, अत्याचार कर' बला, अन्यायी
**अत्याचारी शासक** (पुं.) अत्याचारी शासक
**अत्याचारी शासन** (पुं.) अत्याचारी शासन
**अत्यावश्यक** (वि.) अत्यावश्यक
**अत्युक्ति** (स्त्री.) अतिरंजित कथा
**अत्युत्तम** (वि.) अत्युत्तम
**अथक** (वि.) जे नहि थाकय, अथक
**अथशेष** (पुं.) अथशेष
**अथाह** (वि.) अथाह, अगाध
**अदंडनीय** (वि.) अदंडनीय
**अदक्ष** (वि.) अदक्ष, अपटु
**अदक्षता** (स्त्री.) अदक्षता, अपटुता
**अदद** (पुं.) मद, गोट, टा
**अदना** (वि.) साधारण व्यक्ति, तेसर, मामूली, सामान्य
**अदब** (पुं.) विनय, अनुशासन, नम्रता, शिष्टाचार
**अदम्य** (वि.) नहि दबयबा योग्य, जकर दमन नहि कयल जा सकय
**अदरक** (पुं.) आद, आर्द्रक, कंदविशेष
**अदला-बदली** (पुं.) अदला-बदली, हेरा-फेरी, विनिमय, बदलेन
**अदा** (स्त्री.) ढब, मुद्रा
**अदाकार** (पुं.) कलाकार, अभिनेता
**अदाकारी** (स्त्री.) कलाकारी, अभिनय, अभिनय कर्ता
**अदायगी** (स्त्री.) दय देब, शोधन, चुकाएब
**अदायगी आदेश** (पुं.) देय आदेश, भुगतान आदेश
**अदालत** (स्त्री.) न्यायालय, कचहरी
**अदालती** (वि.) न्यायिक
**अदावत** (स्त्री.) शत्रुता
**अदिनांकित** (वि.) अदिनांकित, तिथिविहीन

**अदृश्य** (वि.) अदृश्य, जे दृश्य नहि हो, अनदेखार
**अदेय** (वि.) अदेय, नहि देबा योग्य
**अद्भुत** (वि.) अद्भुत, विचित्र
**अद्यतन** (वि.) अजुका, आइ धरिक स्थितिक अनुरूप, अद्यपर्यंत
**अद्वितीय** (वि.) बेजोड़, अतुल
**अद्वैत** (पुं.) अद्वैत, दर्शन
**अद्वैतवाद** (पुं.) अद्वैतवाद, दर्शन
**अद्वैतवादी** (पुं.) अद्वैतवादी दार्शनिक
**अधकचरा** (वि.) अधखिज्जू, आधा कए अपूर्ण छोड़ल काज
**अधकहा** (वि.) आधा कहल
**अधखिला** (वि.) आधा फुलायल
**अधखुला** (वि.) आधा खुजल
**अधजला** (वि.) आधाजरल, जरलाह
**अधनंगा** (वि.) अर्धनग्न, आधा उघार
**अधपका** (वि.) अधपक्कू, आधा (अपूर्ण) पाकल
**अधम** (वि.) नीच, निकृष्ट, अधलाह, पापी
**अधमरा** (वि.) अधमरू, अर्धमृत, अधमिरुत, अधमिरित
**अधर** (वि.) निचला ठोर
**अधरोष्ठ** (पुं.) निचुलका ठोर
**अधर्म** (पुं.) पाप, अनैतिक कर्म, अन्याय
**अधर्मी** (वि.) अधर्मी, जे धर्म नहि मानय, नास्तिक
**अधार्मिक** (वि.) अधार्मिक, जे धर्म संमत नहि हो
**अधिक** (वि.) अधिक, बेसी
**अधिकतम** (वि.) बेसीसँ बेसी, सबसँ बेसी
**अधिकतर** (वि.) अधिकतर, आधासँ अधिक
**अधिकता** (स्त्री.) अधिकता, बेसी मात्रा
**अधिक भुगतान** (पुं.) अधिक भुगतान
**अधिकरण** (पुं.) अधिकरण
**अधिकांश** (पुं.) अधिकांश, अधिकतर भाग
**अधिकाधिक** (वि.) बेसीसँ बेसी
**अधिकायु** (पुं.) अधिकायु, बेसी वय
**अधिकार** (पुं.) अधिकार, हक, प्रभुत्व, जूति
**अधिकार-क्षेत्र** (पुं.) अधिकार-क्षेत्र
**अधिकार तंत्र** (पुं.) अधिकार तंत्र
**अधिकार पत्र** (पुं.) अधिकार पत्र
**अधिकार शुल्क** (पुं.) अधिकार शुल्क
**अधिकारिता** (स्त्री.) अधिकारिता
**अधिकारी** (पुं.) अधिकारी, हाकिम, अफसर
**अधिकारी तंत्र** (पुं.) अधिकारी तंत्र
**अधिकृत/प्राधिकृत** (वि.) अधिकृत
**अधिकृतक्षेत्र** (पुं.) अधिकृत क्षेत्र
**अधिकृत सूचना** (स्त्री.) अधिकृत सूचना, विश्वस्त (सूचना) विज्ञप्ति
**अधिकेंद्र** (पुं.) अधिकेंद्र
**अधिक्रम** (पुं.) अधिक्रम
**अधिक्रमण** (पुं.) अधिक्रमण
**अधिगम** (पुं.) अधिगम, सिखनाइ
**अधिग्रहण** (पुं.) अधिग्रहण, अधीन करब
**अधिचिह्न** (पुं.) अधिचिह्न
**अधिदेश** (पुं.) अधिदेश
**अधिनायक** (पुं.) तानाशाह, अधिनायक
**अधिनायकवाद** (पुं.) तानाशाही
**अधिनियम** (पुं.) संसद/विधानमंडल द्वारा बनाओल कानून
**अधिनियमन** (पुं.) अधिनियमन
**अधिपति** (पुं.) स्वामी, शासक
**अधिपत्र** (पुं.) अधिपत्र
**अधिप्रमाणित** (वि.) अधिप्रमाणित
**अधिप्राप्ति** (स्त्री.) अधिप्राप्ति
**अधिभार** (पुं.) अधिभार
**अधिमत** (पुं.) अधिमत
**अधिमास** (पुं.) अधिमास, मलमास
**अधिमूलन** (पुं.) अधिमूलन
**अधिवक्ता** (पुं.) अधिवक्ता, ओकील
**अधिवर्ष** (स्त्री.) अधिवर्ष
**अधिवार्षिक** (पुं.) अधिवार्षिक

**अधिवास** (पुं.) अधिवास, मूलनिवास स्थानसँ अन्यत्र कयल गेल निवास

**अधिवासी** (वि.) अधिवासी

**अधिवेशन** (पुं.) सभाक बैसाड़, अधिवेशन

**अधिशासी** (वि.) अधिशासी

**अधिशेष** (पुं.) अधिशेष

**अधिष्ठाता** (पुं.) अधिष्ठाता. अध्यक्ष

**अधिष्ठात्री** (स्त्री.) अधिष्ठात्री, अध्यक्षा

**अधिष्ठान** (पुं.) अधिष्ठान

**अधिसंख्य** (वि.) अधिसंख्य

**अधिसंख्यक** (पुं.) अधिसंख्यक, बेसी संख्याक

**अधिसूचना** (स्त्री.) अधिकारिक विज्ञप्ति, अधिसूचना

**अधिसूचित** (वि.) अधिसूचित

**अधीक्षक** (पुं./वि.) अधीक्षक

**अधीन** (वि.) अधीन, मातहत, वशवर्ती, त'रमे

**अधीनता** (स्त्री.) अधीनता

**अधीनस्थ** (वि.) अधीनस्थ

**अधीर** (वि.) अधीर, धैर्यहीन, विह्वल, व्याकुल

**अधीरता** (स्त्री.) अधीरता, अधैर्य, अस्थिर

**अधुनातन** (वि.) अधुनातन, अद्‌यतन

**अधूरा** (वि.) अपूर्ण

**अधूरापन** (वि.) अपूर्णता

**अधेड़** (वि.) अधबएस

**अधोगति** (स्त्री.) अधोगति, पतन

**अधोगमन** (पुं.) पतन, अधोगमन

**अधोगामी** (वि.) अधोगामी, पतनोन्मुख

**अधोमुखी** (वि.) अधोमुखी, नीचाँ जाइत

**अधोलिखित** (वि.) अधोलिखित, नीचाँमे लिखल

**अधोवर्ती** (वि.) नीचाँमे स्थित रह' बला

**अधोहस्ताक्षरी** (पुं.) पत्र अथवा लेखके नीचाँ हस्ताक्षर कर'बला

**अध्यक्ष** (पुं.) अध्यक्ष, संस्थान वा समूहक सर्वोच्च अधिकारी

**अध्यक्षता** (स्त्री.) अध्यक्षता, अध्यक्षक पद/कार्य अध्यक्ष हेवाक कार्य/अवस्था

**अध्यक्षता करना** (स. क्रि.) अध्यक्षता करब

**अध्ययन** (पुं.) पढनाइ, अध्ययन

**अध्ययनकक्ष** (पुं.) अध्ययनकक्ष, पढ'बाला कक्ष

**अध्ययनशील** (वि.) पढ' लिख' बला, अध्ययन-शील, पढाकू

**अध्यवसाय** (पुं.) कोनो ने कोनो काजमे निरंतर लागल रहनाइ, निरंतर श्रम करबाक स्वभाव

**अध्यवसायी** (वि.) निरंतर प्रयत्नशील, अविश्रांत परिश्रमी

**अध्यात्म** (पुं.) अध्यात्म, आत्मज्ञान

**अध्यात्मवाद** (पुं.) अध्यात्मवाद, आत्मा, परमात्मा, दिव्यशक्ति आदिक सत्ता एवं स्वरूपक प्रतिपादक सिद्‌धांत

**अध्यादेश** (पुं.) सर्वोच्च शासक अथवा प्रमुख द्‌वारा प्रख्यापित आदेश जे कोनो विशेष स्थितिमे मान्य होइछ, लोकतांत्रिक व्यवस्था

**अध्यापक** (पुं.) शिक्षक, पढओनिहार, गुरु

**अध्यापक निरीक्षक** (पुं.) पर्यवेक्षक, अध्यापक निरीक्षक

**अध्यापन** (पुं.) अध्यापन, शिक्षा देब, पढायब

**अध्यापिका** (स्त्री.) पढाव'वाली महिला, शिक्षिका

**अध्याय** (पुं.) ग्रंथ अथवा पाठ्‌यपुस्तकक भाग जे एक तोड़मे पढल/पढाओल हो, अध्याय

**अध्यारोपण** (पुं.) अध्यारोपण, दोष/कलंक लगाएब

**अध्येता** (पुं.) अध्येता, पढनिहार, पाठक

**अध्येतावृत्ति** (स्त्री.) अध्येता कैं दिअ' जाय बला अनुदान

**अध्येय** (वि.) पढवा योग्य, अध्येय

**अनंत** (वि.) अंतहीन, एक देवता जनिक पूजा भाद्रशुक्ल चतुर्दशी कैं होइत अछि

**अनंतकाल** (पुं.) अंतरहित/नित्यकाल, शाश्वत

**अनंतर** (क्रि. वि.) पश्चात् (पछाति), उपरांत

**अनंतिम** (वि.) जे अंतिम नहि हो, अनंतिक

**अनकहा** (वि.) अनकहल, कहल (आज्ञा) नहि गेल कथ्य/तथ्य/विषय/बात

**अनगढ** (वि.) बिन सुधारल, अपरिष्कृत, बेढव

**अनगिनत** (वि.) अनगनित, अगणित

**अनचाहा** (वि.) जकर इच्छा नहि कयल गेल हो, अवांछित

**अनजान** (वि.) अनचिनहार, अज्ञान, अनभुआर

**अनजाने** (क्रि. वि.) अज्ञानता

**अनदेखा** (वि.) नहि देखल, अनठा देब

**अनधिकार** (पुं.) अनधिकार, अधिकार नहि होयब

**अनधिकार चेष्टा** (स्त्री.) अधिकार वा योग्यताक बिना कोनो काजकेँ करबाक प्रयत्न

**अनधिकारिक** (वि.) जाहि लेल अधिकार नहि प्राप्त हो

**अनधिकृत** (वि.) जकरा लेल अधिकार नहि भेटल हो, अनधिकृत

**अननुमोदन** (पुं.) अनुमोदनक अभाव, अस्वीकृति

**अनन्नास** (पुं.) सफरी कटहर, अनन्नास, एकटा गाछ (पौधा) आ ओकर फल जाहिमे काँट होइत छैक आ पकला पर कोत (खट्टा) आ मीठ स्वादिष्ट होइत अछि

**अनन्य** (वि.) एकनिष्ठ, अनन्य, जकर संबंध ककरो अन्यसँ नहि हो

**अनन्याश्रित** (वि.) जे ककरो आन पर आश्रित नहि हो, अनन्याश्रित, आत्मनिर्भर

**अनपचा** (वि.) जे पचल नहि हो, अजीर्ण, अपक्व, अनपच

**अनपढ** (वि.) निरक्षर, बिनु पढल-लिखल

**अनपराध** (पुं.) निरपराध, अपराधहीन

**अनपेक्ष** (वि.) ककरो चिंता नहि कर' बला, जकरा ककरो अपेक्षा/आवश्यकता नहि हो

**अनपेक्षित** (वि.) जे अपेक्षित नहि हो, जकर अपेक्षा/आशा नहि कयल गेल हो

**अनबन** (स्त्री.) झगड़ा, खट-पट, नहि बनब

**अनभिज्ञ** (वि.) अनाड़ी, अनजान

**अनभिज्ञता** (स्त्री.) अज्ञता, अनभिज्ञ हेबाक भाव

**अनमोल** (वि.) अमूल्य, बहुमूल्य

**अनर्गल** (वि.) असंगत, अनुचित, विचारहीन

**अनर्थ** (पुं.) अनिष्ट घटना, बिपत्ति, अनर्थ

**अनर्हता** (स्त्री.) योग्यताक अभाव, अयोग्यता

**अनल** (पुं.) आगि, अग्नि

**अनवधान** (पुं.) असावधान, अन्यमनस्क

**अनवधानता** (स्त्री.) असावधानी

**अनवरत** (क्रि. वि.) निरंतर

**अनवरुद्ध** (वि.) जे अवरुद्ध नहि हो, बिना रोक-टोकक, सुचारु

**अनवरोध** (पुं.) अवरोध/बाधाक अभाव, बाधा नहि होयब

**अनवेक्षित** (वि.) जकर पूर्वज्ञान नहि हो, अनवेक्षित

**अनशन** (पुं.) भोजन त्यागपूर्वक हड़ताल, भूख हड़ताल

**अनश्वर** (वि.) अविनाशी, जे नश्वर नहि हो

**अनसुनी** (वि.) नहि सुनबाक बहाना, बिन सुनल

**अनहोनी** (वि.) प्रायः नहि होब'बाला घटना, अघट, असंभव वा अलौकिक घटना

**अनाक्रमण** (पुं.) आक्रमण अथवा बलप्रयोग नहि करब

**अनाक्रमण संधि** (स्त्री.) दू राष्ट्र/देशक बीच एक दोसरक विरुद्ध बलप्रयोग नहि करबाक समझौता, अपसी बुझारैत

**अनागत** (वि.) अप्रस्तुत, जे एखन समक्ष नहि आएल अछि

**अनाचार** (पुं.) कुकर्म, निंदनीय आचरण

**अनाज** (पुं.) अन्न, अन्नाद्य

**अनाड़ी** (वि.) अपटु, अकुशल, अलूड़ि

**अनाथ** (पुं.) 1. बिनु मालिकक 2. संरक्षक रहित 3. दीन टुअर, टुग्गर

**अनाथालय/अनाथाश्रम** (पुं.) टुअरघर, अनाथा-लय

**अनादर** (पुं.) अपमान, अवज्ञा, तिरस्कार

**अनादि** (वि.) आदिरहित, नित्य, सनातन

**अनादिष्ट** (वि.) 1. ओ काज जाहि लेल आदेश नहि देल गेल हो 2. जकरा आदेश नहि देल गेल हो

**अनादृत** (वि.) जकर अपमान भेल हो, अपमानित, तिरस्कृत

**अनाम** (वि.) जकर कोनो नाम नहि हो, नामरहित

**अनापत्ति** (स्त्री.) जकरा केला पर कोनो आपत्ति नहि हो,जे करबाक आपत्ति नहि हो तकर अनुमति

**अनापत्ति प्रमाणपत्र** (पुं.) कार्य करबाक हेतु सहमति प्रमाणपत्र

**अनाप-शनाप** (पुं.) अनर्गल, बढा-चढा क', अनकहल

**अनामिका** (स्त्री.) अनामिका (आङुर), (हाथक) औंठासँ चारिम आङुर, अंग्रेजीमे रिंग फिंगर

**अनायास** (क्रि. वि.) बिनु प्रयास कएनहिं, सहजहिं, अनायास

**अनार** (पुं.) दाड़िम, बेदाना

**अनारक्षित** (वि.) अनारक्षित, जे आरक्षित नहि हो

**अनावरण** (पुं.) आवरण हटेबाक क्रिया वा भाव, उद्घाटन

**अनावर्ती** (वि.) जे बारंबार नहि हो, एके बेर होब'बाला काज

**अनावश्यक** (वि.) अनावश्यक, जे आवश्यक नहि हो, व्यर्थ

**अनावृत** (वि.) जे झाँपल नहि रहय, जकर उपरक आवरण हटा देल गेल हो, अनावृत, उघार

**अनावृष्टि/अवृष्टि** (स्त्री.) अपर्याप्त वर्षा, रौदी

**अनाश्रित** (वि.) स्वाधीन, आश्रयहीन

**अनासक्त** (वि.) उदासीन, निर्लिप्त, आसक्तिहीन

**अनास्था** (स्त्री.) 1. अवहेलना, उपेक्षा 2. अविश्वास, आस्था नहि होएब

**अनाहत** (वि.) जे आहत नहि भेल हो, अनाहत

**अनिंद्य** (वि.) दोषरहित हेबाक कारण जेकर निंदा नहि कयल जा सकय, अनिंद्य

**अनिच्छा** (स्त्री.) इच्छाक अभाव, अनिच्छा

**अनिच्छुक** (वि.) जे इच्छुक नहि हो, अनिच्छुक

**अनित्य** (वि.) अस्थायी, नाशशील, नाशवान

**अनिद्रा** (स्त्री.) निद्राक अभाव, रोग

**अनिमंत्रित** (वि.) जे निमंत्रित नहि हो, बिनु बजाओल

**अनिमित्त** (वि.) निमित्त रहित, प्रयोजन रहित

**अनिमेष** (वि.) बिनु पल खसओने, एकटक (दृष्टि) स्थिरदृष्टि

**अनियंत्रित** (वि.) नियंत्रणरहित, निरंकुश, स्वच्छंद, उच्छृंखल

**अनियत** (वि.) अनिश्चित, अनियत

**अनियमित** (वि.) नियमरहित, जाहिमे नियमक पालन उचित रूपसँ नहि भेल हो, नियमविरुद्ध, अव्यवस्थित

**अनियमितता** (स्त्री.) नियमविरुद्धता, अनियमितता

**अनिरुद्ध** (वि.) 1. जाहिमे कोनो बाधा नहि आएल हो, अनिरुद्ध 2. स्वच्छंद 3. निरंकुश

**अनिर्णीत** (वि.) 1. जाहि विषयमे निर्णय नहि भेल हो, 2. अनिश्चित

**अनिर्वचनीय** (वि.) जकर निर्वचन (वर्णन) नहि कएल जाए सकए, अनिर्वचनीय, अकथनीय, अनुपम

**अनिल** (पुं.) वायु, बसात

**अनिवार्य** (वि.) दुर्वार, अनिवार्य, आवश्यक

**अनिवार्य योग्यता** (वि.) आवश्यक योग्यता, अनिवार्य योग्यता

**अनिवासी भारतीय** (वि.) क्षेत्र विशेषमे नहि रह'बाला भारतीय

**अनिश्चय** (पुं.) 1. निश्चय नहि होएब 2. संदेह

**अनिश्चित** (वि.) जकर निश्चय नहि भेल हो

**अनिष्ट** (पुं.) 1. अवांछित 2. अमंगल, अशुभ घटना

**अनीति** (स्त्री.) अन्याय, अन्हेर

**अनीश्वरवादी** (पुं.) ईश्वरक अस्तित्वकेँ नहि मान'बाला व्यक्ति, अनीश्वरवादी, नास्तिक

**अनुकंपा** (स्त्री.) अनुग्रह, कृपा, दया

**अनुकथन** (पुं.) 1. प्रत्यक्षमे नहि कहि पाछाँ कहब, बादमे कहब 2. वर्णन 3. वार्तालाप

**अनुकरण** (पुं.) अनुकरण, नकल, देखसी

**अनुकरणीय** (वि.) अनुकरण करबाजोग, आदर्श, उदाहरण

**अनुकर्ता** (पुं.) 1. ककरो आज्ञानुसार काज कर'बाला, आज्ञाकारी 2. अनुकरण (नकल) कर'बाला 3. अभिनेता

**अनुकारी** (वि.) अनुकरण (नकल) कर'बाला

**अनुकूल** (वि.) सुखकर, प्रिय, हितकर

**अनुकूलन** (पुं.) अनुकूल होयब वा अनुकूल करब

**अनुकूलशीलता** (स्त्री.) 1. अनुकूल बनवाक योग्यता 2. अपनाकेँ नव परिस्थितिक अनुकूल बनएबाक क्षमता

**अनुकूलित** (वि.) अनुकूल कएल गेल, पक्षमे कएल गेल, अपेक्षानुसार कयल गेल

**अनुकृति** (स्त्री.) 1. नकल, अनुकरण 2. कोनो वस्तुक नकल कए बनाओल गेल वस्तु

**अनुक्रम** (पुं.) व्यवस्थित क्रम, सिलसिला, शृंखला, सूची

**अनुक्रमण** (पुं.) 1. क्रमपूर्वक आगाँ बढब 2. अनुगमन

**अनुक्रमणिका** (स्त्री.) सूची, शब्दसूची, अक्षर तालिका, विषय विवरण

**अनुक्रमिक** (वि.) एकक बाद एक आब'बाला, अनुक्रमिक

**अनुगमन** (पुं.) पाछाँ चलब, अनुगमन

**अनुगामी** (पुं.) 1. ककरो पाछाँ चलब, चलनिहार 2. ककरो आचरण आदिक अनुकरण कर'बाला, अनुयायी 3. आज्ञाकारी

**अनुगृहीत** (वि.) उपकृत, आभारी

**अनुग्रह** (पुं.) कृपा, दया, अनुकंपा

**अनुचर** (पुं.) परिचारक, सेवक

**अनुचित** (वि.) जे उचित नहि हो, बेजाए असमीचीन

**अनुच्छेद** (पुं.) 1. खंड, टुकड़ा (कोनो ग्रंथक) 2. लेख आदिक छोट खंड जाहिमे कोनो एक बात कहल जाय

**अनुज** (पुं.) पछाति जनमल, छोट भाए, अनुज

**अनुज्ञप्ति** (स्त्री.) विधि-विरुद्ध काज करबाक हेतु अनुमतिपत्र

**अनुज्ञा** (स्त्री.) अनुमति, स्वीकृति, आज्ञा

**अनुज्ञापत्र** (पुं.) अनुमति बला पत्र, स्वीकृति पत्र

**अनुज्ञेय** (वि.) अनुमति योग्य

**अनुतान** (स्त्री.) वाक्य बजबाक ढङ, स्वरक आरोह-अवरोह

**अनुताप** (पुं.) पश्चाताप

**अनुत्तरदायी** (पुं.) जे अपन उत्तरदायित्व नहि बुझय, जे जवाबदेह नहि हो

**अनुत्तीर्ण** (वि.) जे परीक्षामे सफल नहि होअय, असफल, फेल

**अनुत्पादक** (वि.) जे उत्पादन नहि कय सकय, अलाभकर, व्यर्थ

**अनुदर्शन** (पुं.) अतीत घटना पर विचार करब, अतीत-चिंतन

**अनुदर्शी** (वि.) अतीतचिंतक

**अनुदत्त** (वि.) 1. जे उदात्त अथवा ऊँच नहि हो 2. अनुदार

**अनुदान** (पुं.) कार्य विशेष हेतु सरकार द्वारा देल गेल धन

**अनुदानग्राही** (वि.) अनुदान प्राप्त कर'बला पक्ष

**अनुदिन** (क्रि. वि.) प्रत्येक दिन, दिन-दिन, प्रतिदिन

**अनुदेश** (पुं.) क्रिया विधि बुझाएब

**अनुदेशक** (पुं.) आज्ञा अथवा निर्देश देब'बला

**अनुनय** (पुं.) सविनय अनुरोध

**अनुनाद** (पुं.) प्रतिध्वनि (संगीत) स्वरकंपन

**अनुनासिक** (वि.) खुजल नाकसँ उच्चरित ध्वनि जेना, अँ, आँ, म, न आदि

**अनुपम** (वि.) उपमारहित, बेजोड़

**अनुपयुक्त** (वि.) 1. जे उपयोगक हेतु ठीक नहि हो 2. अनुचित 3. व्यर्थ

**अनुपयोगी** (वि.) जकर कोनो उपयोग नहि हो, अकार्यक

**अनुपलब्ध** (वि.) जे प्राप्त नहि हो, अप्राप्त

**अनुपस्थित** (वि.) जे समक्ष नहि हो अथवा उपस्थित नहि हो

**अनुपस्थिति** (स्त्री.) उपस्थित नहि रहब, गर हाजिर

**अनुपात** (पुं.) एक राशिक दोसर राशिसँ संबंध

**अनुपालन** (पुं.) आदेशक पूर्ति

**अनुपूरक** (सं./ वि.) 1. शेष पूर्तिकारक, 2. रेखा-गणितमे 180 डिग्री पुरओनिहार कोण

**अनुप्रमाणन** (पुं.) प्रमाणीकरण, कोनो बातक सत्यताक प्रमाणित करब

**अनुप्रमाणित करना** (स. क्रि.) सत्यताक प्रमाणित करब

**अनुप्रयुक्त** (वि.) 1. व्याकरणमे सहायक क्रियापद जोड़ब 2. सैद्धांतिक ज्ञानक उपयोग जीवनोपयोगी कार्यमे भेल हो

**अनुप्राणित** (वि.) प्रभाव द्वारा उत्तेजित उत्साहित

**अनुप्रास** (पुं.) एक शब्दालंकार

**अनुबंध** (पुं.) 1. अनुबंध, पारस्परिक बंधन, प्रेम, आसक्ति, मेल-जोल 2. करार, संविदा, करारनामा

**अनुबंध-पत्र** (पुं.) अनुबंधपत्र, कंट्रैक्ट

**अनुबंधित** (वि.) अनुबंधित, जकर अनुबंध भेल हो

**अनुबद्ध** (वि.) 1. ककरो संग बान्हल 2. जाहि विषयमे कोनो लिखित अनुबंध भेल हो

**अनुभव** (पुं.) प्रत्यक्षज्ञान, अनुशीलनजन्य अभिज्ञता, अनुभव

**अनुभवी** (वि.) अनुभवबाला

**अनुभाग** (पुं.) कोनो कार्यालयक उपभाग, एकांश, अनुभाग

**अनुभूति** (स्त्री.) प्रत्यक्ष आदि अनुभवजन्य भावना अथवा चित्तोद्रेक

**अनुमति** (स्त्री.) सहमति, सम्मति, अविरोध, अनुज्ञा

**अनुमान** (पुं.) मानसिक आकलन, अंदाज, अँटकर

**अनुमानित** (वि.) अनुमानसँ ज्ञात, संभावित

**अनुमोदन** (पुं.) प्रस्ताव पर सहमति व्यक्त करब, स्वीकृति देब

**अनुमोदन करना** (स. क्रि.) स्वीकृति देब, सहमति प्रदान करब

**अनुमोदित** (वि.) स्वीकृत

**अनुयायी** (वि.) अनुसरण कएनिहार, कोनो मत वा संप्रदाय केँ माननिहार, शिष्य

**अनुरक्त** (वि.) प्रेमवश आसक्त

**अनुरक्ति** (स्त्री.) आसक्ति, प्रीति

**अनुरक्षण** (पुं.) देख-रेख, बनाओल रखवाक क्रिया/भाव

**अनुरणन/प्रतिध्वनन** (पुं.) कोनो वस्तुक ध्वनिसँ ओकर सूचक शब्द गढब/रचब, प्रतिध्वनि

**अनुराग** (पुं.) प्रेम, आसक्ति

**अनुरागी** (वि.) प्रेमी, स्नेही

**अनुरूप** (वि.) समान रूप-गुणबाला, ओहने, अनुरूप

**अनुरेखण** (पुं.) चित्र आदि पर पारदर्शी कागज राखि पैंसिलसँ रूपरेखा उतारब

**अनुरोध** (पुं.) प्रार्थना, आग्रह

**अनुलग्नक** (पुं.) कोनो पत्रक संगमे नत्थी कएल अथवा राखल पत्र/प्रलेख

**अनुलिपि** (स्त्री.) कोनो पत्र अथवा सरकारी दस्तावेज आदिक मूल प्रति सन दोसर प्रति

**अनुलेख** (पुं.) प्रतिलिपि

**अनुलोम** (वि.) यथाविहित/अनुकूल क्रमबाला

**अनुवर्तन** (पुं.) अनुसरण, क्रमिक अग्रसरण

**अनुवर्ती** (वि.) 1. अगिला, अनुयायी 2. ककरो बाद आब'बाला

**अनुवर्ती कार्रवाई** (स्त्री.) कोनो कार्य/घटनाक बाद होब'बला काज/घटना

**अनुवाद** (पुं.) भाषांतरण, कोनो भाषामे लिखित बातकेँ दोसर भाषामे लेखन वा कथन

**अनुवादक** (पुं.) भाषांतरकार, अनुवाद कएनिहार

**अनुवादित/अनूदित** (वि.) अनुवाद कएल, भाषांतरित

**अनुशंसा** (स्त्री.) 1. प्रशंसा, सिपारिस, अनुशंसा 2. कोनो साहित्यिक रचनाक रसास्वादनक आधार पर ओकर गुण विवेचन सहित समीक्षा

**अनुशासक** (पुं.) 1. शासन कर'बाला 2. अनु-शासन/नियंत्रण कर'बाला 3. आज्ञा देनिहार 4. उपदेशक/शिक्षक

**अनुशासन** (पुं.) नियमानुवर्ती बनएवाक हेतु नियंत्रण विनय, अनुशासन

**अनुशासनहीनता** (स्त्री.) अनुशासनक उल्लंघन

**अनुशासनिक** (वि.) 1. अनुशासनसंबंधी 2. जे अनुशासनक रूपमे हो

**अनुशासनिक कार्रवाई** (स्त्री.) अनुशासनसंबंधी कार्यवाही

**अनुशिक्षक** (पुं.) शिक्षक, प्रशिक्षण देब'बाला

**अनुशीलन** (पुं.) 1. चिंतन-मनन, अध्ययन, अनुशीलन 2. अनुभव प्राप्तकरबाक हेतु प्रयोगकरब

**अनुश्रुति** (स्त्री.) परंपरासँ प्रचलित कथा अथवा लोक जीवनमे प्रचलित किंवदंती

**अनुषंगी** (वि.) 1. संबंधी 2. लागल/सटल, संलग्न

**अनुष्ठान** (पुं.) 1. कृत्यक संपादन 2. कोनो कामनाक पूर्तिहेतु धार्मिक कर्मक संपादन, पुरश्चरण, अनुष्ठान

**अनुसंधान** (पुं.) खोज, गवेषणा, अन्वेषण

**अनुसरण** (पुं.) अनुगमन, पाछाँ-पाछाँ चलब, पाछु लागब, मार्ग वा मतकेँ ग्रहण करब

**अनुसार** (वि.) अनुरूप, जे ककरो अनुसरण पर होअय

**अनुसूचित** (वि.) जकर अनुसूचीमे उल्लेख भेल हो

**अनुसूचित जनजाति** (स्त्री.) भारतीय संविधानमे धारा 341, 342 क अंतर्गत उल्लिखित प्रयोजनक लेल परिशिष्ट रूपमे संलग्न सूचीमे परिगणित जनजाति

**अनुसूचित जाति** (स्त्री.) भारतीय संविधानमे धारा 341, 342 के अंतर्गत उल्लिखित प्रयोजनक लेल परिशिष्टरूपमे संलग्न सूचीमे परिगणित जाति आ प्रजाति तथा ओहिमेसँ प्रत्येक

**अनुसूची** (स्त्री.) अभिलेख आदिक अंतमे देल गेल सूची, अनुसूची

**अनुस्मारक** (पुं.) स्मरण दिआब'बाला वस्तु/ व्यक्ति/ कथन/ स्मारपत्र

**अनुस्वार** (पुं.) नासिक्य (नासिकासँ उच्चारण योग्य) ध्वनि जे शिरोरेखाक उपरदेल बिंदुसँ व्यक्त कएल जाइत अछि, अनुस्वार

**अनूठा** (वि.) 1. विलक्षण, आश्चर्यजनक, अनुपम 2. उत्तम 3. असाधारण अद्वितीय

**अनूदित** (वि.) भाषांतरित

**अनेक** (वि.) एकसँ अधिक

**अनेकता** (स्त्री.) विविधता, एकसँ अधिक होयब, बहुत्व

**अनेकार्थक** (वि.) अनेक अर्थ बाला, विविधार्थक

**अनैतिक** (वि.) 1. नीतिविरुद्ध 2. जे नैतिक नहि हो, अनुचित, वर्जित

**अनैतिकता** (स्त्री.) नीति विरुद्धता, अनैतिक होयबाक अवस्था/गुण/भाव

**अनोखा** (वि.) जे अपेक्षित नहि हो, जकर समान पूर्वमे नहि देखल हो, अद्भुत, विलक्षण

**अनौचित्य** (पुं.) अनुचित होयब, औचित्यक अभाव

**अनौपचारिक** (वि.) जे औपचारिक नहि हो, अनौपचारिक

**अन्न** (पुं.) अन्न, खाद्यवस्तु, भोजन

**अन्नदाता** (पुं.) अन्नक दान कर'बाला, भोजन दिअ'बाला, खुआ-पिआ के पालन-पोषण कर'बाला

**अन्य** (वि.) आन, भिन्न

**अन्यत्र** (क्रि. वि.) आनठाम, दोसरठाम

**अन्यथा** (क्रि. वि.) आनप्रकारेँ

**अन्यदेशीय** (वि.) आन देशक

**अन्य पुरुष** (पुं.) भिन्न व्यक्ति (व्या.) पुरुषवाचक सर्वनामक एक भेद, वक्ता आ श्रोआसँ भिन्न व्यक्तिक वाचकशब्द

**अन्यमनस्क** (वि.) जेकर मोन/ध्यान कतहु अन्यत्र हो, जेकर ध्यान कतहु आन ठाम लागल हो

**अन्यमनस्कता** (स्त्री.) अनमनापन, अन-मनस्क रहब/होएब

**अन्याय** (पुं.) न्यायविरुद्ध आचरण, अन्याय

**अन्यायी** (वि.) न्यायविरुद्ध आचारण कर'बाला, अपराधी, अन्यायी

**अन्याश्रित** (वि.) आन पर आश्रित, आनक भरोसे

**अन्योक्ति** (स्त्री.) एहन व्यंग्यपूर्ण कथन वा पद्य जे आनक विषयमे कहल गेल हो आ घटए अनका पर, एकटा अलंकार

**अन्योन्य** (क्रि. वि.) परस्पर

**अन्योन्याश्रय** (पुं.) 1. परस्पर आश्रित होएबाक स्थिति 2. तर्कशास्त्रक एक दोष

**अन्योन्याश्रित** (वि.) एक दोसर पर आश्रित (निर्भर)

**अन्वय** (पुं.) 1. वाक्यमध्य पदसभक बीच एक दोसरासँ मेल 2. पद्यमे

**अन्वय**

क्रमविन्यास बदलि गद्यक सहजक्रममे आनब 3. संगति, मेल

**अन्विति** (स्त्री.) वाक्यमे दू पद, पदबंधमे लिंग, वचन, पुरुष, कारक, काल आदिक परस्पर समानता

**अन्वीक्षण** (पुं.) ध्यान से देखब, अन्वेषण

**अन्वेषक** (वि.) अन्वेषणकर्ता, खोजी

**अन्वेषण** (पुं.) ताक-हेर, खोज

**अन्वेषित** (वि.) जकर अन्वेषण कयल गेल हो

**अपंग** (पुं./वि.) अपंग, विकलांग, दिव्यांग, पंगु, अबाह, अथबल

**अपंगता** (स्त्री.) विकलांगता, दिव्यांगता

**अपकर्म** (पुं.) अधलाह काज, कुकर्म, व्यभिचार

**अपकर्ष** (पुं.) पतन, ह्रास, अपकर्ष

**अपकार** (पुं.) अहित, हानि, नोकसान, अपकार

**अपकीर्ति** (स्त्री.) दुर्यश, अपजस, अयश, बदनामी

**अपकेंद्री** (वि.) केंद्रसँ दूर हटल

**अपक्व** (वि.) असिद्ध, काँच जे पाकल नहि हो

**अपच** (पुं.) अपरिपाक, अजीर्ण, भोजन नहि पचबाक रोग

**अपचय** (पुं.) पतन, ह्रास

**अपठित** (वि.) जे पढल नहि गेल हो

**अपठित अंश** (पुं.) नहि पढल गेल अंश

**अपदस्थ** (वि.) पदच्युत, जे अपन पदसँ हटा देल गेल हो

**अपना** (वि.) अपन, स्वकीय, निज

**अपनाना** (स. क्रि.) 1. अपनाएब, अपन बनाएब, आत्मसात् करब 2. अंगीकार करब

**अपनापन** (पुं.) अपनत्व, अपन थिक ई भावना

**अपभ्रंश** (पुं.) प्राकृत उत्तरकालक भाषा, अपभ्रंश

**अपमान** (पुं.) अनादर, तिरस्कार, अपमान

**अपमानित** (वि.) जकर अपमान कयल गेल हो, तिरस्कृत, अनादृत

**अपमिश्रण** (पुं.) फेंट-फाँट मिलाबटि, मिझर

**अपमिश्रित** (वि.) जाहिमे अपमिश्रण (मिलाबटि) हो

**अपयश** (पुं.) बदनामी, अपकीर्ति, अपजस, अयश

**अपरंपार** (वि.) जकरा पार करब संभव नहि हो, असीम, अपरंपार

**अपर** (वि.) 1. दोसर, अतिरिक्त 2. उत्तरवर्ती, अगिला

**अपरदन** (पुं.) रक्षण, कटाव, प्राकृतिक कारक वायुधारा, बहैत जलस्रोत आदि द्वारा भूपृष्ठक पदार्थक घसाइ, कटाव आ ओकरा हटौनाइ

**अपराजित** (वि.) 1. जे ककरोसँ हारल नहि हो, अपराजित 2. आँखिसन नील फूलबाला एक लता, फूल

**अपराजेय** (वि.) जकरा पराजित नहि कयल जा सकय

**अपराध** (पुं.) दोष, चूकि, अपराध, त्रुटि

**अपराधविज्ञान** (पुं.) 1. समाजशास्त्रक एक शाखा 2. अपराधक विविध प्रकार, अपराधक कारण, दंडक सिद्धांत, अपराधीक व्यवहारसँ संबंधित कानून, अपराधके निवारक उपाय, मान्यता तथा सामाजिक मनोवृत्तिक अध्ययन जाहि शास्त्रमे हो

**अपराधी** (वि.) दोषी, अपराधी

**अपराह्न** (पुं.) दिनक उतरार्ध

**अपरिचय** (पुं.) परिचयक अभाव, अनचिन्हार

**अपरिचित** (वि.) जाहि व्यक्तिसँ पूर्वमे परिचय नहि भेल हो, अनचिन्हार, अपरिचित

**अपरिपक्व** (वि.) जे पाकल नहि हो, काँच, अपटु

**अपरिपुष्ट** (वि.) जे परिपुष्ट नहि हो

**अपरिमित** (वि.) असीमित, जे सीमित नहि हो

**अपरिमेय** (वि.) जकर परिमाण निश्चित नहि कयल जा सकय

**अपरिवर्तनीय** (वि.) जाहिमे परिवर्तन नहि हो, अटल, नित्य

**अपरिवर्तित** (वि.) जाहिमे कोनो परिवर्तन नहि भेल हो, यथापूर्व, मूलवस्तु

**अपरिवर्ती** (वि.) जे परिवर्तनशील नहि हो

**अपरिष्कार** (पुं.) 1. अस्वच्छ 2. परिष्कारक (सुधार) अभाव

**अपरिष्कृत** (वि.) जाहिमे परिष्कार (सुधार) नहि भेल हो

**अपरिहार्य** (वि.) अत्याज्य, नहि छोड़बाजोग, अपरिहार्य

**अपरीक्षित** (वि.) 1. जकर परीक्षा नहि भेल हो 2. जकर गुणक परख नहि भेल हो

**अपरोक्ष** (पुं.) जे परोक्ष नहि हो, प्रत्यक्ष

**अपर्याप्त** (वि.) जे पर्याप्त नहि हो, कम

**अपर्याप्तता** (स्त्री.) अपर्याप्त होएबाक स्थिति/भाव, कम रहबाक स्थिति

**अपलक** (क्रि. वि.) निर्निमेष, एकटक

**अपवचन** (पुं.) अशिष्ट कथन, अनटोटल गप

**अपवर्जन** (पुं.) त्याग करब, निःसरण

**अपवर्जित** (वि.) जकर अपवर्जन भेल हो, त्यक्त, सम्मिलित नहि कयल गेल

**अपवर्तक** (पुं.) 1. कोनो संख्याक एहेन विभाजक जाहिसँ भाग देला पर शून्य शेष रहैत अछि 2. अपवर्तन कर'बाला

**अपवर्तन** (पुं.) 1. भारी उलट-फेर, उनटफेर 2. संक्षिप्तीकरण

**अपवाद** (पुं.) 1. कलंक, अपजस, बदनामी 2. सामान्यसँ भिन्न स्थिति

**अपवाह** (पुं.) 1. दूर करब, हटायब 2. जलक प्रवाह

**अपवित्र** (वि.) जे पवित्र नहि हो, दूषित, अशुद्ध, गंदा

**अपव्यय** (पुं.) निरर्थक खर्च, अनावश्यक खर्चा, अपव्यय

**अपशकुन** (पुं.) असगुन, अशुभ

**अपशब्द** (पुं.) अवाच्य कथा, गारि, अपमानक शब्द, कुवाच्य

**अपशिष्ट** (पुं.) कोनो वस्तुक प्रयोगक बाद बचल (त्याज्य) अंश, उच्छिष्ट

**अपसरण** (पुं.) निर्गम, निर्गम द्वारा

**अपसामान्य** (पुं.) जे सामान्य नहि हो, असामान्य

**अपहरण** (पुं.) आनक वस्तु बलात् छीनि लेब, अपहरण

**अपहरणकर्ता** (वि.) अपहरण कर'बाला

**अपहर्ता** (पुं.) अपहरण कर'बाला

**अपहृत** (वि.) जकर अपहरण भेल हो

**अपात्र** (पुं.) 1. अयोग्य, अनधिकारी, दुर्जन, जाहिमे कोनो पदकेँ प्राप्त करबाक योग्यता नहि हो 2. अधलाह, अपात्र

**अपात्रता** (स्त्री.) अयोग्यता, अनुपयुक्तता

**अपादान** (पुं.) (व्याकरणमे) ओ कारक जे विभाजनक आरंभ बिंदु होइत अछि

**अपार** (वि.) असीम, अनन्त

**अपारदर्शिता** (स्त्री.) अपारदर्शी हेबाक स्थिति/गुण/भाव

**अपारदर्शी** (वि.) जे पारदर्शी नहि हो, जेकर आर-पार नहि देखल जा सकय

**अपाहिज** (वि.) विकलांग, दिव्यांग, अबाह

**अपितु** (संयो./अव्य.) परंतु, किंतु

**अपील** (पुं.) निम्न न्यायालयक निर्णयक विरुद्ध उच्चतर न्यायालयमे पुनः विचारार्थ प्रार्थना

**अपुष्ट** (वि.) 1. जे पुष्ट नहि हो, दुब्बर (दुर्बल शरीर) 2. जे प्रमाणसँ समर्थित नहि हो, अप्रमाणित

**अपूर्ण** (वि.) जे पूर्ण नहि हो, अपूर्ण

**अपूर्व** (पुं.) विलक्षण, उत्तम, जाहि प्रकारक पूर्वमे नहि भेल हो

**अपृथक्करणीय** (वि.) जकरा पृथक् नहि कयल जा सकय, जे फुट नहि कयल जा सकय, फराक नहि करबा योग्य

**अपेक्षा** (स्त्री.) 1. प्रयोजन, आवश्यकता, अपेक्षा, 2. आकांक्षा 3. आत्मीयता, घनिष्ठता, अपनत्व (तुलनामे प्रयोग होइछ)

**अपेक्षाकृत** (क्रि. वि.) तुलनात्मक दृष्टिएँ

**अपेक्षित** (वि.) आवश्यक, प्रयोजनीय, इष्ट-अपेक्षित, अपन

**अपोषक** (वि.) जे पोषक नहि हो

**अपोषण** (पुं.) कुपोषण, पोषणक अभाव

**अप्रकट** (वि.) अस्पष्ट, जे प्रकट नहि हो, परोक्ष, नुकाएल

**अप्रकाशित** (वि.) जे प्रकाशित नहि भेल हो, देखार नहि

**अप्रकृत** (वि.) यथार्थ वा प्रकृतसँ भिन्न

**अप्रचलन** (पुं.) जकर प्रचलन नहि हो, व्यवहारसँ बाहर हो

**अप्रचलित** (वि.) जे प्रचलित नहि होअए, जे व्यवहारमे नहि हो

**अप्रतिबंध** (वि.) प्रतिबंध रहित, स्वतंत्र

**अप्रतिबद्ध** (वि.) जे प्रतिबद्ध नहि हो

**अप्रतिष्ठित** (वि.) प्रतिष्ठारहित, अव्यवस्थित

**अप्रत्यक्ष** (पुं.) परोक्ष, जे प्रत्यक्ष नहि होअय

**अप्रत्याशित** (वि.) जकर प्रत्याशा नहि रहल हो

**अप्रभावित** (वि.) जाहि पर प्रभाव नहि पड़ल हो, कोनो आन प्रभावसँ मुक्त

**अप्रभावी** (वि.) प्रभाव रहित, जकर प्रभाव नहि पड़य

**अप्रयुक्त** (वि.) जकर प्रयोग नहि भेल हो, अप्रयुक्त

**अप्रवासी** (पुं.) जे आन देशक आधिकारिक प्रवासमे नहि रहय, अप्रवासी

**अप्रवासी कानून** (पुं.) आन देशक आधिकारिक प्रवासमे नहि रहय बला कानून

**अप्रवासी वीजा** (पुं.) आनदेशक प्रवासक वीजा, देशांतर यात्रा हेतु समयबद्ध प्रदत्त प्रमाण स्वरूप

**अप्रसन्न** (वि.) जे प्रसन्न नहि हो, रुष्ट

**अप्राकृतिक** (वि.) जे प्रकृतिद्वारा रचित नहि होअय, कृत्रिम

**अप्राप्य** (वि.) जे प्राप्त नहि भय सकय, नहि भेट सकबा योग्य

**अप्राप्यता** (स्त्री.) प्राप्त नहि हेबाक स्थिति

**अप्रामाणिक** (वि.) असत्य, जे प्रमाणिक नहि होअय, संदिग्ध

**अप्रामाणिकता** (स्त्री.) प्रामाणिक नहि हेबाक स्थिति, संदिग्धता

**अप्रासंगिक** (वि.) अप्राकरणिक, जकर चलि रहल प्रसंगसँ संबंध नहि होअय

**अप्रिय** (वि.) जे प्रिय नहि होअय

**अप्रैल** (पुं.) अंगरेजीवर्षक चारिम मास

**अप्सरा** (स्त्री.) देवलोकक नर्तकी, परी

**अफवाह** (पुं.) मिथ्या संवादक प्रसार, नकारात्मक बात/घटनाक प्रचार-प्रसार

**अफसर** (पुं.) पदाधिकारी, हाकिम

**अफसरशाही** (स्त्री.) अधिकारी होयबाक प्रभाव, रुआब

**अफसोस** (पुं.) अपसोच, खेद

**अफीम** (पुं.) हफीम, ओ पदार्थ विशेष जकर सेवनसँ निसा होइछ

**अफीमची** (पुं.) हफीम खायबाला, हफीम खयनिहार

**अब** (क्रि. वि.) आब, एखन

**अबरक** (पुं.) एकटा खनिजक नाम, अबरख

**अबला** (स्त्री.) महिला, नारि, स्त्री

**अबाध** (वि.) निर्विघ्न, बेरोक

**अबोध** (वि.) बोधहीन शिशु, अबोध

**अब्द** (वि.) वर्ष, काल विशेष

**अब्द कोश** (पुं.) वार्षिकी, जाहिमे कोनो वर्षक सामाजिक, राजनीतिक आर्थिक सूचना हो

**अभंग** (वि.) अखंडित, यथारूप

**अभंजनीय** (वि.) जकरा तोड़ल नहि जा सकय, अटूट

**अभक्ष्य** (वि.) अस्वाद्‌य, जे खायब वर्जित अछि

**अभद्र** (वि.) अशिष्ट, अशोभनीय, अशुभ, असभ्य

**अभद्रता** (स्त्री.) अशिष्टता, असभ्यता

**अभय** (पुं.) निर्भय, संकटसँ मुक्ति, संकटमे नहि पड़बाक आश्वस्ति

**अभयदान** (पुं.) दंड नहि देवाक वचन, अभयदान

**अभयारण्य** (पुं.) जाहि वनमे शिकार केनाइ प्रतिबंधित हो तथा कानूनन जकरा काटबाक अनुमति नहि देल जाय

**अभागा** (वि.) भाग्यहीन, दुर्भाग्यशाली, कर्मजरु, कपरजरू, अभागा

**अभाग्य** (पुं.) दुर्भाग्य, खराब भाग्य

**अभाज्य** (वि.) जाहि अंक (संख्या) कैं विभाजित नहि कयल जा सकैत अछि, विषम संख्या

**अभाव** (पुं.) खगता, कमी, दुर्लभता, गरीबी, सत्ताहीनता, अभाव

**अभावग्रस्त** (वि.) अभावबाला, कमीबाला, गरीब

**अभिकथन** (पुं.) दृढतापूर्वक कहनाइ (कथन), पुष्ट विचार

**अभिकरण** (पुं.) 1. संविदा विधिक अधीन स्थापित एक संबंध जाहिमे एक पक्ष दोसर पक्षके प्राधिकार दैत अछि जे ओ कोनो तेसर पक्षक संग प्रथम पक्ष दिससँ व्यापार क’ सकैत अछि 2. अभिकर्ताक काज करबाक स्थान अथवा ओकर प्रतिष्ठान (फर्म)

**अभिकर्ता** (पुं.) 1. जे किओ व्यक्ति कोनो दोसर व्यक्ति वा संस्था दिससँ काज करबाक हेतु अधिकृत हो 2. प्रतिनिधि

**अभिकलन** (पुं.) गणना, अध्ययन, विशेष आकलन, अध्ययन आ अनुभवक आधार पर भावी घटनाक अनुभव

**अभिकलित्र** (पुं.) एक स्वचालित इलेक्ट्रानिक उपकरण जे अभिकलनमे सहायक होइत अछि तथा सूचना के संकलित क’ सकैत अछि

**अभिकल्प** (पुं.) 1. रचना, बनावटि, संरचना (डिजाइन) 2. अलंकरणक रूप, वस्त्र, पात्र आदि पर रेखा, आकृति रंग आदिक विन्यास

**अभिकल्पक** (पुं.) अभिकल्प तैयार कर’बाला व्यक्ति

**अभिक्रमण** (पुं.) 1. आगाँ बढबाक क्रिया/भाव 2. समीप गमन 3. आक्रमण

**अभिक्रिया** (स्त्री.) दू अथवा अधिक पदार्थक परस्पर क्रियासँ उत्पन्न होब’बाला रासायनिक परिवर्तन

**अभिक्षमता** (स्त्री.) कोनो नवीन ज्ञान वा कौशल अथवा विषयकैं सिखबाक सहज क्षमता, सिखबाक गुण

**अभिगम** (पुं.) प्राप्ति

**अभिगमन** (पुं.) निकट जायब, सहवास

**अभिग्रहण** (पुं.) 1. बलपूर्वक अधिकार केनाइ 2. दोसरक संततिके दत्तक लेनाइ, दत्तक ग्रहण

**अभिजात** (वि.) उच्च कुलमे उत्पन्न, संभ्रांत

**अभिजातवर्ग** (पुं.) कुलीन व्यक्तिक वर्ग (समुदाय)

**अभिजात्य** (वि.) कुलीन

**अभिज्ञ** (वि.) नीकजकाँ जननिहार, ज्ञाता

**अभिज्ञात** (वि.) परिचित, बुझल, मोन पड़ल (पुरान बात वा वस्तु)

**अभिज्ञान** (पुं.) पुनर्ज्ञान, प्रत्यभिज्ञा, वस्तुकें देखि पुरान घटना मोन पड़नाइ

**अभित्रस** (पुं.) विशेष त्रस, भय, ताड़न

**अभिदाता** (वि.) कोनो उद्देश्यक पूर्ति हेतु आर्थिक दानदाता, चंदा देनिहार, दानी

**अभिदान** (पुं.) कोनो उद्देश्यक पूर्ति हेतु देल गेल स्वैच्छिक दान, आर्थिक सहायता, चंदा, बेहरी

**अभिधा** (स्त्री.) शब्दक ओ शक्ति जाहिसँ प्राथमिक (वाच्य) अर्थक बोध होइत अछि, अभिधा

**अभिधान** (पुं.) 2. नाम, संज्ञा 2. शब्दकोश

**अभिधारणा** (पुं.) अभिधारणा, विशेषधारणा

**अभिनंदन** (पुं.) ककरो सौभाग्यक अवसर पर प्रशंसापूर्वक प्रसन्नता व्यक्त करब, सम्मान करबाक व्यवहार, अभिनंदन

**अभिनंदन ग्रंथ** (पुं.) सार्वजनिक सम्मानक अवसर पर ओही संबंधित व्यक्ति पर केंद्रित ग्रंथ, व्यक्तिकें उपहारस्वरूप दिअ' जायबाला ग्रंथ विशेष, अभिनंदन ग्रंथ

**अभिनंदन-समारोह** (पुं.) सम्मान समारोह

**अभिनंदनीय** (वि.) अभिनंदनक योग्य, सम्माननीय, प्रशंसनीय, वंदनीय

**अभिनंदित** (वि.) जकर अभिनंदन कयल गेल हो, सम्मानित

**अभिनय** (पुं.) अनुकरण क' आनक चरित कलात्मक रूपमे देखाएब, नाटक, अभिनय

**अभिनयशाला** (स्त्री.) अभिनय करबाक रंगमंच, नाट्यशाला

**अभिनव** (वि.) नवीन, नूतन, टटका

**अभिनिविष्ट** (वि.) अनुरक्त, हठी

**अभिनिवेश** (पुं.) अनुराग, एकाग्रचिंतन

**अभिनीत** (वि.) जकर अभिनय कयल गेल हो, अभिनीत

**अभिनेता** (पुं.) अभिनय कएनिहार पुरुष, नट

**अभिनेत्री** (स्त्री.) अभिनय कयनिहार महिला, नटी

**अभिन्न** (वि.) 1. एक, जे भिन्न नहि हो, तदेव (सैह-वैह) 2. परम आत्मीय

**अभिन्यास** (पुं.) राखब

**अभिपुष्ट** (वि.) समर्थित

**अभिपोषक** (वि.) पोषण कएनिहार, पालनहार

**अभिपोषण** (पुं.) पोषण

**अभिप्राय** (पुं.) 1. आशय, तात्पर्य, हृदयगत भाव 2. अर्थ 3. उद्देश्य 4. प्रयोजन

**अभिप्रेत** (वि.) 1. अभीष्ट, जे अभिप्रायक विषय हो 2. अभिलषित 3. प्रिय, अनुकूल, अभिप्रेत

**अभिप्रेरक** (वि.) प्रेरित कर'बाला, प्रेरक, प्रवृत्त कर'बाला

**अभिप्रेरण** (पुं.) 1. प्रोत्साहन, प्रेरणा 2. तीव्र प्रेरणा, अभिप्रेरणा

**अभिप्रेरणा** (स्त्री.) प्रेरणा, प्रोत्साहित करब

**अभिभावक** (पुं.) संरक्षक, नियंता, माय-बाप, गार्जियन

**अभिभाषण** (पुं.) विशिष्ट श्रोतावर्गक प्रति विशिष्ट व्यक्ति द्वारा कएल गेल उद्बोधक भाषण, अभिभाषण

**अभिभूत** (वि.) आनक चमत्कारी प्रभावसँ आक्रांत, विह्वल, प्रभावित, अभिभूत

**अभिमत** (पुं.) अपन विवेकजन्य वैयक्तिक विचार, धारणा, परामर्श, स्वीकृति, इच्छित मत, विचार

**अभिमान** (पुं.) अहंकार, घमंड, गरुर, अभिमान

**अभिमानी** (वि.) घमंडी, मानी, अभिमानी

**अभिमुख** (वि.) मुहदिस मुह कएने, अनुकूल

**अभियंता** (पुं.) अभियांत्रिकी (इंजीनियरिंग)मे निष्णात व्यक्ति (इंजिनियर)

**अभियांत्रिक** (वि.) यंत्र/मशीन आदिक निर्माण आ प्रयोगक ज्ञाता

**अभियांत्रिकी** (स्त्री.) यंत्र/मशीन आदिक निर्माणक विज्ञान, अभियांत्रिकी

**अभियाचना** (स्त्री.) बारंबार दीनतापूर्वक माँगब

**अभियान** (पुं.) 1. प्रयाण 2. विशेष उद्देश्यसँ बनाओल कार्ययोजना

**अभियुक्त** (पुं.) अपराधी, जकरा पर अपराधक आरोप हो

**अभियोग** (पुं.) अपराधक आरोप, उपराग

**अभियोगी** (पुं.) अपराधी, आरोपी, अभियोक्ता

**अभियोजक** (पुं.) अभियोगी, वादी, मुद्दइ

**अभियोजन** (पुं.) ककरो पर दोष लगायब, मोकदमा वा अभियोग चलायब, समन्वय करब

**अभिरक्षक** (वि.) 1. अभिरक्षा कर'बला व्यक्ति 2. न्यायालय द्वारा नियुक्त व्यक्ति जकरा कोनो संपत्ति वा अभिलेखक रक्षाक भार देल गेल हो

**अभिरक्षा** (स्त्री.) नीक जकाँ कएल गेल देखभाल आ रक्षा

**अभिराम** (वि.) सुंदर, प्रिय

**अभिरुचि** (स्त्री.) अनुराग, प्रीति

**अभिलक्षण** (पुं.) विशेषता, विशेष लक्षण

**अभिलाषा** (स्त्री.) इच्छा, कामना, मनोरथ

**अभिलाषी** (वि.) इच्छुक, अभिलाषा कर'बाला व्यक्ति

**अभिलिखित** (वि.) प्रमाणार्थ लिखिकेँ राखल

**अभिलेख** (पुं.) वचन, वृतांत आदिक लिखित विवरण/दस्तावेज, अभिलेख

**अभिलेखन** (पुं.) कागज/कागत आ काठ आदि पर लेखन, दस्तावेजीकरण

**अभिलेखागार** (पुं.) ओ भवन जत' धरोहर मूल्यक सामग्री, राष्ट्रीय दृष्टिसँ महत्वपूर्ण आ राजकीय अभिलेखकेँ व्यवस्थित आ सुरक्षित राखल जाय, संरक्षित रहय, अभिलेखागार

**अभिलेखित्र** (पुं.) अभिलेखित्र

**अभिवंदना** (स्त्री.) सम्मान सहित अभिवादन, नमस्कार, अभ्यर्थना

**अभिवक्ता** (पुं.) 1. वकील (ओकील) 2. वक्ता

**अभिवचन** (पुं.) वकील द्वारा न्यायालयक सम्मुख ओ कथन जे ओ अपन नियोजक (वादी/प्रविादी) दिससँ संकेत कहैत अछि

**अभिवादन** (पुं.) भेंट भेला पर प्रणाम/नमस्कार करब, शिष्टाचार

**अभिविन्यास** (पुं.) 1. नव परिस्थिति के अनुकूल बनेबाक लेल देल गेल सूचना 2. कर्मचारी सभ के संस्थानक नियम तथा भेल परिवर्तनक ज्ञान कराएब

**अभिवृत्ति** (स्त्री.) मनोवृत्ति, रुखि

**अभिवृद्धि** (स्त्री.) बढनाइ, समृद्धि, विकास, उन्नति केनाइ

**अभिवेचन** (पुं.) विचारक आपत्तिजनक अभि-व्यक्ति पर सरकारी प्रतिबंध (रोक)

**अभिव्यंजना** (स्त्री.) प्रकटीकरण, अभिव्यक्त करब

**अभिव्यक्ति** (स्त्री.) प्रकाशन, प्रकटीकरण

**अभिशाप** (पुं.) सराप, श्राप

**अभिषेक** (पुं.) अभिमंत्रित जल छीटब

**अभिसंधि** (स्त्री.) षड्यंत्र, संधि

**अभिसमय** (पुं.) राष्ट्र/राज्य/दल सभक सहमति अथवा एकरारनामा

**अभिसरण** (पुं.) समीप अथवा लग जाएब

**अभिसार** (पुं.) प्रेमीसँ मिलनक हेतु प्रेमिकाक गमन, मिलन

**अभिसारिका** (स्त्री.) अभिसार हेतु उद्यत नायिका

**अभिसारी** (वि.) 1. अभिसारक लेल जायबाला पुरुष 2. अत्यंत तीव्र वेगसँ बाहर जायवाला

**अभिहित** (वि.) कथित, शब्द द्‌वारा बोधित, संबोधित

**अभी** (क्रि. वि.) एखन, एही समय

**अभी-अभी** (क्रि. वि.) एखने, एखनहि, तुरंत

**अभी तक** (क्रि. वि.) एखन धरि

**अभीप्सित** (वि.) इष्ट, अभिलषित, वांछित

**अभीष्ट** (वि.) वांछित, अभिप्रेत

**अभूतपूर्व** (वि.) जे पहिने कहियो नहि भेल हो

**अभेद्‌य** (वि.) जकरा भीतर पैसल नहि जाए सकय, दुष्प्रवेश्य, दुर्भेद्‌य

**अभ्यंतर** (पुं.) भीतर, भितरी भाग

**अभ्यर्थना** (स्त्री.) प्रार्थना, विनती, अनुनय, याचना, अनुरोध

**अभ्यर्थी** (वि.) याचक, प्रार्थी, आवेदक

**अभ्यर्पण** (पुं.) समर्पण, शत्रुक समक्ष समर्पण

**अभ्यस्त** (वि.) कंठस्थ कएल, रटल, आदी, अभ्यस्त

**अभ्यागत** (पुं.) अतिथि, पाहुन, अभ्यागत

**अभ्यावेदन** (पुं.) आवेदन-पत्र, प्रार्थनापत्र

**अभ्यास** (पुं.) कोनो काजके पुनः-पुनः करबाक क्रिया, अभ्यास

**अभ्युक्ति** (स्त्री.) टिप्पणी, कथन

**अभ्युत्थान** (पुं.) उन्नति, उत्थान, ऊठब

**अभ्युदय** (पुं.) 1. कल्याण 2. उत्थान, उन्नति

**अभ्रक** (पुं.) अबरख, खनिजक एक प्रकार

**अमंगल** (वि.) अशुभ/जे कल्याणकारी नहि हो

**अमचूर** (पुं.) आमक बुकनी, आमक चूर्ण

**अमन** (पुं.) शांति, चैन

**अमनपसंद** (वि.) जकरा शांति पसिन होइ, शांति प्रिय

**अमनोनीत** (वि.) जकर मनोनयन नहि भेल होइ

**अमर** (वि.) नहि मुइनिहार, कठजीव, देवता

**अमरता** (स्त्री.) मोक्षक स्थिति

**अमरत्व** (पुं.) नहि मरबाक भाव/स्थिति, मोक्ष

**अमरबेल** (स्त्री.) अमरलत्ती, अमरवल्ली

**अमरस** (पुं.) आमक गारा

**अमरुद** (पुं.) लताम, अमरुद, रक्ताभ्र

**अमल** (वि.) निर्मल, अमल, पवित्र, आदति

**अमलतास** (पुं.) अमलतास, रेचक फलबला एक वृक्ष, आरग्वध वृक्षविशेष

**अमला** (पुं.) किरानी आदि कर्मचारी, ओछ

**अमली** (वि.) व्यवहारोपयोगी, जे व्यवहारमे वास्तविक प्रयोगमे आनब संभव हो, प्रयोगात्मक

**अमांगलिक** (वि.) अशुभ, अनिष्टकारी

**अमानत** (स्त्री.) 1. धरोहर, अमानति 2. अमीनक पद, अमीनक विद्‌या

**अमानती** (वि.) धरोहर राख' बाला, जे धरोहर राखल गेल हो, बन्हकी (बंधकी), विश्वासार्थ देल

**अमानवीय** (वि.) अमानवीय, क्रूर, कठोर

**अमानुष** (वि.) अलौकिक, मनुषसँ नहि होब'बाला, ज्ञानहीन प्राणी

**अमानुषिक** (वि.) मनुष्यसँ नहि होब'बला, अलौकिक

**अमान्य** (वि.) अमान्य, स्वीकार नहि करबा योग्य, मन-विरुद्‌ध

**अमान्यकरण** (वि.) न्यायालय आदिमे अविचारणीय मानल गेल, निरस्त करब

**अमान्यता** (स्त्री.) मान्यताक अभाव अस्वीकृति

**अमावस्या** (स्त्री.) अमावास्या, सौरमासक कृष्णपक्षक अंतिम तिथि

**अमिट** (वि.) जेकरा मेटाओल नहि जा सकय अटल, सतत रह'बला

**अमिट छाप** (वि.) जाहि चेंह कें मेटाओल **नहि** जा सकय, अमिट छाप

**अमित** (वि.) असीम, अनंत, अत्यधिक

**अमितव्ययिता** (स्त्री.) बेसी खर्च करब, अधिक व्यय करब, फजूल खर्ची

**अमिताभ** (वि.) जेकर आभा अधिक हो, तेजस्वी, भगवान् बुद्धक एक नाम

**अमीर** (वि.) धनिक (धनी), संपन्न

**अमीरी** (स्त्री.) संपन्नता, समृद्धि, ऐश्वर्यमय

**अमुक** (वि.) कोनो विशेष व्यक्ति जकर नाम नहि लेल जाय, फल्लाँ, अमुक, अभीष्ट संकेत

**अमूर्त** (वि.) आकार रहित (आकाश, काल, वायु, आत्मा, परमात्मा आदि), देह रहित

**अमूर्तकला** (स्त्री.) साहित्य, संगीत, अमूर्तकला

**अमूल्य** (वि.) 1. अनमोल, बहुमूल्य 2. जकर मूल्य नहि हो

**अमृत** (पुं.) 1. पीयूष, अमृत, अमरत्व देव'बाला, सुंदर 2. जाहि वस्तुकेँ पान कयला पर मृत व्यक्ति जीवित भ' जाय 3. मधुर 4. हितकर 5. औषधि

**अमोघ** (वि.) अचूक, जे व्यर्थ नहि जाय, अमोघ

**अमोल** (वि.) अमूल्य, मोल नहि भेटबाक योग्य, अनमोल

**अम्मा** (स्त्री.) माय, माता, जननी, अंबा

**अम्ल** (पुं.) अम्मत

**अम्लता** (स्त्री.) अम्ताइ, अम्लताइ, जाहिमे खट्टापन हो

**अम्ल-पित्त** (पुं.) अम्ल-पित्त, एक प्रकारक रोग जाहिमे भोजन आमाशयमे जा क' अम्ल भ' जाइत अछि

**अम्लान** (वि.) जे मौलाएल नहि हो, प्रफुल्ल, प्रसन्न

**अयस्क** (पुं.) खनिज, खानसँ बहराएल काँच धातु (अपरिष्कृत धातु)

**अयोग्य** (वि.) जे योग्य नहि हो, अयोग्य, अनधिकारी, अनुपयुक्त

**अयोग्यता** (स्त्री.) अक्षमता, अकर्मण्यता

**अयौगिक** (वि.) 1. रूढ, अयौगिक 2. जकर योगसँ संबंध नहि हो

**अरंडी** (स्त्री.) अंडी, वृक्ष विशेष

**अरक्तता** (स्त्री.) अरक्तता, शोणितक अभाव, रोग विशेष

**अरजी** (वि.) प्रार्थी, निवेदक

**अरण्य** (पुं.) वन, जंगल, अरण्य

**अरदली** (पुं.) सेवक, द्वार सेवक

**अरब** (पुं.) अरब देशक निवासी

**अरबी** (स्त्री.) अरबी भाषा, अरबदेशमे बाज'बलाभाषा

**अरमान** (पुं.) मनोरथ, इच्छा

**अरसा** (पुं.) अवधि, समय, बहुत दिन, अरसा

**अरहर** (पुं.) राहरि

**अराजकता** (स्त्री.) अराजकता, राज-व्यवस्थासँ रहित स्थिति

**अराजपत्रित** (पुं.) जाहि अधिकारीक नियुक्ति, पदोन्नति, अवकाश आदिक सूचना राजपत्रमे प्रकाशित नहि होअए

**अरुचि** (स्त्री.) अरुचि, अप्रसन्नता, विरक्ति

**अरुचिकर** (वि.) कष्टकर, अनसोहाँत, नहि सोहायबाला

**अर्चना** (स्त्री.) पूजा, आराधना

**अर्जन** (पुं.) कमाइ, श्रमक बदला प्राप्ति

**अर्जित** (वि.) कमाएल, अर्जल

**अर्जित अवकाश** (वि.) निर्धारित अवधि तक काज केलाक बाद नियमानुसार भेट'बला अवकाश, अर्जित अवकाश

**अर्जी** (स्त्री.) प्रार्थनापत्र, दरखास

**अर्जुन** (पुं.) 1. एक प्रकारक वृक्ष 2. महाभारतक एक पांडवक तृतीय भ्राता पात्र 3. कछुआ, ककुभ

**अर्थ** (पुं.) कोनो शब्दक अभिप्राय, प्रयोजन, धन, अर्थ

**अर्थदंड** (पुं.) जरिमाना, अर्थदंड, रुपैया आदि रूपमे सजा

**अर्थविज्ञान** (पुं.) जाहि विज्ञानमे अर्थक संबंधमे विचार हो, शब्दक अर्थक विवेचना कर'बाला विज्ञान, अर्थशास्त्र

**अर्थव्यवस्था** (स्त्री.) वित्त/धन संबंधी व्यवस्था, अर्थव्यवस्था

**अर्थशास्त्र** (पुं.) धनसंबंधीविचार कर'बाला सिद्धांत/शास्त्र, अर्थशास्त्र

**अर्थहीन** (वि.) दरिद्र, निर्धन, जकरा लग धनक अभाव हो, निरर्थक

**अर्थात्** (अव्य.) अभिप्राय, मतलब, माने

**अर्थादेश** (पुं.) धनादेश, धनसंबंधी आदेश

**अर्थी** (स्त्री.) धनी व्यक्ति, संपन्न, प्रार्थी (निवेदक)

**अर्ध** (वि.) आधा, अर्ध

**अर्धकुशल** (वि.) आधानिपुण, कमयोग्य

**अर्धचंद्र** (पुं.) आधाचान, अर्धचंद्र

**अर्धनारीश्वर** (पुं.) शिव, महादेव जनिक आधा अंग नारी रूप छनि आ आधा पुरुष रूप

**अर्धवार्षिक** (वि.) जे वर्षक आधा भागमे हो, छमाही, अर्धवार्षिक

**अर्धविकसित** (वि.) जेकर पूरा विकास नहि भेल हो

**अर्धविराम** (वि.) वाक्य, वाक्यांश आदिमे लेखनमे चिह्न, कौमा, अर्धविराम

**अर्ध-वृत्त** (पुं.) वृत्तक परिधि क आधा भाग

**अर्ध-व्यावसायिक** (वि.) आधा व्यवसाय संबंधी

**अर्ध-व्यास** (पुं.) 1. (गणितमे) वृत्तक केंद्र कें स्पर्श करैत आधारेखा 2. आधा विस्तार

**अर्धसरकारी** (वि.) आधाशासकीय

**अर्धसरकारीपत्र** (पुं.) आधाशासकीय पत्र

**अर्धसैनिकबल** (पुं.) अर्धसैनिक बल

**अर्धांगिनी** (स्त्री.) धर्मपत्नी, भार्या

**अर्पण** (पुं.) सादर प्रदान, अर्पण

**अर्पित** (वि.) अर्पित, सादर देल गेल

**अर्बुद** (पुं.) दस करोड़ संख्या, जैन धर्मावलंबीक एक तीर्थ

**अर्वाचीन** (वि.) आधुनिक, नवीन

**अर्ह** (वि.) पूजनीय, सम्माननीय, योग्य

**अर्हक** (वि.) योग्य, उपयुक्त

**अर्हक सेवा** (स्त्री.) योग्य सेवा

**अर्हता** (स्त्री.) योग्यता, उपयुक्तता, अर्हता

**अलंकरण** (पुं.) गहना, शृंगार, सिंगार, उपाधि आदि, अलंकरण

**अलंकरण समारोह** (पुं.) उपाधिसँ सम्मानित करबाक समारोह

**अलंकार** (पुं.) आभूषण, सजावटि, गहना

**अलंकारिक** (वि.) सजावटिसँ पूर्ण, नीकसँ सजल

**अलंकृत** (वि.) काव्यमे शोभादायक उपादान, अलंकृत

**अलक्षित** (वि.) अज्ञात, अदृश्य, गुप्त, जे देखाय नहि पड़य

**अलक्ष्य** (वि.) अदृश्य, चेह्न रहित, जकर लक्षण नहि कयल जा सकय

**अलख** (वि.) अगोचर, जे देखल नहि जाय सकय

**अलग** (वि.) भिन्न, दूर दृष्टि कय, फराक

**अलग-थलग** (वि.) दूर, भिन्न, एकसर

**अलगाव** (पुं.) दूर होएवाक क्रिया वा स्थिति, परंपरासँ विच्छिन्न होयव

**अलबत्ता** (अव्य.) निःसंदेह, अवस्से

**अलबम** (पुं.) अलबम

**अलबेला** (वि.) आकर्षक विचित्रतावला व्यक्ति

**अलभ्य** (वि.) दुर्लभ, दुष्प्राप्य

**अलमारी** (स्त्री.) आलमीरा, अलमारी, पट्टावाला काठक चक्का

**अललटप्पू** (वि.) अटकलपच्चू, उटकरी पंचे

**अलविदा** (स्त्री.) विदा होइत काल कह' जायबला शुभकामना शब्द,

शिष्टाचारक संबोधन, आत्मीयता परक

**अलसाना** (अ.क्रि.) थकावटि आ सुस्ती अनुभव केनाइ, शिथिल होएब

**अलसी** (स्त्री.) तीसी

**अलाप/आलाप** (पुं.) आलाप

**अलापना** (स.क्रि.) संगीतमे आलाप लेब, अलापब, कृत्रिम समवेदना देखायब

**अलाभकर** (वि.) हानिप्रद, नोकसानदेह

**अलाव** (पुं.) घूर, तापबाक लेल पजारल आगि

**अलावा** (वि.) अतिरिक्त, छाड़िकए, अलाबे

**अलिखित** (वि.) जे लिखल नहि हो

**अलैंगिक** (वि.) अलैंगिक

**अलोकप्रिय** (वि.) जे लोकप्रिय नहि हो, अलोकप्रिय

**अलौकिक** (वि.) 1. लोक व्यवहारसँ अनभिज्ञ 2. दिव्य, अलौकिक

**अलौहधातु** (स्त्री.) लोहासँ अतिरिक्त धातु

**अल्प** (वि.) थोड़, कनेक

**अल्पकालिक** (वि.) कम समयमे होब'बाला, कम समय तक चल'बाला

**अल्पकालीन** (वि.) कम समयक हेतु लेल गेल ऋण

**अल्पजीवी** (वि.) कम समय तक जीवित रह'बाला, कम बएसमे मुइनिहार, अल्पायु

**अल्पज्ञान** (वि.) थोड़ ज्ञान, कम ज्ञान

**अल्पबचत** (पुं.) थोड़ संचयन

**अल्पबुद्धि** (वि.) थोड़ बुद्धिबाला

**अल्पभाषी** (वि.) कम बाज'बाला, मितभाषी

**अल्पमत** (पुं.) थोड़ वा अल्पसंख्यक पक्ष वा समुदाय, लोकतंत्रक एक विशेषार्थक

**अल्पवयस्क** (वि.) कम वएसक व्यक्ति

**अल्पविकसित** (वि.) जेकर कम विकास भेल हो

**अल्पविराम** (वि.) वाक्य, वाक्यांश अथवा छंदमे थोड़कालक विराम आ विराम चिह्न, अर्थबोधक लेल कोनो शब्दक बाद ठहरब आ चिह्न, कोमा

**अल्पव्यय** (पुं.) जे काज थोड़ धन देलासँ भय जाय, जाहि काजमे कम खर्च लागय

**अल्पव्ययी** (वि.) कम व्यय कर'वाला, कमखर्ची लोक

**अल्पसंख्यक** (वि.) कम जनसंख्या वला समुदाय

**अल्पसूचना** (स्त्री.) कम समयमे देल गेल सूचना

**अल्पायु** (वि.) कम बएसमे (मुइनिहार), अल्पायु

**अल्पावधि** (स्त्री.) कम समयक अवधिमे होब'बाला

**अल्पाहार** (पुं.) थोड़ भोजन, साधारणसँ कम भोजन, अल्पाहार

**अल्लाह** (पुं.) परमेश्वर

**अल्हड़** (वि.) अबढङाह, अपरोजक

**अल्हड़पन** (पुं.) अबढङाह हेबाक स्थिति, अवढंग

**अवकलन** (पुं.) देखब, जानब, बुझब

**अवकाश** (पुं.) पलखति, अवकाश, छुट्टी, फुरसति

**अवकाश प्राप्त** (वि.) सेवानिवृत्त

**अवगत** (वि.) ज्ञात, विदित, जानल

**अवगुण** (पुं.) दोष, त्रुटि

**अवचेतन** (पुं.) अर्ध चेतन, जकरामे पूर्ण चेतना नहि हो

**अवचेतना** (स्त्री.) अंतःसंज्ञा

**अवज्ञा** (स्त्री.) उपेक्षा, अनादर, अवहेलना, बात नहि मानब

**अवतरण** (पुं.) उतरब, नीचाँ आयब

**अवतरित** (वि.) उतरल, अवतरित

**अवतल** (वि.) नतोदर

**अवतार** (पुं.) कोनो देवता आ ईश्वरक मनुष्यरूपमे जन्म लेब (जाहिमे

मत्स्य, कच्छप आदि दस मुख्य मानल गेल अछि), अवतार
**अवतारी** (वि.) मनुष्य रूपमे ईश्वरक जन्म नेनिहार
**अवदान** (वि.) प्रशस्त काज, पराक्रम, भूमिकाँ, योगदान
**अवधान** (पुं.) ध्यान, सतर्कता
**अवधारणा** (स्त्री.) निश्चय, संकल्प, मोनमे कोनो विचारक उदय, विचार बनब
**अवधि** (स्त्री.) सीमा, हद, काल
**अवनत** (वि.) झुकल, अधःपतित, निहुंरल
**अवनति** (स्त्री.) नीचाँ खसब, अधःपतन
**अवमानक** (वि.) तिरस्कार कर'बाला
**अवमानना** (स्त्री.) अपमान करब
**अवमूल्यन** (पुं.) 1. मूल्य घटब, कालक्रमे यंत्रादिक खिअएलासँ मूल्य घटब, मुद्राक अवमूल्यन 2. अन्य देशक मुद्राक तुलनामे अपना देशक मुद्राक मूल्य जानि-बूझिके घटायब
**अवयव** (पुं.) 1. अंग 2. भाग, अंश 3. देहक शाखा
**अवयस्क** (पुं.) नाबालिक, जे एखन कम वएसक (18 वर्षसँ कम) अछि
**अवर** (वि.) निम्नतर कोटि, अधीनस्थ
**अवरुद्ध** (वि.) रोकल, घेरल, बंद, रुद्ध
**अवरोध** (पुं.) रुकावटि, घेराओ, अवरोध
**अवरोधक** (वि.) रोकनिहार, बाधक
**अवरोह** (पुं.) 1. उतार 2. ह्रास 3. गायनमे अवरोह एक टा गायनक स्थिति-आरोह-अवरोह
**अवरोहण** (पुं.) नीचाँ उतरबाक क्रिया
**अवरोही** (वि.) नीचाँ आब'वाला, अवरोही
**अवरोहीक्रम** (वि.) नीचाँ अयबाक क्रम
**अवर्णनीय** (वि.) जे वर्णन योग्य नहि हो, दिव्य
**अवलंब** (पुं.) आश्रय, शरण, आसरा
**अवलंबन** (पुं.) सहारा, आश्रय, भरोस, अपनाएब
**अवलंबित** (वि.) आश्रित, निर्भर
**अवलोकन** (पुं.) 1. स्थिर आँखिसँ देखब 2. पठन 3. देख-रेख
**अवलोकनार्थ** (क्रि.वि.) देख-रेख करवाक हेतु देखवाक लेल, अवलोकनार्थ
**अवशिष्ट** (वि.) बाँचल, शेष रहल, बाँकी, अवशिष्ट
**अवशेष** (पुं.) बाँचल अंश, अवशेष
**अवशोषण** (पुं.) सोखनाइ, अवशोषण
**अवश्यंभावी** (वि.) अवश्य होअएवाला
**अवश्य** (क्रि.वि.) अनिवार्यतः, निश्चय, जरूर
**अवसर** (पुं.) 1. उचित काल, मओका 2. फुरसति 3. प्रसंग 4. विश्राम
**अवसरवादिता** (स्त्री.) अवसरसँ लाभ उठयबाक प्रवृत्ति
**अवसरवादी** (वि.) प्रत्येक उपयुक्त अवसरसँ पूरा लाभ उठाब'बाला
**अवसाद** (पुं.) शिथिलता, सुस्ती, उदासी, नाश, मनोवैज्ञकनिक मनोदशा विशेष, मनक विचार
**अवसान** (पुं.) अंत, समाप्ति, इति
**अवस्था** (स्त्री.) 1. प्रक्रम, हालत, स्थिति 2. वएस, वयःक्रम, अवस्था
**अवस्थित** (वि.) ठहरल, टिकल, कार्यलग्न
**अवस्थिति** (स्त्री.) 1. स्थान, 2. निवास, ठेकाना
**अवहेलना** (स्त्री.) अनादर, उपेक्षा, अपमान
**अवांछनीय** (वि.) अप्रिय, जकर इच्छा नहि कयल जाय, त्याज्य
**अवांछित** (वि.) अप्रिय, नहि चाहल गेल
**अवाक** (वि.) 1. चुप, मूक 2. चकित
**अवास्तविक** (वि.) जे वास्तविक (सत्य) नहि होअय
**अविकसित** (वि.) जेकर विकास नहि भेल हो
**अविकारी** (वि.) जे ककरो विकार नहि हो
**अविकृत** (वि.) अविकल, अपरिवर्तित
**अविच्छिन्न** (वि.) अविभक्त, जे सतत होअय

**अविजित** (वि.) जे जीतल नहि गेल हो

**अविधिक** (वि.) जे विधि (कानून)सँ संबंधित नहि हो, विधि विरुद्ध, अवैधानिक, विधि विरुद्ध

**अविधिमान्य** (वि.) अवैधानिक, विधिविरुद्ध

**अविनाशी** (वि.) जेकर नाश नहि हो, अनश्वर

**अविभक्त** (वि.) जे बाँटल नहि गेल हो

**अविभाजित** (वि.) अखंड, संपूर्ण, बिन बंटल

**अविभाज्य** (वि.) जे बाँटल नहि जा सकय, विभाजित नहि भ' सकय -(पुं.) जाहि राशिकेँ कोनो भाजकसँ भाग नहि कयल जाय से राशि

**अविरत** (वि.) निरंतर चलैत रह' बाला, विराम रहित, अविवृत्त, अविश्रांत

**अविरल** (वि.) 1. सटल, मिटल 2. लगातार होब'वाला मूसलाधार वृष्टि

**अविराम** (वि.) विरामरहित, लगातार, बिनु सुस्तौने

**अविलंब** (क्रि.वि.) विलंबरहित, तुरत, झटपट, त्वरित

**अविलंब कार्रवाई** (स्त्री.) तुरत कयल गेल व्यवहार काज, बिना देरी केने कयल गेल कागज

**अविलेय** (वि.) जे विलुप्त नहि भ' सकय अथवा जे घोरायल नहि जा सकय

**अविवाद** (वि.) विवाद रहित, सहमत, मान्य

**अविवाहित** (वि.) जेकर विवाह नहि भेल हो, कुमार

**अविवेक** (पुं.) नीक- बेजाय बुझवाक प्रतिभाक अभाव, अविचार, अविवेक

**अविश्वसनीय** (वि.) जे विश्वास करबाक योग्य नहि हो

**अविश्वास** (पुं.) विश्वासक अभाव, संदेह, शंका, अनभरोस

**अविश्वास प्रस्ताव** (पुं.) मंत्रिमंडल वा ओकर कोनो सदस्य अथवा कोनो संस्थाक अध्यक्ष आदिमे विश्वास नहि रहबाक प्रस्ताव, विधिवत सरकारक विरुद्ध अविश्वास प्रस्ताव

**अविश्वासी** (वि.) विश्वास नहि कर'बाला, श्रद्धाहीन, जे विश्वासक योग्य नहि हो, संदिग्ध

**अवैज्ञानिक** (वि.) जे वैज्ञानिक नहि हो, जे विज्ञानक विरुद्ध वा प्रतिकूल हो, तर्कहीन

**अवैतनिक** (वि.) वेतन वा पारिश्रमिक नहि लैत मोफतमे खटयबाला, बेगारी

**अवैध** (वि.) शास्त्रविरुद्ध, नियम विरुद्ध, गैरकानूनी

**अवैधता** (स्त्री.) नियमविरोधक स्थिति, शास्त्रविरोध, नियमानुकूल नहि

**अवैध प्रवेश** (पुं.) अवैध प्रवेश, अनुमतिक बिना प्रवेश

**अवैधानिक** (वि.) जे नियमानुकूल नहि हो, असंविधानिक

**अव्यक्त** (वि.) अप्रकट, अदृश्य, अज्ञात, अनिश्चित

**अव्यवस्था** (स्त्री.) नियम वा व्यवस्थाक अभाव, गड़बड़ शास्त्रविरुद्ध व्यवस्था

**अव्यवस्थित** (वि.) देल वचनक पालन नहि कएनिहार, व्यवस्थासँ विचलित भेनिहार

**अव्यापक** (वि.) जे व्यापक नहि हो, सीमित

**अव्यावहारिक** (वि.) जे व्यावहारिक नहि हो, जेकर व्यवहारमे प्रचलन नहि हो, जे करय योग्य नहि हो

**अव्वल** (पुं./वि.) प्रथम, सर्वश्रेष्ठ

**अशक्त** (वि.) शक्तिहीन, असमर्थ, अयोग्य

**अशांत** (वि.) शांतिरहित, उद्विग्न

**अशांति** (स्त्री.) हलचल, विक्षोभ, खलबली, बेचैनी

**अशासकीय** (वि.) जे शासनसँ संबंधित नहि हो

**अशिक्षा** (स्त्री.) शिक्षाक अभाव

**अशिक्षित** (वि.) जे शिक्षित नहि हो

**अशिष्ट** (वि.) अभद्र, असभ्य, अशिष्ट

**अशिष्टता** (स्त्री.) अभद्रता, असभ्यता

**अशुद्ध** (वि.) 1. अपवित्र, नियमविरुद्ध, गलत, अशुद्ध, व्याकरण विरुद्ध 2. ग्रहस्थितिसँ दूषित काल जाहिमे विवाहादि शुभकार्य वर्जित अछि

**अशुद्धि** (स्त्री.) अपवित्रत भेल, अशुद्धि

**अशुभ** (वि.) अशकुन, अमंगलकारी

**अशेष** (वि.) संपूर्ण, अपार, असंख्य, जे शेष नहि हो

**अशोधित** (वि.) जेकर शोधन वा संस्कार नहि भेल हो, साफ नहि कयल गेल

**अशोभन** (वि.) अनसोहाँत, अनुचित, अभद्र

**अशोभनीय** (वि.) जे उचित नहि हो, अशिष्टतापूर्ण

**अश्मरी** (स्त्री.) 'पथरी'नामक रोग जाहिमे पेटमे छोट-छोट पाथर भय जाइत अछि

**अश्रु** (पुं.) नोर, अश्रु

**अश्रुगैस** (स्त्री.) एक प्रकारक विषाक्त जहरीला गैस जे आँखिमे लगला पर जलन करैत छै आ नोर बहा दैत छै

**अश्रुत** (वि.) जे पूर्वमे सुनल नहि हो, अश्रुत

**अश्लिष्ट** (वि.) श्लेष रहित, असंगत, जाहिसँ एकाधिक अर्थ नहि निकलय

**अश्लील** (वि.) अभद्र, लज्जाजनक, ग्राम्य

**अश्लीलता** (स्त्री.) रचनामे अश्लील शब्दक प्रयोग, भद्दापन

**अश्लील साहित्य** (पुं.) कोनो देशकालक प्रचलित नारी पुरुषक संबंधक विषयमे निश्चित धारणाक विरुद्ध उन्मुक्त संबंधक चित्रण कर'बाला साहित्य

**अश्व** (पुं.) घोड़ा, अश्व

**अश्वगंधा** (स्त्री.) एक वनौषधि

**अश्वशक्ति** (स्त्री.) ओ शक्ति जे प्रति सेकेंड 550 पौंड ओजनकेँ एक फीट ऊपर उठवै लेल आवश्यक होइत अछि, ततेक शक्तिक नाप

**अश्वशाला** (स्त्री.) घोड़सार, अस्तबल

**अश्वारोहण** (पुं.) घोड़सवारी

**अश्वारोही** (पुं.) घोड़सवार

**अश्विनी** (स्त्री.) 1. घोड़ी 2. सताइस नक्षत्र समूहमे पहिल नक्षत्र

**अष्ट** (वि.) आठक संख्या, सातसँ एक अधिक

**अष्टकोण** (वि.) अठकोना

**अष्टम** (वि.) आठम, एकसँ आठ तक संख्यामे अंतिम संख्या

**अष्टमी** (स्त्री.) मासक कृष्ण वा शुक्लपक्षक आठम तिथि

**अष्टसिद्धि** (स्त्री.) योगसिद्धिसँ भेट'बाला आठसिद्धि अथवा अलौकिक शक्ति जे अणिमा, महिमा, गरिमा, लघिमा, प्राप्ति, प्राकाम्य, ईशित्व आ वशित्व नामसँ प्रसिद्ध अछि

**अष्टाध्यायी** (स्त्री.) महर्षी पाणिनि रचित व्याकरणक सूत्रग्रंथ जाहिमे आठ अध्याय आ प्रत्येक अध्यायमे चारि-चारि पाद अछि

**असंक्रामक** (पुं.) जे संक्रामक नहि होअए, जकर लसेर नहि लागय

**असंक्रामक रोग** (पुं.) जाहि रोगक संक्रमण नहि भय सकय

**असंक्राम्य** (वि.) जे संक्रमण योग्य नहि हो

**असंख्य** (वि.) अगणित, अनंत

**असंगठित** (वि.) जे संगठित नहि होअय

**असंगत** (वि.) अनुचित, असंबद्ध

**असंगति** (स्त्री.) अनौचित्य, मेलक अभाव, अर्थालंकारक एकभेद जाहिमे कार्यकारण, देशकाल संबंधी असंगति हो

**असंतुलन** (पुं.) संतुलनक अभाव

**असंतुलित** (वि.) जे संतुलित नहि हो
**असंतुष्ट** (वि.) अप्रसन्न, अतृप्त, क्षुब्ध
**असंतोष** (पुं.) अतृप्ति, अप्रसन्नता
**असंतोषजनक** (वि.) क्षोभकारक, लोभजनक
**असंदिग्ध** (वि.) जाहिमे संदेह नहि होअए
**असंपूर्ण** (वि.) जे संपूर्ण नहि हो
**असंबद्ध** (वि.) जे ककरोसँ संबद्ध नहि हो, जे जुड़ल नहि हो, अलग
**असंभव** (वि.) नहि भ'सकय बाला, असंभव
**असंभावना** (स्त्री.) जे होएबाक योग्य नहि हो, असंभव
**असंभावित** (वि.) असंभव, जेकर संभावना नहि हो
**असंभाव्य** (वि.) नहि कहबा योग्य, वार्तालाप नहि करबाक योग्य, जे होयब संभव नहि हो
**असंयत** (वि.) अनियंत्रित, बंधनहीन, संयमरहित
**असंयम** (पुं.) संयमक अभाव
**असंयमी** (वि.) इंद्रिय, मन आदि के वशमे नहि राख'बाला
**असंवैधानिक** (वि.) जे संविधानक अनुसार नहि हो
**असंशय** (पुं.) संदेहक अभाव, निःसंदेह
**असंश्लिष्ट** (वि.) असंयुक्त, जे मिलल नहि हो, फराक
**असंसदीय** (वि.) संसदक मर्यादाक प्रतिकूल, अशिष्ट
**असंस्कृत** (वि.) संस्कारहीन, असभ्य, जेकर संस्कार नहि भेल हो
**असत्य** (पुं./वि.) मिथ्या, फूसि, झूठ
**असफल** (वि.) विफल
**असफलता** (स्त्री.) सफलताक अभाव, विफलता
**असभ्य** (वि.) असभ्य, असंस्कृत, अंशिष्ट, बर्बर
**असभ्यता** (स्त्रि.) अशिष्टता
**असमंजस** (पुं.) 1. दुविधा, असंगत, अनौचित्य, विषमता विसंगति 2. महाराज सगरक ज्येष्ठ पुत्र
**असमता** (स्त्री.) विषमता, असमता
**असमन्वय** (पुं.) समन्वयक अभाव
**असमय** (पुं.) अनुपयुक्त समय
**असमयोचित** (वि.) अनुपयुक्त, जे समयविशेष वा स्थिति-विषय कैं देखैत उचित नहि हो
**असमर्थ** (वि.) दुर्बल, दुब्बर, अशक्त, शक्ति आ योग्यता नहि रखनिहार
**असमर्थता** (स्त्री.) अयोग्यता, दुर्बलता, अशक्तता
**असमान** (वि.) 1. जे समानता नहि रखैत होअए, असदृश 2. आकाश (आसमान)
**असमानता** (स्त्री.) असदृशता, समानताक अभाव
**असमाप्त** (वि.) अपूर्ण, जे समाप्त नहि भेल हो
**असमायोजन** (पुं.) समायोजनक अभाव, असामंजस्य
**असमायोजित** (वि.) जेकर समायोजन नहि भेल हो
**असमाहित** (वि.) अस्थिर, जेकर चित्त एकाग्र नहि हो
**असमीचीन** (वि.) अनुचित, अयुक्त
**असमीप** (वि.) जे लगमे नहि रहय, दूरस्थ
**असम्मत** (वि.) विरुद्ध,मतभेद राख'बाला
**असम्मति** (स्त्री.) 1. अनिष्ठा 2. विमति, असहमति
**असम्मान** (पुं.) निरादर, अनादर
**असर** (पुं.) प्रभाव, असरि,
**असल** (वि.) तात्विक,वास्तविक
**असलियत** (स्त्री.) वास्तविकता,सत्यता
**असली** (वि.) शुद्ध, वास्तविक
**असहनीय** (वि.) असह्य, नहि सहबा जोग
**असहमत होना** (अ.क्रि.) सहमत नहि भेनाइ, विमति
**असहमति** (स्त्री.) अस्वीकृति, असहमति

**असहयोग** (पुं.) काजमे संग नहि देब,

**असहाय** (वि.) बिनु दोसरातिक, एकाकी, निसहाय

**असहिष्णु** (वि.) सहन नहि कर'बाला लोक

**असह्य** (वि.) असहनीय, नहि सहबा जोग (योग्य)

**असांप्रदायिक** (वि.) परंपराविरुद्ध, जे कोनो संप्रदायसँ संबद्ध नहि हो

**असाक्षात** (अव्य.) जे साक्षात नहि अछि, परोक्ष

**असादृश्य** (पुं.) समानताक अभाव बेमेल, अनमेल

**असाधारण** (वि.) विशेष, जे साधारण नहि हो,विशिष्ट

**असाध्य** (वि.) असाध, नहि छुटएबाला रोग

**असामयिक** (वि.) समयक प्रतिकूल

**असामर्थ्य** (पुं.) शक्तिक अभाव, दुर्बलता

**असामाजिक** (वि.) जे सामाजिक नहि हो

**असामाजिक तत्त्व** (पुं.) समाजक विपरीत, समाज विरुद्ध

**असामाजिकता** (स्त्री.) समाजक विपरीत स्थिति

**असामान्य** (वि.) 1. असाधारण, विशेष 2. मनोविज्ञानमे मनुष्यक प्रकारक' एक अध्याय

**असामान्यता** (स्त्री.) असाधारण स्थिति,

**असामी** (पुं.) ओ व्यक्ति जकरासँ लगान/ फीस आदि लाभ पाओल जाए

**असार** (वि.) सारहीन, असार

**असार्वजनिक** (वि.) जे सार्वजनिक नहि अछि

**असावधान** (वि.) सतर्कतारहित, असावधान

**असावधानी** (स्त्री.) सतर्कताक अभाव लापरवाही

**असीम** (वि.) सीमारहित, बेहद

**असीमित** (वि.) अपरिमित, जकर सीमा नहि हो

**असुंदर** (वि.) जे सुंदर नहि हो

**असुर** (पुं.) राक्षस, दैत्य, असुर

**असुरक्षा** (स्त्री.) सुरक्षाक अभाव

**असुरक्षित** (वि.) जे सुरक्षित नहि हो, असुरक्षित

**असुविधा** (स्त्री.) सुभीता नहि होएब, अड़चन, कठिनाइ,

**असैनिक** (वि.) जे सैनिक नहि अछि, जतय सेना नहि राखल जाय

**असौम्य** (वि.) अविनीत, अप्रिय, असुंदर

**असौष्ठव** (वि.) सौंदर्यहीन, कुरूप

**अस्त** (पुं.) डूबल, आँखिक परोछ भेल (सूर्य आदि) सूर्य आदिक डूबब, अदृश्य होयब, अस्त

**अस्तबल** (पुं.) घोड़सार, अस्तबल

**अस्तर** (पुं.) 1. अंगा, कोट इत्यादि सीबामे तरमे एकतह देल कपड़ा 2. काठ रङबाक आधारलेप

**अस्तव्यस्त** (वि.) 1. विशृंखल 2. व्यग्र, विचलित

**अस्ताचल** (पुं.) पश्चिम दिशाक कल्पित पर्वत जकर पाछाँ सूर्यक अस्त होयब मानल जाइत अछि

**अस्तित्व** (पुं.) सत्ता, विद्यमान होएब,अस्तित्व

**अस्तित्ववाद** (पुं.) पश्चिमक एकटा विशिष्ट दार्शनिक सिद्धांत

**अस्तित्ववादी** (पुं.) अस्तित्ववादकेँ मान'बाला

**अस्तु** (अव्य.) बेस, जे होअओ से होअओ

**अस्त्र** (पुं.) हथिआर, औजार, अस्त्र

**अस्त्र-शस्त्र** (पुं.) हथिआर आ गोलाबारुद, अस्त्र-शस्त्र

**अस्त्रागार** (पुं.) हथिआर रखवाक भंडार

**अस्त्रीकरण** (पुं.) अस्त्रीकरण, ससस्त्रीकरण

**अस्थायी** (वि.) जे सदा रहय बाला नहि अछि, जे अधिक दिन रहय बाला नहि अछि

**अस्थायी-जनसंख्या** (स्त्री.) अस्थायी जनसंख्या

**अस्थायी-व्यवस्था** (पुं.) अस्थायी व्यवस्था, तदर्थ

**अस्थायी-सूची** (स्त्री.) अस्थायी सूची, तदर्थ सूची

**अस्थि** (स्त्री.) हाड़, हड्डी

**अस्थि-पंजर** (पुं.) कंकाल, हाड़ (हड्डीक ढ़ांचा)

**अस्थिभंग** (वि.) खसला पर चोट लगलासँ हड्डी टूटब

**अस्थिर** (वि.) जे स्थिर नहि अछि, चंचल

**अस्थिरता** (वि.) अनिश्चितता, स्थिर नहि

**अस्पताल** (पुं.) चिकित्सालय, हस्पताल, हॉस्पिटल

**अस्पष्ट** (वि.) जे साफ देखा नहि पड़य, संदिग्ध, धूमिल

**अस्पृश्य** (वि.) नहि छुबाक योग्य, अछोप, अछूत

**अस्पृश्यता** (स्त्री.) स्पर्शक अयोग्यता, अस्पृश्य होयबाक स्थिति/भाव, सामाजिक कुरीति

**अस्फुट** (वि.) अस्पष्ट, अप्रकट, जे फुलाएल नहि हो

**अस्मिता** (स्त्री.) अहंता, अस्तित्व, विद्य-मानता, परिचय

**अस्वस्थ** (वि.) रोगी, रुग्ण, दूषित, बीमार

**अस्वस्थता** (स्त्री.) रोग, दोष, बीमारी

**अस्वाभाविक** (वि.) स्वभावविरुद्ध, अनै-सर्गिक, अस्वाभाविक

**अस्वाभाविकता** (स्त्री.) अस्वाभाविकता, जे स्वभाविक नहि हो

**अस्वीकार** (पुं.) स्वीकार नहि करब, खंडन, विमति

**अस्वीकार करना** (स.क्रि.) नहि मानब, नहि लेब, ग्रहण नहि करब

**अस्वीकार्य** (वि.) स्वीकार नहि करबाक योग्य

**अस्वीकृत** (वि.) ग्रहण नहि कयल, निषिद्ध

**अस्वीकृति** (स्त्री.) अस्वीकार, अमान्यता

**अस्सी** (वि.) दस गुना आठक संख्या, सत्तरि आ दस

**अहं** (पुं.) अहंकार, घमंड

**अहंकार** (पुं.) अपन सत्ताक बोध, घमंड, गर्व, अहंकार

**अहंकारी** (वि.) घमंडी, गुमानी

**अहंभाव** (पुं.) 1. अपन व्यक्तित्व कैँ पैघ (श्रेष्ठ) बुझनाइ 2. उच्चता ग्रंथि, मनोवैज्ञानिक

**अहंमन्यता** (स्त्री.) अपनाकैँ पैघ बुझवाक भाव/स्वभाव

**अहमियत** (स्त्री.) महत्व, उल्लेख

**अहरणीय** (वि.) अहरणीय, जकर हरण नहि कयल जा सकैत अछि

**अहसान** (एहसान) (पुं.) उपकार, कृतज्ञता

**अहस्तांतरणीय** (वि.) अहस्तांतरणीय, जकर हस्तांतरण नहि भय सकय, जकर हस्तांतरण नहि कयल जाय

**अहिंसक** (वि.) वध नहि कयनिहार, हिंसा नहि कयनिहार, अहिंसक

**अहिंसा** (स्त्री.) ककरो पर प्रहार नहि कर’बाला, हिंसाक अभाव, आघात नहि करब, प्रहार नहि करब

**अहित** (वि.) अपकार, अहित, नोकसान

**अहितकर** (वि.) अपकारक, जे हित नहि करय

**अहितकारी** (वि.) हित नहि कर’बाला, नोकसानदायी

**अहो** (अव्य.) विस्मय, हर्ष आदिक सूचक अव्यय शब्द

**अहोभाग्य** (पुं.) धन्यभाग, कृत कृत्य भेनाइ, अहोभाग्य

# आ

**आंगिक** (वि.) आंगिक, शरीरक अंगसँ संबंधित

**आंचलिक** (वि.) 1. कोनो अंचल वा क्षेत्र-विशेषसँ संबंधित, प्रांतीय वा क्षेत्रीय 2. देहाती, ग्रामीण

**आंतरिक** (वि.) हार्दिक, भीतरी, जकर संबंध भीतरी बातसँ हो

**आंत्र** (स्त्री.) आँस, अंत्र, अँतड़ी

**आंत्रशोथ** (पुं.) अँतड़ीमे होब'बाला, सुखनी रोग, सूजन रोग, आंत्रशोथ, अँतड़ी फूलि जेबाक रोग

**आंत्रज्वर** (पुं.) आँत्रज्वर, अँतड़ी के विकृत भेलासँ होब'बाला ज्वर

**आंदोलक** (पुं.) आंदोलन कयनिहार, कोनो बात अथवा लक्ष्यक लेल धूम (हलचल) मचाब'बाला, जे आंदोलित करय

**आंदोलन** (पुं.) एम्हर ओम्हर गेनाइ, हलचल, कोनो बातक लक्ष्य लेल व्यापक सामूहिक प्रयत्न, आंदोलन

**आंदोलनकारी/ आंदोलनकर्ता** (पुं.) आंदोलक, आंदोलन कयनिहार, आंदोलक, आंदोलन कएनिहार

**आंदोलित** (वि.) आंदोलित, अस्थिर

**आंशिक** (वि.) आंशिक, कोनो वस्तुक किछु अंश

**आँकड़ा** (पुं.) अंक, आँक, तथ्यक गणना

**आँकड़े** (पुं.) अनेक अंक, तथ्यक गणना

**आँकना** (स.क्रि.) अनुमान करब, कूतब, आँटब चेह्नन, आँकब

**आँख** (स्त्री.) आँखि, नेत्र

**आँख-मिचौली** (स्त्री.) 1. बच्चा सभक एक खेल जाहिमे एक गोटे क' आँखि जखन झाँपि देल जाइस अछि तखन आन सभ नुका रहैत अछि तकर बाद ओ सबकेँ ताकि छूबैक प्रयास करैत अछि, चोरानुक्की 2. मेघक कखनो नुकेनाइ, कखनो प्रकट भेनाइ

**आँखो देखा हाल** (पुं.) यथा समय स्वयं देखल स्थिति वा दशा, संचार माध्यमक एक विशेष प्रसारण विधा जाहिमे सोझाँक घटनाक जीवंत प्रस्तुती होइछ, जीवंत वर्णन

**आँगन** (वि.) आङन, आंगण, भितर हवेली, भवन प्रांगणमे, महिला खंड

**आँच** (स्त्री.) आँच, ताप, धधरा

**आँचल** (पुं.) आँचर, अंचल, साड़ीक अग्रभाग जे माथ पर लेल जाइछ

**आँत** (स्त्री.) आँत्र, अंत्र, अँतड़ी

**आँधी** (स्त्री.) अन्हड़, बिहाड़ि, झंझावात

**आँव** (पुं.) पेटमे अपचसँ उत्पन्न होब'बाला मल, ऑव, आत्माशय, विकार

**आँवला** (पुं.) धात्री, अओरा, आमलकी

**आँसू** (पुं.) नोर, अश्रु

**आइंदा** (वि.) आब'बाला समय, भविष्य, आइसँ आगाँ

**आइना** (पुं.) अएना, दर्पण, आरसि

**आइसक्रीम** (स्त्री.) आइसक्रीम

**आकंठ** (वि.) पूरा पूरा भरल, कंठधरि, आकंठ

**आकंपित** (वि.) आकंपित, काँपल, हिलाएल

**आकंपन** (वि.) आकंपन, कँपनाइ, हिलनाइ

**आकर्षक** (वि.) आकर्षक, मोहक, प्रभावकारी

**आकर्षण** (पुं.) अपना दिस घिचनाइ, आकर्षण, खिचब, खिंचाएब

**आकर्षित** (वि.) आकृष्ट, खिंचल, खिंचाएल, घिचायल

**आकर्षित करना** (स.क्रि.) आकर्षित केनाइ, अपना दिसि घीचब

**आकलन** (पुं.) आँकब, अनुमान (अंदाज) लगाएब, आकलन

**आकलन करना** (स.क्रि.) आकलन केनाइ, अँकनाइ

**आकस्मिक** (वि.) अकस्मात, संयोगवश भेल, अनचोक

**आकस्मिक छुट्टी** (स्त्री.) अकस्मात्, आवश्यकता आवि गेला पर लेल गेल अवकाश (छुट्टी)

**आकस्मिकता** (स्त्री.) संयोगवश उपस्थित आवश्यकता

**आकांक्षा** (स्त्री.) इच्छा, अपेक्षा, कामना, लालसा

**आकांक्षी** (वि.) इच्छुक, अभिलाषी चाह'बाला, आकांक्षी

**आकार** (पुं.) 1. आकृति, रूप 2. विस्तार, नाप

**आकार-प्रकार** (पुं.) छवि, स्वरूप

**आकारांत** (वि.) ओ शब्द जकर अंतमे आकार हो यथा लता

**आकारिकी** (स्त्री.) आकार विज्ञान

**आकाश** (पुं.) नभ, मेघ, आसमान

**आकाशगंगा** (स्त्री.) डगहर, आकाशमे उत्तरसँ दच्छिन धरि पसरल छोट छोट ताराक समूह, आकाशवाहिनी गंगा, मंदाकिनी

**आकाशदीप** (पुं.) उँचगर लग्गाक छीप पर टाङल दीप जे कातिकमे पुष्यार्थ लटकाओल जाइत अछि, आकाशदीप, हिंदीक सुप्रसिद्ध लेखक जयशंकर प्रसादक एकटा बहुश्रुत कथा

**आकाशमंडल** (पुं.) आकाशमंडल, खगोल

**आकाशवाणी** (स्त्री.) 1. आकाशसँ सुनाएल दिव्य/अलौकिक रचना 2. भारतक आकाशवाणी नामक संस्था जे समाचार आदि प्रसारित करैत अछि, इलेक्ट्रॉनिक संचार माध्यम

**आकाशीय** (वि.) आकाशीय, आकशमे स्थित वा उत्पन्न

**आकीर्ण** (वि.) छितराएल, पसारल, व्याप्त, भरल

**आकुंचन** (पुं.) 1. सटि क' मिलब, टेढ होएब, आकुंचन 2. वैशेषिक मतक अनुसार पाँचटा कर्ममेसँ एक

**आकुंठन** (पुं.) लाज, भोथर होएब

**आकुल** (वि.) 1. आतुर, व्यग्र 2. घबराएल 3. अस्त-व्यस्त 4. अबाद जगह

**आकुलता** (स्त्री.) उद्विग्नता, बेचैनी, व्यग्रता

**आकुलित** (वि.) व्याकुल, आकुल भेल

**आकृति** (स्त्री.) 1. रूप, छवि 2. ढाँचा, रूप, आकार 3. संरचना, गठन

**आकृति विज्ञान** (पुं.) आकृति विज्ञान, आकृति विषयक ज्ञानक विज्ञान

**आकृष्ट** (वि.) खींचल, घिचायल, आकृष्ट

**आक्रंदन** (पुं.) आक्रंदन, हाहाकारक संग विलाप हाकरोस

**आक्रमण** (पुं.) हमला, चढाइ

**आक्रमणकारी** (वि.) चढाइ कर'बाला, शत्रु

**आक्रांत** (वि.) जकरा पर आक्रमण कयल गेल हो, आक्रांत

**आक्रामक** (वि.) आक्रमण कर'बाला, आगाँ बढि चढाइ कएनिहार, आक्रमण जँकां

**आक्रामी** (वि.) जकरा पर चढाइ कयल जाए, आक्रामी

**आक्रोश** (पुं.) हाक, व्यथाजन्य चीत्कार, आक्रोश

**आक्षरिक** (वि.) अक्षरसंबंधी

**आक्षेप** (पुं.) दोषारोपण, निंदा, आक्षेप

**आक्षेपकर्ता** (पुं.) दोषारोपण कर'बाला

**आक्सीजन** (पुं.) आक्सीजन, जीवनरक्षक श्वांस वायुक तत्व

**आक्सीजीवी** (वि.) आक्सीजीवी

**आखिर** (पुं.) आखिर, अंत, शेष

**आखिरकार** (क्रि.वि.) अंततः

**आखिरी** (वि.) अंतिम

**आखेट** (पुं.) सिकार, मृगया

**आखेटक** (पुं.) सिकारी, शिकार कयनिहार

**आख्या** (स्त्री.) नाम, विवरण, आख्या, व्याख्या, जस (यश)

**आख्यात** (वि.) कहलगेल, जनाओल, प्रसिद्ध

**आख्यान** (पुं.) खिस्सा, वृत्तांत, खिस्सा-पिहानी, कथा

**आख्यानक** (पुं.) आख्यान, छोट खीसा, पौराणिक कथा, कथानक

**आख्यायन** (पुं.) वृत्तांत कहनाइ, वर्णन

**आख्यायिका** (स्त्री.) कथा-काव्य, आख्यायिका
**आगंतुक** (पुं.) आएल नव व्यक्ति, अभ्यागत
**आगंतुक-कक्ष** (पुं.) अभ्यागत कक्ष, आगंतुक कक्ष, ड्राइंग रूम
**आग** (पुं.) आगि, अग्नि
**आगजनी** (स्त्री.) अगिलग्गी
**आगत** (वि.) 1. आएल व्यक्ति, आगत, अभ्यागत 2. संप्राप्त
**आगबबूला होना** (अ.क्रि.) अतिक्रुद्ध होएब, क्रोधसँ लाल होएब, क्रोध आमिल पीने
**आगम** (पुं.) आगम
**आगमन** (पुं.) आगमन, आएब, पहुँचब
**आगम-पत्र** (पुं.) आगम-पत्र
**आगा-पीछा** (पुं.) आगाँ-पाछाँ, ततमताएब, तारतम्य
**आगामी** (वि.) आगामी, अगिला, भावी आगाँ भेनिहार
**आगार** (पुं.) घर, भवन, भंडार
**आगाह करना** (स. क्रि.) चेतौनाइ, बुझौनाइ
**आगे** (क्रि. वि.) आगाँ, आगु, सम्मुख
**आग्नेयास्त्र** (पुं.) आग्नेयास्त्र
**आग्रह** (पुं.) आग्रह, हठ, जिद, प्रबल अनुरोध
**आग्रहपूर्वक** (वि.) आग्रहपूर्वक, अनुरोध सहित
**आघात** (पुं.) चोट, धक्का, क्षत
**आचमन** (पुं.) 1. अँचाएब, मुँह-हाथ धोअब, 2. पूजा पाठ कालक एकटा कर्म विशेष मुखशुद्धि
**आचरण** (पुं.) चालि-चलन, चरित्र, आचरण
**आचरण नियमावली** (स्त्री.) आचरण-नियमावली
**आचरण-संहिता** (स्त्री.) आचरण संहिता
**आचार** (पुं.) चालि-ढालि, आचार
**आचारभ्रष्ट** (वि.) आचार भ्रष्ट, भ्रष्ट आचरण
**आचारवान** (वि.) आचारवान, नीक आचरण कर'बाला, सदाचारी
**आचार-विचार** (पुं.) आचार-विचार, चालि-ढालि
**आचारशास्त्र** (पुं.) आचारशास्त्र
**आचार-संहिता** (स्त्री.) आचार-संहिता, विहित आचरण, नैतिक नियमावली
**आचार्य** (पुं.) गुरु, अध्यापक, आचार्य, धार्मिक-ग्रंथक व्याख्याकार
**आच्छन्न** (वि.) आच्छन्न, आवृत्त, व्याप्त
**आच्छादन** (पुं.) छारन, आवरण, खोल, झाँप
**आच्छादित** (वि.) आच्छादित, झाँपल, आवृत
**आज** (क्रि. वि.) आजु, आइ, वर्तमान दिनमे
**आजकल** (क्रि.वि.) आइ-काल्हि, वर्तमानमे, संप्रति
**आजन्म** (क्रि. वि.) जन्मसँ आइधरि, आजन्म, भरिजीवन
**आजमाइश** (स्त्री.) परीक्षण, जाँच
**आजमाना** (स.क्रि.) परखब, परीक्षण केनाइ, जाँचब
**आजाद** (वि.) स्वतंत्र
**आजादी** (स्त्री.) स्वतंत्रता
**आजानुबाहु** (क्रि.वि.) आजानुबाहु, जे ठेङ्हुन धरि भुजावाला हो
**आजीवन** (वि.) जिनगी भरि, आजीवन
**आजीविका** (स्त्री.) आजीविका, जीविका, जीवन निर्वाहक साधन, नौकरी
**आज्ञप्ति** (स्त्री.) आदेश, निर्णय
**आज्ञा** (स्त्री.) आदेश, आज्ञा
**आज्ञाकारिता** (स्त्री.) आज्ञा मानब, आज्ञाकारी होएब
**आज्ञाकारी** (वि.) आदेश माननिहार, आज्ञा-पालन कर'बाला, आज्ञाकारी
**आज्ञानुसार** (क्रि.वि) आदेशक अनुसार, अनुमतिक अनुसार
**आज्ञा-पत्र** (पुं.) आदेश-पत्र, लिखित आदेश
**आज्ञा-पालक** (वि.) आज्ञाकारी
**आज्ञा-पालन** (पुं.) आदेशक अनुपालन
**आज्ञा-पालन करना** (स.क्रि.) आदेशक अनु-पालन करब

**आज्ञा भंग** (पुं.) आदेशक उल्लंघन, नहि मानब

**आज्ञा-सूचक** (वि.) आदेशक सूचना देनिहार

**आटा** (पुं.) चिकस, गहूम वा अन्नक चूर्ण, आँटा, पीसल अन्न

**आटा चक्की** (स्त्री.) अन्नक चूर्ण (आँटा) बनेबाक चक्की, आधुनिक जाँत

**आठ** (वि.) आठक संख्या

**आडंबर** (पुं.) आड्वाल, आडंबर, ठाठ

**आडंबरी** (वि.) आडंबर कर'बाला, आडंबरी, फोकसबाज

**आड़** (स्त्री.) अवरोध, परदा, अढ

**आड़ा** (वि.) 1. ऋजु 2. ऊँच आरि, आड़ा

**आड़ू** (पुं.) सतालु

**आढत** (स्त्री.) आढति, व्यापारी फर्मक एजेंसी

**आढतिया** (पुं.) आढतिया, व्यापारी फर्मक दलाल

**आणविक** (वि.) अणुसंबंधी

**आणविक अस्त्र** (पुं.) अणु संबंधी अस्त्र, अण्वस्त्र

**आणविक युद्ध** (पुं.) अण्वस्त्रसँ युद्ध, आणविक आक्रमण/युद्ध

**आतंक** (पुं.) आशंकित संकटक भय, आतंक

**आतंकवाद** (पुं.) आतंकवाद, एक विशेष कोटिक सामाजिक अशांति

**आतंकवादी** (वि.) आतंकवादी, आतंकवादमे सक्रिय

**आतंकी** (वि.) आतंकी, आतंक

**आतंकित** (वि.) आतंकित, आदंक

**आततायी** (वि.) बध आदि पापकर्म कएनिहार व्यक्ति, आततायी

**आतप** (पुं.) रौद, सूर्यक ताप

**आतिथेय** (पुं.) आतिथेय

**आतिथ्य** (पुं.) अतिथि सत्कार

**आतिश** (पुं.) आगि

**आतिशदान** (पुं.) आगिक जगह, बोरसि

**आतिशबाज** (पुं.) अग्नि-क्रीड़ा कएनिहार

**आतिशबाजी** (स्त्री.) अग्निक्रीड़ा, बारूदभरल खेलोना यथा छुरछुरी, अनार, इत्यादि छोड़बाक खेल

**आतुर** (वि.) व्याकुल, उत्सुक, व्यग्र, आतुर

**आतुरता** (स्त्री.) व्याकुलता, उत्सुकता, व्यग्रता

**आत्मकथा** (स्त्री.) अपन लिखल अपन जीवनचरित, आत्मकथा

**आत्मकेंद्रित** (वि.) अपना पर केंद्रित, आत्मकेंद्रित, स्वकेंद्रित

**आत्मगत** (वि.) व्यक्तिपरक, आत्मपरक

**आत्मगौरव** (पुं.) आत्मगौरव, अपना पर गर्व राखब

**आत्मग्लानि** (स्त्री.) आत्मग्लानि, अपगरानि

**आत्मघात** (पुं.) अपनहि हाथेँ अपन वध

**आत्मघाती** (वि.) अपन हाथेँ अपनवध कर'बाला, आत्महन्ता

**आत्मचरित** (पुं.) आत्मकथा

**आत्मचिंतन** (पुं.) आत्मचिंतन, स्वचिंतन-मनन

**आत्मज** (पुं.) पुत्र, बेटा, आत्मज

**आत्मजा** (स्त्री.) पुत्री, बेटी

**आत्मज्ञान** (पुं.) आत्मज्ञान

**आत्मज्ञानी** (वि.) आत्मज्ञानी

**आत्मतुष्ट** (वि.) आत्मतुष्ट, अपना-आपमे संतुष्ट

**आत्मतुष्टि** (स्त्री.) आत्मतुष्टि, आत्मसंतोष

**आत्मत्याग** (पुं.) आत्मत्याग

**आत्मत्यागी** (वि.) आत्मत्यागी

**आत्मदाह** (पुं.) आत्मदाह

**आत्मनिंदा** (स्त्री.) आत्मनिंदा

**आत्मनिग्रह** (पुं.) आत्मनिग्रह

**आत्मनिग्रही** (वि.) आत्मनिग्रही

**आत्मनिरीक्षण** (पुं.) आत्मनिरीक्षण

**आत्मनिर्णय** (पुं.) आत्मनिर्णय

**आत्मनिर्भर** (पुं.) आत्मनिर्भर, अपने पर निर्भर, स्वाधीन

**आत्मनिर्भरता** (स्त्री.) आत्मनिर्भरता, स्वावलंबन
**आत्मनिवेदन** (पुं.) आत्मनिवेदन
**आत्मनिष्ठ** (वि.) आत्मनिष्ठ, स्वयंमे रहब
**आत्मनिष्ठा** (स्त्री.) आत्मनिष्ठा
**आत्मपरीक्षण** (पुं.) आत्मपरीक्षण, आपन-परीक्षा
**आत्मप्रदर्शन** (पुं.) आत्मप्रदर्शन
**आत्मप्रशंसा** (स्त्री.) आत्मप्रशंसा, आत्मश्लाघी
**आत्मबल** (पुं.) आत्मबल
**आत्मबलिदान** (पुं.) आत्मबलिदान
**आत्ममंथन** (पुं.) आत्ममंथन, आत्मचिंतन
**आत्मरक्षा** (स्त्री.) आत्मरक्षा, अपन रक्षा
**आत्मविश्लेषण** (पुं.) आत्मविश्लेषण, स्वयं के विश्लेषण
**आत्मविश्वास** (पुं.) आत्मविश्वास, स्वयं पर भरोस रखनहार
**आत्मविश्वासी** (वि.) आत्मविश्वासी
**आत्मविस्मृति** (स्त्री.) आत्मविस्मृति
**आत्मशक्ति** (स्त्री.) आत्मशक्ति
**आत्मशुद्धि** (स्त्री.) आत्मशुद्धि
**आत्मश्लाघा** (स्त्री.) आत्मश्लाघा, आत्मप्रशंसा
**आत्मसंघर्ष** (पुं.) आत्मसंघर्ष
**आत्मसंतोष** (पुं.) आत्मसंतोष
**आत्मसंयम** (पुं.) आत्मसंयम, अपनहि संयममे रहब
**आत्मसंयमी** (वि.) आत्मसंयमी, आत्मनियंत्रक
**आत्मसमर्पण** (पुं.) आत्मसमर्पण
**आत्मसमर्पण करना** (स.क्रि.) आत्मसमर्पण करब
**आत्मसम्मान** (पुं.) आत्मसम्मान
**आत्मसात्** (वि.) आत्मसात्, स्वाधिकृत
**आत्मसात् करना** (स. क्रि.) आत्मसात् करब, स्वाधिकृत करब
**आत्मस्वीकृति** (स्त्री.) आत्मस्वीकृति, आत्म-सहमति
**आत्महत्या** (स्त्री.) आत्महत्या, आत्मघात
**आत्महत्या करना** (अ.क्रि.) आत्मघात करब, आत्महत्या करब
**आत्महित** (पुं.) आत्महित, अपन कल्याण
**आत्मा** (स्त्री.) आत्मा, प्राणीक चेतनतत्व, स्व
**आत्मानुभव** (पुं.) आत्मानुभव, अपन अनुभूति
**आत्मानुशासन** (पुं.) आत्मानुशासन
**आत्माभिमान** (पुं.) आत्माभिमान, आत्म-सम्मान
**आत्माभिमानी** (वि.) आत्माभिमानी
**आत्माभिव्यंजना** (स्त्री.) आत्माभिव्यंजना
**आत्माभिव्यक्ति** (स्त्री.) आत्मभिव्यक्ति
**आत्मावलंबन** (पुं.) आत्मावलंबन, अपन आश्रय
**आत्मावलंबी** (वि.) आत्मावलंबी, आत्माश्रयी
**आत्मिक** (वि.) आत्मिक, आध्यात्मिक
**आत्मीकरण** (पुं.) 1. आत्मीकरण आत्मामे उतारब 2. श्राद्धादि कर्ममे सपिंडीकरण
**आत्मीय** (वि.) आत्मीय, अपन, स्वीय, निकट संबंधबाला
**आत्मीयता** (स्त्री.) आत्मीयता, अपनापन, निकटता, अपनत्व
**आत्मोत्कर्ष** (पुं.) आत्मोत्कर्ष, अपन उन्नयन
**आत्मोत्सर्ग** (पुं.) आत्मोत्सर्ग, आत्मत्याग
**आत्मोद्धार** (पुं.) आत्मोद्धार, आत्ममुक्ति
**आत्मोन्नति** (स्त्री.) आत्मोन्नति, आत्माक उन्नति
**आत्मोपजीवी** (वि.) आत्मोपजीवी
**आत्यंतिक** (वि.) आत्यंतिक, परम, अति पर
**आदत** (स्त्री.) आदति, अभ्यास, लति, स्वभाव
**आदतन** (क्रि.वि.) अभ्यासवश, स्वाभाविक, आदतिक अनुसार
**आदम** (पुं.) आदम, प्राचीन
**आदमकद** (वि.) मनुष्क आकृति, पूरा आकार
**आदमखोर** (वि.) मनुष्यकँ खायबाला, नरभक्षी
**आदमजाद** (वि.) मनुष्यसँ उत्पन्न
**आदमियत** (पुं.) मनुष्यता, मनुखता, मनुष्यत्व

**आदमी** (पुं.) व्यक्ति, लोक
**आदर** (पुं.) आदर, सम्मान
**आदरणीय** (वि.) आदरणीय, सत्कार्य, सम्मानीय
**आदरभाव** (पुं.) आदरभाव, सम्मानक भाव
**आदर-सत्कार** (पुं.) आदर-सत्कार, सम्मान
**आदरसूचक** (वि.) आदरसूचक
**आदर्श** (पुं.) 1. आदर्श, अनुकरणीय सिद्धांत 2. आरसि
**आदर्शवाक्य** (पुं.) आदर्शवाक्य, पुराणोक्त बहुमूल्य कथन
**आदर्शवाद** (पुं.) आदर्शवाद
**आदर्शवादिता** (स्त्री.) आदर्शवादिता
**आदर्शवादी** (वि.) आदर्शवादी
**आदर्शीकरण** (पुं.) आदर्शीकरण
**आदान-प्रदान** (पुं.) आदान-प्रदान, लेनाइ-देनाइ, विनिमय, लेन-देन
**आदाब** (पुं.) अभिवादन, शिष्टाचार बोधक
**आदि** (पुं.) आरंभ, शुरु
**आदिकाल** (पुं.) आदिकाल, प्रारंभिक
**आदिप्ररूप** (पुं.) आदिप्ररूप
**आदिम** (वि.) 1. आरंभिक, प्रथम 2. प्राथमिक, आदिकाल
**आदिमजाति** (स्त्री.) आदिम जाति, प्रारंभिक जाति
**आदिमानव** (पुं.) आदिमानव
**आदिवासी** (पुं.) आदिवासी, भारतीय जनजाति
**आदिष्ट** (वि.) जकरा आदेश देल गेल हो, जकरा काज अढाओल गेल हो
**आदी** (वि.) आदी, अदरक, आद, आदतिवाला
**आदृत** (वि.) सत्कृत, सम्मानित
**आदेश** (पुं.) 1. आज्ञा, हुकुम, आदेश 2. प्रतिस्थापन
**आदेशात्मक** (वि.) आदेशात्मक, विधानात्मक
**आद्यंत** (अव्य.) प्रारंभसँ अंतधरि, पूर्णत
**आद्य** (वि.) पहिल, आरंभिक
**आद्यक्षर** (पुं.) पहिल अक्षर, आरंभिक अक्षर
**आद्योपांत** (क्रि. वि.) आदिसँ अंतधरि
**आधा** (वि.) दू बराबरि भागमे एकभाग अर्ध/अर्धक
**आधात्री** (स्त्री.) आधात्री, भरि पृथ्वी, पृथ्वी पर्यंत
**आधार** (पुं.) 1. आश्रय 2. अवलंब, आधार
**आधारकर्मी** (पुं.) आधारकर्मी, मूल कार्यकर्ता
**आधारभूत** (वि.) आधारभूत, मौलिक, मूलभूत
**आधाररेखा** (स्त्री.) आधाररेखा
**आधारवर्ष** (पुं.) आधारवर्ष
**आधारव्याख्यान** (पुं.) प्रारंभिक व्याख्यान, बीज व्याख्यान
**आधार शिला** (स्त्री.) आधारशिला
**आधार सामग्री** (स्त्री.) आधारसामग्री
**आधारित संरचना** (स्त्री.) आधारित संरचना
**आधारहीन** (वि.) आधारहीन, आधारक बिना, निराधार
**आधारित** (वि.) आधारित, आश्रित, निर्भर
**आधिकारिक** (वि.) आधिकारिक
**आधिक्य** (पुं.) अधिकता, प्राचुर्य, बेशी हएब
**आधिपत्य** (पुं.) प्रभुता, स्वामित्व, आधिपत्य
**आधिभौतिक** (वि.) प्रकृतिजन्य, प्राणिजन्य, आधिभौतिक
**आधुनिक** (वि.) वर्तमानसँ संबंधित, आधुनिक
**आधुनिकता** (स्त्री.) नवीनता, आधुनिकता, विद्यमान, वर्तमान समय
**आधुनिकतावाद** (पुं.) आधुनिकतासँ संबंधित विचार/सिद्धांत, आधुनिकतावाद
**आधुनिकीकरण** (पुं.) आधुनिकीकरण
**आध्यात्मिक** (वि.) आध्यात्मसंबंधी
**आध्यात्मिकता** (स्त्री.) आध्यात्मिकता
**आनंद** (पुं.) सुख, प्रसन्नता, आनंद, खुशी
**आनंददायक** (वि.) सुख देब'बाला, हर्षदायक, हर्षितकारक
**आनंदमय** (वि.) आनंदसँ पूर्ण, प्रसन्नता भरल
**आनंदातिरेक** (पुं.) असीम आनंद, बहुत आनंद

**आनंदित** (वि.) प्रसन्नतासँ पूर्ण, प्रसन्न
**आनंदोत्सव** (पुं.) आनंदक उत्सव, प्रसन्नताक अवसर
**आन** (स्त्री.) गौरव, स्वाभिमान, आनि
**आनन** (पुं.) मुँह, मुखाकृति
**आनन-फानन** (क्रि.वि.) तुरत, बिलंबक बिना
**ऋचा** (स्त्री.) ऋग्वेदक मंत्र, वैदिक सूक्तक एक एक श्लोक/कड़ी
**ऋजु** (वि.) सोझ, सरल
**ऋजुता** (स्त्री.) सरलता, सोझपन, शुद्ध
**ऋजुरेखा** (स्त्री.) सोझ रेखा
**ऋजुरेखीय** (वि.) सोझ रेखासँ बनल घेराएल
**ऋण** (पुं.) उधार, करज, पैंच
**ऋणग्रस्त** (वि.) करजासँ घेराएल
**ऋणग्रस्तता** (स्त्री.) करजासँ ग्रस्त होएबाक स्थिति
**ऋणदाता** (वि.) करजा देनिहार
**ऋणपत्र** (पुं.) ऋणपत्र, बांड
**ऋणमुक्त** (वि.) करजासँ मुक्त (रहित)
**ऋणमुक्तता** (स्त्री.) करजासँ मुक्त होएबाक स्थित
**ऋणशोध** (वि.) करजा चुकाएब
**ऋणात्मक** (वि.) निषेधात्मक, नकारात्मक
**ऋणी** (वि./पुं.) 1. कर्जदार,खट्का 2. आभारी, अनुगृहीत
**ऋतु** (स्त्री.) 1. ताप-वर्षाक अनुसार वर्षक विभाजन 2. ताप–वर्षाक स्थिति, समय, मौसम
**ऋतुकाल** (पुं.) महिला सभक मासिक धर्मक समय
**ऋतुमती** (स्त्री.) रजस्वला (महिला)
**ऋतुराज** (पुं.) ऋतुसभक राजा, वसंत ऋतु
**ऋतुवर्णन** (पुं.) ऋतुवर्णन, ऋतुक वर्णन
**ऋतुविज्ञान** (पुं.) वायुमंडलमे होव' वाला परिवर्तनक आधार पर मौसमक भविष्यवाणी कर' वाला विज्ञान
**ऋतुस्राव** (पुं.) ऋतुमती महिलाक प्रतिमास स्रवित होव' वाला रज
**ऋद्धि** (स्त्री.) उन्नति, संपन्नता, अभिवृद्धि
**ऋद्धि–सिद्धि** (स्त्री.) समृद्धि, ऋद्धि सिद्धि
**ऋषभ** (पुं./वि.) 1. वृषभ 2. संगीतक द्वितीय स्वर
**ऋषि** (पुं.) पुराणवर्णित संत ओ विद्वान लोकनिक एक वर्ग, ऋषि-मुनि

# ए

**एक** (वि ) 1. प्रथम संख्या, अनिर्धारित केओ/ कोनो 2. अद्वितीय एकाकी

**एक-आधा** (वि.) एक वा आधा

**एक ओर** (क्रि.वि.) एक दिस

**एक-एक** (वि.) प्रत्येक

**एकक** (पुं.) एकांश, एकाइ

**एककालिक** (वि.) एके बेर घटित होव' वाला

**एकचित्त** (वि.) 1. एकाग्रचित्त वाला, एकाग्र 2. समान मत वाला लोक

**एकछत्र** (वि.) (जाहि राज्यमे) ककरो आनक अधिकार नहि हो सार्वभौम

**एकज** (वि.) एकसँ उत्पन्न होव'वाला

**एकजातीय** (वि.) एके प्रकारक, जे एके जातिक होअय, समान जातिक

**एकजुट** (वि.) एकजुट

**एकटक** (क्रि. वि.) अपलक दृष्टिएँ

**एकड़** (पुं.) ब्रिटिश प्रणालीमे 4840 वर्ग गजक क्षेत्रफलीय नाप, क्षेत्रफलक एक अङरेजी मान

**एकतंत्र** (पुं.) एके व्यक्ति द्‍वारा प्रबंधन व्यवस्था

**एकतंत्रीय** (वि.) राज्यक तेहेन शासन व्यवस्था जे व्यक्तिक अधीन हो

**एकतरफा** (वि.) एक पक्षक कथन सुनि कएल गेल निर्णय

**एकतल्ला** (वि.) एक धरातल बाला (कोठा), एक महला

**एकता** (स्त्री.) मेल, एकता, अपनैती

**एकतारा** (पुं.) ओड़नी, गुना, एक तारक वाद्‍य

**एकत्र** (क्रि. वि.) एकत्र, एक ठाम, जमा

**एकत्रित** (वि.) एकत्रित, एक ठामजमा कएल

**एकत्रीकरण** (पुं.) एक ठाम राखब

**एकत्व** (पुं.) एकता, एकत्व

**एकदंत** (पुं.) एकमात्र दाँतबाला, गणेश

**एकदम** (अव्य.) नितांत, बिल्कुल

**एकदा** (वि.) एक बेर, एक दिन

**एकदेशीय** (वि.) एक भागमे भेनिहार

**एकनाम** (वि.) एक नाम बाला

**एकनिष्ठ** (वि.) कोनो एकपर निष्ठा राख'-बाला

**एकनिष्ठता** (वि.) कोनो एकपर निष्ठा रखवाक भाव वा स्थिति

**एकपक्ष** (पुं.) एक पक्ष, एक दिस

**एकपक्षीय** (वि.) कोनो एक पक्षसँ संबंघ राख'बाला

**एकपत्नीव्रत** (पुं.) अपन पत्नीक अतिरिक्त आन कोनो स्त्रीसँ विवाह वा प्रेम आदि नहि करबाक प्रतिज्ञा

**एकप्राण** (वि.) जे व्यक्ति परस्पर विचार आ भावनामे पूर्णरूपसँ समान हो, अत्यंत घनिष्ठ

**एक बार** (क्रि.वि.) एकबेर

**एकबारगी** (अव्य.) एके बेरमे

**एकभाषी/एकभाषिक** (वि.) एके (समान) भाषा बाज'बाला

**एकभुक्त** (वि.) दिनमे एके बेर भोजन कर'बाला

**एकमंजिला** (वि.) एक मंजिल बाला मकान (भवन), एक महला घर

**एकमत** (वि./पुं.) समान विचार बाला, परस्पर सहमत

**एकमात्र** (वि.) केवल एक

**एकमुखी** (वि.) एकमुख बाला, एकमुखी (रुद्राक्ष)

**एकमुश्त** (वि.) सब मिलाक'एक बेर, एक मुस्त

**एकरंग** (वि.) पक्षपातरहित

**एकरस** (वि.) एकरूप, आदिसँ अंतधरि एक समान

**एकरसता** (स्त्री.) विविधताक अभाव, एक रस हेबाक स्थिति

**एकरूप** (वि.) समानरूप बाला, एक–सन

**एकरूपता** (स्त्री.) मेल, एक समान

**एकल** (वि.) एकाकी, दोसर आ तेसर आदिसँ रहित

**एकल कर प्रणाली** (स्त्री.) एकल कर प्रणाली
**एकलिंगी** (वि.) एकलिंग बाला वनस्पति
**एकवचन** (वि.) व्याकरणमे एक व्यक्तिक बोध कराब'बाला रूप
**एकसर** (वि.) एकाकी, सहवासी विहीन
**एकसार** (वि.) एक समान
**एकसूत्रता** (स्त्री.) एक सूत्र होएबाक गुण/स्थिति
**एकस्वरता** (स्त्री.) एकस्वरमे विचार व्यक्त करबाक स्थिति/भाव
**एकांकी** (पुं.) एकांकी, एक अंक बाला नाटक
**एकांगी** (पुं.) एक अंगसँ संबंध राख'बाला, एक पक्षीय
**एकांत** (पुं./वि.) निर्जन अथवा सुन्न जगह
**एकांतवास** (पुं.) निर्जन स्थानमे रहब
**एकांतवासी** (वि.) निर्जन स्थानमे रह'बाला
**एकांतरण** (पुं.) एकक बाद आब'बाला
**एकांतिक** (वि.) एकांतिक
**एकांश** (पुं.) एकांश, एक भाग, एकाइ, खंड
**एका** (पुं.) एकता, मेल
**एकाएक** (क्रि.वि.) सहसा, अकस्मात
**एकाकार** (वि.) मिलिके एक भेल
**एकाकी** (वि.) एकसर
**एकाकीपन** (पुं.) एकसरपन
**एकाक्षर** (वि.) एक अक्षर बाला
**एकाक्षरी** (स्त्री.) जाहिमे प्रत्येक अक्षर अलग-अलग हो
**एकाग्र** (वि.) 1. एकाग्र, तन्मय, तल्लीन 2. ध्यानलीन
**एकाग्रचित्त** (वि.) तन्मयतापूर्ण
**एकाग्रता** (स्त्री.) तल्लीनता
**एकात्म** (वि.) तादात्म्यपूर्ण, जे ककरो संग मिलि एक भ'गेल हो
**एकात्मता** (स्त्री.) एकता, अभेद
**एकादश** (वि.) एगारहम
**एकादशी** (स्त्री.) एगारहम तिथि
**एकाध** (वि.) एक वा आधा, अत्यल्प
**एकाधिक** (वि.) एकसँ अधिक
**एकाधिकार** (पुं.) एकक पूरा अधिकार, एकाधिपत्य
**एकाधिपत्य** (पुं.) एकाधिकार, स्वामित्व
**एकार्थक** (पुं.) समानार्थक, जेकर समान अर्थ हो
**एकीकरण** (पुं.) दू वा दूसँ अधिक वस्तुकेँ मिलाक'एक क' देब, अनेक के समेटि एक बनाएब
**एकीकृत** (वि.) मिश्रित कोनो दोसर, एक कयल
**एकीभूत** (वि.) संग मिलाक' एक कएल गेल, जे ककरोसँ मिलि एक कयल गेल, मिश्रित
**एकेडेमी** (स्त्री.) अकादमी
**एकेश्वरवाद** (पुं.) एक ईश्वर मात्रकेँ संसारक सर्जन आ नियमन कर' वाला सर्वोच्च शक्ति
**एड्स** (पुं.) एक भीषण प्राणघातक रोग
**एड़** (पुं.) एड़ीसँ प्रहार
**एड़ लगाना** (स्त्री.) त्यागब, छोड़ब
**एड़ी** (स्त्री.) एड़ी, पाएरक ओ पेनी जाहि पर देहक भार पड़ैछ
**एतद्** (सर्व) 1. एतेक 2. एतए
**एतबार** (पुं.) विश्वास, प्रतीति, भरोस
**एतराज** (पुं.) 1. आपत्ति 2. हस्तक्षेप
**एलबम** (पुं.) एलबम, चित्रावली
**एलची** (पुं.) पत्रवाहक, दूत, राजदूत
**एलान** (पुं.) सार्वजनिक घोषणा
**एवं** (अव्य.) एना, एहि प्रकारक
**एवज** (पुं.) 1. प्रतिफल, बदला, 2. परिवर्तन
**एवजी** (वि.) स्थानापन्न, ककरो जगह पर काज कर' बाला
**एषणा** (स्त्री.) कामना, इच्छा
**एहतियात** (स्त्री.) सावधानी, चाँइक राखब
**एहतियाती** (वि.) सावधानीक रूपमे
**एहसान** (पुं.) उपकार,भलाइ

**एहसान–फरामोश** (वि.) कृतघ्न

**एहसानमंद** (पुं.) कृतज्ञ

**एहसास** (पुं.) अनुभूति

# ऐ

**ऐंठ** (स्त्री.) 1.टेढ करैत ममोड़ब 2. अगराएब, गौरवसँ वक्रताक प्रदर्शन

**ऐंठन** (स्त्री.) 1. ममोड़ 2. वक्रता

**ऐंठना** (स. क्रि.) टेढ क' के मोड़ब, ठकब

**ऐंद्रजालिक** (वि./पुं.) इंद्रजाल (जादू) कर' बाला

**ऐंद्रिय** (वि.) इंद्रियसँ संबंधित

**ऐकमत्य** (पुं.) एकमत होएब, विचारमे मेल, सहमत

**ऐकांतिक** (वि.) एकांतमे होब'बाला

**ऐक्य** (पुं.) एक होएबाक अवस्था, एकता

**ऐच्छिक** (वि.) इच्छा पर आश्रित, वैकल्पिक

**ऐतिहासिक** (वि.) 1. इतिहास–संबंधी, इतिहास पर आधारित 2. विशेष महत्वपूर्ण घटना जे इतिहासमे उल्लेखनीय होएत

**ऐतिहासिकता** (स्त्री.) ऐतिहासिक होएबाक स्थिति

**ऐन** (वि.) 1. जाएब 2. मार्ग 3. स्थान 4. कस्तूरी मृग 5. नयन 6. उपयुक्त 7. वास्तविक

**ऐनक** (स्त्री.) चश्मा

**ऐब** (पुं.) पशुक अंगदोष, दोष

**ऐबी** (वि.) दोषयुक्त जाहि पशुमे दोष होइ, दोषी

**ऐयाश** (वि.) रईस, विलासी

**ऐयाशी** (स्त्री.) भोग-विलास

**ऐरा-गैरा** (वि.) सामान्य व्यक्ति, जे आत्मीय वा परिचित नहि हो, नगण्य, अनठीया

**ऐश** (पुं.) 1. विषय सुख, काम सुख 2. व्यभिचार 3. आराम, सुख

**ऐशोआराम** (पुं.) विलास, सभतरहक सुख चैन

**ऐश्वर्य** (पुं.) 1. प्रभुत्व 2. समृद्धि, वैभव

**ऐश्वर्यशाली** (वि.) समृद्ध, समर्थ

**ऐसा** (वि.) एहेन, एहन

**ऐसे** (क्रि.वि.) एना, एहितरहें

**ऐहिक** (वि.) एहिजन्मक, सांसारिक, लौकिक

# ओ

**ओंठ** (ओठ) (पुं.) ठोर

**ओक** (पुं.) वमन, औक, बोकरब

**ओकारांत** (वि.) जाहि शब्दक अंतमे ओकार हो

**ओखली** (स्त्री.) उक्खरि, उखर

**ओछा** (वि.) ओछ, अनुदार, कृपण, अधम

**ओछापन** (पुं.) 1. छोट, तुच्छता 2. अपर्याप्त आकारक ओछ होएबाक स्थिति

**ओज** (पुं.) कांति, दीप्ति, 2. कंजूसी, खर्चमे कोताही तेज

**ओजपूर्ण** (वि.) तेजपूर्ण

**ओजस्विता** (स्त्री.) पौरुष्यता, ओजस्वी होएबाक गुण

**ओजस्वी** (वि.) पौरुषवान

**ओझल** (वि.) अदृश्य, छिपल, नुकाएल

**ओझा** (पुं.) 1. एक उपनाम, 2. झाड़-फूँक, यंत्र-मंत्र जननिहार 3. खाट घोरबामे बान्हल गेल अस्थायी डोरी, गुनी

**ओट** (स्त्री.) अवरोध, परदा

**ओटना** (अ. क्रि.) 1. वाङसँ बड़ौर हटाएब 2. नुकाएव, छिपब

**ओढना** (स. क्रि.) देहक उपर वस्त्र पसारब, ओढब, ओढबाक वस्तु

**ओढनी** (स्त्री.) ओढनी, महिलाक ओढबाक वस्त्र

**ओढाना** (स. क्रि.) ओढाओब

**ओत-प्रोत** (वि.) व्याप्त, भरल

**ओम** (अव्य.) मंत्रक पूर्व लगाब'बाला शब्द, प्रणवशब्द

**ओर** (स्त्री.) दिस, तरफ

**ओर-छोर** (पुं.) प्रारंभ आ अंत

**ओला** (पुं.) 1. वर्षाक संगमे खस' बाला बर्फ (पाथर) 2. साफ कएल चीनी वा गुड़क गोला

**ओलावृष्टि** (अ. क्रि.) वर्षामे पाथर खसब

**ओष्ठ** (पुं.) ठोर, विशेषतः उपरका

**ओष्ठ्य** (पुं.) ठोरक स्पर्शसँ बाज' बाला वर्ण, ठोर संबंधी

**ओस** (स्त्री.) हिम, आकाशसँ खसल सूक्ष्म जलकण

**ओसर** (स्त्री.) 1. जाड़क भोरुका समय 2. बिनु बिआएल गाए/बाछी

**ओहदा** (पुं.) पद, पदनाम

**ओहदेदार** (पुं.) अधिकारी, पदधारी

# औ

**औंधना** (स.क्रि.) उनटायब, नीचाँ दिस करब

**औंधा** (वि.) बासनक मुह बंद कए उपरक तापसँ पकाओल फल,

**औकात** (स्त्री.) औकायति, शक्ति, मान मर्यादा, हैसियति

**औघड़** (पुं.) 1. ओघोर पंथी साधु 2. फक्कड़, मनमोजी

**औचक** (वि.) अकस्मात, आकस्मिक स्थिति

**औचक निरीक्षण** (वि.) आकस्मिक निरीक्षण

**औचित्य** (पुं.) उचित होएब

**औजार** (पुं.) उपकरण, ओजार, .यंत्र

**औटाना** (स.क्रि.) दूध आदि कें औंटिक' गाढ करब, औटब

**औदर** (पुं.) पेटसँ संबंधित, उदर संबंधी

**औद्योगिक** (वि.) उद्योग संबंधी

**औद्योगीकरण** (पुं.) औद्योगीकरण, विकास-प्रक्रिया

**औना-पौना** (वि.) आधा-छिधा, तीन-चौथाइ वा ओइसँ कम

**औपचारिक** (वि.) औपचारिक

**औपचारिकता** (स्त्री.) उपचार संबंधी होएबाक स्थिति

**औपनिवेशिक** (वि.) उपनिवेश संबंधी

**औपन्यासिक** (वि.) उपन्यास संबंधी

**और** (अव्य.) आओर

**औरत** (स्त्री.) नारी, महिला, स्त्रीगण, जनानी

**औरस** (वि.) अपना द्वारा अपन वैध पत्नीसँ उत्पन्न पुत्र

**औलाद** (स्त्री.) संतान, धिया-पुता

**औलिया** (पुं.) 1. फकीर 2. उचितसँ अधिक त्याग (दान) कएनिहार, उदार

**औषध/औषधि** (स्त्री.) दबाइ, ओषधी

**औषध विज्ञान** (पुं.) औषध विज्ञान

**औषधालय** (पुं.) औषधालय, दबाइ दोकान

**औषधीय** (वि.) ओषध संबंधित, औषधीय

**औसत** (वि.) ओसत, सामान्य

**औसतन** (वि.) सामान्यतः

**औसना** (स. क्रि.) बेसी उमस होएब फल आदिक भुस्सामे रखलाक बाद पाकब

**औसाना** (स. क्रि.) अल्प मात्रामे (तेल आदि) लगाएब

# क

**कंकड़/कंकर** (पुं.) आँकर

**कंकड़-पत्थर** (पुं.) आँकर-पाथर

**कंकड़ी** (स्त्री.) छोट आँकर

**कंकड़ीला** (वि.) जाहिमे आँकर-पाथर हो

**कंकण** (पुं.) कंगना, कङना

**कंकाल** (पुं.) शरीरक अस्थि पंजर

**कंगन** (पुं.) कंगना, कङना

**कंगारू** (पुं.) कंगारु, एक जन्तु
**कंगाल** (वि./पुं.) अकिञ्चन, कंगाल, दरिद्र
**कंगाली** (स्त्री.) कंगाली,अकिञ्चनता
**कंगूरा** (पुं.) कङ्ूरा
**कंघा** (पुं.) ककबा, ककही, कंघी
**कंघी** (स्त्री.) कंगही, ककबा
**कंचन** (पुं.) कंचन, सोना, स्वर्ण
**कंचुक** (पुं.) कंचुक, पहिरबाक वस्त्र
**कंचुकी** (पुं.) नाटकमे एक पात्र जे राजाक आसपास रहैछ, कंचुकी
**कंज** (पुं.) कमल
**कंजर** (पुं./वि.) यायावरी जीवन बिताब' बाली एक उपजाति
**कंजरपन** (पुं.) यायावरी जीवनक भाव/ गुण
**कंजा** (वि.) जकर आँखिक डिंभा भुल्ल रंगक नहि होइछ
**कंजूस** (वि.) कृपण
**कंजूसी** (स्त्री.) कृपणता
**कंटक** (पुं.) काँट
**कंटकाकीर्ण** (वि.) कंटक से घेराएल, बाधापूर्ण
**कंटीला** (वि.) जाहिमे काँट हो
**कंठ** (पुं.) कंठ, गरदनि, गला
**कंठ-तालव्य** (वि.) कंठ-तालुसँ सम्बन्धित, कंठ तालुसँ बाज'बाला वर्ण (अक्षर)
**कंठ-माला** (स्त्री.) कंठ माला, एक रोगक नाम
**कंठ-संगीत** (पुं.) कंठ संगीत, गायन
**कंठस्थ** (वि.) कण्ठाग्र, कंठस्थ
**कंठस्थ करना** (स.क्रि.) कण्ठाग्र करब, स्मरण राखब, घोंखब
**कंठहार** (पुं.) कंठहार, कंठमे पहिर'बाला माला
**कंठा** (पुं.) 1. पक्षीक गरदनिमे बलयाकार धारी 2. कारी तागक हार 3. घोड़ाक एक साज
**कंठाग्र** (वि.) कंठस्थ
**कंठी** (स्त्री.) कंठमे लपेटि पहिरबाक तुलसीक माला जे वैष्णव/शाकाहारी होएबाक प्रमाण थिक
**कंठ्य** (वि.) कंठसँ बाज'बाला वर्ण, जेकर संबंध कंठसँ हो
**कंडा** (पुं.) सरकंडा, सरपतक डंटा
**कंडाल** (पुं.) धुतहू, तूर्य, एक प्रकारक वाद्य
**कंडी** (स्त्री.) गोबरक छोट गोइठा वा चिपड़ी
**कंडील** (स्त्री.) कंदील, कंडील
**कंडु** (पुं.) कुड़ियौनी ,खाज
**कंत** (पुं.) प्रियतम, पति
**कंद** (पुं.) वनस्पतिक कंदुकाकार जड़ि
**कंदमूल** (पुं.) कंद आ मूल
**कंदरा** (स्त्री.) गुफा
**कंदर्प** (पुं.) कामदेव
**कंदुक** (पुं.) गेन, गेंद
**कंधा** (पुं.) कनहा,स्कंध
**कंधा देना** (स.क्रि.) 1. सहायता करब 2. सम्मिलित होएब 3. शवयात्रामे कटिहारीकें कनहा पर उठाक अंत्येष्टि लेल ल' जाएब
**कंप** (पुं.) काँपब
**कंपन** (पुं.) कंपन
**कंपनी** (स्त्री.) कंपनी
**कंपाउंडर** (पुं.) कंपाउंडर,चिकित्सा परिचारक
**कंपित** (वि.) कंपित, थरथराएल
**कंप्यूटर** (पुं.) कंप्यूटर, संगणकयंत्र
**कंबल** (पुं.) कंबल, कम्मल
**कँटिया** (स्त्री.) काँट
**कँपकँपी** (स्त्री.) थरथराएब
**कँपाना** (स.क्रि.) कँपाएब
**कई** (वि.) कतोक, अनेक
**ककड़ी** (स्त्री.) काँकड़ि, एक लताफल, खीरा प्रजातिक फलविशेष
**ककहरा** (पुं.) वर्णमाला
**कक्ष** (पुं.)1. काँख 2. कोठली
**कक्षा** (स्त्री.) 1. पाठशालाक वर्ग 2. ग्रहपथ
**कगार** (पुं.) कात, किनार
**कचनार** (पुं.) एक प्रकारक फूल, कचनार

**कचरा** (पुं.) 1. काचक वलय 2. उच्छिष्ट जल

**कचरी** (स्त्री.) घाठिमे तरकारी मिलाए छानल बड़ी

**कचहरी** (स्त्री.) न्यायालय, अदालति,कार्यालय

**कचालू** (पुं.) एक प्रकारक पेंची

**कचूमर** (पुं.) कोनो वस्तुक थोकचाएल रुप

**कचूमर निकलना** (स. क्रि.) खूब मारब पिटब, थका देब

**कचोट** (स्त्री.) दुख, अनुताप

**कचोटना** (अ. क्रि.) कचोटब

**कचौड़ी** (स्त्री.) नोन आ फूँटि दए बनाओल पूरी,बेसनमे काँच तरकारी सानि बनाओल बड़ी

**कच्चा** (वि.) काँच, जे पाकल नहि हो

**कच्चा घर** (पुं.) काँच घर, माटिक भीतक घर

**कच्चा चिट्ठा** (पुं.) रहस्य , गुप्त भेदक नीक अधलाह सम प्रकारक तथ्य

**कच्चा पक्का** (वि.) नीक अधलाह, काँच-पाकल

**कच्चा मसौदा** (पुं.) अपूर्ण लिखित विवरण

**कच्चा माल** (पुं.) मूल रूपमे उत्पन्न खनिज अथवा अन्य वानस्पतिक वस्तु जाहिसँ अन्य परिष्कृत वस्तु बनैत अछि

**कच्ची धातु** (स्त्री.) जे धातु परिष्कृत नहि हो

**कच्ची नींद** ( स्त्री.) आधा सुतबाक स्थिति, झपकी, काँचे निन्न

**कच्ची रसीद** (स्त्री.) जे रसीद धन प्राप्तकर्तासँ तुरत प्राप्त हो

**कच्ची सड़क** (स्त्री.) जे सड़क माटि आदिसँ बनल हो

**कच्ची सिलाई** (स्त्री.) सिलाइ केलासँ पूर्व देल गेल टाँक

**कच्छ** (स्त्री.) 1. धोतीक पाछाँसँ लगाओल ढेका 2. काउछ 3. गुजरात प्रदेशक एक भाग

**कच्छप** (पुं.) काछु, कछुआ

**कछार** (पुं.) नदी कातक थलगर भूमि

**कछुआ** (पुं.) काछु

**कजरा** (वि.) काजर

**कजरी** (स्त्री.) 1. एक प्रकारक लोकगीत 2. पक्का पर/देबाल आदि पर लागि गेल पिच्छड़ तरल तह/परत

**कटक** (पुं.) 1. समूह 2. सेना

**कटकटाना** (स. क्रि.) कटकटक ध्वनि होएब

**कटखना** (वि.) काट' बाला, कटाइ

**कटघरा** (पुं.) कठघरा

**कटना** (अ. क्रि.) कोनो धारदार उपकरणसँ कोनो वस्तु के दू वा अधिक खंडमे कटि जाएब

**कटनी** (स्त्री.) धान/गहूम आदि फसिल के कटनी

**कटरा** (पुं.) छोट बजार

**कटहल** (पुं.) कटहर

**कटाई** (स्त्री.) काटवाला व कटबाक क्रिया

**कटाई-छँटाई** (स्त्री.) काट-छाँट

**कटाक्ष** (पुं.) कटाक्ष

**कटा-फटा** ( क्रि. वि.) काटल-फाटल

**कटार** (स्त्री.) छोट छूरी सन तरुआरि

**कटारी** (स्त्री.) 1.छोट कटार, खड्ग 2. लदनिआ बड़दक पीठ पर लटकल छोट झोड़ा जाहिमे व्यापारी अपन व्यक्तिगत वस्तुजात रखैत अछि

**कटाव** (पुं.) नदी द्वारा भूमिक कटि जाएब

**कटि** (स्त्री.) 1. डाँड़ 2. कोनो वस्तुक बीचक भाग

**कटिबंध** (पुं.) कमरकस

**कटिबद्ध** (वि.) उद्यत, प्रस्तुत, आतुर

**कटीला** (वि.) काँटसँ भरल

**कटु** (वि.) कड़ू, कटु, अप्रिय

**कटु अनुभव** (पुं.) अप्रिय अनुभव

**कटुता** (स्त्री.)अप्रिय स्थिति

**कटुभाषी** (वि.) अप्रिय बाज' बाला

**कटूक्ति** (स्त्री.) अप्रिय कथन,

**कटोरदान** (स्त्री.) एक प्रकारक पात्र जे डिब्बाबंद होइछ

**कटोरा** (पुं.) एक प्रकारक गँहीर पात्र, बट्टा

**कटोरी** (स्त्री.) छोट गँहीर गोल पात्र, बाटी

**कटौती** (स्त्री.) कटौती, काट' जाएव वा कटवाक क्रिया

**कट्टर** (वि.) दृढ, प्रखर, प्रचंड, अपन मतक विश्वासक दुराग्रही, असहिष्णु, हठधर्मी

**कट्टरता** (स्त्री.) असहिष्णुता

**कट्टरपंथी** (वि.) असहिष्णुतावादी

**कठघरा** (पुं.) 1. काठक बनल जंगलादार घेरा 2. न्यायालयमे गवाह आ अभियुक्तक बयान दैत समय ठाढ होएबाक लकड़ीक घेरा

**कठपुतली** ( स्त्री.) काठक बनल पुतरी जकरा डोरसँ नचाक' अभिनय कराएल जाइत अछि, कठपुतरी

**कठपुतली सरकार** (स्त्री.) जाहि शासन (सरकारक) नियंत्रण केकरो आन गुप्त सशक्त व्यक्तिक अधीन हो, अशक्त सरकार

**कठफोड़ा** (पुं.) मैनाक आकृतिक सक्कत लोलबला एक छोट चिरइ

**कठमुल्लापन** (पुं.) दुराग्रहिता, मूर्खता, दकियानूसी

**कठिन** (वि.) कठिन, दुस्साध्य

**कठिनाई** (स्त्री.) कठिनता, बाधा, अड़चन

**कठोर** (वि.) कठिन

**कठोरता** (स्त्री.) कठोरता

**कठौता** (पुं.) काठक बनल तसला जकाँ पात्र

**कठौती** (पुं.) छोट कठौता

**कड़क** (स्त्री.) 1. कड़ कड़क कठोर ध्वनि 2. वज्र

**कड़कना** (अ. क्रि.) कड़कब, उत्तेजित होएब, तमसाएब

**कड़की** (स्त्री.) महगी

**कड़छी** (स्त्री.) करछी, छोलनी

**कड़वाहट** (स्त्री.) कटुता, 2. अप्रिय

**कड़ा** (वि.) कठोर

**कड़ाही** (स्त्री.) लोहिया

**कड़ी** (स्त्री.) कठिन ,कठोर

**कडुआ** (वि.) कडू, कटु

**कडुआ तेल** (पुं.) कडू तेल, सरिसो तेल

**कढाई** (स्त्री.) 1. कपड़ा पर बेल-बूटा काढबाक ढंग 2. कढाइ करेबाक पारिश्रमिक

**कढी** (स्त्री.) बेसन/घाठि दही आदि मिलाक' बनाएल नोनगर व्यंजन

**कण** (पुं.) अन्नक दाना

**कतई** (क्रि. वि.) नितांत, बिलकुल

**कतरन** (स्त्री.) कपड़ा वा कागजकें कटलासँ बाँचल छोट टुकड़ा

**कतरना** (स. क्रि.) कैंची आदिसँ काटब, कतरब

**कतरनी** (स्त्री.) कतरबाक उपकरण, कैंची, सरोता आदि

**कतरा** (पुं.) काटि के निकालल कोनो वस्तुक भाग, सुपाड़ीक कतरा

**कतराना** (अ.क्रि.) कटबाएब, कतरबाएब

**कतला** (पुं.) मीठ पकवानक चौकोर कटल टुकड़ा

**कताई** (स्त्री.) 1. कातबाक क्रिया/ भाग, कताइ 2. चर्खा-टकुरीक कटाइ

**कतान** (स्त्री.) ऐंठन सूतक मेही रेशमी कपड़ा, जाहिसँ साड़ी, दोपटा आदि बनाओल जाइछ

**कतार** (स्त्री.) पंक्ति, श्रेणी 2. अधिक मात्रा

**कतिपय** (वि.) किछु , थोड़ (बेसी नहिं)

**कत्तल** (पुं.) कतरन, काटल गेल कपड़ा, कागजक छोट टुकड़ा

**कत्थई** (वि.) खैरक रंग सन रंग बाला

**कत्थक** (पुं.) 1. एक प्रकारक नृत्य शैली

2. नृत्यसँ जीविका अर्जित कर'बाली उपजाति

**कत्था** (पुं.) 1. खैर, कत्था 2. खैरक गाछ

**कत्ल** (पुं.) वध, हत्या, मारि देब

**कत्ले आम** (पुं.) सर्वसाधारणक (छोट-पैघ, स्त्री-पुरुष अपराधी-निरपराध) सभक हत्या, सामूहिक हत्या

**कथन** (पुं.) कथन, कोनो बात कहबाक भाव, कह'ब, बाज'ब, उक्ति

**कथनी** (स्त्री.) कथनी, कहल गेल बात

**कथनीय** (वि.) कहबा योग्य

**कथांतर** (पुं.) 1. भिन्न वा दोसर बात/कथा 2. कोनो कथामे गौण कथा

**कथा** (स्त्री.) 1. कथन 2. खीसा, उपाख्यान, गल्प

**कथाकार** (पुं.) कथा लिखनिहार वा कहनिहार

**कथात्मक** (वि.) कथासँ सम्बंधित

**कथानक** (पुं.) कोनो रचना, नाटक/उपन्यास आदिक कथा

**कथावस्तु** (स्त्री.) कथात्मक साहित्यमे कार्य व्यापार(घटना)क योजना

**कथासाहित्य** (पुं.) जाहि साहित्यमे वर्णित घटना सभ प्रायः काल्पनिक हो

**कथित** (वि.) जकर कथन भेल हो, कहल गेल, वर्णित उक्त

**कथ्य** (वि.) जे कहबा योग्य हो

**कथोपकथन** (पुं.) दू वा अधिक व्यक्ति परस्पर संवाद

**कदंब** (पुं.) एक वृक्ष वा ओकर फल जे गोल आ पीअर रंगक होइछ

**कद** (पुं.) आकार, शरीरक लंबाइ आ उँचाइ

**कदम** (पुं.) 1. पयर, कदम 2. कदंबक वृक्ष वा फूल

**कदर** (स्त्री.) सम्मान, आदर

**कदली** (स्त्री.) केराक गाछ वा फल

**कदाचार** (पुं.) सामान्य नैतिकताक अभाव कुत्सित आचरण, दुराचार

**कदाचित** (क्रि. वि.) संभवतः, यदि

**कदापि** (अव्य.) कोनो अवस्थामे, कखनहु

**कदाशय** (पुं.) जकर खराप विचार हो, खराप उद्देश्य

**कदाशयी** (वि.) अशुभ विचार बाला

**कद्दावर** (वि.) विशालकाय, लंबा-चौड़ा, प्रभाव-शाली, सम्मानित

**कद्दू** (पुं.) कद्दू, एक तरकरी

**कद्दूकस** (पुं.) कदीमा आदि के कस' बाला उपकरण

**कद्रदान** (वि.) आदर देनिहार, आदरणीय, गुणग्राही

**कन** (पुं.) कण, प्रत्येक कण

**कनक** (पुं.) स्वर्ण, सोना

**कनकटा** (वि.) जकर कान कटल हो, कनकट्टा

**कनकी** (स्त्री.) चाउरक टूटल छोट कनकी, खुद्दी

**कनखजूरा** (पुं.) एक विषाह कीड़ा

**कनछेदन** (पुं.) कर्णवेध, बच्चाक कान छेदबाक एक संस्कार

**कनटोप** (पुं.) एक प्रकारक टोप

**कनपटी** (स्त्री.) कनपटी, आँखि आ कानक बीचक जगह, गंडस्थल

**कनपेड़ा** (पुं.) एक प्रकारक रोग जहिमे कान के नीचा फूलि गिलटी भ' जाइछ

**कनफूल** (पुं.) कर्णफूल, कानक एक गहना

**कनात** (स्त्री.) बाँसक सहायतासँ बनाओल गेल कपड़ाक पर्दा/देवाल

**कनिष्ठ** (वि.) सभसँ छोट

**कनिष्ठिका** (स्त्री.) हाथक सभसँ छोट अंगुरी

**कन्या** (स्त्री.) कन्या, बेटी

**कन्यादान** (पुं.) कन्याक दान, कन्याक विवाह संस्कार,

**कन्हैया** (पुं.) कृष्ण, कन्हैया

**कपट** (पुं.) कपट, बनावटी व्यवहार छलपूर्ण मिथ्या आचरण

**कपटनीति** (स्त्री.) छलपूर्ण नीति
**कपटपूर्ण** (वि.) कपटसँ भरल
**कपटी** (वि.) 1. छल कर' बाला, जालसाज 2. कृत्रिम, बनौआ, नकली वस्त्र, कपड़ा
**कपड़ा-लत्ता** (पुं.) वस्त्र, पट, कपड़ा-लत्ता
**कपाट** (पुं.) केवाड़, दरबज्जा, फड़की
**कपाल** (पुं.) खप्पड़, माथक हाड़
**कपाल-क्रिया** (स्त्री.) शव-दाहक समय मृत व्यक्तिक खप्पड़ के फोड़बाक एक क्रिया/विधि
**कपास** (वि.) तूर, बाङ
**कपासी** (वि.) तूरक बनल
**कपि** (पुं.) बानर
**कपिल** (पुं.) बानर सन रंग बाला
**कपूत** (पुं.) कुपुत्र
**कपूर** (पुं.) कर्पूर
**कपोत** (पुं.) पड़वा, कपोत
**कपोल** (पुं.) गाल
**कपोल-कल्पना** (स्त्री.) मनगढंत गप्प
**कप्तान** (पुं.) नायक, सेनानायक, नेतृत्व कर'बाला, कैप्टन
**कफ** (पुं.) कफ
**कफनाशक** (वि.) कफनाश कर' बाला ओषधि
**कफ़न** (पुं.) कफन, कोनो शव के झाँप' बाला वस्त्र/परदा
**कब** (क्रि.वि.) कहिआ, कखन
**कबड्डी** (स्त्री.) एक खेल ,कबड्डी क खेल
**कबाड़** (पुं.) कूड़ा करकट, अनुपयोगी वस्तु
**कबाड़खाना** (पुं.) अनुपयोगी वस्तु रखबाक जगह, कबाड़खाना
**कबाड़ा** (पुं.) अनुपयोगी वस्तु
**कबाड़ी** (पुं.) अनुपयोगी वस्तु कें एकत्रित कर' बाला, एक प्रकारक अर्थोपार्जक व्यक्ति
**कबाब** (पुं.) एक प्रकारसँ बनल मासु (मांस)
**कबीला** (पुं.) बंश, कुल, परिवार, समूह, समुदाय
**कबूतर** (पुं.) पड़वा, कपोत
**कबूतरी** (स्त्री.) स्त्री पड़वा
**कबूल करना** (स. क्रि.) सकारब, कबुलब, स्वीकारब, गछब
**कब्ज** (पुं.) अवरुद्ध मल, मलावरोध, कोष्ठ बद्धता , कब्जिअति
**कब्जा** (पुं.) एहेन जोड़ जे कील पर घूमए चौखठि आ केबाड़क जोड़, 2. गट्टाक वा हाथक जोड़
**कब्र** (स्त्री.) शव गाड़बाक खाधि
**कब्रिस्तान** (पुं.) कबुरगाह, मुरदा गाड़बाक जगह, श्मशान
**कभी** (क्रि.वि.) कखनहुँ
**कभी-कभी** (क्रि.वि,) कखनहुँ कखनहुँ
**कमंडल** (पुं.) कमंडल
**कम** (वि.) कम, न्यून, हीन
**कमअक्ल** (वि.) न्यून बुद्धि बाला, मंदबुद्धि
**कमउम्र** (वि.) कम वयस बाला
**कम करना** (स.क्रि.) कम करब
**कमखर्च** (वि.) अल्प व्यय
**कमजोर** (वि.) दुर्बल, कमजोर
**कमजोरी** (स्त्री.) दुर्बलता, कमजोरी
**कमनीय** (वि.) सुंदर, मनोरम, प्रिय
**कमबख्त** (वि.) अभागल, हतभाग्य
**कमर** (स्त्री.) डाँड़
**कमरतोड़** (वि.) परिश्रमसाध्य काज
**कमरदर्द** (वि.) डाँड़क दर्द
**कमरबंद** (पुं.) डाँड़मे पहिर' बाला गहना
**कमरा** (पुं.) कक्ष, कोठली
**कमल** (पुं.) पुड़इनिक फूल
**कमलककड़ी** (स्त्री.) कमल नाल
**कमसिन** (वि.) किशोर, नवयुवक, कमवयसी
**कमांडर** (पुं.) सेनानायक
**कमाई** (स्त्री.) कमाइ, अर्जन, कमाएब
**कमाऊ** (वि.) कमाइ कर' बाला
**कमान** (स्त्री.) 1. धनुष, 2. सेनिक आदेश
**कमाना** (स.क्रि.) कमाएब, अर्जन करब

**कमानी** (स्त्री.) लोहाक लचकदार, छड़ वा फ्रेम, लचकदार फ्रेम, जेना छत्ताक कमानी

**कमाल** (पुं.) कमाल, उत्तम काज, प्रशंसनीय काज

**कमाल करना** (स.क्रि.) अत्युत्तम काज करब, प्रशंसनीय काज करब

**कमिशनरी** (स्त्री.) कमिशनरक अधीन आब' बाला क्षेत्र

**कमी** (स्त्री.) त्रुटि, न्यूनता

**कमीज** (स्त्री.) आङी, अङरखा

**कमीना** (वि.) नीच

**कमीशन** (पुं.) रिआअति, दलाली

**कमेटी** (स्त्री.) समिति

**कयामत** (स्त्री.) प्रलय

**कयास** (पुं.) अनुमान

**कर** (पुं.) 1. हाथ 2. लगान,टैक्स 3. किरण

**करघा** (पुं.) कपड़ा बुनबाक उपकरण

**करछी** (स्त्री.) करछु, दालि परस' बाला डंटी लागल कटोरी

**करणीय** (वि.) करबा योग्य

**करतब** (पुं.) जादू, चमत्कार

**करतल** (पुं.) तरहत्थी

**करतलध्वनि** (स्त्री.) थोपड़ी बजेनाइ

**करतार** (पुं.) कर्ता, ईश्वर

**करतूत** (स्त्री.) करनी

**करदाता** (पुं.) कर देब'बाला

**करदेय** (वि.) कर योग्य

**करधनी** (स्त्री.) डोराडोरि

**करना** (स.क्रि.) करब

**कर निर्धारण** (पुं.) करक निश्चय करब

**करबला** (स्त्री.) मुसलिम तीर्थ वा श्मशान

**करमुक्त** (वि.) करसँ जेकरा छूट भेटल हो

**कर योग्य** (वि.) जेकरा कर देब अपेक्षित हो

**कर योग्य आय** (स्त्री.) जाहि आमदनी पर कर लागय

**करवट** (स्त्री.) करौट

**करवट लेना** (अ.क्रि.) करौट लेब/फेरब

**करवा** (पुं.) माटिक छोट सरवा

**करवाचौथ** (पुं.) कार्तिक मास मनाओल जाय बाला पर्व जाहिमे विवाहित महिला व्रत करैछ

**कर वृद्धि** (स्त्री.) कर (टैक्स) वृद्धि

**कर व्यवस्था** (स्त्री.) करक व्यवस्था

**कराधान** (पुं.) कर लेब, कर ओसूली

**करामात** (स्त्री.) महत्वपूर्ण काज

**करार** (पुं.) संविदा, आपसी व्यवस्था

**करारनामा** (पुं.) संविदा पत्र

**करारा** (वि.) दृढ, कठोर

**कराह** (स्त्री.) कुहरनाइ

**कराहट** (स्त्री.) जे पसिन्न नहि हो

**कराहना** (अ.क्रि.) कुहरब

**करिश्मा** (पुं.) जादू

**करीब** (क्रि.वि.) निकट, लग

**करीब-करीब** (क्रि.वि.) लगभग, अनुमानतः, संभवतः

**करील** (पुं.) एक प्रकारक वृक्ष

**करुणा** (स्त्री.) करुण विलाप, दया

**करुणाजनक** (स्त्री.) दया उत्पन्न कर' बाला

**करेला** (पुं.) तीत फरबाला एक लत्ती, तरकारी

**करोड़** (वि.) एक सए लाख, कोटि

**करोड़पति** (पुं.) अपार संपत्तिवाला

**करौंदा** (पुं.) करोना, एक खट्टा फल

**कर्कराशि** (स्त्री.) कर्कराशि

**कर्करेखा** (स्त्री.) कर्करेखा

**कर्कश** (वि.) 1. कठोर,कटु, अप्रिय 2. खड़खड़

**कर्ज** (पुं.) ऋण, कर्ज

**कर्जदार** (वि.) ऋणी

**कर्जदारी** (स्त्री.) कर्जदारी

**कर्ण** (पुं.) 1. कान 2. एक उपनाम

**कर्णकटु** (वि.) जे सुनबामे अप्रिय लागए, कठोर

**कर्णधार** (पुं.) 1. नाविक 2. नेता, दलपति

**कर्णप्रिय** (वि.) जे सुनबामे नीक लागए, प्रिय

**कर्णफूल** (पुं.) करनफूल

**कर्णशूल** (पुं.) कानक घाओ

**कर्णस्राव** (पुं.) कान बहब

**कर्तन** (पुं.) कतरनाइ, कटनाइ

**कर्तनी** (स्त्री.) कतरनी, कैचीं, जाहिसँ कतरल जाए

**कर्तव्य** (पुं.) जे करबाक हो , करणीय

**कर्तव्यनिष्ठ** (वि.) कर्तव्यमे निष्ठा राख'-बाला, कर्तव्य कर' बाला

**कर्तव्यनिष्ठा** (स्त्री.) कर्तव्य निष्ठा, कर्तव्यक प्रति अनुराग

**कर्तव्यपरायण** (वि.) कर्तव्यमे लागल, कर्तव्य परायण

**कर्तव्यपालन** (पुं.) कर्तव्यक पालन

**कर्ता** (पुं.)1. कएनिहार 2. रचयिता, स्रष्टा

**कर्ता-धर्ता** (पुं.) सर्वाधिकारी, उत्तरदायित्वक निर्वाह कर' बाला

**कर्फ्यू** (पुं.) निषेधाज्ञा, कर्फ्यू

**कर्म** (पुं.) 1. कर्म, काज, क्रिया 2. सोचल गेल काज 3. भाग्य, अदृष्ट

**कर्मकांड** (पुं.) धार्मिक क्रिया विधिक शास्त्र

**कर्मकार** (पुं.) कमार, बड़ही, काष्ठशिल्पी

**कर्मकारक** (पुं.) भाषाक व्याकरणमे कारकक एक भेद

**कर्मकौशल** (पुं.) काज करैक कौशल

**कर्मक्षेत्र** (पुं.) काज करैक क्षेत्र

**कर्मचारी** (पुं.) काज कर' बाला, वेतनभोगी कर्मचारी

**कर्मचारीपरिषद** (स्त्री.) कर्मचारी सभक समिति (संगठन)

**कर्मचारीवर्ग** (पुं.) कर्मचारी सभक समुदाय

**कर्मठ** (वि.) कर्तव्यक प्रति समर्पित, सक्रिय

**कर्मण्य** (वि.) कर्म कर' बाला

**कर्मण्यता** (स्त्री.) कर्म करबाक प्रति निष्ठा (रुचि)

**कर्मनिष्ठ** (वि.) कर्मक प्रति सचेष्ट (सम-र्पित)

**कर्मनिष्ठा** (स्त्री.) कर्मक प्रतिलगाव

**कर्मफल** (पुं.) कर्मक फल

**कर्मभूमि** (स्त्री.) काज करबाक जगह, कर्मभूमि

**कर्मयोग** (पुं.) कर्मयोग

**कर्मरेखा** (स्त्री.) भवितव्यता, भाग्यरेखा

**कर्मवाच्य** (पुं.) कर्मवाच्य

**कर्मवीर** (पुं.) कर्मवीर, कर्तव्यनिष्ठ

**कर्मशाला** (स्त्री.) कर्मशाला

**कर्मशील** (वि.) कर्मशील, सक्रिय

**कर्महीन** (वि.) कर्महीन, भाग्यहीन, अभागल

**कर्मेंद्रिय** (स्त्री.) कर्मेंद्रिय

**कर्षण** (पुं.) कर्षण,जोतब, खीचंब, तीरब,तानब

**कलंक** (पुं.) दोष, बदनामी

**कलंकित** (वि.) जकरा कलंक लागल हो, कलंकित

**कल** (क्रि. वि.) 1. चैन, शांति, विप्रांति, 2. यंत्र, कल-पुर्जा

**कलई** (स्त्री.) चमक, लेप

**कलई खुलना** (अ. क्रि.) रहस्य प्रकट होयब

**कलईदार** (वि.) चमक वाला, आभायुक्त

**कलकंठ** (वि.) कोमल स्वर वाला कंठ

**कलकल** (पुं.) कोमल स्वर, नदीक प्रवाहक मृदुध्वनि

**कलक्टरी** (स्त्री.) कलक्टरक कार्यालय

**कलगी** (स्त्री.) शीर्ष, चूड़ा

**कलगीदार** (वि.) शिरोभागमे विशेष चिह्न बाला पाग

**कलदार** (वि.) उपकरणसँ युक्त यंत्र

**कलपना** (अ क्रि.) कलपब, व्यथा व्यक्त करब, बिलपब

**कलपाना** (स. क्रि.) कलपाएब, प्रताड़ित करब

**कल-पुर्जा** (पुं.) कोनो मशीनक पुर्जा आदि, पाट-पुर्जा

**कलफ** (पुं.) कपड़ामे कड़ापन अनबा लेल लगाब' बाला माँड़

**कलम** (स्त्री.) 1. लेखनी 2. एक डारिसँ दोसर डारि के जोड़ि लगाओल गाछ (कलम)

**कर्मीदल** (पुं.) काज कर' बालाक दल

**कलकल करना** (स.क्रि.) कोमल ध्वनि कर'ब

**कलमदान** (पुं.) कलम मोसि रखबाक तकथी

**कलमबंद हड़ताल** (स्त्री.) जाहि हड़तालमे लेखन आदिक काज नहि हो

**कलमुहाँ** (वि.) जेकर मुँह कारी होइ

**कलरव** (पुं.) पक्षीक मधुर ध्वनि

**कलश** (पुं.) 1. घैल, बसनी 2. मंदिरक शिखर पर देल कलशक आकार वाला गुंबज 3. मनुष्यक माथ, गरदनि जेना कलंकित कलश नहि स्थिर छन्हि

**कलह** (पुं.) झगड़ा, वाद-विवाद

**कलहप्रिय** (वि.) जकरा झगड़ा प्रिय हो, झगड़ालु, झगड़लगाउन

**कला** (स्त्री.) 1. शिल्प कर्म 2. कौशल, ढंग, लूरि, ललित कला सभ

**कलाई** (स्त्री.) हाथ, कर, हस्त

**कलाईघड़ी** (स्त्री.) हाथमे बन्हबाक घड़ी

**कलाकंद** (पुं.) खोआसँ बनाओल गेल एक मिठाइ

**कलाकार** (पुं.) शिल्पीकार, कलाकार

**कलाकारिता** (स्त्री.) कलाकारक गुण

**कलाकारी** (स्त्री.) कलात्मक ढंगसँ कएल रचना

**कलाकुशल** (वि.) जे कलाकृति करबामे निपुण हो, शिल्पज्ञ

**कलाकृति** (स्त्री.) कलापूर्ण वस्तु, रचना

**कलाकौशल** (पुं.) कला आ कौशल

**कलात्मक** (वि.) कलासँ पूर्ण, सुंदर

**कलाप्रेमी** (वि.) कलाप्रेमी, कलाक स्नेही

**कलापूर्ण** (वि.) कलासँ पूर्ण

**कलाबाज** (वि.) कलाक प्रदर्शन कर'बाला, चतुर

**कलाबाजी** (स्त्री.) कला देखएबाक गुण, चतुराइ

**कलाभवन** (पुं.) कला भवन, शिल्पगृह

**कलावंत** (वि.) कलाकार, गुणीलोक

**कलावान** (वि.) जकरामे कला हो

**कलाविद** (पुं.) कला जननिहार, कलाक ज्ञान रखनिहार, शिल्पज्ञ

**कलि** (पुं.) चारि युगमे एक युग कलियुग जाहिमे सर्वाधिक पाप होइछ

**कलिका** (स्त्री.) करनफूल , कानक एक गहना कर्णिका

**कलियुग** (पुं.) कलियुग

**कलियुगी** (वि.) कलियुगमे होव'बाला, हास्य-व्यंग्यक पद

**कली** (स्त्री.) 1. कोंढी 2. गाजाक जटा

**कलुष** (पुं.) 1. पाप 2. दाग ,मल

**कलुषित** (वि.) पाप युक्त , दूषित

**कलूटा** (वि.) कारी रंगक व्यक्ति

**कलेंडर** (पुं.) चित्रमय दिनपत्री

**कलेजा** (पुं.) हृदय, करेजा

**कलेजा काँपना** (अ.क्रि.) हृदय तीव्र धड़कब

**कलेजा ठंडा होना** (अ. क्रि.) मोन शांत होएब

**कलेजा दहलना** (अ. क्रि.) मोन चिंतित होएब

**कलेजा फटना** (अ. क्रि.) व्यथित होएब, करेज फाटब

**कलेजी** (स्त्री.) करेजक मासु, कलेजी

**कलेवर** (पुं.) शरीर, काया

**कलेवा** (पुं.) जलखै, पनिपिआइ

**कलौंजी** (स्त्री.) कलौंजी

**कल्पना** (स्त्री.) 1. मानसिक रचना, कल्पना 2. रचना, सृष्टि

**कल्पनातीत** (वि.) कल्पनासँ असंभव

**कल्पनाशक्ति** (स्त्री.) कल्पना करबाक शक्ति (सामर्थ्य), कल्पनाशक्ति

**कल्पनाशील** (वि.) कल्पना करैत रह' बाला

**कल्पनाशीलता** (स्त्री.) कल्पनाशीलता, कल्पनाशील होएबाक गुण

**कल्पित** (वि.) कल्पित, मनगढंत

**कल्मष** (पुं.) पाप, मल

**कल्याण** (पुं.) शुभ, मंगल

**कल्याणकारी राज्य** (पुं.) कल्याणकारी राज्य

**कल्लोल** (पुं.) तरंग, ढेउ

**कवक** (पुं.) कवक, कओर, क'र

**कवच** (पुं.) शस्त्राघात के रोक' बाला कवच, सुरक्षा उपाय

**कवचधारी** (वि.) कवच कें धारण कर'बाला

**कवचित** (वि.) कवच कँ पहिर' बाला

**कवयित्री** (स्त्री.) कविताक रचना कएनिहारि महिला, स्त्री कवि

**कवायद** (स्त्री.) शारीरिक अभ्यास, एम्हर ओम्हर करब

**कवि** (पुं.) कविता कएनिहार, कवि

**कविकर्म** (पुं.) कविताक कर्म, कविता लीखब

**कविता** (स्त्री.) कविक रचना, कविता

**कवित्व** (पुं.) कविता करबाक शक्ति

**कविदृष्टि** (स्त्री.) कविक दृष्टि

**कविराज** (पुं.) वैद्य, चिकित्सक

**कवि समय** (पुं.) कविक समय, साहित्यिक रूढि मान्यता जेना स्त्रीक पदाघातसँ अशोक फुलाइत छैक

**कवि सम्मेलन** (पुं.) कवि सम्मेलन

**कवींद्र** (पुं.) कविमे श्रेष्ठ

**कव्वाल** (पुं.) उर्दू भाषाक कविता कएनिहार

**कव्वाली** (स्त्री.) उर्दू भाषामे रचित काव्यालि

**कश** (पुं.) धूम्रपानक समय लेल गेल धुआँक कश, धुआँ के सुड़कब

**कशमकश** (स्त्री.) संदेहास्पद, अंतर्द्वन्द्व

**कशिश** (स्त्री.) आकर्षण, सौंदर्य

**कशीदा/कसीदा** (पुं.) सूची शिल्प, उर्दू-फारसी के ओ पद्य जाहिमे ककरो, प्रशंसा कैल जाइत छइ, विरुदावली यशक वर्णन

**कशीदाकारी/कसीदाकारी** (स्त्री.) सूची-शिल्पकारी, कसीदा पढनाइ

**कशेरुक** (पुं.) कसेरू

**कशेरुकी** (वि./पुं.) एहन प्राणी जकर देहमे कै खंडबला मेरुदंड पाओल जाइत छैक, मस्तिष्क खोपड़ी के अंदर सुरक्षित रहै छैक

**कश्ती** (स्त्री.) नाव, नौका

**कष्ट** (पुं.) तकलीफ, पीड़ा, असौविध्य

**कष्टकर** (वि.) असुविधाजनक, पीड़ाकारक

**कष्ट साध्य** (वि.) कष्टसँ काज सधनाइ, जाहि काज के कर'मे बहुत श्रम कर' पड़य

**कसक** (स्त्री.) हूक, तकलीफ, कसकि

**कसना** (स.क्रि.) नीवी, चीर कसबाक डोरी, इआरबंद, कसनाई

**कसबा** (पुं.) छोट सहर

**कसम** (स्त्री.) शपथ, सप्पत

**कसमसाना** (अ.क्रि.) उकस-पाकस करब, छटपटाएब, कछमछाएब

**कसमसाहट** (स्त्री.) कछमच्छी

**कसर** (स्त्री.) 1. कसरि, त्रुटि 2. अवशेष

**कसरत** (स्त्री.) कसरति, व्यायाम

**कसवाना** (स.क्रि./स्त्री.) कसबेनाई

**कसाई** (पुं./स्त्री.) 1. मास-विक्रेता 2. वधिक, मांसक व्यवसायी

**कसाईखाना** (पुं.) ओ स्थान, जत' पशुक वध कैल जाइत छई

**कसाव** (पुं.) कसाइन, कसनाइ के भाव वा स्थिति

**कसावट** (स्त्री.) तनाव, खिंचाव, घिचाव

**कसीदा** ( दे.कशीदा) (पुं.) 1. सूचीशिल्प 2. स्तुतिगान

**कसूर** (पुं.) दोष,अपराध,त्रुटि

**कसूरवार** (वि.) दोषी,अपराधी

**कसेरा** (पुं.) 1. ठठेर 2. हुक्का-गुड़गुड़ी बनओनिहार, मिस्तिरी

**कसैला** (वि.) कैंसाइन, कांसाक पात्रमे रखने विकृत भेल (दही आदि)

**कसौटी** (स्त्री.) कषपटिका, कारी रंगक एक पाथर जाहिपर घसि सोनाक शुद्धता जाँचल जाइत अछि, जाँचक मानक/आधार

**कहासुना** (पुं.) अवाच्य कथा-कहब आ सुनब, कथा-कथांतर, कहल-सुनल

**कहासुनी** (स्त्री.) कहा-कही, बाता-बाती, अवाच्य कथा कहब आ सूनब

**कहीं** (क्रि.वि.) कतउ, कतहु, कोनोठाम

**कहीं-कहीं** (क्रि.वि.) कतउ-कतउ, कोनो-कोनो ठाम, कखनो क'

**कांचन** (पुं.) कंचन, सोनाक बनल

**कांजी** (स्त्री.) फल विशेष

**कांड** (पुं.) 1. लग्गा 2. ग्रंथक खंड, पर्व 3. घटना

**कांत** (वि.) प्रिय, मनोरम, शोभन सुंदर

**कांता** (स्त्री.) प्रिया, प्रियतमा

**कांति** (स्त्री.) 1. छवि, शोभा, आभा 2. आकृति, रुप-रंग 3. शारीरिक गढन 4. (खेलमे) पारी, अवसर

**कांतिमान** (वि.) चमकदार, आभायुक्त

**कांतिहीन** (वि.) चमकहीन, शोभाहीन, मंद

**काँइयाँ** (वि.) मलिन हृदय, ओछ लोक

**काँख** (स्त्री.) बाहु मूलक कोटर, काँख

**काँगड़ी** (स्त्री.) कश्मीरी सभ द्वारा लबादाक भीतर कोयला जरा क' राखबला माटिक पात्र

**काँच** (पुं.) 1. सीसा, गिलास 2. काँच (कच्चा/ अपक्व), जे पाकल नहि हो

**काँजी हाउस** (पुं.) ढाठ, अनेरुआ पशुके छेकि रखबाक अड्डा/व्यवस्था

**काँटा** (पुं.) 1. काँट, कतोक वनस्पतिमे उत्पन्न सुइया-सन अङ्ग, जेना बेलक गाछमे 2. माछक हाड़ 3. काँट-सूरि, कण्ठश्री (कण्ठमे पहिरबाक एक गहना)

**काँपना** (अ.क्रि.) काँपब, थरथराएब, हिलब, डोलब

**काँवर** (स्त्री.) काँवर, कामरु, भार सीक-पटइपर टांगल दू पेटारी/पात्र जाहिमे तीर्थयात्री देवताके चढएबा लेल गंगाजल आ अपन यात्रा-सांमग्री लए जाइत अछि

**काँसा** (पुं.) काँस, एक मिश्र धातु तांबा आ जस्ता के मेल स बनल एक धातु

**काँसागार** (पुं.) काँस के बर्तन बनाबए बाला स्थान, काँसा घर

**काँस्य पदक** (पुं.) अहार अथबा पुरस्कार देबए लेल काँस के बनल सिक्का जेना गोल या अन्य आकार क तमगा

**काँस्य युग** (पुं.) इतिहास के ओ जुग जाहिमे हथियार, बर्तन इत्यादि काँस के बनइ छल

**काई** (स्त्री.) पानिसँ जमल कजरी, कजली

**काक** (पुं.) कौआ

**काका** (पुं.) कक्का, पित्ती

**काकी** (स्त्री.) पितियानि, काकी

**काख** (पुं.) काँख, बाहु मूलक कोटर

**काग** (पुं.) काक, कौआ

**कागज** (पुं.) कागत, बाँस आदिक माड़ीसँ बनल पात-सन पपड़ी जाहिपर आखर लिखल जाइत अछि

**कागज-पत्र/कागजात** (पुं.) अभिलेख-संग्रह,

**कागजी कार्रवाई** (स्त्री.) कागत पर लिखित क्रियाक सिलसिला/प्रक्रिया, लिखा-पढी

**कागजी बादाम** (पुं.) काजू बदाम

**कागजी मुद्रा** (स्त्री.) कागत के नोट, टाका

**कागजी शेर** (पुं.) भीरु, डरपोक

**कागजी-सबूत** (पुं.) लिखित साक्ष्य, प्रमाण

**काज** (पुं.) 1. इष्ट साधन 2. कर्तव्य 3. व्यवसाय, धंधा 4 प्रयोजन

**काजल** (पुं.) 1. दीपशिखा आदिसँ बहराएल कारी पदार्थ 2. आँखिमे शोभार्थ लगएबाक कारी लेप 3. काजर

**काजी** (पुं.) मुसलमानक धार्मिक न्याया-धिकारी

**काजू** (पुं.) एक प्रकारक मेबा, काजू

**काट** (स्त्री.) 1. काटब, कटनाइ 2. गढनि, ढब 3. विद्वेष, राग, कानि 4. प्रतिकार

**काट-छाँट** (स्त्री.) परिवर्तन-परिवर्धन, संशोधन

**काटना** (स.क्रि.) कटनाइ, तेज धारसँ खंडित केनाइ, काटब

**काट-पीट** (स्त्री.) लिखाबटमे परिवर्तन, संशोधन, काटि-पीट

**काठ** (पुं.) 1. लकड़ी, काठ 2. देह

**काठी** (स्त्री.)1. काठक छोट पातर टुकड़ी जे मुठ्टीमे लेल जाए सकए 2. देह 3. कुंजी

**काढना** (स.क्रि.) 1. काढब, पात्र/खोलसँ वस्तु बहार करब 2. भोजन परसब 3. सुई (सुइया) आदिसँ आकृति बनाएब 4 मंत्र द्वारा चोटक नाम जानब

**काढा** (पुं.) 1. क्वाथ, औंटि क बनाएल औषधीय पेय 2. कोल्हुक बड़द के जुअएबाक डोरी

**कातना** (स.क्रि.) सूत कटनाइ

**कातर** (वि.) भीरु, डरबुक, कार्य-भीरु

**कातरता** (स्त्री.) अधीरता, उद्विग्नता, आकुलता, दीनता

**कातिक** (वि./पुं.) आठम मास, पुण्य मास कार्तिक, कातिक

**कातिल** (वि./पुं.) हत्यारा, घातक, प्रान लेब'बाला

**कात्यायन** (पुं.) 1. कत् गोत्रमे उत्पन्न पुरुष 2. विश्वामित्रक वंशज एक ऋषि

**कादंबरी** (स्त्री.) कदंबक फूलक शराब 2. कोकिला, मैना 3. सरस्वती

**कादंबिनी** (स्त्री.) 1. उमड़ल मेघ, मेघमाला 2. एकटा रागिनी

**कान** (पुं.) 1. श्रवणेंद्रिय 2. बासनक कोर 3. कान्ह, कृष्ण, कान

**कानन** (पुं.) 1. रोदन 2. वन

**काना** (वि./पुं.) 1.एक साग 2. कनाह

**काना-फूसी** (स्त्री.) 1. काना कानी 2. कनफुसकी

**कानून** (पुं.) सरकार द्वरा बनल विधि-निषेध नियम, न्याय-व्यवस्था

**कानून और व्यवस्था** (पुं.) कानून आओर व्यवस्था

**कानूनी कार्रवाई** (स्त्री.) विधिसम्मत प्रक्रिया

**कानूनगो** (पुं.) राजस्व विभागक एक अधिकारी

**कानूनदाँ** (पुं.) कानून जननिहार

**कानूनन** (वि.) विधिसंगत, विधिसम्मत

**कानूनी** (वि.) विधि संबंधी

**कॉपी** (स्त्री.) 1. कापी, अभ्यास पुस्तिका, सादा कागतक बही 2. प्रतिलिपि, नकल

**कॉपीराइट** (पुं.) स्वत्वाधिकार, सर्वाधिकार, प्रकाशनाधिकार

**कापुरुष** (पुं.) 1. अधम लोक 2. कायर

**काफिर** (पुं.) नास्तिक

**काफिला** (पुं.) यात्री समूह, एक स्थानसँ दोसर स्थान तक जाए बला यात्री समूह

**काफी** (क्रि.वि.) 1. बहुत, पर्याप्त, प्रचुर 2. कहबा, एकटा पेय

**काबला** (पुं.) छिटकिनी, छिटकिली, किल्ली, अर्गला

**काबिल** (वि.) चतुर, बुधियार, लुरिगर, व्यवहारपटु

**काबिलियत** (स्त्री.) योग्यता, उपयुक्तता

**काबू** (पुं.) 1. नियंत्रण, वश, अधिनता 2. बटेर-क पिंजरा

**काम** (पुं.) 1. काम 2. लालसा, इच्छा, विशेषतः यौन भोगक इच्छा

**कामकाज** (पुं.) काजधंधा, कारबार

**कामगार** (पुं.) जौन, ज'न, बनिहार, मजदूर

**कामचलाऊ** (वि.) कामचलाउ, जोगार, कमचलू

**कामचोर** (वि/पुं.) कोढि, कोढिया, काजसँ देह चोरओनिहार, अहदी

**कामना** (स्त्री.) मनोरथ, लालसा

**कामयाब** (वि.) सफल, सार्थक, सिद्ध

**कामयाबी** (स्त्री.) सफलता, सार्थकता, कार्य-सिद्धि

**कामांध** (वि.) कामुक, काम वासनासँ ग्रस्त, यौनव्यसनी, वासनामे आन्हर

**कामाग्नि** (स्त्री.) उत्कट, कामवासना, कामोत्ते-जन, काम-उद्दीपन, कामोन्माद

**कामातुर** (वि.) कामपीड़ित, काम - वासनासँ आतुर

**कामिनी** (स्त्री.) 1. रमणी, नारी 2. एकटा फूल

**कामी** (वि.) 1.चाहनिहार 2. काम वासनासँ ग्रस्त 3. यौन-व्यसनी

**कामुक** (वि.) काम वासनासँ ग्रस्त, यौन-व्यसनी

**कामुकता** (स्त्री.) विषयासक्ति, यौनासक्ति

**कामोत्तेजक** (वि.) कामोद्दीपक,कामोन्मादक

**कामोन्माद** (पुं.) कामोत्तेजना, काम वासनाक प्रबलता

**काम्य** (वि.) वांछनीय, इष्ट, प्रिय (एहन धार्मिक कृत्य) जे कोनो इच्छाविशेषक पूर्त्यर्थ कएल जाए, अनिवार्यतः नहि, ऐच्छिक

**काय** (पुं.) देह, काया, शरीर

**कायदा** (पुं.) नेम, नियम, बिधान, ढ़ँग

**कायदा-कानून** (पुं.) नियम कानून

**कायम** (वि.) स्थापित, स्थिर, स्थायी, निर्धारित

**कायर** (वि.) डरपोक, भीरु, डरबुक, कायर

**कायरता** (स्त्री.) भीरू हृदय भेनाई

**काया** (स्त्री.) देह, काठी, शरीर

**कायाकल्प** (पुं.) 1. एहन यौगिक/भेषजीय साधना जाहिसँ देहमे यौवन घुरि आबए 2. जीर्णोद्धार

**कायापलट** (पुं.) आमूल परिवर्तन

**कायिक/कायिकी** (वि.) दैहिक

**कार** (स्त्री.) 1. निर्माता, रचयिता (वि) 2. काज 3. कौआक एक प्रजाति

**कारक** (पुं.) 1. कएनिहार, कर्ता 2. प्रेरक, प्रभावक, प्रयोजक 3. (व्याकरणमे) क्रियाक निष्पादनसँ संबद्ध व्यक्ति/भूमिका

**कारखाना** (पुं.) करखाना कार्यशाला

**कारगर** (वि.) प्रभावी, उपयोगी, कारगर

**कारगुजारी** (स्त्री.) होसियारीस काज करए बला

**कारण** (पुं.) ओजह, हेतु, निमित, मूल

**कारतूस** (पुं.) पीतल/दफ्ती आदिसँ बनल खोल जाहिमे बंदूक, तमंचा आदि के एक फायर भरि गोली, बारूद भरल रहै छैक

**कारनामा** (पुं.) प्रशंसनीय काज करतूत, कांड

**कारवाँ** (पुं.) यात्री समूह

**कारस्तानी** (स्त्री.) षड़यंत्र, चालबाजी

**कारागार** (पुं.) कारागृह, जेल, जहल, कएद (कैद)

**कारावास** (पुं.) कएदखाना, कारागार

**कारीगर** (पुं.) 1. पटु, कुशल 2. मिस्त्री, शिल्पी

**कारीगरी** (स्त्री.) कार्यकुशलता, कौशल, पटुता, शिल्प कौशल,

**कारोबार** (पुं.) व्यवसाय, व्यापार

**कार्ड** (पुं.) कार्ड

**कार्बनीकृत पेय** (वि.) कार्बनीकृत पेय

**कार्मिक** (पुं.) कर्मचारी, काज कएनिहार

**कार्य** (पुं.) काज, कर्म,इष्ट-साधन

**कार्यकर्ता** (पुं.) कर्मचारी, काज कएनिहार, कर्ममे संलग्न

**कार्यकलाप** (पुं.) क्रियाकलाप

**कार्यकारिणी** (समिति) (वि.) कार्य संचालक (समिति)

**कार्यकारी** (पुं.) तत्काल काज चलाएबा लेल नियुक्त, कार्यवाहक

**कार्यकाल** (पुं.) कार्य-समय, कार्य-अवधि

**कार्यकुशल** (वि.) लुरिगर, सक्षम, कुशल

**कार्यकुशलता** (पुं.) लूरि भेनाइ, निपुणता

**कार्यक्रम** (पुं.) करबाक हेतु नियत कार्यावली

**कार्यक्षमता** (वि.) कार्य सक्षमता, सामर्थ्य, योग्यता

**कार्यक्षेत्र** (पुं.) कार्यालय, काज के क्षेत्र कार्यग्रहण,

**कार्यग्रहण** (पुं.) कोनो संस्था आदिमे अथवा कोनो पद पर नियुक्ति भेलाक बाद काज प्रारंभ केनाइ

**कार्यदिवस** (पुं.) काज करए के दिन, कार्यदिवस

**कार्यदूत** (पुं.) कार्यदूत

**कार्यनीति** (स्त्री.) कार्यनीति

**कार्यपंजी** (स्त्री.) कार्यपंजी, काज के बही/खाता

**कार्यपालक** (वि./पुं.) कार्यपालक, कार्यान्वयक दायित्व बाला

**कार्यपालिका** (स्त्री.) कार्यपालिका, कार्यान्वयक दायित्वबाला सत्ता

**कार्य-प्रणाली** (स्त्री.) कार्यप्रणाली, कार्य करए के ढंग

**कार्यभार** (पुं.) कार्यभार, काज के दायित्व

**कार्यमुक्ति** (स्त्री.) कार्यमुक्ति

**कार्रवाई** (स्त्री.) कारबाई

**कार्रवाई समिति** (स्त्री.) कारबाई समिति

**कार्ययोजना** (स्त्री.) कार्य योजना, काज के योजना

**कार्यवाहक** (वि.) कार्यकारी, तदर्थ प्रभारी

**कार्यवाही** (स्त्री.) कारबाई, कोनो सभा आदिमे भेल काज, क्रियाक सिलसिला, कानूनी प्रक्रिया

**कार्यविधि** (स्त्री.) कार्य के विधि, कार्यविधि

**कार्य-विवरण** (पुं.) कार्य विवरण, काजक विवरण

**कार्यवृत्त** (पुं.) कार्यवृत्त, कोनो बैठक के संक्षिप्त विवरण, एजेण्डा

**कार्यशील** (वि.) सक्रिय, काजमे लागल

**कार्यसमय** (पुं.) कार्यसमय, काज के समय

**कार्यसमिति** (स्त्री.) कार्यसमिति, कार्य संचा-लन-समिति

**कार्यसाधक ज्ञान** (पुं.) कार्यसाधक ज्ञान, काज चलाबए जोकर ज्ञान

**कार्यसूची** (स्त्री.) कार्यसूची

**कार्य-स्थगन** (पुं.) कार्य-स्थगन, काज स्थगित केनाए

**कार्यानुभव** (पुं.) कार्यानुभव, काज करबाक अनुभव

**कार्यान्वयन** (पुं.) कार्यरूपमे परिणत करब, सम्पादन, निष्पादन

**कार्यान्वित** (वि.) कार्यान्वित

**कार्यान्वित करना** (स.क्रि.) कार्यान्वित करब

**कार्यान्विति** (स्त्री.) कार्यान्विति

**कार्यालय** (पुं.) कार्यस्थल, दफ्तर, ऑफिस

**कार्योत्तर** (वि.) कार्योत्तर, कार्योपरान्त

**काल** (पुं.) कारी, समय, अवधि, आपति-विपति, काल

**काल-कोठरी** (स्त्री.) जहल, बंदीगृह, कारागृह

**कालचक्र** (पुं.) कालचक्र, समयचक्र

**काल-बोध** (पुं.) काल-बोध, समयबोध

**काल-रात्रि** ( स्त्री.) एक तांत्रिक देवी बिपत्तिक राति

**कालांतर** (पुं.) कालांतर, समयांतर, बादमे

**काला** (वि.) कारी, करियर, करियाह

**कालातीत** (वि.) कालातीत,समयतीत

**काला-धन** (पुं.) दुनंबरी कमाई, गलत माध्यमसँ उपार्जित धन

**काला-बाजार** (पुं.) काला-बाजार, चोर-बजार

**कालावधि** (स्त्री.) कालावधि, समयावधि

**कालिख** (स्त्री.) कलंक, सियाह, कालिमा, करिछौंह, कारिख

**कालिमा** (स्त्री.) कारीपन, कलंक, कालिख

**कालीकरतूत** (स्त्री.) कुकर्म, अधलाह कर्म

**कालीन** (पुं.) कालिका, कालसंबंधी, सतरंजी, दरी

**कालीमिर्च** (स्त्री.) मरीच

**कालीसूची** (स्त्री.) कारी-सूची

**काल्पनिक** (वि.) काल्पित, कृत्रिम, मनगढंत, अवास्तबिक

**काव्य** (पुं.) कविता, भावनाप्रधान कलात्मक आ लयात्मक रचना, बहुधा कथा पर आश्रित, काव्य

**काव्य-शास्त्र** (पुं.) काव्यशास्त्र

**काव्यात्मक** (वि.) जीवनके उच्चतम उदक्त मनःस्थितिक ओ क्षण जे कोनो रचना के कैंद्र-बिंदु बनइ छइ

**काश** (अव्य.) कास, उकासी, दमा

**काशीफल** (पुं.) कदीमा

**काश्तकार** (पुं.) खेतिहर, किसान

**काश्तकारी** (स्त्री.) खेतीबारी, कृषिकर्म, खेतिक व्यवसाय

**काष्ठ** (पुं.) काठ, लकड़ी

**काष्ठकला** (स्त्री.) काठसँ कला गढब, काठक कलाकारी

**किंकर्तव्यविमूढ** (वि.) असमंजस, की करी की नहीं एहि दुविधामे पड़ल

**किंचित्** (वि.) थोड़ेक, किछु, कनिकबे

**किंतु** (संयो.) मुदा, पंरच, परंतु

**किंवदंती** (स्त्री.) लोकश्रुति, जनश्रुति

**किटकिटाना** (स.क्रि.) क्रोधसँ दाँत किचनाइ, कचकचाएब

**किट्ट** (पुं.) कजली, कजरी, कज्जली काई, कदई, एक जलजीवी वनस्पति जे ठोस धरातल पर मखमल जकाँ पसरैत अछि

**कितना** (क्रि.वि.) कते, कतेक

**कितने** (वि.) कए टा, कए गोट

**किताब** (स्त्री.) किताब, पोथी, पुस्तक

**किताबी-कीड़ा** (पुं.) किताबी कीड़ा, सदिखन किताब पढए बला

**किताबी ज्ञान** (पुं.) पुस्तकीय ज्ञान

**किताबी दुकान** (वि.) किताबके दोकान

**किधर** (क्रि.वि.) कत, कोन दिस, कोन ठाम

**किनारा** (पुं.) कोर, तट, किनार

**किनारी** (स्त्री.) साड़ीक किनारमे लगएबाक चकमक फीता

**किफायत** (स्त्री.) हाथ सक्कत करब, किफैत, बचत

**किफायती** (वि./स्त्री.) सस्त, अल्प व्ययबाला, किफाइती

**किरकिरा** (वि.) अँकराह, आनंदमे विघ्न-बाधा भेनाइ

**किरकिरी** (स्त्री.) किरकिरी, हेठी, अपमान

**किरण** (स्त्री.) किरिन, किरन, रश्मि

**किरण-चिकित्सा** (स्त्री.) किरन-चिकित्सा

**किराना** (पुं.) 1. ओ फसिल जे केवल बेचबाक हेतु उपजाओल जाए, जेना तमाकू, कुसियार 2. पंसारी के दोकान

**किराना-भंडार** (पुं.) खाद्य तथा बिबिध सामग्रीक दोकान

**किराया** (पुं.) भाड़ा

**किरायानामा** (पुं.) भाड़ा-दलील

**किराया सारणी** (स्त्री.) भाड़ा-तालिका

**किराएदार** (पुं.) भड़ैता

**किराएदारी** (स्त्री.) भाड़ा लगाएब

**किलकारी** (पुं.) किलकिलाएब

**किला** (पुं.) गढ, दुर्ग, महल

**किलाबंदी** (स्त्री.) दुर्ग-रचना
**किल्लत** (स्त्री.) किल्लति, अभाब, दुर्लभ
**किवाड़** (पुं.) केबारि, कपाट
**किशमिश** (स्त्री.) किसमिस, छोट दाख-सन एक मेबा
**किशोर** (पुं.) तरुण
**किशोरावस्था** (स्त्री.) तरुणावस्था
**किशोरी** (स्त्री.) तरुणी
**किश्त** (स्त्री.) किस्त, चुकाएबमे सुविधाक हेतु देय राशिक विभाजित अंश
**किश्ती** (स्त्री.) नाव, डोंगी, नौका
**किसान** (पुं.) खेतिहर, कृषक, गृहस्थ
**किस्त** (स्त्री.) चुकाएबमे सुविधाक हेतु देय राशि क विभाजित अंश, किस्त
**किस्म** (स्त्री.) प्रकार, कोटि
**किस्मत** (स्त्री.) लेखा, भाग्य, नियति
**किस्मतवाला** (वि.) भाग्यवान, भागमंत, भाग्यमान
**किस्सा** (पुं.) खिस्सा-पिहानी, खीसा
**कीकर** (पुं.) बबूरक गाछ
**कीचड़** (पुं.) कादो, काद-माटि, थाल-कादो
**कीट** (पुं.) कीड़ा, फतिंगा
**कीटनाशक** (वि.) कीड़ा-मकोड़ा मारए बला दबाइ
**कीट-पतंग** (पुं.) कीट-फतिंगा, कीड़ा-मकोड़ा
**कीट-विज्ञान** (पुं.) कीट-फतिंगाक बारेमे विज्ञानक विद्या
**कीटाणु** (पुं.) अणुवत सूक्ष्म कीट
**कीड़ा** (पुं.) कीट, फतिंगा
**कीड़े-मकोड़े** (पुं.) कीड़ा-मकोड़ा, कीट आ फतिंगा
**कीमत** (स्त्री.) दाम, मूल्य
**कीमत-सूची** (स्त्री.) दामक तालिका, मूल्य-सूची
**कीमती** (वि.) दामी, महग, महगा
**कीमा** (पुं.) मेही कए काटल मांस
**कीर्तन** (पुं.) 1. भक्ति गीत, भजन, कीर्तन 2. गुणगान, स्तुति
**कीर्ति** (स्त्री.) ख्याति, यश, ज'स
**कीर्तिमान** (वि.) कीर्तिमान
**कीर्ति-स्तंभ** (पुं.) स्मारक
**कील** (स्त्री.) काँटी, नोकगर काठी वा डंटा
**कीला** (पुं.) बड़का काँटी, नहगर काँटी
**कील्ली** (स्त्री.) धुरी, केबाड़क किल्ली
**कुंजी** (स्त्री.) चाभी, कुंजिका, कुंजी
**कुंजीपटल** (स्त्री.) कुंजीपटल, की-बोर्ड
**कुंठा** (स्त्री.) ग्लानि, नैराश्य, कुंठा
**कुंठित** (वि.) कुंठित, कुंठा होयबाक अवस्था
**कुंड** (पुं.) 1. छोटका पोखरि, जलाशय, डबरा, 2. हवनार्थ बनाओल खाधि
**कुंडल** (पुं.) कर्णभूषण, कानमे पहिरबाक वलय
**कुंडलाकार** (वि.) गोलाकार
**कुंडलित** (वि.) गोलाकारबला
**कुंडली** (स्त्री.) 1. छोटका कर्णभूषण 2. जन्म-कालिक ग्रहस्थितिक सूचक, टिपनि इत्यादि
**कुंडा** (पुं.) 1. कुण्डवत् माटिक बासन विशेष 2. बिलैआ
**कुंडी** (स्त्री.) 1. भाङ घोटबाक पाथर/माटिक आदिक पात्र 2. बिलैआ, केबार लगेबाक छिटकी
**कुंद** (वि./पुं.) 1. मंदबुद्धि, भोथ, मंद 2. एक फूल
**कुंदन** (पुं.) शुद्ध सोना
**कुंदा** (पुं.) खराज, रंदा
**कुंभ** (पुं.) 1. घैल, कलश, कुंभ 2. राशि-चक्रक एगारहम राशि
**कुंभकार** (पुं.) कुम्हार, कुंभ बनौनिहार
**कुँअर** (पुं.) कुमर, कुम्मर, पुत्र
**कुँआरा** (कुँवारा) (वि./पुं.) कुमार, अविवाहित
**कुँआरी** (कुँवारी) (वि./स्त्री.) कुमारि, अविवाहिता स्त्री

**कुँदरू** (पुं.) एक लत्ती आ फल जकर तरकारी बनाओल जायत अछि
**कुँवर** (कुँअर) (पुं.) 1. राजाक बेटा, राजकुमार 2. अविवाहित
**कुँवरी** (कुँआरी) (स्त्री.) 1. राजकुमारी 2. अविवाहिता स्त्री
**कुँवारा** (कुँआरा) (स्त्री.) अविवाहित, कुमार
**कुँवारी** (कुँआरी, कुमारी) (क्रि.वि) अविवाहिता स्त्री, कुमारि
**कुआँ** (पुं.) इनार, कूप
**कुकर्म** (पुं.) पापकर्म, अनुचित कर्म, अधलाह कर्म
**कुकर्मी** (वि.) कुकर्म कयनिहार
**कुकुर** (पुं.) कुत्ता, श्वान
**कुकुर-खाँसी** (स्त्री.) कुकुर-खाँसी
**कुकुरमुत्ता** (पुं.) गोबरछत्ता, शिलीन्ध्र, छत्रक
**कुकृत्य** (पुं.) पापकर्म, निन्द्य काज, पाप
**कुक्कुट** (पुं.) मुरगा, मुर्गा
**कुक्कुटपालन** (पुं.) मुरगापालन, मुरगाक व्यवसाय
**कुक्षि** (स्त्री.) पेट, गर्भ, कोँखि
**कुख्यात** (वि.) अधलाह कर्मसँ प्रसिद्ध, कुप्रसिद्ध
**कुख्याति** (स्त्री.) कुख्यात होएबाक अवस्था, कुप्रसिद्धि, अपजस
**कुच** (पुं.) नारीक स्तन/वक्ष/छाती
**कुचक्र** (पुं.) षड्यंत्र, कुचक्र
**कुचक्री** (पुं./वि.) षड्यंत्रकारी
**कुचलना** (स.क्रि.) कूचब, पिचब
**कुचालक** (वि.) कुसंवाहक, कुचालक
**कुचेष्टा** (स्त्री.) अधलाह चेष्टा
**कुछ** (सर्व./वि.) किछु, किंचित्
**कुछ का कुछ** (अव्य) किच्छुक किछु
**कुछ-कुछ** (सर्व.) किछु किछु
**कुछेक** (वि.) कुछेक, किछुएक
**कुजाति** (स्त्री.) जन्मतः अधलाह
**कुटाई** (स्त्री.) कुटब, कूटब
**कुटिया** (स्त्री.) 1. कुटी, कुटीर, खोपड़ि 2. कुटनी 3. माछक खंड
**कुटिल** (वि.) टेढ, वक्र
**कुटी** (स्त्री.) कुटीर, खोपड़ि
**कुटीर** (पुं.) कुटी, खोपड़ि
**कुटीर-उद्योग** (पुं.) कुटीर-उद्योग
**कुटुंब** (पुं.) कुटुम, संबंधी
**कुटुंबी** (पुं.) संबंधी
**कुट्टी** (स्त्री.) 1. बच्चासबकेँ खेलमे क्षणिक मैत्रीभंग करब 2. माल-जाल हेतु छोट छोट काटल नार-पोआर वा घास
**कुठार** (पुं.) कुड़हरि, कुठार
**कुठाराघात** (पुं.) कुड़हरिसँ काटब, नाशक चेष्टा करब
**कुड़की** (कुर्की) (स्त्री.) कुरकी, कुड़की
**कुड़कुड़ाना** (अ.क्रि.) कुड़कुड़ायब, कुड़कुड़क ध्वनि करब
**कुढंग** (पुं.) कुचालि, विषमता
**कुढन** (स्त्री.) कुढब, किचकिचाएबाक स्थिति
**कुढना** (अ.क्रि.) खौँझाएब, किचकिचाएब
**कुतरना** (स.क्रि.) दाँतसँ किछु अंश काटि लेब कुतरब
**कुतर्क** (पुं.) असमीचीन तर्क, कुर्तक
**कुतिया** (स्त्री.) कुत्ताक स्त्री, कुकुरबी
**कुतुबनुमा** (पुं.) एक यंत्र जाहिमे सूइया सदा उत्तरी ध्रुवदिश रहैत अछि
**कुतूहल** (पुं.) उत्सुकता, कौतुक, अचंभा
**कुत्ता** (पुं.) कुकुर, श्वान
**कुत्सित** (वि.) निंदित, अधलाह
**कुदरत** (स्त्री.) प्रकृति
**कुदरती** (वि.) प्राकृतिक
**कुदान** (स्त्री.) 1. कुदबाक क्रिया 2. दूरीक अतिक्रमण करब
**कुदाल** (पुं.) कोदारि
**कुदाली** (स्त्री.) कोदारि
**कुदृष्टि** (स्त्री.) अधलाह दृष्टि, कुदृष्टि

**कुनकुना** (वि.) किछु गर्म, गुनगुना
**कुनबा** (पुं.) कुल, परिवार, कुटुम, संबंधी
**कुनबापरस्त** (वि.) कुटुंबक आग्रही, परिवारक आग्रही
**कुनबापरस्ती** (स्त्री.) परिवारक आग्रह
**कुनैन** (स्त्री.) कुनैन, औषधि विशेष
**कुपथ** (पुं.) कुपथ्य, अहितकर मार्ग
**कुपथ्य** (पुं.) कुपथ्य, अहितकर
**कुपात्र** (वि./पुं.) अयोग्य, अपात्र, अनधिकारी
**कुपित** (वि.) अप्रसन्न, क्रुद्ध, क्रोधित
**कुपुत्र** (पुं.) अयोग्य पुत्र, कपूत
**कुपूत** (वि./पुं.) अयोग्य पुत्र, कुपुत्र
**कुपोषण** (पुं.) अपुष्ट भोजन, कुपोषण
**कुप्पा** (स्त्री.) चमड़ाक चोङा
**कुप्पी** (स्त्री.) चमड़ाक छोट चोङा
**कुप्रथा** (स्त्री.) कुरीति, अनुचित प्रथा
**कुप्रबंध** (पुं.) अनुचित व्यवस्था
**कुप्रभाव** (पुं.) अनुचित प्रभाव
**कुप्रयोग** (पुं.) अनुचित प्रयोग
**कुप्रशासन** (पुं.) कुप्रशासन, कुशासन
**कुबड़ा** (वि./पुं.) कुब्ज, वक्र अथवा उगल अस्थिपंजरबाला
**कुबड़ी** (स्त्री.) कुब्जा
**कुबुद्धि** (स्त्री.) कुबुधि, दुर्मति, दुर्बुद्धि
**कुमक** (स्त्री.) पोषण, दृढकरब
**कुमति** (स्त्री./वि.) दुर्मति, कुबुधि
**कुमार** (वि./पुं.) अविवाहित, अप्रौढवयस्क
**कुमारी** (स्त्री.) अविवाहिता स्त्री
**कुमार्ग** (पुं.) कुपथ, अनुचित मार्ग
**कुमुद** (पुं.) एक प्रकारक जलपुष्प
**कुमुदिनी** (स्त्री.) कुमुदपुष्प वा कुमुदलता
**कुम्हड़ा** (पुं.) कुम्हर, श्वेत कूष्मांड
**कुम्हलाना** (स. क्रि.) मौलायब
**कुम्हार** (पुं.) कुंभकार, कुम्हार
**कुरकी** (कुर्की) (स्त्री.) कुरकी, जप्त भ' सरकारक प्रभुत्वमे चलि जायब, कुर्की-जप्ती
**कुरकुरा** (वि.) कुरकुर, भूजल वा तरल खाद्यपदार्थ
**कुरबानी** (वि/स्त्री.) बलिदान, बलिप्रदान
**कुरान** (पुं.) मुसलमानक धर्मग्रंथ
**कुरीति** (स्त्री.) कुप्रथा, अनुचित प्रथा
**कुरूप** (वि.) देखबामे अधलाह, असुंदर
**कुरूपता** (स्त्री.) कुरूप होएबाक स्थिति
**कुरेदना** (स. क्रि.) खोधब, उत्खनन, कोरब
**कुर्क** (कुड़की) (स्त्री.) करकी, जप्त भ' सरकारक प्रभुत्वमे चलि जायब
**कुर्की आदेश** (पुं.) कुरकीक आदेश
**कुर्ता** (पुं.) कुरता, एक प्रकारक अंगा
**कुर्ती** (स्त्री.) कुरती, स्त्रीक धारणार्थ अंगा
**कुर्बान** (वि.) बलिप्रदान
**कुर्बानी** (स्त्री.)बलिदान देब
**कुर्सी** (कुरसी) (स्त्री.) कुरसी, मचिया
**कुल** (वि.) 1. सब, संपूर्ण 1. वंश, परिवार, कुटुंब
**कुलक्षण** (पुं./वि.) अधलाह लक्षण, कुलक्षण
**कुलक्षणी** (स्त्री./वि.) अधलाह लक्षणबाली, कुलक्षणा
**कुलगुरु** (पुं.) कुलक गुरु, कुलगुरु, पुरोहित
**कुलटा** (स्त्री.) व्यभिचारिणी, अनेक पुरुषसँ संबंध-स्थापित कर'बाली स्त्री
**कुलदेवता** (पुं.) कुलमे पूजनीय देवी, गोसाउनि, कुलदेवता
**कुलनाम** (पुं.) उपनाम, उपाधि
**कुलपति** (पुं.) कुलपति, विश्वविद्यालय आदिक प्रधान पद
**कुलफा** (पुं.) 1. एक प्रकारक साग/तरकारी 2. ओ नली सदृश पात्र जाहिमे मलाइ, दूध आदि पौरल जाइत अछि
**कुलफी** (कुल्फी) (स्त्री.) नली सदृश पात्र जाहिमे मलाइ, दूध आदि जमाओल जाइत अछि
**कुलबुलाना** (अ क्रि) हिलब-डोलब, बेचेनी प्रकट करब

**कुल-मर्यादा** (स्त्री.) कुलरीति, कुलक प्रथा
**कुलवधू** (स्त्री.) कुलक नवविवाहिता स्त्री पुत्रवधू
**कुलसचिव** (पुं.) कुलसचिव
**कुलाँच** (स्त्री.) कुदकब, कूदब
**कुलाधिपति** (पुं.) कुलाधिपति
**कुलाध्यक्ष** (पुं.) कुलाध्यक्ष
**कुली** (पुं.) यात्रीक मोटा उघनिहार मजदूर, कुली, मजदूर
**कुलीन** (वि.) उत्तम कुलमे उत्पन्न
**गोलमाल** (पुं.) गड़बर, गोलमाल

**गोला** (पुं.) अंडाकार पिंड, ढेप, गोला

**गोलाई** (स्त्री.) वर्तुलता, गोलाइ

**गोलाकार** (वि.) कंदुकाकार, गोलाकार

**गोलाबारी** (स्त्री.) तोपसँ कयल गोलाक वर्षा, गोलाबारी

**गोला-बारूद** (पुं.) गोला आ बारूद, युद्ध-सामग्री

**गोलार्ध** (पुं.) 1. गोलक आधा, गोलार्ध 2. पृथ्वीक आधा भाग

**गोली** (स्त्री.) 1. बंदूकक गोली, बुलेट 2. टिकिया, वटिका

**गोलीकांड** (पुं.) गोलीकांड, गोली चलबाक घटना

**गोली-बारी** (स्त्री.) गोलीबारी, गोलीक वर्षा

**गोवध** (गौहत्या) (पुं.) गोवध, गौहत्या

**गोशाला** (स्त्री.) गायक घर, गोशाला

**गोश्त** (पुं.) मांस

**गोष्ठी** (स्त्री.) 1. छोट सभा, जुटान, गोष्ठी 2. विचार सभा

**गोष्ठीकक्ष** (पुं.) सभा भवन, सभा स्थल, गोष्ठीकक्ष

**गोहत्या** (स्त्री.) गोवध

**गेहूँ** (स्त्री.) गहूम, अन्न

**गौण** (वि.) 1. अप्रधान 2. गुण संबंधी

**गौना** (पुं.) गओना, द्विरागमन, कन्याक बिदागरी

**गौर** (पुं.) 1. गौरवर्ण, श्वेतवर्ण 2. गंभीर विचार 3. नीकसँ ध्यान देब

**गौरतलब** (वि.) विचारणीय, विचारयोग्य

**गौरव** (पुं.) गुरुत्व, भारीपन, महत्व

**गौरवग्रंथ** (पुं.) गौरवग्रंथ

**गौरवपूर्ण** (वि.) गौरवपूर्ण, गर्वयुक्त

**गौरवशाली** (वि.) गौरवशाली, गौरबाह

**गौरवान्वित** (वि.) गौरवान्वित

**गौरैया** (स्त्री.) एक छोट पक्षी, बगड़ा
**ग्यारह** (वि.) एगारह, एक अधिक दस
**ग्रंथ** (पुं.) पोथी, पुस्तक, ग्रंथ
**ग्रंथकार** (पुं.) पोथी लिखनिहार, ग्रंथकार, लेखक
**ग्रंथमाला** (स्त्री.) कार्यालय-विशेषसँ क्रमपूर्वक प्रकाशित पोथी
**ग्रंथालय** (पुं.) पुस्तकालय, ग्रंथागार, ग्रंथालय
**ग्रंथांक** (पुं.) पुस्तकक अध्याय
**ग्रंथसूची** (स्त्री.) ग्रंथसूची
**ग्रंथसूचीकार** (पुं.) ग्रंथसूची बनओनिहार
**ग्रंथि** (स्त्री.) 1. गेँठ, गीरह 2. गिलटी 3. ओझ-राओ, जटिलता
**ग्रसना** (स.क्रि.) ग्रहण करब, पकड़ब, धरब
**ग्रसनी** (स्त्री.) गीरब, पकड़ब
**ग्रस्त** (वि.) बझल, पकड़ाएल, धराएल
**ग्रह** (पुं.) सूर्यक परिक्रमा कएनिहार ज्योतिष्पिंड, ग्रह
**ग्रहण** (पुं.) धरब, पकड़ब, स्वीकृति
**ग्रहणशक्ति** (स्त्री.) 1. मेधा, स्मरणशक्ति 2. ग्राह्य शक्ति
**ग्राम** (पुं.) गाम
**ग्रामपंचायत** (स्त्री.) ग्रामपंचायत
**ग्रामवासी** (पुं.) ग्रामीण, गौआँ
**ग्रामविकास** (पुं.) ग्रामविकास, गामक विकास
**ग्राम-सुधार** (पुं.) ग्राम-सुधार
**ग्रामीण** (पुं.) गौआँ, गाममे रहनिहार
**ग्रामोद्योग** (पुं.) ग्रामोद्योग
**ग्राम्य** (वि.) 1. ग्राम संबंधी, ग्रामीण 2. गमार
**ग्राम्य भाषा** (स्त्री.) ग्राम्य भाषा
**ग्रास** (पुं.) कओर
**ग्राह** (पुं.) गोहि
**ग्राहक** (पुं.) लेनिहार, किननिहार, ग्राहक
**ग्राहकवर्ग** (पुं.) ग्राहकवर्ग
**ग्राहक हितैषी** (वि.) ग्राहक हितैषी, ग्राहक लाभार्थी
**ग्राही** (वि.) ग्रहण कयनिहार, पकड़'बाला
**ग्राह्य** (वि.) ग्रहणीय, ग्रहण कर'बाला
**ग्राह्यता** (स्त्री.) ग्रहणीयता
**ग्रीवा** (स्त्री.) गरदनि, कंठ
**ग्रीष्म** (स्त्री.) गरमीक मौसम (वैशाख, ज्येष्ठ आ आषाढ), निदाघ
**ग्रीष्म-ऋतु** (स्त्री.) ग्रीष्म-ऋतु, गरमीक मौसम
**ग्रीष्मकालीन** (वि.) ग्रीष्म-ऋतु संबंधी
**ग्रीष्मशिविर** (पुं.) ग्रीष्मशिविर
**ग्रीष्मावकाश** (पुं.) ग्रीष्मावकाश
**ग्लानि** (स्त्री.) 1. थकावट, शिथिलता 2. अपन कुकर्मपर खेद आ लाज, पश्चात्ताप
**ग्वाला** (ग्वाल) (पुं.) 1. गोप, चरवाहा 2. गुआर
**ग्वालिन** (स्त्री.) चरवाहिन, गुआरिन, दूध बेच-निहारि

# घ

**घंटा** (पुं.) 1. घाँटी 2. कालक एक मान 3. घड़ी, कालसूचक यंत्र 4. अवधि, काल, समय
**घंटाघर** (पुं.) घंटाघर, टॉवर
**घंटी** (स्त्री.) घाँटी
**घट** (पुं.) घैल, कलश
**घटक** (पुं.) कराब'बाला, साधक, योजक
**घटती** (स्त्री.) कमी, न्यूनता (वि.) पतन, अवनति
**घटना** (स्त्री.) 1. घटित होयब, योजना 2. कम होयब
**घटना केंद्र** (पुं.) घटना स्थल, घटना केंद्र
**घटनाक्रम** (घटनावली) (पुं.) घटनाक क्रम
**घटना चक्र** (पुं.) घटना चक्र, घटनाक परंपरा
**घटनापूर्ण** (वि.) घटनापूर्ण, घटनासँ युक्त
**घटना-बढना** (अ.क्रि.) घटब आ बढब
**घटनास्थल** (पुं.) घटनास्थल, घटनाकेंद्र
**घटनीय** (वि.) घटित होयबाला, घटनीय
**घट-बढ** (स्त्री.) 1. कम-बेसी 2. अस्थिरता
**घटवाना** (स.क्रि.) घटबाएब, घटाएब
**घटा** (स्त्री.) मेघमाला, मेघमंडल

**घटाटोप** (पुं.) 1. मेघाडंबर 2. ओहार, आवरणीय वस्त्र

**घटाना** (स.क्रि.) घटाएब, कम करब

**घटा हुआ** (कम) (स्त्री.) कम भेल, कम

**घटित** (वि.) 1. जे भेल हो 2. प्रस्तुत, रचित

**घटिया** (वि.) घटिआ, निम्न स्तरक

**घड़घड़ाहट** (स्त्री.) घड़-घड़कध्वनि, घरघराहटि

**घड़ा** (पुं.) घैल, कलश

**घड़ियाल** (पुं.) 1. गोहि 2. बड़का घंटा 3. देबाल-घड़ी

**घड़ी** (स्त्री.) 1. कालसूचक यंत्र 2. मुहूर्त, समय

**घड़ीसाज** (पुं.) घड़ी क' साफ/ठीक करबाला

**घड़ीसाजी** (स्त्री.) घड़ीकेँ मरम्मति/भङठी कएनिहार मिस्त्री

**घन** (पुं.) 1. घनक्षेत्र 2. मेघ

**घनक्षेत्र** (पुं.) घनक्षेत्र

**घनघनाना** (पुं.) घन-घन'क ध्वनि

**घनघोर** (वि.) प्रबल, बहुत घनगर, भयंकर

**घनचक्कर** (पुं.) मूर्ख, अस्थिरमति

**घनत्व** (पुं.) घनता, द्रव्यमान ओ आयतनक अनुपात

**घनफल** (पुं.) घनफल, तीन आयामक गुणन-फल

**घनमान** (पुं.) घनमान

**घनमूल** (पुं.) घनमूल

**घना** (वि.) घनगर

**घनिष्ठ** (वि.) परम घन, अंतरंगतम

**घनिष्ठता** (स्त्री.) घनिष्ठ होएबाक भाव

**घनीभूत** (वि.) गाढ, जोरगर

**घपला** (पुं.) अव्यवस्थासँ वा कार्य-संपादनक गलत रीतिक कारण उत्पन्न गड़बड़ी, गोलमाल

**घपलेबाजी** (स्त्री.) गबनक कार्य

**घबड़ाना** (घबराना) (अ.क्रि.) घबड़ाएब, घबराएब, अधीर होएब (स.क्रि.) अस्थिर, अधीर करब

**घबड़ाहट** (घबराहट) (स्त्री.) अधीरता

**घमंड** (पुं.) गुमान, अभिमान

**घमंडी** (वि.) गुमान कएनिहार

**घमासान** (वि.) घोर युद्ध

**घमौरी** (स्त्री.) घमौरी, घामसँ उत्पन्न छोट-छोट फोँसरी

**घर** (पुं.) भवन, निवासस्थल, आवास

**घर-गृहस्थी** (स्त्री.) घर-गृहस्थी, घरक काम-काज

**घरघराना** (अ.क्रि.) घड़घड़ाएब, घड़-घड़क ध्वनि करब

**घरघराहट** (स्त्री.) घड़-घड़क ध्वनि

**घरजँवाई** (पुं.) घरजमाए

**घरबार** (पुं.) घर आ परिवार, गृहस्थी

**घराती** (स्त्री.) कन्यागत

**घराना** (पुं.) कुल, वंश

**घरेलू** (वि.) 1. घरौआ, घरक, घरक संबंधी 2. पालतू

**घरौंदा** (पुं.) 1. छोट घर 2. बच्चाक खेलबाक माटिक छोट घर

**घर्षण** (पुं.) घसब, रगड़ब

**घसियारा** (पुं.) घास कटबाक यंत्र, घास काट'बाला

**घसीट** (स्त्री.) घसब, रगड़ब

**घसीटना** (स.क्रि.) घसेटब, घिसिआएब

**घहराना** (अ.क्रि.) गरजब

**घाघ** (पुं.) चतुर, दूरदर्शी, घाँइ

**घाघरा** (पुं.) घाघरा, घघरा

**घाट** (पुं.) नदीमे पार उतरबाक स्थान, पोखरि आदिमे स्नान स्थल

**घाटा** (पुं.) हानि, नोकसान

**घाटी** (स्त्री.) पर्वतक बीचमे समतल भूमि

**घात** (स्त्री.) चोट, प्रहार, घात

**घातक** (वि./पुं.) 1. घात कएनिहार 2. प्राण-नाशक, प्राणान्तकारक

**घाती** (वि./पुं.) 1. प्राणान्तकारी 2. छली

**घान** (पुं.) घानी, पेरबा/भुजबामे एक बेरमे लगएबाक मात्रा

**घानी** (स्त्री.) 1. तेल आदि पेरबाक यंत्र 2. भूजा भुजबाक घानी

**घाम** (पुं.) पसेना, स्वेद

**घायल** (वि./पुं.) घालि, घाइल

**घाल-मेल** (पुं.) 1. गड़बड़ी 2. अवैध संबंध

**घाव** (पुं.) घा, घाओ

**घास** (स्त्री.) तृण, खढ-पात, घास

**घास काटना** (स.क्रि.) घास काटब

**घास-पात** (स्त्री.) खढ-पात, घास-पात

**घास-फूस** (पुं.) 1. खढ-पात 2. तुच्छ पदार्थ

**घासलेट** (पुं.) मटिया तेल

**घिघियाना** (अ.क्रि./पुं.) 1. डेराएल ध्वनि, खेखनियाँ, दीनतापूर्वक याचना 2. घिघियाएब, अस्पष्ट बोली

**घिन** (स्त्री.) घृणा

**घिनाना** (स.क्रि.) घिनाएब, घृणा करब

**घिनौना** (वि.) घिनाओन, घृणित, वीभत्स

**घिया** (स्त्री.) घीआ, सजमनि आ झिमनीक एक प्रभेद, घेरा, घिउरा

**घिरना** (अ.क्रि.) 1. घेराएब, घेरमे आयब 2. एकत्र करब

**घिरनी** (स्त्री.) चरखी, घूर्णन-चक्र

**घिरवाना** (स.क्रि.) घेरवाएब, घेरक कार्य कराएब

**घिराई** (स्त्री.) घेरक क्रिया

**घिराव** (घेराव) (पुं.) घेरक क्रिया वा भाव, घेर, अवरोध

**घिसटना** (अ.क्रि.) घुसकब

**घिसना** (स.क्रि./अ.क्रि.) घसब, घँसब

**घिसवाना** (स.क्रि.) घिसाएब,

**घिसाई** (स्त्री.) 1. घसाठ, घेसाट 2. घोर परिश्रम

**घिसा-पिटा** (वि.) 1. साधारण, मामूली 2. पुराण, घँसल

**घी** (घीव, घृत) (पुं.) घी, घृत

**घुंडिदार** (वि.) ओ जाहिमे घुंडी (कपड़ाक गोली जाहिसँ बटनक काज होइ छैक) बनल हो

**घुँघनी** (स्त्री.) घुघनी, बदामकेँ उसिन वा फुलाकेँ तेलमे तरल

**घुँघराला** (वि.) औंठिआ (केस), घुरमल-घुरमल, कुंचित,

**घुँघरू** (पुं.) घुघरू, छोट-छोट घंटीक माला जे विशेषतः नर्तक आदि पहिरैत अछि

**घुइया** (अरबी) (स्त्री.) एक तरकारी, पेंची

**घुटन** (स्त्री.) 1. श्वासरोध, दम फुलब 2. निराशा, कुंठा

**घुटना** (पुं./अ.क्रि.) 1. ठेहुन, ठेङुन 2. दम फुलब

**घुट्टी** (स्त्री.) शिशुकेँ पिआब'बला रेचक-पाचक औषध

**घुड़कना** (स.क्रि.) तमकब, तमतमाएब, हुड़कब

**घुड़की** (स्त्री.) तमतमाएब आ दमसब

**घुड़चढी** (स्त्री.) विवाहमे घोड़ा चढ'क विधि

**घुड़दौड़** (स्त्री.) घोड़ा दौड़एबाक स्पर्धा

**घुड़सवार** (पुं.) घुड़सवार, घोड़ापर सवार भेनिहार, घोड़सवार

**घुड़सवारी** (स्त्री.) अश्वारोही, घोड़ाक सवारी

**घुड़साल** (अस्तबल) (स्त्री.) अश्वशाला, अस्तबल

**घुन** (पुं.) काठमे लगनिहार एक छोट कीड़ा

**घुनना** (अ.क्रि.) 1. घुन लागब 2. शोक आ रोगसँ क्षीण होयब

**घुन्ना** (वि.) घुइआँ, मनक भावकेँ भीतरे रखनिहार चुप्पा

**घुमंतू** (घुमक्कड़) (वि.) भ्रमणव्यसनी, घुमक्कड़

**घुमड़ना** (अ.क्रि.) घुमड़ब

**घुमाना** (स.क्रि.) 1. घुमायब 2. मोड़ब 3. ऐंठब

**घुमाव** (पुं.) घुमाबक भाव, फेरा

**घुमावदार** (वि.) घुमौआ, पेचदार

**घुमाव-फिराव** (पुं.) 1. घुरब आ फिरब 2. भ्रामक, अस्पष्ट

**घुलनशील** (वि.) द्रवित होयबला, पिघल'बाला

**घुलना** (अ.क्रि.) गलब, पिघलब, द्रवित होयब

**घुलाना** (स.क्रि.) गलायब, पिघलायब

**घुसना** (अ.क्रि.) घुसब, प्रवेश करब, प्रविष्ट होयब, पैसब

**घुसपैठ** (स्त्री.) 1. पहुँच बनायब 2. प्रवेश, प्रविष्टि

**घुसपैठ करना** (अ.क्रि.) घुसपैठ करब, प्रवेश करब

**घुसपैठिया** (पुं.) घुसपैठिया, अनपेक्षित प्रवेश करबाला

**घुसाना** (घुसेड़ना) (स.क्रि.) घुसायब, प्रवेश करायब

**घूँघट** (पुं.) घोघ, मुँह झपबाल' वस्त्रक आवरण

**घूँट** (पुं.) घोंट, द्रव पदार्थकेँ मात्रा वा गीड़ब

**घूँसा** (पुं.) घुस्सा, मुक्का, मुष्टिप्रहार

**घूँसेबाज** (वि.) घुस्सा मारनिहार, मुष्टिप्रहार कयनिहार

**घूँसेबाजी** (स्त्री.) मुष्टिप्रहारक युद्ध, मुक्काक युद्ध

**घूमना** (अ.क्रि.) 1. घुरब, प्रत्यावर्तित होएब 2. घुमब, भ्रमण करब

**घूमना-फिरना** (अ.क्रि.) घुमब आ फिरब

**घूरना** (स.क्रि.) ताकब, देखब, दृष्टि देब

**घूरा** (पुं.) बहारन-सोहारन, गदौस

**घूर्णन** (पुं.) घुमब, भ्रमण

**घूस** (स्त्री.) अवैध कार्यक'लेल प्रलोभन, उत्कोच, घूस

**घूसखोर** (पुं.) घूस लेनिहार, प्रलोभन स्वीकार कयनिहार

**घूसखोरी** (स्त्री.) उत्कोचग्रहण, घूस लेब

**घृणा** (स्त्री.) घिन, घृणा

**घृणास्पद** (वि.) घृणा कर' योग्य

**घृणित** (वि.) घृणाक पात्र, निंदित

**घृत** (दे. घी) (पुं.) घी, घृत

**घेंघा** (गलगंड) (पुं.) घेघ, गरदनिमे मांस बढबाक रोग

**घेर** (पुं.) चतुर्दिक अवरोध, घेर

**घेरदार** (वि.) दीर्घ घेर, चौड़गर घेर

**घेरना** (स.क्रि.) 1. घेरब, आवेष्टित करब, अवरोध करब 2. अधिकारमे करब

**घेरा** (पुं.) 1. घेरबाक क्रिया वा भाव 2. अवरोध 3. घेर'बला सामग्री

**घेराबंदी** (घेरेबंदी) (स्त्री.) कोनो स्थान वा देशकेँ चारूकात घेर क' निकास आ विकास के अवरुद्ध करबाक कार्य

**घेराव** (घिराव) (पुं.) घेराबंदी, घेरब

**घोंघा** (पुं.) 1. डोका, घोँघा 2. मूढ, मूर्ख

**घोंघा-बसंत** (पुं./वि.) महामूर्ख, घोँघ-वसंत

**घोंपना** (स.क्रि.) भोँकब, गड़ाएब

**घोंसला** (पुं.) खोप, खोता, नीड़, परबा आदि पक्षीक घर

**घोटा** (पुं.) सोटा, घोँटबाक उपकरण

**घोटाई** (स्त्री.) घोँटक क्रिया/भाव

**घोटना** (घोँटना) (स.क्रि.) 1. घोँटब, फेँटब 2. पीसब 3. स्मरण करब

**घोटाला** (पुं.) घोटाला, गड़बड़

**घोड़ा** (पुं.) 1. अश्व, घोटक, घोड़ा 2. बंदूक आदिक गुरकिल्ली जे दबओला पर गोली छुटैत अछि

**घोड़ागाड़ी** (स्त्री.) घोड़ासँ चल'बाला गाड़ी

**घोड़ी** (स्त्री.) मादा घोड़ा, घोड़ाक स्त्रीलिंग

**घोर** (वि.) 1. तीव्र, तेज, प्रखर 2. उग्र, प्रचंड, दारुण 3. मिश्रण, मिश्रित द्रव

**घोल** (पुं.) हल्ला, कोलाहल 2. उड़ंती, जनरव

**घोलना** (स.क्रि.) घोर'ब, मिलाएब, मिश्रित करब, फेंटब

**घोष** (पुं.) उच्च गंभीर शब्द 2. घोषणा, एलान

**घोषणा/उद्घोषणा** (स्त्री.) बाजिकेँ वा लिखिकेँ कोनो बात प्रकट करब

**घोषणापत्र** (पुं.) घोषणापत्र, जाहिमे घोषणा लिखल हो से पत्र

**घोषित** (वि.) प्रकट कएल, सूचित कएल गेल

**घोसी** (पुं.) अहीर, गोआर

**घ्राण** (पुं.) सुंघनाइ

**घ्राणेंद्रिय** (स्त्री.) नाक, सुँघ'बाला इंद्रिय

# च

**चंगा** (वि.) स्वस्थ, कुशल, शुद्ध, प्रशांत

**चंगुल** (पुं.) चाङुर

**चंचल** (वि.) चंचल, अस्थिर

**चंचलता** (स्त्री.) चंचलता, अस्थिरता

**चंचु** (पुं.) 1. चोंच पक्षीक मुहमे ठोरजकाँ गिरै लेल, लोल 2. कलमक नोक

**चंट** (वि.) चालाक, चतुर

**चंडाल** (पुं.) चांडाल, प्राचीन कालक एक जाति जे जल्लादक काज करैत छल

**चंद** (वि.) किछु, सीमित

**चंदन** (पुं.) चानन, श्रीखंड

**चंदा** (पुं.) बेहरी, अंशदान

**चंदोवा** (पुं.) ओहार, उपरसँ लगाब'बाला कपड़ाक छांह

**चंद्र** (पुं.) चंद्रमा, चान

**चंद्रग्रहण** (पुं.) चंद्रगहण

**चंद्रबिंदु** (पुं.) चंद्रबिंदु

**चंद्रमा** (पुं.) चान, चंद्रमा, चंद्र

**चंद्रमुखी** (स्त्री.) चंद्रमा सन मुँहबाली स्त्री, चानसन मुखबाली स्त्री, सुंदरी

**चंद्रयान** (पुं.) चंद्रयान

**चंद्रलोक** (पुं.) चंद्रलोक

**चंद्रहार** (पुं.) 1. चंद्रमाक आकारक हार 2. सोनाक टुकड़ा

**चंद्रिका** (स्त्री.) चंद्रिका, चानक इजोरिया

**चंद्रोदय** (पुं.) चानक उगब, चंद्रोदय, चंद्रमा उगब, चन्द्रमाक उदय

**चंपई** (वि.) चंपा फूलक रंग सन

**चंपक** (पुं.) पीयर फूल बाला वृक्ष (गाछ)

**चंपी** (स्त्री.) मालिस केनाइ

**चँवर** (पुं.) चॉवर, देवता सभकेँ आगू डोलबै बाला चामर

**चक** (पुं.) भूखंड, शासन द्वारा नापीक' देल गेल भूखंड (आबंटित भूखंड)

**चकती** (स्त्री.) 1. चकती, चक्राकार फलक जाहिपर सोहारी आदि बेलल जाइत अछि 2. कंठमे पहिर'बाला चौकोर यंत्र

**चकता/चित्ती** (पुं.) चकता, दाग

**चकनाचूर** (वि.) खंड-खंड भ' के टूटल

**चकबंदी** (स्त्री.) खेतक छोट-छोट तथा विभिन्न किसानक' (कृषक) स्वामित्वमे बँटल टुकड़ा सभकेँ जोड़ि एक खेत (चक) बनाए एक मालिकक हाथमे देब

**चकमक** (पुं.) 1. चकचक, दीप्तिमान 2. पाथरक एक टुकड़ा

**चकमा** (पुं.) धोखा, ठक'ब, ठकबाक युक्ति

**चकमेबाज** (पुं.) ठक'बाला, धोखा देब'बाला

**चकराना** (अ.क्रि.) भ्रम वा संदेहमे पड़ि जाएब

**चकला** (पुं.) माटिक पैघ अलग पिंड, भूखंड, कित्ता

**चकवा** (पुं.) चक्रवाक नामक एक पक्षी जे रातिमे प्रेमीसँ वियुक्त भ' जाइछ, चकेवा-चकेबी

**चकाचक** (वि.) विशेष चकचकीसँ युक्त

**चकाचौंध** (स्त्री.) चकचोन्ही, चकाचौन्ह, बेसी चमक वा आडंबरसँ उत्पन्न विस्मय

**चकित** (वि.) विस्मित, आश्चर्यान्वित

**चकोर** (स्त्री.) एक पक्षी कहल जाइत अछि जे चंद्रकिरण पीबि जिवैत अछि

**चक्कर** (पुं.) चक्राकार, परिभ्रमण

**चक्कर आना** (अ.क्रि.) बेहोश, अचेतना-वस्थामे आएब

**चक्करदार** (वि.) जाहिमे घुमाओ हो

**चक्का** (पुं.) पहिया

**चक्काजाम** (पुं.) काज स्थिरक' देब

**चक्की** (स्त्री.) 1. पिसाइ कर'बाला चक्की 2. चाक, कुंडली 3. जिल्दसजक फिरकी

**चक्र** (पुं.) 1. पहिया 2. चाक 3. वृत्त मंडल

**चक्रवात** (पुं.) चक्रवात, बिर्रो, बिड़रो

**चक्रवातीय** (वि.) चक्रवात बाला

**चक्रवृद्धि** (वि.) जाहि धनमे सूद पर सूद मिलैत जाय, चक्रवृद्धि व्याज

**चक्रव्यूह** (पुं.) एक विशेष प्रकारक सैन्य संगठन (सैन्यविन्यास)

**चक्राकार** (वि.) चक्र/चक्राकार जकाँ जेकर आकार हो

**चक्रीय** (वि.) चक्रीय, घुमावदार

**चक्षु** (पुं.) आँखि, नेत्र

**चखना** (स.क्रि.) दारू-ताड़ीक सङ खएबाक वस्तु

**चचेरा** (पुं.) पितियौत, पित्तीक संतान

**चटक** (वि.) 1. चमक, शोभा 2. पक्षीक चटक (विष्ठा)

**चटकदार** (वि.) चमकदार, शोभायमान, द्युतिमान

**चटकना** (स.क्रि.) टूटब, छिन्न-भिन्न होएब, दरकनाइ

**चटकनी** (चिटकनी) (स्त्री.) दरवज्जा बंद कर'बाला

**चटक-मटक** (स्त्री.) आकर्षक, मनमोहक

**चटकाना** (स.क्रि.) तोड़ब, चटकाएब

**चटकीला** (वि.) भड़कदार, चटकीला

**चटनी** (स्त्री.) अम्मत फलक पिसल व्यंजन जे भोजनक समय चाटिक' खयेल जाइछ

**चटपट** (क्रि.वि.) हबर-हबर, झट-पट

**चटपटा** (वि.) मसाला बाला भोजन वा खाद्य पदार्थ, कड़ू, तीक्ष्ण, मरिचाइयुक्त खाद्य

**चटपटी** (स्त्री.) मरिचाइयुक्त खाद्य मसालेदार भोजन (चटपटाक स्त्रीलिंग)

**चटाई** (स्त्री.) पटिया, बैसबाक आसन, चटाइ, खढ़'क पटिया

**चटाना** (स.क्रि.) चटाएब

**चटोर** (वि.) मसालेदार भोजन करबाक प्रेमी, चटोर, जिहलाह

**चटोरापन** (पुं.) खेबाक लोभी, भोजनप्रिय

**चट्टान** (स्त्री.) पहाड़क चट्टान, पायरक पैघ चट्टान

**चट्टी** (स्त्री.) खड़ाम, काठक उपानह

**चढना** (अ.क्रि.) चढब, उपर चढब

**चढवाना** (स.क्रि.) चढबाएब

**चढाई** (स्त्री.) चढ'ब, आरोहण 2. आक्रमण, हमला

**चढाना** (स.क्रि.) मदति करब, उपर चढ'ब

**चढावा** (पुं.) 1. कोनो देवताकेँ उपहार चढाएब 2. नव विवाहिताकेँ उपहारमे देल जाए बाला

**चतुरंगिणी सेना** (स्त्री.) चारि अंग हाथी, घोड़ा, रथ ओ पदाति बाला सेना 2. सतरंजक खेल

**चतुर** (वि.) 1. व्यवहार पटु 2. चालाक, धूर्त, चतुर

**चतुराई** (स्त्री.) चतुराइ, चतुरिम, कौशल, चलाकी

**चतुर्थ** (वि.) चारिम, (संख्यामे) चारिम तिथि

**चतुर्थांश** (पुं.) चारिम अंश, चतुर्थ भाग

**चतुर्थी** (स्त्री.) 1. चारिम तिथि 2. विवाहक चारिम रातिक एक वैदिक कर्म

**चतुर्दिक** (क्रि.वि.) चारू दिस

**चतुर्भुज** (पुं.) 1. चारि बाहुबाला 2. विष्णु

**चतुष्कोण** (पुं.) चारि कोन बाला (आकृति)

**चद्दर/चादर** (स्त्री.) चादरि, (विछब'बाला) ओढबाक ओ विछएबाक वस्त्र

**चना** (पुं.) बदाम, बूट

**चपटा/चपटी** (वि.) चापट/चपटी

**चपत** (स्त्री.) 1. थापड़ 2. हानि, नोकसान

**चपत लगना/पड़ना** (अ.क्रि.) हानि होएब, नोकसान होएब 2. थापड़ मारब

**चपरासी** (पुं.) पियून, चपरासी, चतुर्थवर्गीय कर्मचारी

**चपल** (वि.) चंचल, सक्रिय, द्रुतगतिसँ काज कर'बाला

**चपलता** (स्त्री.) चंचलता, चपलता

**चपाती** (स्त्री.) सोहारी, रोटी

**चपेट** (स्त्री.) चपेटा, थापड़

**चप्पल** (स्त्री.) पएरमे पहिर'बाला, चप्पल, खड़ाओ सन पनही

**चप्पू** (पुं.) नाओ खेबाक उपकरण

**चबाना** (स.क्रि.) चिबाएब

**चबूतरा** (पुं.) चबुतरा/माटि/ईटाक बनल पीठिका

**चबेना** (पुं.) भुजल खाद्य, फुटहा

**चमक** (स्त्री.) चमकि

**चमक-दमक** (स्त्री.) चमक-दमक, चमकदार वस्तुक गुण

**चमकदार** (वि.) जाहिमे चमक हो, प्रभामय

**चमकना** (अ.क्रि.) 1. चमकब, झलकब 2. चमकब, प्रभा दीप्ति 3. फड़कनाइ

**चमकाना** (स.क्रि.) चमकाएब

**चमकीला** (वि.) चमकदार, प्रभामय

**चमकीलापन** (पुं.) चमक होएब

**चमगादड़** (पुं.) चमगादड़ि

**चमचमाना** (अ.क्रि.) चमकब, प्रकाशित होएब

**चमचमाहट** (पुं.) चमकल, स्वच्छता

**चमचा** (पुं.) 1. छोट कड़छु जाहिसँ खाएल जाइत अछि 2. खुशामदी पुरुष

**चमचागिरी** (स्त्री.) खुशामदि, प्रशंसा

**चमड़ा** (पुं.) त्वचा, चाम, खाल, छाल

**चमड़ी** (स्त्री.) त्वचा, चाम

**चमत्कार** (पुं.) आश्चर्यपूर्ण काज, असाधारण

**चमत्कारिक** (वि.) 1. हृदयाह्लादकता, विस्मय-जनक उल्लास 2. अलौकिक घटना, चमत्कारपूर्ण

**चमत्कारी** (वि.) चमत्कारक, आश्चर्यपूर्ण

**चमत्कृत** (वि.) आश्चर्यपूर्ण, विस्मित

**चमन** (पुं.) फूलक उद्यान, फूलक बगीचा

**चमेली** (स्त्री.) एक प्रकारक सुगंधित फूल, चमेली

**चम्मच** (पुं.) चमचा, चमच

**चयन** (पुं.) चुनब, बटोरब, बीछब

**चयन समिति** (स्त्री.) कोनो योग्य व्यक्तिकेँ चुनबाक हेतु नियुक्त समिति

**चयनित** (वि.) चुनल गेल, जकर चुनाओ भेल हो

**चर** (पुं.) चलनशील, जंगम, अस्थिर

**चरखा** (पुं.) हाथसँ सूत कतबाक उपकरण (यंत्र)

**चरखी** (स्त्री.) 1. घिरनी 2. वघौर छोड़एबाक

**चरचराना** (स.क्रि.) चरचर करब, चरखा जकाँ लगातार ध्वनि करैत रहब

**चरण** (पुं.) 1. पाएर, टाङ 2. चतुर्थांश 3. डेग, प्रक्रम 4. पद्यक पाँति

**चरण-चिह्न** (पुं.) चललासँ बनल पाएरक चेन्हक पाँती

**चरना** (स.क्रि.) चर'ब, घास आदि चर'ब

**चरबी/चर्बी** (स्त्री.) मवेशीक (पशुक) देहक तेल

**चरम** (वि.) अंतिम बिंदु पर पहुँचल

**चरमपंथी** (वि./पुं.) उग्रवादी, चरमपंथी

**चरमराना** (अ.क्रि.) चरमराएब, चरमर कर'ब

**चरमावस्था** (स्त्री.) अंतिम अवस्था, पूर्णताक स्थिति

**चरमोत्कर्ष** (पुं.) पूर्ण स्थिति पर पहुँचब, चरमोत्कर्ष

**चरवाहा** (पुं.) चरबाह, माल-जाल चरओनिहार

**चरस** (स्त्री.) एक मादक पदार्थ, गाजाक रस जकर धूम्रपान कएल जाइत अछि

**चरागाह** (पुं.) चओर, जत' घासक वा हरीतिमासँ माल-जालकँ चराओल जाइछ

**चराना** (स.क्रि.) चराएब/चराओब

**चरितार्थ होना** (वि.) संतुष्ट होएब, सफल होएब

**चरित्र** (पुं.) चालि, आचरण, आचार-विचार, विशेषता, गुण

**चरित्र-चित्रण** (पुं.) चरित्रक वर्णन, आचरणक बखान

**चरित्र-निर्माण** (पुं.) चरित्रनिर्माण, आचरणक निर्माण

**चरित्र-पंजी** (स्त्री.) नोकरी कएनिहारक काजक लेखा जोखाक उल्लेख जाहि पंजीमे राखल जाय, चरित्रपंजी

**चरित्र-प्रमाणपत्र** (पुं.) चरित्र प्रमाणपत्र, जाहि प्रमाणपत्रमे चरित्रक विषयमे उल्लेख हो

**चरित्रवान** (वि.) नीक चरित्र बाला, सच्चरित्र लोक

**चरित्र-हनन** (स्त्री.) चरित्रक हनन, चरित्रमे दोष आनब

**चरित्रहीन** (वि.) चरित्रहीन, चरित्रभ्रष्ट, जकर चरित्र दूषित हो

**चरित्रहीनता** (स्त्री.) चरित्रदोष, चरित्रहीनता, दुश्चरित्रता

**चरित्रांकन** (पुं.) चरित्रक उल्लेख, चित्रवर्णन

**चरी** (स्त्री.) चरबाजोग घास, माल-जालक खाद्य, घास-फूस

**चर्खा** (पुं.) तूरसँ सूत कातबाक यंत्र (उपकरण)

**चर्च** (पुं.) 1. इसाइ धर्मक उपासनास्थल, गिरजाघर 2. कोनो वस्तुक वर्णन, उल्लेख

**चर्चा** (स्त्री.) उल्लेख, विचार-विमर्श

**चर्चित** (वि.) उल्लिखित, चर्चित, जकर चर्चा कएल गेल हो, बेरि-बेरि विवेचित

**चर्म** (पुं.) चाम, त्वचा, खाल, छाल

**चर्मकार** (पुं.) चमार, चामक काज कएनिहार एक जाति

**चल** (वि.) चलनिहार, जंगम, अस्थिर, अनित्य

**चलचित्त** (पुं.) चंचल चित, चंचल मोन

**चलचित्र** (पुं.) सिनेमा, फिल्म-प्रदर्शन

**चलता-पुरजा** (वि./पुं.) मोटर यंत्रक सतत गतिमान पुरजा जकाँ सदा काजमे व्यस्त एम्हर-ओम्हर करैत रहनिहार

**चलता-फिरता** (वि.) पहिया जकाँ सतत चलैत रह'बाला, सक्रिय

**चलती सीढी** (स्त्री.) चलैत रह'बाला सीढी, एस्केलेटर

**चलन** (पुं.) 1. प्रचलन, परिपाटी, प्रचार, प्रथा 2. गति, गमन, संचार

**चलना** (अ.क्रि.) चलब, प्रचलन

**चलनी** (स्त्री.) चालनि, पीसल चिकसके जाहिसँ छानल जाय, चालल जाय

**चल विवरण/वृत्तांत** (पुं.) स्पष्ट विवरण, चल-विवरण

**चल-संपत्ति** (स्त्री.) चल संपत्ति, जे संपत्ति स्थिर नहि हो

**चलाना** (स.क्रि.) चलाएब, गतिशील करब

**चलायमान** (वि.) चलायमान, चलैत, गमनमे प्रवृत्त, गतिशील

**चवालीस** (वि.) चौआलिस, चारि अधिक चालीस

**चश्क** (चशक) (पुं.) चषक, यज्ञमे सोमरस पीबाक पात्र, गिलास

**चश्मदीद गवाह** (पुं.) चशमदिल, आँखिसँ देखनिहार, प्रत्यक्षद्रष्टा, गबाह, चसमदिल

**चश्मा** (पुं.) चसमा, दृष्टिवर्द्धक सीसा, आँखिमे लगयबाक सीसा वा पाथर जाहिसँ दृष्टिदोष दूर होइछ वा दृष्टिक रक्षा होइछ

**चस्का** (पुं.) चसक, चसकब, व्यसन, एक बेर आनन्ददायक बूझि बारंबार ओही क्रियामे प्रवृत्त होयब, परिकब

**चहकना** (अ.क्रि.) चहकब, कनेक फाटब, चिरक्का लागब

**चहचहाना** (अ.क्रि.) चहकब, चहचहाएब, चह-चह करब, फड़फड़ाएब

**चहचहाहट** (स्त्री.) चहचही, शोभा

**चहल-कदमी** (स्त्री.) टहलब, बुलब, भ्रमण करब

**चहल-पहल** (स्त्री.) चहर-पहर, उल्लासपूर्ण, हलचल, चहल-पहल

**चहार-दीवारी** (स्त्री.) छहरदेवाली, बेढ हेतु चारूकात बनल देबाल

**चहेता** (वि.) प्रिय, आनंददायक, इष्ट

**चाँटा** (पुं.) थापड़, चाट, चपेटा, करतलाघात

**चाँद** (पुं.) चाँद, चान, चंद्रमा, चांद

**चाँदनी** (स्त्री.) चंद्रप्रभा, चंद्रमाक प्रकाश, ज्योत्स्ना, इजोरिया

**चाँदमारी** (स्त्री.) बंदूक आदिसँ प्रहारार्थ पिंड प्रक्षेपक क्षेत्र

**चाँदी** (स्त्री.) चानी, (चांद्रिक), रजत

**चाक** (पुं.) पहिआ, चक्का, चकती, चक्राकार पिंड

**चाकर** (पुं.) भृत्य, सेवक, गृहदास (वि.) चओड़ा, विस्तृत

**चाकरी** (स्त्री.) सेवा, नौकरी, भृत्यकर्म

**चाकू** (पुं.) चाकू, छुरी

**चाचा** (पुं.) काका, पित्ती

**चाची** (स्त्री.) काकी, पितिआइन

**चाट** (स्त्री.) नाना प्रकारक व्यंजन क मिश्रित रूप

**चाटना** (स.क्रि.) चाटब, जीह भिराए-भिराए खाएब, खाएकेँ निःशेष करब

**चाटुकार** (पुं.) स्वार्थवश प्रशंसा केनिहार, चाटुकार, खुशामदी

**चाटुकारिता** (चाटुकारी) (स्त्री.) खुशामदमे प्रशंसा करबाक यत्न

**चातुरी** (स्त्री.) चातुरी, चतुरता, बुधियारी, चतुराई, चलाकी

**चातुर्मासिक** (वि.) अखाढसँ कातिक धरि चारि मासक समय, चतुर्मासक काल, चौमासक समय

**चातुर्य** (स्त्री.) चतुरता, चातुर्य, चातुरी

**चादर** (स्त्री.) चादरि, तौनी, चद्दरि

**चाप** (पुं.) चाप, धनुष, अर्धवृत्त, कली, चंपककलिका एक गहना

**चापलूस** (पुं.) चाटुकार, मिथ्या प्रशंसा कए रिझाए स्वार्थसाधन कएनिहार

**चापलूसी** (स्त्री.) चाटुकारिता, प्रसन्न करबाक लेल मिथ्या प्रशंसाक अभ्यस्त

**चाबी** (चाभी) (स्त्री.) चाभी, कुंजी, -देब- कुंजी ऐंठब

**चाबुक** (पुं.) कोड़ा, फीता लागल पेना जाहिसँ घोड़ाक तर्जन कएल जाइछ, चाभुक

**चाभी** (स्त्री.) कुंजी

**चामत्कारिक** (वि.) चमत्कार करए बाला, आश्चर्यजनक

**चाय** (स्त्री.) एक पेय पदार्थ बनएबाक पत्ती, कामरूपिका, चाह, इच्छा

**चाय-पानी** (पुं.) अल्पाहार, जलपान, जलखै, जलखइ

**चार** (वि.) संख्या, तीनसँ एक अधिक, चारि

**चारण** (पुं.) भाट, राजदरबारक ओ कवि जे राजाक स्तुति सस्वर पढ़ैत अछि, बंदी

**चारदीवारी** (स्त्री.) छहरदेवाली, आवासक चारूकात रक्षार्थ बनाओल देबाल

**चारपाई** (स्त्री.) खाट, (खट्वा), पलंग, चतुष्पादिका, चौकी

**चारपाया** (पुं.) चारि पैरसँ युक्त, पशु विशेष

**चारा** (पुं.) चारा, पशुपक्षीक आहार

**चारित्रिक** (वि.) चरित्रसँ संबंधित

**चारु** (वि.) चारु, रमणीय, सुंदर, सुष्ठु, नीक

**चारों ओर** (क्रि.वि.) चारूकात, चहुँदिस, चतुर्दिक्

**चाल** (स्त्री.) उपस्थिति, गतिविधिक आभास, आहट, संचार, संचालन

**चालक** (पुं./वि.) संचालक, प्रवर्तक, प्रेरक, रेचक, दस्तावर, गाड़ी हँकनिहार

**चाल-चलन** (पुं.) स्वभाव, चालि-चलन, प्रवृत्ति, आचरण

**चाल-ढाल** (स्त्री.) चालि-चलन, स्वभाव, प्रकृति

**चालबाज** (वि.) चालबाज, धूर्त, वंचक, चालू

**चालबाजी** (स्त्री.) चालबाजी, धूर्तता, वंचकता, ठकब, फुसिआएब

**चालाक** (वि.) चलाक, चतुर, धूर्त

**चालाकी** (स्त्री.) चलाकी, चतुरता, धूर्तता

**चालान** (पुं.) प्रेषणीय वस्तुक सूची, प्रेषण, चलान, अपराधीकेँ पकड़ि थाना पठाएब, माल उठयबाक अनुमति पत्र

**चालीस** (वि.) चालिस, चारिक दस गुना संख्या, 40

**चालू** (वि.) प्रचलित, व्यवहारपटु, चतुर, धूर्त, चलि रहल, प्रवर्त्तमान, प्रवृत्त

**चालू करना** (स.क्रि.) प्रचलित करब, प्रवर्तमान करब, प्रवृत्त करब, व्यवहारमे आनब

**चालू खाता** (पुं.) प्रचलित बही, प्रवर्तमान पंजी, प्रवृत्त लेखा-पुस्तक

**चाव** (पुं.) वांछा, अपेक्षा, इष्ट, कामना

**चावल** (पुं.) चाउर, धानक कुटल दाना, तंडुल

**चाशनी** (स्त्री.) चासनी, चीनी/गुड़क सिरका

**चाह** (स्त्री.) वांछा, अपेक्षा, मनोरथ, इच्छा, एक गाछ जकर पातक काढा चैतन्यकारक होइछ, कामरूपिका

**चाहत** (स्त्री.) वांछा, अपेक्षा, मनोरथ, इच्छा

**चाहना** (स.क्रि.) इच्छा करब, चाहब

**चिंघाड़** (स्त्री.) चिकरब, चीत्कार करब, जोरसँ बाजब, हाथीक बाजब

**चिंतक** (वि.) चिंतक, चिंतन कएनिहार, मनन केनिहार

**चिंतन** (पुं.) चिंतन, मनन, सोचनाइ, अनुध्यान

**चिंतनीय** (वि.) चिंतनीय, मननीय, सोचनीय

**चिंता** (स्त्री.) चिंता, फिकिर, सोच, आगाँक विचार

**चिंताग्रस्त** (वि.) चिंतित, विषादग्रस्त, चिंता-लीन, उदास

**चिंताजनक** (वि.) सोचय योग्य, चिंता बढाब'-बाला

**चिंतामग्न** (वि.) सोचमे डूबल, चिंतामग्न, फिकिर-मंद, विचारसागरमग्न

**चिंतामुक्त** (वि.) चिंतामुक्त, निफिकिर, चिंता-रहित, निश्चिंत

**चिंतारहित** (वि.) चिंतारहित, निफिकिर, निश्चिंत

**चिंतित** (वि.) चिंतित, सोचैत, घबराएल, चिंता-मग्न

**चिंत्य** (चिंतनीय) (वि.) चिंत्य, चिंतनीय, शोचनीय, अमान्य

**चिंदी** (स्त्री.) कोनो पैघ वस्तुक टूटल छोट टुकड़ा

**चिंपांजी** (पुं.) अफ्रीकामे पाओल जाय बाला एक प्रकारक बिनु नांगड़िक बानर, बनमानुख

**चिउड़ा** (चिड़वा) (पुं.) चूरा, चूड़ा, भिजाओल धानकेँ भूजिक' कूटिक' बनाओल गेल खाद्यपदार्थ, जे खायल जाइत अछि चिउड़ा, कूटिकेँ चाकर कएल धानक दाना

**चिक** (स्त्री.) परदा, ओहार, आवरण, टाङल आवरणपट्ट, जवनिका, एक कसाइ जाति

**चिकना** (वि.) चिक्कन, मसृण, परम समतल, स्वच्छ सोहाओन

**चिकनाई** (स्त्री.) चिकनाइ, तैलीय, तेल, चिकनै, स्नेह

**चिकनापन** (पुं.) चिकनै, तेल, स्नेह, श्लक्ष्णता
**चिकनाहट** (स्त्री.) तैलीय गुण युक्त, श्लक्ष्णता, चिकनाइ युक्त
**चिकनी मिट्टी** (स्त्री.) बालुकाहीन माटि, चिकनी माटि
**चिकित्सक** (पुं.) चिकित्सक, वैद्य, डॉक्टर
**चिकित्सा** (स्त्री.) चिकित्सा, रोगक प्रतिकार, रोग निवारणक उपाय
**चिकित्सा कर्म** (पुं.) चिकित्सा कर्म, वैद्यक क्रिया, चिकित्सकीय प्रक्रिया, डाक्टरी
**चिकित्सा प्रमाणपत्र** (पुं.) किचित्साक प्रमाणपत्र
**चिकित्सालय** (पुं.) चिकित्सालय, वैद्यक गृह, भिषगालय, रुग्णालय, अस्पताल, नर्सिंग होम
**चिकित्सावकाश** (पुं.)चिकित्सा हेतु लेल गेल अवकाश, स्वास्थ्यावकाश
**चिकित्सा विज्ञान** (पुं.) चिकित्सा विज्ञान, भैषज्य विज्ञान, डाक्टरी विद्या
**चिकित्साशास्त्र** (पुं.) चिकित्साशास्त्र, वैद्यक-शास्त्र, भैषज्यशास्त्र
**चिकित्सीय** (वि.) चिकित्सीय, चिकित्सा संबंधी, भैषज्य संबंधी
**चिकोटी** (स्त्री.) दरद, वेदना, चुटकीसँ त्वचा माँस दबाएब, बिठुआ
**चिचियाना** (अ.क्रि.) चिचिआएब, चीत्कार करब, चिकरब
**चिटकना** (अ.क्रि.) टूटब, अलग होएब, दरारि फाटब, पातर फाट होएब, चटकब
**चिटकनी** (चटकनी, चटखनी) (स्त्री.) छिटकिनी, केबाड़ बंद करबाक किल्ली, अर्गला
**चिट्ठा** (पुं.) चिट्ठा, फिरिस्त, सूची
**चिट्ठी** (स्त्री.) चिट्ठी, वैयक्ति/पदीय संवाद-लेख, पत्र
**चिट्ठी-पत्री** (स्त्री.) पत्रचार, चिट्ठी पत्री, पत्र द्वारा संवाद विनिमय
**चिड़चिड़ा** (वि.) चिड़चिड़ी, अपामार्ग, एक वनौषधि, बृहस्पति ग्रहक समिधा, जल्दी क्रुद्ध होमय बाला, कम महत्वक वस्तु वा घटनासँ सहजरूपसँ अप्रसन्न
**चिड़चिड़ापन** (पुं.) जल्दी खौँझाइबाला/ क्रुद्ध होबएबाला स्वभाव, कम महत्वक वस्तु वा घटनासँ सहजरूपसँ अप्रसन्न रह’बाला
**चिड़चिड़ाहट** (स्त्री.) शीघ्र उत्तेजित होएबाक स्वभाव, छोटहु बात पर क्रुद्ध होमयबाला स्वभाव
**चिड़िया** (स्त्री.) चिड़इ, पक्षी, खग
**चिड़ियाघर** (पुं.) चिड़इघर, पक्षीगृह, खगशाला
**चिड़ीमार** (पुं.) चिड़इमारा, पक्षीबझौआ, आखेटक, सिकारी
**चिढ** (स्त्री.) क्रोधावेश, खीस, द्वेष, तामस, खौँझी
**चिढना** (अ.क्रि.) क्रोधित होएब, खिसिआएब, तमसाएब
**चिढाना** (स.क्रि.) क्रोधानल भड़काएब, खीस चढाएब, तामस बढाएब, द्वेष उत्पन्न करब, किचकिचाएब
**चित्त** (वि.) चित, उतान, उतान पटकाएल, कुस्तीमे पराजित, चितङ
**चितकबरा** (वि.) चितकबरा, चितकाबर, चित्रकर्बुर, बहुरंगी, चितिर-वितिर
**चिता** (स्त्री.) चिता, मुरदा जरएबाक आगि, मुरदा जरएबाक काठ शय्या
**चित्त** (पुं.) चित्त, अंतःकरण, मन -विक्षेप (सं.) उन्माद -चित्ता- गोल-गोल छापबाला बाघ
**चित्तवृत्ति** (स्त्री.) चित्तक' व्यापार, अंतःकरणक' कार्य, मनक' व्यापार
**चित्ताकर्षक** (वि.) चित्ताकर्षक, मनमोहक, हृदयावर्जक
**चित्ताकर्षण** (पुं.) चित्ताकर्षण, मनभावन

**चित्ती** (स्त्री.) चित्ती, एक प्रकारक कौड़ी, एक प्रकारक सुपारी, दाग, कालिमा, धब्बा

**चित्तीदार** (वि.) दागदार, धब्बायुक्त

**चित्र** (पुं.) चित्र, अनेक प्रकारक रैखिक प्रतिकृति नकसा, छायाचित्र, रूपांकन

**चित्रकला** (स्त्री.) चित्रकला, नकसा तैयार करबाक ज्ञान, छायाचित्रक कला, रूपांकनक कला

**चित्रकार** (पुं.) चित्रकार, रङरेज, रङसाज, चित्र बनौनिहार

**चित्रकारी** (स्त्री.) चित्रकारी, चित्र लिखबाक अभिज्ञता

**चित्रण** (पुं.) चित्रण, चित्र बनएबाक सिद्धांत रेखा ओ रंगसँ प्रतिकृति बनाएब एहन वर्णन जाहिसँ छवि मानस-पटल पर आबि जाए

**चित्रदीर्घा** (स्त्री.) चित्रदीर्घा, चित्र सभक रख-रखाबक उचित स्थान

**चित्रपट** (पुं.) चित्रपट, चित्र लिखबाक वस्त्र वा तकथा, सिनेमाक परदा, सिनेमा

**चित्रफलक** (पुं.) चित्रफलक, देवाल पर टाङय जोगरक कपड़ा पर निर्मित चित्र

**चित्रमय** (वि.) चित्रमय, सचित्र, चित्रक माध्यमसँ अभिव्यक्त करब

**चित्रलिपि** (स्त्री.) चित्रलिपि, एहन लिपि जे चित्र सनक हुअए उदाहरणार्थ चीन देशक लिपि अर्थ प्रकट करएबाला भावचित्र जाहिसँ कोनो विचार प्रकट कएल जाए

**चित्र लेख** (पुं.) चित्रलेख, चित्र बनाएब

**चित्र लेखक** (पुं.) चित्रलेखक, चित्ररूपमे लिखएबाला

**चित्रलेखन** (पुं.) चित्रलेखन, चित्ररूपमे लिखबाक शैली

**चित्रांकन** (पुं.) चित्रंकन, कोनो वस्त्र, तक्था, कागज ओ देवालपर चित्रकारी क' चित्रमे प्रत्यक्ष करब

**चित्रित** (वि.) चित्रित, रेखा ओ रङसँ प्रतिकृति बनाएब, एहन वर्णन जाहिसँ छवि मानस-पटल पर आबि जाए, चित्र रूपमे लिखल

**चिथड़ा** (पुं.) चित्थी-चित्थी, खंड-प्रखंड भ' फाटल (वस्त्र), चेथड़ा

**चिनगारी** (स्त्री.) चिनगारी, उड़ल चिनगीक समूह, उड़ल अग्निकणक पुंज, स्फुलिंगक समूह

**चिनाई** (स्त्री.) ईंटा जोरब, इटकाचयन

**चिन्मय** (वि.) चिन्मय, सजग, सचेत, चैतन्य, जागरूक, होसमे

**चिपकना** (अ.क्रि.) चिपकब, सटब, मिलब, जुड़ब

**चिपकाना** (स.क्रि.) चिपकाएब, सटाएब, मिलाएब, जोड़ब, साटब

**चिपकू** (वि.) धनवान् वा प्रख्यात व्यक्तिसँ मित्रताक इच्छुक व्यक्ति, दरबारी प्रकृतिक लोक

**चिपचिपा** (वि.) सहजतया सट'बाला वस्तु, चिपचिप

**चिपचिपाना** (अ.क्रि.) चिपचिपाएब, सहजतासँ सट'योग्य

**चिपटना** (अ.क्रि.) चिपटब, शीघ्रतासँ सटि जाएब

**चिपटा** (वि.) चिपिट, चापट, सीधा, सपाट, समतल

**चिप्पी** (स्त्री.) चिप्पी, चाउर-दालिक नपना, पैली, फाटल नुआ आदिमे जोड़ल टुकड़ा

**चिबुक** (पुं.) चिबुक, हनु, कल्ला

**चिमटना** (अ.क्रि.) भूतकालिक, बीतल

**चिमटा** (पुं.) चिमटा, चुट्टा, सरसी, सोनार एवं लोहारक एक उपकरण, चुल्हासँ आगि

उठयबाक लोहनिर्मित दूटा मुँहबाला वस्तु, वाद्ययंत्र

**चिमटी** (स्त्री.) चिमटी, सोनार एवं लोहारक उपकरण, दीप आदिकें टेमी उकसाबए हेतु लोहनिर्मित छोट उपकरण

**चिमनी** (स्त्री.) चिमनी, छुआँ बहरयबाक बंबा

**चिरंजीव** (वि.) चिरंजीव, दीर्घायु, चिरायु, दीर्घकाल तक जीबू, दीर्घायु होउ

**चिरंजीवी** (वि.) चिरंजीव, दीर्घायु, चिरायु, अधिक वर्षधरि जीब'बाला

**चिरंतन** (वि.) चिरंतन, शाश्वत, प्राचीन, पुरान, दीर्घकाल धरि रह'बाला

**चिर** (वि.) चिर, दीर्घकाल, प्राचीन, प्रचुर, दीर्घ

**चिरकाल** (पुं.) चिरकाल, लंबा समय, अधिक काल

**चिरकालिक** (वि.) चिरकालिक, अधिक समयक

**चिरंजीवी** (वि.) चिरजीवी, दीर्घायु, चिरायु

**चिरनिद्रा** (स्त्री.) चिरनिद्रा, अधिक समय तक रह'बाला नींद

**चिरनूतन** (वि.) चिरनूतन, दीर्घकाल धरि नया रहएबाला

**चिरपरिचित** (वि.) चिरपरिचित, प्राचीन परिचयबाला, दीर्घकालीन परिचय बाला

**चिरप्रतीक्षित** (वि.) चिरप्रतीक्षित, दीर्घकालसँ प्रतीक्षित, अधिक समयसँ जेकर प्रतीक्षा कएल जा रहल हो ओ समय

**चिरवियोग** (पुं.) चिरवियोग, दीर्घकालीन वियोग, अधिककाल तक विछड़ब

**चिरशांति** (स्त्री.) चिरशांति, दीर्घकाल तक हेतु शांति, मृत्यु

**चिरस्थायी** (स्त्री.) चिरस्थायी, दीर्घकाल तक रहएबाला

**चिरस्मरणीय** (वि.) चिरस्मरणीय, दीर्घकाल तक स्मरण राख'बाला

**चिराई** (स्त्री.) चिराइ, चीरब, आरी आदिसँ काटि दू फाँक करब

**चिराग** (पुं.) चिराग, प्रकाश, प्रकाशक साधन, दीप आदि

**चिरायु** (वि.) चिरायु, दीर्घजीवी, चिरंजीवी

**चिरौटा** (पुं.) युवा नर गोरैया

**चिलचिलाना** (अ.क्रि.) चिलचिलाएब, तीक्ष्ण उष्णता, अधिक ताप, तबधैत

**चिलम** (स्त्री.) चिलम, धुतूरक फूलक आकारक एक धूमपान-उपकरण

**चिलमन** (स्त्री.) बाँसक बनल परदा, सिरकी, छाजन

**चिलमची** (स्त्री.) हुक्कामे लागल वस्तु जाहिमे चिलम भरिक' पीयल जायत अछि, धातुनिर्मित लोहिया, धातुनिर्मित कड़ाही, चीलम पियक्कड़

**चिल्लपों** (स्त्री.) हलचल, कोलाहल, जनताक चीत्कार, हल्ला-गुल्ला

**चिल्लर** (पुं.) खुदरा, रेजकी, रुपैयासँ छोट सिक्का, -चिल्लड़ (पुं.) ढील सन एक कीड़ा जे कपड़ामे फड़ैछ

**चिल्लाना** (अ.क्रि.) चिचिआएब, चिकरब

**चिल्लाहट** (स्त्री.) चिचिअएबाक ध्वनि, चिकर-बाक स्वर

**चिह्न** (पुं.) चेन्ह

**चिह्नित** (वि.) चेन्ह देल

**चींटा** (पुं.) करिया बड़का चुट्टी

**चींटी** (स्त्री.) एक कीड़ा, पिपीलिका

**चींथना** (स.क्रि.) फाटल-पुरान, जीर्ण-शीर्ण अवस्था, अश्रुबिंदु

**चीकट** (वि.) गंदा, भेंड़ी-बकड़ी मारनिहार कसाइ, चिकनाइ युक्त

**चीकू** (पुं.) एक फलक नाम

**चीख** (स्त्री.) क्रोध आ दर्दक कारण जोरसँ ध्वनि करब, पुकार

**चीखना** (अ.क्रि.) जोरसँ ध्वनि करब, चिचिआएब

**चीख-पुकार** (स्त्री.) दुःख या असह्य वेदनाक कारण जोरसँ चिचिआएब, केकरो सहायताक लेल बजाएब

**चीज** (स्त्री.) वस्तु, सामग्री

**चीड़** (पुं.) एक वृक्ष जे पर्वतीय क्षेत्रमे पाओल जाइछ

**चीतल** (मृगा) (पुं.) श्वेत चेन्ह बाला मृग, चित्रवर्णक हरिण

**चीता** (पुं.) चित्ता, बाघक एक प्रभेद जे चित्रवर्णक होइछ

**चीत्कार** (स्त्री.) चीत्कार, चिचिअएबाक ध्वनि, चिचिआएब

**चीथड़ा** (पुं.) जीर्ण-शीर्ण वस्तुक लघु-लघु खंड, चेथड़ा

**चीनी** (स्त्री.) उजरा दानादार सक्कर, चीनदेश संबंधी, प्रथमतः चीन देशसँ आयल शर्करा

**चीनी-मिट्टी** (स्त्री.) चीन देशक माटि

**चीमड़** (वि.) चिम्मड़, चिमाटि, दबओनहु-मोड़नहु कठिनतासँ टुटनिहार वस्तु

**चीर** (सं.) साड़ी, आँचर

**चीरना** (स.क्रि.) चीरब, अस्त्रसँ काटि द्विधा करब

**चीर-फाड़** (स्त्री.) चीड़ब-फाड़ब, विशेषतः रोग निवारणार्थ शल्यक्रिया

**चीरहरण** (स्त्री.) वस्त्रहरण, महिलाक पहिरन वस्त्रक हरण, कृष्णक एकटा लीला

**चीरा** (पुं.) चीरा, चीरल खंड, पचेसीमे रेखासँ काटल घर जतय गोटी कटैत नहि अछि

**चीरा लगाना** (स.क्रि.) चीड़ब, शल्यक्रिया करब

**चील** (स्त्री.) चील्ह, चिल्होरि, एक पक्षी विशेष

**चुंगी** (स्त्री.) चुंगी, सीमाशुल्क

**चुंबक** (पुं.) चुम्बन कएनिहार, एक प्रकारक लोह वा पाथर जे अन्य लोहकेँ आकर्षित करैत अछि, आकर्षण-शक्तिवाला लोह या पाथर, चुंबक, चुम्मक

**चुंबकत्व** (पुं.) चुंबकत्व, आर्कोकत्व, अपना दिसि खिचबाक सामर्थ्यबाला

**चुंबकीय** (वि.) चुंबकीय, आकर्षणीय, घिचबाक गुणसँ युक्त

**चुंबन** (पुं.) चुंबन, चुम्मा, ठोरसँ प्रेमपूर्वक गाल आदिक स्पर्श, चुंबा

**चुँधियाना** (स.क्रि.) तेज प्रकाशमे अन्हरा जाएब, चोन्हराएब, दृटि विफल होएब

**चुआना** (स.क्रि.) चुआएब, स्रावित करब, भाफ बनाए पुनः द्रव बनाएब

**चुकंदर** (पुं.) चुकंदर, एक खाद्य कंद, तरकारी

**चुकना** (वि.) चुकब, फलप्राप्ति वा कर्तव्य संपादनमे विफल होएब

**चुकाना** (स.क्रि.) चुकाएब, दातव्यक प्रदान वा प्रतिशोध करब, देय अदाए करब

**चुगना** (स.क्रि.) थोड़ेक-थोड़ेक समय पर भोजन दाना-दाना उठाय मुँहमे राखब, पक्षी सभक भोजनक/आहारक क्रिया

**चुगलखोर** (पुं.) चुगली करएबाला, चुगिलाह, चुगिला सन आचरण करएबाला

**चुगलखोरी** (स्त्री.) चुगली करबाक प्रवृत्ति, चुगिला सन आचरण करबाक अभ्यास

**चुगली** (स्त्री.) चुगिली, चुगली, मिथ्या बातक प्रचार करब

**चुगली करना/लगाना** (अ.क्रि.) मिथ्या बात कहि दू पक्षमे झगड़ा कराएब

**चुटकी** (स्त्री.) चुटकी, औंठासँ तर्जनीक अग्रभाग, जाहिसँ पकड़ि कोनो वस्तु उठाओल जा सकैछ, ओ मात्र, ओही दूनू आंगुरकेँ आपसमे भिड़ाय शब्द उत्पन्न करब

**चुटकुला** (पुं.) चुटकुला, छोट मोट कथा कहि सबकेँ हँसायब, कुतुकाख्यान

**चुटकुलेबाजी** (स्त्री.) कुतुकाख्यानक निरन्तर प्रयोग, चुटकुलेबाजी

**चुनचुनाना** (अ.क्रि.) चुन-चुन शब्द करब, चुनचुनाएब, मंद-मंद कुड़िआएब

**चुनचुनाहट** (स्त्री.) चुनचुनी लागब, देहमे कुड़िऐनी होएब

**चुनचुनी** (स्त्री.) चुनचुनी, मंद-मंद कुड़िऐनी

**चुनना** (स.क्रि.) चुनब, बीछब, चयन करब, मतदान द्वारा निर्वाचित करब, पसिंदक अनुसार अनेकमे सँ एककेँ ग्रहण करब

**चुनांचे** (अव्य.) अर्थात, तेँ, फलस्वरूप

**चुनाव** (पुं.) चुनबाक, बीछबाक, चयन करबाक एक प्रक्रिया

**चुनाव-अभियान** (पुं.) चुनबाक लेल जोर सोरसँ लागब, चुनबाक लक्ष्य बनाएब

**चुनाव-क्षेत्र** (पुं.) चुनबाक लेल क्षेत्र, मतदाताक संबंधित क्षेत्र

**चुनाव-प्रचार** (पुं.) चुनल जेबाक लेल अपन प्रचार करब

**चुनाव-मंडल** (पुं.) चयन प्रक्रियाक निरीक्षणार्थ निर्मित एक टोली

**चुनावयाचिका** (स्त्री.) चयन हेतु आवेदन करब

**चुनिंदा** (वि.) चुनल, चयनित, बीछल, छाँटल

**चुनौती** (स्त्री.) चुनौती, आह्वान, स्पर्धाक लेल माटि देब

**चुन्नट** (स्त्री.) चुनरी आदिमे मोतीक लड़ी, सितारा

**चुन्नटदार** (वि.) मोती एवं सितारा आदिसँ सजल-धजल वस्त्र

**चुप** (वि.) चुप, मौन, मूक, चुप्प

**चुपके** (से) (क्रि.वि.) मौनावलंबन, मूक भेल, चुप्पी

**चुपचाप** (क्रि.वि.) चुपचाप, शब्द नहि करैत, अलक्षित रूपेँ

**चुपड़ना** (स.क्रि.) चुपड़ब, दुहू दिसि तरल पदार्थ लगाएब जेना रोटीमे घी, माथमे तेल चोपड़ब

**चुपड़ी** (वि.) तेल एवं घी आदिसँ भीजल, तेल-घीसँ सराबोर

**चुप्पी** (स्त्री.) चुप्पी, मौनावलंबन, गुम्म

**चुभन** (स्त्री.) चुभबाक/गड़बाक अनुभव

**चुभना** (अ.क्रि.) चुभब, गड़ब

**चुभाना** (स.क्रि.) चुभाएब, गड़ाएब, भोँकब

**चुम्मा** (पुं.) चुम्मा, चुंबा, चुंबन, चुमनाइ

**चुम्मा-चाटी** (स्त्री.) चुम्मा-चाटी, दुलार-मलार

**चुराना** (स.क्रि.) चोराएब, चोरि करब, नुकायब, छिपाएब

**चुलबुला** (वि.) चुलबुला, कुड़िऐनी, चंचल स्वभावक

**चुलबुलाना** (अ.क्रि.) चुलबुलाएब, कुड़िआएब, चंचल होएब

**चुल्लू** (पुं.) चुरु, चुलुक, पुड़ाक आकृतिमे कएल हाथ जाहिमे जल अँटकि सकैछ

**चुल्लूभर** (वि.) चुरु भरि, चुरुकभरि

**चुस्की** (चुसकी) (स्त्री.) चुसकी, कनेक-कनेक चुसबाक क्रिया

**चुस्त** (वि.) चुस्त, कसल, सिकस्त, पयजामाक एक प्रकार

**चुस्ती** (स्त्री.) चुस्ती, सावधानी, स्फूर्ति

**चुहल** (स्त्री.) मजा, खुश, प्रसन्न, आनंद, ठठ्ठा

**चुहलबाज** (वि.) खुशहाल, प्रसन्नमना, आनंद-युक्त

**चुहिया** (स्त्री.) मादा मूस, एक चतुष्पद जीव जे बिलमे रहैत अछि

**चूँकि** (संयो.) कियाक त', ओना, चूँकि, जेकि

**चूक** (स्त्री.) चूक, प्रमाद, स्खलन, चुक्क

**चूकना** (अ.क्रि.) चुकब, प्रमाद करब

**चूजा** (पुं.) मुरगा या मुरगी, कुक्कुट, एक खाद्य पक्षी

**चूड़ी** (स्त्री.) चूड़ि, लहठी, लाहक वा काचक पातर वलय जे महिला सोहागक प्रतीक रूपमे पहुँचामे पहिरैत अछि

**चूड़ीदार** (वि.) पयजामाक एक प्रकार/प्रभेद, एहेन बहुआँ जे पहुँचापर कसल हो

**चूना** (पुं.) चून, डोका आदिक अस्थिक वा एक प्रकारक खनिजक भस्म, घेकचाक देल गेल सीअनि

**चूमना** (स.क्रि.) चुम्मा लेब, चूमब

**चूरा** (पुं.) चूर्ण, बुकनी, पासिक ओ भाग जे पौआमे पैसैत अछि, पट्टीकेँ जोड़बाक भीतरी पच्चर

**चूर्ण** (पुं./वि.) चूर्ण, बुकनी, चूरिक, मेंही बनाओल

**चूल** (स्त्री.) चूल, लट, छोटकी चुरकी, पुट्टीकेँ जोड़बाक भीतरी पच्चर

**चूल्हा** (पुं.) चूल्हा, चूल्हि, पकयबाक हेतु आगि जरयबाक उपकरण, चुलहा, चुलही

**चूषण** (पुं.) चुसब, चूसब

**चूसना** (स.क्रि.) चुसबाक क्रिया, चोभब

**चूहा** (पुं.) मूस, एक चतुष्पद जीव जे बिलमे रहैत अछि

**चूहेदानी** (स्त्री.) मूस पकड़बाक उपकरण, मुसकांड़

**चेचक** (स्त्री.) चेचक, गोटी, स्माल पॉक्स

**चेतन** (चेतनता) (पुं.) चेतन, चैतन्य, सुधि-बुधि, होस

**चेतना** (स्त्री.) चेतना, होश, चैतन्य, उत्साह, सक्रियता

**चेतनाशून्य** (वि.) चेतना शून्य, बेहोश, अचैतन्य, असावधान, निष्क्रिय

**चेतावनी** (स्त्री.) चेतावनी, चेतौनी, चेतबाक प्रेरणा देब, चेतबाक पूर्व सूचना

**चेला** (पुं.) चेला, शिष्य, अन्तेवासी, अनुगामी

**चेष्टा** (स्त्री.) चेष्टा, स्वतःकाज करबाक प्रवृत्ति, प्रयास, आयास

**चेहरा** (पुं.) चेहरा, मुखच्छवि, आनन, मुँह

**चैतन्य** (वि.) चैतन्य, चेतनता, होश, चेतना, बंगालक एक वैष्णवाचार्य चैतन्य महाप्रभु

**चैन** (पुं.) चेन, शांति, विश्रांति, आराम

**चोंगा** (पुं.) चोङ्गा, बाँस काटि बनाओल नलाकार पात्र, दूरभाषक कानमे लगाबयबाला उपकरण

**चोंच** (स्त्री.) चोंच, पक्षीक लोल, चंचु

**चोकर** (पुं.) चोकर, आँटा चाललापर चालनिमे टिकल मोट कण, -चोकड़ (सं.) रौद लगलासँ चोटकल अजोह आम

**चोगा** (पुं.) पक्षीक’ लेल आहार व्यवस्थाक उपकरण

**चोट** (स्त्री.) चोट, प्रहार, आघात, ठोकर

**चोटिल** (वि.) चोटहा, चोटसँ युक्त, चोटाह, चोटाओल, चोट लगा प्रकुपित कएल, चोट लागल

**चोटी** (स्त्री.) चोटी, शिखर, टुरनी, छीप, महिलाक मढल केश

**चोर** (पुं.) चोर, अलक्षितरूपें आनक वस्तु हरण केनिहार, चुपचाप आनक वस्तु हरनिहार

**चोर-ताला** (पुं.) चोर-ताला, गुप्त ताला

**चोर-दरवाजा** (पुं.) चोर-दरबाजा, गुप्त दोआरि, गुप्त द्वार

**चोर-बाजार** (पुं.) चोर-बाजार, चोर द्वारा चोरायल वस्तुक व्यापार

**चोर-बाजारी** (स्त्री.) चोर बाजारी, दुर्लभ वस्तु निर्धारित मूल्यसँ अधिक मूल्यमे बेचब

**चोरी** (स्त्री.) चोरि, चोरएबाक घटना, चोराएब, चोरक आचरण

**चोरी-चोरी** (क्रि.वि.) चोरी-चोरी, चुपेचाप, गुप्त ढङसँ

**चोला** (पुं.) चोला, वेष, परिधान, शरीर

**चोली** (स्त्री.) चोली, केचुआ, कंचुकी, महिलाक आङी

**चौंकना** (अ.क्रि.) चौंकब, विस्मय आदि, भय आदिसँ तीव्रभावनाक सघ सहसा हिलि उठब, चिहुँकब

**चौंतीस** (वि.) चौंतीस संख्या, चारि अधिक तीस, 34

**चौंधियाना** (अ.क्रि.) चोन्हराएब, तीव्रप्रकाशक कारणेँ दृष्टिविफल होएब, चोन्हि-यायब

**चौंसठ** (वि.) चौंसठि संख्या, चारि अधिक साठि

**चौक** (पुं.) चौक, चारि बाटक' संधिस्थल, चौबट्टी, चतुष्पथ, चौकोर क्षेत्र, बाजार-हाटक स्थान, अरिपन, पूजाक हेतु ठाँओ कय अरिपन देब

**चौकड़ी** (स्त्री.) चौकड़ी, एकट्ठा होयबाक स्थान, अड्डा

**चौकन्ना** (वि.) चौकन्ना, चतुष्कर्ण, चारु दिस कान (ध्यान) रखनिहार, जागरूक, साकांक्ष

**चौकस** (वि.) चौकस, सतर्क, सावधान

**चौकसी** (स्त्री.) चौकसी, सतर्कता, सावधानी

**चौका** (पुं.) चौका पूजा/भोजन/भानस हेतु आयताकार नीपल पवित्र भूमि

**चौका लगाना** (स.क्रि.) चौका लगाएब, पूजा आदि हेतु भूमिकेँ नीपि पवित्र करब

**चौका-बरतन** (पुं.) चौका बरतन, भनसाक थारी बाटी आदि बासन माँजब आ भनसाक घर साफ करब

**चौकी** (स्त्री.) चौकी, तकथासँ पाटल खाट, पहरा घर, थाना, नाका

**चौकीदार** (पुं.) चौकीदार, पहरू, पहरा देबयबाला, रक्षक

**चौकीदारी** (स्त्री.) चौकीदारी, पहरूदारी, देखभाल कर'बाला

**चौकोर** (वि.) चौकोर, चारि समान कोणबाला

**चौखट** (स्त्री.) चौकठि, केबाड़क कठरा, केबाड़ आ खिड़कीक चारूकातक काठ

**चौखटा** (पुं.) चौकठा, चौखुटा, बाँहि पर पहिरबाक एक चतुर्भुज गहना

**चौगुना** (वि.) चौगुना, चतुर्गुण, चारिबर

**चौड़ा** (वि.) चौड़ा, चओड़ा, चाकर

**चौड़ाई** (स्त्री.) चौड़ाइ, चओड़ाइ, आयतक बड़का भुजाक मान

**चौतरफा** (क्रि.वि.) चौतरफा, चारू दिसमे, चारूकात, चौदिसि

**चौथा** (वि.) चारिम, चतुर्थ

**चौथाई** (वि.) चौथाइ, चतुर्थभाग, चारिम अंश

**चौदह** (वि.) चौदह संख्या, चतुर्दश, चारि अधिक दस, 14

**चौपट** (वि.) चौपट, विनष्ट, बिगड़ल, खराब

**चौपाया** (पुं.) चारि पैरबाला, चौपाया जानवर

**चौपाल** (पुं.) चौपाड़ि, चतुष्पाटी, प्राचीन मिथिलाक पाठशाला जे पंडित लोकनि स्वयं अपनहिं घर पर चलबैत छलाह

**चौबीस** (वि.) चौबीस, चारि अधिक बीस, 24

**चौमुखी** (वि.) चौमुखी, चतुर्मुखी, चौमुहा, चारू दिस मुहबाली

**चौरस** (वि.) चौरस, चतुरस्र, समतल (भूमि) चौखुट रेती

**चौरस जमीन** (स्त्री.) चौरस-भूमि, समतल भूमि, चतुरस्र भूमि, चौखुट भूमि

**चौरानवे** (वि.) चौरानवे संख्या, चारि अधिक नब्बे, 94

**चौरासी** (वि.) चौरासी संख्या, चारि अधिक अस्सी, 84

**चौराहा** (पुं.) चौराहा, चौबट्टी, चरिबटिया

**चौवन** (वि.) चौवन संख्या, चारि अधिक पचास, 54

**चौहत्तर** (वि.) चौहत्तरि, चारू हद (सीमा)क विवरण जे प्रत्येक खेतक परिचयमे देल जाइछ

**च्युत** (वि.) च्युत, खसल, चुअल, स्खलित, विचलित

**च्युति** (स्त्री.) च्युति, खसबाक क्रिया, स्खलित होयबाक प्रक्रिया

# छ

**छँटना** (अ.क्रि.) छँटब, छाँटल जाएब

**छँटनी** (स्त्री.) छटनी, फाजिल बूझि अंशतः हटाएब, चाउरकेँ चिकनाएब

**छँटाई** (स्त्री.) छँटनी, छँटाइ, चाउरकेँ चिकनएबाक क्रिया

**छंद** (पुं.) छंद, स्वेच्छा, शोभा, सौंदर्य, वृत्तलयानुकूल वाक्यविन्यास जेना दोहा, चौपाइ आदि, वेद

**छंदशास्त्र** (पुं.) पद्य रचना हेतु अनुष्टुप् आदि छंदक' लक्षण नियामक शास्त्र, छंदशास्त्र जेना पिंगल नाग कृत छंदःशास्त्र

**छंदोबद्ध** (वि.) छंदोबद्ध, मात्रा एवं वर्ण आदि छंद नियमानुसार बान्हल पद्य

**छकना** (अ.क्रि.) छकब, आनक चतुरता/ उत्कर्षसँ पराजित होएब, पूर्ण होएब

**छकाना** (अ.क्रि.) छकाएब, अपन चतुरता/ उत्कर्शसँ हराएब

**छक्का** (पुं.) 1. छक्का, पुंसत्व हीन मनुष्यक जाति समूह 2. तासमे छठम पर्द 3. क्रिकेट खेलमे छओ रन एक संग

**छक्का-पंजा** (पुं.) छक्कापंजा, दाओ-पेँच, मार-काट

**छछूँदर** (पुं.) छुछुन्नर, गंधमूषक, छिनार, पत्नीकेँ छाड़ि आन स्त्रीमे आसक्त पुरुष

**छज्जा** (पुं.) छज्जा, छाजन, उपर लटकाओल आवरण जाहिसँ रौद आ शीत नहि लागय

**छटकना** (अ.क्रि.) छिटकब, घसकब

**छटपटाना** (अ.क्रि.) छटपटाएब, छटपट करब, कछमछाएब

**छटपटाहट** (स्त्री.) छटपटएबाक अभिनय, छटपटाहटिक मनःस्थिति

**छटा** (स्त्री.) छटा, शोभा, छवि, फैशन, चमक, छँटाएल, छाँटल

**छठा** (वि.) छट्ठम संख्या, छठम

**छड़** (स्त्री.) छड़, लोह आदिक निसन पातर डंट, कुसिआरक डाँट

**छड़ी** (स्त्री.) छड़ी, टहलबाक लेल पातर ठेङा, -दार (सं.) लाठीधारी, द्वारपाल

**छत** (स्त्री.) छत, कोठाक पाटन

**छतरी** (स्त्री.) छतरी, छोट छाता, ओहार, टोपर

**छत्ता** (पुं.) छत्ता, मधुमाछीक छत्रकार घर, छाता, छत्र

**छत्तीस** (वि.) छत्तीस संख्या, छओ अधिक तीस, 36

**छत्र** (पुं.) छत्र, छाता, विशेष कए राजाक' छाता जे राजचिह्न मानल जाइछ

**छत्रछाया** (स्त्री.) छत्रच्छाया, छाताक छाहरि, निरापद सुखद आश्रम

**छत्रपति** (पुं.) छत्रपति, सम्राट, महाराजा

**छद्म** (पुं.) छद्म, छल, धोखा, कपट, बहाना

**छद्मनाम** (पुं.) छद्मनाम, ठकबाक लेल धारण कएल गेल नाम, बदलल नाम

**छद्मवेश** (पुं.) छद्मवेश, ठकबाक हेतु गृहीत आनक कृत्रिम वेश

**छन्ना** (पुं.) छन्ना, दूधक फटोन, छनबाक उपकरण वस्त्रादि

**छन्नी** (दे.छलनी) (स्त्री.) छन्नी, एक प्रकारक मृत्पात्र, छोट छन्ना

**छप** (स्त्री.) छप (ध्वनि) पानिमे कोनो भारी वस्तुक' खसबाक ध्वनि

**छपते-छपते** (क्रि.वि.) श्वेत मुद्रण

**छपना** (अ.क्रि.) छपब, छापल जाएब, गुप्त रहब, नुकाएब

**छपवाना** (छपाना) (स.क्रि.) छपबाएब, छपाएब, मुद्रित कराएब

**छपाई** (स्त्री.) छपाइ, मुद्रण, साँच द्वारा अंकन

**छप्पन** (वि.) छप्पन संख्या, छओ अधिक पचास, 56

**छप्पर** (पुं.) छप्पर, चार, छाजनि

**छवि** (छबि) (स्त्री.) छवि, छायाचित्र

**छबीला** (वि.) सुंदर, आकर्षक

**छबीलापन** (पुं.) सुंदरता, आकर्षकपन

**छब्बीस** (वि.) छब्बीस, छओ अधिक बीस, 26

**छमछम** (स्त्री./क्रि.वि.) छमाछम, छम-छम, भारी बारिस होएबा कालक ध्वनि, घुँघरुक/काड़ाक ध्वनि

**छमाही** (वि.) छमाही, षाण्मासिक, अर्धवार्षिक

**छरहरा** (वि.) पिच्छड़ सनक, सीधा, लंबा

**छर्रा** (पुं.) छर्रा, छोट-छोट काँकड़ जे घुघरू आ गहनामे भरल जाइछ, छोट-छोट लोहक कण वारुदक संग भरिक' बनाओल बंदूकक गोली

**छल** (पुं.) छल, कपट, मिथ्या भान कराएब, ठकब, खेलमे बैमानी आदि

**छलकना** (अ.क्रि.) छलकब, पानि पर तेल जकाँ पसरि चमकब, छिलकब

**छल-कपट** (पुं.) छल-कपट, बैमानी, धूर्तता

**छलकाना** (स.क्रि.) छलकाएब, ऊपर उठाक' घैल आदिसँ पानि निकालब

**छलछलाना** (स.क्रि.) छलछलाएब, तेल जकाँ पानि पर पसरि चमकब

**छलना** (स.क्रि.) छलबाक, ठकबाक क्रिया

**छलनी** (स्त्री.) छल-क्रिया, बंदूकक' गोली आदिसँ शरीरमे सभठाम छेद करब

**छल-बल** (पुं.) छलबल, ठकबाक बल, छल-कौशल

**छलसाधन** (पुं.) छलसाधन, ठकबाक साधन

**छलाँग** (स्त्री.) छलाँग, कूदब

**छलावा** (पुं.) छल करब, ठकब

**छली** (छलिया) (वि.) छलि, छलिया, वंचक, ठक

**छल्ला** (पुं.) छल्ला, चामक तिरपाल

**छवि** (स्त्री.) छवि, आकृति, आभासिक स्वरूप, छटा शोभा, सौंदर्य

**छविगृह** (पुं.) छविगृह, छायाचित्र निर्माणक' घर

**छह** (वि.) 1. छह, त्रिबली, पेटमे बढल मांससँ बनल वलयाकार धारी 2. कोदारि आदिक आघात

**छाँट** (स्त्री.) छाँट, वमन, छँटबाक क्रिया, छँटाइ

**छाँटना** (स.क्रि.) छाँटब, छँटबाक क्रिया, छाँटिक' निकालब

**छाँह** (छाँव) (स्त्री.) छाँह, छाया, छाह, छाहरि

**छाछ** (स्त्री.) छाँछ, पनिगर दही, दही पौरबाक उत्थर बासन

**छाजन** (स्त्री.) छाजन, शीतातप निवारणार्थ ऊपर पसारिकेँ टाङल आवरण

**छाता** (छतरी) (पुं.) छाता, छत्र, छत्ता

**छाताधारी** (सैनिक) (पुं.) छाताधारी, छत्रधारक

**छाती** (स्त्री.) छाती, वक्ष, स्तन, हृदय

**छात्र** (पुं.) छात्र, शिष्य, चेला, पढुआ, चटिया, विद्यार्थी, अंतेवासी

**छात्रवृत्ति** (स्त्री.) छात्रवृत्ति, पढबाक काल भेँटयबाला रुपैया आदि

**छात्रा** (स्त्री.) छात्रा, शिष्या, विद्यार्थी

**छात्रावास** (पुं.) छात्रवास, छात्रसभक निवास स्थान

**छादन** (पुं.) छादन, झाँपन, आच्छादन, वस्त्र

**छानना** (स.क्रि.) छानब, तेल/घीमे सिझाएब

**छानबीन** (स्त्री.) छानबीन, खोज-पुछारि, कोनो हेराएल वस्तु तकबाक क्रिया

**छानबीन-समिति** (स्त्री.) छानबीन समिति, खोज-पुछारि करबाक किछु गोटेक समूह

**छाना** (स.क्रि.) छाना, छनबाक डोरी

**छाप** (मोरछाप बीड़ी) (स्त्री.) छाप, मोहर, छपलासँ अंकित, आकृति, निखार

**छापना** (स.क्रि.) छापब, मुद्रित करब, अंकित करब, निखारब

**छापा** (पुं.) छापा, मुद्रित (पोथी), हस्तलेख, पाण्डुलिपि, औचक निरीक्षण

**छापाखाना** (पुं.) छापाखाना, मुद्रणालय, प्रेस

**छापामार** (पुं.) छापामार, औचक निरीक्षण केनिहार पुलिस कर्मी आदि

**छापामार-लड़ाई** (स्त्री.) छापामार लड़ाइ, पुलिस आदि द्वारा छापा मारला पर आंतकवादी आदिसँ भेल लड़ाइ

**छायांकन** (पुं.) छायांकन, छायाकेँ प्रकाशित करब, फोटो खीचब

**छाया** (स्त्री.) छाया, क्षयाह, प्रकाशक अवरोधसँ बनल प्रतिबिंब, छाह

**छायाकार** (पुं.) छायाकार, प्रतिबिंब तैयार केनिहार

**छायाचित्र** (पुं.) छायाचित्र, भावचित्र, फोटो

**छायाचित्रण** (पुं.) छायाचित्रण, भावचित्र बनएबाक क्रिया

**छाया-नाट्य** (पुं.) नाट्यक एक प्रकार/धारा/ छाया-नाट्य

**छायानुवाद** (पुं.) अनुवादक एक धारा/ छायानुवाद

**छाल** (स्त्री.) छाल, गाछक त्वचा, बल्कल, खाल

**छाला** (पुं.) छाला, छिलका, त्वचा

**छावनी** (स्त्री.) छावनी, सेनाक टुकड़ीक' रहबाक स्थान, सैनिकक अंग

**छिछला** (वि.) चिकनइ भेलासँ पिच्छड़, अत्यधिक श्लक्ष्ण

**छिछलापन** (पुं.) श्लक्ष्णता, पिच्छड़, पिच्छल, तुच्छता

**छिछली झील** (स्त्री.) उत्थर झील, पिच्छड़-बाला पोखरि आदि, कम गहींर

**छिछोरपन** (वि.) ओछ या हल्लुक व्यवहार

**छिछोरा** (वि.) ओछ, नीच, हल्लुक, हीन स्वभाव

**छिछोरापन** (छिछोरपन) (पुं.) ओछपन, नीचपन, हल्लुक, नीचताइ

**छिटकना** (अ.क्रि.) छिटकब, अपना स्थानसँ सहसा विचलित होएब

**छिटकाना** (स.क्रि.) छिटकाएब, अपना स्थानसँ विचलित कराएब

**छिटपुट** (क्रि.वि.) छिटपुट, छीटल ओ फूटल, प्रकीर्ण, विविध

**छिड़कना** (स.क्रि.) छिड़कब, सिच्च देब, जल छिडकिके गर्दा बैसाएब

**छिड़काव** (पुं.) गर्दा आदि पर जलक सिच्चा देबाक क्रिया, छिड़ाव करब

**छिड़ना** (अ.क्रि.) छिड़ब, भिड़ब, भिड़ंत, दू वस्तुक' टक्कर

**छितराना** (स.क्रि.) छितराएब, चारू दिस अस्त-व्यस्त रूपैँ पसरब

**छिद्र** (पुं.) भूर, छिद्र, छेद, विवर

**छिद्रण** (पुं.) छिद्रण, छेद करबाक क्रिया, बिल बनएबाक ढंग

**छिद्रान्वेषण** (पुं.) छिद्रान्वेषण, छेद ताकब, दोषदर्शिता, अपकार करबाक अवसरक ताक

**छिद्रान्वेषी** (पुं.) छिद्रान्वेषी, छेद तकनिहार, दोष देखनिहार

**छिनकना** (अ.क्रि.) तुनकब, छिनकब

**छिनना** (अ.क्रि.) छिनब, बलपूर्वक लेब

**छिन्न-भिन्न** (वि.) छिन्न-भिन्न, टूटल-फूटल, नष्ट-भ्रष्ट, खंडित, काटल

**छिपकली** (स्त्री.) गिरगिट, पल्ली, गृहगोधा

**छिपना** (अ.क्रि.) छिपब, नुकाएब, गुप्त होएब

**छिपाना** (स.क्रि.) छिपाएब, नुकाएब, अदृश्य करब, गुप्त राखब

**छिपाव** (पुं.) छिपाएब, नुकाएब, गुप्तक' राखब

**छियानवे** (वि.) छियानवे, छओ अधिक नब्बे, 96

**छियालीस** (वि.) छियालीस, छओ अधिक चालीस, 46

**छियासठ** (वि.) छियासठि, छओ अधिक साठि, 66

**छियासी** (वि.) छियासी, संख्या, छओ अधिक अस्सी, 86

**छिलका** (पुं.) छिलका, खोँइचा, खाल, चमड़ा, उपरी तह (परत)

**छिलना** (अ.क्रि.) छिलब, उपरका तह काटि हटाएब, चिक्कन करब

**छिहत्तर** (वि.) छिहत्तरि, संख्या, छओ अधिक सत्तरि, 76

**छींक** (स्त्री.) छीक, छिकबाक सहज क्रिया

**छींकना** (अ.क्रि.) छीकब, छिकब, नाकसँ छिक' शब्दपूर्वक वायुक झोंक निकलबाक एक सहज क्रिया करब

**छींका** (पुं.) छिक्का, छिकबाक क्रिया

**छींट** (स्त्री.) छीट, अनेक रंगमे रङल कपड़ा, चित्रित वस्त्र

**छींटना** (स.क्रि.) छीटब, छिटब, छिड़ियाएब, विकीर्ण करब, छिच्चा देब

**छींटा** (पुं.) 1. छिटबाक क्रिया, जलादिसँ सामग्री पर सिंचन क' पवित्र करबाक क्रिया 2. छिट्टा, बाँसक एक प्रकारक पात्र, टोकरी, पथिया

**छींटाकशी** (स्त्री.) व्यंगपूर्ण, व्यंग्यात्मक

**छीछालेदर** (स्त्री.) अवमाननापूर्ण, अपमानित

**छीजन** (स्त्री.) कूड़ा-कचड़ा, निष्प्रयोजन

**छीना-झपटी** (स्त्री.) छीना-झपटी, छीनब-झपटब, जोर जबरदस्ती क' छीनब, लूझब

**छीलन** (स्त्री.) छीलन, लकड़ी आदिकेँ छिलला पर निकलल खोँइचा

**छीलना** (स.क्रि.) छिलब, उपरका तह काटि हटाएब

**छुआछूत** (स्त्री.) छुआछूत, अस्पृश्यता, एक प्रकारक बीमारी जे स्पर्शसँ बढ़ैछ

**छुईमुई** (स्त्री.) लाजवंती, लजबिज्जी

**छुटकारा** (पुं.) छुटकारा, मुक्ति

**छुटपन** (पुं.) बचपन, नादानी

**छुटपुट** (वि.) छुटपुट, फुटकर, विविध

**छुट्टा** (पुं.) 1. छुट्टा, छूटल, स्वच्छंद 2. बिनु लगाओल पान आदि

**छुट्टी** (स्त्री.) छुट्टी, मुक्ति, अवकाश, फुरसति, पलखति

**छुड़ाना** (स.क्रि.) छोड़ाएब, बंधन व संलग्नतासँ मुक्त कराएब

**छुतहा** (वि.) छुतहा, छूतिबाला, स्पर्शसँ संक्रमण भेनिहार रोगादि

**छुरा** (पुं.) छूरा, क्षुर, चक्कू, अस्तुरा

**छुरी** (स्त्री.) छूरी, छोट चक्कू, छोट अस्तुरा

**छुरी-काँटा** (पुं.) छूरी-काँटा, नोंक-झोंक, भोजन-कालक आधुनिक चम्मच इत्यादि सन वस्तु

**छुरेबाज़** (वि./पुं.) छूरा चलाबएबाला, चक्कू मारएबाला, गुंडा

**छुरेबाज़ी** (स्त्री.) छूरा मारि झगड़ा करएबाला, चक्कूकेँ अस्त्र बनाक' लड़एबाला

**छुहारा** (पुं.) छोहारा, छहोरा, खजूरक सुकठी

**छूट** (स्त्री.) छूटब, छूटि, मुक्ति, ढिलाइ, स्वेच्छाचाराधिकार, स्वातंत्र्य

**छूटना** (अ.क्रि.) छूटब, मुक्त होएब स्वतंत्र होएब

**छूत** (वि.) छूति, अस्पृश्यसँ स्पर्श

**छूत की बीमारी** (स्त्री.) स्पर्शसँ होमय बाला रोग, संक्रामक रोग, छुतहा रोग

**छूना** (स.क्रि.) छुअब, छुइब, स्पर्श करब

**छेड़खानी** (स्त्री.) उकसाएब, भड़काएब

**छेड़छाड़** (स्त्री.) स्पर्श करब, तंग करब

**छेड़ना** (स.क्रि.) छेड़ब, छेरब

**छेद** (पुं.) छेद, विवर, भूर, काट, छेदन

**छेदक** (पुं.) छेद करबाक साधन, भूर करबाक यंत्र, विवरकरबाक उपकरण, छेत्ता, कटनिहार

**छेदन** (पुं.) छेदन, छेदनाइ, भोँब, काटब

**छेदना** (स.क्रि.) छेदब, भोँकब, काटब, भूर करब, बिल करब

**छेना** (पुं.) छेना, फाटल दूधक स्थूल अंश

**छेनी** (पुं.) छैनी, लोह आदिक कटबाक धारबाला कील, उपकरण

**छोकरा** (पुं.) छोकड़ा, बालक, नावालिग पुरुष

**छोटा** (वि.) छोट, लघु, अल्पाकार, कनिष्ठ, अल्पवयस्क

**छोटाई** (स्त्री.) छोटाइ, छोटपन, नीचना, छोट लोकक चालि,कालप्रमाणकृत कनिष्ठता

**छोटा काम** (पुं.) लघुकार्य, निम्नस्तीय काज, घटिया काज

**छोटा भाई** (पुं.) छोटका भाय, अनुज, कनिष्ठ भ्राता

**छोटी** (वि.) छोट, लघु, ह्रस्व

**छोटी इलायची** (स्त्री.) छोटकी अड़ाँची, दक्षिणी अड़ाँची

**छोटी माता** (स्त्री.) कोदबा, एक प्रकारक सांसर्गिक रोग जे चेचक वर्गक मानल जाइत अछि, छोटकी माता, छोटीमाई (एक औषधिविशेष)

**छोटी लाइन** (स्त्री.) छोटी लाइन

**छोड़ना** (स.क्रि.) छोड़ब, त्यागब, मुक्त करब

**छोर** (पुं.) छोर, किनार प्रंत पशुकेँ अपना संग चल'बाक हेतु पैघ डोरी जकर एक भाग पशुक सींग वा गरदनिमे रहैछ आ दोसर चरवाहक हाथमे

**छोरा** (पुं.) छोरा, छओँड़ा, छौँड़ा

**छौंक** (छौंका) (स्त्री.) छौँक, छौँकबाक क्रिया

**छौंकना** (स.क्रि.) छौँकब, छौँकबाक क्रिया करब, तीमनकेँ स्वादिष्ट बनएबाक हेतु तेल वा घीमे तेजपात इत्यादि मसालाकेँ पक्व क' तीमनमे उपरसँ मिलाएब

# ज

**जंग** (स्त्री.) जँग, जङ, जंग, युद्ध, लड़ाइ, बीझ

**जंगदार** (वि.) जङ लागल, बीझ लागल

**जंगम संपत्ति** (वि.) चल संपत्ति, जंगम संपत्ति, इतस्ततः संचरणशील संपत्ति यथा टाका-पैसा

**जंगल** (पुं.) जंगल, ब'न

**जंगला** (पुं.) खिड़की, गवाक्ष, वातायन, जङ्ली

**जंगलात** (पुं./बहु.) जङ्गलझार, जङ्गलाह, क्षुपादिसँ संकुल

**जंगली** (वि.) जङ्गली, वन्य, जंगल संबंधी

**जंगी** (वि.) जङी, सैन्य, सैनिक, योद्धा

**जंगी-जहाज** (पुं.) युद्ध संबंधी जहाज, युद्धपोत, सैन्य जलयान

**जंगी-बेड़ा** (पुं.) युद्धपोत, सैन्य जलयान

**जंघा** (स्त्री.) जंघा, जाँघ, उरु, ठेहुनसँ उपरका अंग

**जंजाल** (पुं.) जंजाल, झंझट, बखेड़ा, बलाय

**जंजीर** (स्त्री.) जिंजीर, कड़ी, शृंखला

**जंतर** (पुं.) जंतर, भूषण विशेष, तांत्रिक यंत्र, ताबीज, एक प्रकारक गहना, भोजपत्र आदि पर लीखल अलौकिक शक्तिबाला रेखाकृति वा मंत्र जे रोगनिवारण आदि फलक कामनासँ खोलमे गाँथि पहिरल जाइत अछि

**जंतर-मंतर** (पुं.) 1. अलौकिक शक्तिबाला उपचार, यंत्र-मंत्र, जादू-टोना 2. वेधशाला, ज्योतिषीय ग्रह नक्षत्रदिक गति ज्ञानार्थ बनाओल गेल उपकरण

**जंतु** (पुं.) जंतु, जीव, प्राणी

**जंतु समूह** (पुं.) जंतु समूह, जीववर्ग, प्राणी समूह

**जंबूर** (जंबूरा) (पुं.) चिमटा, चिमटी, पुरान समयक एक छोट तोप, मधुमाँछी

**जँचना** (अ.क्रि.) जँचब, जाँचमे उत्तीर्ण

**जँभाई** (स्त्री.) जम्भा, हाफी, मुँह बएबाक एक सहज क्रिया/मुद्रा

**जँवाई** (पुं.) जमाए, जामाता, बेटी/भतीजी/ भगिनी आदिक पति

**जई** (स्त्री.) जइ, एक प्रकारक जओ

**जकड़** (स्त्री.) पकड़, कसगर बान्ह, बंधन, बन्हन

**जकड़न** (स्त्री.) जकड़न, कड़ई, सख्ती, कठोरता

**जकड़ना** (स.क्रि.) जकड़ब, जोरसँ बान्हल, कसिकेँ बान्हब

**जखम** (जख्म) (पुं.) जखम, क्षत, घाओ

**जखमी** (जख्मी) (वि.) जखमी, क्षतपूर्ण, घाओयुक्त, घायल

**जखीरा** (पुं.) जखीरा, भंडार, ढेर

**जग** (पुं.) जग, जगत्, संसार, विश्व, यज्ञ, एक प्रकारक जलपात्र

**जगत** (पुं./स्त्री.) जगत्, जग, संसार, विश्व

**जगना** (अ.क्रि.) जागब, निद्रामुक्त होएब, चैतन्य पाएब, पुनः उत्पन्न होएब, बहुरब

**जगमग** (वि.) जगमग, अनेक दीपसँ आलोकित, जगमगाएब, चमकब

**जगमगाना** (अ.क्रि.) जगमग करब, जगमगाएब

**जगमगाहट** (स्त्री.) जगमगएबाक भाव, जगमग होएबाक क्रिया, जगमागाहटि

**जगहँसाई** (स्त्री.) जगहँसाए, संसारमे हँसीक पात्र होएब

**जगह** (स्त्री.) जगह, स्थान, अवकाश, समावेश, पद, बदलामे

**जगाना** (स.क्रि.) जगाएब, उठाएब, निद्रामुक्त करब

**जघन्य** (वि.) जघन्य, निम्न, निकृष्ट

**जच्चा** (स्त्री.) नवप्रसूता स्त्री, परसौती, नवजात शिशुक माता, प्रसू

**जच्चाखाना** (पुं.) प्रसूति गृह, प्रसवकक्ष, सोइरी'क घर, प्रसवालय

**जच्चा-बच्चा** (पुं.) परसौती एवं नवप्रसूत शिशु, जननी-पुत्र/पुत्री

**जज्बा** (पुं.) भाव, भावना, सोच, चिंतन, मनोभाव, आवेश

**जज्बाती** (वि.) भावुक, भावप्रवण, भावपूर्ण, भावात्मक

**जटा** (स्त्री.) जटा, जट्टा, परस्पर सहि'क डोरी जकाँ बनल केशराशि जे योगी सभक माथमे रहैछ

**जटिल** (वि.) जटिल, जटाधारी, जटासँ व्याप्त, ओझरायल, दुरूह, दुर्बोध

**जटिलता** (स्त्री.) जटिलता, कठिनता, दुर्बोधता, दुरूहता

**जड़** (स्त्री.) जड़, चैतन्यहीन, मूर्ख, शीतसँ ठिठुरल, जल, जड़ि, वृक्षक मूल

**जड़ता** (स्त्री.) जड़ता, मूर्खता, बुद्धिहीनता, नासमझी

**जड़ना** (स.क्रि.) जड़ब, खाँचमे बैसाएब, जटित करब

**जड़बुद्धि** (वि.) मंदबुद्धि, जड़बुद्धि, मूर्ख, नासमझ, अल्पबुद्धि, बेवकूफ

**जड़मति** (वि.) जड़मति, मंदमति, अल्पमति, नासमझ

**जड़वाद** (पुं.) जड़वाद, भौतिकवाद, सांसारिकता, विषयासक्ति

**जड़वादी** (वि./पुं.) जड़वादी, भौतिकवादी, सांसारिक, विषयी

**जड़ाऊ** (वि.) जड़ाउ, स्वर्ण वा रत्नसँ जटित भूषणादि

**जड़ित** (वि.) मढल, जड़ित, स्वर्ण वा रत्नादिसँ जटित आभूषणादि

**जड़ी** (स्त्री.) जड़ी, अलौकिक चमत्कार देखओनिहार वनस्पतिक जड़ि या काठ

**जड़ी-बूटी** (स्त्री.) वनौषधि, जड़ी-बूटी, वनस्पतिक मूलादि भागसँ तैआर कयल गेल औषधि

**जतलाना** (स.क्रि.) बुझायब, अवगत कराएब

**जत्था** (पुं.) जत्था, समूह, गुच्छ, झुंड

**जत्थेदार** (पुं.) जत्थेदार, समूहक नेता, गुच्छाक मुखिया, झुंडक प्रधान

**जद्दोजहद** (स्त्री.) जद्दोजहद, कठिन परिश्रम, भारी भरिकम काज

**जन** (पुं.) जन, लोक, व्यक्ति, दैनिक मजदूर

**जन आंदोलन** (पुं.) जन आंदोलन, सामूहिक विक्षोभ

**जनक** (पुं.) जनक, जन्मदेनिहार पिता, विदेह/ मिथिलाक एक पुराणवर्णित राजा

**जनकल्याण** (पुं.) जनकल्याण, लोककल्याण, समस्त जनताक कल्याण

**जनखा** (वि.) नपुंसक, प्रजनन शक्तिसँ रहित स्त्री एवं पुरुष, पौरुषहीन

**जनगणना** (स्त्री.) जनगणना, संगणना

**जन-जागरण** (पुं.) जन-जागरण, लोकसबकेँ श्रेष्ठ कार्य हेतु प्रेरित करब

**जनजाति** (स्त्री.) जनजाति, आदिम जाति, वनवासी मानव जाति

**जनजीवन** (पुं.) जनजीवन, लोकजीवन

**जनतंत्र** (पुं.) जनतंत्र, जनताक बहुमतसँ चुनल प्रतिनिधि द्वारा देशक शासन प्रणाली

**जनतांत्रिक** (वि.) जनतांत्रिक, लोकतांत्रिक, जनता'क बहुमतसँ चयनित प्रतिनिधि द्वारा देशक शासन प्रणाली संबंधी

**जनता** (स्त्री.) जनता, लोकक समष्टि, पब्लिक, जनसमुदाय

**जनता जनार्दन** (पुं.) जनता-जनार्दन, जनता सभकिछु

**जनधन** (पुं.) जनधन, जनसुमदायक धन, सार्वजनिक धन, आमधन

**जनन** (पुं.) जनन, जन्म, उत्पत्ति, जन्म देब

**जननायक** (पुं.) जननायक, जन-संगठनक नेता, जन-समूहक मुखिया, लोक पदवी

**जननी** (स्त्री.) जननी, माय, जन्मदेनिहारि, माता, जन्मदात्री

**जननेंद्रिय** (पुं.) जननेन्द्रिय, प्रजनन संबंधी गुह्यांग, लिंग, योनि

**जनपद** (पुं.) जनपद, जिला, मंडल

**जनप्रिय** (वि.) जनप्रिय, लोकप्रिय, सर्वप्रिय, लोकसुलभ

**जनभावना** (स्त्री.) जनभावना, लोकभावना, समस्त जनताक भावना

**जनभाषा** (स्त्री.) जनभाषा, लोकभाषा, सहजभाषा, बोली

**जनमत** (पुं.) जनमत, लोकक सलाह, सामूहिक विचार

**जनमत-संग्रह** (पुं.) जनमत-संग्रह, लोकक सलाहक' संग्रह, सामूहिक विचारक संग्रह

**जनवरी** (स्त्री.) जनबरी, ग्रैगेरियन (अंग्रेजी) कलेंडरक प्रथम मास जे सायन मकर संक्रांतिसँ चौदह दिन पूर्व आरंभ होइत अछि

**जनशक्ति** (स्त्री.) जनशक्ति, लोकशक्ति, सामूहिक शक्ति

**जनश्रुति** (स्त्री.) जनश्रुति, किंवदन्ती, अफवाह, उड़ंती, लोकक कानाकानी प्रख्यात बात

**जनसंख्या** (स्त्री.) जनसंख्या, आबादी, लोकक संख्या, नागरिकक संख्या

**जनसंचार** (पुं.) जनसंचार, लोकसुविधानुकूल संचारण, लोक संसूचन, लोकसंप्रेषण

**जनसंपर्क** (पुं.) जनसंपर्क, लोकसंपर्क

**जनसंपर्क-अधिकारी** (पुं./स्त्री.) जनसंपर्क-अधिकारी, लोकसंपर्क अधिकारी

**जनसंबोधन** (पुं.) जनसंबोधन, सामूहिक वार्तालाप

**जनसंसाधन** (पुं.) जनसंसाधन, लोकसंसाधन, मानवसंसाधन

**जनसंहार** (पुं.) जनसंहार, लोकसंहार

**जनसभा** (स्त्री.) जनसभा, लोकसभा, सामूहिक सभा

**जनसमुदाय** (पुं.) जनसमुदाय, लोकसमुदाय

**जनसमूह** (पुं.) जनसमूह, लोकसमूह

**जनसाधारण** (पुं.) जनसाधारण, जनसामान्य

**जनसेवक** (पुं.) जनसेवक, लोकसेवक

**जनसेवा** (स्त्री.) जनसेवा, लोकसेवा, समाजसेवा

**जन-हानि** (स्त्री.) जनहानि, लोकहानि

**जनहित** (पुं.) जनहित, लोकहित

**जनहित याचिका** (स्त्री.) जनहित याचिका, लोकहित याचिका

**जनाजा** (पुं.) जनाजा, शवयात्रा

**जनानख़ाना** (पुं.) जनानखाना, महिलावास, अंतःपुर, रनिवास, भीतरी हवेली

**जनाना** (स्त्री.) जनाना, महिला, स्त्रीगण

**जनाब** (पुं.) जनाब, मान्यवर, महोदय, महाशय

**जनित** (वि.) जनित, जन्य, उत्पन्न

**जनित्र** (पुं.) उत्पादक, जनक

**जनून** (पुं.) जनून, समर्पण, अत्युत्साह

**जनोपयोगी** (वि.) जनोपयोगी, लोकोपयोगी, समाजोपयोगी, सर्वजनोपयोगी

**जन्नत** (स्त्री.) जन्नत, स्वर्ग, देवलोक, परलोक, आकाश, आसमान

**जन्म** (जनम) (पुं.) जन्म, जनम, उत्पत्ति, जीवनप्राप्ति

**जन्मचिह्न** (पुं.) जन्मचिह्न, उत्पत्तिकालक चिह्न

**जन्मजात** (वि.) जन्मजात, जन्मक सघ उपजल/उत्पन्न, जन्मना

**जन्मतिथि** (स्त्री.) जन्मतिथि, उत्पत्ति तिथि, जीवनप्राप्ति तिथि, जाहि तिथिमे जन्म भेल हो ओ तिथि

**जन्मदर** (स्त्री.) जन्मदर, उत्पत्तिदर

**जन्मदाता** (पुं.) जन्मदाता, पिता, जनक

**जन्मदिन** (पुं.) जन्मदिन, जाहि दिन बच्चाक जन्म भेल हो ओहि दिनकेँ जन्म-दिन कहल जाइत अछि

**जन्मना** (क्रि.वि.) जन्मना, जन्मसँ, जन्महिसँ, जन्मजात

**जन्मपत्री** (स्त्री.) टीपनि, जन्मपत्री, लग्न-पत्रिका, जीवनक समस्त गतिविधिक ज्ञान करबाक हेतु ज्योतिष सिद्धांत पर आधारित आ गणितीय ढंगसँ प्रस्तुत कएल गेल पत्री

**जन्म प्रमाणपत्र** (पुं.) जन्मप्रमाणपत्र, उत्पत्ति-प्रमाणपत्र

**जन्मभूमि** (स्त्री.) जन्मभूमि, मातृभूमि, पितृभूमि

**जन्म-मरण** (पुं.) जन्म-मरण, जनम-मरण, उत्पत्ति-मृत्यु

**जन्मसिद्ध-अधिकार** (पुं.) मौलिक-अधिकार, जन्मसिद्ध अधिकार, जनमितहिँ प्राप्त अधिकार

**जन्म-स्थान** (पुं.) जन्मस्थान, उत्पत्तिस्थान, जाहि ठाम जन्म भेल हो ओ स्थान

**जन्मांध** (वि.) जन्मांध, जन्मसँ आन्हर

**जन्मोत्तर** (वि.) जन्मोत्तर, जन्म भेलाक उपरांत

**जन्मोत्सव** (पुं.) जन्मोत्सव, जन्म दिवसीय उत्सव

**जपना** (स.क्रि.) जपब, बारंबार उच्चारण करब, कोनो नाम विशेषक पुनः पुनरुक्ति

**जब** (क्रि.वि.) जखन, जाहि क्षणमे, जाहि कालमे, जाहि स्थितिमे

**जब कभी** (क्रि.वि.) जखन-कखनहुँ

**जबकि** (क्रि.वि.) जखन कि

**जबड़ा** (पुं.) हनु, कल्ला, दाढीक हाड़

**जबरदस्त** (वि.) जबरदस्त, शक्तिशाली, बलवान्, महान्, प्रकाण्ड

**जबरदस्ती** (स्त्री.) जबरदस्ती, बलपूर्वक, बलात्, शक्ति प्रयोगसँ

**जबरन** (क्रि.वि.) जबरन, बलात्, हठात्

**जबान** (स्त्री.) युवक, सयान, प्रौढ, सिपाही, सैनिक, जुबान, बोल, जीह, भाषा

**जबान पलटना** (क्रि.) जुबान बदलब, कहल बातसँ मुकरि जाएब, बातसँ हटब

**जबानी** (वि.) जुबानी, मौखिक, यौवनावस्था

**जबानी आदेश** (पुं.) जुबानी आदेश, मौखिक आदेश

**जब्त** (वि.) जब्त, जप्त, छीनब

**जब्त करना** (स.क्रि.) जब्त करब, जप्त करब, बलपूर्वक अधिकारसँ हटा देब, राजाज्ञासँ घरसँ निकालि ल' जायब

**जमघट** (पुं.) जमघट, जमघट्ट, अधिक लोकक भीड़

**जमना** (अ.क्रि.) जमब, भोजन करब, द्रवसँ ठोस अवस्थामे आयब, मैल आदिक दृढ भ' बैसब

**जमा** (पुं./वि.) जमा, संचय, संचित राशि, मूलधन

**जमाई** (जामाता) (पुं.) जमाइ, जमाय, जामाता

**जमाकर्ता** (पुं.) जमाकर्ता, संचय केनिहार

**जमा-खर्च** (पुं.) जमाखर्च, आयव्यय'क लेखा-जोखा

**जमा-खाता** (पुं.) जमाखाता, संचित धन राशिक बही

**जमाखोर** (पुं.) जमाखोर, जमाक' कँ राखय बाला

**जमाखोरी** (स्त्री.) जमाखारी, जमाक'कँ रखबाक स्वभाव

**जमात** (स्त्री.) जमात, वर्ग, समूह, जमाति, साधुआदिक दल, समूह

**जमानत** (स्त्री.) जमानत, प्रतिभूति, कोनो अन्य व्यक्तिक द्वारा पालनीय करारक पूर्त्यर्थ अपना उपर लेल गेल दायित्व, जिम्मेदारी

**जमानत जमा** (स्त्री.) जमानत जमा, जमानत हेतु करारानुसार धनराशि जमा

**जमानती** (वि.) जमानती, जमानत संबंधी, जमानतबाला

**जमाना** (स.क्रि.) जमाएब, शिथिल करब

**जमाना** (पुं.) जमाना, समय, युग

**जमा-पूँजी** (स्त्री.) जमा-पूँजी, संचित धनराशि

**जमाबंदी** (स्त्री.) जमाबंदी, कर निर्धारण

**जमा-बाकी** (स्त्री.) जमा-बाँकी

**जमावड़ा** (पुं.) जमाबड़ा, जमघट्ट

**जमीकंद** (स्त्री.) आलू, ओल आदि पृथिवीक अंदर होयबाला कंद

**जमींदार** (पुं.) जमिंदार, लगान ओसूल करबाक अधिकारक स्थायी ठीका लेनिहार भूस्वामी, जे आब नहि छथि -री जमिंदारक व्यवसाय, हक वा अधिकार क्षेत्र

**जमीन** (स्त्री.) माटि, जमीन, भूमि, पृथिवी, आधार, खेत, भूसंपदा

**जमीन-जायदाद** (स्त्री.) जमीन-जयदाद

**जमीर** (पुं.) विवेक, अंतःकरण, सदसद्विवेक

**जम्हाई** (जमुहाई) (स्त्री.) जम्भा, हाफी, मुह बएबाक एक सहज क्रिया

**जम्हूरियत** (स्त्री.) प्रजातंत्र, प्रजा द्वारा चयनित नेता वर्ग द्वारा संचालित शाशन प्रणाली, लोकतंत्र

**जयंती** (स्त्री.) जयंती, वर्षपूर्तिक अवसर पर विशेषतः 25, 50, 75 आदि वर्ष पूर्ण पूरा भेला पर स्मृत्यर्थ अनुष्ठेय उत्सव

**जय** (स्त्री.) जय, जीत, सफलता

**जय-पराजय** (स्त्री.) जय-पराजय, जीत-हारि, सफलता-असफलता

**जयमाला** (स्त्री.) जयमाला, जीतक माला, पति रूपमे ग्रहण करबाक प्रतीक स्वरूप पहिराओल माला

**जरदा** (पुं.) 1. जरदा, पानक संग, खएबालए प्रसंस्कृत तमाकुल 2. एक प्रकारक आम 3. मिठका भात

**जरदी** (जर्दी) (स्त्री.) पियरका, पीत वर्णक

**जरसी** (जर्सी) (स्त्री.) जर्सी, चुस्त ऊनी वस्त्र, बण्डी

**जरा** (स्त्री.) जरा, बुढारी, वृद्धावस्था, तुरीयावस्था

**जरायमपेशा** (वि.) अपराध-व्यवसायी

**जरायु** (पुं.) जरायु, नार पुड़ैनि, भ्रूणक चर्मावरण

**जरायुज** (वि.) जरायुसँ उत्पन्न भेनिहार, जीव, गर्भसँ उत्पन्न होमयबाला

**जरिया** (पुं.) जरिआ, माध्यम, द्‌वारा, साधन

**जरी** (स्त्री.) जरी, सेना-चानीक पातर तार जाहिसँ वस्त्र अलंकृत कएल जाइत अछि

**जरीब** (स्त्री.) जरीब, अमीनी कड़ी (जंजीर) जे 55 वा 60 गजक होइत अछि

**जरूर** (क्रि.वि.) जरूर, अवश्य

**जरूरत** (स्त्री.) जरूरति, आवश्यकता

**जरूरतमंद** (वि.) जरूरतिमंद, खगल, अभाव-ग्रस्त

**जरूरी** (वि.) जरूरी, आवश्यक, अनिवार्य

**जर्जर** (वि.) जर्जर, थौआ, जीर्ण-शीर्ण

**जर्जरित** (वि.) जर्जरित, थौआ भेल, टूटल-फाटल, जीर्ण-शीर्ण

**जल** (पुं.) जल, पानि

**जलकर** (पुं.) जलकर, जलीय आयस्रोत, जेना पोखरि

**जलकुंड** (पुं.) जलकुंड, जलस्रोत

**जलक्रीड़ा** (स्त्री.) जलक्रीड़ा, जलकेलि, झिलहरि

**जलचर** (वि./पुं.) जलचर, पानिमे जीव'बाला जीव, यथा सिल्ली आदि

**जलजंतु** (पुं./वि.) जलजंतु, मत्स्य, काछु आदि

**जलज** (पुं.) जलज, जलसँ उत्पन्न होमयबाला, कमल, मलकोका आदि

**जलजला** (पुं.) जलजला, उत्तेजना, भूकंप

**जलडमरूमध्य** (पुं.) जलडमरुमध्य, स्थल संयोजक, भू-संधि, संयोजक

**जलत्रास** (जलभीति) (पुं.) जलत्रास, जलभीति

**जलद** (पुं.) जलद, मेघ

**जलदस्यु** (पुं.) जलदस्यु, समुद्री डाकू, समुद्रक मार्गमे रहयबाला डकैत

**जल-धारा** (स्त्री.) जलधारा, पानिक धारा, जलक प्रवाह

**जलन** (स्त्री.) जलन, जरब, लहरब

**जलना** (अ.क्रि.) जरबाक क्रिया, जरि जाएब, पाकब, झरकब

**जलनिकास** (पुं.) जलनिकास, जल निकलबाक मार्ग

**जलपान** (पुं.) जलपान, उपाहार, जलखै, जलखइ, अल्पाहार

**जलपानगृह** (पुं.) जलपानगृह, उपाहारकक्ष, जलखैक'घर, अल्पाहार प्रकोष्ठ

**जलप्रपात** (पुं.) 1. जलप्रपात, झरना, निर्झर 2. खेखरबाक रंदा जे चिक्कन नहि करैत अछि

**जलप्रलय** (पुं.) जलप्रलय, जलसँ होमयबाला प्रलय

**जलप्रवाह** (पुं.) जलप्रवाह, जलधारा

**जलप्लावन** (पुं.) जलप्लावन, जलमे डूबल, बाढि

**जलभीति** (स्त्री.) जलभीति, जलभय

**जलमग्न** (वि.) जलमग्न, जलमे डूबल

**जलमापक** (पुं.) जलमापक, जलक मात्र नपबाक उपकरण/यंत्र

**जलमार्ग** (पुं.) जलमार्ग, पानिक पथ

**जलयात्रा** (स्त्री.) जलयात्रा, जलक मार्गमे यात्रा करब

**जलयान** (पुं.) जलयान, नाओ, नौका, जहाज

**जलयुद्ध** (पुं.) 1. जलयुद्‌ध, जलमारि, जूड़ि-शीतलक फुचुक्का-फुच्चुक्की पोखरिमे 2. जाहि युद्‌धक कारण जल हो एहन युद्ध जलयुद्‌ध क्हबैछ

**जलवायु** (स्त्री.) जलवायु, वातावरण, पर्यावरण

**जलवायु-विज्ञान** (पुं.) जलवायुविज्ञान, पर्यावरण-विज्ञान

**जल-विज्ञान** (पुं.) जलविज्ञान, जल संबंधी विज्ञान

**जल-विद्‌युत** (स्त्री.) जल विद्‌युत, पनिबिजली

**जल-संग्रहण** (पुं.) जलसंग्रहण, जलक संग्रह करब

**जल-समाधि** (स्त्री.) सजलसमाधि, जलक अंदर रहयबाला

**जलसह** (वि.) जलसह, एक लेप विशेष जे कोनो वस्तु छड़ी आदिमे लगा देला पर ओकरा जलमे खसि पड़ला सनताँ जल नहि पइसय

**जलसा** (पुं.) जलसा, उत्सव, महोत्सव, अधिवेशन

**जलसेना** (स्त्री.) जलसेना, जलक मार्गसँ रक्षा करयबाला रक्षक दल

**जलस्तर** (पुं.) जलस्तर, पानिक स्तर

**जलस्रोत** (पुं.) जलस्रोत, जलप्राप्तिक उत्स

**जलाना** (स.क्रि.) जराएब, पकाएब, प्रकाशित करब

**जलापूर्ति** (स्त्री.) जलापूर्ति, जलक कमीकेँ दूर करबाक व्यवस्था

**जलाभाव** (पुं.) जलाभाव, जलक अभाव

**जला भुना** (वि.) जरल-भूजल, तामसे बहीर

**जलालत** (स्त्री.) नीचता, अधमता, घटिया, निकृष्ट

**जलावतरण** (पुं.) जलावतरण, जलोत्पत्ति

**जलाशय** (पुं.) जलाशय, पोखरि-इनार आदि पानिक भंडार

**जलील** (वि.) अपमानित, निर्लज्ज, हीन

**जलूस** (जुलूस) (पुं.) जलूस, धर्रोहि, सम्मानक उद्देश्यसँ सामूहिक प्रयाण

**जलोढ मिट्टी** (स्त्री.) पाँक, कादो, बाढिक पानिक संग आयल माटि

**जलोदर** (पुं.) जलोदर, पेटमे पानि भरि जएबाक रोग, उदर रोग

**जल्द** (क्रि.वि.) जल्दी, शीघ्र, तुरंत

**जल्दबाज** (वि.) जल्दबाज

**जल्दबाजी** (स्त्री.) जल्दबाजी, शीघ्रतापूर्वक

**जल्दी** (स्त्री./क्रि.वि.) जलदी, शीघ्र, तुरंत, अविलंब

**जल्लाद** (पुं.) जल्लाद, चाण्डाल, वधिक

**जवाँमर्द** (वि.) जबान पुरुष, युवा मर्द

**जवान** (वि.) जबान, सैनिक, युवा

**जवानी** (स्त्री.) जवानी, युवावस्था

**जवाब** (पुं.) जबाब, उत्तर

**जवाबदेह** (वि.) जबाबदेह, उत्तरदायी

**जवाबदेही** (स्त्री.) जबाबदेही, उत्तरदायी

**जवाबी** (वि.) जबाबी, प्रतिक्रिया स्वरूप, उत्तरक हेतु संलग्न

**जवाबी हमला** (पुं.) जबाबी हमला, प्रतिक्रिया स्वरूप कएल गेल हमला

**जवाहरात** (पुं.) जवाहरात, गहना, आभूषण, अलंकरण

**जशन** (जश्न) (पुं.) पर्व, उत्सव

**जस्ता** (यशद) (पुं.) जस्ता, एक धातु

**जहन्नुम** (पुं.) जहन्नुम, नरक

**जहमत** (स्त्री.) झंझट, दिक्कत, समस्या, विपत्ति

**जहर** (पुं.) जहर, विष

**जहरीला** (वि.) जहरीला, विषयुक्त

**जहाँ** (अव्य.) जहाँ, जाहि स्थानमे, जतए

**जहाँ** (जहान) (पुं.) जहान, संसार, विश्व

**जहाज** (पुं.) जहाज, पोत, पैघ जलयान

**जहाजरानी** (स्त्री.) नौ-संचालन, विमान संचालन

**जहाजी बेड़ा** (पुं.) नौसेना(जलसेना)क' बेड़ा

**जाँघ** (स्त्री.) जाँघ, शरीरमे डाँड़सँ नीचा आ ठेहुनसँ ऊपरक भाग

**जाँच अधिकारी** (पुं.) जाँच अधिकारी, निरी-क्षणाधिकारी

**जाँच आयोग** (पुं.) जाँच आयोग, निरीक्षण आयोग

**जाँचकर्ता** (पुं.) जाँचकर्ता, निरीक्षण कर्ता

**जाँच-चौकी** (स्त्री.) जाँच चौकी, निरीक्षण केंद्र

**जाँचना** (स.क्रि.) जाँचब, निरीक्षण करब

**जाँच-पड़ताल** (स्त्री.) जाँच-पड़ताल, परीक्षण, निरीक्षण

**जाँबाज** (वि./पुं.) जाँबाज, वीर, वीरपुरुष/ वीरांगना

**जागना** (अ.क्रि.) जागब, जागृत रहब, निद्रामुक्त होएब

**जागरण** (पुं.) जागरण, जगबाक क्रिया

**जागरूक** (वि.) जागरूक, सतर्क, सावधान

**जागरूकता** (स्त्री.) जागरूकता, सतर्कता, सावधानी, साकांक्षता

**जागीर** (स्त्री.) जागिर, सेवाक तरेँ वा पुरस्कारस्वरूप राजा द्वारा देल गेल भूसंपदा

**जागीरदार** (पुं.) जागिरदार, सेवा वा पुरस्कारस्वरूप प्राप्त धनक स्वामी

**जागीरदारी** (स्त्री.) जागिरदारक भावात्मक क्रिया

**जाग्रत** (वि.) जाग्रत्, जागरूक, सतर्क

**जागृति** (स्त्री.) जागृति

**जाड़ा** (पुं.) जाड़, शैत्य, शीत ऋतुक' भाव

**जात-पात** (जाति-पाँति) (स्त्री.) जाति-पाँति

**जाति** (स्त्री.) जाति, समाजमध्य आनुवांशिक वर्ग, श्रेणी

**जाति-पाँति** (स्त्री.) आनुवंशिक वर्गक' निर्धारण पंक्ति

**जाति-प्रथा** (स्त्री.) जातिप्रथा, आनुवंशिक वर्गानुसार बनाओल प्रथा, परंपरा

**जाति-बहिष्कार** (पुं.) जाति-बहिष्कार, समूहसँ निकालब, वर्गसँ पृथक् करब, बारब

**जाति-बहिष्कृत** (वि.) जाति बहिष्कृत, समूहसँ निकलल, वर्गसँ अलग, जे बारि देल गेल हो

**जातिवाद** (पुं.) जातिवाद, समूहवाद, वर्गवाद

**जातिविहीन** (वि.) जातिविहीन, समूहविहीन, वर्गरहित

**जाति-व्यवस्था** (स्त्री.) जाति-व्यवस्था, समूह व्यवस्था, वर्गव्यवस्था

**जातीय** (वि.) जातीय, जातिसंबंधी

**जातीयता** (स्त्री.) जातीयता, जाति संबंधित क्रिया

**जादुई** (वि.) जादुई, ऐंद्रजालिक, अलौकिक चमत्कारिक

**जादू** (पुं.) जादू, इंद्रजालिक, चमत्कारी

**जादूगरी** (स्त्री.) जादूगरी, इंद्रजालसंबंधी, चमत्कारित्व

**जादू-टोना** (पुं.) जादू-टोना, टोना-टापर, ओझा-गुणी

**जान** (स्त्री.) जान, जीवन, प्राण, जीवंतता, चेतना

**जानकार** (वि.) जानकार, अभिज्ञ, जानयबाला

**जानकारी** (स्त्री.) जानकारी, अभिज्ञता, जनबाक योग्यता

**जानदार** (वि.) जानदार, शक्तिसंपन्न, संप्रभुयुक्त

**जानना** (स.क्रि.) जानब, ज्ञान करब, बूझब

**जान-पहचान** (स्त्री.) जान-पहचान, चिन्ह, परिचय

**जानलेवा** (वि.) जानलेवा, एहन आक्रमण जे जीवन नष्ट करयबाला हो से जानलेवा कहबैत अछि, प्राणघाती

**जानवर** (पुं.) जानवर, जंगली हिंस्र पशु, जेना बाघ, पशु

**जाना** (अ.क्रि.) ज्ञात, जाएब, गमब क्रियाक भाव

**जाना-पहचाना** (वि.) चिर-परिचित, पुरान परिचित, जानल पहिचानल

**जाने-अनजाने** (क्रि.वि.) जान-अनजान, ज्ञान-अज्ञान, ज्ञाताज्ञात

**जाम** (वि./पुं.) जाम, अधिक सवारीक' कारण जड़क पर भीड़, फल'क रस

**जामन** (पुं.) जामन, जोड़न, पौरल दूधमे अल्पमात्र दही मिलाएब जाहिसँ ओ दूध दही रूपमे परिणत भ' जाय

**जामाता** (पुं.) जामाता, जमाए, दुहिता पति, बेटी/भतीजी आदिक पति

**जामिन** (पुं.) जमानतदार, जमानतक शुल्क देबय बाला व्यक्ति, प्रतिभू

**जामुन** (पुं.) जामुन, जंबु, जामु, एक फल

**जामुनी** (वि.) जामुनी, छोटकी जामु

**जायका** (पुं.) जायका, सुआद, स्वाद

**जायकेदार** (वि.) जायकेदार, स्वादिष्ट, सुअदगर

**जायज** (वि.) जायज, उचित

**जायजा** (वि.) जायजा, मोआएना करब, निरीक्षण करब

**जायदाद** (स्त्री.) जायदाद, संपत्ति, जजात

**जारकर्म** (पुं.) जारकर्म, परपुरुषसँ संपर्क करबाक क्रिया

**जारज** (वि.) जारज, परपुरुषसँ उत्पन्न संतान, अवैध संतति

**जारी** (वि.) जारी, लागू, चालू, प्रवृत्त

**जारी करना** (स.क्रि.) जारी करब, लागू करब, चालू करब

**जारी रहना** (अ.क्रि.) जारी रहब, चालू रहब, लागू रहब

**जाल** (पुं.) जाल, कपट, फंदा

**जाल-तंत्र** (पुं.) जालतंत्र, अंतर्जाल, नेटवर्क

**जालसाज** (पुं.) जालसाज, कपटी, फँद

**जालसाजी** (स्त्री.) जालसाजी, कपटक्रिया, फंदक भाव

**जाला** (पुं.) जाला, मकरा आदिक द्वारा लगाओल गेल जाल, एक कीड़ा जे चाउर आ हफीममे लगैत अछि

**जालिम** (वि.) जालिम, खतरनाक, क्रूर

**जाली** (वि.) जाली, जालक छोट झोरा, लग-लग छेदबाला फलक, जाफरी, कपट-रचित, नकली

**जालीदार** (वि.) जालीदार, लग-लग छेदयुक्त

**जाली नोट** (पुं.) जालीनोट, नकली रुपैया

**जासूस** (पुं.) जासूस, गुप्तचर

**जासूसी** (स्त्री.) जासूसी, गुप्तचरी

**जाहिर** (वि.) जाहिर, सुसिद्ध, प्रमाणित

**जाहिल** (वि.) जाहिल, मूर्ख, गँवार, निरक्षर, अनपढ

**जिंदगी** (स्त्री.) जिनगी, जीवन

**जिंदा** (वि.) जिंदा, जीवित, प्राणयुक्त

**जिंदादिल** (वि.) जिंदादिल, प्रसन्नचित्त, उदार

**जिंदाबाद** (अव्य.) जिंदाबाद, एक नारा लगएबाक शब्दावली

**जिंस** (स्त्री.) जिंस, अन्न, अनाज, वस्तु

**जिक्र** (पुं.) जिकिर, उल्लेख, चर्चा

**जिगर** (पुं.) जिगर, हृदय, छाती

**जिजीविषा** (स्त्री.) जिजीविषा, जीबा'क इच्छा-शक्ति

**जिज्ञासा** (स्त्री.) जिज्ञासा, जनबाक इच्छा, खोज, पुछारी

**जिज्ञासु** (वि.) जिज्ञासु, जनबाक इच्छुक, जिज्ञासा कर्ता

**जितना** (वि./क्रि.वि.) जतेक, जत

**जिताना** (स.क्रि.) जितब, विजयी होएब, जिताएब

**जिद** (स्त्री.) जिद्द, हठ, आग्रह, जिद

**जिद्दी** (वि.) जिद्दी, हठी, जिदिआह

**जिधर** (क्रि.वि.) जेमहर, जाहिदिस, जेम्हर

**जिम्मा** (पुं.) जिम्मा, अभिरक्षा, रक्षाक दायित्व, प्रभार

**जिम्मेदार** (वि.) जिम्मेदार, अभिरक्षाक दायित्व-बाला व्यक्ति

**जिम्मेदारी** (स्त्री.) जिम्मेदारी, अभिरक्षाक दायित्व निर्वहण

**जिरह** (स्त्री.) जिरह, चर्चा, परीक्षण

**जिराफ** (पुं.) जिराफ, जरिआई घोड़ा, लंबा गर्दनिबाला घोड़ा सनक एक जीव विशेष

**जिला** (पुं.) जिला, मंडल, अनुमंडलक उपभाग

**जिलाधीश** (पुं.) जिलाधीश, मंडलाधिकारि, जिलाधिकारी

**जिलाना** (स.क्रि.) जिआएब, जीवन प्रदान करब, जीवाक अवसर देब

**जिल्द** (स्त्री.) जिल्द, गत्ता, पोथीक रक्षार्थ मोट आवरण, बन्हाइ, आवरण

**जिल्दसाज** (पुं.) जिल्दसाज, गत्ता लगौनिहार, बन्हाइ कर्ता

**जिल्दसाजी** (स्त्री.) 1. पुस्तकक बन्हाइ, पुस्तकमे गत्ता लगाएब 2. जीविका

**जिल्लत** (स्त्री.) अपमान, तिरस्कार

**जिस्म** (पुं.) जिस्म, शरीर, पुर, नगर

**जिस्मानी** (वि.) जिस्मानी, शारीरिक, पुर-नगर संबंधी

**जिहाद** (पुं.) धर्मयुद्ध

**जिह्वा** (स्त्री.) जिह्वा, जीह

**जीजा** (पुं.) जीजा, बहिनोए, बहिनो, बहिनिक पति

**जीजी** (स्त्री.) बहिनि (भगिनी), अपन माताक पुत्री, बहिन

**जीत** (स्त्री.) जीत, विजय

**जीतना** (स.क्रि.) जीतब, विजय प्राप्त करब

**जीन** (स्त्री.) जीन, घोड़ाक पीठपर बैसबाक गद्दी

**जीना** (अ.क्रि.) 1. जियब, जीवाक भाव 2. सीढी

**जीभ** (स्त्री.) जीह, जिह्वा

**जीमना** (स.क्रि.) भोजन करब, खायब

**जीरा** (पुं.) जीर, एक प्रकारक मसाला

**जीरोक्स प्रति** (स्त्री.) प्रतिलिपि, छायाप्रति, जीरोक्सप्रति, फोटो-कॉपी

**जीर्ण** (वि.) जीर्ण, पुरान, फाटल-चिटल, टूटल-फूटल

**जीर्णशीर्ण** (वि.) जीर्ण शीर्ण, पुरान-धुरान, फाटल-चिटल

**जीर्णोद्धार** (पुं.) जीर्णोद्धार, पुरान वस्तुक पुनः संस्कार करब

**जीवंत** (वि.) जीवंत, जीवनसँ युक्त

**जीव** (पुं.) जीव, प्राणी, प्राण, आत्मा

**जीव-जंतु** (पुं.) जीव-जंतु, प्राणी समूह

**जीव-जगत** (पुं.) जीव जगत्, प्राणिक संसार

**जीवधारी** (वि.) जीवधारी, प्राणधारी, आत्माधारी

**जीवट** (पुं.) जीवट, साहस, उत्साह

**जीवन** (पुं.) जीवन, जिनगी

**जीवन-काल** (स्त्री.) जीवनकाल, जीवनक समय

**जीवन-चक्र** (पुं.) जीवनचक्र, जीवनक पहिया (चक्का), कालचक्र

**जीवन-चरित** (पुं.) जीवनचरित, जीवनी, जीवनक वृतांत

**जीवन-दान** (पुं.) जीवनदान, प्राणदान, अभयदान

**जीवनदायक** (वि.) जीवनदायक, प्राणदायक

**जीवन बीमा** (पुं.) जीवन बीमा

**जीवन रक्षी** (वि.) जीवनरक्षी, जीवनक रक्षामे समर्थ

**जीवन रक्षी पेटिका** (स्त्री.) जीवनरक्षी पेटिका, जीवन रक्षार्थ सामग्री युक्त पेटिका

**जीवनलीला** (स्त्री.) जीवनलीला, जीवनवृत्त, जीवनी

**जीवन वृत्त** (पुं.) जीवनवृत्त, जीवनी, जीवन-लीला

**जीवनसंगी** (पुं.) जीवनसंगी, पत्नी, जाया

**जीवन संघर्ष** (पुं.) जीवनसंघर्ष, जीवनक उतार-चढाव

**जीवन-संध्या** (स्त्री.) जीवनसंध्या, जीवनक समाप्ति काल, आयुक साँझ

**जीवन-स्तर** (पुं.) जीवन-स्तर, जीवाक ढंग

**जीवनी** (स्त्री.) जीवनी, जीवनवृत्त, जीवनचरित

**जीवविज्ञान** (पुं.) जीवविज्ञान, जीव-जंतुक ज्ञानक शास्त्र

**जीववैज्ञानिक** (पुं.) जीववैज्ञानिक, जीवविज्ञानक ज्ञाता

**जीवाणु** (पुं.) जीवाणु, वैक्ट्रिया

**जीवाणु विज्ञान** (पुं.) जीवाणु विज्ञान, वैक्ट्रियाक ज्ञानार्थ शास्त्र

**जीवात्मा** (पुं.) जीवात्मा, जीवांश

**जीवाश्म** (पुं.) जीवाश्म, जीवावशेष, भस्मीभूत वस्तु

**जीविका** (स्त्री.) जीविका, जीवन निर्वाह साधन

**जीविकोपार्जन** (पुं.) जीविकोपार्जन, जीवन-निर्वाह साधन

**जीवित** (वि.) जीवित, जिअत

**जी- हुजूर** (पुं.) जी- हजूर, हँ' श्रीमान

**जी-हुजूरी** (स्त्री.) जी-हजूरी, चाटुकारिता

**जुंबिश** (स्त्री.) गति, वेग, गमन,चालि

**जुआ** (पुं.) 1. जूआ, धुर 2. जुआ, पालो

**जुआ-घर** (पुं.) जूआघर, घूतगृह

**जुआरी** (पुं.) जूआरी, जुआर, जूआबाज

**जुकाम** (पुं.) कफ, श्लेष्मा, देहक एक विकार जे रोगवश नाकसँ बहैत अछि

**जुगनू** (पुं.) भगजोगनी, भकजोगनी, खद्योत

**जुगलबंदी** (स्त्री.) युगलबंदी

**जुगाड़** (पुं.) जुगुति, युक्ति, तरकीब, साधन, जोगाड़

**जुगाली** (स्त्री.) पाजु, मालक मुह लाड़ब

**जुगुप्सा** (स्त्री.) जुगुप्सा, निन्दा, निन्दित

**जुझारू** (वि.) जुझारू, लड़ाकू, संघर्षशील, हिमतगर

**जुटना** (अ.क्रि.) 1. जुटब सटब, भिड़ब 2. लागि पड़ब एक ठाम जमा होएब

**जुटाना** (स.क्रि.) जुटाएब, बटोरब

**जुड़ना** (अ.क्रि.) सटब, जोड़ब, सटाएब, मिलाएब

**जुड़वाँ** (वि.) युगल, जौआँ, युग्म, जोड़ा

**जुताई** (स्त्री.) जोतब, हर चलाए खेत कोड़ब

**जुदा** (वि.) अलग, फराक, पृथक

**जुदाई** (स्त्री.) विरह, बिछोह, फराक/अलग होएब

**जुनून** (पुं.) पागलपन, उन्माद

**जुराब** (स्त्री.) मोजा, पैताबा

**जुर्म** (पुं.) अपराध, कसूर, दोष, त्रुटि

**जुर्माना** (पुं.) जुरमाना, सजाए, दण्ड

**जुर्रत** (स्त्री.) साहस, हिम्मति, जीबट

**जुलाई** (स्त्री.) जुलाइ, इसाइमासक सातम मास

**जुलाब** (पुं.) जुलाब, रेचक, दस्तावर

**जुलाहा** (पुं.) जोलहा, कपड़ा बिननिहार एक जाति

**जुलूस** (जलूस) (पुं.) जुलूस, सामूहिक प्रयाण

**जुल्फ** (स्त्री.) जुलफी,लट सुन्दर केस, केश

**जुल्म** (पुं.) जुलुम, अन्याय, अपराध अत्याचार

**जुल्मी** (वि/पुं.) अपराधी, अन्यायी अत्याचारी

**जूँ** (स्त्री.) ढील, केश कीट, यूका

**जूझना** (स.क्रि.) जुझब, लड़ब, संघर्षकरब

**जूट** (पुं.) जूट, पटुआक सन

**जूठन** (स्त्री.) उच्छिष्ट, अपमृष्ट, ऐंठ, अपैत

**जूठा** (वि.) ऐंठ, उच्छिष्ट, अपमृष्ट, अपैत

**जूड़ा** (पुं.) जूड़ा, खोपा

**जूड़ीत्ताप** (स्त्री.) मियादी बोखार, मियादी ज्वर

**जूता** (पुं.) जूता, पनही, उपानह, जुत्ता

**जूती** (स्त्री.) जूती, चप्पल

**जून** (पुं.) जून, इसाइमासक छठम मास

**जूस** (पुं.) जूस, रस

**जेठ** (पुं.) 1. ज्येष्ठ, बएसमे पैघ, वरिष्ठ 2. भैंसुर 3. ज्येष्ठ, वर्षक तेसर मास

**जेठानी** (स्त्री.) जेठ देआदिनी, गोतिनी

**जेब** (स्त्री.) जेब, जेबी, पाकिट

**जेबकतरा** (पुं.) जेबकतरा, पाकेटमार

**जेब खर्च** (पुं.) जेबखर्च, पाकेटखर्च

**जेब घड़ी** (स्त्री.) जेबीघड़ी, पाकेट घड़ी

**जेबी संस्करण** (पुं.) जेबी संस्करण, पाकेट संस्करण, छोट आकारक पुस्तक आदि

**जेल** (स्त्री.) जहल,जेल, कारावास

**जेलखाना** (पुं.) जहलखाना, जेलखाना, कारावास

**जेलर** (पुं.) जेलर, कारागाराधिपति

**जेवर** (पुं.) जेहरी, गहना, अलंकार

**जैतून** (पुं.) जैतून, एकवृक्ष ,जैतुन तेल

**जैव** (वि.) जैव, जीवसँ संबंधित

**जैव प्रौद्योगिकी** (स्त्री.) जैव प्रौद्योगिकी

**जैविक** (वि.) जैविक

**जैविक हथियार** (पुं.) जैविक हथियार, जैविक अस्त्र

**जैविकी** (स्त्री.) जैविकी

**जैसा** (वि.) जेना, जेहन, जेहेन
**जैसे** (क्रि.वि.) जेना, जेहन, जेहेन
**जैसे-तैसे** (क्रि.वि.) जेना-तेना, जाहि प्रकारे-ताहि प्रकारे
**जोंक** (स्त्री.) जोंक, जलौका
**जो** (सर्व.) जे, योजक सर्वनाम
**जोखिम** (स्त्री.) जोखिम, संकट
**जोखिमभरा** (वि.) जोखिम भरल, खतरनाक
**जोड़** (पुं.) जोड़, युगल युग्म, सन्धि संकलित राशि परिवर्धन
**जोड़-तोड़** (पुं.) जोड़- तोड़
**जोड़ना** (स.क्रि.) जोड़ब, मिलाएब, सटाएब
**जोड़ पट्टी** (स्त्री.) जोड़पट्टी
**जोड़ा** (पुं.) जोड़ा, युगल, युग्म
**जोड़ी** (स्त्री.) जोड़ा, युगल, युग्म
**जोड़ीदार** (पुं.) सहकर्मी, समान, संगी
**जोत** (स्त्री.) जोत, जोतनाइ, कर्षण, धृति
**जोतना** (स.क्रि.) जोतब, ह'रसँ खेत जोतब/ कोड़ब
**जोतभूमि** (स्त्री.) जोत,कृषिभूमि, जोतभूमि
**जोर** (पुं.) 1. जोर, तागति, बल 2. आग्रह
**जोर-आजमाई** (स्त्री.) जोर-अजमाएब, प्रयोग परीक्षण द्वारा बस जाँचक
**जोर-जबरदस्ती** (स्त्री.) जोर-जबरदस्ती, अनुचित बलप्रयोग, बलात
**जोरदार** (वि.) जोरदार, बलवान, प्रबल
**जोरदार फसल** (स्त्री.) जोरदार फसिल, जोरदार उपजा
**जोश** (पुं.) जोस, उत्साह, वीरभाव
**जोशीला** (वि.) उत्साही, जोसीला, जोसगर
**जौ** (पुं.) जइ, जओ, यव, एक अन्न
**जौहरी** (पुं.) जौहरी, रत्नव्यापारी
**ज्ञात** (वि.) ज्ञात, जानल, बूझल
**ज्ञातव्य** (वि.) ज्ञातव्य, जानअ योग्य वस्तु
**ज्ञाता** (वि.) ज्ञाता, जननिहार
**ज्ञान** (पुं.) ज्ञान, बोध, मति, अवगति
**ज्ञानी** (वि.) ज्ञानी, ज्ञानवान, विवेकी
**ज्ञानेंद्रिय** (पुं.) ज्ञानेन्द्रिय, विषयज्ञान कराब' बाला इन्द्रिय
**ज्ञापन** (पुं.) 1. ज्ञापन, जनओनाइ 2. संलेख
**ज्ञापित** ( वि.) ज्ञापित, सूचित, प्रकाशित
**ज्यादती** (स्त्री.) अन्याय, अत्याचर, अत्यधिक
**ज्यादा** (वि.) अधिक, काफी, पर्याप्त प्रचुर
**ज्यामिति** (स्त्री.) ज्यामिति, क्षेत्रमिति
**ज्येष्ठ** (वि.) ज्येष्ठ, जेठ, पैघ
**ज्योति** (स्त्री.) ज्योति, इजोत, प्रकाश
**ज्योतिष** (पुं.) ज्योतिष, ज्यौतिष
**ज्योतिषी** (पुं.) ज्योतिषी
**ज्वर** (पुं.) ज्वर, बोखार
**ज्वलंत** (वि.) ज्वलंत, प्रकाशमान,
**ज्वलन** (पुं.) ज्वलन, धधकब, पजरब, जरब
**ज्वलनशील** (वि.) ज्वलनशील, झट दए आगि पकड़एबाला
**ज्वलनशीलता** (स्त्री.) ज्वलनशीलता
**ज्वार** (पुं.) 1. ज्वार भाटा 2. जनेर,एक कदन्न
**ज्वारभाटा** (पुं.) ज्वारभाटा
**ज्वाला** (स्त्री.) ज्वाला, ताप, धाह, झरक
**ज्वालामुखी** (पुं.) ज्वालामुखी, अग्निगर्भीपर्वत

# झ

**झंकार** (स्त्री.) झंकार, वीणा आदिक झनझन ध्वनि
**झंकृत** (वि.) झंकृत
**झंखाड़** (स्त्री.) 1. गहन जंगल-झाड़ गहन झाड़ी 2. जरा/जीर्ण मनुष्य
**झंझट** (स्त्री.) झंझट, बखेड़ा, झमेल
**झंझा** (स्त्री.) झंझा, झटक, तेज बसातक संग वर्षा
**झंझावात** (पुं.) झंझावात, तेज झटक
**झंझोड़ना** (स.क्रि.) झकझोरब, झकोरब, झकारब
**झंडा** (पुं.) झंडा दिवस

**झंडी** (स्त्री.) झंडी

**झक** (स्त्री.) 1. आवेग, सनक, धुनि, उन्माद 2. क्षणिक दिन

**झकझोरना** (स.क्रि.) झमारब, झकझोरब

**झकोरा** (पुं.) झक्कड़, झंझा, झटका

**झक्कड़** (पुं.) झक्कड़, अल्पवृष्टिक संग तेज बसात

**झक्की** (वि.) झक्की, झनकाह, सनकी, झोंकाह

**झक्कीपन** (पुं.) बतहपन, उन्माद, झक्कीपन पागलपन विक्षिप्तता,

**झगड़ा** (पुं.) झगड़ा, कलह

**झगड़ालू** (वि.) झगड़ालु, झगड़ा करबाक स्वभाव बाला

**झट** (क्रि.वि.) झट, तुरन्त, शीघ्रतापूर्वक

**झटकना** (स.क्रि.) झटकब, झटका देएव झकोरब, झीटब

**झटका** (पुं.) झटका, चलायमान वस्तुसँ लागल चोट

**झटपट** (क्रि.वि.) झटपट, शीध्रतापूर्वक

**झड़ना** (अ. क्रि.) झरब, झड़ब

**झड़प** (स्त्री.) झगड़ा, बहस विवाद, कलह

**झड़बेरी** (स्त्री.) झड़बैर

**झड़ी** (स्त्री.) झड़ी, वृष्टिक निरन्तरता

**झनक** (स्त्री.) झनक, झन, झनझन

**झनझनाना** (अ.क्रि.) झनझनाएब, झनझन ध्वनि करब

**झनझनाहट** (स्त्री.) झनझनाएब, झनझनक ध्वनिकरब

**झपकना** (अ.क्रि.) झपकब, उचकब

**झपकी** (स्त्री.) झपकी, झपक, क्षणिक निद्रा

**झपटना** (अ क्रि.) झपटब, वेगपूर्वक आक्रमण कए सहसा छिनव

**झपट्टा** (पुं.) झपट, झपट्टा

**झबरा** (वि.) झबरा, झाबर, झबरल केसबाला (कुकुर)

**झमझम** (झमाझम) (स्त्री.) झमझम, झमाझम

**झमेला** (पुं.) झमेल, झंझट, बखेड़ा, झगड़ा

**झरना** (पुं.) झरना, जलप्रपात, निर्झरि

**झरोखा** (पुं.) झरोखा, बालकोनी

**झलक** (स्त्री.) झलक, चमक, छवि आभास

**झलकना** (अ.क्रि.) झलकब, चमकब

**झलकी** (स्त्री.) झलकी, चमक, छवि, आभास

**झलना** (स.क्रि.) हिलाएब, डोलायब, होंकब

**झलाई** (स्त्री.) रेसब, मूनब, जोड़ब

**झल्लाना** (अ.क्रि.) खौंझाएब, खिसिआएब, तमसाएब

**झल्लाहट** (स्त्री.) खौंझाएब, खिसिआएब

**झल्ली** (स्त्री.) पथिआ, दौरा, छिट्टा, ढाकी

**झाँई** (स्त्री.) 1. छाह, झाइँ, आभास 2. छाही

**झाँकना** (अ.क्रि.) झाँकब

**झाँकी** (स्त्री.) झाँकी, झलक, दृश्य

**झाँसा** (पुं.) 1. रुक्ना, रूकब 2. वंचनापूर्ण व्यवहार

**झाग** (पुं.) फेन

**झाड़** (पुं.) झाड़ि, झाड़, झाड़ी

**झाड़-झंखाड़** (पुं.) झाड़-झंखाड़, जंगल, झाड़

**झाड़न** (स्त्री.) झाड़न, झाड़नि

**झाड़ना** (स.क्रि.) 1. झाड़ब, झूरब 2. डाँटब

**झाड़ना-पोंछना** (स.क्रि.) झाड़ब-पोछब, झाड़-पोछ, सफाइ

**झाड़- फानूस** (पुं.) झाड़- फानुस

**झाड़-फूँक** (स्त्री.) झाड़-फूक, टोना-टोटका

**झाड़ी** (स्त्री.) झाड़ी, छोट-पैघ झाड़क जंगल

**झाड़ू** (पुं.) झाड़ू, खड़रा, बाढनि

**झापड़** (पुं.) थापड़, चाट, चपेटा

**झाबा** (पुं.) झाबा, गुच्छा

**झालर** (स्त्री.) झालरि

**झालरदार** (वि.) झालरिसँ युक्त

**झिझक** (स्त्री.) संकोच, लाज, हिचकिचाएब, दुविधामे परब

**झिझकना** (अ.क्रि.) हिचकब, संकोच करब

**झिड़कना** (स.क्रि.) डाँटब, फटकारब, तिरस्कार करब

**झिड़की** (स्त्री.) डाँट-डपट, फटकार, गंजन

**झिरी** (स्त्री.) दरारि, ग'ह, पातर-फाट

**झिरीदार** (वि.) दरारि युक्त, गह युक्त

**झिल्ली** (स्त्री.) झिल्ली, कुपड़ा सन पातर त्वचा, त'ह, परत, स्तर, आवरण

**झिल्लीदार** (वि.) त'हयुक्त, परतपहल, झिल्ली बला

**झींकना** (झींखना) (अ.क्रि.) कुढब, खौंझाएब, झुझुआएब

**झींगा** (पुं.) झींगा, झिंगा, झिमनी, झिगुनी

**झींगुर** (पुं.) झिंगुर, झींगुर

**झीना** (वि.) कोमल, सुकुमारी, मृदु, महीन, पातर, मेंहीं

**झील** (स्त्री.) झील, पैघ चओर, सर

**झुंड** (पुं.) झुंड, हेड, दल, समूह

**झुँझलाना** (अ.क्रि.) झुझुआएब, खौंजाएब, तमतमाएब, कुढब

**झुँझलाहट** (स्त्री.) खौजाएब, कुढब, ततमाएब

**झुकना** (अ.क्रि.) झुकब, अवनत होएब, नम्र होएब

**झुकाना** (स.क्रि.) झुकाएब, प्रभावित करब

**झुकाव** (पुं.) झुकाओ, झुकान, प्रवृति

**झुग्गी** (स्त्री.) खोप, खोपड़,खोपड़ि, कुटी

**झुग्गी-झोंपड़ी** (स्त्री.) खोपड़ी, खोपड़ि

**झुठलाना** (स.क्रि.) नकारब, ठकब, फुसियाएब अस्वीकार करब

**झुनझुना** (पुं.) झुनझुना, झुनझुन ध्वनि करएबाला खेलौना

**झुमका** (पुं.) झुमका, कानक एक गहना

**झुरझुरी** (स्त्री.) काँपब, ठिठुरब, कपकपी, कपनी, थरथराएब

**झुरमुट** (पुं.) झुरमुठि, स्तब्धता

**झुर्री** (स्त्री.) झुर्री, वार्धक्यसँ त्वचा घोकचब, झोझर

**झुर्रीदार** (वि.) झुर्रीयुक्त

**झुलसना** (अ.क्रि.) मौलाएब, मुरझाएब, मुरुझब, झरकब, सुखाएब

**झुलाना** (स.क्रि.) झुलब, दोलन करब, झुलाएब

**झूठ** (पुं.) झूठ, मिथ्या, फूसि

**झूठमूठ** (वि.) झूठमूठ, फूसि, मिथ्या, फूसि-फांसि

**झूठा** (वि.) झूठ बजनिहार, झूठ, फूसि, मिथ्या

**झूठा आरोप** (पुं.) झूठ आरोप, मिथ्यारोप

**झूठा दावेदार** (पुं.) झूठ दाबी कएनिहार

**झूठा बयान** (पुं.) असत्यकथन, झूठ-बयान

**झूठी गवाही** (स्त्री.) झूठ गबाही, मिथ्या साक्ष्य

**झूमना** (अ.क्रि.) झूमब

**झूलना** (अ.क्रि.) झूलब

**झूला** (पुं.) दोला, हिदुला, झूला, मचकी

**झेंप** (स्त्री.) सरम, लाज, संकोच

**झेंपना** (अ.क्रि.) लजाएब, सरमाएब, सँकुचाएब

**झेंपू** (वि.) संकोची, लजकोटर, लाज कएनिहार, सरम कएनिहार

**झोंक** (स्त्री.) झोंक, सनक, आवेश

**झोंकना** (स.क्रि.) झोंकब, आगिमे देब

**झोंका** (पुं.) झोंक, तीव्रवेग सनक आवेश

**झोंपड़पट्टी** (स्त्री.) खोपड़ी, खोपड़ि-क्षेत्र

**झोंपड़ा** (पुं.) खोपड़ी, खोपड़ि, मड़ै कुटी, मड़ैआ

**झोंपड़ी** (स्त्री.) खोपड़ी, खोपड़ि, मड़ै, कुटी, मड़ैआ

**झोला** (पुं.) झोरा, छोट धोकरा, झोड़ा

**झोली** (स्त्री.) झोरी

# ट

**टंकक** (पुं.) टंकक, टाइपिस्ट, टंकण यंत्र (कंप्यूटर) चलौनिहार

**टंकण** (पुं.) टंकन, टाइप करब

**टंकण मशीन** (स्त्री.) टंकण मशीन, टाइप करबाक मशीन, यन्त्र, टाइपराइटर

**टंकणयंत्र** (पुं.) टंकण यंत्र, टंकण मशीन

**टंकी** (स्त्री.) टंकी, टङ्की, पानि/तेलक सञ्चयन पात्र

**टंकी घर** (पुं.) टंकीघर

**टंटा** (पुं.) टण्टा, टंटा

**टंकार** (स्त्री.) टंकार, टङ्कार, तानल तारकें झमारलासँ उत्पन्न ध्वनि

**टँगना** (पुं.) टङनी, अलगनी, मथनी

**टँगवाना** (स.क्रि.) फाँसीपर लटकाएब, टाङब, लटकाएब

**टकटकी** (वि.) टकटकी, अपलक दृष्टि

**टकराना** (अ.क्रि.) टकराएब, ठोकर/धक्का खाएब, भिड़ब

**टकसाल** (स्त्री.) टकसाल, टंकशाला, सिक्का ढारबाक कारखाना

**टका-सा-जवाब** (पुं.) एकदमसँ मना करब, साफ मना करब

**टकुली** (स्त्री.) टकुरी, सुत कटबाक एक उपकरण

**टक्कर** (स्त्री.) टक्कर, ठोकर, भिड़न्त, पाराधीन आघात

**टखना** (पुं.) घुट्ठी, पएर आ छाबाक बीचक अंग

**टटका** (वि.) टटका, सद्यः प्रस्तुत, अभिनव

**टटोलना** (स.क्रि.) टटोरब, ताकब

**टट्टी** (स्त्री.) 1. टट्टी, टाट 2. पैखाना, शौचालय,

**टट्टू** (पुं.) टट्टू, छन्ना घोड़ा

**टपकना** (अ.क्रि.) टपकब, बुन्द-बुन्द खसब, चुअब

**टपकाना** (स.क्रि.) टपकाएब, चुआएब

**टमाटर** (पुं.) टमाटर, टोमेटो

**टरकना** (टलना) (अ.क्रि.) टरक'ब, टर'ब, चुपचाप चल जाएब

**टरकाना** (टालना) (स.क्रि.) टारब, टरकाएब, अनठाएब, उपेक्षा करब

**टर्र-टर्र** (स्त्री.) 1. टर-टर करब, बेङक बाजब 2. व्यर्थ अधिक बाजब

**टर्राना** (अ.क्रि.) टरटराएब

**टलना** (अ.क्रि.) स्थगित करब, टारब, पाछाँ हटब

**टसर** (पुं.) रेसमी, रेसमसँ बनल (वस्त्रादि)

**टहनी** (स्त्री.) ठारि, शाखा, डारि

**टहलना** (अ.क्रि.) टहलब, भ्रमण करब, विनोदार्थ/स्वास्थ्य हेतु बूलब

**टहलाना** (अ.क्रि.) टहलाएब, घुमाएब, बुलाएब

**टाँकना** (स.क्रि.) टाँकब, रेसब, दू वस्तुकेँ एकमे जोड़ब, बान्हब

**टाँका** (पुं.) टाँका, सीअनि, धातु जोड़बाक मिश्रधातु

**टाँका लगाना** (अ.क्रि.) टाँका लगाएब, सिआइ करब

**टाँकी** (स्त्री.) छैनी, छेदनी

**टाँग** (स्त्री.) टाङ, चरणदण्ड, गोड़

**टाँग अड़ाना** (अ.क्रि.) टाङ अड़ाएब, बाधा देब, हस्तक्षेप करब

**टाँगना** (स.क्रि.) टाङब, लटकाएब, स्थगित करब

**टाँड** (स्त्री.) टाड़, परॉत, हाँड़

**टाई** (स्त्री.) टाई, कंठबंध

**टाट** (पुं.) चटाइ, खढ'क पटिआ, टाट, तराए, गोनरि

**टाप** (स्त्री.) टाप, घोड़ाक पदतल, घोड़ाक खुर रोपबाक ध्वनि, नमहर डेग

**टापना** (स.क्रि.) टपब, फानब, कुदब

**टापू** (पुं.) टापू, द्वीप

**टाल** (स्त्री.) टाल, गेंटिकेँ राखल वस्तुक ढेर, प्रचुरता, ताल, बाध, स्थगन

**टालना** (स.क्रि.) टारब, स्थगित करब, दूर करब, हटाएब

**टालमटोल** (स्त्री.) टार-मटोर, तत्काल बचबाक प्रयास

**टिंडा** (पुं.) टिंडा, एक प्रकारक हरियर तरकारी

**टिकट** (पुं.) टिकट, शुल्कपत्रक, टिकस

**टिकट खिड़की** (स्त्री.) टिकटक खिड़की, टिकट गवाक्ष

**टिकट-घर** (पुं.) टिकट घर

**टिकट निरीक्षक** (पुं.) टिकट निरीक्षक

**टिकट-बाबू** (स्त्री.) टिकट-बाबू

**टिकट-विक्रेता** (पुं.) टिकट-विक्रेता

**टिकना** (अ.क्रि.) टिकब, ठहरब, रुकब, अस्तित्व

**टिकली** (टिकुली) (स्त्री.) टिकुली, स्त्रीक कपार पर सटबाक पन्नीक अलंकरण धातुक छोट चकती

**टिकाऊ** (वि.) टिकब, बहुतदिन टिकयबाला

**टिकाऊपन** (पुं.) टिकबाक भाव/गुण

**टिकाना** (स.क्रि.) टिकाएब, अवलंबित करब, सहारा टिकाएब

**टिकिया** (स्त्री.) टिकिआ, औषध आदिक चापट गोली, टिकड़ी, गोटी

**टिटिहरी** (स्त्री.) कुरटी, टिटही

**टिड्डा** (पुं.) टिड्ढ़ी

**टिड्डी** (स्त्री.) टिड्ढ़ी

**टिपाई** (स्त्री.) प्रतिलिपि करब, सीअनि करब, टाँक लगाएब

**टिप्पण** (पुं.) टीका, टिप्पणी प्रासंगिक सूचना, संक्षिप्त व्याख्या

**टिप्पणी** (स्त्री.) टिप्पणी, टीका, संक्षिप्त व्याख्या, अभ्युक्ति

**टिप्पणी पत्रक** (पुं.) टिप्पणीपत्रक

**टिब्बा** (पुं.) टिलहा, स्तूपाकार ऊँच भूमि, टिल्हा, टिहुला

**टिमटिमाना** (अ.क्रि.) टिमटिमाएब, भकभक इजोत देब

**टिमटिमाहट** (स्त्री.) टिमटिमएबाक क्रिया

**टीका** (पुं.) 1. टीका, टिप्पणी 2. तिलक, चानन, ठोप

**टीका लगाना** (स.क्रि.) टीका लगाएब, तिलक लगाएब, रोगसँ बचबाक रोगनिरोधक सुइ पाचब

**टीकाकार** (पुं.) टीकाकार, व्याख्याता, टीका लिखनिहार

**टीका-टिप्पणी** (स्त्री.) टीका-टिप्पणी, आलोचना, समीक्षा

**टीकाप्रमाणपत्र** (पुं.) टीका प्रमाणपत्र, रोगनिरोधक सुइ लगबाक प्रमाणपत्र

**टीन** (पुं.) टीन, एक धातु, कनस्तर

**टीप** (स्त्री.) टीप, हाथसँ दबाएब, ऊँच स्वर, टिप्पणी

**टीपना** (स.क्रि.) टीपब, प्रतिलिपि करब, टाका लगाएब

**टीमटाम** (स्त्री.) टिमटाम, आडम्बर, तड़क-भड़क, सजाबटि

**टीम भावना** (स्त्री.) सामूहिक भावना

**टीला** (पुं.) टिलहा, स्तूपाकार ऊँच भूमि

**टीस** (स्त्री.) टीस, वेदना, गहन अंतर्व्यथा

**टुकड़खोर** (पुं.) आनक कृपापर जीवन-यापन कर'बाला, पेटपोसा

**टुकड़ा** (पुं.) टुकड़ा, खंड, भाग, अंश

**टुकड़ी** (स्त्री.) टुकड़ी, खंड, सेनाक समूह

**टुक्कड़** (पुं.) टुक, खंड

**टुच्चा** (वि./पुं.) लुच्चा, लफंगा, लंपट, लफंदर

**टुच्चापन** (पुं.) लुच्चा'क अवस्था, लंपटगिरी, लफंगइ

**टुटपुँजिया** (वि/पुं.) टुटपुजिआ, निम्न वित्तीय-स्तरक (लोक)

**टूट** (स्त्री.) टूटल, टुट्टा, खण्डित, भग्न

**टूटन** (स्त्री.) टुटब, भग्न होएब, खंडित होएब, टुटबाक क्रिया

**टूटना** (अ.क्रि.) टुटब, भग्न होएब, खंडित होएब

**टूट-फूट** (स्त्री.) टूटल-फुटल, जीर्ण-शीर्ण, टुटब-फुटब

**टूटा-फूटा** (वि.) टूटल-पुटल, जीर्ण-शीर्ण

**टूटी-फूटी** (स्त्री.) टूटल-फुटल, जीर्ण-शीर्ण

**टेंटुआ** (पुं.) गरदनि, ग्रीवा, गला, गर

**टेंडरदाता** (पुं.) टेंडरदाता, निविदा-दाता

**टेक** (पुं.) टेक, अवलंब, टेकना, प्रतिज्ञा, संकल्प

**टेकना** (स.क्रि.) टेकब, अवलंब/अवरोधक द' स्थिर करब, कच्चा बंधन द' तात्कालिक स्थिरकरब

**टेकरी** (स्त्री.) ऊँच भूमि, छोट पहाड़ी, पर्वत श्रेणी

**टेढा** (वि.) 1. टेढ, वक्र, तिर्यक 2. जटिल, कठिन

**टेढापन** (पुं.) टेढ होएबाक क्रिया, जटिलता, वक्रता

**टेढा-मेढा** (वि.) टेढ, वक्र, तिर्यक्, कठिन, जटिल, असमतल, ऊँच-नीच, उबड़खाबड़

**टेर** (स्त्री.) टेर, आर्तनाद, सुनबाहि

**टेरना** (स.क्रि.) टेरब, गुदानब, आज्ञा मानब, बँसुरी बजाएब

**टेलीफोन** (पुं.) टेलीफोन, दूरभाषयंत्र

**टेलीफोन निर्देशिका** (स्त्री.) टेलीफोन-निर्देशिका (पुस्तिका)

**टेव** (स्त्री.) आदति, बानि, चालि, प्रकृति

**टेसू** (पुं.) टेसू, पलास, एकवृक्ष, लाल रंगक निर्गंध फूल

**टोंटी** (स्त्री.) टोटी, टोंटी, हथहइ आदिक जलनिकास, नल

**टोंटीदार** (वि.) टोंटीसँ युक्त, नलसँ युक्त

**टोक** (स्त्री.) टोक, टोकब

**टोकटाक** (स्त्री.) टोक-टाक, टोका-टोकी, टोकचाल, बेर-बेर टोकब, बाधा उत्पन्न करब

**टोकना** (स.क्रि.) टोकब, बिनु अपेक्षाक वा बिनु अवसरक किछु कहब

**टोकरा** (पुं.) पैघ छीटा, ढाकी, दौरा

**टोकरी** (स्त्री.) पथिया, दौरी, छोट छीटा, छिट्टा, छिट्टी

**टोटका** (पुं.) टोटमा, टोना

**टोटा** (पुं.) टोटा, कारतूस, बाँसक टुकड़ा, बंदूकक गोली, घाटा, कमी

**टोना** (पुं.) टोना, रोग छोड़एबाक लोकधारणा मूलक उपचार, जादू

**टोप** (पुं.) टोप, पैघ कलङीबाला टोपी जे अंगरेज पहिरैत अछि

**टोपा** (पुं.) टोपा, पैघ टोपी जे ठंडामे पहिरल जाइत अछि

**टोपी** (स्त्री.) टोपी, माथक परिधान

**टोल** (पुं.) टोल, गामक खंड, बस्ती

**टोला** (पुं.) टोला, टोल

**टोली** (स्त्री.) टोली, जातिविशेषक बस्ती

**टोली सरदार** (पुं.) मुखिया, समूहक नेता

**टोह** (स्त्री.) टोह, खोज, अनुसंधान

**टोहना** (अ.क्रि.) टोहब, टोह लेब

**टोही विमान** (पुं.) टोही विमान, खोजी विमान, जासूसी विमान

# ठ

**ठंड** (स्त्री.) ठंढा, जाड़, शैत्य, सरदी

**ठंडक** (स्त्री.) ठंढा, ठरल, शीतल, सरदी, शैत्य

**ठंडा** (वि.) ठंढा, ठरल शीतल

**ठकठकाना** (अ.क्रि/स.क्रि.) ठकठकाएब, ठक-ठक ध्वनि उत्पन्न करब

**ठकुरसुहाती** (स्त्री.) मिथ्या प्रशंसा, चापलूसी, चाटुकारिता, लल्लो-चप्पो

**ठग** (पुं.) ठक, वंचक

**ठगना** (स.क्रि.) ठकब, परतारब, वंचनापूर्ण व्यवहार, ठकना

**ठग-विद्या** (स्त्री.) ठक-विद्या, मिथ्या धारणा कराए अपन काज सुतारब

**ठग व्यापार** (पुं.) ठक व्यापार, ठकना, ठक विद्या, ठक'ब

**ठगाई** (स्त्री.) ठक विद्या, ठकना, ठकब

**ठगाना** (स.क्रि.) ठकाएब, ठकल जाएब

**ठगी** (स्त्री.) ठकना, ठकवृत्ति

**ठठरी** (स्त्री.) ठठरी, अस्थिपंजर, आधार संरचना, ठट्ठर

**ठठेरा** (पुं.) ठठेर, ठठेरि

**ठठोली** (ठिठोली) (स्त्री.) ठट्ठा, परिहास, मजाक, हँसी, हास

**ठनकना** (अ.क्रि.) ठनकब, बिजरीक कड़कब, मेघक गरजब

**ठनठन** (स्त्री.) ठनठन, ठनठन शब्दकरब

**ठन-ठन-गोपाल** (वि.) 1. दरिद्र, भिक्षुक, गरीब 2. निरर्थक अनुपयोगी

**ठनना** (अ.क्रि.) 1. ठानब 2. भिड़ान, भिड़'ब

**ठप** (ठप्प) (वि.) ठप, स्थगित, अवरुद्ध

**ठप्पा** (पुं.) ठप्पा, मोहर, साँचा, चिह्नविशेष

**ठप्पा लगाना** (स.क्रि.) मोहर लगाएब, मान्य करब

**ठर्रा** (पुं.) देशी मदिरा, दारू, ताड़ी

**ठस** (वि.) ठस, सुदृढ, ठसकी

**ठसक** (स्त्री.) नखरा, ताल, अकड़, जिद, घमण्ड, गर्व, अभिमान, गुमान

**ठसकना** (अ.क्रि.) अकड़ देखाएब, जिद करब, अभिमान करब, नखरा देखाएब

**ठसाठस** (वि.) ठसाठस, कसि-कुसिकें भरल, ठसमठस

**ठहरना** (अ.क्रि.) ठहर'ब, अटक'ब, रह'ब, टिक'ब, रुक'ब

**ठहराना** (स.क्रि.) ठहराएब, टिकाएब, अटकाएब, रोकब

**ठहराव** (पुं.) ठहराओ, रुकनाइ, स्थिरता

**ठहाका** (पुं.) ठहाका, अट्टहास, तेज हँसी, ठहक्का

**ठाठ** (ठाट) (पुं.) ठाठ, आडंबर, राजसी, उच्च जीवनस्तर सान, आधारसंख्या

**ठाठ-बाट** (पुं.) ठाठ-बाट, आडंबर, सान, बान

**ठानना** (स.क्रि.) ठानब, दृढसंकल्प करब

**ठाला** (पुं.) बेरोजगार, बेकारी, जीविकाक अभाव

**ठिंगना** (वि.) नाट, भुट्ट, नट्टा

**ठिकाना** (पुं.) स्थान, सहारा, आश्रय, अवलंबन, वासस्थान, रहबाक स्थान

**ठिठक** (स्त्री.) संकोच, अचानकसँ रुकनाइ, धाक

**ठिठकना** (अ.क्रि.) अचानकसँ रुकब, सहसा स्तब्ध होएब

**ठिठुरना** (अ.क्रि.) ठिठुरब, जाड़सँ त्वचा आदिक संकुचित होएब

**ठिठोली** (स्त्री.) ठट्ठा, हँसी, हास्य विनोद, मजाक, परिहास

**ठिनकना** (अ.क्रि.) ठुनकब, दुलारु, नेनाक सस्वर कानब

**ठीक** (वि.) ठीक, समीचीन, सही, सत्य, दुरुस्त, उपयुक्त, अनुरूप

**ठीक-ठाक** (वि.) ठीक-ठाक, एकदम सही

**ठीक-ठीक** (अव्य.) ठीक-ठीक, बिल्कुल सही, उपयुक्त

**ठीकरा** (पुं.) माटिक टूटल बरतन, पुरान बरतन, झिट्का

**ठुकना** (अ.क्रि.) ठोकब, पीटब, चोट देब

**ठुकराना** (स.क्रि.) ठोकर मारब, तिरस्कार करब, अपमान पूर्वक हटाएब, अस्वीकार करब

**ठुकवाना** (स.क्रि.) ठोकाएब, ठोकब, पिटबाएब

**ठुकाई** (स्त्री.) ठोकाइ, ठोकब

**ठुड्डी** (ठोड़ी, ठोटी) (स्त्री.) ठोरी, चिबुक, ठोर लगक निचला भाग

**ठुमकना** (अ.क्रि.) ठुमुकब, कुदैत, उछलैत चलब, नखरा देखा चलब

**ठुमका** (पुं.) ठुनका, ठुमका

**ठुमकी** (ठुमका) (स्त्री.) ठुमुकी, ठुमका, ठुमुकैत चलनाइ

**ठुमरी** (स्त्री.) ठुमरी, संगीतक एक शैली, उपशास्त्रीय संगीत

**ठूँठ** (पुं.) ठूठ, ठुट्ठ, जकरा शाखा प्रशाखा नहि होइछ

**ठूँठा** (वि.) ठूठ, ठुट्ठ

**ठूँसना** (ठूसना) (स.क्रि.) ठूसब, बलपूर्वक पैसाएब, कोंचब

**ठेंगा** (पुं.) 1. ठेङा, मोटछड़ी, डंटा 2. अङुठा, बुढबा आङुर, औंठा

**ठेंगा दिखाना** (स.क्रि.) ठेङा देखाएब, निराश करब, धोखादेअब

**ठेका** (पुं.) निविदा, करार, अनुबंध, ठीका

**ठेका मजदूर** (पुं.) ठीका पर काज कएनिहार ज'न, मजदूर, बोनिपर खटनिहार ज'न

**ठेका वाहन** (पुं.) ठीकापर लेल वाहन, गाड़ी, सवारी, यान

**ठेकेदार** (पुं.) ठिकादार, ठिकेदार

**ठेकेदारी** (स्त्री.) ठिकेदारी, ठीकापर काज करबाक शैली

**ठेठ** (वि.) 1. ठेंठ, देहाती 2. विशुद्ध, यथार्थ, सहज

**ठेल-ठाल** (स्त्री.) ठेलम-ठेल, परस्पर ठेलनाइ, रेड़ब रेड़

**ठेलना** (स.क्रि.) ठेलब, रेड़ब, धकेलब, धक्का देब

**ठेला** (पुं.) ठेला, हाथसँ ठेलि चलएबाक गाड़ी

**ठेस** (स्त्री.) ठेस, मानसिक पीड़ा, मानसिक कष्ट

**ठोंकना** (ठोकना) (स.क्रि.) ठोकब, पीटब, चोट देब

**ठोक-पीटकर** (स्त्री.) जाँचब-परेखब, परीक्षणक', निरीक्षणक'

**ठोक-बजाकर** (क्रि.वि.) निरीक्षण-परीक्षण क'कँ, जाँचब-परेखब

**ठोकर** (स्त्री.) ठोकर, धक्का, आघात

**ठोकर खाना** (स.क्रि.) ठोकर खाएब, आहत होएब, अनुचित कर्मक कुफल भोगब

**ठोकर मारना** (स.क्रि.) ठोकर मारब,

**ठोड़ी** (स्त्री.) ठोरी, चिबुक, ठोर लगक निचला भाग

**ठोस** (वि.) ठोस, निसन, निस्सन

**ठौर** (पुं.) ठओर, ठेकाना, जगह, ठ'र, ठाम

**ठौर-ठिकाना** (पुं.) ठओर-ठेकाना, पता, ठ'र, ठाम, ठेकान

# ड

**डंक** (पुं.) डंक, बीछ आदिक बिखाह सूँढ

**डंक मारना** (स.क्रि.) डंक मारब, बिखाह सूँढ गड़ाएब

**डंका** (पुं.) डंका, पैघ ढोल

**डंगर** (ढोर) (पुं.) मूर्ख, बेवकूफ, ढोल, अज्ञ

**डंठल** (पुं.) ठारि, डॉट, शाखा, डारि

**डंड** (पुं.) दंड, डंड, डंटा, सोटा, लाठी, छड़

**डंड-पेल** (पुं.) डंड-पेल, एक व्यायाम, उठकी-बैसकी

**डंड-बैठक** (पुं.) उठकी-बैसकी, डंड-बैठक, एक व्यायाम

**डंडा** (पुं.) डंटा, सोटा, लाठी, छ'ड़, दंड

**डंडी** (स्त्री.) दंडी, डंडी, डँटकी, तराजूक डंटी

**डंडी मारना** (स.क्रि.) डंडी मारब, तौलबामे गड़बड़ करब

**डकार** (स्त्री.) ढेकार, ढेकरबाक क्रिया, डकार

**डकारना** (अ.क्रि.) ढेकरब, पेटक वायु कंठसँ बहार करब

**डकैत** (पुं.) डाकू, डकैत, डकूबा, डाका देनिहार

**डकैती** (स्त्री.) डकैती, डाका

**डग** (पुं.) डेग, डग

**डगमग** (वि.) डगमग, हिलैत-डोलैत, अस्थिर

**डगमगाना** (अ.क्रि.) डगमगाएब, डोलब, डगमगी

**डगर** (स्त्री.) मार्ग, डगर, मालक ड़गरलासँ बनल बाट, बाट, रास्ता, एकपेरिया

**डटना** (अ.क्रि.) डटब, अड़ब, दृढतापूर्वक टिकब

**डपट** (स्त्री.) डपट, डॉट, गंजन, भर्त्सना

**डपटना** (स.क्रि.) गंजन करब, डॉटब, फटकारब, गंजन करब, डपटब

**डपोरशंख** (वि./पुं.) डपोड़संख, बेकूफलोक, मूर्ख-व्यक्ति

**डफ** (पुं.) डफरा, एकढोल, डंफ, ढोलक एक प्रकार

**डफली** (स्त्री.) डफरा, एकढोल, डंफ, एक छोट ढोल

**डबडबाना** (अ.क्रि.) डबडबाएब आँखिमे (नोर आदिक) भरब

**डबलरोटी** (स्त्री.) डबलरोटी, पावरोटी, मशीनसँ बनाएल गेल खाद्य पदार्थ

**डब्बा** (डिब्बा) (पुं.) डिब्बा, मजूषा, खप्पाबाला पक्ष, डिब्बा

**डब्बाबंद** (डिब्बाबंद) (वि.) डिब्बाबंद, डब्बाबंद, बंद डिब्बाक वस्तु

**डमरू** (पुं.) डमरू, डंबरु, एक बाजा जे बीचमे मुट्टीकेँ पकड़ि बजाओल जाइत अछि, शिवजीक प्रिय वाद्य

**डमरूमध्य** (वि.) डमरूमध्य

**डर** (पुं.) डर, भय, आशंका, खतरा, संकट

**डरना** (अ.क्रि.) डरब, भयग्रस्त होएब

**डरपोक** (वि.) डरपोक, डरबुक, भीरु हृदय

**डराना** (स.क्रि.) डराएब, डर देखाएब, भयभीत करब

**डराना-धमकाना** (स.क्रि.) डराएब-धमकाएब

**डरावना** (वि.) डराओन, भयाओन

**डलना** (अ.क्रि.) राखब, ठाम धराएब, उझलब, ढारब

**डलवाना** (स.क्रि.) उझलबाएब, रखबाएब, ढरबाएब

**डला** (पुं.) डाला, छितना, बाँसक बिनुआ बासन

**डलिया** (स्त्री.) डाली, छोट डाला

**डली** (स्त्री.) सुपारी, छोट टुकड़ा

**डसना** (स.क्रि.) डँसब, विषदंत गड़ाएब

**डाँग** (पुं.) भारी डंटा, लाठी, सोटा, डाङ, मोट लाठी

**डाँगर** (पुं.) डाङर, क्षीणकाय पशु, मरदुआर

**डाँट** (स्त्री.) डाँट-डपट, डाँटब

**डाँटना** (स.क्रि.) डाँटब, फटकारब, गंजन करब, डपटब

**डाँट-फटकार** (स्त्री.) डाँट-फटकार, डाँट-फटकारब

**डाँवाँडोल** (वि.) डाबाडोल, डमाडोल, अनिश्चित

**डाँवाँडोल नीति** (स्त्री.) डाबाडोल नीति, अनिश्चित नीति, ढुलमुल नीति

**डाँस** (पुं.) डाँस, एक माछी जे पशुकेँ कटैत अछि, पैघ मच्छर, डंक

**डाइन** (डायन) (स्त्री.) डाइनि, डाकिनी

**डाक** (स्त्री.) 1. डाक, चिकरब, शुल्क ल' चिट्ठी पत्री पठएबाक व्यवस्था, पोस्ट 2. हाक, उच्चस्वरे उद्घोष

**डाकखाना** (पुं.) डाकखाना, डाकघर

**डाकगाड़ी** (स्त्री.) डाकगाड़ी, ओ गाड़ी जाहि पर डाक लदाइत अछि

**डाकघर** (पुं.) डाकघर, डाकव्यवस्थाक कार्यालय

**डाक जीवन बीमा** (पुं.) डाक जीवन बीमा

**डाक जीवन बीमा पॉलिसी** (स्त्री.) डाक जीवन बीमा पॉलिसी

**डाक टिकट** (पुं./स्त्री.) डाक टिकट, सरकारी टिकस, पत्र व्यवहार हेतु जारी टिकस

**डाक थैला** (पुं.) डाकथैला, डाकियाक झोरा

**डाकना** (स.क्रि.) कूदब, फानब, उछलब

**डाक पता** (पुं.) डाकपता, चिट्ठी पठएबाक पता

**डाक पार्सल बीमा** (पुं.) डाक पार्सल बीमा

**डाक प्रति** (स्त्री.) डाकप्रति, डाकघरक प्रति-लिपि

**डाक प्रमाणपत्र** (पुं.) डाक प्रमाणपत्र, डाकघरक प्रमाणपत्र

**डाक प्रमाणित** (वि.) डाक प्रमाणित, डाकघरसँ प्रमाणित

**डाक-बँगला** (पुं.) डाक बंगला, अफसर/ अधिकारी सभक हेतु बनल यात्री निवास

**डाक बक्सा** (पुं.) डाकबक्सा, चिट्ठी रखबाक पेटी

**डाक बीमा** (पुं.) डाक बीमा

**डाक मतदान** (पुं.) डाकमतदान

**डाक-मुहर** (स्त्री.) डाकमुहर, डाकक मोहर

**डाक व्यय** (पुं.) डाकव्यय, डाकशुल्क, डाक खर्चा

**डाक शुल्क** (पुं.) डाकशुल्क, डाक खर्चा

**डाक संचलन** (पुं.) डाक संचलन

**डाक सूची** (स्त्री.) डाकसूची

**डाक-सेवा** (स्त्री.) डाकसेवा

**डाका** (पुं.) डाका, डकैती

**डाकाजनी** (स्त्री.) डाकाजनी, डाका, डकैती

**डाकिया** (पुं.) डाकिया, पत्रवाहक, डाकपिन

**डाकू** (पुं.) डाकू, डकैत, डकूबा, डाका देनिहार

**डाक्टरी** (पुं.) डाक्टरी, डाकडरी, चिकित्साक व्यवसाय, चिकित्साशास्त्र

**डाक्टरी परीक्षा** (स्त्री.) डाक्टरी परीक्षा, चिकित्सा विद्याक परीक्षा

**डाक्टरी पेशा** (पुं.) डाक्टरी पेशा, चिकित्सा व्यवसाय

**डाक्टरी प्रमाण-पत्र** (पुं.) डाक्टरी प्रमाणपत्र, चिकित्सकीय प्रमाणपत्र

**डाक्टरी सहायता** (स्त्री.) डाक्टरी सहायता

**डाट** (स्त्री.) ईट, पाथर, टेक

**डाटना** (स.क्रि.) रोकब, भरब

**डाढ** (अकला) (दाढ) (स्त्री.) चौ, चिबएबाक मुसरा दाँत, ज्ञान चौ

**डाभ** (पुं.) नारिकेरक डाभ, डाभ, डंभ, डिंभ, डाभी

**डामर** (पुं.) अलकतरा, डामर

**डायन** (डाइन) (स्त्री.) डाइनि, डाकिनी

**डाल** (स्त्री.) डारि, शाखा, ठारि

**डालना** (स.क्रि.) उझलब, ढारब, उपरसँ खसाएब

**डाली** (स्त्री.) 1. डाली, छोट डाला 2. डारि, शाखा

**डावाँडोल** (पुं./वि.) डाबाडोल, अनिश्चित

**डाह** (स्त्री.) डाह, जरब, इर्ष्या, जरनि, मात्सर्य

**डिंब** (पुं.) डिंब, भ्रूण, डिम्मा, अंडा

**डिंबग्रंथि** (स्त्री.) डिंबग्रंथि, गर्भाशय, बच्चादानी

**डिंबाशय** (पुं.) डिंबाशय, बच्चादानी, गर्भाशय

**डिंभक** (पुं.) डिंभक, डंभा, डम्हक

**डिगना** (अ.क्रि.) डिगब, चुकब, विचलित होएब

**डिगरी** (स्त्री.) 1. उपाधि 2. निर्णय, फैसला, अदालतिक निर्णय

**डिगरीदार** (वि.) 1. उपाधि प्राप्तकर्ता, उपाधि प्राप्त कएनिहार 2. जिनका पक्षमे अदालती निर्णय होइत अछि

**डिगरी लेखक** (पुं.) 1. उपाधि लिखनिहार 2. फैसला लिखनिहार, अदालती निर्णय लिखनिहार

**डिगाना** (स.क्रि.) डिगाएब, डिगब

**डिठौना** (पुं.) डिठौरी, नजरि नहि लगैक ताहि हेतु कपार पर कएल काजरक ठोप

**डिबिया** (डिब्बी) (स्त्री.) डिबिआ, मुँहठीबाला दीपपात्र

**डिब्बा** (पुं.) डिब्बा, मंजूषा, खप्पाबाला पात्र

**डिब्बाबंद** (वि.) डिब्बाबंद, डिब्बामे राखल वस्तु

**डिब्बाबंदी** (स्त्री.) डिब्बाबंदी

**डींग** (स्त्री.) आत्मप्रशंसा, सेखी बघारब, अभिमानक प्रदर्शन

**डीठ** (स्त्री.) डीठ, डीठि, आँखि, नजरि, विशेषतः दुर्भावनापूर्ण दृष्टि

**डील-डौल** (पुं.) डील-डौल, देहदशा

**डीह** (पुं.) डीह, निवास स्थल, वासभूमि, घराड़ी

**डुगडुगी** (स्त्री.) डुग्गी, डुगडुगी, तालवाद्य जे तबलाक संग बजैत अछि

**डुबकी** (स्त्री.) डुबकी, डुबनाइ

**डुबाना** (डुबोना) (स.क्रि.) डुबब, डुबाएब

**दब्बूपन** (पुं.) भीरूक भाव, कायरता
**दम** (पुं.) श्वास, शक्ति, बल
**दमआलू** (पुं.) आलूक मसाला युक्त तरकारी जाहिमे सौंस आलू टुकुर-टुकुर तकैत होय
**दमक** (स्त्री.) दमस, गर्जन, द्युति, चमक
**दमकना** (अ.क्रि.) दमसब, चमकब, दमकब
**दमकल** (स्त्री.) हवाक दबाबसँ पानि उपर उठयबाक यंत्र, पंप, आगिमिझयबाक यंत्र, फायर ब्रिगेड, अगिलग्गी मिझबैबाला उपकरण
**दमखम** (पुं.) शक्ति, दृढता, साहस
**दम घुटना** (अ.क्रि.) श्वास बंद होयब हृदयक घबराहटि, दम घोंटाएब
**दम घोटना** (अ.क्रि.) दमघोटबाक क्रिया, श्वास अवरुद्ध करबाक क्रिया
**दमदार** (वि.) जोरगर, मजबूत, शाक्तिशाली
**दमन** (पुं.) दबायब, जोरजबरदस्ती, सतायब, दमन
**दमन करना** (स.क्रि.) दबायब, जोरजबरदस्ती करब
**दमनकारी** (वि.) दमन करयबाला, बलपूर्वक कार्यक संपादन करय बाला
**दमनचक्र** (पुं.) कोनो कार्य वा वर्ग आदिक हठपूर्वक दबयबाक या नष्ट करबाक किछु कालक दंडात्मक प्रक्रिया
**दमड़ी** (स्त्री.) प्राचीन सिक्का जे स्वतंत्रतासँ पूर्वक एक टाकाक आठम भाग होइत छल
**दमदमा** (पुं.) ढोल-नगारा आदिक ध्वनि, तोपक ध्वनि
**दमा** (पुं.) एक प्रकारक श्वास व्याधि, दम्मा रोग
**दमित** (वि.) दबाओल, पराभूत
**दमित** (इच्छाएँ) (वि.) दमन कएल गेल इच्छा/ अभिलाषा/ लालसा
**दयनीय** (वि.) दयाक पात्र, दयाक योग्य, दुखी, दयनीय
**दया** (स्त्री.) आन कें दुखी देखि भेल दुःख, वा जागल अनुकंपा
**दयादृष्टि** (स्त्री.) दयासँ देखब, अनुग्रहक भाव, दयादृष्टि, करुणाक भाव
**दयानत** (स्त्री.) सत्यनिष्ठा, इमानदार
**दयानतदार** (वि.) इमानदारी, विश्वासी

**दयापात्र** (स्त्री.) सहानुभुति कैँ योग्य, दयायोग्य, दयनीय, कृपापात्र
**दया याचिका** (पुं.) दया याचिका
**दयार्द्र** (वि.) दयालु, जिनकर हृदय दयासँ द्रवित होय
**दयालु** (वि.) दया करय बाला, दयावान
**दयालुता** (स्त्री.) दया करयक भाव/गुण
**दयावान** (वि.) कृपालु, दयालु, कृपायुक्त, दयावान
**दर** (स्त्री.) भाव, खरीद-विक्रीमे वस्तु आ मूल्यक अनुपात
**दरअसल** (स्त्री.) वस्तुतः, यथार्थ रूपमे
**दरकना** (अ.क्रि.) दरारि, दरक्का, फाटब
**दरकाना** (स.क्रि.) दरारि करबाक क्रिया, दरकायब
**दरवाजा** (पुं.) दुआरि, घरक अग्र भूमि
**दरवेश** (पुं.) भिखारि, फकीर
**दरसाना** (दरशाना/दर्शाना) (स.क्रि.) देखायब, देखबाक हेतु प्रवृत्त करब
**दरसूची** (स्त्री.) भावक तलिका दरसूची, मूल्य तालिका
**दराँती** (स्त्री.) घास आदि काटक उपकरण जहिमे दाँतबाला धार होय
**दराज** (स्त्री.) टेबुलक तरमे दाहिना-बामा लागल खोली
**दरार** (स्त्री.) दरारि, फटलासँ खाली भेल गह
**दरिंदा** (पुं.) हिंसक जंगली जानवर
**दरिद्र** (वि.) कंगाल, गरीब, निर्धन
**दरिद्रता** (स्त्री.) निर्धनता, गरीबीक भाव
**दरिद्री** (वि.) कंगाली, गरीबी
**दरिया** (पुं.) नदी, सागर, समुद्र
**दरियाई** (वि.) रेशमक धारीदार आ पातर कपड़ा विशेष
**दरियाई घोड़ा** (पुं.) अफ्रीका आदि देशमे होयबाला मोट चामक पशु विशेष
**दरियादिल** (वि.) उदारहृदय, उदार
**दरियादिली** (स्त्री.) हृदयक उदारता
**दरियाफ्त** (वि.) ज्ञात, पता, जाँच
**दरियाफ्त करना** (स.क्रि.) जाँच-पड़ताल करब, पता लगायब ज्ञात करब
**दरी** (स्त्री.) पैघ शतरंजी, दरी
**दरीबा** (पुं.) ओ स्थान जाहिठाम एक वस्तु अनेक प्रकारमे थोकमे प्राप्त होय
**दरोगा** (पुं.) पुलिस विभागक एक अधिकारी, अवर उपनिरीक्षक
**दर्ज करना** (वि.) लिखब, अंकित करब, प्रविष्ट करब
**दर्जन** (पुं.) बारह टाक समूह, इकाइ
**दर्जा** (पुं.) श्रेणी, स्तर, वर्ग, क्लास, कक्षा
**दर्जी** (पुं.)कपड़ा सीबाक व्यवसायी विशेषतः मुसलमान जाति विशेष
**दर्द** (पुं.) पीड़ा, वेदना, टीस
**दर्दनाक** (वि.) पीड़ा दैबाला, पीड़ाकारक
**दर्प** (पुं.) प्रताप, शान, अभिमान
**दर्पण** (पुं.) अयना, प्रतिबिंब देखबाक काँच
**दर्रा** (पुं.) पर्वतक दरारि जे रास्ता बनि गेल हो
**दर्शक** (पुं.) देखनिहार,
**दर्शककक्ष** (पुं.) देखनिहार कक्ष/स्थान
**दर्शकगण** (पुं.) देखनिहारक समूह
**दर्शक-दीर्घा** (स्त्री.) दर्शक गणक बैसक स्थान
**दर्शन** (पुं.) देखब, अवलोकन
**दर्शनशास्त्र** (पुं.) ओ शास्त्र जहिमे आत्मा, परमात्मा, प्रकृति, मानव जीवनक उद्देश्य, मोक्ष आदि सम्बन्धी निरूपण हो, फिलासफी
**दर्शनशास्त्री** (पुं.) दर्शन शास्त्रक ज्ञाता
**दर्शनीय** (वि.) देखबा योग्य, आकर्षक, रमणीय
**दर्शाना** (स.क्रि.) देखेबाक क्रिया, देखनाइ
**दर्शित** (वि.) देखाओल, बताओल
**दल** (पुं.) खंड, टुकड़ा, गुट
**दलगत** (वि.) दलसँ संबंधित
**दलगत भावना** (स्त्री.) दलगत भावना

**दलगत राजनीति** (स्त्री.) दलगत राजनीति, पार्टी पॅलिटिक्स

**दलगत राजनीतिक स्थिति** (स्त्री.) दलगत रजनीतिक स्थिति

**दलदल** (पुं.) पानिक सतहसँ ठीक उपरका भूमि जे भार देने आ हटओने रबड़ जकाँ लचकैत अछि, पाँक माटि

**दलन** (पुं.) विदारण, खंडन

**दलना** (स.क्रि.) पीसब, दरड़ब

**दलनीति** (स्त्री.) दलक सिद्धांत विशेष

**दलबंदी** (स्त्री.) दलक निर्माण, गुटबाजी

**दलबदल** (पुं.) अपन दल छोड़ि दोसर दलमे जेबाक क्रिया

**दलबदलू** (पुं.) दलबदलनिहार, दलबदलू

**दलबल** (पुं.) सेना, फौज

**दलहन** (पुं.) दलिहन, दालिबाला अन्न जेना राहड़ि आदि

**दलाल** (पुं.) वाणिज्यमे दूतक काज कयनिहार व्यवसायी

**दलाली** (स्त्री.) दलालक काज वा पारिश्रमिक

**दलित** (वि.) दबाओल, संपीड़ित

**दलित वर्ग** (पुं.) समाजक निम्नतम आनु-सूचित वर्ग जे सामाजिक, अर्थिक आ शैक्षिक आदि क्षेत्रमे अविकसित हो

**दलिया** (स्त्री.) गहूम आदिक पीसल मोट चूर्ण

**दलील** (स्त्री.) तर्क, जुगुति

**दवा** (पुं.) दबाइ, औषध

**दवाई देना** (स्त्री.) दबाइ देब, औषध देब

**दवाखाना** (पुं.) औषधालय, चिकित्सालय, दबाइ दोकान

**दवात** (स्त्री.) मसिपात्र, स्याहीक छोट पात्र, दवात

**दवा-दारू करना** (स.क्रि.) चिकित्सा करब, उपचार करब

**दशक** (पुं.) दसटाक समूह, दस वर्ष कालक इकाइ, दशक

**दशम** (वि.) जकरा लगाय दस पूरय, दसम

**दशमलव** (पुं.) संख्या 10 पर आधारित, दश-मलव

**दशमांश** (पुं.) दसम भाग

**दशमांश पद्धति/प्रणाली** (स्त्री.) संख्या दस पर आधारित कोनो पद्धति

**दशमी** (स्त्री.) चान्द्र पक्षक दशम तिथि

**दशा** (स्त्री.) स्थिति, अवस्था, हालति

**दशानुकूलन** (पुं.) अनुकूल दशा हेबाक भाव

**दशानुकूलित** (वि.) अनुकूल स्थितिक भाव

**दशाब्दी** (दशाब्द) (स्त्री.) दस वर्षक समूह

**दस** (वि.) गनतीमे नौसँ एक बेसी, 10, दश

**दसनंबरी** (पुं.) दस संख्याबाला

**दसवाँ** (वि.) गनतीक दसम स्थानक वस्तु, दसम

**दस्तंदाज** (पुं.) हस्तक्षेप करयबाला, दखल देनिहार

**दस्तंदाजी** (स्त्री.) दखल देब, हस्तक्षेप

**दस्त** (पुं.) फेकल, विष्ठा, मल, पेटसँ पातर मल खसबाक रोग

**दस्तक** (पुं.) दरबाजा खट-खटेबाक ध्वनि

**दस्तकार** (पुं.) शिल्पी, कारीगर

**दस्तकारी** (स्त्री.) शिल्प, कारीगरी, हस्तशिल्प

**दस्तखत** (पुं.) हस्ताक्षर, अपन हाथे लिखल अपन नाम, दस्तखत

**दस्तखत करना** (स.क्रि.) हस्ताक्षर करब, अपने हाथेँ अपन नाम लिखक क्रिया

**दस्तरखान** (दस्तरख्वान) (पुं.) भोजनक थारी राखक लेल बिछाओल वस्त्र

**दस्ता** (पुं.) औजार आदिक मूठ वा बेंट, सेनाक दल, जत्था

**दस्ताना** (पुं.) जाड़सँ बचबाक हेतु हाथमे पहिरबाक वस्त्र विशेष

**दस्तावर** (वि.) दस्त करओनिहार भोज्य, विरेचक

**दस्तावेज** (स्त्री.) प्रामाणिक लेख, लिखित प्रमाण, अभिलेख
**दस्ती** (वि.) छोट बेंट/ मूठ
**दस्तूर** (पुं.) प्रथा, प्रचलन, रीति, परिपाटी, परंपरा
**दस्तूरी** (स्त्री.) प्रथानुसार लेल बट्टा, परिपाटीक अनुसार देय बट्टा
**दस्यु** (पुं.) लुटिहारा, चोर, तस्कर, दस्यु, डकैत
**दस्युवृत्ति** (स्त्री.) दस्युता, चोरि कर'क वृत्ति
**दहकना** (अ.क्रि.) अग्निक लपट संग जरब, दहकब
**दहन** (पुं.) जरब, आगि, अग्नि, जरनाइ
**दहनशील** (वि.) दाहक, ज्वलनशील, जरबय-बाला, दहनशील
**दहनशीलता** (स्त्री.) जरेबाक भाव, दाहकता, दहनशीलता
**दहलना** (अ.क्रि.) भयसँ ग्रस्त होयब, दहलब, डराएब
**दहला** (पुं.) तासक दसम फर्द
**दहलाना** (स.क्रि.) भयसँ ग्रस्त करबाक क्रिया, आतंकित करब
**दहलीज** (स्त्री.) चौकठि, केबाड़क चारूकातक काठ
**दहशत** (स्त्री.) दहसति, भय
**दहाई** (स्त्री.) दशगुण मानबाला (अंक)
**दहाड़** (स्त्री.) सिहं आदिक गर्जन
**दहाड़ना** (अ.क्रि.) गर्जन करबाक क्रिया
**दहाड़ मारना** (अ.क्रि.) गर्जन करब
**दही** (दधि) (पुं.) दूध कैं जमल पदार्थ, दही
**दहेज** (पुं.) यौतुक, वर कैं विवाहक उपलक्षमे देल गेल प्रीतिदान (नगद वा वस्तु)
**दहेज प्रथा** (स्त्री.) दहेज प्रथा वरकें प्रीतिदान देबाक प्रथा
**दहेज विरोधी** (वि.) दहेज देबाक विरोध कयनिहार
**दांडिक** (वि.) दंडाधिकारी, दंडधारी, लठिधर
**दांपत्य** (पुं.) पति-पत्नी संबंध
**दांपत्य जीवन** (पुं.) गृहस्थी, गृहस्थ जीवन, दांपत्य जीवन
**दाँत** (स्त्री.) दंत, मनुष्यादि, पशुक मुहमे चर्मसँ बहरायल बाड़ जाहिसँ खाद्यपदार्थ आदि काटल होइत छैक, दाँत
**दाँता** (स्त्री.) दाँत जकाँ पैघ आ नोकगर
**दाँतेदार** (वि.) दाँतसँ युक्त, दाँतबाला
**दाँव** (पुं.) दाओ, अवसर, कौशलपूर्ण युक्ति
**दाँव-पेंच** (पुं.) परास्त करबाक अवसरानुकूल युक्ति, छद्म मूलक उपाय, दाओ पेंच
**दाई** (स्त्री.) बच्चाक परिचर्या करयबाली जनानी, दासी, दाइ
**दाईगीरी** (स्त्री.) नेना आ गृह संबंधी टहल करबाक क्रिया
**दाक्षिणात्य** (वि.) दक्षिण देशक विशेषतः द्राविड़
**दाख** (द्राक्षा/किशमिश) (स्त्री.) द्राक्षा, एक प्रसिद्ध मेवा, दाख
**दाखिल** (वि.) प्रविष्ट, दर्ज, दाखिल, अभिलिखित
**दाखिल करना** (स.क्रि.) प्रविष्ट करब, जमा करब, दाखिल करब
**दाखिल-खारिज** (पुं.) राजस्व अभिलेखमे नव स्वामीक नाम चढाय पुरना स्वामीक नाम हटायब, दाखिल-खारिज
**दाखिल दफ्तर** (पुं.) दस्ताबेजक कार्यालय
**दाखिल होना** (अ.क्रि.) प्रविष्ट करब, उपस्थित होयब, दाखिल होयब
**दाखिला** (पुं.) प्रवेश(विद्यालय आदिमे)
**दाखिला देना** (स.क्रि.) प्रवेश देब
**दाग** (पुं.) कालिमा, धब्बा, चेन्ह, लांछन, कलंक
**दागदार** (वि.) जाहि पर धब्बा/दाग होय, दाग लागल
**दाग देना** (स.क्रि.) कलंक लगायब
**दागना** (स.क्रि.) दागब, धीपल लोह सटाय देहपर दाग बनायब

**दागी** (वि.) धब्बाबाला, दागसँ युक्त

**दाड़िम** (पुं.) अनार, फलविशेष, दाड़िम

**दाढ** (स्त्री.) चौ, ओ दाँत जाहिसँ अन्न चिबाओल जाइत अछि

**दाढी** (स्त्री.) चिबुक, मुहमे ठोरक नीचाक अंग आदिमे जनमल रोमराशि

**दाढी बनाना** (क्रि.) दाढीक केश कटायब, दाढी बनाएब

**दातव्य** (वि.) देय ऋण आदि, जे चुकायब उचित हो से (राशि)

**दाता** (पुं.) देनिहार, दान कयनिहार दानी, दानकर्ता

**दातौन** (दातुन) (स्त्री.) दाँतमनि, दतमनि

**दाद** (स्त्री.) 1. चर्मरोग विशेष 2 न्याय

**दाद** देना (स.क्रि.) न्यायपूर्ण प्रशंसा

**दादा** (पुं.) पितामह, पिताक पिता

**दादागिरी** (स्त्री.) जोड़- जबरदस्तीसँ प्रभावित करब, गुट आदिक प्रधान

**दादी** (स्त्री.) पितामही, दादाक पत्नी आ तततुल्य स्त्रीगण

**दादुर** (पुं.) बेड़, दादुर

**दान** (पुं.) देनाइ, अर्पण, दान

**दान-दक्षिणा** (पुं.) यज्ञादिक पूर्णताक लेल देल गेल दान

**दान देना** (स. क्रि.) दान करब, देनाइ, दान देब

**दान-पत्र** (पुं.) कोनो संपत्तिक आदिक लिखित प्रमाण

**दान-प्राप्तकर्ता** (पुं.) दान लयबाला, जकरा दान देल जाय

**दानव** (पुं.) दनुक संतान, राक्षस, दानव

**दानवीर** (वि.) अति उदार दानी, जे मङनिहार के दान देबासँ कखनो मना नहि करय

**दानशील** (वि.) दान देबाक स्वभावसँ युक्त व्यक्ति विशेष

**दानशीलता** (स्त्री.) दानशील हेबाक भाव/ गुण

**दाना** (पुं.) अन्नकण

**दाना-पानी** (पुं.) अन्न-जल, जीवन निर्वाह हेतु आवश्यक खाद्य-पदार्थ

**दानी** (पुं.) दान करबामे उदार, बहुत दान करयबाला

**दानेदार** (स्त्री/वि.) जाहिमे दाना हो

**दाब** (स्त्री.) जाँत,चाप, दाबक क्रिया/भाव

**दाबना** (स.क्रि.) जाँतब, उपरसँ भार देब

**दाबानुकूलित** (स्त्री.) अनुकूल चाप, उचित भारसँ युक्त

**दाम** (पुं.) मूल्य, भाव

**दामन** (पुं.) आँचर

**दामन फैलाना** (स.क्रि.) आँचर पसारब, प्रार्थना करब

**दाम सूची** (स्त्री.) मूल्य तालिका

**दामाद** (पुं.) जमाय, जामाता, बेटीक पति

**दामिनी** (स्त्री.) बिजुरी, विद्युल्लता, दामिनी

**दाय** (पुं.) देबा योग्य धन, प्रीतिदान, दाय, बपौती, पैतृक स्वत्व

**दायर** (वि.) प्रस्तुति

**दायर करना** (स.क्रि.) बाद-बिबादक मुकदमा न्यायालयमे प्रस्तुत करब

**दायरा** (पुं.) गोल घेरा, वृत्त

**दायाँ** (वि.) दहिन, दक्षिण

**दायाद** (पुं.) दाय पयबाक अधिकारी, दायाद, देआद, पैतृक संपत्तिक सहभागी

**दायित्व** (पुं.) देबाक हेतु बाध्यता, जवाबदेही, भार, दायित्व

**दार** (प्रत्यय) धारण कयनिहार, जेना पट्टीदार, ठिकादार आदि

**दारा** (स्त्री.) स्त्री, पत्नी

**दारिद्र्य** (पुं.) दरिद्रता, गरीबी, दारिद्र्य, दारिद्र

**दारु** (पुं.) काठ

**दारुण** (वि.) भयानक, घोर, दारुण, उग्र, तीव्र

**दारू** (स्त्री.) मद्य, दारू

**दारोगा** (दरोगा) (पुं.) पुलिस विभागक एक अधिकारी

**दारोमदार** (पुं.) निर्भरता, कार्यक उन्नति-अवनति, जवाब देही

**दार्शनिक** (वि.) दर्शनसंबंधी, दर्शनशास्त्रक ज्ञाता, दार्शनिक

**दार्शनिकता** (स्त्री.) दार्शनिकक भाव,दार्शनिकता

**दाल** (स्त्री.) दालि, दू दलबाला अन्न

**दाल-रोटी** (स्त्री.) नित्यकँ साधारण भोजन, दालि-रोटी

**दालान** (पुं.) दलान

**दाव** (दे. दाँव) (पुं.) अवसर, दाओ, गओर, मओका

**दावत** (स्त्री.) निमंत्रण, अयबाक अनुरोध नेओत, हकार, नोत

**दावतनामा** (पुं.) निमंत्रण-पत्र

**दावपेंच** (दाँवपेच) (पुं.) परास्त करबाक छद्ममूलक युक्ति, दाओ-पेँच

**दावा** (पुं.) स्वत्वाधिकार, दाबा

**दावाग्नि** (स्त्री.) बाँस आदिक रगड़सँ वनमे लागल आगि, दावाग्नि

**दावा दायर करना** (अ.क्रि.) साधिकारक माङ करब अपन अधिकार लेल न्याया-लयमे मुकदमा करब

**दावानल** (पुं.) वनक आगि, दावानल

**दावेदार** (पुं.) अपन अधिकारक दाबा कयनिहार

**दावेदारी** (स्त्री.) स्वाधिकारक दाबाक भाव

**दास** (पुं.) गुलाम, आजीवन भृत्य, परम भक्त सेवक, दास

**दासता** (दासत्व) (स्त्री.) गुलामी, पराधीनता, दासवृत्ति, दासता, दास्य

**दास-प्रथा** (स्त्री.) दास-प्रथा

**दासी** (स्त्री.) सेविका, परिचारिका, दासक स्त्री, दासी

**दास्तान** (दास्ताँ) (स्त्री.) खिस्सा,खीसा, कथा, इतिवृत्त

**दास्यभाव** (पुं.) दासताक भाव, अपनाकेँ दास बूझब

**दाह** (पुं.) जरब, जरायब, दाह

**दाहक** (वि.) जरओनिहार, दाहक

**दाहकता** (स्त्री.) जरेबाक गुण

**दाह-कर्म** (स्त्री.) एक संस्कार अंत्येष्टि, मुर्दा जरेबाक कर्म

**दाह-क्रिया** (स्त्री.) अंत्येष्टि करब

**दाहसंस्कार** (पुं.) अंत्येष्टि संस्कार, सोलह संस्कारमे अंतिम संस्कार

**दाहिना** (वि.) दाहिना, दक्षिण, दहिना

**दिक्** (स्त्री.) दिशा, स्थान, देश

**दिक्कत** (स्त्री.) दिक्कति, कष्ट, कठिनता

**दिक्सूचक** (पुं.) दिशाक सूचक यंत्र

**दिखना** (अ.क्रि.) देखब, आँखिसँ स्वरूपक दर्शन करब

**दिखलाना** (स.क्रि.) देखवायब, देखबाक हेतु प्रवृत्त करब, देखाएब

**दिखाना** (स.क्रि.) देखायब, देखाएब

**दिखावटी** (वि.) देखौआ, केवल देखयवाक हेतु बनल, अवास्तविक

**दिखावा** (पुं.) देखादेखी, देखसी

**दिगंत** (पुं.) दिशाक अंत, दिगंत

**दिग्गज** (वि.) आठो दिशाक रक्षक आठ हाथी, दिग्गज

**दिग्दर्शक** (पुं.) मार्गदर्शक, दिशाक बताबयबाला, दिग्दर्शक

**दिग्दर्शन** (पुं.) दिशाक दर्शन, दिशादेखायब, दिग्दर्शन

**दिग्भ्रम** (पुं.) दिशा बिसरब, दिग्भ्रम

**दिग्भ्रमित** (दिग्भ्रांत) (वि.) एक भ्रांति जाहिमे अपरिचित स्थान गेलापर कोनो दिशाकेँ आन दिशा बूझय लगैत अछि, दिग्भ्रांत

**दिग्मंडल** (पुं.) दिशाक समूह

**दिग्विजय** (पुं.) सब दिशा वा देशमे विजय, दिग्विजय

**दिग्विजयी** (वि.) दिग्विजय करयबाला

**दिठौना** (पुं.) दिठि/नजरि नै लागय ताहिकारण नेनाक माथ पर लगाओल काजरक ठोप आदि, दिठौना

**दिन** (पुं.) सूर्यक प्रकाशबाला समय, सूर्योदयसँ सूर्यास्तक समय, दिन, अहोरात्र, दिवा

**दिनचर्या** (स्त्री.) दिन भरिक काज, दैनिक कर्तव्य, दिनचर्या

**दिनरात** (क्रि.वि.) दिन आ राति, अहोरात्र, सदिखन, दिनराति

**दिनांक** (पुं.) सौर वा अंग्रेजी मासक आदिसँ गणनीय क्रमसंख्या, तारीख, तिथि, दिनांक

**दिनातीत** (वि.) पुरान समय, अप्रचलित

**दिपना** (अ.क्रि.) दीप्त होयब, चमकब

**दिमाग** (पुं.) मस्तिष्क, मगजक गूदा, सोचबाक सामर्थ्य प्रज्ञा, बुद्धि, दिमाग

**दिमागी** (वि.) मस्तिष्क संबंधित, बौद्धिक, दिमागी

**दिमागी दिवालियापन** (पुं.) बौड़ायब, चित्त विक्षिप्त होयब

**दिया** (दीया) (पुं.) दीप, दिया, दीपक

**दियासलाई** (स्त्री.) दीप शलाका, माचिस

**दिल** (पुं.) करेज, हृदय, अंतःकरण, मोन, चित्त

**दिलकश** (वि.) मनोहर, चित्ताकर्षक

**दिलखुश** (वि.) प्रसन्न, आनंद

**दिलचस्प** (वि.) मनोरंजक

**दिलचस्पी** (स्त्री.) मनोरंजकता

**दिलजला** (वि.) अतिदुखित व्यक्ति

**दिलदार** (वि.) उदार हृदयबाला सहृदय, रसिक

**दिलपसंद** (वि.) रुचिगर

**दिलफरेब** (वि.) हृदयतोरब/धोखा देब

**दिलरुबा** (पुं.) प्रेमी, प्रेमिका

**दिलवाना** (दिलाना) (स.क्रि.) देआयब, देबाक हेतु प्रवृत्त करब

**दिलवाला** (वि.) सहृदय, रसिक

**दिलाना** (स.क्रि.) देआयब

**दिलावर** (वि.) हिमतगर, वीर, साहसी

**दिलासा** (पुं.) बोल-भरोस, सांत्वना

**दिली** (वि.) दिलसँ संबंधित

**दिलेर** (वि.) उत्साही, साहसी, वीर

**दिलेरी** (स्त्री.) वीरता, साहस

**दिल्लगी** (स्त्री.) मखौल, उपहास, मजाक, हास परिहास

**दिल्लगीबाज** (पुं.) हास-परिहास करैक भाव/क्रिया

**दिवंगत** (वि.) स्वर्गवासी, मृत, दिवंगत

**दिवस** (पुं.) दिन, दिवस

**दिवांध** (वि.) जकरा दिनोमे नै देखापड़ैछ, दिनोन्ही

**दिवांधता** (स्त्री.) दिनमे नै देखबाक रोग

**दिवा** (स्त्री.) दिनमे, दिन

**दिवाला** (पुं.) धनाभावक ओ स्थिति जाहिमे व्यक्ति वा संस्था ऋण नहि चुकेबाक घोषणा कयने हो, दिबाला

**दिवाला निकलना/पिटना** (अ.क्रि.) बहुत घाटा होयब, दिबाला निकलब

**दिवालिया** (वि./पुं.) जिनका अपन ऋण चुकाब' लेल शेष किछु नै हो, दिबालिआ

**दिवालियापन** (पुं.) दिवालिया हेबाक भाव

**दिवाली** (दीपावली/दिवाली) (स्त्री.) दिबाड़ी, दीपावली

**दिवास्वप्न** (पुं.) दिनमे देखल सपना, दिवास्वप्न

**दिवास्वप्न देखना** (क्रि.) परम असत्य वा असंभव बात सोचब, दिवास्वप्न देखब

**दिव्य** (वि.) स्वर्गीय, अलौकिक, देवोचित, दिव्य

**दिव्य दृष्टि** (स्त्री.) अलौकिक वा आध्यात्मिक शक्तिबाला दृष्टि, दिव्यदृष्टि

**दिव्य-पुरुष** (पुं.) अलौकिक व्यक्ति, दिव्यपुरुष

**दिव्य-मूर्ति** (स्त्री.) सुमुख, अलौकिक शोभा, दिव्यमूर्ति, भव्यमूर्ति

**दिशा** (स्त्री.) क्षितिजमंडलक दिसा, दिशा, तरफ, मार्ग

**दिशा परिवर्तन** (पुं.) दिशा बदलब, मार्ग-परिवर्तन

**दिशा-भ्रम** (पुं.) दिशा बिसरि जायब, दिग्भ्रम

**दिसंबर** (पुं.) इसाइ वर्षक बारहम मास

**दिहाड़ी** (स्त्री.) दिवस, दिन, दैनिक मजदूरी, दैनिक बोनि

**दिहाड़ी मजदूर** (पुं.) एक दिनक मजूरी/बोनि, दैनिक बोनि पर खटनिहार व्यक्ति

**दीक्षांत अभिभाषण** (पुं.) दीक्षांत समारोहक मुख्य वक्ताक व्याख्यान, दीक्षांत अभिभाषण

**दीक्षांत समारोह** (पुं.) विश्वविद्यालयक उपाधि देबाक विशेष कार्यक्रम, दीक्षांत समारोह

**दीक्षा** (पुं.) धार्मिक गुरू बनाय हुनकासँ धार्मिक साधनाक मंत्र वा उपदेश लेब, दीक्षा

**दीक्षा देना** (दीक्षित करना) (स.क्रि.) कोनो धार्मिक संप्रदायमे विधिवत् प्रवेश करायब, दीक्षा देब

**दीक्षित** (वि.) जे दीक्षा पओने होथि, दीक्षित

**दीखना** (स.क्रि.) देखायब

**दीगर** (वि.) अन्य, दोसर, दिगर, आन, भिन्न

**दीठ** (स्त्री.) दृष्टि, नजरि, दिठि, आँखि

**दीदार** (पुं.) दर्शन, साक्षात्कार

**दीदार करना** (अ.क्रि.) संमुख होयब, प्रत्यक्ष करब, दर्शन करब

**दीदार होना** (अ.क्रि.) आँखिक सोझाँ होयब

**दीदी** (स्त्री.) बहिनिक संबोधन, दीदी

**दीन** (वि.) विकल, विपन्न, गरीब, दीन

**दीन ईमान** (वि.) धर्म आ नीति, नैतिकता

**दीन- दयालु** (वि.) दीन पर दया कयनिहार, गरीबक सहायक

**दीन-दुनिया** (वि.) इहलोक तथा परलोक, धर्म आ संसार

**दीन-धर्म** (वि.) धर्म आ नीति, नैतिकता

**दीनबंधु** (पुं.) दीनक रक्षक

**दीन-हीन** (वि.) गरीब, दरिद्र, दुखिया, दीन-हीन

**दीनता** (स्त्री.) निर्धनता, दरिद्रता, दीनता

**दीनार** (पुं.) एक स्वर्णमुद्रा

**दीप** (पुं.) चिराग, दिया, दीप

**दीपक** (पुं.) दिया, प्रकाशक, दीप

**दीपघर** (दीपगृह (पुं.) दीपघर, दियाघर

**दीप-दानी** (पुं.) दीपक आधार दंड, दीयठि, दीपदानी

**दीप-माला** (पुं.) दीपावली, दीप- पंक्ति, दीपमाला

**दीपवर्तिका** (स्त्री.) दीपक वाती, दीपवर्तिका

**दीप- शिखा** (पुं.) दीपक लहास, दीपशिखा

**दीपस्तंभ** (पुं.) दीपाधार, दीयठि, दीपस्तंभ

**दीपिका** (स्त्री.) छोट दीप, दीपिका

**दीप्त** (वि.) आलोकित प्रकाशित, दीप्त

**दीप्ति** (स्त्री.) चमक,प्रभा, आलोक, दीप्ति, प्रकाश

**दीप्तिमान** (वि.) चकमक, प्रभापूर्ण, दीप्तिमान

**दीमक** (स्त्री.) दिबाड़, चुट्टी जातिक एक कीड़ा

**दीमक खाया** (अ.क्रि.) दिबार खायल आ छिद्र भेल

**दीया** (पुं.) दीप, दिया

**दीर्घ** (वि.) पैघ, लम्बा, दीर्घ

**दीर्घकाय** (वि.) पैघ शरीरबाला, विशाल, दीर्घकाय

**दीर्घकाल** (पुं.) लंबा समय, दीर्घकाल

**दीर्घकालिक** (वि.) लंबा समय बाला, दीर्घकालिक

**दीर्घकालीन** (वि.) लंबा समय चल'बाला, दीर्घकालीन

**दीर्घजीवी** (वि.) दीर्घायु, दीर्घ जीवनकाल बाला, दीर्घजीवी

**दीर्घता** (वि.) दीर्घ होयबाक गुण/ भाव, दीर्घता

**दीर्घलोचन** (वि.) बड़का आँखि बाला

**दीर्घसूत्री** (वि.) मंद-मंद वा विलंबसँ कयनिहार, दीर्घसूत्री

**दीर्घ-स्वर** (पुं.) दू मात्रा बाला स्वर/अक्षर

**दीर्घा** (स्त्री.) दीर्घा, दर्शक बैसबाक स्थान

**दीर्घाकार** (वि.) विशाल, दीर्घ आकार बाला, दीर्घाकार

**दीर्घाक्षर** (पुं.) पैघ आखर, दीर्घाक्षर

**दीर्घानुभवी** (वि.) लंबा अनुभव बाला व्यक्ति

**दीर्घायु** (वि.) दीर्घ जीवनकाल बाला, दीर्घायु

**दीर्घावकाश** (पुं.) दीर्घकालिक अवकाश, बेसी समयक छुट्टी, दीर्घावकाश

**दीर्घावधि** (स्त्री/वि.) दीर्घकाल, दीर्घावधि

**दीर्घीकरण** (पुं.) विस्तार करब, दीर्घ करब

**दीवट** (स्त्री.) दीपाधार, दीयठि

**दीवान** (पुं.) राजन्यायालय, कचहरी

**दीवान-ए-आम** (पुं.) सामान्य जनक लेल दरबार

**दीवान-ए-खास** (स्त्री.) विशिष्ट जनक लेल दरबार

**दीवान-खाना** (पुं.) बैठक, कचहरीक कार्यालय

**दीवानगी** (स्त्री.) उन्मत्तता, मतवाला

**दीवाना** (पुं.) उन्मत्त, मातल

**दीवानापन** (वि.) उन्मत्तता

**दीवानी** (स्त्री.) जमीन आ टाका आदिक न्याय करयबाला न्यायालय

**दीवानी अदालत/कचहरी** (स्त्री.) न्यायालय, कचहरी, अदालत कोर्ट

**दीवानी मुकद्दमा** (पुं.) निर्णयार्थ न्यायालयमे पेश कयल गेल विवाद मोकदमा

**दीवार** (दीवाल) (स्त्री.) देबाल, भीत

**दुंदुभि** (स्त्री.) तासा, दुंदुभि, डंका, नगाड़ा

**दुःख** (पुं.) दुःख, व्यथा, तकलीफ, कष्ट, रोग

**दुःस्वप्न** (पुं.) अधलाह/अनिष्ट स्वप्न

**दुआ** (स्त्री.) प्रार्थना, याचना, आशीर्वाद, आसिख

**दुआ करना** (अ.क्रि.) प्रार्थना करब, याचना करब

**दुआ देना** (स.क्रि.) आशीर्वाद देब

**दुआ लेना** (स.क्रि.) आशीर्वाद लेब

**दुकान** (दूकान) (स्त्री.) दोकान, विक्रयशाला, पसार, लटकेनाइ

**दुकानदार** (पुं.) बनिया, दोकान चलओनिहार

**दुकानदारी** (स्त्री.) दोकानदारक व्यवसाय, वाणिज्य

**दुकेला** (वि.) दोसराइत, जे असगर नहि हो

**दुक्की** (स्त्री.) तासक दोसर फर्द जाहिमे दू चिह्न रहैत अछि

**दुखकर** (वि.) कष्टकर, दुखित करयबाला

**दुखड़ा** (पुं.) दुखनामा, अपन कष्टक कथा, दुखड़ा

**दुखद** (दुःखद) (वि.) दुख देब' बाला, कष्टकर, दुखद, कष्टदायक

**दुखद घटना** (दुःखद घटना) (स्त्री.) दुख दय बला कार्यक निष्पत्ति, दुखद घटना

**दुखदायी** (वि.) कष्टप्रद, पीडाकारक

**दुख देना** (स.क्रि.) दुख देब, सतायब, पीड़ित करब

**दुखना** (स.क्रि.) दुखब, पीड़ाक अनुभव करब, दुखाएब

**दुखमय** (वि.) दुखपूर्ण, दुखसँ भरल

**दुखांत** (वि.) जकर अंतमे दुःख हो, दुखांत

**दुखाना** (स.क्रि.) दुखायब, पीड़ा देब

**दुखित** (वि.) जकरा दुःख होय, पीड़ित, दुखित, दुखिताइ

**दुखिया** (वि./पुं.) दुखिता, दुखसँ युक्त, दुखिआ

**दुखियारा** (वि.) दुखी, पीड़ित

**दुखियारी** (वि.) दुखसँ युक्त स्त्री

**दुखी** (वि.) पीड़ित विखिन्न, दुखग्रस्त, दुखी

**दुगुना** (वि.) दोगुना, द्विगुण, दोबर, दूना

**दुग्ध** (पुं.) दूध, स्तनसँ बहरायल रस विशेष, दुग्ध

**दुग्धमापी** (पुं.) एक यन्त्र जे दूधक शुद्धताक ज्ञान करबै अछि, दुग्धमापी

**दुग्धशाला** (स्त्री.) डेरी, गोशाला

**दुतकार** (स्त्री.) तिरस्कार

**दुतकारना** (स.क्रि.) तिरस्कार करब, दुतकारब
**दुतरफा** (वि.) दू तरफसँ समान रूपसँ दुनू पक्ष वा दलमे रहनिहार, दोतरफा
**दुतल्ला** (वि.) दोतल्ला, दोमहला
**दुधमुँहा** (वि./पुं.) दुधपीबा नेना, अज्ञानी, दुधमुँहा
**दुधारू** (दुधार) (वि.) दूध देब'बाली, दुधगरि, दुधारि
**दुनाली** (वि.) दू नालबाला, दोनाला
**दुनिया** (स्त्री.) दुनिया, विश्व, जगत, संसार
**दुनियाई** (दुनियावी)(वि.) संसार संबंधी
**दुनियादारी** ( स्त्री.) सांसारिक धंधा, लौकिक व्यवहार
**दुपट्टा** (पुं.) दू पाट जोड़ि बनाओल ओढना दोपट्टा
**दुपहर** (स्त्री.) दूपहरक समय, मध्याह्न दोपहर
**दुपहरी** (दोपहरी) (स्त्री.) दोपहरिया, मध्याह्न
**दुफसला** (वि.) दू फसिल उपजयबाक योग्य, दोफसिला
**दुबकना** (अ.क्रि.) नुकायब, दुबकब, छिपब
**दुबला** (वि.) दुबर, कमजोर, कृशकाय, दुर्बल
**दुबलाना** (अ.क्रि.) दुबर होयब, दुबराएब, कृश होएब
**दुबला-पतला** (वि.) दुबर-पातर, कमजोर, कृशकाय
**दुबारा** (क्रि.वि.) दोबारा, दोहरा, दूबेर, दोसरबेर
**दुभाषिया** (पुं.) दुभखिआ, दोभाखी, एकक भाषाक अनुवाद क दोसरके बुझओनिहार, द्विभाषिक
**दुमंजिला** (दोमंजिला) (वि.) दोमंजिला, दोमहला
**दुम** (स्त्री.) नाङडि, लांगूल, पुच्छ
**दुमुँहा** (दोमुँहा) (वि.) दोमूहा, दू मुँहबाला
**दुरंगा** (दुरंगी-स्त्री) (वि.) दोरंगा, दू रङबाला, सुविधानुसार अपन रङ/सिद्धांत बदलनिहार
**दुरंगी चाल** (स्त्री.) दोरंगा चालि चलनिहार
**दुरतिक्रम** (वि.) कष्टसँ पार होयबा योग्य दुर्लंघ्य
**दुरदुराना** (स.क्रि.) दुरदुर कहि तिरस्कृत करब
**दुरभिसंधि** (स्त्री.) कुचक्र, अनिष्ट करबा हेतु गुप्त मंत्रणा वा षडयंत्र
**दुरमुट** (पुं.) सड़क पर रोड़ा आदि कँ समतल कर'बाला यंत्र विशेष
**दुरवस्था** (स्त्री.) अधलाह दशा दुःस्थिति, दुरवस्था, दुर्दशा
**दुराकृति** (वि.) अधलाह आकृति, विकट छवि, दुराकृति
**दुराग्रह** (पुं.) अनुचित आग्रह, हठ, जिद, दुराग्रह
**दुराग्रही** (वि.) अनुचित आग्रह कयनिहार, हठी, दुराग्रही
**दुराचरण** (पुं.) निषिद्ध आचरण, कदाचार, कुकृत्य, दुराचरण
**दुराचार** (पुं.) कुकृत्य, दुराचार, कुकर्म
**दुराचारी** (वि.) कदाचार कयनिहार, दुराचारी
**दुरात्मा** (वि.) अशुद्ध अन्तःकरण बाला, क्षुद्र, नीच प्रकृतिक, दुरात्मा
**दुराव** (पुं.) गोपन, नुकायब, प्रच्छन्न करब
**दुराव-छिपाव** (पुं.) नुकयबाक क्रिया, प्रच्छन्न करब
**दुराशय** (पुं.) दुर्भावना
**दुराशा** (स्त्री.) दुर्बल आधारबाला आशा, मिथ्या आशा, दुराशा
**दुरुपयोग** (पुं.) अनुचित प्रयोजनमे लगायब
**दुरुपयोग करना** (स.क्रि.) दुरुपयोग करब
**दुरुस्त** (वि.) यथावत,स्थितिमे, त्रुटि रहित, दुरुस्त
**दुरुस्ती** (स्त्री.) त्रुटि रहित, निर्दोष, मरम्मति, दुरुस्ती
**दुरुस्ती प्रमाणपत्र** (पुं.) स्वस्थ होयबाक प्रमाणपत्र
**दुरूह** (वि.) दुर्बोध, कठिनतासँ बुझबामे अयनिहार, दुरूह

**दुर्गंध** (स्त्री.) अधलाह महक, दुर्गंध

**दुर्ग** (पुं.) दुर्गम्य, कष्टसँ जा सक'बाला, किला, गढ, दुर्ग

**दुर्गति** (स्त्री.) अधलाह दशा वा परिणाम, दुर्गति, दुर्दशा

**दुर्गम** (दुर्गमनीय) (वि.) कष्टसँ जयवाक योग्य, दुर्गम, जतए पहुँचब कठिन हो

**दुर्गुण** (पुं.) अधलाह गुणबाला, दुर्गुण, दोष

**दुर्घटना** (स्त्री.) अनिष्टकारी घटना, दुर्घटना, दुःखदघटना

**दुर्घटनाग्रस्त** (वि.) असावधानीसँ भेल घटनाग्रसित/क्षतिग्रस्त, दुर्घटनाग्रस्त

**दुर्घटना स्थल** (पुं.) अनिष्टकारी घटनाक स्थल/स्थान, दुर्घटनास्थल

**दुर्जन** (पुं.) दुष्ट मनुष्य, खल, दुर्जन, दुष्ट लोक

**दुर्जनता** (स्त्री.) दुष्टता, दुर्जनता

**दुर्जेय** (दुर्जय) (वि.) कठिनतासँ जितबा योग्य

**दुर्ज्ञेय** (वि.) कठिनतासँ बुझबा योग्य, दुर्बोध

**दुर्दम** (वि.) कठिनतासँ दबयबाक योग्य

**दुर्दमता** (स्त्री.) जकर दमन दुष्कर होय

**दुर्दम्य** (दुर्दमनीय) (वि.) प्रबल,जकरा दबायब वा वशमे करब कठिन हो, दुर्दम्य

**दुर्दशा** (स्त्री.) अधलाह दशा वा परिणाम, दुर्गति, दुर्दशा

**दुर्दांत** (वि.) अपराजेय, प्रबल, दुर्दांत

**दुर्दिन** (वि.) कुदिन, कष्टक समय, दुर्दिन

**दुर्दैव** (पुं.) दुर्भाग्य, अधलाह भाग्य, दुर्दैव

**दुर्धर्ष** (वि.) अदम्य, अपराजेय, दुर्धर्ष, दुर्दम्य

**दुर्निवार** (अपरिहार्य) (वि.) जकर निवारण करब कठिन हो, दुर्निवार

**दुर्नीति** (स्त्री.) अधलाह नीति

**दुर्बल** (वि.) कम बलबाला, कमजोर, कृशकाय, दुर्बल

**दुर्बलता** (स्त्री.) कमजोरी, दुर्बलता

**दुर्बुद्धि** (स्त्री.) अनिष्टकारी बुद्धि, दुर्बुद्धि

**दुर्बोध** (वि.) गूढ, कठिनतासँ ज्ञान होब'बाला

**दुर्भर** (वि.) दुर्वह, गुरुतर, कठिनतासँ उठयबा योग्य

**दुर्भाग्य** (पुं.) बदनसीबी, अधलाह भाग्य, दुर्भाग्य

**दुर्भाव** (पुं.) अधलाह भावना, अहित कामना, दुर्भाव

**दुर्भावना** (स्त्री.) अहितकामना, दुर्भावना

**दुर्भावपूर्ण** (वि.) अधलाह भावनासँ युक्त, दुर्भावपूर्ण

**दुर्भिक्ष** (पुं.) अकाल, एहन समय जाहिमे भीखो भेटब कठिन हो, दुर्भिक्ष

**दुर्भेद्य** (वि.) अति दूढ, जकरा कठिनतासँ भेदल जाय, दुर्भेद्य

**दुर्लभ** (वि.) कठिनतासँ भेटनिहार, दुर्लभ

**दुर्लभता** (स्त्री.) दुर्लभक भाव, दुर्लभता

**दुर्लभ मुद्रा** (स्त्री.) ओ मुद्रा जकर शीघ्र आ अधिकमात्रामे अवपात (अवमूल्यन) नहि हो जेना-डालर, दुर्लभ मुद्रा

**दुर्वचन** (स्त्री.) भर्त्सना, कटु वचन, अपशब्द, गारि, दुर्वचन

**दुर्वह** (वि.) अति भारी, बेसम्हार, जकरा वहन करब वा उठायब कठिन हो, दुर्वह, असह्य

**दुर्विनियोजन** (पुं.) अधलाह विनियोग करब

**दुर्व्यवस्था** (स्त्री.) खराप व्यवस्था बिगड़ल व्यवस्था, दुर्व्यवस्था

**दुर्व्यवहार** (पुं.) अभद्र व्यवहार, दुर्व्यवहार

**दुर्व्यसन** (पुं.) कुटेब, अधलाह लति, दुर्व्यसन

**दुर्व्यसनी** (वि.) अधलाह व्यसनसँ युक्त, दुर्व्यसनी

**दुलत्ती** (स्त्री.) दोलत्ती, लथार

**दुलराना** (स.क्रि.) नेनाक दुलारसँ रूसब/बौंसब

**दुलहन** (दुलहिन) (स्त्री.) दुलहिनि, वधू, दुलहाक स्त्री, दुलहिनि

**दुलहा** (दूल्हा) (पुं.) वधूक हेतु खोजिक आनल बर, वर, दुलहा

**दुलार** (पुं.) लालन, नेनाक प्रति स्नेहजन्य व्यवहार, दुलार, वात्सल्यपूर्ण लालन

**दुलारना** (स.क्रि.) दुलार करब

**दुलारा** (वि.) जकरा बेसी दुलार कयल जाय दुलारू

**दुलारी** (वि.) स्नेहपात्रक कन्या, दुल्लड़ि

**दुविधा** (स्त्री.) दुबिधा, दू मार्गमे कोन धरू एकर अनिर्णय

**दुशाला** (पुं.) ऊनी दू तहबाला ओढना, दोशाला

**दुश्चक्र** (पुं.) ओहेन चक्कर जाहिसँ बहरायब कठिन हो

**दुश्चरित्र** (वि.) अधलाह आचरण बाला, कुकर्मी, दुश्चरित्र

**दुश्चिंता** (स्त्री.) अधलाह चिंता

**दुश्मन** (पुं.) वैरी, शत्रु, अपकारी

**दुश्मनी** (स्त्री.) शत्रुता

**दुश्वार** (वि.) कठिन

**दुष्कर** (वि.) कठिनतासँ करयबाला, दुष्कर, कष्टसाध्य

**दुष्कर्म** (पुं.) अधलाह कर्म, दुष्कर्म

**दुष्कर्मी** (वि.) अधलाह कर्म करयबाला, दुष्कर्मी

**दुष्कृत्य** (पुं.) पाप, नीच कर्म, दुष्कृत्य

**दुष्ट** (वि.) दोषसँ युक्त, अहित भावनासँ काज कयनिहार, बदमास, खल, दुर्जन, दुष्ट

**दुष्टता** (स्त्री.) दुर्जनता, दुष्टक आचरण, दुष्टता

**दुष्टबुद्धि** (वि.) दोसरक अहितक भावनासँ युक्त बुद्धिबाला, दुर्बुद्धि, दुष्टबुद्धि

**दुष्टात्मा** (वि.) दुष्टतापूर्ण हृदयबाला, दुष्टात्मा

**दुष्प्रयोग** (पुं.) दुरुपयोग, अनुचित प्रयोग करब, दुष्प्रयोग

**दुष्प्रवृत्ति** (स्त्री.) अधलाह प्रवृत्ति, दुष्प्रवृत्ति

**दुष्प्राप्य** (वि.) कठिनतासँ भेटनिहार, दुष्प्राप्य

**दुस्सह** (वि.) कठिनतासँ सहबाक योग्य, असह्य, दुसह, असह्य

**दुस्साहस** (पुं.) असंभव कार्यक लेल कयलगेल साहस, दुस्साहस

**दुस्साहसी** (वि.) असंभव कार्यक साहस कयनिहार, दुस्साहसी

**दुस्तर** (वि.) कठिनतासँ पार पयबा योग्य, दुस्तर

**दुहना** (स.क्रि.) दुहब, स्तनसँ दूध गारब

**दुहरा** (वि.) द्विगुण, दोबर, दोहरा दू तहबाला

**दुहराना** (स.क्रि.) दोहराएब, द्वितीय बेर होयब या करब

**दुहाई देना** (अ.क्रि.) दोहाइ देब, कष्टसँ उबारबाक हेतु आर्त पुकार

**दुहिता** (स्त्री.) बेटी, दुहिता

**दूजा** (स्त्री.) दोसर, द्वितीय

**दूज** (स्त्री.) पक्षक द्वितीया तिथि

**दूत** (पुं.) संदेशवाहक प्रतिनिधि वा भृत्य, दूत

**दूतावास** (पुं.) दूतावास, राजदूतक रहबाक स्थान या कार्यालय, दूतावास

**दूती** (स्त्री.) संदेशवाहिका स्त्री, दूती, दूतिका

**दूध** (पुं.) दुग्ध, दूध

**दूधवाला** (पुं.) ग्वाला, दूधक विक्रय करयबाला, गुआर

**दूधिया** (वि.) 1. दूधसँ युक्त, दूधिआ 2 पाथर विशेष

**दूना** (दुगुना) (वि.) दूबर, द्विगुण, दोबर

**दूब** (स्त्री.) दूबि, दूर्वा, घास विशेष पूजन आदिमे प्रयोग होब'बाला, दूभि

**दूभर** (वि.) कठिनतासँ उठयबा योग्य भारी, दुर्वह

**दूरंदेश** (वि.) दूरदर्शी यंत्र टेलिस्कोप

**दूरंदेशी** (स्त्री.) दूरदर्शिता दूरतक देखनिहार

**दूर** (क्रि.वि.) दैशिक वा कालिक अंतराल पर

**दूरगामी** (वि.) दूर धरि गेनिहार, चिरस्थायी

**दूरदर्शक** (पुं.) यंत्र विशेष जाहिसँ दूरस्थ वस्तु निकटस्थ जेकाँ प्रत्यक्ष देखाइ टेलिस्कोप

**दूरदर्शन** (पुं.) दूरदर्शन, टेलीभिजन

**दूरदर्शिता** (स्त्री.) भविष्यकँ देखैत कोनो काज वा निर्णय करबाक प्रज्ञा, दूरदर्शिता

**दूरदर्शी** (वि.) दूरपर्यंत देखनिहार, टेलिस्कोप, दूरदर्शी

**दूरदृष्टि** (स्त्री.) प्रज्ञा विशेष जाहिसँ भविष्य देखैत निर्णय करबाक क्षमता हो, दूरदर्शिता, दूरदृष्टि

**दूरबीन** (स्त्री.) दूर धरि देखयबाला यंत्र विशेष, दूरदर्शक यंत्र, दूरबीन, दूरवीक्षण यंत्र

**दूरभाष** (पुं.) यंत्र विशेष जाहिसँ दूरमे बैसल व्यक्ति परस्पर गप करैत छथि, टेलीफोन, दूरभाष, मोबाइल फोन, चलदूरवाणी

**दूरमुद्रक** (पुं.) विद्युत माध्यमसँ अंकित सूचनाक तीव्रगतिसँ दूर पठबयबाला यंत्र, टेलिप्रिन्टर

**दूरमुद्रण** (पुं.) दूरमुद्रक यंत्र, टेलिप्रिन्टिंग

**दूरवर्ती** (वि.) दूर पर स्थित, अंतराल पर स्थित, दूरवर्ती

**दूरवाणी** (स्त्री.) दूरक स्वर, दूरवाणी

**दूरवीक्षण** (पुं.) दूरतक देखयबाला यंत्र टेलिस्कोप, दूरवीक्षण, दुरबीन

**दूर संचार** (पुं.) दूर संचार

**दूरस्थ** (वि.) दूर देशमे अवस्थित, दूरस्थ

**दूरस्थ शिक्षा** (स्त्री.) दूरस्थ शिक्षा

**दूरी** (स्त्री.) दूरत्व, अंतराल, दूरी

**दूल्हा** (दुलहा) (पुं.) कन्या विवाह हेतु खोजल बर पति, वर, दुलहा

**दूषित** (पुं.) दोष युक्त, दूषित

**दूसरा** (वि.) दोसर, अन्य

**दूहना** (दे.दुहना) (स.क्रि.) दुहब, स्तनसँ दूध गारब

**दृढ** (वि.) अविचल, ठोस, अटल, दृढ

**दृढता** (स्त्री.) दृढ होयबाक गुण अवस्था भाव, दृढता

**दृढनिश्चय** (पुं.) अपन निर्णय पर अटल रहब, दृढनिश्चय

**दृढप्रतिज्ञ** (वि.) अपन प्रतिज्ञा पर अटल रहनाइ, दृढप्रतिज्ञा

**दृढमति** (स्त्री.) अपन विचार पर अटल रहब, दृढमति

**दृढमैत्री** (स्त्री.) अटूटमैत्री, दृढमैत्री, प्रगाढमित्रता

**दृढ रहना** (अ.क्रि.) अविचल रहब, दृढ रहब

**दृढविश्वास** (पुं.) अटल विश्वास, दृढविश्वास

**दृढ संकल्प** (वि.) अपन संकल्प पर अटल रहब, दृढ संकल्प

**दृढीकरण** (पुं.) अविचल करब, दृढीकरण

**दृश्य** (पुं.) दृष्टिगोचर, देखबाक योग्य, दृश्य

**दृश्यता** (स्त्री.) दृष्टिगोचरता, दृश्यता

**दृश्य योजना** (स्त्री.) परिदृश्य, दृश्य विधान

**दृश्य-श्रव्य** (पुं.) देखब सुनब

**दृश्यावली** (स्त्री.) प्राकृतिक दृश्य

**दृष्टांत** (पुं.) उदाहरण दृष्टांत

**दृष्टि** (स्त्री.) देखनाइ, अवलोकन, नजरि, आँखि, दृष्टि

**दृष्टिकोण** (पुं.) देखबाक पार्श्व, अवलोकनक वा विवेचनक पक्षविशेष, दृष्टिकोण

**दृष्टिगत** (वि.) आँखिक सामने उपस्थित, दृष्टिगत

**दृष्टिगोचर** (वि.) चाक्षुष प्रत्यक्ष योग्य दृश्य, दृष्टिगोचर

**दृष्टि डालना** (स.क्रि.) नजरि देब, दृष्टिपात

**दृष्टि पटल** (पुं.) आँखिक डिमहाक पाछु भाग रेटिना, दृष्टि पटल

**दृष्टिपथ** (पुं.) आँखिक सामने, दृष्टिपथ

**दृष्टिपात** (पुं.) नजरि देब, दृष्टिक्षेप, दृष्टिपात

**दृष्टिभ्रम** (पुं.) देखबामे असावधानीक कारणेँ भेल भ्रम, दृष्टिभ्रम

**दृष्टिरोग** (पुं.) आँखिक व्याधि, दृष्टिरोग

**दृष्टिहीन** (वि.) आन्हर, बिना आँखिक व्यक्ति, दृष्टिहीन

**देखना** (स.क्रि.) देखब, ताकब, निहारब

**देखभाल** (पुं.) बढियाँसँ देखबाक भाव देख-सुन करब, देखभाल

**देखरेख** (स्त्री.) निरीक्षण, पर्यवेक्षण

**देखादेखी** (स्त्री.) देखाउसी, देखसी, अनुकरण, देखादेखी

**देगची** (स्त्री.) डेगची, भात बनेबाक तसली

**देन** (स्त्री.) दातव्य धन, देन

**देनदार** (पुं.) कोनो धन चुकयबाक हेतु दायी, ऋण धारक

**देनदारी** (स्त्री.) दायी होयबाक भाव

**देन-लेन** (लेन-देन) (पुं.) देनाइ आ लेनाइ, आदान-प्रदान, लेन-देन

**देना** (स.क्रि.) देब, आनक स्वामित्व वा नियंत्रणमे करब

**देय** (वि.) देबाक योग्य, दातव्य, देय

**देयता** (स्त्री.) दातव्यक भाव, देयता

**देय राशि** (स्त्री.) देबाक योग्य धन, देयराशि

**देर** (स्त्री.) विलंब, अतिकाल, देरी, देरि

**देर-सबेर** (क्रि.वि.) देरीसँ वा विलंबसँ, अंततः, देर-सबेर

**देरी** (देर) (स्त्री.) विलंब, अतिकाल, देरी, देरि

**देव** (देवता) (पुं.) दिव्यशक्ति संपन्न अमर प्राणी जे स्वर्गमे रहैत छथि, सुर, देव, देवता

**देवगण** (पुं.) सुर समूह, देवगण

**देवगृह** (पुं.) देवताक गृह, गोसाउनिक घर मंदिर, देवगृह

**देवता** (पुं.) देव, सुर, देवता

**देवत्व** (पुं.) देवता होयबाक अवस्था/भाव, देवत्व

**देवदारु** (देवदार) (पुं.) फरहद, वृक्षविशेष, अशोक, देवदारु

**देवदासी** (स्त्री.) ओ अविवाहित कन्या जे जीवन भरि मंदिरक सेवा करथि आ बादमे मंदिरक नर्तकी होइत छथि, देवदासी

**देवदूत** (पुं.) ईश्वरक दूत, देवदूत

**देवनागरी** (स्त्री.) भारतक प्रमुख लिपि जाहिमे संस्कृत आदि भाषा लिखल जाइत अछि, देवनागरी

**देवप्रतिमा** (देव मूर्ति) (पुं.) देवताक मूर्ति, देवप्रतिमा

**देवभाषा** (स्त्री.) संस्कृतभाषा, देवभाषा

**देवयान** (पुं.) ओ मार्ग जाहिसँ जीवात्मा शरीर छोड़ि ब्रहमलोक जाय छथि, देवयान

**देवस्थान** (पुं.) देवताक वासस्थल, मंदिर, देवस्थान

**देवर** (पुं.) देओर, पतिक छोट भाय, दीयर

**देवरानी** (स्त्री.) देयादिनी, देओरक वा भैसुरक स्त्री, देवरानी

**देवर्षी** (पुं.) देवतुल्य ऋषि, देवर्षि

**देवलोक** (पुं.) स्वर्ग, देवलोक

**देववाणी** (स्त्री.) संस्कृत भाषा, देववाणी

**देवांगना** (स्त्री.) देवताक स्त्री/अप्सरा, देवांगना

**देवालय** (पुं.) मंदिर, देवालय

**देवी** (स्त्री.) देवताक स्त्री/ परमात्माक शक्ति, देवी

**देश** (पुं.) जगह, स्थान, देश

**देश-काल** (पुं.) स्थान आ समय, देश-काल

**देशज** (वि.) देशमे उत्पन्न, देशज

**देशत्याग** (पुं.) देश छोड़ब, देशत्याग

**देशद्रोही** (वि.) देशसँ विश्वासघात करब, देशद्रोही

**देश-देशांतर** (पुं.) देश आ परदेस, देश-देशांतर

**देशनिकाला** (देश निष्कासन) (पुं.) देशसँ निर्वासनक क्रिया, देश निष्कासन

**देश प्रत्यावर्तन** (पुं.) देश लौटबाक क्रिया, देश प्रत्यावर्तन, देश घुरिक' आएब

**देशप्रेम** (पु/स्त्री.) राष्ट्रसँ भक्ति, देशप्रेम

**देशप्रेमी** (वि.) देशसँ प्रेम कयनिहार, देशप्रेमी

**देशभक्त** (पुं.) देशसँ भक्ति कयनिहार, देशभक्त

**देशभक्ति** (स्त्री.) देश प्रेमक भाव, देशभक्ति

**देशभाषा** (पुं.) देशविशेषक भाषा वोली, देशभाषा

**देशवासी** (वि.) देशमे रहनिहार, देशवासी

**देश-विदेश** (पुं.) देश आ विदेश, देश-विदेश

**देश-विभाजन** (पुं.) देशक विभाजन, देश-विभाजन

**देशांतर** (पुं.) परदेस, आन देश, देशांतर

**देशाटन** (पुं.) देश- विदेश घुमब, पर्यटन, देशाटन

**देशी** (देशीय) (वि.) अपन देशक, देशी

**देशीयकरण** (पुं.) विदेशी व्यक्तिकेँ नागरिकता देब

**देस** (देश)(पुं.) देश, राष्ट्र, जगह, स्थान, देस

**देसी** (वि.) अपन देसक, देसी

**देह** (स्त्री.) शरीर, काय, जीवन, देह

**देह छोड़ना** (अ.क्रि.) शरीर त्याग करब देह छोड़ब, देहत्याग

**देह त्याग** (पुं.) प्राण त्याग करब, देहत्याग

**देहधारी** (वि/पुं.) शरीरधारी शरीरी, देहधारी

**देहरी** (देहली) (स्त्री.) घरमे पैसबाक द्वार, चौकठि, देहरि, द्वार

**देहांत** (पुं.) मृत्यु, देहांत, देहत्याग, देहावसान

**देहाकृति** (स्त्री.) शरीरक आकृति, देहाकृति

**देहात** (पुं.) ग्रामीण क्षेत्र, नगरसँ भिन्न, देहात

**देहाती** (वि/पुं.) देहातमे रहनिहार, देहाती

**देहावसान** (पुं.) मृत्यु, देहावसान, देहांत, देहत्याग

**दैत्य** (पुं.) दितिक संतान, असुर, दैत्य

**दैत्याकार** (वि.) दानवाकार, दैत्याकार

**दैदीप्यमान** (वि.) चकमक, देदीप्यमान

**दैनंदिन** (वि.) प्रतिदिन भेनिहार नित्य होयबला, दैनंदिन

**दैनंदिनी** (दैनिकी) (स्त्री.) नित्यक, दैनिकी, दैनंदिनी

**दैनिक** (वि.) दिनक, दिनसँ संबद्ध, दैनिक

**दैनिक पत्र** (वि.) प्रतिदिनक पत्र, दैनिक पत्र

**दैनिक भत्ता** (पुं.) प्रतिदिनक अतिरिक्त देय राशि (भत्ता) , दैनिक भत्ता

**दैनिक मजदूरी** (स्त्री.) (दिहाड़ी) प्रतिदिनक वेतनमान, दिहाड़ी, दैनिक मजदूरी

**दैनिकी** (स्त्री.) प्रतिदिनक कार्यक्रम वा कार्य विवरण, दैनिकी

**दैन्य** (पुं.) दीनता, कातरता, आत्मलघुताक बोध, दैन्य

**दैव** (वि.) भाग्य, देवताक द्वारा निर्धारित नियति, अदिष्ट, पूर्वजन्मार्जित शुभाशुभ कर्मफल, दैव

**दैवयोग** (स./पुं.) संयोग, आकस्मिक घटना, अनुकूल अवसर, दैवयोग

**दैवी** (वि.) दैवकृत भाग्यवश भेनिहार, दैवी

**दैहिक** (वि.) देहजन्य, शारीरिक, देहसंबन्धी, दैहिक

**दो** (वि.) एकसँ एक अधिक, 2, संख्याक दोसर अंक, दुइ

**दोआब** (पुं.) दू नदीक बीचक भूमि, द्वीप

**दोगला** (वि.) वर्णसंकर, परपुरुषसँ जनमाओल संतान, दोगला

**दोगुना** (दुगुना)(वि.) द्विगुण, दोबर, दूना, दुगुना

**दोजख** (पुं.) इसलाम धर्ममे नरक

**दोतरफा** (दुतरफा) (वि.) दू तरफसँ, समान रूपसँ दुनु पक्ष वा दलमे रहनिहार, दुतरफा

**दोतल्ला** (दुतल्ला) (वि.) दू महल वा मंजिल-बाला (कोठा)

**दोना** (पुं.) पुटक, पूड़ा, दओना

**दोनों** (सर्व/वि.) दुनू, उभय

**दोपहर** (दुपहर) (स्त्री.) दू पहरक समय, मध्याह्न, दुपहर

**दोफसली** (वि.) दू फसिल उपजाबयबाला खेत, दोफसली

**दोबारा** (दुबारा)(क्रि.वि.) दूबेर, दोहराक', दुबारा

**दोभाषिया** (दुभाषिया) (पुं.) भाषान्तर कयनिहार, एक भाषाक दोसर भाषामे कहनिहार, दोभाखी, दोभषिआ, द्विभाषिक

**दोमंजिला** (दुमंजिला) (वि.) दू मंजिलबाला घर, दोतल्ला, दोमंजिला, दोमहला

**दोमुहाँ** (वि.) दू मुहबाला, दू व्यक्तिसँ दू तरहक गप कहनिहार वंचक, दोमुहाँ

**दोयम** (वि.) मध्यम श्रेणीक, द्वितीय

**दोरंगा** (वि.) दू रङबाला, सुविधानुसार अपन रङ वा सिद्धान्त बदलनिहार

**दोलन** (पुं./अ.क्रि.) डोलब, विपरीत दिशामे हिलब, काँपब

**दोलायमान** (वि.) झूलब, दोला जकाँ झूलब

**दोष** (पुं.) अवगुण, त्रुटि, अपराध, दोष

**दोषकारी** (पुं.) अनिष्टकर, त्रुटिपूर्ण, दोषकारी

**दोषदृष्टि** (पुं.) अवगुण देखब, दोषदृष्टि

**दोष देना** (अ.क्रि.) दोष देब

**दोषपत्र (आरोप पत्र)** (पुं.) ओ पत्र जाहिमे अपराधीक अपराध अंकित हो, आरोप पत्र, दोषपत्र

**दोषपूर्ण** (वि.) त्रुटिपूर्ण, अवगुणसँ युक्त, दोषपूर्ण

**दोष मढना** (अ.क्रि.) दोष लगायब, दोष मढब

**दोषमुक्त** (वि.) दोषरहित, अपराधमुक्त न्यायालय आदिमे अपराध मुक्त करब, दोषमुक्त

**दोषमुक्त करना** (स.क्रि.) अपराधसँ मुक्त करब, दोषमुक्त करब

**दोषमुक्ति** (स्त्री.) अपराध मुक्त होयब, दोषमुक्ति

**दोषयुक्त** (वि.) त्रुटिपूर्ण, अवगुण युक्त, दोषयुक्त

**दोषरहित** (वि.) दोषमुक्त, अवगुण रहित, दोषरहित

**दोषसुधार** (पुं.) त्रुटिक सुधार करब, दोषसुधार

**दोषारोपण** (पुं.) दोष लगायब, दोषारोपण

**दोषी** (वि.) अपराधी, कसुरदार, दोषी

**दोस्त** (पुं.) मित्र, बन्धु, दोस्त, दोस

**दोस्ताना** (वि.) मैत्री, मित्रताक व्यवहार

**दोस्ती** (स्त्री.) मित्रता, सौहार्द, दोस्ती

**दोहन** (पुं.) दुहब, स्तनसँ दूध गाड़ब, शोषण, दोहन

**दोहरा** (दुहरा) (वि.) दोबर, द्विगुण, दू तहबाला दोहरा

**दोहराना** (स.क्रि.) दोहरायब, दोसर बेर होयब

**दोहरी ड्यूटी** (स्त्री.) दोसरो कार्य करब

**दोहरी सदस्यता** (स्त्री.) दू जगहक संगठनक सदस्यता लेब

**दोहा** (पुं.) दू चरणबाला एक छंद जाहिमे प्रति चरण 13+11 भाग होइत छैक, दोहा

**दौड़** (स्त्री.) दौड़नाइ, धावन, दौड़

**दौड़-धूप** (स्त्री.) दौड़ब ओ धुपायब अर्थात देहमे रौद लगायब, दौड़-धूप

**दौड़ना** (अ.क्रि.) दौड़ब, दौगब तीव्र गतिसँ चलब

**दौड़पथ** (पुं.) दौड़य बाला, बाट, सड़क, दौड़पथ

**दौड़ाना** (स.क्रि.) दौड़ायब, दौड़बामे प्रवृत्त करब

**दौर** (पुं.) समयक फेरी, चक्कर, भाउरि, फेरी

**दौरा कार्यक्रम** (पुं.) भ्रमणक कार्यक्रम

**दौरान** (क्रि.वि.) चक्र, क्रम, समयक फेरी

**दौर्बल्य** (पुं.) दुर्बलता, कमजोरी, दौर्बल्य

**दौलत** (स्त्री.) संपत्ति धन, दौलत

**दौलतखाना** (पुं.) वासस्थल, दौलतखाना

**दौलतमंद** (वि.) धनाढय, धनवान, दौलतमंद

**दौहित्र** (पुं.) बेटीक बेटा, नाती, दौहित्र

**दौहित्री** (स्त्री.) बेटीक बेटी, नातिनि, दौहित्री

**द्युति** (स्त्री.) चमक, तेज, द्युति

**द्युतिमान** (वि.) चमकसँ युक्त, प्रभा युक्त, द्युतिमान

**द्यूतक्रीड़ा** (स्त्री.) जूआक खेल, द्यूतक्रीड़ा

**द्योतक** (वि.) प्रकाश करयबाला, प्रकाशक, सूचक, द्योतक

**द्योतन** (पुं.) प्रकाशन, प्रकाशक, द्योतन

**द्योतित होना** (अ.क्रि.) प्रकाशित होयब व्यंजित होयब, द्योतित होयब

**द्रव** (वि./पुं.) गलल अवस्थाक कोनो पदार्थ जलादि, द्रव

**द्रवक** (वि.) पिघलओनिहार, गलओनिहार, द्रावक

**द्रवचालित** (पुं.) यंत्र विशेष जे द्रवक दाबसँ चलैत अछि, हाइड्रॅलिक

**द्रवण** (पुं.) गलनक क्रिया, द्रवण

**द्रवणांक** (पुं.) तापक ओ उचित मात्रा जाहिसँ ठोसद्रव गलैत अछि, द्रवणांक

**द्रवाहार** (द्रव आहार) (पुं.) पेयपदार्थक आहार

**द्रवित** (द्रवीभूत) (वि.) पिघलाओल, गलाओल, द्रवित

**द्रवित गैस** (स्त्री.) पिघलल गैस

**द्रवीभूत** (दे.द्रवित) (वि.) गलाओल, द्रवित, द्रवीभूत

**द्रव्य** (पुं.) पदार्थ, वस्तु, द्रव्य

**द्रव्यमान** (पुं.) द्रव्यमान, द्रवमान

**द्रव्यवान** (वि.) द्रव्यबाला, धनीक

**द्रव्यार्जन** (पुं.) धन कमायब, धनोपार्जन, द्रव्यार्जन

**द्रष्टव्य** (वि.) देखबाक योग्य, दर्शनीय, ध्यातव्य, द्रष्टव्य

**द्रष्टा** (पुं.) देखनिहार, साक्षी, तत्त्वदर्शी, द्रष्टा

**द्राक्षा** (स्त्री.) अंगूर फलविशेष, द्राक्षा, दाख

**द्रुतगामी** (वि.) तीव्रगामी, तेज चलनिहार, द्रुतगामी

**द्रुत रेलगाड़ी** (स्त्री.) तीव्रगामी रेलगाड़ी, एक्सप्रेस ट्रेन

**द्रुति** (स्त्री.) द्रवण, पिघलब, द्रुति

**द्रुम** (पुं.) वृक्ष, गाछ, द्रुम

**द्रोणी** (स्त्री.) डोँगी, नाओ कुंड, हौज, द्रोणी

**द्रोह** (पुं.) आनक अधलाहक कामना, हिंसाक भावना, द्रोह

**द्रोही** (वि.) द्रोह कयनिहार, वैरी, द्वेषी, द्रोही

**द्वंद्व** (पुं.) दूक समूह, जोड़ा, युगल, द्वंद्व

**द्वंद्व युद्ध** (पुं.) दू व्यक्तिक परस्पर लड़ाइ वा कुस्ती, द्वंद्व युद्ध

**द्वंद्वात्मक** (वि.) द्वंद्वसंबन्ध विचार वा भावना, द्वंद्वात्मक

**द्वंद्वी** (वि.) परस्पर विरोधी, वैरी, द्वंद्वी

**द्वय** (वि.) दूक समूह, जोड़ा, द्वय

**द्वादश** (वि.) बारह, 12, द्वादश

**द्वादशी** (स्त्री.) पूर्णिमा वा अमावस्याक बाद बारहम तिथि देहरी, फाटक, द्वादशी

**द्वारपाल** (पुं.) द्वारपर प्रवेश आ निर्गमक नियंत्रणार्थ नियुक्त सेवक, द्वार-रक्षक, द्वारपाल

**द्वार-मंडप** (पुं.) डेओढी, द्वार- मंडप

**द्वारा** (अव्य) मारफत, माध्यमसँ, सहायतासँ, द्वारा

**द्वि** (वि.) दू, द्वि

**द्विगुण** (वि.) दूबर, दूना, द्विगुण

**द्विगुणित** (वि.) दोबरायल, द्विगुणित

**द्विज** (वि.) दूबेर जनमल, ब्राह्मण, द्विज

**द्वितीय** (वि.) दोसर, दोसराइत, सहायक, द्वितीय

**द्वितीयक** (वि.) दोसर, द्वितीयक

**द्वितीय श्रेणी** (स्त्री.) दोसर श्रेणी, द्वितीय श्रेणी

**द्वितीया** (स्त्री.) चान्द्रमासक दोसर तिथि, द्वितीया

**द्वित्य** (पुं.) दूसँ संबंधित, द्वित्य

**द्विदलीय** (वि.) दू दल बाला, द्विदलीय

**द्विपक्षीय** (वि.) दूनू पक्ष बाला दोतरफा, द्विपक्षीय

**द्विभाजक** (वि./पुं.) दू संख्यासँ भाजित करयबाला, द्विभाजक

**द्विभाषिक** (वि.) दोभाषिक, द्विभाषिक, दोभखिआ

**द्विमासिक** (द्वैमासिक) (वि.सं.) दू माससँ संबंधित, द्विमासिक

**द्विभाजन** (पुं.) दूसँ भाजित होयबाला

**द्विभाषी** (वि.) दोभाषी, दोभाखी, द्विभाषी

**द्विरुक्ति** (स्त्री.) दू बेर कहब, दोहरायब, पुनुरुक्ति, द्विरुक्ति

**द्विलिंगी** (वि.) उभयलिंगी

**द्विवार्षिक** (द्वैवार्षिक) (वि.) दोसाला, दू वर्षसँ संबंधित

**द्विविम** (वि.) दूमापक व्यक्ति

**द्विविवाह** (पुं.) दोसर विवाह, विवाहद्वय

**द्वीप** (पुं.) जलसँ घेरल बीचक भूमि, टापू, द्वीप

**द्वीप समूह** (पुं,) द्वीपक समूह, द्वीप समूह

**द्वेष** (पुं.) विरोध वा शत्रुताक कारण ककरो हानि करक भाव वैर-भाव, द्वेष, घृणा

**द्वेषपूर्ण** (वि.) द्वेषयुक्त, वैरयुक्त भाव

**द्वै** (वि.) दू

**द्वैत** (पुं.) दू होयबाक भाव

**द्वैतवाद** (पुं.) जीव आ ईश्वरमे भेद मान'बाला दार्शनिक सिद्धांत

**द्वैतवादी** (पुं.) भेदवादी, द्वैतवादक समर्थक

**द्वैध** (पुं.) दू प्रकारसँ होयबाक भाव, वैमत्य, द्वैध

**द्वैध शासन** (पुं.) एक देशमे दू प्रकारक स्वतंत्रशासन

**द्वैभाषिक** (वि.) दूभाषामे लिख/पढक गुण

**द्वैमासिक** (वि.) दू मासमे एक बेर होब'बला

# ध

**धंधा** (पुं.) पेशा, वृत्ति, कर्म, व्यवसाय, धंधा

**धँसना** (अ.क्रि.) धँसब

**धँसान** (स्त्री.) धसान, धसबाक क्रिया

**धँसाना** (स्त्री.) धसायब, धसाएब

**धक** (स्त्री.) हृदयक गतिजन्य ध्वनि

**धकधकाहट** (स्त्री.) हृदयक धड़कन, धड़कब

**धकधकी** (धुकधुकी) (स्त्री.) धकधकायब, आशंका, धुकधुकी

**धकपेल** (स्त्री.) धक्कम-धक्का करब

**धकाधक** (अव्य) स्पंदन करब

**धकियाना** (स.क्रि.) धकिआयब, धक्का दय ठेलब, धक्का मारि कात करब

**धकेल देना** (स. क्रि.) धकेलब

**धकेलना** (स.क्रि.) धकेल देब, धकेलब

**धक्कमधक्का** (पुं.) परस्पर धक्का लगायब, धक्कामुक्की

**धक्का** (पुं.) आघात, संघट्ट, वस्तुक विस्थापित करब, धक्का

**धक्कामुक्की** (स्त्री.) भीड़मे अपना लेल जगह बनेवाक क्रिया

**धचका** (पुं.) ठेलबाक क्रिया

**धज्जियाँ उड़ाना** (स.क्रि.) अपमानित करब, टुकड़ी करब, धज्जी उड़ाएब

**धड़** (पुं.) अंग रहित शरीर, काय, धड़

**धड़क** (स्त्री.) हृदयक स्पंदन, धड़क

**धड़कन** (स्त्री.) हृदयक स्पंदन, धड़कन

**धड़कना** (अ.क्रि.) हृदय स्पंदनक क्रिया, धड़कब

**धड़का** (पुं.) धड़-धड़क ध्वनि

**धड़धड़ाना** (अ.क्रि.) धड़धड़ायब, धड़कब

**धड़ल्ले-से** (क्रि.वि.) निःसंकोच भावसँ, वेगपूर्वक

**धड़ा** (पुं.) तौल, वजन

**धड़ाका** (पुं.) आकस्मिक जोरसँ खसबाक ध्वनि

**धड़ाधड़** (क्रि.वि.) झटपट, शीघ्रतापूर्वक, धड़ाधड़

**धड़ाम** (पुं.) वेगपूर्वक खसबाक ध्वनि, धड़ाम

**धतूरा** (पुं.) धुथूर, फलविशेष जे मादक होइत अछि, धतूर

**धधक** (स्त्री.) धधकब, प्रज्वलित

**धधकना** (अ.क्रि.) धधकब, प्रज्वलित होएब

**धन** (पुं.) ऐहिक सुख-साधनक भूमि, धातु आदिक संपत्ति, धन, विभव

**धनकुबेर** (पुं.) धनाढ्य व्यक्ति

**धनदंड** (पुं.) आर्थिक दंड

**धन दौलत** (स्त्री.) धन- संपत्ति, मूल्यवान वस्तु

**धन-धान्य** (पुं.) धन आ अन्न

**धनराशि** (स्त्री.) धनक ढेरी

**धनलोभ** (पुं.) धनक लोभ

**धनवान** (वि.) धनसँ परिपूर्ण व्यक्ति, धनपति

**धनवापसी** (स्त्री.) धन-आपसी, धनघुमती, अधिक धन चलि गेला पर घुमाओल जे धन

**धन विधेयक** (पुं.) संसद विधानसभा आदिमे चलाओल ओ विधेयक जाहिसँ राज्यक आमदनी आ अन्य धन संबंधी माँग स्वीकृत कराओल जायत अछि

**धनसंचय** (पुं.) धनसंग्रह, धन जमा करब

**धनहीन** (वि.) दरिद्र, धनरहित, धनहीन

**धनाढ्य** (वि.) धनसँ समृदध, धनवान, धनाढ्य, संपत्तिशाली

**धनात्मक** (वि.) धनात्मक

**धनादेश** (पुं.) धनादेश

**धनिक** (वि.) संपत्तिशाली, धनिक, धनवान

**धनिया** (पुं.) धन्नी, धनियाँ, एक प्रसिद्ध मसाला

**धनी** (वि.) धनबाला, धनिक, संपत्तिशाली

**धनी-मानी** (वि.) धनवान आ प्रतिष्ठित

**धनु** (पुं. ) 1. धनुष, कमान 2. ज्योतिषमे मेषसँ नवम राशि

**धनुर्धर** (वि/पुं.) धनुष चलयबामे प्रवीण, धनुर्धर

**धनुर्धारी** (वि/पुं.) धनुष धारण करयबाला, धनुर्धारी

**धनुर्विद्या** (स्त्री.) तीर धनुष चलयबाक विद्या, धनुर्विदया

**धनुष** (पुं.) धनुख, कमान, धनुष

**धन्य** (वि.) प्रशंसनीय, उत्कृष्ट, साधुवादक पात्र

**धन्यवाद** (पुं.) साधुवाद, बधाइ

**धन्यवाद प्रस्ताव** (पुं.) धन्यवाद प्रस्ताव

**धब्बा** (पुं.) दाग, कालिमा, चेन्ह, लांछन, कलंक

**धमक** (स्त्री.) धम-धम शब्द, धमक

**धमकाना** (अ,क्रि.) धमकायब

**धमकी** (स्त्री.) डर देखायब, धमकी, तर्जन

**धमधमाहट** (स्त्री.) धमधमायब, धमधमक ध्वनि

**धमन भट्ठी** (स्त्री.) धातु आदिक गलयबाक भट्ठी

**धमनी** (स्त्री.) नाड़ी, शरीरक भीतर रक्तवाहिनी नाड़ी, विशेषतः ओ हृदय तक रक्त वहन करय

**धमाका** (पुं.) विस्फोट, धमाका

**धमा- चौकड़ी** (स्त्री.) धमगज्जरि

**धरती** (स्त्री.) पृथिवी, भूतल, धरती, धरातल

**धरना** (स.क्रि.) धरब, पकड़ब, धरना

**धर-पकड़** (स्त्री.) धरब आ पकड़ब

**धरम** (धर्म) (पुं.) शास्त्रक विहित कर्म, कर्तव्य धर्म

**धरा** (स्त्री.) पृथिवी, भूतल, धरा, धरती

**धरातल** (पुं.) पृथिवी, पृथिवीक पृष्ठभाग, भूतल

**धराशायी** (वि.) भूतल पर खसल, खसल

**धरित्री** (स्त्री.) पृथिवी, भूतल, धरा, धरती

**धरोहर** (स्त्री.) रक्षार्थ जिम्मा लगाओल वस्तु, धरोहर

**धर्मकाँटा** (पुं.) उचित जोख

**धर्मखाता** (पुं.) धर्मार्थ दान करब

**धर्मगुरु** (पुं.) धार्मिक मंत्र देनिहार गुरू

**धर्मग्रंथ** (पुं.) कोनो धार्मिक सम्प्रदायक आधार ग्रंथ जेना वेद, कुरान, बाइबिल आदि, धर्मग्रंथ

**धर्मज्ञ** (वि.) जकरा धर्मक स्वरूपक ज्ञान हो, धर्मविद्, धर्मज्ञ

**धर्मदर्शन** (पुं.) धर्मविशेषक दर्शनशास्त्र, धर्मशास्त्र, धर्मदर्शन

**धर्मनिरपेक्ष** (वि.) धार्मिक पक्षपातसँ रहित, धर्मनिरपेक्ष

**धर्मनिरपेक्षता** (स्त्री.) धर्मक आधारपर कोनो भेदभाव नहि कयनिहार, धर्मनिरपेक्षता

**धर्मनिष्ठ** (वि.) धर्ममे आस्थावान, धर्मनिष्ठ

**धर्मनिष्ठा** (स्त्री.) धर्ममे आस्था, विश्वास, श्रद्धा

**धर्मपत्नी** (स्त्री.) धर्मशास्त्रक अनुसार बिआहलि स्त्री, धर्मपत्नी

**धर्मपरायण** (वि.) धर्ममे निष्ठा राख'बाला धर्मनिष्ठ, धर्मपरायण

**धर्मपरायणता** (स्त्री.) धर्मनिष्ठता, धर्म-परायणता

**धर्म- परिवर्तन** (पुं.) अपन धर्म छोड़ि दोसरक धर्म ग्रहण करब, धर्म- परिवर्तन

**धर्मपिता** (पुं.) धर्मपिता, गॉड-फादर, धर्मपिता

**धर्मभीरू** (वि.) जे धर्मछुटबाक भयसँ युक्त हो, धर्मभीरू

**धर्मयुद्ध** (पुं.) न्यायपूर्ण युद्ध, धर्मयुद्ध

**धर्मरक्षक** (पुं.) धर्मक रक्षा कयनिहार धर्मत्राता, धर्मरक्षक

**धर्मशाला** (स्त्री.) धर्मार्थ बनाओल गेल यात्री-निवास- भवन, धर्मशाला

**धर्मशास्त्र** (पुं.) धर्म आचरण उचित आ अनुचित विवेचन, धर्मशास्त्र

**धर्मांध** (वि.) स्वधर्ममे अंधश्रद्धा आ दोसरक धर्मसँ द्वेष, धर्मांध

**धर्मांधता** (स्त्री.) धर्मांध होयबाक अवस्था/ भाव, धर्मांधता

**धर्माचरण** (पुं.) धर्मक आचरण, धर्माचरण

**धर्माचार्य** (पुं.) धर्मक शिक्षा देब'बाला गुरु, धर्माचार्य

**धर्मात्मा** (वि.) धर्मनिष्ठ, धर्मिष्ठ, धर्मकर्ममे निरत, धर्मात्मा

**धर्माधिकारी** (पुं.) धर्म-अधर्मक निर्णय कयनिहार, धर्मशास्त्रज्ञ, धर्माधिकारी

**धर्मार्थ** (वि.) धर्मक लेल, धर्म आ परोपकार निमित्त दानादि, धर्मार्थ

**धर्मोन्माद** (पुं.) ओ उन्माद जाहिमे व्यक्ति सदिखन धर्मकृत्य आ धर्मचिंतामे रहैत छथि, धर्मोन्माद

**धर्मोपदेशक** (पुं.) धर्मक उपदेश देनिहार गुरु वा आचार्य, धर्मोपदेशक

**धवल** (वि.) उज्जर, श्वेत, धवल

**धसकना** (अ.क्रि.) धसकब, धसना खसब, ढहब

**धसका** (पुं.) रोग विशेष जे पशुमे होइत अछि

**धांधली** (स्त्री.) उपद्रव, धूर्तता, मनमानी कर'ब

**धाक** (स्त्री.) रोब, दबदबा, प्रताप, प्रभाव, धाक

**धाकड़** (वि.) बलवान्, प्रतापी, प्रभावी

**धागा** (पुं.) ताग, सूत, डोरी

**धागा पिरोना** (स.क्रि.) तागब

**धातु** (स्त्री.) सोन, चानी आदि वर्गक तत्व, धातु

**धातुकर्म** (पुं.) धातु संबंधी कर्म

**धातुविज्ञान** (पुं.) धातुक विज्ञान

**धातुशोधन** (पुं.) धातुक शुद्धि करबाक प्रक्रिया विशेष, धातुशोधन

**धात्री** (स्त्री.) 1. उपमाता, सेविका, धात्री 2. धात्रीफल, आँवला

**धान** (पुं.) धान, धान्य, अन्नविशेष

**धानी** (वि.) पीताभ हरित रङ

**धान्य** (पुं.) धान, धान्य

**धाम** (पुं.) वासस्थान, आश्रम, निवास, धाम

**धाय** (स्त्री.) उपमाता, धात्री, धाए

**धार** (स्त्री.) तरुआरि आदिक फलक तेज किनारबाला भाग

**धारक** (वि.) धारण कयनिहार, धारक

**धारणा** (स्त्री.) मनमे दृढ भ' टिकल विचार, धारणा

**धारणाधिकार** (पुं.) धारण करबाक अधिकार

**धारा** (स्त्री.) 1. जलादि द्रववस्तु पंक्तिरूपमे प्रयाण, प्रवाह, शृंखला 2. दफा, धारा

**धारा प्रवाह** (वि.) धारारूपमे अविराम गतिसँ बह'बाला वा चल'बाला, धारा प्रवाह

**धारावाहिक** (वि.) अविच्छिन्न गतिबाला, निरंतर होयबाला, धारावाहिक

**धारित** (वि.) धारण कर'बाला, धारण कएल

**धारित** पद (पुं.) धारण कर'बाला पद

**धारी** (वि.) पंक्ति, पट्टी, रेखाबद्ध, धारी, पाँति

**धारीदार** (वि.) जाहिमे धारी हो, धारीबाला

**धार्मिक** (वि.) धर्मसंबंधी, धर्मात्मा, पुण्यात्मा, धार्मिक

**धार्मिकता** (स्त्री.) धर्मक भावना, धार्मिकता

**धार्मिक विधि** (स्त्री.) धार्मिक भावनासँ युक्त विधि, धार्मिकविधि

**धार्मिक संप्रदाय** (पुं.) धर्मसँ युक्त संप्रदाय विशेष, धार्मिक संप्रदाय

**धार्मिक सहिष्णुता** (स्त्री.) आनो धर्मकेँ प्रति सहनशीलता, धार्मिक सहिष्णुता

**धार्मिक स्वतंत्रता** (स्त्री.) विशेष धर्मसँ पक्षपात रहित, सर्वधर्म समभाव, धार्मिक स्वतंत्रता

**धावक** (पुं.) दौड़निहार, धावक

**धावक पथ** (धावपथ) (पुं.) दौड़क बाट, दौड़मार्ग

**धावा** (पुं.) हमला, चढाइ, आक्रमण, धाबा

**धावा बोलना** (अ.क्रि.) चढाइ करब, आक्रमण करब

**धिक्कार** (स्त्री.) भर्त्सना, धिक्कार

**धिक्कारना** (स.क्रि.) धिक्कारब, भर्त्सना करब, धितकारब

**धिग्दंड** (पुं.) दंडरूपमे कयल भर्त्सना

**धीमा** (वि.) कम गतिबाला, मंदवेगबाला

**धीर** (वि.) हर्ष वा विस्मय भेलहु पर शांतचित्त रहनिहार, धीर

**धीरज** (पुं.) धैरज, धीरज

**धीरवान** (धैर्यवान) (वि.) धैर्यवान्, धैरजबाला

**धीरे** (धीरे-धीरे) (क्रि.वि.) मंद-मंद, शनैः शनैः, धीरे

**धुंध** (स्त्री.) आकाशमे धूरा/कुहेस पसरि जयबाक कारणेँ प्रकाशक मंदता, धुंध, कुहेस

**धुंधलका** (पुं.) धुंधक अवस्था, कुहेस लागल

**धुंधला** (वि.) धुंधसँ युक्त

**धुआँ** (पुं.) धूम, काठ आदिक जरलापर निकलल भाफ सन नीलाभ, धुआँ

**धुआँधार** (वि.) भीषण, धुआँसँ भरल

**धुकधुकी** (स्त्री.) धुक-धुक करब, हृदयक धड़कन, धुकधुकी, धड़कन

**धुत** (वि.) कंपित, आंदोलित, झमारल

**धुन** (स्त्री.) 1. अटल प्रवृत्ति, उमंग 2. चिंता, धुनि

**धुन का पक्का** (वि.) संकल्पित कार्यकेँ पूर्ण कयनिहार

**धुनकी** (स्त्री.) तूर धुनबाक छोट धनुष

**धुनना** (स.क्रि.) धुनब

**धुनाई** (स्त्री.) धुनाइ, धुनबाक क्रिया वा पारिश्रमिक

**धुनिया** (पुं.) धुनिआँ, तूर धुनबाक व्यवसायी

**धुनी** (वि.) धुनविशेषमे डूबल व्यक्ति, धुनी

**धुरंधर** (वि./पुं.) 1. भारीसँ भारी काज करबामे समर्थ 2. कुशल, धुरंधर

**धुर** (वि.) धुरी, भार, बोझ, धुर

**धुरा** (पुं.) अक्ष, काठक धूरी, धुरा

**धुरी** (स्त्री.) छोट धूरी, धुरी, अक्ष

**धुलना** (अ.क्रि.) धोअब, जलसँ प्रक्षालित करब

**धुलवाना** (स.क्रि.) धोआयब

**धुलाई** (स्त्री.) धोआइ, धोनिहारक पारिश्रमिक

**धूप** (स्त्री.) धूमन आदिक सुगंधित धुआँ, धूप

**धूपदान** (धूपदानी) (पुं.) धूप रखबाक पात्रविशेष

**धूप-स्नान** (पुं.) रौद तापब, रौदक स्नान

**धूम** (पुं.) धुआँ

**धूम कुहरा** (धूमकोहर) (पुं.) धुआँक कुहेस

**धूमकेतु** (पुं.) पुच्छल तारा जकर उदय अनिष्टसूचक मानल जाइत अछि, धूमकेतु

**धूमधड़क्का** (पुं.) उल्लासमय कोलाहल, आडंबर

**धूमधाम** (स्त्री.) चहल-पहल, उल्लासपूर्ण समारोह

**धूमिल** (वि.) धुआँक रङबाला, मलिन

**धूम्र** (पुं.) धुआँ, धूम्र

**धूम्रपान** (पुं.) धुआँक पानकरब, व्यसन करब, धूम्रपान

**धूर्त** (वि.) चलाक, छली, वंचक, धूर्त

**धूर्तता** (स्त्री.) वंचकता, धूर्तता

**धूल** (स्त्री.) धूरा, धूलि, गरदा, धूल

**धूल धूसरित** (वि.) गरदासँ डूबल

**धूलि** (वि.) धूरा, गरदा, धूलि

**धृति** (स्त्री.) 1. धारणा, धृति, धैर्य 2. संतोष

**धृष्ट** (ढीठ) (वि.) ढीठ, निर्लज्ज, थेथर, हेहर

**धृष्टता** (ढिठाई) (स्त्री.) ढीठपन, निर्लज्जता

**धैर्य** (पुं.) धैरज, धीरज

**धैर्यवान** (वि.) धैरजबाला, धैर्यवान्

**धोखा** (पुं.) 1. छल, माया 2. भ्रम, धोखा

**धोखाधड़ी** (स्त्री.) छल-कपट, प्रपंचपूर्ण काज, धोखाधड़ी

**धोखेबाज** (वि./पुं.) धोखा देनिहार, धोखेबाज

**धोना** (स.क्रि.) धोअब

**धोबिन** (स्त्री.) धोबिनि, धोबीक स्त्री

**धोबी** (पुं.) कपड़ा धोक' जीविका चलब'बाला

**धौंस** (स्त्री.) 1. डाँट-डपट करब, प्रभाव 2. धमकायब

**धौंसपट्टी** (स्त्री.) धौंस देखयबाक क्रिया

**धौल** (स्त्री.) धौल, केहुनीसँ पीठपर मारब

**ध्यान** (पुं.) चित्तमे भावित होयब वा आनब, मनोयोग, ध्यान

**ध्यानभंग** (पुं.) ध्यान टुटब, अशांति, ध्यानभंग

**ध्यानमग्न** (वि.) ध्यानमे डुबब, ध्यानस्त, समाधि, ध्यानमग्न

**ध्यानाभ्यास** (पुं.) ध्यान लगएबाक अभ्यास, ध्यानाभ्यास

**ध्यानावस्था** (स्त्री.) ध्यानस्थक अवस्था, ध्यानावस्था

**ध्यानावस्थित** (वि.) ध्यानमे डुबल, एकाग्र चित्तबाला, ध्यानमग्न

**ध्येय** (पुं.) ध्यान वा भावनामे अनबा योग्य, लक्ष्य, इष्ट, ध्येय

**ध्रुव** (वि.) अटल, अविचल, पक्का, निश्चित, ध्रुव

**ध्रुवण** (ध्रुवीकरण) (पुं.) दू सिद्धान्त वा विचार आदिक अभिव्यक्ति, ध्रुवीकरण

**ध्रुव-तारा** (पुं.) उत्तरमे मेरुक ऊपर अटल रहयबाला तरेगण, ध्रुव-तारा

**ध्रुवीकरण** (ध्रुवण) (पुं.) दू विरोधी सिद्धांतक वा विचारक अभिव्यक्ति

**ध्रुवीय** (वि.) ध्रुवसंबंधी, ध्रुवप्रदेशक

**ध्वंस** (पुं.) नाश, नष्ट, ध्वंस

**ध्वंसक** (वि.) नाशक, ध्वंसक, ढाह'बाला

**ध्वंसावशेष** (पुं.) खँड़हर, भग्न भवनक अवशेष

**ध्वज** (पुं.) पताका, निसान, ध्वज

**ध्वजदंड** (पुं.) ध्वज लगब'बाला दंड, ध्वजदंड

**ध्वजा** (स्त्री.) पताका, निसान, ध्वज, ध्वजा

**ध्वजारोहण** (पुं.) पताका फहरयबाक क्रिया, ध्वजारोहण

**ध्वनि** (स्त्री.) अबाज, ध्वनि

**ध्वनिक** (ध्वनिकी) (ध्वनिविज्ञान) (वि.) ध्वनिक

**ध्वनिग्राम** (स्वनिम) (पुं.) ध्वनिग्राम

**ध्वनितरंग** (स्त्री.) ध्वनिक कँपन, ध्वनितरंग

**ध्वनि प्रभाव** (पुं.) अबाजक असरि

**ध्वनिमत** (पुं.) ध्वनिमत, सर्वसम्मतिसँ

**ध्वनिरोधी** (वि.) ध्वनिरोधी, साउण्ड प्रूफ

**ध्वनि विकार** (पुं.) भयादिजन्य अबाजक विकार, ध्वनि विकार

**ध्वनिविज्ञान** (स्वनविज्ञान) (पुं.) ध्वनिविज्ञान

**ध्वनि विस्तारक यंत्र** (पुं.) ध्वनि विस्तारक यंत्र
**ध्वन्यात्मक** (वि.) ध्वनिमय, ध्वनिसँ युक्त
**ध्वस्त** (वि.) ढहल, नष्ट, नाश भेल, ध्वस्त

# न

**नंग-धड़ंग** (वि.) नागट, नाङट, नंग, निर्वस्त्र, नंग-धड़ंग
**नंगा** (वि.) नङटा, नंगा, नाङट, नग्न
**नंगा नाच** (पुं.) नङटे नाच, अभद्र नाच वा व्यवहार, नंगानाच
**नंगापन** (पुं.) 1. नाङट संबंधी 2. लंठपनी, खलता
**नंगा भूखा** (भूखानंगा) (वि.) नाङट आ भूखल
**नंगा लुच्चा** (वि.) बदमाश, कुकर्मी
**नंगे पाँव** (वि./क्रि.वि.) नग्न पैर
**नंबरदार** (पुं.) संख्या लिखयबाला कलम
**नंबरवार** (क्रि.वि.) क्रमानुसार
**नंबरी** (वि.) नंबरबाला
**नई** (वि.) नव, नब, नूतन, टटका
**नई आवती** (स्त्री.) नव आयात
**नकचढा** (वि.) खौँजाह, खिसियाह
**नकटा** (वि./पुं.) नककट्टा, नकटा
**नकद** (नगद) (पुं.) नगद, सिक्कारूपी रकम
**नकदी** (स्त्री.) नगदी
**नकदीकरण** (पुं.) नगदीकरण
**नकदी पत्र** (पुं.) नगदी पत्र
**नकदी फसल** (स्त्री.) ओहेन फसल जकरा बेचल/विक्रय कयल जाय, नकदी फसिल
**नकदी बट्टा** (पुं.) नगदी छूट
**नकदी लेखा** (पुं.) नकदी लेखा
**नकल** (स्त्री.) अनुकरण, नकल
**नकल करना** (स.क्रि.) अनुकरण करब, नकल करब
**नकलची** (वि.) अनुकरण कर'बाला, नकलकर'बाला
**नकलनवीस** (पुं.) प्रतिलिपिकर्ता, नकलनवीस
**नकली** (वि.) बनौआ, नकल क' बनाओल, कृत्रिम, नकली
**नकशा** (नक्शा) (पुं.) नकसा, रेखाचित्र
**नकसीर** (स्त्री.) नासाग्रमे घाव विशेष, नकारि
**नकाब** (स्त्री.) घोघ, मुह झाँप'बाला वस्त्र
**नकाबपोश** (वि./पुं.) नकाब धारण कर'बाला
**नकार** (पुं.) 'न' अक्षर
**नकारना** (स.क्रि.) अस्वीकृत करब, मना करब, नकारब
**नकारा** (वि.) निकम्मा, अकार्यक, अकर्मक
**नकारात्मक** (वि.) निषेधात्मक, अस्वीकारात्मक
**नकेल** (स्त्री.) नाथ, नकेल
**नक्काशी** (स्त्री.) चित्रकारी, नक्काशी
**नक्काशीदार** (वि.) जाहि पर चित्र बनल हो/खोधल हो
**नक्शा** (नकशा) (पुं.) नकसा, घर आदिक रेखाचित्र, सर्वे मैप
**नक्शानवीस** (पुं.) नकसा वा चित्र बनयबाक कार्य
**नक्षत्र** (पुं.) तारा, सत्ताइस गोट ताराक पुंज जकर एक चक्र एक सौर वर्षमे पूर्ण होइत अछि, नक्षत्र
**नक्षत्र विद्या** (स्त्री.) ज्योतिषविद्या, नक्षत्रक विद्या
**नख** (नाखून) (पुं.) नह, आङुरक अग्रभागक खोइया, नख
**नखरा** (पुं.) 1. हाव-भाव 2. विलास चेष्टा 3. भगल, ताल, नखरा
**नखरा करना** (अ.क्रि.) भगल करब, नखरा करब
**नखरेबाज** (वि.) ताल/भगल कर'बाला
**नख-शिख** (वि.) नह/नखसँ शिखा पर्यंत अंग, नख-शिख
**नग** (पुं.) रत्न, नग, पर्वत

**नगण्य** (वि.) तुच्छ, निकृष्ट, जे गणनामे नै हो, नगण्य, महत्वहीन

**नगद** (नकद) (पुं.) तुरंत मौजूद टाका/रुपैया, रोक, नगद

**नगद भुगतान** (पुं.) नगदा-नगदी, तत्कालहिं मूल्य चुकायब, नगद भुगतान

**नगदी** (नकदी) (स्त्री.) जाहिमे तुरंत नगद भुगतान कयल जाय, नगदी

**नगमा** (पुं.) गीत, गान, सुंदर स्वर

**नगर** (पुं.) शहर, नगर, पुर, नगरी

**नगर निगम** (पुं.) नगर निगम

**नगर परिषद्** (स्त्री.) नगर परिषद्

**नगर पालिका** (स्त्री.) नगर पालिका

**नगर प्रतिकर भत्ता** (पुं.) नगर प्रतिकर भत्ता

**नगर प्रमुख** (पुं.) नगर प्रमुख/प्रधान

**नगरवासी** (पुं.) नगरमे रह'निहार, पुरवासी

**नगरी** (स्त्री.) शहर, नगर, पुरी, नगरी

**नगरीकरण** (पुं.) नगर बनायब, नगरीकरण

**नगाड़ा** (पुं.) पैघ ढोल, डंका, नगाड़ा

**नग्न** (वि.) नाङट, उघार अंगबाला, नग्न

**नग्नता** (स्त्री.) नाङटपन, नग्न होएबाक स्थिति

**नग्नवाद** (पुं.) पश्चिममे प्रचलित एक सिद्धांत जकर अनुयायी नग्न भ' हवा आदिक सेवन करैत छथि

**नचाना** (स.क्रि.) नचाएब

**नजदीकी** (वि.) निकट संबंधी, नजदीकी

**नज़र** (स्त्री.) नजरि, दृष्टि, विलोकन

**नजरबंद** (वि.) एक प्रकारक बंदी, जकरा बाहर जायब आ बाहरी व्यक्तिसँ संपर्क करब वर्जित क' देल गेल हो

**नजरबंदी** (स्त्री.) नजरबंद होएबाक स्थिति

**नजर बचाना** (अ.क्रि.) नजरि बचाएब

**नजर लगना** (अ.क्रि) नजरि लागब, आँखि लागब

**नज़राना** (पुं.) उपहार, भेंट

**नज़रिया** (पुं.) दृष्टिकोण

**नजला** (पुं.) सरदी, ज्वर

**नजाकत** (स्त्री.) 1. सुकुमारता 2. अंग-चालनक मनोहर चेष्टा

**नजारा** (पुं.) दृश्य, नजरि, देखब

**नजीर** (दृष्टांत) (पुं.) उदाहरण, दृष्टांत, नजीर

**नट** (पुं.) नटुआ, नर्तक, अभिनेता, नट

**नटखट** (वि.) उकठ, उत्पात, नटखट

**नटखटपन** (स्त्री.) नटखटिया, नटखटक स्थिति, नटखटपन

**नत** (वि.) झुकल, नम्र, प्रणत, विनीत, नत

**नतमस्तक** (वि.) झुकल मस्तकबाला, नत-मस्तक

**नतिनी** (स्त्री.) नातिनि, बेटीक बेटी, नतिनी

**नतीजा** (पुं.) परिणाम, फल, नतीजा

**नत्थी करना** (स.क्रि.) नाथब, नत्थी करब

**नथ** (पुं.) नाकक एक गहना, नथ

**नथनी** (स्त्री.) नथिया, नाकक गहना

**नदारद** (वि.) अनुपस्थित, अलभ्य

**नदी** (स्त्री.) पर्वतसँ वा धरतीक तरसँ चलल जलधारा वा ताहिसँ बनल प्रवाह पथ, नदी

**नदी घाटी परियोजना** (स्त्री.) नदी घाटी परि-योजना

**नदीमुख** (मुहाना) (पुं.) नदीक मुहाना

**ननद** (स्त्री.) ननदि, पतिक छोट बहिन

**ननदोई** (पुं.) ननदिक पति, ननदोसि

**ननिहाल** (स्त्री.) नानाक घर, मातृक, ननिहर

**नन्हा** (वि.) नांहि, छोट, नान्हि

**नपाई** (स्त्री.) नपबाक क्रिया वा तकर पारि-श्रमिक

**नपातुला** (वि.) नापल-तोलल, नपाइ

**नपुंसक** (वि./पुं.) नपुंसक, भीरु, क्लीब, कायर

**नपुंसकता** (स्त्री.) नपुंसकता

**नपुंसक लिंग** (पुं.) नपुंसक लिंग

**नफ़रत** (स्त्री.) घृणा, अरुचि

**नफ़ा** (पुं.) लाभ, आमद, नफा

**नफ़ासत** (स्त्री.) सुंदरता, बढियाक भाव/स्थिति

**नफ़ीस** (वि.) बढ़िया, सुंदर, स्वच्छ
**नब्ज़** (स्त्री.) नाडी
**नब्बे** (वि.) दस गुणा नओ, 90
**नभ** (पुं.) आकाश, आसमान, गगन
**नभचर** (वि./पुं.) गगनचारी, आकाशमे विचरण कर'बाला पक्षी आदि, नभचर
**नम** (वि.) आर्द्र, तीतल, भिजल, तर
**नमक** (पुं.) नोन, लवण, निमक
**नमकहराम** (वि.) स्वामीसँ वा पालकसँ द्रोह कर'बाला, नमकहराम
**नमकहरामी** (वि.) कृतघ्न
**नमकहलाल** (वि.) स्वामी वा पालककेँ यथोचित सेवा कर'बाला
**नमकीन** (वि.) लवण युक्त, नोनगर, नोन देल
**नमन** (पुं.) झुकनाइ, प्रणाम, नमस्कार, नमन
**नमना** (अ.क्रि.) झुकब, नमस्कार करब, नमब
**नमनीय** (वि.) नमन कर'योग्य, पूजनीय
**नमस्कार/नमस्ते** (पुं.) आदरार्थ माथ झुकायब, अभिवादन, नमस्कार, नमस्ते, प्रणाम
**नमाज़** (पुं.) इस्लाम धर्मक दैनिक प्रार्थना
**नमाज़गाह** (स्त्री.) मस्जिदमे नमाज कर'क जगह/स्थान
**नमाज़ी** (पुं.) नियमितरूपसँ नमाज पढ'बाला
**नमित** (वि.) झुकल वा झुकाओल, प्रणमित
**नमी** (स्त्री.) आर्द्रता, समसब
**नमूना** (पुं.) बानगी, कोनो पदार्थसँ निकालल थोड़ अंश जे ओहि पदार्थक गुणवत्ताक प्रतिमानक काज करय, नमूना, प्रतिमान
**नमूना सर्वेक्षण** (पुं.) नमूना सर्वेक्षण
**नमूना हस्ताक्षर** (पुं.) नमूना हस्ताक्षर
**नम्य** (वि.) प्रणम्य, झुकबाक योग्य, नम्य
**नम्यता** (स्त्री.) झुकबाक स्थिति/भाव, नम्यता
**नम्र** (वि.) विनीत, नम्र
**नम्रता** (स्त्री.) नम्र होएबाक भाव/स्थिति, नम्रता
**नयन** (पुं.) आँखि, चक्षु/नेत्र
**नयनाभिराम** (वि.) नयनप्रिय, देखबामे सुंदर, नेत्रप्रिय, मनोरम
**नया** (वि.) नब, टटका, नवीन, नया
**नयाचार** (पुं.) नयाचार (प्रोटोकॉल)
**नयापन** (पुं.) नवीनता, नबक' स्थिति/भाव
**नर** (पुं.) पुरुष, मनुख, आदमी, नर
**नरक** (पुं.) एक मिथकीय जगत जत' पापी मुइलापर जा' दंड भोगैत अछि, नरक
**नरकट** (पुं.) नरकटि, एक तृणवृक्ष
**नरपति** (पुं.) राजा, नृप, नरपति
**नरबलि** (स्त्री.) मनुखक बलि, नरबलि
**नरपिशाच** (पुं.) पिशाचक आचरणबाला क्रूर मनुख, नरपिशाच
**नरभक्षक** (पुं./वि.) मनुष्यकेँ खाय'बाला, राक्षस, दानव, नरभक्षक
**नरभक्षी** (वि./पुं.) मनुष्यकेँ खाय'बाला, नरभक्षी
**नरम** (वि.) कोमल, मुलायम, नरम, लरम
**नरमाई** (स्त्री.) नरमायब
**नरमी** (स्त्री.) मंदता, उतार, शैथिल्य
**नरवध** (पुं.) नरवध, मनुखक हत्या
**नरसों** (अव्य.) बितल परसूक पूर्व दिन वा आगामी परसूक अगिला दिन
**नरहत्या** (सामूहिक) (स्त्री.) मनुखक हत्या
**नराधम** (पुं.) पापी, मनुष्यमे अधम, पापाचारी, नराधम
**नरेंद्र** (पुं.) राजा, मनुखक इंद्र, नरेंद्र
**नरेश** (पुं.) राजा, नरेश
**नर्क** (नरक) (पुं.) ओ लोक जत' वैदिक धर्मक अनुसार जीव मुइलापर अपन पापक भोग करै छथि, नर्क, नरक
**नर्तक** (पुं.) नटुआ, नाच कयनिहार, अभिनेता, नर्तक
**नर्तकी** (स्त्री.) नाच कयनिहार महिला, अभिनेत्री, नर्तकी
**नर्स** (स्त्री.) रोगीक परिचर्या ओ प्रसवकर्म जननिहार पुरुष वा स्त्री, धात्री

**नर्सरी** (स्त्री.) 1. बालकक्षा 2. गाछके जत' कलम लगाओल जाय

**नल** (पुं.) पानिक कल, नल

**नलकर्मी** (पुं.) नलकर्मी

**नलका** (पुं.) छोटका कल, नलका

**नलकूप** (पुं.) धरतीमे लोह'क वा प्लास्टिक'क नल धँसाय जल निकालबाक यंत्र, नलकूप

**नलिका** (स्त्री.) पातर नल, छोटका कल, नलिका

**नली** (स्त्री.) पातर नल, नली, टोंटी

**नवंबर** (पुं.) अंग्रेजी 12 मास'क एगारहम मास

**नव** (वि.) नूतन, नवीन, नया, नब

**नवग्रह** (पुं.) सूर्य आदि नबो गोट ग्रहक समुदाय

**नवजागरण** (पुं.) नवजागरण

**नवजात** (वि.) हालमे जनमल शिशु, नवजात, जन्मौटी

**नवजात मृत्यु** (स्त्री.) हालमे जनमल शिशुक मृत्यु

**नवनीत** (पुं.) माखन, नेनु, मक्खन, नवनीत

**नवम** (वि.) नओम, नबम, नओ संख्याक पूरक

**नवयुवक** (पुं.) नओजवान, बीस सालक पुरुष, नवयुवक, नवतुरिया

**नवयुवती** (स्त्री.) पनहर, बीस सालक महिला, नवयुवती

**नवयौवन** (पुं.) नओजवान, नवयुवक, नबारी

**नवयौवना** (स्त्री.) नवयुवती

**नवरत्न** (पुं.) नओ गोट प्रसिद्ध रत्नक समुदाय, नवरत्न

**नवराष्ट्रकुल** (पुं.) नवराष्ट्रकुल

**नवल** (वि.) नब, नवीन, नया, नवल, नूतन

**नववधू** (स्त्री.) नब विआहलि, वधू, नवोढा, नववधू

**नववर्ष** (पुं.) नबसाल, नववर्ष

**नवसाक्षर** (पुं.) नवसाक्षर

**नवसिखिया** (नौसिखिया) (पुं.) नबसिक्खा, नबसिखुआ, अखरकट्टू

**नवागंतुक** (पुं.) अभ्यागत, अतिथि, नवागंतुक

**नवागत** (पुं.) हालमे आएल, नब-नब आएल

**नवाना** (स.क्रि.) झुकाएब, नम्र होएबाक लेल प्रेरित करब

**नवान्न** (पुं.) नब उपजल अन्न, नवान्न

**नवाब** (पुं.) मुसलमान सम्राटक अधीनस्थ स्थानीय शासक वा सामंत, नबाब

**नवाबजादा** (पुं.) नवाबक पुत्र

**नवाबी** (स्त्री.) नवाबक पद

**नवासा** (पुं.) बेटीक बेटा, दौहित्र, नाति

**नवासी** (वि.) अस्सी आ नओ, 89, नवासी

**नवीकरण** (पुं.) फेरसँ नब क'देब, नवीकरण

**नवीकृत** (वि.) नब कएल, नवीकृत

**नवीन** (वि.) नब, नया, नूतन, अपूर्व, नवीन

**नवीनतम** (वि.) नवीनतम

**नवीनता** (स्त्री.) नवीनक स्थिति/भाव

**नवीन संस्करण** (पुं.) नब दुरुस्त कएल, नवीन संस्करण

**नवीनीकरण** (पुं.) कोनो संधि, अनुज्ञापत्र आदिक समय पूरा भेला पर पुनः जारी करब, नवीनीकरण

**नव्य** (वि.) नया, नवीन, नव

**नशा** (पुं.) निसाँ, मदावस्था, मद, नशा

**नशाखोर** (वि./पुं.) सदिखन निसाँ सेवनिहार, मद्यपायी

**नशाखोरी** (स्त्री.) निसाँ पियब, नशाकरक प्रवृत्ति

**नशाबंदी** (स्त्री.) नशाबंदी, मादक पदार्थक मनाही

**नशीला** (वि.) मादक, जकर सेवनसँ निसाँ हो

**नश्तर** (पुं.) चीड़-फाड़ कर'बाला छूरी

**नश्वर** (वि.) नाशवान्, अस्थायी, नश्वर

**नश्वरता** (स्त्री.) नश्वरक स्थिति/भाव, नश्वरता

**नष्ट** (वि.) टूटल-फूटल, बिगरल, दूषित, नष्ट
**नष्टप्राय** (वि.) बिगरल सन्, हेरायल, नष्टप्राय
**नष्टभ्रष्ट** (वि.) टूटल-फूटल, नष्ट-भ्रष्ट
**नस** (स्त्री.) सिरा, नाडी, शरीरक ओ नलाकार तंतु जाहि बाटेँ रक्तक संचार होइत अछि, नस
**नसबंदी** (स्त्री.) छोट शल्यक्रिया द्वारा जननशक्तिसँ संबंधित नसकेँ बंद वा अप्रभावी करब
**नसीब** (पुं.) भाग्य, नियति, दैव, अदृष्ट, नसीब
**नसीहत** (स्त्री.) शिक्षा, उपदेश, नीक गप सिखायब
**नस्ल** (नसल) (स्त्री.) वंश, कुल, प्रजाति
**नहर** (स्त्री.) सिचाइक लेल नदी वा जलाशयसँ निकालल गेल जलमार्ग, नहरि
**नहलाना** (स.क्रि.) नहायब, स्नान करायब
**नहाना** (पुं.) स्नान, नहाएब
**नहाना-धोना** (पुं.) नहायब-सोनायब, स्नानादि नित्यक्रिया संपन्न करब
**नहीं** (अव्य.) नहि, निषेध वा अस्वीकृतिक सूचक निपात, निष्ठा
**ना** (अव्य.) नै
**नाँद** (स्त्री.) नादि, पशुकेँ सानी खोअयबाक पात्र जे गोल आ गहीर होइत अछि
**नाइंसाफ़ी** (स्त्री.) अन्याय, अत्याचार
**नाइन** (स्त्री.) नौआइनि, नौआ/नापित जातिक स्त्री
**नाई** (पुं.) नौआ, हजाम, नापित
**नाउम्मीद** (वि.) निराश, आशाक अभाव, आशाहीन
**नाउम्मीदी** (स्त्री.) निराशा होएबाक स्थिति
**नाक** (स्त्री.) नासिका, ओ इंद्रिय जाहिसँ गंधक' ग्रहण होइत अछि
**नाकाम** (वि.) खराब, काजक' योग्य जे नै हो, निष्फल, असफल
**नाकामयाब** (वि.) निष्फल, खराब, असफल
**नाकामयाबी** (स्त्री.) असफलता
**नाकाबंदी** (स्त्री.) नाका पर पुलिसक पहरा, अवरोध, नाकाबंदी
**नाखुश** (वि.) अप्रसन्न, विषण्ण, प्रसन्न नहि, उल्लासक अभाव
**नाखून** (पुं.) न'ह, नख
**नाग** (पुं.) साँप, सापक एक जाति, नाग, सर्प
**नागफनी** (स्त्री.) नागफेनी, एक काँटबाला गाछ जे पात रहित आ जेकर आकृति फन सन् होइत अछि, कटैया गाछ
**नागर** (वि.) 1. नगरमे बसनिहार, शिष्ट, विदग्ध 2. ब्राह्मणक एक उपजाति जे गुजरात राज्यमे छथि, नागर
**नागराज** (पुं.) नागराज, नागक राजा
**नागरिक** (वि.) नगरक निवासी, नागरिक
**नागरिक अधिकार** (पुं.) नागरिक अधिकार
**नागरिकता** (स्त्री.) देश वा राष्ट्रमे रहबाक सामान्य अधिकार, नागरिक होएबाक भाव, नागरिकता
**नागरिक शास्त्र** (पुं.) नागरिक शास्त्र
**नागरिक संहिता** (स्त्री.) नागरिक संहिता
**नागरिक सुरक्षा** (स्त्री.) नागरिक सुरक्षा
**नागरिक सेना** (स्त्री.) नागरिक सेना
**नागरी** (देवनागरी) (स्त्री.) 1. नागरक स्त्री 2. संस्कृत वा हिंदी भाषाक लिपि देवनागरी
**नागरीकरण** (पुं.) देवनागरी लिपिमे परिवर्तन करब, नागरीकरण
**नागवार** (वि.) अरुचिकर
**नागा** (पुं.) एक प्रकारक जाति जे नाङट रहैत छथि, नागा
**नागिन** (स्त्री.) नागसापक मादा, नागिन
**नाच** (पुं.) नृत्य, चित्तक उमंग ओ उल्लाससँ खास ढंगक अंग-संचालन करब, नाच
**नाचघर** (पुं.) नृत्यगृह, नृत्यशाला, नाट्यशाला

**नाचना** (अ.क्रि.) नाचब, लय आ ताल पूर्वक अंग-संचालन करब

**नाचीज** (वि.) नगण्य, क्षुद्र, तुच्छ

**नाज** (पुं.) गौरव, अभिमान

**नाज-नखरा** (पुं.) ककरो आकर्षित कर'बला मोहक चेष्टादि, हाव-भाव

**नाजायज** (वि.) अनुचित, अवैध, नियमविरुद्ध, नाजाएज

**नाजीवाद** (पुं.) नाजीक (जर्मनीक राजनीतिक दल विशेष जकर प्रमुख 'हिटलर' छलाह) विचारधारा जे शक्तिशाली दल/व्यक्ति/राष्ट्रक' शासनतंत्र अपना हाथमे राखक चाही

**नाजुक** (वि.) तनुक, कोमल, सुकुमार

**नाजुक घड़ी** (स्त्री.) संवेदनशील समय, कठिन समय, दुःखक वेला

**नाजुक मिजाज** (वि.) 1. कोमल स्वभावबाला 2. खौंझाह स्वभावबाला

**नाजुक हालात** (स्त्री.) संवेदनशील अवस्था

**नाटक** (पुं.) नट'क कर्म, अभिनय, दृश्यकाव्य, रूपकक' एक भेद, नाटक

**नाटकीय** (वि.) नाटक संबंधी, नाटकीय

**नाटकीयता** (स्त्री.) नाटकीय स्थिति, नाटकीयता

**नाटकीय शैली** (स्त्री.) नाटकीय शैली

**नाटा** (वि.) भुट्ट, वामन, नट्टा, नाट

**नाट्यकला** (स्त्री.) 1. नाटकक' कला, अभिनयक कला/कौशल 2. नाट्य निर्माण पद्धति, नाट्यकला

**नाट्यकार** (पुं.) 1. अभिनय कर'बाला, अभिनेता 2. नाट्यकार, नाट्यलेखक, नाटककार

**नाट्यशाला** (स्त्री.) रंगमंच, स्टेज, नाटक खेल'क मंच वा भवन, नाट्यशाला

**नाट्यशास्त्र** (पुं.) अभिनय ओ तत्संबद्ध विविध विषयक विवेचन कर'बाला शास्त्र, नाट्यशास्त्र

**नाट्यशास्त्री** (पुं.) नाट्यशास्त्रक विशेषज्ञ, नाट्यशास्त्री

**नाड़ा** (पुं.) पयजामाक डोरी, नीवी

**नाड़ी** (स्त्री.) शिरा, रक्तवाहिनी नली, नस, नाड़ी

**नाड़ीदर** (स्त्री.) नाड़ीदर, नसक गति

**नाता** (पुं.) संबंध, संपर्क

**नातिन** (स्त्री.) नातिनि, बेटीक बेटी, दौहित्री

**नाती** (स्त्री.) नाति, दौहित्र, बेटीक बेटा

**नाते** (अव्य.) संबंध, संपर्क, रिश्ता

**नातेदार** (पुं.) संबंधी, संपर्की जन

**नातेदारी** (स्त्री.) संबंधी, सर-संबंधी

**नाथ** (पुं.) अधिपति, स्वामी, पति, नाथ

**नाथना** (स.क्रि.) नाथब, पशुक नाकमे डोरी बन्हबाक हेतु छेद करब

**नाद** (पुं.) निरंतर चलनिहार आवाज/ध्वनि, नाद

**नादान** (वि.) अल्पज्ञ, थोर जननिहार, मूढ

**नादानी** (स्त्री.) अज्ञानता, मूढता, बचपना

**नाना** (पुं.) मातामह, मायक बाप, नाना

**नानाविध** (वि.) अनेक प्रकारक, विभिन्न

**नानी** (स्त्री.) मातामही, मायक माय, नानी

**नाप** (स्त्री.) परिमाण, आयाम, नापक क्रिया, माप, नाप

**नाप-जोख** (स्त्री.) नापब आ जोखब, नपनाइ, नाप

**नाप-तौल** (स्त्री.) नापब आ तौलब, नपनाइ, माप करब

**नापना** (स.क्रि.) नापब, नपनाइक क्रिया, नपनाइ

**नापसंद** (वि.) अरुचिकर, अप्रिय, नहि नीक लागब

**नापाक** (वि.) अपवित्र, अशुद्ध

**नापित** (नाई) (पुं.) नौआ, हजाम

**नाबदान** (पुं.) घरक नाली जाहिसँ दूषित जलक निकासी होइत अछि

**नाबालिग** (वि.) अवयस्क, नबालिक

**नाभि** (स्त्री.) ढोँढी, नाभि

**नाभिक** (वि.) परमाणुक केंद्रीय भाग, नाभिक

**नाभिकीय** (वि.) नाभिकीय

**नाभिकेंद्र** (पुं.) नाभिकेंद्र

**नाभिशोथ** (पुं.) नाभिशोथ

**नामंजूर** (वि.) अस्वीकार, खंडित, अमान्य

**नामंजूर करना** (स.क्रि.) अस्वीकार करब
**नामंजूरी** (स्त्री.) अस्वीकार, अस्वीकृति
**नाम** (पुं.) संज्ञा, अभिधान, नाम, नाओ
**नामक** (वि.) नामबाला, नामधारी
**नामकरण** (पुं.) 1. शिशुक नाम राखब 2. सनातन धर्ममे षोडश संस्कारक एक संस्कार, नामकरण
**नामजद** (वि.) जकर नाम कोनो बातक' लेल विशेषरूपसँ अंकित कएल गेल हो
**नामजदगी** (स्त्री.) नामांकन, कोनो काजक' लेल नाम चुनबाक वा निश्चित करबाक क्रिया
**नामपट्ट** (पुं.) काठ वा लोहक ओ पट्टा जाहि पर दोकान वा संस्था आदिक नाम लिखल हो, नामपट्ट
**नामर्द** (वि.) जकरा पौरुष नहि हो, नपुंसक, कायर, पौरुष हीन
**नामर्दी** (स्त्री.) नपुंसकता, कायरपन, नामर्दी
**नाम लिखाई** (स्त्री.) नाम लिखब, नामांकन
**नामलेवा** (पुं.) उत्तराधिकारी, नाम लेनिहार, वंशज
**नामवर** (वि.) नामी, प्रतिष्ठित, विख्यात
**नामवरी** (स्त्री.) विख्यात स्त्री, नामी स्त्री
**नामांकन** (पुं.) नाम लिखब, प्रवेश करायब, मनोनीत करब
**नामांकित** (वि.) नाम लिखब वा खोधायब, नामांतरण
**नामांतरण** (पुं.) नाम बदलव, उपनाम
**नामा** (पुं.) नामक, नामधारी, नामबाला
**नामाकूल** (वि.) अयोग्य, अनुचित, अनुपयुक्त
**नामालूम** (वि.) अज्ञात, जकर ज्ञान नहि हो
**नामावली** (स्त्री.) नाम सभक सूची, नामावली
**नामिका** (स्त्री.) किछु एहेन लोकक सूची जाहिमेसँ कोनो कार्यक लेल एक दूटाकँ चुनबाक हो
**नामित** (वि.) नामित
**नामी** (वि.) नामबाला, विख्यात, प्रसिद्ध, नामी
**नामी-गिरामी** (वि.) विख्यात, प्रसिद्ध, नामबाला
**नामुनासिब** (वि.) अनुचित, जे उचित नहि
**नामुमकिन** (वि.) असंभव, जे संभव नहि
**नामुराद** (वि.) विफल मनोरथ, असफल मनोकामना
**नामोनिशान** (पुं.) नाम आ चिह्न
**नायक** (पुं.) ल'जायबाला वा पहुँचाबबाला व्यक्ति, नेता, नायक
**नायब** (वि.) जे कोनो प्रधान वा अधिकारी क' सहायक हो
**नायाब** (वि.) अप्राप्य, दुर्लभ
**नायिका** (स्त्री.) नायक क' स्त्रीलिंग रूप, काव्य आदिक महिला पात्र, अभिनेत्री, नायिका
**नारंगी** (स्त्री.) समतोला रंग, एक प्रकारक मधुरौआ नेबो, नारंगी
**नारकीय** (वि.) नरक तुल्य, अतिघृणित वा कष्टकारक, नारकीय
**नारा** (पुं.) चुनौती वा ललकार' लेल जोर-जोरसँ सामूहिक अबाज लगाब'क क्रिया, सामूहिक ध्वनि, उद्घोष
**नाराज़** (वि.) नराज, रुष्ट, अप्रसन्न, खिसि-आएल
**नाराज़गी** (स्त्री.) रुष्टक स्थिति, अप्रसन्नता
**नारियल** (पुं.) नारिकेर, नारिकेल, प्रसिद्ध फल जकर अंतरमे जल रहैत अछि, नारिअर
**नारी** (स्त्री.) नर'क स्त्रीलिंग रूप, महिला, स्त्री, नारी, नारि
**नारेबाज़** (पुं.) नारा लगाब'बाला
**नारेबाज़ी** (स्त्री.) नारा लगेबाक स्थिति
**नाल** (स्त्री.) बीचमे फोँक डंटा, पाइप, ट्यूब, नाल
**नाला** (पुं.) पनिबट, खेत पटएबाक हेतु बनल जलप्रवाह मार्ग, नाला, मोड़ी
**नालायक** (वि.) अपटु, अयोग्य, कोनो जोगरक नहि, अकार्यक

**नालायकी** (स्त्री.) अयोग्यक स्थिति

**नालिश** (स्त्री.) ककरो विरुद्ध अभियोगक निवेदन, शिकाइत, मोकदमा

**नाली** (स्त्री.) छोट वा पातर नाला, नली

**नाव** (स्त्री.) नाओ

**नाविक** (पुं.) नाओ खेबनिहार मलाह, नाविक

**नाश** (पुं.) अस्तित्वक लोप, बरबादी, ध्वंस, नाश, नास

**नाशक** (नाशी) (वि.) नाश कएनिहार, घातक, ध्वंसक, नाशक

**नाशकारी** (नाशक) (वि.) घातक, ध्वंसक, नाशी

**नाशपाती** (स्त्री.) एक प्रसिद्ध फल/फर, नासपाती, लताम सनक एक फल

**नाशवान** (वि.) नष्ट भेनिहार, अनित्य, अस्थायी, नाशवान

**नाश्ता** (पुं.) लघु भोजन, जलखइ

**नासमझ** (वि.) अज्ञानी, मूर्ख

**नासमझी** (स्त्री.) नासमझक स्थिति, अज्ञानता

**नासा** (स्त्री.) नाक, नासिका, नासा

**नासिका** (स्त्री.) नाक, नासिका

**नासिक्य** (वि.) नाकसँ संबद्ध, नाकसँ उच्चरित

**नासूर** (पुं.) पुरान घाओ जाहिमे छेद भ'गेल हो, नाडीव्रण

**नास्तिक** (वि./पुं.) धर्म, ईश्वर, पुनर्जन्म ओ परलोकमे विश्वास नहि रखनिहार, नास्तिक

**नास्तिकता** (स्त्री.) नास्तिकक स्थिति/भाव

**नाहक** (क्रि.वि.) अकारण, व्यर्थ

**निंदक** (पुं.) निंदा कएनिहार, निंदक

**निंदनीय** (वि.) निंदा योग्य, निंदनीय

**निंदा** (स्त्री.) ककरो दोषक वर्णन, निंदा

**निंदा प्रस्ताव** (पुं.) निंदाप्रस्ताव, कोनो नीति वा कार्यक प्रति असंतोष वा निंदा हेतु प्रधानमंत्री/मुख्यमंत्री/अध्यक्षक विरुद्ध देल प्रस्ताव

**निंद्य** (निंदनीय) (वि.) निंदा योग्य, निंद्य, निंदनीय

**निःशंक** (वि.) निडर, भय रहित, शंका वा आशंका रहित, निःशंक

**निःशब्द** (वि.) शब्दहीन, नीरव, निःशब्द

**निःशस्त्र** (वि.) विना शस्त्रक, निःशस्त्र

**निःशस्त्रीकरण** (पुं.) शस्त्र रहित करब, निःशस्त्रीकरण

**निःशुल्क** (वि.) शुल्क रहित, मूल्यक विना, निःशुल्क

**निःशेष** (वि.) अशेष, शेष रहित, निःशेष

**निःश्वास** (पुं.) त्यक्त साँस, निसाँस, निःश्वास

**निःसंकोच** (निस्संकोच) (क्रि.वि.) विना कोनो संकोच क', निःसंकोच

**निःसंग** (वि.) संग अर्थात् आसक्तिसँ हीन, उदासीन, निर्लिप्त, निःसंग

**निःसंतान** (वि.) संतान हीन, निपुत्र, निःसंतान

**निःसंदेह** (निस्संदेह) (क्रि.वि.) विना संदेहक, अवश्यमेव, निःसंदेह

**निःस्पंद** (वि.) स्पंदरहित, जाहिमे कोनो हलचल नहि हो

**निःस्पृह** (वि.) इच्छा रहित, अनिच्छुक, निरीह, आशारहित, निःस्पृह

**निःस्वार्थ** (निस्स्वार्थ) (वि.) स्वार्थ रहित, निर्लोभ, स्वकल्याणक भावनासँ रहित, निःस्वार्थ

**निःस्वार्थता** (स्त्री.) निःस्वार्थक भाव,निःस्वार्थता

**निकट** (क्रि.वि.) लगक, समीपवर्ती, लग, निकट

**निकटतम** (वि.) सबसँ लगक, अधिक लगक, निकटवर्ती

**निकटता** (स्त्री.) निकटक स्थिति, निकटता, सामीप्य

**निकट** दृष्टि (स्त्री.) लगक दृष्टि

**निकटवर्ती** (वि.) लगमे वर्तमान, जे दूर नहि हो, निकटवर्ती

**निकटस्थ** (वि.) लगक, समीपस्थ, निकटस्थ

**निकम्मा** (वि.) जकरा किछु नहि कएल हो, निकम्मा

**निकलना** (अ.क्रि.) निकलब, बहराएब, निःसृत होयब

**निकष** (पुं.) कसौटी पाथर जाहि पर घसि सोनाक शुद्धता परखल जाइछ, निकष

**निकाय** (पुं.) समूह, समुदाय, निकाय, संस्था

**निकालना** (स.क्रि.) निकालब, बाहर करब

**निकास** (पुं.) निकलनाइ, निर्गम, निकास

**निकासी** (स्त्री.) निर्गम, बहाली, निकासी

**निकाह** (पुं.) मुसलमानक विवाह

**निकाहनामा** (पुं.) ओ पत्र जाहिमे निकाहक शर्त लिखल जाइत अछि

**निकृष्ट** (वि.) अधम, नीच, निकृष्ट

**निकृष्टता** (स्त्री.) निकृष्टक भाव, निकृष्टता

**निकेत** (पुं.) संकेत, निशान, पताका, निकेत

**निकेतन** (पुं.) घर, वासस्थान, निवास, निकेतन

**निक्षेप** (पुं.) फेकब, निक्षेप, राखब

**निक्षेपक** (पुं.) फेक'बाला, निक्षेपक

**निक्षेपण** (पुं.) फेकब, प्रक्षेपण, निक्षेपण

**निखट्टू** (वि.) नहि खटनिहार, कोनो काज नहि कएनिहार, अकर्मण्य, निखट्टू

**निखरना** (अ.क्रि.) निखरब, स्फुट होयब

**निखार** (पुं.) निखरनाइ, शोभायुक्त, निखार

**निखारना** (स.क्रि.) निखारब, साफ करब, शोभा बढायब

**निखिल** (वि.) अखिल, संपूर्ण, पूरा, समूचा, निखिल

**निगम** (पुं.) 1. वेद, धर्मग्रन्थ 2. एक व्यापारिक वा प्रबंधात्मक संघटन, निगम

**निगमन** (पुं.) आधुनिक तर्कशास्त्रमे तर्कक एक प्रणाली, निगमन

**निगमीकरण** (पुं.) निगमीकरण

**निगरानी** (स्त्री.) ओगरबाहि, निरीक्षण, अवलोकन

**निगलना** (स.क्रि.) गीड़ब, निगीर्ण करब, अन्तः प्रवेशित करब

**निगाह** (स्त्री.) नजरि, आँखि, दृष्टि

**निगूढ** (वि.) भीतरमे नुकाओल, अंतर्निहित, गुप्त

**निगूढार्थ** (पुं.) जकर अर्थ नुकाओल हो, अस्पष्टार्थ

**निगोड़ा** (वि./पुं.) अभागा, निराश्रय, एकाकी

**निचय** (पुं.) संचय, समूह, ढेरी

**निचला** (वि.) निचका, नीच स्थानक

**निचाई** (स्त्री.) नीचक भाव

**निचुड़ना** (अ.क्रि.) गारब, सारहीन करब

**निचोड़** (पुं.) गारल रस, जल आदि

**निचोड़ना** (स.क्रि.) गारब, निचोरब

**निछावर** (स्त्री.) निछावरि, निछाउनि, वर-वधू आदिक शुभक' हेतु छुबाय/घुमाय दान देब

**निज** (वि.) अपन, स्वकीय, जे दोसरक नहि हो, निज

**निजी** (वि.) अपन, दोसरक नहि हो, वैयक्तिक, स्वीय

**निजी-उद्योग** (पुं.) अपन व्यवसाय, निजी-उद्योग

**निजीकरण** (पुं.) निजीकरण

**निजी क्षेत्र** (पुं.) निजी-क्षेत्र, अपन स्थान

**निजी विधेयक** (पुं.) निजी विधेयक

**निजी संपत्ति** (स्त्री.) निजी संपत्ति, बपौती, पूर्वजसँ प्राप्त

**निजी सहायक** (पुं.) निजी सहायक

**निठल्ला** (वि./पुं.) निकम्मा, निखट्टू, जे कोनो काज नहि कर'

**निठल्लापन** (पुं.) निठल्लाक स्थिति

**निडर** (वि.) अभय, निर्भय, निर्भीक, साहसी

**निढाल** (वि.) श्रांत, थकल, पस्त

**नितंब** (पुं.) पोन, स्त्री-कटिक' मांसल भाग, नितंब

**नितांत** (वि.) अतिशय, बहुत, नितांत

**नित्य** (वि./क्रि.वि.) प्रतिदिन, सदा रहनिहार, अविनाशी, स्थायी, नित्य

**नित्यकर्म** (पुं.) प्रतिदिन अवश्यमेव करबाक योग्य स्नान-पूजादि, नित्यकर्म

**नित्यप्रति** (क्रि.वि.) प्रतिदिन

**निथरना** (अ.क्रि.) जल आदि पदार्थ थिर भेला पर गादि जम’क क्रिया

**निथारना** (स.क्रि.) जल आदि पदार्थकेँ थिर करब, जाहिसँ जलमे घुलल वस्तु जमि जाय

**निदर्शन** (पुं.) 1. प्रदर्शन 2. दृष्टांत, उदाहरण, निदर्शन

**निदान** (पुं.) 1. उपचार 2. परिणाम, मूलकारण, निदान

**निदानगृह** (पुं.) उपचार गृह, ओ स्थान जत’ रोगीकेँ परीक्षण आदि उपचार हो

**निदानज्ञ** (पुं.) वैद्य, डाक्टर, उपचारज्ञ, निदानकेँ जननिहार

**निदानशास्त्र** (पुं.) रोगक उत्पत्तिक हेतु कह’बाला शास्त्र, निदानशास्त्र

**निदेश** (पुं.) 1. बतायब, प्रेरणा, प्रेरणार्थक कथन 2. आज्ञा, अनुरोध, निदेश

**निदेशक** (पुं.) निदेश देनिहार व्यक्ति वा अधिकारी, निदेशक

**निदेशक मंडल** (पुं.) निदेशक मंडल, अधिकारी मंडल

**निदेशन** (पुं.) बतायब, प्रेरणार्थक कथन, निदेशकक’ कार्य, निर्देशन

**निदेशात्मक** (वि.) निदेशसँ संबंधित, निदेशात्मक

**निदेशालय** (पुं.) निदेशालय

**निदेशिका** (स्त्री.) निदेशिका

**निदेशित** (वि.) निदेश देव, निदेशित

**निदेशित करना** (स.क्रि.) निदेशित करब

**निद्रा** (स्त्री.) नीन, निद्रा, स्वप्नक अवस्था

**निद्रालस** (निद्रालुता) (वि.) तंद्राग्रस्त, औँघायल, निनायल

**निद्रालु** (वि.) औँघाह

**निधड़क** (वि.) निधोक, निःशंक, निःसंकोच, निधोख

**निधन** (पुं.) मरण, मृत्यु, निधन

**निधि** (स्त्री.) खजाना, भंडार, फंड, निधि

**निन्यानवे** (वि.) नओ अधिक नब्बे, 99

**निपट** (वि.) बिलकुल, एकदम, पूरा-पूरा, निपट, नितांत

**निपटना** (निबटना) (अ.क्रि.) निपटब, फरियाएब

**निपटान** (स्त्री.) निपटेबाक क्रिया

**निपटाना** (स.क्रि.) निपटायब, फरियाएब, निपटाएब

**निपटारा** (पुं.) पर्यवसान, अंतक फैसला, निपटारा

**निपुण** (वि.) कुशल, दक्ष, चतुर, लुरिगर, निपुण

**निपुणता** (नैपुण्य) (स्त्री.) दक्षता, लुरिगरि, निपुणता

**निपूता** (वि.) पुत्रहीन, जकरा पुत्र नहि हो

**निपूती** (स्त्री.) पुत्रहीन स्त्री, निपुत्री

**निबंध** (पुं.) प्रासंगिक विषयकेँ लघुसंकलन, जे साहित्यक एक विधा थिक, निबंध

**निबंधकार** (पुं.) निबंध लिखनिहार, निबंधकार

**निब** (स्त्री.) लोह आदिक बनल चोँच, जे कलमकेँ आगूमे लगाओल जाइछ

**निबटना** (निपटना) (अ.क्रि.) निबटब, निपटब

**निबटाना** (निपटाना) (स.क्रि.) निबटायब

**निभना** (अ.क्रि.) निबहता, निर्वाह, निबहब

**निभाना** (स.क्रि.) निबाहब, पार लगायब, निर्वाह करब, निमाहब

**निमंत्रण** (पुं.) नओत, सम्मिलित होएबाक लेल निवेदन, विशेषरूपसँ भोज/अनुष्ठान आदिमे, निमंत्रण, न्योत

**निमंत्रण-पत्र** (पुं.) ओ पत्र जाहिमे निमंत्रणक तिथि/समय/स्थान आदि लिखल हो, निमंत्रण-पत्र

**निमंत्रित** (वि.) नेओतल, निमंत्रित

**निमंत्रित करना** (स.क्रि.) नेओतब, नेओत देब, निमंत्रित करब

**निमग्न** (वि.) डूबल, लीन, निमग्न

**निमित्त** (पुं.) प्रयोजन, कारण, उद्‌देश्य, निमित्त

**निमिष** (पुं.) 1. निमेष, मटक, पल 2. क्षण, निमिष

**निम्न** (वि.) सामान्य तलसँ नीचाबाला, नीच, निम्न

**निम्न रक्तचाप** (निम्न रक्तदाब) (पुं.) निम्न रक्तचाप, एक प्रकारक व्याधि

**निम्नलिखित** (वि.) नीचाँ लिखल, निम्नलिखित

**निम्नवर्ग** (पुं.) निम्नवर्ग, निम्न जाति

**निम्नांकित** (वि.) नीचाँमे अंकित/लिखल, निम्नलिखित, निम्नांकित

**नियंता** (पुं.) नियामक, नियंत्रक, अनुशासक, नियंता

**नियंत्रक** (पुं.) नियंत्रक, अनुशासन कर'बाला

**नियंत्रण** (पुं.) नियमन, वश, निग्रह, नियंत्रण

**नियंत्रण-कक्ष** (पुं.) नियंत्रण-कक्ष, नियंत्रण कर'बाला घर

**नियंत्रण-रेखा** (पुं.) नियंत्रण-रेखा

**नियमितता** (स्त्री.) नियम पालनक स्थिति, नियमसँ चल'क स्थिति, नियमितता

**नियमितीकरण** (पुं.) नियमित करब

**नियामक** (वि./पुं.) नियमन कर'बाला

**नियुक्त** (वि.) काजमे लगाओल, बहाल, तयनात

**नियुक्ति** (स्त्री.) नियमपूर्वक काजमे लगायब, कोनो पद/नोकरीमे बहाल करब, नियुक्ति

**नियोक्ता** (पुं.) नियुक्ति कएनिहार व्यक्ति वा संस्था आदि, नियोक्ता

**नियोजक** (पुं.) नियोक्ता, काजमे नियुक्त कएनिहार, नियोजक

**नियोजन** (पुं.) नियोजित कर'क भाव/ क्रिया, नियोजन

**नियोजित** (वि.) जकर नियोजन भेल हो, नियुक्त

**नियोज्य** (वि.) जकर नियोजन कर'क' हो, नियुक्ति कर'योग्य

**निरंकुश** (वि.) जकरा पर कोनो नियंत्रण नहि छैक, स्वेच्छाचारी, निरंकुश

**निरंकुशता** (स्त्री.) निरंकुश होएबाक अवस्था, निरंकुशता

**निरंकुश शासक** (पुं.) स्वेच्छाचारी शासक, निरंकुश शासक

**निरंकुश शासन** (पुं.) ओ शासन व्यवस्था जाहिमे कोनो नियम-कानूनक पालन नहि होय, निरंकुश शासन

**निरंतर** (वि.) सतत, अविराम, लगातार, निरंतर

**निरंतरता** (स्त्री.) निरंतर होएबाक भाव, अविच्छिन्नता, अव्यवहितता, निरंतरता

**निरक्षर** (वि.) आखरक (अक्षरक) ज्ञानसँ रहित, मूर्ख, निरक्षर

**निरक्षरता** (स्त्री.) निरक्षर होएबाक भाव, निरक्षरता

**निरखना** (स.क्रि.) निरीक्षण करब, निरखब, देखब

**निरखना-परखना** (स.क्रि.) निरखब आ परिखब, देखब आ परीक्षण करब

**निरत** (वि.) रतल, रमल, तल्लीन, संलग्न, निरत

**निरनुनासिक** (वि.) जाहि वर्णक उच्चारण मुँहसहित नाकसँ नहि हो

**निरपराध** (वि.) जे अपराध नहि केने हो, निर्दोष, बेकसूर, अपराधहीन, निरपराध

**निरपवाद** (वि.) अपवादहीन

**निरपेक्ष** (वि.) निरपेख, अपेक्षा नहि रखनिहार, तटस्थ, उदासीन, निरपेक्ष

**निरपेक्षता** (स्त्री.) निरपेक्ष होएबाक भाव, तटस्थता, उदासीनता, निरपेक्षता

**निरभिमान** (वि.) अभिमान रहित, अहंकार/ घमंडसँ रहित, निरभिमान

**निरभिलाष** (वि.) अभिलाषा रहित, जकरा कोनो वस्तुक इच्छा नहि हो, निरभिलाष

**निरर्थक** (वि.) अर्थहीन, जकर कोनो अर्थ नहि हो, व्यर्थ, बेकार, निरर्थक

**निरवलंब** (वि.) निराश्रय, जकरा कोनो सहारा नहि हो, बेसहारा

**निरसन** (पुं.) फेकब, त्यागब, छोड़ब, निरसन

**निरस्त** (वि.) जकर निरसन भेल हो, निरस्त

**निरस्त्र** (वि.) अस्त्र रहित, अस्त्रहीन, निरस्त्र

**निरस्त्रीकृत** (वि.) जकरा अस्त्रहीनक' देल गेल हो

**निराई** (स्त्री.) कमठान, खेतसँ अपतृण हटायब, कमैनी

**निराकरण** (पुं.) अपाकरण, हटएबाक क्रिया, त्याग, रद्द करब, निराकरण

**निराकार** (वि.) आकारहीन, रूपरहित, अमूर्त, निराकार

**निरादर** (पुं.) अनादर, अपमान, निरादर

**निराधार** (वि.) आधारहीन, निरवलंब, निराधार

**निरापद** (वि.) निर्विघ्न, जाहिमे कोनो खतरा नहि हो, सुरक्षित, निरापद

**निरापद क्षेत्र** (पुं.) निरापद क्षेत्र, ओ क्षेत्र जे सुरक्षित हो

**निरामिष** (वि.) मांसरहित, शाकाहार, निरामिष

**निरामिष भोजी** (वि.) जे मत्स्य-मांस नहि खाइत हो, शाकाहारी

**निरालंब** (वि.) आश्रयहीन, आलंबन रहित, अनाथ

**निराला** (वि.) विलक्षण, सबसँ भिन्न/अलग/पृथक्

**निरावरण** (वि.) अनावरण, आवरण रहित, परदासँ रहित वेपर्द

**निरावृत** (वि.) अनावरण, निरावृत

**निराश** (वि.) आसरहित, हतास, जकरा आशा नहि रहि गेल हो, निराश

**निराशा** (स्त्री.) आशा रहित, नैराश्य, निराशा

**निराशाजनक** (वि.) जाहिसँ निराशा हो

**निराशावादी** (वि.) निराशावादी

**निराश्रित** (वि.) जकरा कोनो सहारा नहि हो, अनाश्रित

**निराहार** (वि.) अभुक्त, आहारक बिना, भूखल, निराहार

**निरीक्षक** (पुं.) पर्यवेक्षक, निरखनिहार अधिकारी, निरीक्षक

**निरीक्षण** (पुं.) पर्यवेक्षण, जाँचक दृष्टिसँ देखब, निरीक्षण

**निरीक्षणाधीन** (वि.) निरीक्षणाधीन

**निरीक्षित** (पुं.) निरीक्षण भेल, पर्यवेक्षित

**निरीश्वरवाद** (पुं.) ईश्वरक अस्तित्वकेँ नहि स्वीकार'बाला मत, अनीश्वरवाद

**निरीश्वरवादी** (पुं.) निरीश्वरवादक अनुयायी

**निराश्रय** (वि.) आश्रय रहित, अनाथ

**निरीह** (वि.) निराशा वा दुर्बलताक कारणेँ जे कामना रहित भ' गेल हो, उदासीन, विरक्त, निरीह

**निरुत्तर** (वि.) उत्तर देबामे असमर्थ, शास्त्रार्थ वा विवाद आदिमे परास्त, निरुत्तर

**निरुत्साह** (वि.) उत्साहरहित, उदासीनता, निरुत्साह

**निरुत्साहित** (वि.) निरुत्साह होएबाला, जकर उत्साह नष्ट भ' गेल हो

**निरुद्देश्य** (वि./क्रि.वि.) जकर कोनो उद्देश्य नहि हो, विना कोनो उद्देश्यक

**निरुद्ध** (वि.) चारूदिससँ छेकल, बंदी, नजरबंद

**निरुद्यम** (वि.) उद्यम वा उद्योगसँ रहित

**निरुद्यमी** (वि.) जे विना उद्यम/ उद्योग/ प्रयत्न क' हो

**निरुपम** (वि.) जकर कोनो उपमा नहि हो, निरुपम

**निरुपाय** (वि.) उपायसँ रहित, विवश, असहाय, निरुपाय

**निरूपण** (पुं.) व्याख्यात्मक विवरण, विवेचन, वर्णन, निरूपण

**निरूपित करना** (स.क्रि.) निरूपित करब, विवेचित करब

**निरोध** (पुं.) रोक, निषेध, रोकक भाव, निरोध

**निर्गंध** (वि.) गंधहीन, जकरामे महक नहि हो

**निर्गत** (वि.) निकलल, बहरायल, निर्गत
**निर्गम** (पुं.) निकलब, बहरायब, निर्गम
**निर्गम मूल्य** (पुं.) निर्गम मूल्य
**निर्गमन** (पुं.) निर्गत होयब वा करब
**निर्गुण** (वि.) गुणरहित, गुणकेँ विना, निर्गुण
**निर्जन** (वि.) जनरहित, सुनसान, एकांत, निर्जन
**निर्जनता** (वि.) निर्जन होएबाक अवस्था, निर्जनता
**निर्जल** (वि.) जलरहित, जाहिमे जलक अभाव हो, निर्जल
**निर्जल धुलाई** (स्त्री.) जलकेँ बिना धोअब, पेट्रोल आदि रसायनिक पदार्थसँ धोअबाक क्रिया
**निर्जलीकरण** (पुं.) जलक अंश निकालि निर्जल करब
**निर्जीव** (वि.) जीवनरहित, निष्प्राण, मृत, निर्जीव
**निर्झर** (पुं.) झरना, जलप्रपात, निर्झर
**निर्णय** (पुं.) निश्चय, अनेक पक्षमे एक पक्षकेँ उचित सिद्ध करब, निर्णय
**निर्णायक** (वि.) निर्णय कयनिहार, जज, निर्णायक
**निर्णायक तिथि** (स्त्री.) निर्णायक तिथि
**निर्णायक मंडल** (पुं.) निर्णय कयनिहार अधिकारी आदिक समूह, निर्णायक मंडल
**निर्णायक मत** (पुं.) निर्णायक मत
**निर्णीत** (वि.) निर्णय कएल गेल, निर्णीत
**निर्दय** (वि.) दयासँ रहित, दयाहीन, निष्ठुर, कठोर, निर्दय
**निर्दयी** (वि.) निष्ठुर, बिना दयाबाला, निर्दयी
**निर्दलीय** (वि.) जे कोनो दल/पक्ष/वर्गमे नहि हो, निर्दलीय
**निर्द्वंद्व** (वि.) द्वंद्व रहित, जकर कोनो प्रतिद्वंद्वी वा विरोधी नहि हो
**निर्दिष्ट** (वि.) जकर निर्देश भ' गेल हो, निर्दिष्ट
**निर्देश** (पुं.) उल्लेख, चर्चा, वर्णन, संकेत, निर्देश
**निर्देशक** (पुं.) निदेश कयनिहार, निर्देशक
**निर्देशन** (पुं.) निर्देश करबाक क्रिया/भाव, निर्देशन
**निर्दोष** (वि.) दोष रहित, निरपराध, त्रुटिहीन, निर्दोष
**निर्दोषी** (वि.) निरपराधी, निर्दोषी
**निर्धन** (वि.) धनहीन, गरीब, दरिद्र, निर्धन
**निर्धनता** (स्त्री.) दरिद्रता, निर्धन होएबाक अवस्था, निर्धनता
**निर्धारक** (पुं.) कोनो बातक निर्धारण कर'बाला, निर्धारक
**निर्धारण** (पुं.) विवेकपूर्वक मूल्यकेँ नियत करब, निर्धारण
**निर्धारित** (वि.) निर्धारण कएल गेल, निश्चित, विचारित, निर्धारित
**निर्निमेष** (क्रि.वि.) अपलक, एकटक, स्थिरदृष्टि
**निर्बंध** (वि.) बंधनरहित, मुक्त, निर्बंध
**निर्बद्ध** (वि.) बंधनक विना, मुक्त, निर्बद्ध
**निर्बल** (वि.) बलरहित, दुर्बल, कमजोर, निर्बल
**निर्बलता** (स्त्री.) निर्बल होएबाक अवस्था, निर्बलता
**निर्बाध** (वि.) निर्विघ्न, बाधारहित, विना रोकक, निर्बाध
**निर्बुद्धि** (वि.) बुद्धिहीन, मूर्ख, निर्बुद्धि
**निर्भय** (वि.) भयरहित, निडर, ढीठ, निर्भय
**निर्भयता** (स्त्री.) निर्भय होएबाक अवस्था, निर्भयता
**निर्भर** (वि.) दोसर पर आश्रित, अवलंबित, निर्भर
**निर्भरता** (स्त्री.) निर्भर होएबाक अवस्था, निर्भरता
**निर्भीक** (वि.) निडर, निर्भय, ढीठ, निर्भीक
**निर्भीकता** (स्त्री.) निर्भीक होएबाक भाव, निर्भीकता
**निर्भ्रांत** (वि.) भ्रमसँ मुक्त, भ्रमरहित, अभ्रांत
**निर्मम** (वि.) ममता रहित, निष्ठुर, निर्दय, हृदयहीन, निर्मम
**निर्ममता** (स्त्री.) निर्मम होएबाक अवस्था, निष्ठुरता, निर्ममता

**निर्मम हत्या** (स्त्री.) क्रूरतापूर्ण हत्या/वध, निर्मम हत्या

**निर्मल** (वि.) स्वच्छ, साफ, मलहीन, जाहिमे मल नहि हो, निर्मल

**निर्मलीकरण** (पुं.) निर्मल करब, शुद्ध करब

**निर्माण** (पुं.) रचब, बनायब, गढब, निर्माण, रचना

**निर्माण कार्य** (पुं.) निर्माण कार्य

**निर्माणशाला** (स्त्री.) निर्माण स्थल, कारखाना, फैक्ट्री

**निर्माणाधीन** (वि.) जकर निर्माणकार्य चलि रहल हो, निर्माणाधीन

**निर्माणी** (स्त्री.) कारखाना, फैक्ट्री, मिल, निर्माणी

**निर्माता** (पुं.) बनओनिहार, सर्जक, निर्माता

**निर्मित** (वि.) बनाओल, गढल, रचित, निर्मित

**निर्मिति** (स्त्री.) निर्मित कर'क' भाव, निर्मिति

**निर्मुक्त** (वि.) मुक्त, छोड़ल गेल, छूटल, निर्मुक्त

**निर्मूल** (वि.) बिना जड़िक, निराधार, निर्मूल

**निर्मेघ** (पुं.) बिना मेघक, मेघरहित, निर्मेघ

**निर्मोक** (पुं.) केचुआ (साँप आदिक बाह्य आवरणसँ रहित) , निर्मोक

**निर्मोही** (वि.) ममता/मोहसँ रहित, स्नेहहीन, निर्मोही

**निर्यात** (पुं.) वाणिज्य वस्तु क' देश वा स्थानक सीमासँ बाहर पठेबाक क्रिया, निर्यात

**निर्यातक** (पुं.) निर्यात कएनिहार

**निर्यातकर** (पुं.) निर्यात वस्तुक सरकारी कर (टैक्स)

**निर्यात व्यापार** (पुं.) निर्यात संबंधी व्यापार

**निर्लज्ज** (वि.) लज्जाहीन, निर्लज्ज

**निर्लज्जता** (स्त्री.) निर्लज्जक भाव

**निर्लिप्त** (वि.) आसक्तिहीन, निःस्पृह, निर्लिप्त

**निर्लिप्तता** (स्त्री.) निर्लिप्त होएबाक भाव

**निर्वंश** (वि.) वंशहीन, जकरा कुलमे किओ शेष नहि हो, निर्वंश

**निर्वचन** (पुं.) अर्थ करब, व्युत्पत्ति करब, व्याख्या करब, निर्वचन

**निर्वचनीय** (वि.) निर्वचनक योग्य, निर्वचनीय

**निर्वनीकरण** (पुं.) वनक कटाइ, वनोन्मूल करब

**निर्वसन** (वि.) नाङट, वसनहीन, वस्त्ररहित

**निर्वस्त्र** (वि.) नाङट, वस्त्ररहित, निर्वस्त्र

**निर्वहन** (पुं.) निमाहब, पालन, संपादन, निर्वहन

**निर्वाचक** (पुं.) निर्वाचन कयनिहार, मतदाता, निर्वाचक

**निर्वाचन** (पुं.) अपना पसिंदसँ प्रतिनिधि चुनबाक क्रिया, निर्वाचन

**निर्वाचन अधिकारी** (पुं.) निर्वाचन अधिकारी

**निर्वाचन आयोग** (पुं.) निर्वाचन आयोग

**निर्वाचन करना** (स.क्रि.) प्रतिनिधि चुनब

**निर्वाचन क्षेत्र** (पुं.) निर्वाचन क्षेत्र

**निर्वाचन ड्यूटी** (स्त्री.) निर्वाचनक कार्य

**निर्वाचन पद्धति** (स्त्री.) निर्वाचन प्रक्रिया/ पद्धति

**निर्वाचन मंडल** (पुं.) निर्वाचन मंडल

**निर्वाचन समिति** (स्त्री.) निर्वाचन समिति

**निर्वाचन सूची/नामावली** (स्त्री.) निर्वाचन सूची

**निर्वाचित** (वि.) जकर निर्वाचन भेल हो

**निर्वाचित प्रतिनिधि** (पुं.) नेता, निर्वाचित प्रतिनिधि

**निर्वाण** (पुं.) मोक्ष, निर्वाण, परमपद

**निर्वात** (वि.) वातरहित, वायुरहित, जत'बसात नहि हो

**निर्वातक पंखा** (पुं.) ओ पंखा जे हवाकेँ बाहर करय, इग्झास्ट फैन

**निर्वासन** (पुं.) अपन स्थान वा देशसँ बैलायब, निर्वासन

**निर्वासित** (वि.) निर्वासन करबाक भाव, निर्वासित

**निर्वासित करना** (स.क्रि.) निर्वासित करब, बैलायब

**निर्वासित सरकार** (स्त्री.) बहिष्कृत सरकार, निर्वासित सरकार

**निर्वाह** (पुं.) गुजर, पालन, भरण-पोषण, निर्वाह

**निर्वाह खर्च/व्यय** (पुं.) भरण-पोषणार्थ खर्च

**निर्वाह मजदूरी** (स्त्री.) निर्वाह मजदूरी

**निर्विकल्प** (वि.) विकल्पक भेदसँ रहित, एकरस, स्थिर

**निर्विकार** (वि.) विकार रहित, निर्लिप्त, उदासीन, निर्विकार

**निर्विघ्न** (वि.) विघ्न-बाधासँ रहित, निर्बाध, निर्विघ्न

**निर्विरोध** (वि.) प्रतिद्वंद्वीसँ रहित, ससम्मत, निर्विरोध

**निर्विवाद** (वि.) विवाद/मतभेदसँ रहित, सर्वस्वीकृत, निर्विवाद

**निलंबन** (पुं.) 1. लटकएबाक क्रिया 2. स्थगन, निलंबन

**निलंबन आदेश** (पुं.) स्थगनक आज्ञा

**निलंबित** (वि.) निलंबन भेल, निलंबित

**निलंबित करना** (स.क्रि.) निलंबित करब

**निलय** (पुं.) नुकएबाक वा रहबाक स्थान, घर, निलय, वास, डेरा

**निवारक** (वि.) निवारण कयनिहार, निवारक

**निवारक उपाय** (पुं.) निवारणक साधन, उपचार

**निवारण** (पुं.) 1. बढबासँ रोकबाक क्रिया 2. निवृत्ति, निबार, मना, निवारण

**निवार्य** (वि.) जकर निवारण कएल जा' सक'

**निवाला** (पुं.) कओर, ग्रास

**निवास स्थान** (पुं.) रहबाक जगह, घर, वासस्थान, निवास स्थान

**निवासी** (पुं.) नियमितरूपसँ रहनिहार, निवासी

**निवासी चिकित्सक** (पुं.) आवासीय चिकित्सक

**निवासी भारतीय** (पुं.) निवासी भारतीय

**निविदा** (पुं.) उचित टाका ल' निश्चित समयमे निश्चित शर्तपर सेवा कार्यक प्रस्ताव, टेंडर, निविदा

**निवृत्त** (वि.) 1. हटल, विरत 2. घुरल, निवृत्त

**निवृत्ति** (स्त्री.) घुरल, छोडब, निवृत्त संबंधी, निवृत्ति

**निवेदक** (पुं.) निवेदन कर'बाला, नम्रभ' कह'बाला, निवेदक

**निवेदन** (पुं.) प्रार्थना, विनती, नम्रता पूर्वक कहल गेल गप, निवेदन

**निवेदन करना** (स.क्रि.) निवेदन करब, प्रार्थना करब

**निवेदित** (वि.) प्रार्थना रूपमे कहल गेल बात, निवेदित

**निवेश** (पुं.) पैसब, अटब, समावेश, अंतर्भाव, निवेश

**निशा** (स्त्री.) राति, रात्रि, निशा

**निशाचर** (पुं.) रातिमे घुमनिहार, राक्षस, निशाचर

**निशान** (पुं.) चिह्न, पताका, पहिचान, दाग

**निशाना** (पुं.) लक्ष्य, ओ बिंदु जाहिपर बाण वा गोलीक संधान हो

**निशाना लगाना** (अ.क्रि.) ठीक लक्ष्यपर आघात कर'लेल तैयार होअब

**निशाना साधना** (अ.क्रि.) लक्ष्य संधान करब

**निशानी** (स्त्री.) चिह्न, दाग, पहिचान, लक्ष्य

**निशानेबाज** (पुं.) निशाना लगाब'बाला, लक्ष्यवेधी

**निशानेबाजी** (स्त्री.) निशाना लगएबाक कार्य

**निश्चय** (पुं.) दृढ विचार वा मत, संकल्प, निर्णय, निश्चय

**निश्चयात्मक** (वि.) सुनिश्चित, निश्चय कएल गेल

**निश्चयात्मकता** (स्त्री.) निश्चयात्मक अवस्था/भाव

**निश्चल** (वि.) अचल, स्थिर, निश्चल

**निश्चलता** (स्त्री.) निश्चलक भाव, निश्चलता

**निश्चायक** (वि.) निश्चयपर पहुँचओनिहार, निर्णायक

**निश्चायक कथन** (पुं.) निर्णीत कथन

**निश्चिंत** (वि.) निर्व्यग्र, चिंतासँ रहित, निश्चिंत

**निश्चिंतता** (स्त्री.) निश्चिंतक भाव

**निश्चित** (वि.) निर्णीत, असंदिग्ध, पक्का, निश्चित

**निश्चित प्राय** (क्रि.वि.) लगभग निश्चित

**निश्चेतक** (पुं.) व्यक्तिक अथवा शरीरक कोनो अंगविशेष क' संवेदना शून्य करबाक पदार्थ

**निश्चेष्ट** (वि.) चेष्टाहीन, निष्क्रिय, निश्चेष्ट

**निश्चेष्टता** (स्त्री.) निश्चेष्ट होएबाक भाव

**निश्छल** (वि.) छलसँ रहित, छलहीन, शुद्ध हृदय, निष्कपट, सरल, निश्छल

**निश्वास** (पुं.) निसास, फेफड़ासँ वायु निकालब, निश्वास

**निश्शंक** (वि.) शंकासँ रहित, निर्भय, निडर

**निषिद्ध** (वि.) वर्जित, मना कयल, गर्हित, निषिद्ध

**निषिद्ध क्षेत्र** (पुं.) वर्जित क्षेत्र

**निषेचन** (पुं.) 1. बौग करब, वपन करब 2. गर्भमे शुक्र सेचन

**निषेध** (पुं.) मनाही, वर्जन, प्रतिबंध, रोक, निषेध

**निषेधाज्ञा** (स्त्री.) ओहेन आज्ञा जाहिमे कोनो कार्यक वर्जन कएल हो

**निषेधात्मक** (वि.) निषेध संबंधी

**निषेधाधिकार** (पुं.) ककरो कोनो कार्यसँ रोकबाक' अधिकार

**निष्कंटक** (वि.) कंटकसँ रहित, असुविधासँ रहित, निष्कंटक

**निष्कपट** (वि.) कपटहीन, निश्छल, सरल हृदय, निष्कपट

**निष्कपटी** (वि.) कपटहीन

**निष्कर्म** (वि.) कर्मरहित, निष्क्रिय, कोनो काज नहि करब, निष्कर्म

**निष्कर्ष** (पुं.) निचोड़, सार, अंतिम निर्णय, निष्कर्ष

**निष्कलंक** (निष्कलंकिता) (वि.) कलंकहीन, निष्कलंक

**निष्कलुष** (वि.) कलुष रहित, निर्मल, पवित्र, निष्कलुष

**निष्काम** (वि.) कामनासँ रहित, निष्काम

**निष्कासन** (पुं.) बैलायब, बाहर करब, निकालब, निष्कासन

**निष्कासित** (वि.) बाहर कएल गेल, घर वा वासस्थानसँ निकालल, निष्कासित

**निष्क्रिय** (वि.) क्रियाहीन, बिनु काजक बैसल, निष्क्रिय

**निष्क्रियकरण** (पुं.) निष्क्रियकरण

**निष्क्रियता** (स्त्री.) निष्क्रिय होएबाक भाव/ अवस्था, निष्क्रियता, निश्चेष्टा

**निष्चेष्ट** (वि.) चेष्टा रहित, निष्चेष्ट

**निष्ठा** (स्त्री.) स्थिति, आस्था, श्रद्धा, निष्ठा

**निष्ठा की शपथ** (स्त्री.) निष्ठाक सपत/ प्रतिज्ञा

**निष्ठावान** (वि.) नैष्ठिक, आस्तिक, निष्ठासँ युक्त, निष्ठावान्

**निष्ठुर** (वि.) निर्दय, क्रूर, कठोर हृदय, निष्ठुर

**निष्ठुरता** (स्त्री.) निष्ठुरक भाव, निष्ठुरता

**निष्णात** (वि.) निपुण, दक्ष, विशेषज्ञ, निष्णात

**निष्पंद** (वि.) स्पंद रहित, निष्पंद

**निष्पक्ष** (वि.) पक्षपात रहित, तटस्थ, निष्पक्ष

**निष्पक्ष चुनाव** (पुं.) निष्पक्ष चुनाव

**निष्पक्ष जाँच** (स्त्री.) निष्पक्ष जाँच

**निष्पक्षता** (स्त्री.) निष्पक्षक अवस्था/भाव, निष्पक्षता

**निष्पत्ति** (स्त्री.) उत्पत्ति, आविर्भाव, निष्पत्ति

**निष्पन्न** (वि.) संपन्न, पूरा भेल, कार्यान्वित, निष्पन्न

**निष्पादक** (पुं.) कोनो कार्यकेँ पूरा कयनिहार, निष्पादक

**निष्पादन** (पुं.) निष्पन्न करबाक क्रिया, संपादन, कार्यान्वयन, निष्पादन

**निष्पादित** (वि.) निष्पन्न भेल, संपादित, निष्पादित

**निष्पाप** (वि.) पाप रहित, निष्पाप

**निष्प्रभावित** (वि.) प्रभावहीन भेल, निष्प्रभावित

**निष्प्रयोजन** (वि.) प्रयोजन रहित, निरर्थक, बेकार, निष्प्रयोजन

**निष्प्राण** (वि.) प्राण वा चेतनासँ रहित, निष्प्राण

**निष्फल** (वि.) विफल, असफल, व्यर्थ, निष्फल

**निस्तब्ध** (वि.) 1. गतिहीन, स्तंभित 2. चेष्टा रहित, निस्तब्ध

**निस्तब्धता** (स्त्री.) निस्तब्ध होएबाक भाव/ अवस्था

**निस्तारण** (पुं.) निस्तार करबाक क्रिया, पार होयब

**निस्तेज** (वि.) तेजहीन, निष्प्रभ, मलिन, निस्तेज

**निस्पंद** (वि.) स्पंदरहित, गतिहीन

**निस्संकोच** (वि./क्रि.वि.) संकोच रहित, बिनु लाजक

**निस्संतान** (वि.) संतान रहित, बिनु संततिक

**निस्संदेह** (क्रि.वि.) बिना संदेहक, अवश्यमेव, निस्संदेह

**निस्सहाय** (वि.) असहाय, बेसहारा, जकरा कोनो सहायता नहि हो

**निस्सार** (वि.) सारहीन, व्यर्थ, निरर्थक

**निस्सीम** (वि.) सीमासँ रहित, अनंत, अपार

**निस्स्वार्थ** (वि.) स्वार्थसँ रहित, निस्स्वार्थ

**निहत्था** (वि.) सून हाथ, जकरा हाथमे अस्त्र वा शस्त्र नहि हो

**निहाई** (स्त्री.) निहाइ, निघात, लोहक ओ घन जाहिपर सोनार वा लोहार धातुकेँ पीटैत अछि

**निहारना** (स.क्रि.) निहारब, ध्यानपूर्वक ताकब, अवलोकन करब

**निहाल** (वि.) नेहाल, प्रसन्न, कृतार्थ, प्रफुल्ल

**निहित** (वि.) विहित, स्थापित, निहित

**निहित स्वार्थ** (पुं.) निहित स्वार्थ

**निहितार्थ** (पुं.) अभिप्रेत अर्थ, लक्षित अर्थ, निहितार्थ

**नींद** (स्त्री.) नीन, निद्रा

**नींबू** (पुं.) नेबो, फल विशेष जकर रस अम्ल वा मधुर होएत अछि

**नींव** (स्त्री.) आधार, भवन वा संरचनाक माटिक तर'क ठोस आधार

**नीच** (वि.) 1. निचला, निकृष्ट, नीच 2. तुच्छ, अधम, पामर

**नीचता** (स्त्री.) नीच होएबाक भाव/अवस्था, नीचता

**नीचा** (वि.) निच्चा, निचला

**नीचाई** (स्त्री.) नीच होएबाक अवस्था

**नीचे** (क्रि.वि.) निचका

**नीड़** (पुं.) खोँता, नीड

**नीति** (स्त्री.) मार्गदर्शक निर्णय, नीति

**नीतिकुशल** (वि.) नीति जननिहार, नीतिकुशल

**नीतिज्ञ** (वि./पुं.) नीतिशास्त्रक ज्ञाता, नीतिज्ञ

**नीतिनिदेशन** (पुं.) नीतिनिदेशन

**नीतिशास्त्र** (पुं.) नीतिविषयक पोथी/ग्रंथ, नीतिशास्त्र

**नीम** (पुं.) औषधीय गुणसँ युक्त वृक्षविशेष, नीम

**नीम हकीम** (पुं.) नीम हकीम

**नीयत** (स्त्री.) निय'ति, अभिप्राय, भीतरी इच्छा

**नीर** (पुं.) जल, पानि, नीर

**नीरव** (वि.) निःशब्द, जाहिमे ध्वनि नहि, मौन, चुप, नीरव

**नीरवता** (स्त्री.) नीरव होएबाक अवस्था

**नीरस** (वि.) रस रहित, उसठ, सुखायल, रसहीन, नीरस

**नीरसता** (स्त्री.) नीरस होएबाक अवस्था/भाव, नीरसता

**नीरा** (स्त्री.) ताड़'गाछक रस जे स्वादिष्ट आ लाभकारी होइत अछि

**नीरोग** (वि.) रोगरहित, स्वस्थ, नीरोग

**नीरोगी** (वि.) स्वस्थ व्यक्ति, जकरा रोग नहि हो, नीरोगी

**नील** (वि.) नीलरङ, निर्मल आकाशसन रङबाला, नील

**नीलगाय** (स्त्री.) नीलरङक एक जंगली पशु जे गायसन होइत अछि, नीलगाए

**नीलम** (नीलमणि) (पुं.) नीलरङक रत्न विशेष, नीलमणि, नीलम

**नीललोहित** (वि.) नीलरङसँ युक्त लालरङ, नीललोहित

**नीला** (वि.) नीलरङक' अवस्था

**नीलापन** (पुं.) नीलरङसन

**नीलाभ** (वि.) नील रङक आभा/चमक

**नीलाम** (पुं.) ग्राहककेँ एकत्र क' स्पर्धात्मक मूल्यक घोषणा कए भेल बिक्री, विक्रय करब

**नीलामकर्ता** (पुं.) नीलाम करयबाला,नीलामकर्ता

**नीलामी** (पुं.) नीलामी

**नीलिमा** (स्त्री.) नीलसन रंग

**नीहारिका** (स्त्री.) एक तारापुँज जे कुहेस सदृश देखाइ पड़ैत अछि, आकाशगंगा, नीहारिका

**नुकसान** (पुं.) नोकसान, क्षति, हानि

**नुकीला** (वि.) नोकगर, तीक्ष्ण अग्रभागबाला

**नुकीलापन** (पुं.) नोकगर

**नुक्कड़** (पुं.) नोकसन अग्रभागबाला

**नुक्ताचीनी** (स्त्री.) छिद्रान्वेषी, दोसरक दोष देख'बाला

**नुक्स** (पुं.) न्यूनता, कमी

**नुचना** (अ.क्रि.) नोचब, खोखरब, कुड़िआयब

**नुचवाना** (स.क्रि.) नोचायब, खोखरायब

**नुमाइश** (स्त्री.) देखायब, प्रदर्शन, प्रदर्शनी

**नुमाइशी** (वि.) प्रदर्शनीसँ संबंधित

**नुस्खा** (नुसखा) (पुं.) ओ कागज जाहिपर वैद्य औषधि आ प्रयोगविधि लिखैत छथि

**नूतन** (वि.) नव, नवीन, नया, नूतन

**नूतनता** (स्त्री.) नूतन होएबाक अवस्था, नूतनता

**नूपुर** (पुं.) पैरक एक आभूषण, नूपुर

**नूर** (पुं.) प्रकाश, ज्योति, आभा, चमक

**नृत्य** (पुं.) नाच, संगीत आदिमे तालक गतिपर अंग-संचालन करब, नृत्य

**नृत्यकला** (स्त्री.) नृत्यकला

**नृत्यनाटिका** (स्त्री.) नृत्यनाटिका

**नृत्यशाला** (स्त्री.) नृत्यशाला, रंगशाला

**नृप** (नृपति) (पुं.) राजा, नृप

**नृविज्ञान** (नृतत्वविज्ञान) (पुं.) नृविज्ञान

**नृविज्ञानी** (पुं.) नृविज्ञान जननिहार

**नृशंस** (वि.) निर्दय, क्रूर, अत्याचार, नृशंस

**नृशंसता** (स्त्री.) नृशंस होएबाक अवस्था, नृशंसता

**नेक** (वि.) नीक, उत्तम, उत्कृष्ट

**नेकचलन** (वि.) शुद्ध आचरण

**नेकचलनी** (स्त्री.) उत्तम आचरण

**नेकदिल** (वि.) सहृदय

**नेकनाम** (वि.) यशस्वी, कीर्तिमान्

**नेकनामी** (स्त्री.) प्रसिद्धि

**नेकनीयत** (वि.) शुद्ध दृष्टि

**नेक नीयती** (स्त्री.) पवित्र दृष्टि

**नेकी** (स्त्री.) नेक होएबाक अवस्था/भाव

**नेकी-बदी** (स्त्री.) नीक आ बेजाय, पाप आ पुण्य

**नेग** (पुं.) कोनो शुभ/मांगलिक कार्यमे नोकर अ टहलू सबकेँ उगरा देबाक प्रथा

**नेता** (पुं.) मार्गदर्शक, कोनो संप्रदाय/जाति/वर्ग आदिक लोककेँ आगू चलनिहार, नेता

**नेतागिरी** (स्त्री.) नेता होएबाक भाव/अवस्था, नेतागिरी

**नेतृत्व** (पुं.) नेताक कार्य वा पद, नेतृत्व

**नेत्र** (पुं.) आँखि, नजरि, ओ इंद्रिय जाहिसँ देखल जाइछ, नेत्र

**नेत्रविज्ञान** (पुं.) नेत्रविज्ञान

**नेत्री** (स्त्री.) नेताक स्त्रीलिंग रूप, नेत्री

**नेपथ्य संगीत** (पुं.) पर्दा-पाछाँक गीत, नेपथ्य संगीत

**नेमी** (वि.) नियम सिद्ध कार्य-पद्धति, परिपाटी

**नेमी जाँच** (स्त्री.) नेमी जाँच

**नेवला** (पुं.) नकुल, बिज्जी, सपनौर

**नैतिक** (वि.) नीति संबंधी, नैतिक

**नैतिक आचरण** (पुं.) नैतिक आचरण

**नैतिकता** (स्त्री.) नैतिक होएबाक भाव, नैतिकता

**नैतिक पतन** (पुं.) नैतिक पतन, आचारहीन

**नैतिक बल** (पुं.) नैतिक बल

**नैतिक मूल्य** (पुं.) नैतिक मूल्य

**नैदानिक** (वि.) निदान संबंधी

**नैमित्तिक** (वि.) कोनो निमित्तसँ जे कएल जाय

**नैरंतर्य** (पुं.) जे निरंतर हो, निरंतरता, नैरंतर्य

**नैराश्य** (पुं.) निराश होएबाक अवस्था, नैराश्य

**नैवेद्य** (पुं.) निवेदित भोज्य पदार्थ, नैवेद्य

**नैसर्गिक** (वि.) स्वाभाविक, प्राकृतिक, नैसर्गिक

**नैहर** (पीहर) (पुं.) महिलाक पितृगह, नैहर

**नोक** (स्त्री.) कोणाकार तीक्ष्ण अग्रभाग, नोक

**नोक-झोंक** (स्त्री.) परस्पर उलहन देब, उलहना-उलहनी

**नोकदार** (वि.) नोकगर

**नोच-खसोट** (स्त्री.) नोचब-झपटब

**नोचना** (स.क्रि.) नोचब, खोखरब, कुड़िआयब

**नोट** (पुं.) 1. टाका, रुपैया 2. टिप्पणी

**नौ** (वि.) नओ, दससँ एक कम, 9

**नौकर** (पुं.) नोकर, चाकर, टहलू

**नौकरशाह** (पुं.) नोकर होइतो अपनाकेँ स्वामी बुझ'बाला व्यक्ति

**नौकरशाही** (स्त्री.) नौकरशाह अधिकारी द्वारा संचालित तंत्र

**नौकरानी** (स्त्री.) सेविका

**नौकरी** (स्त्री.) नोकरी, सेवाकार्य, चाकरी

**नौकरी पेशा** (स्त्री.) नोकरी क' जीविका चलब'बाला

**नौका** (स्त्री.) नाओ, तरणि

**नौकाघाट** (पुं.) नौकाघाट, नाओ राख'बला घाट

**नौका-विहार** (पुं.) नौका-विहार, नाओ पर घूमब-फिरब

**नौचालन** (पुं.) नाओ चलायब

**नौजवान** (पुं.) नवयुवक, युवक

**नौटंकी** (स्त्री.) लोक नाट्य, नौटंकी

**नौपरिवहन** (पुं.) नाओपरिवहन

**नौबत** (स्त्री.) 1. विकट परिस्थिति, नौबति 2. शहनाइ

**नौभार** (पुं.) नौभार, जहाजक भार

**नौविज्ञान** (पुं.) नौविज्ञान, नाओविज्ञान

**नौसंचालन** (पुं.) नौसंचालन

**नौसादर** (पुं.) एक प्रकारक क्षारीय नोन

**नौसिखिया** (वि./पुं.) नबसिखुआ

**नौसेना** (स्त्री.) नौसेना, जलसेना

**नौसेनाध्यक्ष** (पुं.) नौसेनाध्यक्ष, जलसेनाध्यक्ष

**नौसेवा** (स्त्री.) नौसेवा

**नौसैनिक** (वि./पुं.) नौसैनिक

**न्याय** (पुं.) विधि, इनसाफ, नियम, कानून, न्याय

**न्यायकर्ता** (पुं.) न्याय कयनिहार, जज, न्यायकर्ता

**न्यायतंत्र** (पुं.) न्यायतंत्र

**न्याय पंचायत** (स्त्री.) न्यायपंचायत

**न्यायपालिका** (स्त्री.) न्यायपालिका

**न्यायपीठ** (स्त्री.) न्यायाधीशक पद, न्यायपीठ

**न्यायप्रिय** (वि.) जकरा न्याय वा न्यायक पक्ष प्रिय हो, न्यायप्रिय

**न्यायमूर्ति** (स्त्री.) अति न्यायपूर्ण व्यक्ति, न्यायमूर्ति, जज

**न्यायवादी** (पुं.) न्यायवादी

**न्यायशास्त्र** (पुं.) न्यायदर्शनक शास्त्र

**न्यायसंगत** (वि.) न्यायोचित, न्यायपूर्ण

**न्यायाधिकरण** (पुं.) कोनो विशेष विवादक निर्णयक लेल सरकार द्वारा गठित न्यायालय

**न्यायाधीश** (पुं.) न्यायपीठक अध्यासी पदाधिकारी, जज

**न्यायालय** (पुं.) अदालत, कोर्ट, न्यायालय

**न्यायालय अवमानना** (पुं.) न्यायालयक निर्णयक अवहेलना वा ओहि पर किओ व्यक्ति वा पत्र-पत्रिका द्वारा कटु टिप्पणी संबंधी कोर्टक अपमान

**न्यायिक** (वि.) न्यायालय संबंधी, न्यायिक

**न्यायिक जाँच** (स्त्री.) न्यायिक जाँच

**न्यायी** (वि.) न्याय कर’बाला, उचित पक्षक समर्थक

**पुनर्ग्रहण अधिकार** (पुं.) पुनर्ग्रहण अधिकार

**पुनर्जन्म** (पुं.) पुनर्जन्म, दोसर बेर शरीर धारण करब

**पुनर्जागरण** (पुं.) पुनर्जागरण, नवजागरण

**पुनर्जीवन** (पुं.) पुनर्जीवन, नवजीवन

**पुनर्निर्माण** (पुं.) पुनर्निर्माण, नवनिर्माण

**पुनर्नियुक्ति** (स्त्री.) कोनो पद पर फेरसँ नियुक्ति, पुनर्नियुक्ति

**पुनर्परीक्षण** (पुं.) फेरसँ जाँचब, पुनर्परीक्षण

**पुनर्मिलन** (पुं.) पुनर्मिलन, बार बार मिलन

**पुनर्मुद्रण** (पुं.) नव संस्करण, पुनर्मुद्रण

**पुनर्लेखन** (पुं.) पुनर्लेखन

**पुनर्वास** (पुं.) विस्थापित जनकेँ फेरसँ बसायब, पुनर्वास

**पुनर्विकास** (पुं.) पुनरुद्धार, नवनिर्माण

**पुनर्विचार** (पुं.) अपील, न्यायालयादिमे न्यायार्थ पुनः आवेदन करब पुनर्विचार

**पुनर्विभाजन** (पुं.) पुनर्विभाजन

**पुनर्विलोकन** (पुं.) पुनरीक्षण, पुनर्विलोकन

**पुनर्विवाह** (पुं.) दोसर विवाह करब, पुनर्विवाह

**पुनर्स्थापन** (पुं.) पुनःस्थापन

**पुनश्च** (वि.) आओर, फेर, पुनश्च

**पुनश्चर्या** (पुं.) पुनश्चर्या

**पुनि-पुनि** (क्रि. वि.) बार-बार, बेर-बेर

**पुनीत** (वि.) पवित्र, शुद्ध, पूत, पुनीत

**पुरइन** (स्त्री.) पुरइनि, कमलक लत्ती, नलिनी

**पुरखा** (पुरखे) (पुं.) 1. पूर्वज लोकनि 2. पीढी, वंश-क्रम, पुश्त, पुरखा

**पुरजा** (पुं.) 1. वैद्यक लिखल औषधि, पथ्यादि, कागतक टुकड़ा 2. टुकड़ा, खंड, अवयव, यंत्रादिक पार्ट

**पुरना** (स. क्रि.) 1. भरब, पूर्ण करब 2. पुरान कोटिक, पुरना, पुरनका

**पुरवा** (पुं.) 1. छोट गाम/बस्ती 2. माटिक ढे. (स्त्री) पुरबा हवा, पूर्वदिससँ आयल बसात

**पुरवाई** (स्त्री.) पुरबा, पूर्व दिशासँ अयल वायु

**पुरवासी** (पुं.) नगरबासी

**पुरातत्व** (पुं.) पुरातत्व

**पुरातत्वविद्** (वेत्ता) (पुं.) पुरातत्वविद्

**पुरातन** (पुं.) पुरान, प्राचीन, पूर्व कालक

**पुरातनपंथी** (वि./पुं.) पुरातनवाद

**पुरातनवाद** (पुं.) पुरातनवाद, प्राचीन परंपराक माननिहार

**पुरातात्विक** (वि.) पुरातात्विक

**पुराना** (वि.) पुरान, मलीन, प्राचीन

**पुरानापन** (वि.) पुरानसन्, पुरान जकाँ

**पुराना पापी** (पुं.) पुरान पापी

**पुराना लेख** (पुं.) पुरानलेख, पुरान लिखल

**पुरावशेष** (पुं.) पुरावशेष, प्राचीनलेखक अवशेष

**पुरी** (स्त्री.) पुरी, नगर, शहर, स्थल

**पुरुष** (पुं.) पुरुखा, पुरुष, पुरुख

**पुरुषत्व** (पुं.) पुरषाह/पुरुषत्व
**पुरुषार्थी** (वि.) पौरुषपूर्ण, पुरुखाह
**पुरुषोत्तम** (पुं.) उत्तम लोक/ भगवान
**पुरुहिताई** (पुं.) पूजा करएबाक विधि -(पुं.) पूजा करवाक कर्म, पौरोहित्य
**पुरोहित** (पुं.) पुरहित, पूजा करौनिहार, पुरोहित
**पुर्जा** (पुं.) पुर्जा, कलपुर्जा
**पुल** (पुं.) पुल, सेतु
**पुलकित** (वि.) आनंदित, उल्लसित, पुलकित
**पुलाव** (पुं.) पोलाव
**पुलिंदा** (पुं.) पोलिंदा
**पुलिन** (पुं.) कात, पुलिन, तट, भीर
**पुलिया** (स्त्री.) बमपुल्ली
**पुलिस** (स्त्री.) पुलीस, पुलिस
**पुलिस कार्रवाई** (पुं.) पुलिसिया कारबाइ
**पुलिस मैन** (पुं.) पुलीस मैन
**पुलिस राज** (पुं.) पुलिसिया राज
**पुल्लिंग** (पुं.) पुल्लिंग, पुरुष
**पुल्ली** (स्त्री.) आँटी, पुल्ली
**पुराना** (पुं.) पुरान, प्राचीन
**पुश्त** (स्त्री.) पीढी, खाढी
**पुश्ता** (पुं.) बान्ह
**पुश्तैनी** (वि.) कौलिक, खानदानी
**पुष्कर** (पुं.) पोखरि, सरोवर आदि
**पुष्ट** (वि.) पुष्ट, समर्थन
**पुष्टि** (वि.) समर्थन
**पुष्टिकरण** (पुं.) पुष्टिकरब
**पुष्प** (पुं.) फूल, कुसुम
**पुष्पक** (पुं.) पुष्पक, फूलसँ बनाओल विमान
**पुष्प कृषि** (स्त्री.) फूलक खेती
**पुष्पगुच्छ** (पुं.) पुष्पगुच्छ, बुके
**पुष्पमाला** (स्त्री.) पुष्पमाला, फूलक माला
**पुष्प राग** (पुं.) पुष्पराग
**पुष्पवर्षा** (स्त्री.) पुष्प बरखा, फूलक वर्षा
**पुष्पवाटिका** (स्त्री.) फुलबाड़ी, पुष्पवाटिका
**पुष्पशैया** (स्त्री.) फूलसँ सजाओल ओछाओन
**पुष्पांजलि** (स्त्री.) पुष्पांजलि
**पुष्पिका** (स्त्री.) 1. दाँत, दाँतक पपड़ी/मणिता 2. उपसंहार
**पुष्पित** (वि.) फुलायल, विकसित, पुष्पित
**पुष्पी** (वि.) विकसित
**पुष्पोद्यान** (पुं.) पुलबाड़ी
**पुस्तक** (स्त्री.) पोथी, पुस्तक, ग्रंथ
**पुस्तक डाक** (पुं.) बुकपोस्ट, पुस्तक डाक
**पुस्तक सूची** (स्त्री.) पुस्तक सूची
**पुस्तकाकार** (वि.) पोथीक रूप, पुस्तक रूप
**पुस्तकालय** (पुं.) ग्रंथालय, ग्रंथागार
**पुस्तकालय विज्ञान** (पुं.) पुस्तकालय विज्ञान/ शास्त्र
**पुस्तकालयाध्यक्ष** (पुं.) लाइब्रेरियन, पुस्तकाल-याध्यक्ष
**पुस्तकीय** (वि.) पुस्तकक ज्ञान, जानकारी
**पुस्तिका** (स्त्री.) छोट-छिन मुद्रित पोथी जकाँ
**पूँछ** (स्त्री.) नांगड़ि, पुछड़ी
**पूँजी** (स्त्री.) पूजी, पूँजी
**पूँजी अनुदान** (पुं.) पूजीमे वित्तीय अनुदान, पुँजी, अनुदान, पूजी जन्य निवेश, पूँजी निवेश
**पूँजीपति** (पुं.) पूजीपति, धनिक लोक
**पूँजीवाद** (पुं.) पूजीवाद, आर्थिक विचारधारा धनविशेष
**पूँजीवादी** (पुं.) पूजीवादक मान्यता ओ विचारवाद
**पूँजीगत लेखा** (पुं.) पूजीगत लेखा, हिसाब-किताब
**पूआ** (पुं.) मालपूआ, पूआ, मीठ पकवान
**पूछ** (स्त्री.) मान, आग्रह, आदर
**पूछताछ** (स्त्री.) जिज्ञासा, पूछा-पाछी, पुछारी
**पूछताछ कर्ता** (पुं.) पूछ-ताछ केनिहार, जिज्ञासा कर्ता
**पूछताछ कार्यालय** (पुं.) पुछारि करबाक कार्यालय, पूछताछ कार्यालय
**पूजन** (पुं.) पूजा करब, पूजा
**पूजन विधि** (स्त्री.) पूजाक विधि/क्रम

**पूजना** (स.क्रि.) पूजा करब, पुजनाइ, पूजन
**पूजनीय** (वि.) पूज्य, पूजा योग्य, अत्यंत आदरणीय
**पूजा** (स्त्री.) पूजा, पूजनाइ
**पूजित** (वि.) पूजनीय, पूजित, समादृत
**पूज्य** (वि.) पूज्य, सम्मान योग्य
**पूज्यवर** (वि.) पूज्यवर, परम श्रेष्ठ
**पूनम** (स्त्री.) पूर्णिमा, पूर्ण चन्द्रमा, पूर्णचन्द्र
**पूरक** (वि.) पूरक
**पूरक प्रश्न** (पुं.) पूरक प्रश्न
**पूरण** (पुं.) पूर्ण, पूरा
**पूरब** (पुं.) पूब, पूर्व दिशा
**पूरा** (वि.) पूरा, संपूर्ण, सभटा
**पूरित** (वि.) पूरा भ'गेल, संपन्न
**पूरी** (स्त्री.) 1. पूरी 2. पूजा विषयक छोट पात्र जाहिमे चानन आदि राखल जाइछ
**पूरी मरम्मत** (स्त्री.) संपूर्ण मरम्मति, पूरा-पूरा ठीक करब
**पूर्ण** (वि.) पूरा, पूर्ण, संपूर्ण
**पूर्ण अधिवेशन** (पुं.) संपूर्ण सत्र, अधिवेशन
**पूर्ण एकाधिकार** (पुं.) संपूर्ण एकाधिकार, एकाधिकारी
**पूर्णकालिक** (वि.) पूरा समयक, पूर्ण कालिक
**पूर्णकौशल** (पुं.) दक्ष, पूर्ण कौशल्य
**पूर्ण चंद्र** (पुं.) पूर्ण चन्द्र, पूरा उगल चन्द्रमा, पूर्णिमा
**पूर्णतः** (क्रि.वि.) पूरा-पूरी, पूर्णतः
**पूर्णता** (स्त्री.) संपूर्ण भेनाइ, पूर्णता
**पूर्णन्यायपीठ** (स्त्री.) पूर्ण न्यायपीठ
**पूर्ण न्यास** (पुं.) पूर्ण न्यास, मंदिर आदिक ट्रस्ट, न्यास
**पूर्ण बहुमत** (पुं.) पूर्णबहुमत, स्पष्ट बहुमत
**पूर्ण योग** (पुं.) पूर्णफल, पूर्णांक
**पूर्ण विराम** (पुं.) पूर्णविराम
**पूर्ण सम्मेलन** (पुं.) पूरा सम्मेलन
**पूर्ण स्वामित्व** (पुं.) सर्वाधिकार, पूर्ण स्वामित्व
**पूर्णांक** (पुं.) पूर्णांक, टोटल, संपूर्ण अंक
**पूर्णायु** (स्त्री.) पूरा आयु, आयु संपन्न, संपूर्ण वयस
**पूर्णावतार** (पुं.) पूर्णावतार, पूरा अवतार
**पूर्णाहुति** (स्त्री.) पूर्णाहुति, हवनक अंतिम आहुति
**पूर्णिमा** (स्त्री.) पूर्णिमा, पूरा चान
**पूर्ति** (स्त्री.) पूरा करब, पूर्ति करब, पूर्ति
**पूर्तिकार** (पुं.) पूर्ति कर्ता, पूर्ति कारक
**पूर्व** (पुं.) पूब दिस, पहिने
**पूर्व अनुमोदित** (पुं.) पहिलहिसँ अनुमोदित, पूर्वानुमोदित, पहिलहि अनुमोदित
**पूर्व उदाहरण** (पुं.) पहिल उदाहरण/प्रमाण, पूर्व उदाहरण
**पूर्व कथित** (वि.) पहिनहि कहल गेल, पूर्व कथित
**पूर्वकालिक** (वि.) पहिनेक', पहिनेक संबंधित विषय, पूर्वकालिक
**पूर्व छात्र** (पुं.) पुरान छात्र, पूर्व छात्र, पहिनेक छात्र
**पूर्वज** (पुं.) पूर्व पीढीक लोक, पूर्वज, पुरखा
**पूर्वज्ञान** (पुं.) जे पहिलहि ज्ञात हो, पूर्वज्ञान
**पूर्वताक्रम** (पुं.) परम्परया, मर्यादा, पूर्वापर क्रम, प्रोटोकॉल, सिरा भट्ठाक अवधारणा
**पूर्वदत्त** (वि.) पहिनहि द'देल गेल, पूर्वदत्त
**पूर्व दिनांकित** (वि.) पहिनेक तिथ्यांकन, पूर्वहिक तारीख देल
**पूर्व दिनांकित चेक** (पुं.) भविष्यहुक हेतु भुगतान योग्य, पहिनहिक तारीख लिखित चेक
**पूर्वधारणा** (स्त्री.) पहिनहिसँ बनाओल गेल धारणा, पूर्व धारणा
**पूर्व निर्देश** (पुं.) पूर्वक संदर्भक निर्देश, कारवाइक निर्देश
**पूर्व पीठिका** (स्त्री.) पृष्ठभूमि, पूर्व पीठिका
**पूर्व पुरुष** (पुं.) पूर्वज लोकनि, पूर्व पुरुष

**पूर्ववत** (अव्य.) जेहन पूर्वमे रहय, पूर्ववत
**पूर्ववर्ती** (वि.) पहिनहिसँ रहल, पूर्ववर्ती
**पूर्ववृत्त** (पुं.) पूर्वकथा, पूर्ववृत्त, पहिलुक
**पूर्वव्यापी प्रभाव** (पुं.) जे प्रभाव पहिनहिसँ व्याप्त हो
**पूर्वशर्त** (स्त्री.) जे शर्त राखल गेल हो पहिनहि, पूर्वशर्त
**पूर्व संदर्भ** (पुं.) पहिनेहिक संदर्भ, पूर्व संदर्भ
**पूर्वाग्रह** (पुं.) कोनो बात/विचार/मान्यता जे मनमे पहिनहिसँ बैसल हो, पूर्वाग्रह
**पूर्वाभास** (पुं.) जकर आभास पहिनहि भ' जाय ओ पूर्वाभास
**पूर्वायोजित** (वि.) जे पहिनहि आयोजित हो, पहिनेसँ कयल योजना, पूर्वायोजित
**पूर्वार्ध** (पुं.) कोनो प्रकरण/विषयक पहिल आधा भाग, पूर्वार्ध
**पूर्वापर** (अव्य.) क्रमानुसार पहिल ओ पश्चातक, पूर्वा पर
**पूर्वाह्न** (पुं.) दिनक पूर्व अर्धांश, पूर्वाह्न
**पूर्वी** (वि.) पुरबिया, पूर्वी
**पूर्वोक्त** (वि.) पहिने कहल गेल, पूर्वोक्त
**पूर्वोत्तर** (वि./पुं.) पूब-उत्तरी क्षेत्र, पूर्वोत्तर
**पूर्वोपाय** (पुं.) पूर्व साकांक्षता, पहिनहिसँ सोचल उपाय, पूर्वोपाय
**पूला** (पुं.) पुल्ला, पुल्ली, आँटी
**पूस** (पुं.) पूस मास, वर्षक दसम मास
**पृथक** (वि.) फराक, भिन्न, पृथक्
**पृथकता** (स्त्री.) भेद होएब, भिन्नता होएब, पृथकता
**पृथकतावाद** (पुं.) अलगाववादी, पृथक्तावाद, प्रवृत्ति
**पृथकतावादी** (पुं.) अलगाववादी, पृथकतावादी प्रवृत्ति
**पृथक्करण** (पुं.) अलग/पृथक करब, पृथक्करण, फुटाएब, फुट करब
**पृथक्कारी** (वि.) अलग कयनिहार, जे पृथक करय
**पृथु** (वि.) भरिगर, मोटगर, पैघ

**पृथ्वी** (स्त्री.) धरती, पृथ्वी
**पृष्ठ** (पुं.) 1. पीठ, अगिला 2. पृष्ठ, पन्ना
**पृष्ठ-अंकन** (पुं.) पृष्ठक संख्या देब, पृष्ठक
**पृष्ठभाग** (पुं.) पन्नाक दोसरभाग, पन्नाक पीठ
**पृष्ठभूमि** (स्त्री.) पृष्ठभूमि
**पृष्ठ सज्जा** (स्त्री.) पृष्ठ बनायब, निर्मित, पृष्ठसज्जा
**पृष्ठांकन** (पुं.) पृष्ठ पर उल्लेखित करब, पृष्ठांकन, पेज नंबर देब
**पृष्ठांकित** (वि.) पृष्ठ पर उल्लिखित, अंकित
**पृष्ठांकित चेक** (पुं.) पृष्ठांकित चेक
**पेंग** (स्त्री.) आस देब
**पेंदी** (स्त्री.) पेनी, पेंदी
**पेंशन** (पुं.) पेंशन, पिल्सिन, सेवा निवृत्तकेँ देय मासिक, जीवन-निर्वाह भत्ता
**पेंशन निधि** (स्त्री.) पेंशनक निधि/ट्रस्ट, पेंशन निधि
**पेंशन हितलाभ** (पुं.) पेंशन संबंधी हितकारी, लाभकारी, आर्थिक राशि
**पेंशन पद** (पुं.) पेंशन संबंधी पद
**पेंशन प्रभार** (पुं.) पेंशन संबंधित कार्य प्रभार, पेंशन प्रभार
**पेंसिल** (स्त्री.) पिल्सिन, पेंसिल
**पेउस** (पुं.) खिरसा
**पेच** (पुं.) पेंचा, मोड़ल, पेंच
**पेचकस** (पुं.) पेंचकस
**पेचदार** (वि.) पेंचबाला, पेचदार
**पेचवान** (पुं.) पेंचवान, पैघ हुक्काक प्रभार
**पेचिश** (स्त्री.) अमांशय, पेचिका
**पेचीदगी** (स्त्री.) पेचिल, पेचीदर, पेचिगर
**पेचीदापन** (पुं.) ओझराएल, पेचीदापन
**पेट** (पुं.) पेट, उदर
**पेटकुइयाँ** (पुं.) पेटकुनियाँ, पेटक भरे पड़ब
**पेटी** (स्त्री.) पेटी (बकसा), पेटी
**पेटू** (वि.) पेटू, खौकार, भोजनभट्ट, खाधुर

**पेटूपन** (पुं.) खाधुर स्वभावक, बेसी खयबाक प्रवृत्ति
**पेटेंट** (वि./पुं.) पेटेंट
**पेट्रोल** (पुं.) पेटरोल, पेट्रोल
**पेठा** (पुं.) पेठा, मोरब्बा
**पेड़** (पुं.) गाछ, वृक्ष
**पेड़-पौधे** (पुं.) गाछ-वृक्ष
**पेड़ा** (पुं.) पेड़ा
**पेडू** (पुं.) पेंडू, पेडू
**पेय** (वि.) पीब' योग्य, पीबाक, पेय
**पेरना** (स.क्रि.) पेड़ना, जाहिसँ पेड़ल जाय
**पेराई** (स्त्री.) पेड़वाक दाम, पेड़ल जाएब, पेराइ
**पेलना** (स.क्रि.) पैंसायब, ढुकायब, पेलब (डंड पेलब)
**पेश** (वि.) प्रस्तुत, प्रस्तुत करब
**पेशकश** (पुं.) प्रस्तुति, पेशकश
**पेशकार** (पुं.) पेशकार
**पेशगी** (स्त्री.) अगाउ
**पेशतर** (अव्य.) पूर्वतत्पर, पेशतर
**पेशबंद** (पुं.) चमड़ाक पेटी, बेल्ट
**पेशबंदी** (स्त्री.) पेशबंदी
**पेशराज** (पुं.) पेशराज
**पेशवाई** (स्त्री.) पेशवाई, प्रमुखकेँ अधिशासी करक' अधिकार
**पेश होना** (अ.क्रि.) उपस्थिति, उपस्थित रहब
**पेशा** (पुं.) व्यवसाय, रोजगार
**पेशानी** (स्त्री.) कपार, ललाट
**पेशाब** (पुं.) लग्घी, मुत्ती, पेशाब
**पेशाबखाना** (पुं.) लग्घी करबाक स्थान, मूत्रालय
**पेशाब घर** (पुं.) लघुशंका निवारण घर, मूत्रालय
**पेशावर** (वि.) 1.सीमा प्रांत एक स्थानक नाम 2. व्यवसायसँ जुड़ल, व्यावसायिक
**पेशी** (स्त्री.) सुनवाइ हेतु प्रस्तुत हएब, पेशी
**पेषण** (पुं.) पेषण
**पेस्ट** (स्त्री.) साटब
**पैंजनी** (स्त्री.) पैजनी
**पैंट** (स्त्री.) पैंट, एक प्रकारक वस्त्र
**पैंतरा** (पुं.) पैंतरा, युक्तिलगा क' व्यवहार बदलब
**पैंतरेबाज** (पुं.) पैंतराबाज, पैंतरा देखाब'बाला
**पैंतरेबाजी** (स्त्री.) पैतरा देखयबाक व्यवहार, पैंतरेबाजी
**पैंतालीस** (वि.) पैंतालीसक संख्या, अंक 45
**पैंतीस** (वि.) पैंतीसक संख्या, अंक 35
**पैंयाँ** (स्त्री.) पयर
**पैंसठ** (वि.) पैंसठिक संख्या, अंक 65
**पैकिंग** (स्त्री.) सैति क' बान्हब
**पैकेट** (पुं.) पैकेट
**पैगंबर** (पुं.) समदिया, संदेशकार, इस्लामधर्ममे एक धार्मिक पद
**पैगाम** (पुं.) समाद, संवाद
**पैठ** (स्त्री.) प्रवेश, पहुँच, पैठ
**पैठना** (अ.क्रि.) पैसब, पैसनाइ, पैठव
**पैडा** (स्त्री.) पैड़ी, सीढी
**पैड़ी** (पुं.) सादा कागजक गत्तामे
**पैताना** (पुं.) पैतानी, ओछाओनक पयर दिसि
**पैतृक** (वि.) पैतृक, पिता प्रदत्त
**पैदल** (वि./पुं./क्रि.वि.) पायर-पायर, पॉव-पैदल
**पैदा** (वि./स्त्री.) उत्पन्न, जनमब
**पैदाइश** (स्त्री.) जन्म, उत्पन्न हएब
**पैदा करना** (स.क्रि.) उत्पन्न करब, जन्मायब
**पैदावार** (स्त्री.) फसिल, उपजाबाड़ी
**पैना** (वि.) पातर, तेजधार, पैना, बड़द नियंत्रित करबाक छड़ी, छौंकी
**पैबंद** (पुं.) चेफड़ी, पेबंद
**पैबंदकारी** (स्त्री.) चेफड़िआयल, पैबंदी, एक प्रकारक दायित्वक दबाब/बंधन
**पैमाइश** (स्त्री.) नाप-जोख, भूमिविषयक नाप-जोख
**पैमाना** (पुं.) मानदंड, मापक, नाप
**पैर** (पुं.) पयर, पएर
**पैरवी** (स्त्री.) पैरवी, किनको लग कोनो विषयक पैरवी करब, सिफारिश
**पैरवीकार** (पुं.) पैरवी कएनिहार, पैरवीकार

**पैरा** (पुं.) पैराग्राफ, पैरा
**पैराशूट** (पुं.) पैराशूट
**पैरोल** (पुं.) पैरोल, विशेष/अपरिहार्य कारणवश किछु समयक लेल छोड़नाइ
**पैबंद** (पुं.) बन्हलमे, बाध्यतामे, चेफड़ी
**पैशाच** (वि.) पैशाच, पिशाचोचित
**पैशाचिक** (वि.) पैशाच प्रकृतिक
**पैशाची** (वि./स्त्री.) प्राकृतक लिपिविशेष
**पैसा** (पुं.) पाइ, पैसा
**पों** (स्त्री.) ध्वनिक प्रकार मोटरगाड़ी आदिक
**पोंगा** (पुं.) रिक्त, खाली, फोंक
**पोंगापंथी** (स्त्री.) पोंगापंथी, पुरानपंथी
**पोंछन** (स्त्री.) पोछल
**पोंछना** (स्त्री.) पोछब, पोछना, पोछबाक वस्त्र
**पोखर** (पुं.) पोखरि, सरोवर
**पोखरा** (पुं.) पोखरि, सरोवर
**पोखरी** (स्त्री.) छोट पोखरि
**पोटला** (पुं.) पोटड़ा, पोटरा
**पोटली** (स्त्री.) पोटड़ी, पोटरी
**पोटास** (पुं.) पोटास
**पोत** (पुं.) जहाज, पोत
**पोतना** (स.क्रि.) ढौरब, पोतब, लेबब
**पोत प्रांगण** (पुं.) पोत प्रांगण
**पोत भार** (पुं.) पोतभार
**पोता** (पुं.) पौत्र, पोता
**पोताइ** (पुताइ) (स्त्री.) ढौरबाक/पोतबाक शुल्क, पारिश्रमिक
**पोती** (स्त्री.) पौत्री, पोती
**पोथा** (पुं.) मोटगर, मोटगर पोथी जकाँ
**पोथी** (स्त्री.) पोथी, पुस्तक
**पोप** (पुं.) पोप, इसाइधर्मक धार्मिक पद
**पोपला** (पुं.) पोपला
**पोर** (पुं.) पोर
**पोल** (वि.) पोल, फोकला
**पोला** (वि.) फोकला, फोकल
**पोशाक** (स्त्री.) वस्त्र विन्यास, प्रकार
**पोषक** (वि.) पोषण कर्ता, पोसनिहार, पालनकर्ता
**पोषित** (वि.) पोसल गेल, संपोषित भेल
**पोसना** (स.क्रि.) पोसब, पोसनाइ
**पोस्ट** (स्त्री.) पोस्ट, पद, स्थान
**पोस्टर** (पुं.) पोस्टर, प्रचार-साहित्य-चित्र
**पोस्त** (पुं.) पोस्ता, पोस्त
**पोस्ता** (पुं.) पोस्ता
**पौंड** (पुं.) पाउंड, ओजनक एकाइ/तौलक एक बटखरा, नाप, द्रव्य, रुपया
**पौंडा** (पुं.) कल्ला गाड़ा, कुसियार
**पौ** (स्त्री.) प्रातःकालीन प्रकाश, पओ फूटब
**पौआ** (पुं.) पाव, एक सेरक चारिम भाग, पौआ
**पौदना** (अ.क्रि.) रोपब, रोपनाइ
**पौत्र** (पुं.) पोता, पौत्र
**पौत्री** (स्त्री.) पोती, पौत्री
**पौद** (स्त्री.) बीया खसायब
**पौधशाला** (स्त्री.) पौधशाला, नर्सरी
**पौधा** (पुं.) छोट प्रकृतिक गाछ, बाल-वृक्ष
**पौधाघर** (पुं.) हरित घर, पौधा घर, नर्सरी
**पौना** (पौन) (वि.) तीन चौथाइ, पौन
**पौर-मुख्य** (पुं.) महापौर, नगर प्रमुख लोक
**पौरुष** (पुं.) पौरुष, पुरुषार्थ
**पौरुषेय** (वि.) पुरुषार्थ, पुरुषोचित, पौरुष कृत
**पौष** (पुं.) पूस मास, पौष
**पौष्टिक** (वि.) पौष्टिक, खाद्य युक्त वस्तु
**पौष्टिकता** (स्त्री.) पौष्टिक तत्व निवाहक खाद्य वस्तु
**प्याऊ** (पुं.) पनिसाला, प्याउ
**प्याज** (पुं.) पियाजु, प्याज
**प्याजी** (वि.) पियाजुक विन्यास, कचड़ी, प्याजी
**प्यादा** (पुं.) सिपाही, प्यादा
**प्यार** (पुं.) स्नेह, प्रेम, अनुराग
**प्यारा** (वि.पुं.) प्रिय, स्नेही
**प्याल** (पुं.) पियाली
**प्याली** (स्त्री.) पियाली, कप, तश्तरी
**प्यास** (स्त्री.) पियास, प्यास
**प्यासा** (वि.) पियासल, प्यासल लोक
**प्रकंप** (पुं.) प्रकंप, कँपनाइ

**प्रकंपन** (पुं.) कँपकँपी, कॉपब

**प्रकटन** (पुं.) प्रगट होएब, व्यक्त होएब

**प्रकट** (वि.) प्रत्यक्ष, स्पष्ट, देखार, दृश्य

**प्रकट करना** (स.क्रि.) व्यक्त करब/ कहब/ अभिव्यक्त करब

**प्रकटीकरण** (पुं.) व्यक्त करब, उपस्थित करब

**प्रकरण** (पुं.) विषय, विभाग, प्रकरण, अध्याय

**प्रकल्पना** (स्त्री.) प्रकल्पन, विशेष कल्पना

**प्रकल्पित** (वि.) विशेषरूपेण कल्पना कएल गेल, प्रकल्पित

**प्रकांड** (वि.) प्रकाण्ड, विद्वान्

**प्रकार** (पुं.) कोटि, प्रकार, तरहक

**प्रकार्य** (पुं.) प्रकार्य, कर्म, गतिविधि

**प्रकार्यात्मक** (वि.) प्रकार्य करबा योग्य, विशेष गतिविधियुक्त

**प्रकारांत** (पुं.) प्रकारांत

**प्रकाश** (पुं.) इजोत, प्रकाश

**प्रकाशक** (पुं.) पोथी छपनिहार, प्रकाशक

**प्रकाशन** (पुं.) प्रकाशन कार्यान्वित, प्रकाशन, छपब

**प्रकाशनाधिकार** (पुं.) प्रकाशन करबाक अधिकार, प्रकाशनाधिकार

**प्रकाशनीय** (वि.) प्रकाशित करबा योग्य, प्रकाशन हेतु उपयुक्त, प्रकाशनीय

**प्रकाशमान** (वि.) द्योतित, उद्भासित, प्रकाशन

**प्रकाश संश्लेषण** (पुं.) प्रकाश संश्लेषण

**प्रकाश स्तंभ** (पुं.) प्रकाश स्तंभ, लाइट हाउस

**प्रकाशकीय** (वि.) प्रकाशकीय

**प्रकाशित** (वि.) छपल, प्रकट, प्रकाशित

**प्रकाशित करना** (स.क्रि.) प्रकाशन करब, छपाइक काज करब, छपाएब

**प्रकाश्य** (वि.) प्रकाशन योग्य, छपबा जोगर

**प्रकीर्ण** (वि.) प्रकीर्ण, छिड़िआएल, अस्त-व्यस्त

**प्रकीर्णक** (पुं.) प्रकीर्ण कयनिहार/कर्ता

**प्रकृत** (वि.) स्वाभाविक, मौलिक, प्राकृतिक

**प्रकृति** (स्त्री.) स्वभाव, प्रकृति, निसर्ग

**प्रकृतिवादी** (वि./पुं.) प्रकृतिवादी, प्रवृत्ति, एक प्रकारक विचार

**प्रकृतिशः** (क्रि.वि.) प्रकृतिशः, प्रकृतिजन्य

**प्रकृतिस्थ** (वि.) स्वभावमे स्थित, प्रकृति-स्थित, प्रकृतिस्थ

**प्रकृष्ट** (वि.) प्रकृष्ट, उत्तम, प्रधान

**प्रकोप** (पुं.) क्रोध, विशेष कोप

**प्रकोष्ठ** (पुं.) कक्षा, विशेष बैसक, कोठली

**प्रक्रम** (पुं.) विशेष क्रम

**प्रक्रिया** (स्त्री.) प्रक्रिया

**प्रक्षालन** (पुं.) धोअब, पखारब, साफ करब

**प्रक्षालित** (वि.) धोखाड़ल, साफ कयल

**प्रक्षेप** (पुं.) प्रक्षेपण करब

**प्रक्षेपक** (पुं.) प्रक्षेपक, उपादान जाहिसँ प्रक्षेपण कयल जाय

**प्रक्षेपण** (पुं.) प्रक्षेपण

**प्रखंड** (पुं.) विशेष खंड, हिस्सा, टुकड़ा

**प्रखर** (वि.) तेज, धरगर, तीक्ष्ण

**प्रखरता** (स्त्री.) तीक्ष्णता, तेजी

**प्रख्यात** (वि.) सुविख्यात, प्रशस्त नामी लोक, प्रसिद्ध

**प्रख्यापन** (पुं.) प्रख्यापन

**प्रख्यापित** (वि.) प्रख्यापित

**प्रगति** (स्त्री.) संबद्ध काजमे प्रगति, विकास, आगाँ बढब

**प्रगति रिपोर्ट** (स्त्री.) प्रगति पत्रक, कार्य प्रगति पर रिपोर्ट

**प्रगतिशील** (वि.) विचार विशेष, प्रवृत्ति

**प्रगल्भ** (वि.) प्रगल्भ, प्रौढ, बजंता

**प्रगाढ** (वि.) बहुत गाढ, प्रगाढ

**प्रगीत** (पुं.) गीत विधा, कविताक एक विधा

**प्रचंड** (वि.) प्रचंड, घोर, प्रखर

**प्रचंड ज्योति** (स्त्री.) प्रखर प्रकाश, विशेष ज्योति

**प्रचंड बहुमत** (पुं.) प्रचंड बहुमत

**प्रचलन** (पुं.) चलन, लोकप्रियता

**प्रचलित** (वि.) चलनिमे, व्यवहारमे, प्रशस्त

**प्रचार** (पुं.) प्रचार-प्रसार

**प्रचारक** (पुं.) प्रचारकर्ता, जे प्रचार करय

**प्रचार वाक्य** (पुं.) प्रचार वाक्य

**प्रचारित** (वि.) प्रचारित, विषय जे प्रचारित भ' गेल हो

**प्रचालक** (पुं.) प्रचालन कयनिहार, प्रचालक

**प्रचालन** (पुं.) प्रचालन, संचालित करब

**प्रचुर** (वि.) बहुत मात्रामे, अहगर, प्रचुर, पर्याप्त

**प्रचुरता** (स्त्री.) पर्याप्त मात्रमे, प्रचुरतासँ

**प्रच्छन्न** (वि.) अदृश्य, नुकायल, छुपल

**प्रजनन** (पुं.) प्रजनन

**प्रजा** (स्त्री.) जनता, लोक, प्रजा, रैयत

**प्रजातंत्र** (पुं.) लोकतंत्र, गणतंत्र, प्रजातंत्र

**प्रजातांत्रिक** (वि.) प्रजातांत्रिक, लोकतांत्रिक

**प्रजाति** (स्त्री.) जाति, जातिक अन्य प्रकार, प्रजाति

**प्रज्ञ** (वि.) ज्ञनगर, विद्वान्, प्रज्ञ

**प्रज्ञा** (स्त्री.) बोध, बुद्धिमता, बुझबाक शक्ति

**प्रज्ञात** (वि.) नीकसँ ज्ञात जे

**प्रज्ञान** (पुं.) विषयक विशेष ज्ञान

**प्रज्ञापन** (पुं.) सूचना प्रकाश, घोषित करब, घोषणा

**प्रज्ञावाद** (पुं.) बुद्धिवाद वैचारिकता, प्रज्ञावाद

**प्रज्ञावान** (वि.) अति प्रबुद्ध, ज्ञानश्रेष्ठ, प्रज्ञावान्

**प्रज्ञेय** (वि.) विशेष ज्ञातव्य, प्रज्ञेय

**प्रज्वलन** (पुं.) जरायब, लेसब, दीप प्रज्वलित करब

**प्रण** (पुं.) प्रतिज्ञा, प्रण, सपत/सपथ

**प्रणत** (वि.) विनीत होयब, निहुँरल

**प्रणय** (पुं.) प्रेम, अनुराग, स्नेह

**प्रणय गीत** (पुं.) प्रेमगीत, अनुराग काव्य, जाहि गीतमे प्रेमनिवेदन हो

**प्रणयन** (पुं.) रचना, लेखन, बनायब, प्रणयन

**प्रणय नृत्य** (पुं.) प्रेमभावक नृत्य, प्रेमक नाच, प्रेम

**प्रणयी** (पुं.) प्रेमी, अनुरागी, प्रणयी

**प्रणव** (पुं.) प्रणव, औंकार, परमेश्वर

**प्रणाम** (पुं.) प्रणत होएब, गोर लागब, प्रणाम

**प्रणाली** (स्त्री.) पद्धति, रूप, रीति

**प्रणीत** (वि.) रचित, लिखित, प्रणीत, बनाओल

**प्रणेता** (पुं.) सर्जक, बनौनिहार, रचनाकार

**प्रताड़ना** (स्त्री.) प्रताड़ित होयबाक स्थिति

**प्रताड़ित** (वि.) द्रवित, व्यथित, तकलीप उठाओल

**प्रताप** (पुं.) प्रभुत्व, वर्चस्व, कृपा, प्रताप

**प्रतापी** (वि.) प्रभुत्वशाली, पैघ, प्रभावशाली

**प्रति** (स्त्री.) प्रतिलिपि, प्रति, वास्ते, लेल

**प्रतिकर** (पुं.) क्षतिपूर्ति, प्रतिकर

**प्रतिकार** (पुं.) प्रतिशोध, निराकरण, बदला

**प्रतिकारी** (पुं.) प्रतिशोध लेनिहार, बदला लेनिहार, प्रतिकारी

**प्रतिकूल** (वि.) उल्टा, विरुद्ध, प्रतिकूल

**प्रतिकूल रिपोर्ट** (स्त्री.) सेवाजन्य आचरणमे अधिकारी द्वारा देल गेल प्रतिकूल आकलनक मूल्यांकन/टिप्पणी रिपोर्ट

**प्रतिकूलता** (स्त्री.) प्रतिकूल परिस्थितिजन्य, प्रतिकूलता

**प्रतिकृति** (स्त्री.) प्रतिरूप, कॉपी, यथावत प्रति

**प्रतिक्रम** (पुं.) उल्टा क्रम, प्रतिक्रम

**प्रतिक्रांत** (क्रि.वि.) परस्पर, प्रतिक्रियाजन्य

**प्रतिक्रान्ति** (स्त्री.) क्रान्ति विरुद्ध क्रान्ति, क्रान्तिक फलस्वरुप भेल क्रान्ति

**प्रतिक्रिया** (स्त्री.) प्रतिक्रिया, कोनो क्रियाक उत्पन्न भाव

**प्रतिक्रियात्मक** (वि.) प्रतिक्रिया स्वरूप, प्रतिक्रि-यात्मक

**प्रतिक्षण** (क्रि.वि.) प्रतिपल, सभक्षण, एक एक क्षण

**प्रतिक्षेप** (पुं.) प्रतिक्षेप, खण्डन, फेकब, प्रतिस्पर्धा

**प्रतिगामी** (वि.) पाछाँ दिशामे गेनिहार, एकटा प्रवृत्ति, प्रतिगामी

**प्रतिगृहीत** (वि.) प्रतिगृहीत, ग्रहण कयल

**प्रतिग्राह्य** (वि.) ग्रहण करबा योग्य, लेबा योग्य

**प्रतिघात** (पुं.) उलटि क' आघात करब, बदलाक कारवाइ

**प्रतिघाती** (पुं.) प्रतिघात कयनिहार, प्रतिघाती

**प्रतिचयन** (पुं.) प्रतिचयन, नमूना, जकाँ

**प्रतिच्छेद** (पुं.) प्रतिच्छेद, अंतर्विभक्त

**प्रतिछाया** (स्त्री.) प्रतिछवि, रूपाकृति

**प्रतिजीवी** (वि.) प्रतिजीवी, फेर जीवि गेनिहार

**प्रतिज्ञा** (स्त्री.) प्रण, संकल्प, दृढ निश्चय करब

**प्रतिदर्श** (पुं.) उदाहरण, प्रमाण, प्रतिदर्श

**प्रतिदावा** (पुं.) फेरसँ दावा करब, माँग करब, प्रतिदावा

**प्रतिदाय** (पुं.) धरायब, लौटायब, प्रतिदाय, घुराएब

**प्रतिदिन** (क्रि.वि.) नित्य, रोज, सभदिन

**प्रतिदेय** (वि.) घुराक' देबाक, घुरयबाक फिरेबाक योग्य

**प्रतिद्वंद्वी** (पुं.) प्रतिस्पर्धी, प्रतिद्वंद्वी

**प्रतिध्वनि** (स्त्री.) प्रतिध्वनि, ध्वनि जे घुरिक' आबय

**प्रतिध्वनित** (स्त्री.) जे ध्वनि घुरिक' सुनाइ पड़य, प्रतिध्वनि

**प्रतिनिधान** (पुं.) प्रतिनिधान, प्रतिनियुक्ति पर

**प्रतिनिधि** (पुं.) प्रतिनिधि, एवजमे, स्थान पर

**प्रतिनिधित्व** (पुं.) प्रतिनिधि होएब/करब, प्रतिनिधित्व

**प्रतिनिधि मंडल** (पुं.) एकाधिक प्रतिनिधि लोकनिक सदस्यक समूह, प्रतिनिधि मंडल

**प्रतिनियुक्ति** (स्त्री.) प्रतिनियुक्ति, एवजमे नियुक्ति

**प्रतिपक्ष** (पुं.) सोझाँक पक्ष, विपक्ष, विचारक प्रतिपक्ष

**प्रतिपदा** (स्त्री.) प्रतिपदा, नक्षत्र

**प्रतिपादक** (पुं.) प्रतिपादन कयनिहार, विवेचक, विवेचन कयनिहार, संपन्न कयनिहार, संपादक

**प्रतिपादन** (पुं.) निरूपण, संपादन, विवेचन

**प्रतिपादित** (वि.) निष्पादित, विवेचित, संपादित, निरूपित

**प्रतिपाद्य** (वि.) विवेच्य, कथ्य, संपाद्य

**प्रतिपाल** (पुं.) भरण-पोषण, देख-रेख

**प्रतिपालक** (पुं.) पोषक, पालन कयनिहार, कर्ता

**प्रतिपालन** (पुं.) भरण-पोषण, संपादन

**प्रतिपुष्टि** (स्त्री.) भरण-पोषण करयवाली, देख-रेख करयवाली

**प्रतिपूरक** (वि.) क्षतिपूर्ति करयवाला,क्षतिपूरक

**प्रतिपूर्ति** (स्त्री.) क्षतिपूर्तिक अदायगी, क्षतिपूर्तिके वापसी

**प्रतिप्राप्ति** (स्त्री.) अप्पन हिस्साक पुनः प्राप्ति

**प्रतिप्रश्न** (पुं.) प्रश्नक बदलामे कयल गेल प्रश्न, प्रतिप्रश्न

**प्रति प्रेषण** (पुं.) कोनो महत्वपूर्ण कागजक प्रतिकेँ पठाएब

**प्रतिफल** (पुं.) परिणाम, बदलामे भेटल पुरस्कार वा इनाम, मेहताना

**प्रतिबंध** (पुं.) बंधन, रोक, पाबंदी, नियम अथवा शर्त

**प्रतिबंधित** (स्त्री.) जाहि पर प्रतिबंध लगायल गेल हो

**प्रतिबद्ध** (वि.) स्वेच्छया अंगीकृत कोनो विचारधारासँ बन्हायल, जकरा कोनो प्रतिबंध हो

**प्रतिबद्धता** (स्त्री.) प्रतिबंधित अवस्था, कोनो पद्धतिसँ जुड़ल अवस्था, प्रतिबद्धता

**प्रतिबिंब** (पुं.) सत्य वस्तुक आभासिक प्रतिरूप जे अयना आदिमे देखि पड़ैछ

**प्रतिबिंबित** (वि.) जेकर दर्पण आदिमे प्रतिबिंब पड़ैत हो जेना कि अयनामे प्रतिछाया

**प्रतिबोध** (पुं.) ज्ञान, स्मृति, शिक्षण, संज्ञान

**प्रतिभा** (स्त्री.) असाधारण मानसिक शक्ति, योग्यता, प्रभा

**प्रतिभा खोज** (स्त्री.) योग्यताक अन्वेषण, प्रतिभाक खोज

**प्रतिभावान** (वि.) प्रतिभान्वित, प्रतिभाशाली, जकरामे प्रतिभा विद्यमान हो

**प्रतिभाशाली** (वि.) असाधारण मानसिक शक्तिसँ संपन्न, प्रतिभासँ युक्त, विशेष योग्यता राखय बाला

**प्रतिभू** (पुं.) जमानत लेनिहार, जामिन, जमानतदार

**प्रतिभूति** (स्त्री.) सरकार द्वारा जारी कएल गेल ऋणक प्रमाण पत्र, प्रतिभूति

**प्रतिभूति जमा** (स्त्री.) कोनो सदस्य द्वारा जमा कएल गेल ऋणराशि

**प्रतिमा** (स्त्री.) देवी-देवताक मूर्ति, माटि/पाथरक/धातुक प्रतिकृति, प्रतिबिंब/मूर्ति

**प्रतिमान** (पुं.) कोनो रूपक बनाओल गेल प्रतिरूप, मानदण्ड, निकष

**प्रतिमानक** (पुं.) मानक प्रतिरूप, समान मानबाला दोसर स्वरूप

**प्रतिमा-पूजक** (पुं.) कोनो देवी-देवताक प्रतिमा केर पूजा कयनिहार, मूर्तिपूजक

**प्रतिमा-पूजा** (स्त्री.) मूर्तिक पूजा, कोनो देवी-देवताक प्रतिमाक पूजा

**प्रतिमास** (क्रि.वि.) प्रति महीना कएल गेल कार्य, जेना- प्रतिमास प्रदोषव्रत

**प्रतिमूर्ति** (स्त्री.) अनुकृति, प्रतिमा, मूर्ति

**प्रतियोगिता** (स्त्री.) प्रतिस्पर्धा, प्रतिद्वंद्विता

**प्रतियोगिता परीक्षा** (स्त्री.) प्रतिस्पर्धा परीक्षा

**प्रतियोगी** (वि.) प्रतियोगितामे भाग लेबयबाला, विपक्षसँ सामना करयबाला

**प्रतिरक्षा** (स्त्री.) बचाव, आक्रमणसँ बचऔनाइ

**प्रतिरक्षात्मक** (वि.) बचाव लेल कएल गेल उपाय, प्रतिरक्षात्मक

**प्रतिरक्षी** (पुं.) प्रतिरक्षा करयबाला, आक्रमणसँ बचऔनिहार

**प्रतिरुद्ध** (वि.) आक्रमण केर विरुद्ध

**प्रतिरूप** (पुं.) प्रतिकृति, तत्सदृश अन्यरूप

**प्रतिरूपी** (वि.) प्रतिकृति बनौनिहार

**प्रतिरोध** (पुं.) आक्रमणकेँ रोकनाइ, बाधा, अड़चन

**प्रतिरोधक** (पुं.) प्रतिरोध उत्पन्न करयबाला

**प्रतिरोधी** (वि./पुं.) प्रतिरोध करयबाला, बाधा दैबाला

**प्रतिरोपण** (पुं.) अन्यत्र रोपण जेना धानक बीया उपारि क' अन्यत्र रोपल जाइत छैक

**प्रतिलाभ** (पुं.) प्रत्येक लाभमे, लाभक प्रत्येक अवसर, लाभांश

**प्रतिलिपि** (स्त्री.) प्रतिलेख, नकल, छायाप्रति

**प्रतिलेखन** (पुं.) लिप्यंतरण, लिप्यंकन, कोनो पत्रक प्रतिलिपि करैक कार्य

**प्रतिलोम** (वि.) उन्टा क्रम, विपरीतक्रम

**प्रतिवर्तन** (पुं.) घुरब, पहिल पद पर वापसी, आएब

**प्रतिवर्तित** (वि.) घुमल, वापस भेल, पहिल पद पर वापस भेल

**प्रतिवर्ष** (क्रि.वि.) सभ साल, प्रत्येक साल

**प्रतिवाद** (पुं.) वादी केर कथनक विरोध कथन, खंडन कथन, प्रतिपक्ष

**प्रतिवादी** (पुं.) प्रतिवाद करयबाला, खंडन केनिहार, प्रतिपक्षी

**प्रतिविधि** (स्त्री.) कृत्यविधिक बदलामे कएलगेल विधि

**प्रतिवेदन** (पुं.) कोनो संस्थाक कार्यकलाप वा हिसाब-किताबक औपचारिक विवरण

**प्रतिवेश** (पुं.) पड़ोस, घरक लग-पास

**प्रतिवेशी** (पुं.) पड़ोसी, घरक बगलमे रहनिहार

**प्रतिव्यक्ति** (वि.) हरेक व्यक्ति, जेना कि प्रतिव्यक्ति एक एक सेब देल जाउ

**प्रतिशत** (पुं.) प्रतिसैकड़ के हिसाबसँ दर निर्धारण, सए पाछू

**प्रतिशतता** (स्त्री.) सैकड़ा कें आधार मानि कए परिकलित संख्या वा अनुपात

**प्रतिशब्द** (पुं.) प्रतिध्वनि, गूँज

**प्रतिशोध** (पुं.) बदला, बदला केर भावनासँ कएल गेल कार्य, ओलि सधायब

**प्रतिशोधी** (वि.) बदला लेनिहार, दायित्व चुकाएब

**प्रतिश्रुति** (स्त्री.) प्रतिध्वनि, प्रतिज्ञा, वचनमे बान्हल

**प्रतिषिद्ध** (वि.) वर्जित, खण्डित, अस्वीकृत

**प्रतिष्ठा** (स्त्री.) स्थापना, यश, ख्याति, सम्मान, गौरव

**प्रतिष्ठान** (पुं.) संस्थान, पीठ, शैक्षिक-संस्था

**प्रतिष्ठापन** (पुं.) संस्थापन, स्थापित करय-बाला कार्य

**प्रतिष्ठापित** (वि.) जेकर स्थापना कएल गेल, जेनाकि स्थापित मूर्ति

**प्रतिष्ठावान** (वि.) जिनक प्रतिष्ठा कएल गेल हो, सम्मान्य, विश्वसनीय

**प्रतिष्ठित** (वि.) स्थापित, लगायल गेल या गाड़ल गेल, सम्मानित

**प्रतिष्ठित व्यक्ति** (पुं.) सम्मानित पुरुष, कोनो विशेष पद पर स्थापित व्यक्ति, यशस्वी लोक

**प्रति साम्य** (पुं.) प्रति साम्य

**प्रतिस्थानी** (पुं.) संस्थान

**प्रतिस्थापन** (पुं.) कोनो व्यक्तिक बदलामे दोसर व्यक्तिक स्थापन, एबज स्थानापन्न

**प्रतिस्थापित** (वि.) जेकरा एबजमे जाहि व्यक्तिक स्थापन भेल हो, व्यवस्थित

**प्रतिस्पर्धा** (स्त्री.) उपरौंझ, प्रतियोगिता, प्रतिस्पर्धा

**प्रतिहस्ताक्षर** (पुं.) उचित अधिकारीक हस्ता-क्षरक संग उच्च अधिकारीक हस्ताक्षर

**प्रतिहारी** (पुं.) दरबान, द्वारपाल

**प्रतिहिंसक** (वि./पुं.) प्रतिशोध लेनिहार, हिंसाक बदलामे हिंसा केनिहार

**प्रतिहिंसा** (स्त्री.) हिंसाक बदला हिंसा, प्रतिशोध

**प्रतीक** (पुं.) संकेत, सूचक, चिन्ह

**प्रतीक-कथा** (स्त्री.) प्रतीकबाला खिस्सा, कथा, कहानी

**प्रतीक चिह्न** (पुं.) प्रतीक निशानी, मूर्ति

**प्रतीकवाद** (पुं.) प्रतीक रूपमे वर्णन, विचारक प्रतीक द्वारा विवेचन

**प्रतीकवादी** (वि.) प्रतीकवादक अनुयायी, समर्थक

**प्रतीकात्मक** (वि.) प्रतीकसँ संबंधित, जेनाकि प्रतीकात्मक तर्कशास्त्र

**प्रतीक्षा** (स्त्री.) इंतजार, कालयापन, बाट ताकब, प्रतीक्षा

**प्रतीक्षालय** (पुं.) इंतजारक हेतु निर्धारित स्थान वा घर, प्रतीक्षा करबाक ठ'र

**प्रतीक्षा सूची** (स्त्री.) संभावनाक सूची, प्रतीक्षा सूची

**प्रतीक्षित** (वि.) जेकर प्रतीक्षा कएल जाइत हो

**प्रतीची** (स्त्री.) पच्छिम दिशा, पश्चिम दिशा

**प्रतीत** (वि.) अनुभूत, भान, भासित, परखल

**प्रतीति** (स्त्री.) विश्वास, दृढ निश्चय, अनुभव

**प्रतीयमान** (वि.) दृष्टिगोचर, देखाइत

**प्रत्यंग** (पुं.) अंगक हिस्सा, अवयव, प्रत्येक अंग

**प्रत्यंचा** (स्त्री.) धनुषक ताँति, डोरि, धनुर्ज्या

**प्रत्यक्ष** (वि.) दृष्टिगोचर, आँखिक सोझाँ, आँखिक समक्ष, सद्यः

**प्रत्यक्ष कर** (पुं.) एहेन कर जे सीधा उपभोक्ता या करदाता पर लागय

**प्रत्यक्ष जाँच** (स्त्री.) आँखिक सोझाँमे जाँच

**प्रत्यक्ष सत्यापन** (पुं.) आँखिक समक्ष घटना कें जे सत्यापित करय

**प्रत्यक्ष साक्षी** (पुं.) एहेन गवाह जकरा आँखिक सोझाँमे घटना घटल हो

**प्रत्यय** (पुं.) विश्वास, प्रतीति, धारणा, ज्ञान, बोध

**प्रत्यय पत्र** (पुं.) परिचय-पत्र

**प्रत्यर्पण** (पुं./वि.) लेल गेल वस्तुकें घुरौनाइ, वापस केनाय

**प्रत्यर्पण संधि** (स्त्री.) पुनः वापस करैक हेतु प्रतिज्ञा

**प्रत्याक्रमण** (पुं.) आक्रमणक बदला हेतु पुनः आक्रमण

**प्रत्याघात** (पुं.) आघातक बदलामे कएल गेल आघात

**प्रत्याभूति** (स्त्री.) वचन देब, प्रतिश्रुति, कोनो वचन पूरा करबाक प्रतिज्ञा लेब

**प्रत्यायन** (पुं.) विश्वास दियएबाक क्रिया, विश्वसन

**प्रत्यायुक्त** (पुं.) प्रतिनिधि बनाएब, अधिकार देब

**प्रत्यायित** (वि.) मान्यता प्राप्त, विश्वस्त, प्रमाणित, सिद्ध

**प्रत्यारोप** (पुं.) उल्टा आरोप, पुनः स्थापना, परस्पर दोषारोपण

**प्रत्यारोपण** (पुं.) पुनः स्थापना करब, परस्पर दोषारोपण

**प्रत्यालीढ** (पुं.) बाण आदि शस्त्रास्त्र चलयबाक स्थिति, एकटा एहन स्थिति जाहिमे बाम पैर आगू आ दहिन पैर पाछू रहय ओकर नाम थिक, प्रत्यालीढ

**प्रत्यालोचक** (वि./पुं.) प्रत्यालोचन करयबाला, पुनः आलोचना करयबाला

**प्रत्यालोचन** (पुं.) पुनर्विचार, पुनरीक्षण, पुनरवलोकन

**प्रत्यावर्तन** (पुं.) घुरब, बहुरब, पलटब, यथारूप होएब

**प्रत्यावर्तित** (वि.) जेकर प्रत्यावर्तन भेल हो से व्यक्ति, वस्तु, स्थान आदि

**प्रत्याशा** (वि.) (स्त्री.) भरोस, उमेद, आशापूर्तिक पूर्वानुमान अपेक्षा, आशा

**प्रत्याशित** (वि.) अपेक्षित, पूर्वानुमानित, संभावित

**प्रत्याशी** (पुं.) उमेदबार, अभ्यर्थी, प्रतीक्षा कएनिहार

**प्रत्याहत** (वि.) हटाओल गेल, निवारित, प्रतिमुद्रित

**प्रत्याहरण** (पुं.) रोकि क' राखब, वापस लेब, इन्द्रियनिग्रह, संयम

**प्रत्याहार** (पुं.) इन्द्रियनिग्रह, इन्द्रियसंयम, रोकब, पाछू हटाएब (सं.व्याकरण) संक्षेपमे वर्णक सूचना देबयबाला संकेत शब्द, (विशेष- पाणिनीय अष्टाध्यायीमे 14 माहेश्वर सूत्र (अइउण्, ऋलृक्……… हल् पर्यंत) अछि ताहिमे कोनो सूत्रक हलंत रहित वर्ण आ कोनो सूत्रक हलंत युक्त वर्णक मेलसँ जे शब्द बनैत अछि ओ अनेक वर्णक सूचक 'प्रत्याहार' कहबैत अछि, जेना- अच् समस्त स्वर, हल् - समस्त व्यंजनवर्ण

**प्रत्युक्ति** (स्त्री.) उत्तर, प्रतिवाद, खंडन

**प्रत्युत** (अव्य.) तद्विपरीत, उनटे, बल्कि

**प्रत्युत्तर** (पुं.) उत्तरक उत्तर, प्रत्युत्तर

**प्रत्युत्थान** (पुं.) गुरुजन, शिष्टजन अथवा अतिथिगण क' अएलापर उठिकें ठाढ होएब

**प्रत्युत्पन्न** (वि.) पुनः उत्पन्न, उद्यत, तत्पर

**प्रत्युत्पन्नमति** (वि.) बेर पर उचित उत्तरक स्फुरन होएब

**प्रत्युपकार** (पुं.) उपकारक बदलामे कएल गेल उपकार

**प्रत्यूष** (पुं.) प्रभात, भोर, सवेरे

**प्रत्यूह** (पुं.) विघ्न, बाधा, अड़चन

**प्रत्येक** (वि.) एक एक क' सभ, प्रत्येक

**प्रथन** (पुं.) विस्तार करब, फैलायब, पसारब

**प्रथम** (वि.) क्रम आ संख्यामे आदि, पहिल

**प्रथमजात** (पुं.) मानवक वा पशुक प्रथम संतान, ऋतुक प्रथम फल, प्रथम परिणाम

**प्रथमतः** (क्रि.वि.) सर्वप्रथम, प्रथमहि, आदिम

**प्रथमा** (स्त्री.) (वि.) शिक्षाक पहिल परीक्षा, संस्कृत व्याकरणमे कर्ता कारक हेतु प्रयुक्त विभक्ति

**प्रथमाक्षर** (पुं.) आद्यक्षर, 'अ'कार संसारक प्रथमाक्षर थिक

**प्रथमार्ध** (पुं.) पहिलुक भाग, प्रथम खंड

**प्रथमाश्रम** (पुं.) ब्रह्मचर्याश्रम चारू आश्रममे प्रथम

**प्रथमेतर** (वि.) प्रथमसँ भिन्न, द्वितीय आदि

**प्रथा** (स्त्री.) रीति, सामाजिक एकटा व्यवहार जे परम्परागत हो प्रथा कहबैत अछि, परिपाटी, रीति

**प्रथित** (वि.) विस्तृत, प्रसिद्ध, विख्यात

**प्रद** (वि.) देबए बाला, दायक, जेना बलप्रद, भक्तिप्रद आदि

**प्रदक्षिण** (पुं.) दहिना भागमे स्थित, पूज्य, शुभ

**प्रदक्षिणा** (स्त्री.) परिक्रमा, देवमूर्तिक चारूकात घूमब

**प्रदत्त** (वि.) प्रदान कएल गेल/देल गेल

**प्रदर्शक** (पुं.) प्रदर्शन करयबाला, देखाबयबाला, देखओनिहार

**प्रदर्शन** (पुं.) देखएबाक कार्य, अभिव्यक्ति, प्रस्तुति

**प्रदर्शनकारी** (पुं.) प्रदर्शन करयबाला, अभिव्यक्त करएबाला

**प्रदर्शनी** (स्त्री.) नाना प्रकारक वस्तु सभक प्रदर्शनक स्थान

**प्रदर्शित** (वि.) जेकरा देखाओल गेल हो

**प्रदाय** (पुं.) उपहार, भेंट, आपूर्ति, संभरण

**प्रदायक** (पुं.) प्रदान करयबाला, प्रदाता, उपहारदाता

**प्रदाह** (पुं.) शरीरमे होमयबाला ताप, मानसिक ताप, ध्वंस, विनाश

**प्रदीपक** (वि.) प्रकाश करएबाला

**प्रदीप्त** (वि.) प्रकाशित, उज्ज्वल, उत्तेजित, तीव्र

**प्रदीप्ति** (स्त्री.) प्रकाश, कांति

**प्रदूषक** (वि.) दूषित करयबाला, प्रदूषण करयबाला, अपवित्र करयबाला

**प्रदूषण** (पुं.) दोषयुक्त करब, अपवित्र करब, नष्ट करब

**प्रदेश** (पुं.) स्थान, क्षेत्र, शरीरक भाग

**प्रदेशीय** (वि.) प्रदेश संबंधी, प्रदेशक

**प्रदोष** (पुं.) अपराध, पैघ दोष, रात्रिक आरंभिक समय

**प्रद्युम्न** (पुं.) कामदेव, प्रकृष्ट बलवान् पुरुष

**प्रधान** (वि./पुं.) मुख्य, प्रमुख, विशेष

**प्रधान कार्यालय** (पुं.) मुख्य कार्यालय, प्रमुख कार्यालय

**प्रधानतया** (क्रि.वि.) प्रमुखतया, मुख्यतया

**प्रधान डाकघर** (पुं.) मुख्य डाकघर

**प्रधानता** (स्त्री.) प्रमुखता, मुख्यता

**प्रधानमंत्री** (पुं.) देश/राज्य/संस्थाक सर्वोच्च मंत्री, मंत्रिमंडलक प्रमुख

**प्रधानाचार्य** (पुं.) विद्यालयक प्रमुख आचार्य, सभ आचार्यमे प्रधान, प्रशासनिक अधिकारी, प्रिंसिपल, प्राचार्य

**प्रधानाध्यापक** (पुं.) प्रमुख अध्यापक, अध्यापक समूहक प्रधान

**प्रपंच** (पुं.) 1. विस्तार 2. भ्रम, धोखा, छल, कपट, प्रच्छन्न गतिविधि

**प्रपंची** (वि.) प्रपंच कयनिहार, छली, कपटी, विस्तार केनिहार

**प्रपत्ति** (स्त्री.) शरणागति, परमात्माक शरणमे जएबाक मार्ग

**प्रपत्र** (पुं.) रिक्तस्थान युक्त आवेदनक टंकित या मुद्रित प्रारूप, फॉर्म

**प्रपात** (पुं.) निर्झर, झरना, ऊपरसँ खसैत जलक धारा

**प्रपुत्र** (पुं.) पौत्र, बेटाक बेटा

**प्रपौत्र** (पुं.) पौत्रक पुत्र, पुत्रक पौत्र, परपोता (स्त्री.) परपोती

**प्रफुल्ल** (वि.) विकसित, खिलल, प्रसन्न, आनंद

**प्रफुल्लित** (वि.) विकसित, पुष्पित, पल्लवित, आनंदित

**प्रबंध** (पुं.) व्यवस्था, अविच्छिन्न क्रम, आयोजन, ओरिआओन

**प्रबंधक** (पुं.) प्रबंध केनिहार, व्यवस्थापक, आयोजक, मैनेजर

**प्रबंधन** (पुं.) व्यवस्थाक क्रिया, ओरिआनक क्रिया

**प्रबल** (वि.) प्रकृष्ट बलबाला, तेज, जोरदार, तीव्र

**प्रबुद्ध** (वि.) जागृत, सचेत, दिव्यज्ञानी

**प्रबोध** (पुं.) जगओनाइ, बुझओनाइ

**प्रबोधक** (वि./पुं.) जगओनिहार, बुझओनिहार

**प्रबोधन** (पुं.) सांत्वना, जगाएब, बुझाएब

**प्रभंजन** (पुं.) तेज विहारि, विखंडन, टुकड़ा-टुकड़ा करब

**प्रभा** (स्त्री.) तेज, दीप्ति, चमक

**प्रभाकर** (पुं.) सूर्य, चंद्रमा, अग्नि

**प्रभाग** (पुं.) विभागक विभाग, टुकड़ाक टुकड़ा, खंडक खंड

**प्रभात** (पुं.) प्रातःकाल, परात, भोर

**प्रभात-फेरी** (स्त्री.) प्रातःकाल गाममे समूह बनाय घूमब

**प्रभाती** (स्त्री.) प्रातःकाल गएबाक भजन/संगीत

**प्रभार** (पुं.) कर्तव्यक दायित्व, कार्यविशेषक भारबाला

**प्रभारी** (वि.) कार्य/विभागक प्रभारबाला, प्रभार-युक्त, अधिकारी

**प्रभाव** (पुं.) असरि, शक्ति, सामर्थ्य

**प्रभावशाली** (वि.) असरदार, शक्तिशाली, साम-र्थ्यवान्

**प्रभावहीन** (वि.) असरहीन, शक्तिहीन, सामर्थ्यहीन

**प्रभावित** (वि.) जेकरा पर प्रभाव पड़ल हो से, असरमे आएल, प्रभावित

**प्रभावी** (वि.) लागू, प्रवृत्त, परिणामकारी, फलदेबए बाला, देय

**प्रभावी उपाय** (पुं.) प्रभावकारी उपाय, असरदार मार्ग

**प्रभावी तिथि** (स्त्री.) लागू होएबाक तिथि, परिणामतिथि, देयतिथि

**प्रभु** (पुं.) मालिक, स्वामी, अधिपति, ईश्वर, भगवान्

**प्रभुता** (स्त्री.) मालिकत्व, स्वामित्व, अधि-पतित्व, मालिकाना

**प्रभुत्व** (पुं.) शक्ति, स्वामित्व, अधिपतित्व, ईश्वरत्व

**प्रभुत्व संपन्न** (वि.) प्रभुता संपन्न, प्रभुसत्तासँ युक्त

**प्रभु-सत्ता** (स्त्री.) ईश्वरीय सत्ता, मालिकीय सत्ता

**प्रभूत** (वि.) उत्पन्न, उद्भूत, निकलल, उद्गत, उपजल

**प्रभेद** (पुं.) भेद, अंतर, प्रकार, उपजाति, उपवर्ग

**प्रमंडल** (पुं.) राज्यक्षेत्रक प्रशासनिक टुकड़ी

**प्रमंडलाधिकारी** (पुं.) राज्यक्षेत्रक प्रशासनिक खंडक अधिकारी

**प्रमत्त** (वि.) मातल, बताह, मदमस्त, उन्मत्त

**प्रमाण** (पुं.) सबूत, कोनो बातकें मानबाक तर्कपूर्ण युक्ति, यथार्थ ज्ञानक साधन प्रत्यक्ष, अनुमान आदि, नाप, इयत्ता, विस्तार

**प्रमाणक** (पुं.) प्रमाणक साक्ष्य, सबूत, साक्ष्य प्रारूप

**प्रमाणकर्ता** (पुं.) 1. सबूत देनिहार, गबाही, प्रत्यक्षकर्ता 2. नपनिहार

**प्रमाणन** (पुं.) 1. सबूतसँ सिद्धकरब गबाही देब, साक्ष्य देब 2. नाप तैयार करब

**प्रमाण-पत्र** (पुं.) सबूतक चिट्ठी, साक्ष्य पत्र

**प्रमाणित करना** (स.क्रि.) सबूतसँ पुष्टि, साक्ष्य द्वारा सिद्धि

**प्रमाणीकरण** (पुं.) प्रमाणन, प्रमाणित करबाक क्रिया

**प्रमाणीकृत** (वि.) जे प्रमाण मानि लेल गेल हो, जे प्रमाणसँ सिद्ध हो

**प्रमाद** (पुं.) असावधानी, पागलपन, लापरवाही, बतहपन

**प्रमुख** (वि.) मुख्य, प्रधान, मुखिया, सरदार

**प्रमुख-आकर्षण** (पुं.) मुख्य झुकाव, प्रधान-आकर्षण

**प्रमुखता** (स्त्री.) मुख्यता, प्रधानता, सरदारी

**प्रमुदित** (वि.) हर्षित, आनंदित

**प्रमेय** (पुं.) नपबाक योग्य, जेकर निर्धारण भ' सकय, ज्यामितिमे देल गेल अभिधारणाक आधार पर करबाक योग्य प्रस्तावित कथन

**प्रमेह** (पुं.) एक रोग विशेष जाहिमे लघुशंका अधिक होइत अछि, अंग्रेजीमे डायबिटीज कहल जाइत अछि, प्रमेह, मधुमेह

**प्रमेही** (वि.) प्रमेहक रोगी, प्रमेह रोगसँ ग्रस्त व्यक्ति

**प्रमोक्षण** (पुं.) चंद्रग्रहण आ सूर्यग्रहणक अंत, उग्रास

**प्रमोचन** (पुं.) छोड़ब, छुटकारा देब, छोड़ाएब

**प्रमोद** (पुं.) मनोरंजन, आनंद, हर्ष, सुख

**प्रमोदक** (वि.) आनंद उत्पन्न केनिहार, हर्ष उत्पन्न कएनिहार

**प्रमोदन** (पुं.) प्रमुदित करब, हर्षित करब, आनंदित करब

**प्रम्लान** (वि.) मुरझल, मौलाएल, मुरझित

**प्रयत** (वि.) जितेंद्रिय, प्रयत्नवान्, यत्नशील, सावधान

**प्रयतात्मा** (वि.) जितेंद्रिय, संयमी

**प्रयत्न** (पुं.) चेष्टा, यत्न, कोसिस, प्रयास

**प्रयाण** (पुं.) प्रस्थान, गमन, यात्रा, चढाइ

**प्रयात** (वि.) जे चलि गेल हो, मृत, गेल

**प्रयास** (पुं.) चेष्टा, कोसिस, उद्यम, परिश्रम

**प्रयुक्त** (वि.) व्यवहारमे आएल, लगओनाइ, तंत्र मंत्र द्वारा प्रयोग

**प्रयुत** (वि.) दस लाखक संख्या

**प्रयोक्ता** (पुं.) प्रयोग केनिहार, व्यवहार कर्ता, अभिचारी

**प्रयोग** (पुं.) लओनाइ, व्यवहारमे अननाइ, व्यावहारिक जाँच

**प्रयोगवाद** (पुं.) परंपरासँ हटिकें साहित्यमे आ कलामे अलंकारादिक दृष्टिसँ नवीन प्रयोगक मत

**प्रयोगविधि** (स्त्री.) प्रयोग करबाक विधि, व्यवहार करबाक पद्धति, लगएबाक विधि

**प्रयोगशाला** (स्त्री.) विज्ञानसंबंधी व्यावहारिक अनुभावार्थ बनल कर्मशाला, वैज्ञानिक प्रयोगक स्थान/कक्ष/भवन आदि

**प्रयोगातिशय** (पुं.) संस्कृत नाटकमे प्रस्ताव-नाक एकटा प्रकार

**प्रयोगात्मक** (वि.) प्रयोगसंबंधी, व्यावहारिक

**प्रयोगार्ह** (वि.) प्रयोगमे आनय योग्य, जेकर प्रयोग करबाक चाही, व्यवहार योग्य

**प्रयोजक** (पुं.) प्रयोगकर्ता, व्यवहार केनिहार, प्रेरक

**प्रयोजन** (पुं.) उद्देश्य, लक्ष्य, साध्य

**प्रयोज्य** (वि.) व्यवहारयोग्य, प्रयोगानुकूल

**प्ररुह** (वि.) ऊपर जायबाला, बढएबाला

**प्ररूढ** (वि.) उत्पन्न, बढल, पूर्णवृद्धि प्राप्त

**प्ररूप** (पुं.) ढाँचा, स्वरूप, पूर्वरूप, प्राग्रूप

**प्ररूपी** (वि.) प्ररूपक रूपमे स्वीकार्य, प्रारूपिक

**प्ररोहण** (पुं.) उत्पत्ति, आरोह, उगब

**प्रलपन** (पुं.) वार्तालाप, गपशप, बड़बड़ाएब

**प्रलंब** (वि.) लंबा, ठाढ, उदग्र

**प्रलय** (पुं.) लय, विलीनता, नाश, सृष्टिक अंत, सर्वनाश

**प्रलयकाल** (पुं.) प्रलयक समय, भीषण विपत्ति

**प्रलयंकर** (वि.) प्रलयकारी, नाशकारी

**प्रलाप** (पुं.) निरर्थक बातचीत, बड़बड़ाएब, बकब, विलाप, दुःखकथा

**प्रलेख** (पुं.) स्थायी महत्वक लेख, दस्ताबेज

**प्रलेप** (पुं.) मलहम, लेपबाक औषधि, उबटन

**प्रलोभन** (पुं.) लोभ/लालच देब, परतारिकें काज लेबाक हेतु किछु देब गछब

**प्रवंचक** (पुं.) ठक, धोखेबाज, धूर्त, छली, कपटी

**प्रवंचित** (वि.) जे ठकाएल गेल होथि, जिनका धोखा देल गेलन्हि से

**प्रवक्ता** (पुं.) कुशल वक्ता, प्रवचन केनिहार, प्रवचनकार

**प्रवचन** (पुं.) प्रकृष्ट वचन, विवेचनात्मक गंभीर भाषण, धार्मिक/आध्यात्मिक वक्तव्य

**प्रवण** (वि.) उन्मुख, झुकल, नम्र, विनीत, ढालू

**प्रवर** (वि.) प्रधान, प्रमुख, सर्वश्रेष्ठ, कोनो गोत्रमे नामी ऋषिलोकनि

**प्रवरण** (पुं.) चयन, चुनाव, छाँट

**प्रवर्तक** (पुं.) चलओनिहार, आरंभकर्ता, प्रेरक, प्रायोजक

**प्रवर्तन** (पुं.) कार्यारंभ, प्रेरणा, उत्तेजना

**प्रवर्तित** (वि.) आरंभ कएलगेल, प्रवृत्त, आवि-ष्कृत, स्थापित

**प्रवर्धन** (पुं.) बढाएब, पैघ वा तेज करब

**प्रवसन** (पुं.) अपन मूलस्थान छोड़ि अन्यत्र वास करब, प्रवासी होएब

**प्रवहमान** (वि.) प्रवाहशील, बहल जाइत

**प्रवाचक** (पुं.) प्रवचन केनिहार, बाँचयबाला, पढि-पढि सुनओनिहार

**प्रवाद** (पुं.) किंवदंती

**प्रवाल** (पुं.) 1. मूङा, विद्रुम 2. अंकुर

**प्रवास** (पुं.) सफर, नियत स्थानसँ दूर रहनाइ, परदेशमे रहब

**प्रवासी** (वि.) परदेसी, विदेशमे रहनिहार

**प्रवाह** (पुं.) बहाव, धारा, सहज गति

**प्रविधान** (पुं.) अधिनियम, अध्यादेश

**प्रविधि** (स्त्री.) तकनीक, क्रिया कौशल, ढङ, शिल्पक विधि

**प्रविधिज्ञ** (पुं.) तकनीकज्ञ, शिल्पी, शिल्पकार

**प्रविष्ट** (वि.) पैसल, दर्ज कएल, नामांकित

**प्रविष्टि** (वि.) खानापूरी, दर्ज करब, प्रविष्टि

**प्रवीण** (वि.) दक्ष, विज्ञ, कुशल, प्रवीण

**प्रवीणता** (स्त्री.) दक्षता, विज्ञता

**प्रवीर** (पुं.) बहादुर, महान् योद्धा, वीर पुरुष

**प्रवृत्त** (वि.) उद्यत, प्रस्तुत, उन्मुख, संलग्न

**प्रवृत्ति** (स्त्री.) सहज उन्मुखता, झुकाब, रुचि

**प्रवेश** (पुं.) पैसब, नामांकन, आरंभिक ज्ञान, पहुँच

**प्रवेश-द्वार** (पुं.) कोनो भवन वा कक्षमे पैसबाक निर्दिष्ट द्वार

**प्रवेश-निषिद्ध** (पुं.) पैसबाक अवरोध, पहुँचबाक मनाही, प्रवेश निषेध

**प्रवेश-साक्षात्कार** (पुं.) प्रवेश-परीक्षा

**प्रवेश-पत्र** (पुं.) कोनो भवनमे पैसबाक हेतु विहित पत्र

**प्रवेश-शुल्क** (पुं.) कोनो भवन आ परीक्षामे पहुँचबाक उचित मूल्य

**प्रवेशिका** (स्त्री.) प्रवेश पत्र, प्राथमिक परीक्षा, कोनो पाठ्यक्रमक आरंभिक पुस्तक

**प्रशंसक** (पुं.) प्रशंसा केनिहार

**प्रशंसनीय** (वि.) प्रशंसाक योग, वर्णनीय

**प्रशंसा** (स्त्री.) गुणपर प्रसन्नता व्यक्त करब

**प्रशंसित** (वि.) जेकर प्रशंसा कएल गेल होइक से, प्रशंसित

**प्रशस्त** (वि.) प्रशंसित, उत्तम, श्रेष्ठ, संस्तुत, विहित

**प्रशस्ति** (स्त्री.) स्तुति, गुणगान, प्रशंसा

**प्रशस्य** (वि.) नीरव-निश्चल, उत्तेजनाहीन, दबल, प्रशमित

**प्रशाखा** (स्त्री.) बड़का शाखाक छोट डारि

**प्रशासक** (पुं.) शासन-प्रबंध केनिहार अधिकारी

**प्रशासन** (पुं.) सरकारक नीति वा संस्थाक उद्देश्यकें सफल बनएबाक कार्मिक व्यवस्था

**प्रशासनिक अनुमोदन** (पुं.) प्रशासन सम्बन्धी स्वीकृति

**प्रशासनिक नियंत्रण** (पुं.) प्रशासन संबंधी नियंत्रण/रोकथाम

**प्रशिक्षक** (पुं.) प्रशिक्षण देनिहार, व्यवसाय सिखओनिहार

**प्रशिक्षण** (पुं.) व्यक्तिमे कोनो विशेष योग्यता देबाक विधि

**प्रशिक्षण महाविद्यालय** (पुं.) जाहि महाविद्यालयमे व्यक्तिक योग्यता बढएबाक विधिपूर्वक ज्ञान प्रदान करबाक व्यवस्था होइक

**प्रशिक्षणार्थी** (पुं.) प्रशिक्षण प्राप्त करबाक इच्छुक, प्रशिक्षण हेतु निर्धारित व्यक्ति

**प्रशिक्षित** (वि.) प्रशिक्षण प्राप्त, प्रशिक्षित

**प्रशीतक** (वि.) बहुत ठंडा राखय बाला

**प्रशुल्क** (पुं.) सीमाशुल्क, आयात-निर्यात पर सरकारी कर

**प्रशीतन** (पुं.) खूब ठंढा करब

**प्रश्न** (पुं.) पूछल गेल विषय, विचारणीय विषय

**प्रश्नकाल** (पुं.) पुछबाक समय, विचारक समय, जेना संसद आदिमे प्रश्नकाल

**प्रश्नचिह्न** (पुं.) प्रश्नसूचक चिह्न (?) विशेष, सवालिया चेन्ह

**प्रश्नपत्र** (पुं.) कोनो परीक्षामे पूछल गेल प्रश्नक पर्चा, प्रश्नपत्र

**प्रश्नावली** (स्त्री.) प्रश्नक पंक्ति, प्रश्नमाला

**प्रश्नोत्तर** (पुं.) प्रश्नक उत्तर, पूछल गेल विषयक उत्तर

**प्रश्नोत्तरी** (स्त्री.) प्रश्न एवं उत्तरक संग्रह

**प्रश्रय** (पुं.) सहायता, प्रोत्साहन, अधिक मान

**प्रश्रयदाता** (पुं./वि.) सहायक, प्रोत्साहन दाता, मानप्रदाता

**प्रसंग** (पुं.) संबंध, साहचर्य/सन्दर्भ, अवसर

**प्रसन्न** (वि.) हर्षयुक्त, आनन्दित, हर्षित

**प्रसन्नता** (स्त्री.) प्रसन्न/हर्ष/आनन्द होएबाक अवस्था

**प्रसरण** (पुं.) पसरब, आगू बढब

**प्रसारित** (वि.) पसरल, विस्तारित, पसारल

**प्रसव** (पुं.) उत्पत्ति, बच्चाक जन्म, गर्भस्थ शिशुक बहरायब, सन्तान फल

**प्रसव अवकाश** (पुं.) बच्चाक जन्म प्रकरणमे ओ जन्मोपरान्त प्राप्तव्य अवकाश/छुट्टी

**प्रसवशाला** (स्त्री.) प्रसव हेतु घर, प्रसूतिगृह/कक्ष

**प्रसवोत्तर** (वि.) जन्म भेलाक उपरान्त, उत्पत्यनंतर

**प्रसाद** (पुं.) प्रसन्नता, खुशी, कृपा, अनुग्रह

**प्रसाधन** (पुं.) पसाहनि, वेशरचना, शृंगार, वस्त्रभूषणादि अलंकरण

**प्रसार** (पुं.) पसरनाइ, विस्तार, संचार, व्याप्ति, ख्याति

**प्रसारण** (पुं.) पसारब, विस्तारण, प्रस्तारण

**प्रसारित** (वि.) प्रसारित, विस्तारित, पसारल गेल

**प्रसिद्ध** (वि.) प्रसिद्ध, विख्यात, प्रख्यात, विदित, नामी

**प्रसिद्धि** (स्त्री.) ख्याति, प्रचार, यश

**प्रसुप्त** (वि.) सूतल, सुप्तावस्थामे

**प्रसूत** (वि.) उत्पन्न, गर्भसँ बहरायल (शिशु)

**प्रसूति** (स्त्री.) प्रसव, सोइरी

**प्रसूतिकक्ष** (पुं.) सोइरीक घर, प्रसवालय

**प्रसून** (पुं.) फूल, पुष्प

**प्रस्तर** (पुं.) 1. पाथर, शिला 2. विछाओन, आसन

**प्रस्तर-युग** (पुं.) पाथरक युग, शिलाक युग, पाषाण युग

**प्रस्ताव** (पुं.) विचारार्थ वा अनुमोदनार्थ कोनो बातक उपस्थापन, प्रसंग, अवसर, चर्चा

**प्रस्तावक** (पुं.) प्रस्ताब उपस्थापित करयबाला

**प्रस्तावना** (स्त्री.) उपक्रम, मूलविषयक आरंभसँ पूर्वक कथ्य

**प्रस्तावित** (वि.) विचारार्थ कोनो उपस्थापित बात, विषय

**प्रस्तुत** (वि.) प्रसंगानुसार पूर्वमे उल्लिखित, तैयार, बनाओल, रचल

**प्रस्तुति** (स्त्री.) सम्मुख राखब, प्रस्तुत केनाइ, तैयारी, रचना

**प्रस्तुतीकरण** (पुं.) प्रदर्शनक ढंग, उपस्थापक रीति, प्रस्तुतिक भाव

**प्रस्तोता** (पुं.) प्रस्ताव वा विषयोपस्थापन केनिहार, निर्माता

**प्रस्थान** (पुं.) बिदा होएब, यात्राक आरंभ, प्रयाण, प्रक्रम, चरण

**प्रस्थापक** (पुं.) पठओनिहार, प्रस्तुत केनिहार

**प्रस्थापन** (पुं.) कोनो बातकेँ प्रमाण द्वारा सिद्ध करब

**प्रस्थापना** (स्त्री.) कोनो बातकेँ साक्ष्य/प्रमाण सहित सिद्ध करब

**प्रस्फुटन** (पुं.) फूलकेँ खिलब, फुलाएब, निकलब, व्यक्त होएब

**प्रस्फुटित** (वि.) खिलल, निकलल, व्यक्त भेल, विकसित, फुलाएल

**प्रस्वेद** (पुं.) पसेना, घाम

**प्रस्वेदन** (पुं.) पसीना आएब, घाम बहब

**प्रहत** (वि.) घायल, पिटाएल

**प्रहर** (पुं.) पहर, अहोरात्रक आठम अंश, जेना एक पहर दू पहर, याम

**प्रहरी** (पुं.) पहरा कएनिहार

**प्रहसन** (पुं.) हास्यरस प्रधान छोट नाटक

**प्रहार** (पुं.) आघात, चोट, प्रहार

**प्रहेलिका** (स्त्री.) पिहानी, पहेली, बुझौअलि

**प्रांगण** (पुं.) आँगन, प्राङ्गण, आङन

**प्रांजल** (वि.) सरल, सीधा, स्वच्छ, साफ

**प्रांत** (पुं.) प्रदेश, क्षेत्र, इलाका

**प्रांतीय** (वि.) प्रदेशीय, क्षेत्रीय, इलाका संबंधी

**प्राइमरी** (वि.) प्रथम कक्षा स्तर बाला

**प्रकार** (पुं.) छहरदेबाली, पक्का बेड़ा

**प्राकृतिक** (वि.) सहज, स्वाभाविक, नैसर्गिक, भौतिक

**प्राकृतिक आपदा** (स्त्री.) स्वाभाविक आपत्ति, नैसर्गिक आपत्ति, भौतिक ताप

**प्राकृतिक चिकित्सा** (स्त्री.) भौतिक चिकित्सा, स्वाभाविक चिकित्सा, प्रकृति प्रदत्त संसाधनसँ कयल चिकित्सा

**प्राकृतिक संसाधन** (पुं.) स्वाभाविक संसाधन, प्राकृतिक संसाधन

**प्राक्कथन** (पुं.) प्रस्तावना, भूमिका, पुस्तकक आदिमे पुस्तक संबंधी बातकेँ कहबाक लेल विवेचनात्मक बात

**प्राक्कलन** (पुं.) संभावित व्यय वा लागतक पहिनेसँ कयल जायबाला अनुमान, पूर्वानुमान, अंदाजा

**प्राक्कल्पना** (स्त्री.) अपर्याप्त तथ्य/प्रमाण पर आधारित पूर्वानुमान

**प्रागैतिहासिक** (वि.) लिखित इतिहासकेँ आरंभ हेबासँ पूर्वक समयसँ संबंधित

**प्राचार्य** (पुं.) प्रकृष्ट आचार्य, महाविद्यालयक प्रधान आचार्य

**प्राची** (स्त्री.) पूर्व दिशा, पूरब, पूब दिसि

**प्राचीन** (वि.) पूर्वकालक, पुरातन, पहिलुका

**प्राचीन कथा** (स्त्री.) पूर्वकालक कथा, पुरातन कथा, पहिलुका समयक कथा

**प्राचीनतम** (वि.) पुरानहुसँ पुरान, प्राचीनहुसँ प्राचीन, अत्यंत प्राचीन

**प्राचीनतर** (वि.) एहि पुरान बातसँ किछु पुरान

**प्राचीनता** (स्त्री.) पुरातनता, पुरानापन

**प्राचीर** (पुं.) परिखा, पक्का बेढ़, ऊँच महलनुमा छहरदेबाली, प्राचीर

**प्राचुर्य** (पुं.) प्रचुरता, बाहुल्य

**प्राच्य** (वि.) पूर्वीय, विश्वक पूर्वभागसँ संबद्ध

**प्राच्यभाषा** (स्त्री.) प्राच्य देशक भाषा, पूर्वी देशकभाषा

**प्राज्ञ** (वि.) विद्वान्, समझदार, बुझनुक

**प्राण** (पुं.) जैव चेतना जे प्राणवायुरूप मानल-गेल अछि

**प्राणघात** (पुं.) जीवननाश, जैवनाश

**प्राणघातक** (वि.) प्राणघातक

**प्राणदंड** (पुं.) फाँसीक सजाए, मृत्युदंड

**प्राणदान** (पुं.) संजीवन, कोनहु तत्वमे प्राण देब, केकरो प्राणरक्षा करब

**प्राणदाता** (पुं.) प्राणद, प्राणप्रद, प्राण बचओ-निहार

**प्राणनाथ** (पुं.) 1. पति, प्राणक स्वामी 2. यमराज

**प्राणप्यारा** (पुं.) परमप्रिय व्यक्ति, पति प्रियतम, प्रेमी

**प्राण-प्रतिष्ठा** (स्त्री.) देवताक प्रतिमा/प्रतीकमे धार्मिक विधिसँ देवत्व देब

**प्राणवत्ता** (स्त्री.) प्राणवान् हेबाक भाव, जीवन

**प्राणवान** (वि.) जीवित, जेकरामे प्राण हो, सजीव

**प्राणवायु** (स्त्री.) ऑक्सीजन नामक गैस जे प्राणि-जीवनक लेल आवश्यक अछि

**प्राणांत** (पुं.) मृत्यु, मरण

**प्राणाधार** (पुं.) जीवित रहबाक स्रोत, जे प्राणक आधार हो से

**प्राणायाम** (पुं.) यौगिक रीतिएँ श्वासक व्यायाम

**प्राणिविज्ञान** (पुं.) जीवविज्ञान, विज्ञानक ओ शाखा जाहिमे प्राणी सभक विषयमे अध्ययन-अध्यापन कयल जाइत अछि

**प्राणी** (पुं.) जीव, प्राणयुक्त, (मनुष्य, पशु, पक्षी, जलचर आदि चौरासी लाख योनि प्राणी अछि)

**प्राणोत्सर्ग** (पुं.) प्राणक त्याग, मृत्यु, आत्मबलिदान

**प्रातः** (पुं.) प्रभात, प्रातःकाल, भोरमे, भिनसर खन

**प्रातःकर्म** (पुं.) भोरे कएल जायबाला कर्म, (शौच, स्नान, संध्या, तर्पण आदि)

**प्रातःस्नान** (पुं.) प्रातः कालीन स्नान, एकटा प्रथा, प्रातःस्नान

**प्रातिभ** (वि.) प्रतिभा संबंधी, प्रतिभाशाली, प्रतिभायुक्त

**प्रातिभ ज्ञान** (पुं.) विना कोनो अन्यक सहायतासँ प्राप्त स्वतः उद्भूत ज्ञान प्रातिभज्ञान कहाओल जाइत अछि

**प्राथमिक** (वि.) आरंभमे होब'बाला, प्रारंभिक

**प्राथमिक विद्यालय** (पुं.) बच्चा सभकेँ आरंभसँ शिक्षा देब'बाला विद्यालय, आरंभिक शिक्षाक केंद्र

**प्राथमिक शिक्षा** (स्त्री.) आरंभिक शिक्षा, बालशिक्षा, प्रथम कक्षासँ आरंभ होबय बाला शिक्षा

**प्राथमिकता** (स्त्री.) प्रथमस्तरबाला, प्राथम्य, प्राग्रता क्रममे प्रथम स्थान

**प्रादर्शनिक** (वि.) प्रदर्शनक योग्य

**प्रादुर्भाव** (पुं.) प्रकट होएब, आविर्भाव

**प्रादुर्भूत** (वि.) अभूतपूर्व वस्तु अस्तित्वमे आनल जाएब, उत्पन्न, प्रकट

**प्रादेश** (पुं.) ठुट्ठा, औंठाक अंत आ तर्जनीक अंतक बीच अधिकतम दूरी, बारह आंगुरक नाम

**प्रादेशिक** (वि.) प्रदेशीय, क्षेत्रीय

**प्राधान्य** (पुं.) प्रधानता, प्रमुखता

**प्राधिकरण** (पुं.) अनकासँ अधिकार पाबि काज कएनिहार संस्था/स्थापना

**प्राधिकार** (पुं.) अन्यसँ प्राप्त अधिकारिता

**प्राधिकार पत्र** (पुं.) अन्यसँ प्राप्त अधिकारिताक पत्र

**प्राधिकारी** (पुं.) प्राधिकरणक अफसर/अधिकारी

**प्राधिकृत** (वि.) प्राधिकार प्राप्त

**प्राध्यापक** (पुं.) महाविद्यालय/ विश्वविद्यालयक शिक्षक

**प्राध्यापन** (पुं.) महाविद्यालय/ विश्वविद्यालयमे पढाएब

**प्रापक** (पुं.) पहुँचओनिहार, प्राप्त कराओनिहार

**प्रापण** (पुं.) प्राप्त करब/कराएब, पहुँचाएब

**प्राप्त** (वि.) पाओल, हाथ आएल, पहुँचल

**प्राप्तकर्ता** (पुं.) प्राप्त केनिहार, पओनिहार

**प्राप्त होना** (स.क्रि.) प्राप्त होएब, पहुँचब, हाथ आएब

**प्राप्तांक** (पुं.) प्राप्त अंक, जेकरा अंक प्राप्त भेल हो

**प्राप्ति** (स्त्री.) प्राप्त होएब, पहुँच

**प्राप्तिसूचना** (स्त्री.) भेटि जएबाक, प्राप्त भेलाक सूचना, पहुँचबाक सूचना/संदेश

**प्राप्तिका** (स्त्री.) प्राप्त होएबाक पत्र

**प्राप्य** (वि.) प्राप्तव्य, प्राप्त होबय बाला, प्राप्त कर' योग्य

**प्राबल्य** (पुं.) बलक आधिक्य

**प्रामाणिक** (वि.) असली, पक्का, प्रमाणसिद्ध, जाँचल, विश्वस्त

**प्रायः** (क्रि.वि.) लगभग, बहुधा, अधिकतर

**प्राय** (वि.) कोनो लक्ष्यक पूर्त्यर्थ भोजनादि त्यागिकेँ धरना देब

**प्रायद्वीप** (पुं.) जे स्थान तीनि दिससँ समुद्रसँ घेराएल हो ओ प्रायद्वीप कहबैत अछि

**प्रायश्चित्त** (पुं.) प्रायश्चित, एकटा एहेन शास्त्रीय विधि/कृत्य जाहिसँ अपना पापसँ मुक्ति सम्भव भ' सकैछ

**प्रायोगिक** (वि.) प्रयोग संबंधी, प्रयोगात्मक, व्यावहारिक, प्रयोगमे कएनिहार

**प्रायोजक** (पुं.) प्रवर्तक, करओनिहार

**प्रायोजना** (स्त्री.) विशेष आयोजन

**प्रायोजित** (स्त्री.) विशेष रूपसँ आयोजित

**प्रारंभ** (पुं.) आरंभ, शुरुआत

**प्रारंभिक** (वि.) आरंभिक, शुरुआती

**प्रारंभिक रिपोर्ट** (स्त्री.) आरंभिक प्रतिवेदन, शुरुआती प्रतिवेदन, प्राथमिक प्रतिवेदन

**प्रारंभिक वक्तव्य** (पुं.) प्राथमिक वक्तव्य, आरंभिक/शुरुआती वक्तव्य

**प्रारब्ध** (पुं.) शुरू कएल गेल, भाग्य, अदिष्ट

**प्रारूप** (पुं.) प्राग्रूप, आलेखक पहिल बेर बनल एहन रूप जे अपेक्षित संशोधन आ अनुमोदनक उपरांत पक्का होइत अछि, खरड़ा, प्रारूप

**प्रारूपकार** (पुं.) प्रारूप बनओनिहार, खरड़ा बनओनिहार

**प्रारूपण** (पुं.) स्वीकृत्यर्थ कल्पित ढ़ाँचा

**प्रार्थना** (स्त्री.) अनुरोध, निवेदन, अरजी, विनती

**बेकायदा** (वि.) बिनु नियमक

**बेकार** (वि.) निष्प्रयोजन, व्यर्थ

**बेकारी** (स्त्री.) जीविकाक अभाव, नोकरी/काज नहि भेटनाइ, बेकारी

**बेखटके** (क्रि.वि.) निःसंदेह, बिना रोक-टोकके, निःसंकोच

**बेखबर** (वि.) अप्राप्तसूचना, नहि बूझल

**बेगम** (स्त्री.) रानी, पत्नी

**बेगाना** (वि.) असंबद्ध, अपरिचित

**बेगार** (वि.) बिनुबोनिक जन, विशेषतः पैघ लोकक यात्रामे असबाब उघनिहार जन जे केवल भोजन पएबाक अधिकारी होइछ, आगाँ आगाँ बेगार भार लए, बेगार

**बेगारी** (स्त्री.) बिनु बोनिक काज, बेगारी

**बेगुनाह** (वि.) अपराधहीन, निर्दोष, निरपराध

**बेघर** (वि.) घरसँ रहित, आश्रयहीन

**बेचना** (स.क्रि.) बेचब, विक्रय

**बेचारा** (वि.) भाग्यहीन, असहाय, दीन, दयापात्र

**बेचैन** (वि.) दुखी, बेचैन, व्याकुल, विकल

**बेचैनी** (स्त्री.) अधैर्य, व्याकुलता, बेचैनी

**बेजबान** (वि.) मूक, बौक, जे बाजि नहि सकए

**बेजान** (वि.) निछोह, निर्जीव, निष्प्राण

**बेजोड़** (वि.) अद्वितीय, अनुपम

**बेटा** (पुं.) पुत्र, पूत

**बेटी** (स्त्री.) पुत्री, धिया

**बेड़ा** (पुं.) घड़रा, एकटा नाव, डोङी, प्लव, बेड़ा

**बेड़ी** (स्त्री.) पाएर बन्हवाक कड़ी, पैकड़, बेड़ी

**बेड़े** (वि.) नौका दल

**बेडौल** (वि.) बेढव, असंतुलित आकृतिबाला

**बेढंगा** (वि.) अलूरि, जेकरा लूरि नहि छैक, बेढंग

**बेढव** (वि./क्रि.वि.) कुरुप, बेडोल, बेढव

**बेतकल्लुफ** (वि.) निःसंकोच

**बेतरतीब** (वि.) बेहिसाब, असंगत

**बेतहाशा** (क्रि.वि.) जान-बेजान, फुर्तीसँ

**बेताब** (वि.) उग्र, बेताब

**बेतार** (वि.) बेतार

**बेतार केंद्र** (पुं.) बेतार केंद्र

**बेतार संदेश** (पुं.) बेतारसंदेश

**बेतुका** (वि.) असंगत

**बेतुकापन** (पुं.) असंगतता

**बेदखल** (वि.) बेदखल

**बेदखली** (स्त्री.) बेदखली

**बेदम** (वि.) श्वासहीन, परिश्रांत

**बेदर्द** (वि.) कठोरहृदय

**बेदर्दी** (स्त्री.) निर्दय, निर्मम

**बेदाग** (वि.) निर्दोष, बेदाग

**बेदाना** (वि.) अनार, दाड़िम

**बेदिल** (वि.) हृदयहीन

**बेधड़क** (वि/क्रि.वि.) निर्भय, उग्र

**बेधना** (स.क्रि.) छेदब, खाधिकरब

**बेनाम** (वि.) नाम रहित

**बेपरवाह** (वि.) निश्चिंत, लापरबाह

**बेपरवाही** (स्त्री.) निश्चिंतता, लापरबाही

**बेफिक्र** (वि.) निश्चिंत

**बेफिक्री** (स्त्री.) निश्चिंतता

**बेबस** (वि.) विवश

**बेबसी** (स्त्री.) विवशता

**बेबाक** (वि.) पूर्णतः, बाँकी देय नहिं रहल

**बेबुनियाद** (वि.) आधारहीन

**बेमजा** (वि.) स्वादहीन

**बेमानी** (वि.) 1. बैमानी, छलयुक्त 2. बिना मतलबकेँ
**बेमिसाल** (वि.) अनुपम
**बेमेल** (वि.) अनमेल, असमंजस
**बेमौके** (क्रि.वि.) बिनु अवसर
**बेर** (पुं.) समय, बेर
**बेरहम** (वि.) निर्दय
**बेरहमी** (स्त्री.) निर्दयता
**बेरुखी** (स्त्री.) उदासी
**बेरोकटोक** (वि.) निर्बाध
**बेरोजगार** (वि.) बिनु नौकरीक, बेरोजगार
**बेरोजगारी** (स्त्री.) रोजगारहीनता, नोकरीक अभाव, बेगारी
**बेल** (स्त्री.) लता, लत्ती
**बे-लगाम** (वि.) अनियंत्रित
**बेलदार** (पुं.) ज'न, मजदूर माटि काट'वाला
**बेलन** (पुं.) बेलना
**बेलना** (स.क्रि.) बेलब (रोटी आदि)
**बेलबूटा** (पुं.) कढाइ-सिलाइसँ बनल चित्रकारी
**बेला** (स्त्री.) 1. बेला, बेर 2 तारबाला एक बाजा (वायलिन)
**बेवकूफ** (वि.) मूर्ख, अशिक्षित
**बेवकूफी** (स्त्री.) मूर्खता
**बेवक्त** (वि.) असमय
**बेवफा** (वि.) अविश्वस्त
**बेवा** (स्त्री.) विधवा स्त्री
**बेशक** (क्रि.वि.) निःसंदेह
**बेशकीमती** (वि.) बहुमूल्य, अमूल्य
**बेशर्म** (वि.) निर्लज्ज
**बेशर्मी** (स्त्री.) निर्लज्जता
**बेशी** (स्त्री.) बेसी, अधिक, अतिरिक्त
**बेशुमार** (वि.) अगणित
**बेसन** (पुं.) बेसन, घाठि, दलिहनक चूर्ण
**बेसनी** (स्त्री.) बेसनसँ बनल, वस्तु
**बेसमझ** (वि.) निश्चेत, चेतनाहीन
**बेसहारा** (वि.) असहाय
**बेसुध** (वि.) अचेत
**बेसुरा** (वि.) अशुद्ध स्वरबाला
**बेस्वाद** (वि.) स्वाद रहित
**बेहतर** (वि.) उत्तम, नीक
**बेहतरी** (स्त्री.) उत्तमता
**बेहतरीन** (वि.) अधिक नीक
**बेहद** (वि.) असीम, बहुत
**बेहन** (पुं.) रोपय'बाला धान अदिक गाछ
**बेहया** (वि.) निर्लज्ज
**बेहाल** (वि.) व्यग्र, उताहुल
**बेहिसाब** (वि.) अगणित, असंख्य, अनगिनत
**बेहूदगी** (स्त्री.) बुद्धिहीनता
**बेहूदा** (वि.) बुद्धिहीन
**बेहोश** (वि.) अचेत, बेहोश
**बेहोशी** (स्त्री.) अचेतावस्था
**बैंक** (पुं.) बैंक, कोषागार
**बैंक खाता** (पुं.) बैंक खाता
**बैंक ड्राफ्ट** (पुं.) बैंक ड्राफ्ट
**बैंगन** (पुं.) भट्टा, एक प्रकारक तरकारी, बैगन
**बैंगनी** (वि.) भट्टा सन रंगबाला
**बैंड** (पुं.) बैंड-बाजा, अग्ररेजी बाजा
**बैटरी** (स्त्री.) बैटरी
**बैठक** (स्त्री.) बइसक, बैठक, उपवेशन
**बैठना** (अ.क्रि.) 1. बैसक, बैसार 2. बैसब
**बैठाना** (स्त्री.) बैसाएब
**बैनामा** (पुं.) कोनो अचल संपति ककरो नामसँ हस्तांतरित करब
**बैरंग** (वि.) बिना टिकसक डाकपत्र
**बैर** (पुं.) शत्रुता, वैर, विरोध
**बैरा** (पुं.) होटलमे काज कर'बाला सेवक (बैरा)
**बैरागी** (पुं.) संन्यासी, फकीर
**बैरिस्टर** (पुं.) बैरिस्टर, ओकील
**बैरी** (वि.) शत्रु, दुश्मन, विरोधी
**बैल** (पुं.) बड़द, बैल, वृषभ
**बैलगाड़ी** (स्त्री.) बैलगाड़ी
**बैसाख** (पुं.) बैसाख, चैतकबाद पड़'बाला मास
**बैसाखी** (स्त्री.) बैसाख मासमे हुअ'बाला
**बोआई** (स्त्री.) रोपाइ, रोपनाइ

**बोझ** (पुं.) भार,बोझ

**बोझिल** (वि.) भारी, बोझसँ दबाएल

**बोटी** (स्त्री.) बुट्टी, मासुक टुकड़ा

**बोतल** (स्त्री.) बोतल, काचक पात्र, चोङा सन काचक पात्र

**बोदा** (वि.) बकरा, बत्तू

**बोध** (पुं.) ज्ञान, अवगति, प्रतिभा, समझ

**बोधक** (वि.) ज्ञान कराव'बाला बोधक

**बोधगम्य** (वि.) बोधगम्य बुझवाजोग

**बोधि** (पुं.) पूर्णज्ञान, बुद्धत्व

**बोनस** (पुं.) बोनस

**बोना** (स.क्रि.) बीआ रोपब

**बोरा** (पुं.) बोरा

**बोरी** (स्त्री.) बोरी

**बोल** (पुं.) बोल, वाणी, बाजल शब्द, भाषा

**बोल-चाल** (स्त्री.) बाजब- भुकब, बोल-चाल

**बोलना** (स.क्रि.) बाजब

**बोलबाला** (पुं.) अधिकार, प्रभुत्व

**बोली** (स्त्री.) वचन, वाणी, बोली

**बोहनी** (स्त्री.) पहिल बिकरी, बोहनि

**बौखलाना** (अ.क्रि.) बौखलाएब

**बौखलाहट** (स्त्री.) बौखलाहट

**बौछार** (स्त्री.) बौछार, बरखा, फुलझड़ी

**बौड़म** (वि.) मूर्ख, धूर्त

**बौद्ध** (वि.) बौद्ध, भगवान् बुदधसँ संबदध, बुद्ध द्वारा प्रवर्तित धर्मक अनुयायी

**बौद्धिक** (वि.) बुद्धिजीवी, बुद्धिसँ कयल काज

**बौना** (पुं.) बओना, वामन

**बौर** (पुं.) आमक मोजर (मज्जर), मंजरी

**बौराना** (अ.क्रि.) बौराएब, बताह होएब

**ब्याज** (पुं.) सूद, ब्याज

**ब्याजखोर** (पुं.) सूद लेबाक वृत्तिबाला

**ब्याना** (स.क्रि.) बिआएव, जन्म देव

**ब्यालू** (पुं.) रात्रि भोजन

**ब्याह** (पुं.) विवाह, ब्याह

**ब्याहता** (पुं.) विवाहित, जकर विवाह भेल हो

**ब्याहना** (स.क्रि.) विवाह करब

**ब्योरा** (पुं.) विवरण

**ब्योरेवार** (क्रि.वि.) विस्तृत विवरण, विवरणानुसार

**ब्रहमचर्य** (पुं.) यौनसंपर्कसँ निवृत्ति, जीवनक चारि आश्रममे पहिल, गुरुकुलमे रहि वेद पढब

**ब्रहमचारी** (पुं.) ब्रहमचर्यक पालन कएनिहार गुरुकुलमे रहनिहार छात्र

**ब्रहमज्ञान** (पुं.) ब्रहमसंबंधी ज्ञान

**ब्रहमभोज** (पुं.) ब्राहमणसभके भोजन कराएब

**ब्रहममुहूर्त** (पुं.) ब्रहममुहूर्त

**ब्रहमरेखा** (स्त्री.) ब्रहमाद्वारा कपारमे अंकित रेखा जे अटल मानल जाइत अछि

**ब्रहमांड** (पुं.) ब्रहमाद्वारा सृजित विशाल अंडा जाहिसँ संसार उत्पन्न भेल

**ब्राहमण** (पुं.) ब्राहमण, द्विज, विप्र

**ब्लाउज** (पुं.) महिला सभक पहिर'बाला आङी, ब्लाउज

**ब्लेड** (पुं.) 1. लोहाक बनल पातर दाढी काट'बाला उपकरण 2. काटबाक हेतु प्रयोगमे आव'बाला लोहाक उपकरण 3. ब्लेड

# भ

**भंग** (पुं.) 1. टुटनाइ, विघटन 2. उल्लंघन 3. वक्रता 4. लूरि

**भंग करना** (स.क्रि.) विघटन करब, उल्लंघन रकब, खंड करब

**भंगिमा** (स्त्री.) वक्रता, लूरि

**भंगी** (पुं.) 1. सफाइ कर'बाला, हेला अथवा हेलिन 2 छवि, छटा, शोभा

**भंगुर** (वि.) भंगुर, तनुक

**भंगेड़ी** (पुं.) भङपीबा, निसाँकर'बाला

**भंजन** (पुं.) भंग करब, तोड़ब, फोड़ब

**भंडाफोड़** (पुं.) भंडाफोड़, गुप्त, रहस्यके प्रकाशित करब

**भंडार** (पुं.) 1. भंडार, अन्न आदि संचय करबाक घर भंडार 2 संचय

**भंडार घर** (पुं.) वस्तु संचय करबाक घर

**भंडारण** (पुं.) संचयन, एकत्रित करब, एकट्ठा करब

**भंडारा** (पुं.) साधु-संतक भोज, सामाजिक भोज

**भंडारी** (पुं.) भंडारक रक्षक, भंडारपाल, भ़ड़ाड़ी

**भंवर** (पुं.) वातचक्र, वात्यावर्त

**भक** (स्त्री.) 1. निसाँसँ क्षणिक अज्ञानावस्थ, विभ्रम, आँखिक क्षणिक झपनी, औंघाएब 2. निद्रा 3. चंचल प्रकाश

**भक-भक** (स्त्री.) 1. चंचल प्रकाश, क्षण पर तेज-मंद होइत प्रकाश 2. खौझाएब, 3. त्वचाक ज्वलन

**भकोसना** (स.क्रि.) आतुरता पूर्बक झट्-झट खायब

**भक्त** (पुं.) 1. भक्त श्रद्धावान्, अनुरागी 2. विभक्त, बाँटल

**भक्तवत्सल** (वि.) भक्तक प्रति स्नेहभाव राख'बाला, भक्तवत्सल

**भक्त शिरोमणि** (पुं.) भक्त समुदायक प्रमुख

**भक्ति** (स्त्री.) ईश्वरमे अनन्य अनुराग

**भक्तिमार्ग** (पुं.) भक्ति करबाक व्यवहार/ कार्य, भक्तिमार्ग

**भक्षक** (वि.) खएनिहार, भक्षक

**भक्षण** (पुं.) खाएब, आहार करब

**भक्षी** (वि.) खएनिहार

**भक्ष्य** (वि.) खएबाक वस्तु

**भगंदर** (पुं.) एक प्रकारक गुदारोग, बबासीर, अर्श, भगन्नर

**भगत** (वि.) 1. भक्त, भगत 2. ग्रामदेवताक नियत पूजक

**भगतिन** (स्त्री.) भगतिन, भगतिनि

**भगदड़** (स्त्री.) 1. भगदड़ 2. उपद्रव

**भगवत्** (पुं.) भगवान्, ईश्वर

**भगवा** (पुं.) 1. धरिआ, कौपीन 2. भगवा रंग, गेरुआ रंग

**भगवान** (पुं.) ईश्वर, प्रभु, देवता

**भगाना** (स.क्रि.) भगाएब, बैलाएब

**भगिनी** (स्त्री.) बहिनि, भगिनी, बहिन

**भगीरथ परिश्रम** (पुं.) कठिन परिश्रम

**भगोड़ा** (वि./पुं.) 1. पड़ाएब, भागब 2 फरार होएब

**भग्गू** (वि./पुं.) काजसँ देह छिपाब'बाला, कायर

**भग्न** (वि.) टूटल-फूटल, क्षतिग्रस्त

**भग्नावशेष** (पुं.) टूटल-फूटल भवन आ ओकर अवशेष भाग

**भचक** (स्त्री.) 1. अशक्त, निर्बल 2. नाङड़ 3. पाएरक विकार बाला

**भजन** (पुं.) पूजा, स्तुति, आराधना

**भजन भाव** (पुं.) भक्ति भाव

**भजना** (स.क्रि.) भक्ति भावसँ ईश्वरक स्मरण, ईश्वरक नाम कीर्तन

**भजनावलि** (स्त्री.) भजनक संग्रह

**भटकना** (अ.क्रि.) भटकब, भोतिआएब

**भटकाना** (स.क्रि.) भटकाएब

**भटकाव** (पुं.) भटकब, भ्रमित

**भट्ठा** (पुं.) 1. ईंटा बनएबाक भट्ठा, आबा 2. कोमल माटिक ढेप जाहिसँ बच्चा अक्षर लिखब सिखैछ

**भट्ठी** (स्त्री.) पैघ चुलही, जाहिपर दारु चुआओल जाइछ, दारु बनेवाक कारखाना, मदिरालय

**भठियारा** (पुं.) अधम लोक सभक स्थान (वस्ति बाला) भठिआर

**भड़क** (स्त्री.) मिथ्या आडंबर

**भड़कना** (अ.क्रि.) भड़कब, चंचल होयब

**भड़काऊ** (वि.) भड़काह

**भड़काना** (स.क्रि.) भय देखाएब, भड़काएब

**भड़कीला** (वि.) भड़कबाक स्वभाव बाला

**भड़भड़** (स्त्री.) भड़भड़क ध्वनि

**भड़भड़ाना** (स.क्रि.) भड़भड़ाएब

**भड़भड़िया** (पुं.) भड़भड़ कर'बाला, हरबड़िया

**भड़भूँजा** (पुं.) भूंजा भुजएबाला, कनसारी

**भड़ास** (स्त्री.) लालसा, भड़ास

**भतीजा** (पुं.) भातीज, भ्रातृव्य

**भतीजी** (स्त्री.) भतिजी, भाइक बेटी

**भत्ता** (पुं.) कर्मचारी के वेतनक अतिरिक्त कोनो विशेष प्रयोजनसँ देलगेल राशि

**भद्द** (स्त्री.) अनर्थ

**भद्दा** (वि.) कुरुप, अभद्र

**भद्र** (वि.) 1. सिद्ध व्यक्ति, सभ्य, शिष्ट 2. एक राजपूतवंश

**भद्रता** (स्त्री.) सभ्यता, शिष्टता

**भद्रजन** (पुं.) सभ्यपुरुष, सज्जन

**भद्रपुरुष** (पुं.) शिष्टपुरुष

**भद्राभद्र** (वि.) नीक-अधलाह, भद्राभद्र

**भद्रे** (स्त्री.) सभ्य महिलाक हेतु संबोधन

**भनभनाना** (अ.क्रि.) माछीजका भन- भन ध्वनिकरब, भनभनाएब

**भन्नाना** (अ.क्रि.) निरर्थक बाजव, क्रुद्ध होएव

**भभकना** (अ.क्रि.) तेज दुर्गंध, दुर्गंधमय होएब, भभकब, मँहकब

**भभका** (पुं.) दारू चुअएबाक पात्र, भट्ठी आसवन-उपसाधन

**भभकी** (स्त्री.) भभकी, धमकी

**भभूका** (वि.) अङोरा, आगिक दहकैत लालगोला, अग्नि पिंड, ज्वाला

**भभूत** (स्त्री.) विभूति, भस्म

**भयंकर** (वि.) भयाओन, भयानक, भयंकर

**भयंकरता** (स्त्री.) भयानकता, भयावहता

**भय** (पुं.) डर, भय

**भयग्रस्त** (वि.) डरल, भयभीत, भयग्रस्त

**भयप्रद** (वि.) ड'र देखाब'बाला, भयकारक

**भयभीत** (वि.) डरल, भयभीत

**भयाक्रांत** (वि.) भयानक, भयाक्रांत

**भयानक** (वि.) डेराओन, भयानक

**भयावना** (वि.) भयंकर, भयाओन, भयान

**भयावह** (वि.) डराओन, भयाओन, भयंकर, भयावह

**भर** (अव्य.) 1. आश्रय शरण, अवलंब, भर 2. भरेस, बल 3. भार, बोझ 4. दिशा

**भरण-पोषण** (पुं.) पालन-पोषण, भरण-पोषण

**भरत पक्षी** (पुं.) एक प्रकारक पक्षी

**भरता** (पुं.) सन्ना, साना, चूरि पीसि एकमे मिलाओल

**भरती** (स्त्री.) भरती, प्रवेश, पूर्ति

**भरना** (अ.क्रि.) 1. भरनाइ, पूर्ति 2 बहाली, प्रवेश

**भरपाई** (स्त्री.) भुगतान, देय चुकाएब

**भरपूर** (वि.) पूर्ण, पूरा

**भरभराना** (अ.क्रि.) भरभराएब

**भरमाना** (स.क्रि.) भरमाएब

**भरमार** (स्त्री.) अत्यधिक, अधिकता, बहुतरास

**भरवाई** (स्त्री.) पूरि होएब, भरब

**भरसक** (क्रि.वि.) यथाशक्ति, यथायोग्य

**भरा** (वि.) भरल, पूर्ण

**भराई** (स्त्री.) 1. भराइ, भरबाक क्रिया 2. भरबाक पारिश्रमिक

**भरापूरा** (वि.) भरल-पुरल

**भराव** (पुं.) पूर्ति, भरनाइ, भरण

**भरोसा** (पुं.) आशा, भरोस, विश्वास

**भर्त्सना** (स्त्री.) गंजन, डाँट, भर्त्सना

**भर्राना** (अ.क्रि.) बइसलकंठसँ बाजब, भर्राएब

**भलमनसाहत** (स्त्री.) सज्जनता

**भला** (वि.) नीक, सज्जन, भला

**भलाई** (स्त्री.) सज्जनता, भलाइ

**भलाई-बुराई** (स्त्री.) नीक-अधलाह, नीक-बेजाय

**भलाचंगा** (वि.) स्वस्थ, निरोग

**भला-बुरा** (पुं.) नीक-अधलाह

**भलामानस** (पुं.) सज्जन व्यक्ति, शालीन

**भव** (पुं.) संसार

**भवजाल** (पुं.) सांसारिक मायाजाल

**भवदीय** (सर्व.) अपनेक, भवदीय

**भवन** (पुं.) निवासभवन, रहबाक घर

**भवन निर्माण** (पुं.) मकान बनबाएब
**भवसागर** (पुं.) संसाररूप समुद्र
**भवानी** (स्त्री.) पार्वती
**भवितव्य** (वि.) अवश्यंभावी घटना, भाग्य, नियति
**भवितव्यता** (स्त्री.) भवितव्यता
**भविष्य** (पुं.) भावी, आगाँक समय, भविष्य
**भविष्यकाल** (पुं.) आगाँक समय,आगामी काल
**भविष्यज्ञान** (पुं.) भविष्यज्ञान,भावीक जानकारी
**भविष्यद्रष्टा** (पुं.) ज्ञानी, भविष्यद्रष्टा
**भविष्यवक्ता** (पुं.) ज्ञानी,संत, भविष्यक संबंधमे कहनिहार
**भविष्यनिधि** (स्त्री.) 1. आगामी समयक हेतु सुरक्षित धन, 2. सेवानिवृत्तिक बाद भेट'बाला उपायन द्रव्य
**भविष्यवाणी** (स्त्री.) की होयत से पहिनहि कहि सुनाएब, भविष्यवाणी
**भव्य** (वि.) 1. नीक भविष्यवाला, होनहार 2. सुंदर, मोहक, रम्य
**भव्यता** (स्त्री.) सुंदरता मोहकता
**भस्म** (पुं.) 1. विभूत 2 छाउर
**भस्मी** (स्त्री.) शव, लहास, मुर्दा क छाउर
**भहराना** (अ.क्रि.) लड़खड़ा के चलब, डगमग-गाएब
**भांड** (पुं.) 1. माटिक कोहा, तौला 2. गाए-महिसिक गर्भाशय
**भाँग** (स्त्री.) एक घनगर पातक गाछ जे मादक होइछ, विजया, भाँग
**भाँगड़ा** (पुं.) एक प्रकारक नृत्य
**भाँजना** (स.क्रि.) 1. भाँजब 2 खेलमे कौड़ी/ पासा फेकब
**भाँजी** (स्त्री.) अवरोध, भाँजी, विहन
**भाँति** (स्त्री.) प्रकार, रीति, तरह
**भाँपना** (स.क्रि.) अनुमान करब, भाँफब
**भाँय-भाँय** (स्त्री.) भाँय-भाँय ध्वनि
**भाँवर** (स्त्री.) परिभ्रमण, परिक्रमा, टालमटोल
**भाई** (पुं.) भाय, भाइ, भ्राता
**भाईचारा** (पुं.) भ्रातृत्व, सद्भाव
**भाई-बंधु** (पुं.) भाइ-भंधु
**भाई- भतीजावाद** (पुं.) भाइ-भतिजावाद
**भाग** (पुं.) 1. भाग्य, अदृष्ट, सौभाग्य 2. बाँट, बखरा हिस्सा
**भागदौड़** (पुं.) भागदौड़
**भागना** (अ.क्रि.) 1. भागब, पड़ाएब 2. फरार होएब
**भागफल** (पुं.) भाग देला पर निकलल संख्या, भागफल
**भागम-भाग** (स्त्री.) भागम-भाग, भाग-दौड़
**भागी** (पुं.) 1. हकदार,दायित्ववान 2. अंशधारी
**भागीदार** (पुं.) भागीदार, हिस्सा पओनिहार
**भागीदारी** (स्त्री.) अंशधारिता
**भाग्य** (पुं.) दैव, अदृष्ट, तकदीर
**भाग्यवश** (क्रि.वि.) भाग्यक कारणे
**भाग्यवाद** (पुं.) भाग्यकेँ मान'बाला विचारधारा
**भाग्यवादी** (वि/पुं.) भाग्य पर भरोसकर'बाला
**भाग्यवान** (वि.) भाग्यशाली, भाग्यवान्
**भाग्यहीन** (वि.) भाग्यरहित, भाग्यहीन
**भाग्योदय** (पुं.) भाग्योदय
**भाजक** (वि.) बँटनिहार, फुटओनिहार, गणितमे ओ राशि जाहिसँ कोनो राशिकँ भाग देवाक हो
**भाजी** (स्त्री.) तरकारी, साग-सब्जी, भाजी
**भाज्य** (वि.) 1. बाँटवाक योग्य कोनो वस्तु 2. गणितमे ओ राशि जेकरा बाँटवाक हो
**भाट** (पुं.) चारण, भाट, एक जाति
**भाटा** (पुं.) भाँटा, एक तरकारी, बैगन, भट्टा
**भाड़** (पुं.) भुज्जा भुजबाक भाँड़ (पैघ चूल्हा), कनसारक भट्टी
**भाड़ा** (पुं.) उपभोगक प्रतिफल, किराया (किरेजा) भाड़ा, मासूल
**भाड़ा क्रय** (पुं.) किस्तमे मूल्य द' कोनो वस्तु कीनब

**भात** (पुं.) चाउर के उसीनि के बनाओल भात, ओदन

**भादो** (पुं.) भारतीय वर्ष क छठम मास भादब

**भान** (पुं.) प्रतीति, बोध

**भानजा** (भांजा) (पुं.) भागिन, भागिनेय, बहिनिक बेटा

**भानजी** (भांजी) (स्त्री.) भगिनी, बहिनिक बेटी

**भाना** (अ.क्रि.) नीक लागब

**भानु** (पुं.) सुरुज, सूर्य, दिनकर

**भाप** (स्त्री.) भाफ, वाष्प, तापवश धुआँ जकाँ वायुमे उडैत सूक्ष्मकण (जलकण)

**भाभी** (स्त्री.) भउजी, जेठ भायक पत्नी

**भामिनी** (स्त्री.) स्त्री, महिला

**भार** (पुं.) 1. भार बोझ, गुरुत्व, ओजन 2. अधिकार आ कर्तव्यक अर्पण 3. एक व्यक्ति द्वारा उघ' जोग वस्तुक भार

**भारत** (पुं.) भारत देश

**भारत माता** (पुं.) मातृस्वरूप देश

**भारतवर्ष** (पुं.) भारतवर्ष

**भारतवासी** (पुं.) भारतमे रहनिहार

**भारत विद्या** (स्त्री.) भारत विद्या

**भारती** (स्त्री.) सरस्वती, ज्ञानक अधिष्ठात्री देवी

**भारतीय** (वि.) हिंदुस्तानी, भारतीय

**भारवाहक** (पुं.) भार उघै बाला, कुली

**भारहीन** (वि.) जाहिमे ओजन नहि हो, भारहीन, बोझरहित

**भारी** (वि.) अधिक ओजनबाला, भरिगर, पैघ, विशाल, महान उत्कृष्ट, गंभीर

**भारीपन** (पुं.) भारीपन, विशालता, तेजी

**भारी-भरकम** (वि.) विशेष ओजनबाला, ओजनदार

**भारीवाहन** (पुं.) ओजनदार वाहन, भारी वाहन

**भारोपीय** (वि.) भारत यूरोपीय, भारोपीय, भाषाविज्ञानमे भाषाक वर्गीकरणमे भारोपीयभाषा परिवारक वर्णन होइछ

**भार्या** (स्त्री.) पत्नी, घ'रवाली

**भाल** (पुं.) कपार, ललाट

**भाला** (पुं.) दूरसँ फेक'बाला एक अस्त्र

**भालाधारी** (पुं.) भाला के धारण कर'बाला, भालाधारी

**भालू** (पुं.) एक हिंस्र जंतु, भालू, भालु

**भाव** (पुं.) अनुभूति, मनोदशा, आशय, अभिप्राय

**भावताव** (पुं.) भाव-ताव, वस्तुमूल्य

**भावदशा** (स्त्री.) भावदशा

**भावना** (स्त्री.) भावुकता, चितोद्रेक, चिंतन, मनन, सोचनाइ, ध्यान

**भावनात्मक** (वि.) भाबुक, भावनात्मक

**भावपक्ष** (पुं.) विचार, भावपक्ष

**भावभंगिमा** (स्त्री.) भाव भंगिमा

**भाव-भीनी** (वि.) अनुभवपूर्ण, भावमय

**भाववाचक** (स्त्री.) भाववाचक संज्ञा

**भाववाच्य** (पुं.) भाववाच्य

**भावविभोर** (वि.) भावविभोर, भावपूर्ण, भावाभिभूत

**भावव्यंजक** (वि.) भाव व्यक्त कर'बाला, भाव-व्यंजक

**भावव्यंजन** (पुं.) विचारक अभिव्यक्ति

**भावशून्य** (वि.) भावरहित, भावशून्य

**भावहीन** (वि.) भावनारहित, भावहीन

**भावाकृति** (स्त्री.) भावाकृति, अभिव्यक्ति

**भावातिरेक** (पुं.) भावातिरेक

**भावात्मक** (वि.) भावात्मक

**भावानुवाद** (वि.) भावानुवाद

**भावार्थ** (पुं.) व्याख्या, भावार्थ

**भावावेश** (पुं.) भावावेश, भावुकता

**भावी** (वि.) भविष्यमे भेनिहार, भावी

**भावुक** (वि.) अनुभूतिसँ अधिक प्रभावित भेनिहार भावुक

**भावुकता** (स्त्री.) भावुकता

**भावोत्कर्ष** (पुं.) भावोत्कर्ष

**भावोत्तेजक** (वि.) भावोत्तेजक

**भावोन्मत्त** (वि.) भावसँ उन्मत्त, भावोन्मत्त

**भाषण** (पुं.) व्याख्यान, वक्तृता, बाजब, आलाप

**भाषांतर** (पुं.) दोसर भाषामे अनुवाद

**भाषांतरकार** (पुं.) अनुवादक, दुभाषिया

**भाषा** (स्त्री.) बोली, भाषा
**भाषाई** (वि.) भाषाई
**भाषागत** (वि.) भाषामे व्यक्त कएल गेल, भाषागत
**भाषाविज्ञान** (पुं.) भाषासँ संवंधित अध्ययन, भाषाविज्ञान
**भाषाविद्** (पुं.) भाषाविद्, भाषाक जननिहार
**भाषावैज्ञानिक** (पुं.) भाषावैज्ञानिक
**भाषिक** (वि.) भाषासँ सम्बंधित, भाषिक
**भाषिका** (स्त्री.) विभाषा, बोली
**भाषित** (वि.) कहल गेल, बाजल गेल
**भाष्य** (पुं.) सूत्रग्रंथ वा गूढग्रंथक विशद व्याख्या
**भाष्यकार** (पुं.) विशद व्याख्याकार, टीकाकार
**भासित** (वि.) अपन प्रकृतिसँ विचलित
**भास्कर** (पुं.) सूर्य, भास्कर, दिनकर
**भास्वर** (वि.) भास्वर
**भिंडी** (स्त्री.) रामझिमनी, भींडी
**भिक्षा** (स्त्री.) भीख, भिक्षा
**भिक्षाटन** (पुं.) भिक्षाटन, भीख मागवाला कर्म
**भिक्षा पात्र** (पुं.) भिक्षा-पात्र, भीख मांगि राख'-बाला पात्र
**भिक्षु** (पुं.) भिखारी, भिक्षु
**भिक्षुक** (पुं.) माँग'बाला, भिक्षाटन कर'बाला, बौद्ध भिक्षु, भिखारी
**भिखमंगा** (पुं.) भिक्षाजीवी, भिखारी
**भिखारिन** (स्त्री.) महिला भिखारि, भिखारिन
**भिखारी** (पुं.) भिखारी, भिक्षुक, भिखमंगा
**भिगोना** (स.क्रि.) भिजाएब
**भिजवाना** (स.क्रि.) पठबाएब
**भिडंत** (स्त्री.) टक्कर, भिडंत
**भिड़** (स्त्री.) ततैया, भेम
**भिड़ना** (अ.क्रि.) टकराएब
**भिड़ाना** (स.क्रि.) सटाएब
**भित्ति** (स्त्री.) भीत, देवाल
**भित्ति कागज** (पुं.) भितकागज
**भित्ति चित्र** (पुं.) भित्तिचित्र
**भिनकना** (अ.क्रि.) भिन-भिन शब्द करब, भिनकब, अपवित्रताक कारणेँ मन विरक्त होएब
**भिनभिनाना** (अ.क्रि.) भिनभिनाएब
**भिन्न** (वि/पुं.) आन, इतर, पृथक
**भिन्नता** (स्त्री.) भिन्नता, भेदता
**भिश्ती** (पुं.) भिश्ती, चमड़ाक पैघ खोलमे पानि ल'जाय बाला पात्र
**भींचना** (स.क्रि.) दबाएब, बंदकरब
**भी** (अव्य.) अपिच, आओर, तथा
**भीख** (स्त्री.) भीखि, भोजनक लेल याचना कए लेल दान, उपनयनक एक विधि बडुआ द्वारा भिक्षाटन
**भीगना** (अ.क्रि.) भीजब
**भीड़** (स्त्री.) लोकक एकत्रित समूह, मेला, रेड़ा, भीड़
**भीड़-भड़क्का** (पुं.) भीड़क हलचल, धक्कम धक्का
**भीत** (वि.) 1. डरल, भयभीत 2 देवाल, माटिके थोपि-थोपि बनाओल देवाल
**भीतर** (क्रि.वि.) भितर
**भीतरी** (क्रि.वि.) भितरी, अंदरुनी
**भीति** (स्त्री.) 1. ड'र 2. भित्ति, देवाल
**भीना/भीनी** (वि.) मनोहर, सुखकर
**भीरू** (वि.) डरपोक, काएर
**भुनभुनाना** (अ.क्रि.) भुनभुनाएब
**भुनवाई** (स्त्री.) भुनवाइ
**भुनाना** (स.क्रि.) भजाएब
**भुरभुरा** (वि.) ढील (माटि)
**भुलक्कड़** (वि.) बिसराह
**भुलाना** (स.क्रि.) बिसरब, गलती करब, मोहित होएब, भुलाएब
**भुलावा** (पुं.) बिसरनाइ
**भुवन** (पुं.) भुवन, संसार, लोक (तीन)
**भू** (स्त्री.) 1. पृथ्वी 2. भूमि
**भूकंप** (पुं.) धरतीक काँपब, कंपन
**भूकंपमापी** (स्त्री.) धरतीक कम्पके माप कर'-बाला यंत्र

**भू-कक्षा** (स्त्री.) भूकक्षा
**भूखंड** (पुं.) भूखंड, भूमिखंड
**भूख** (स्त्री.) वुभुक्षा, भूख
**भूख-हड़ताल** (स्त्री.) भूख हड़ताल
**भूखा** (वि.) भुखल, बुभुक्षित
**भूखा-नंगा** (वि.) बुभुक्षित नाङट, दरिद्र, गरीब
**भू-गर्भ** (पुं.) भू-गर्भ
**भू-गर्भविज्ञान** (पुं.) भू-गर्भ- विज्ञान
**भूगोल** (पुं.) भूगोल
**भू-चक्र** (पुं.) भूचक्र
**भू-चाल** (पुं.) भू-चाल, भूकंप
**भूत** (वि.) भूत, अतीत, बीतल, घटित भेल
**भूतकाल** (पुं.) भूतकाल
**भूतकालिक** (क्रि.) भूतकालिक
**भूतकृदंत** (क्रि.) भूतकृदंत
**भूतबाधा** (स्त्री.) भूतबाधा
**भूतनी** (स्त्री.) भूतनी, भूतक स्त्री
**भूतपूर्व** (क्रि.) पूर्वमे भेल
**भूतप्रेत** (पुं.) भूतप्रेत
**भूतल** (पुं.) भूतल
**भूदान** (पुं.) भूदान (विनोवा भावे द्वारा प्रवर्तित भूदान यज्ञ)
**भूदानी** (पुं.) भूदानी, भूदानकर्ता
**भूधर** (पुं.) भूधर, पर्वत
**भूनना** (स.क्रि.) भुजब
**भूप** (पुं.) भूप, राजा, नृप
**भूभाग** (पुं.) भूभाग, भूखंड
**भूमंडल** (पुं.) भूमंडल
**भूमंडलीकरण** (पुं.) भूमंडलीकरण
**भूमंडलीय** (वि.) भूमंडलीय
**भूमध्यरेखा** (स्त्री.) भूमध्यरेखा
**भूमध्यसागर** (पुं.) भूमध्यसागर
**भूमि** (स्त्री.) धरती, जमीन, खेत, आधार
**भूमिका** (स्त्री.) 1. आधार भूमि, पृष्ठभूमि, नीओ 2. प्रस्तावना, उपक्रम 3. सामूहिक क्रियामे व्यक्तिक अंश
**भूमिगत** (वि.) भूमिगत
**भूमिधर** (पुं.) भूमिधर
**भूमिसुधार** (पुं.) भूमिसुधार
**भूरा** (वि.) भुल्लरंग, भूरा
**भूरापन** (पुं.) भुल्लपन
**भूराजस्व** (पुं.) भूराजस्व
**भूरि** (वि.) भूरि, अधिक, बहुत
**भूल** (स्त्री.) त्रुटि, भ्रांति
**भूल-चूक** (स्त्री.) भूल-चूक, भ्रांति-त्रुटि
**भूलना** (अ.क्रि.) बिसरब
**भूल-भुलैया** (स्त्री.) भूलभुलैया
**भूल-सुधार** (पुं.) त्रुटिमार्जन, भूलसुधार
**भूला-बिसरा** (क्रि.) बिसरल, विस्मृत
**भूला-भटका** (वि.) बिसरल- भटकल
**भूलोक** (पुं.) भूलोक, पृथ्वीलोक
**भू-विज्ञान** (पुं.) भू-विज्ञान
**भू-शय्या** (स्त्री.) भू-शय्या
**भूषण** (पुं.) भूषण, अलंकार, गहना
**भूषित** (वि.) भूषित, अलंकृत
**भू-संपत्ति** (स्त्री.) भूसंपत्ति
**भू-संरक्षण** (पुं.) भूसंरक्षण
**भूसा** (पुं.) भुस्सा, धान आदिक खोइँचा
**भूसी** (स्त्री.) अन्न बटोरबाक समय टूटल डाँटपात अन्न आदिक खोइँचा
**भू-स्खलन** (पुं.) भू-स्खलन
**भू-स्वामी** (पुं.) भू-स्वामी
**भृंग** (पुं.) भ्रमर, भँओरा, पाँखिबाला कीड़ा, पतंग
**भृकुटी** (स्त्री.) भहुँ, भृकुटी
**भृति** (स्त्री.) भरण-पोषण, पालन-पोषण
**भृत्य** (पुं.) सेवक, अनुचर, नोकर
**भेंगा** (वि.) टेढ आँखिबाला
**भेंट** (स्त्री.) 1. सनेस, उपहार 2. श्वेत कुमुद (फूल) कल्हार 3. मिलन, साक्षात्कार
**भेंटना** (स.क्रि.) 1. भेंट करब 2. उपहार देब
**भेंटवार्ता** (स्त्री.) भेंटवार्ता, भेंटक' साक्षात् कोनो बिषयपर चर्चा करब
**भेंटस्वरूप** (पुं.) भेटस्वरूप
**भेजना** (स.क्रि.) पठाएब

**भेजा** (पुं.) माथा, बुद्धि, दिमाग
**भेड़** (स्त्री.) भेड़ा
**भेड़चाल** (स्त्री.) भेड़चाल
**भेड़ना** (स.क्रि.) बंद करब, दरबज्जा भिड़ाएब
**भेड़ा** (पुं.) मेष, बकरी जातिक एक पशु
**भेड़िया** (पुं.) भेड़ी
**भेड़िया धसान** (पुं.) अंधानुकरण, भेड़िया-धसान
**भेद** (पुं.) 1. अंतर 2. मर्म, रहस्य
**भेदक** (वि.) भेदक, भेदकर'बाला
**भेदन** (पुं.) छिद्र कर'ब, बेधब
**भेदभाव** (पुं.) भेदभाव, अंतर, पक्षपातपूर्ण दृष्टि
**भेदभाव करना** (अ.क्रि.) पक्षपातपूर्ण दृष्टि राखब, पक्षपात करब
**भेदभाव पूर्ण** (वि.) पक्षपातपूर्ण
**भेदिया** (पुं.) गुप्तचर, भेदक रहस्य कह'बाला (आन'बाला)
**भेदी** (वि.) भेद कर'बाला, छेदकर'बाला, फोड़'बाला
**भेरी** (स्त्री.) नगाड़ा, तासा
**भेला** (पुं.) एक औषध, भल्लातक
**भेली** (स्त्री.) गुड़क भेली
**भेषज** (पुं.) औषध, दवाइ
**भेषजज्ञ** (पुं.) वैद्य, दवाइक ज्ञाता
**भेषजिक** (वि.) चिकित्सक
**भेषजीय** (वि.) औषधिसंबंधी
**भेस** (पुं.) भेख, वेष
**भैंस** (स्त्री.) महीस, महिसि
**भैंसा** (पुं.) महिसा
**भैया** (पुं.) भाय,(भाइ)
**भैरव** (पुं.) 1. भारतीय संगीतक एक राग 2. भयानक, शिवक एक रूप, एक देव
**भैरवी** (स्त्री.) 1. संगीतक एक रागिनी 2. एक देवी
**भैषजिकी** (स्त्री.) औषधि संबंधी ज्ञान, करब'बाला शास्त्र
**भोंकना** (स.क्रि.) भोंकब, बेधब, गोदब
**भोंडा** (वि.) 1. एक प्रकारक माछ 2. विकृत रूपबाला
**भोंड़ापन** (पुं.) कुरूपता
**भोंदू** (वि.) अकर्मण्य
**भोंपू** (पुं.) ध्वनियंत्र, बजाब' वाला भोंपा
**भों-भों** (पुं.) कुकुर भुकैक ध्वनि
**भोक्ता** (पुं.) भोगनिहार, सहनिहार
**भोग** (पुं.) अनुभवसँ सुख दुखक अनुभूति
**भोगना** (स.क्रि.) भोगब
**भोग लिप्सा** (स्त्री.) भोगक इच्छा
**भोग-विलास** (पुं.) आनंद प्राप्ति
**भोगाधिकार** (पुं.) भोग करबाक अधिकार
**भोगी** (वि.) अपन संपत्तिक उदारतापूर्वक भोग कएनिहार, खएबा-पीबामे उदार
**भोग्य** (वि.) भोग करबा योग्य
**भोज** (पुं.) निमंत्रित व्यक्ति सभक सामूहिक भोजन
**भोजन** (पुं.) खएनाइ, भक्ष्य खएबाक वस्तु, आहार, भोजन
**भोजन-नलिका** (स्त्री.) जाहि नलीद्वारा पेटमे अन्न जाय
**भोजन-भट्ट** (वि.) भोजन करैमे प्रवीण, पेटू, भोजन-भट्ट
**भोजन-यान** (पुं.) जाहि यानमे भोजन बना'यात्री सभकेँ देल जाय
**भोजनालय** (पुं.) भोजन करबाक दोकान, होटल
**भोजपत्र** (पुं.) भूर्जपत्र, एक गाछक छाल जाहि पर कागत जकाँ लिखल जाइत अछि
**भोजपुरी** (स्त्री.) एक बोली जे मिथिलासँ पश्चिम बाजल जाइत अछि
**भोज्य** (वि.) खएबाक योग्य
**भोट** (पुं.) निर्वाचन (चुनाओ)मे मतदान, मत
**भोटिया** (वि./पुं.) भोट देशक निवासी
**भोथरा** (वि.) मुरुछल, कुंठित धारबाला, भोथ
**भोर** (स्त्री.) परात, भिनुसरका समय
**भोला** (वि.) सरल हृदय व्यक्ति
**भोलापन** (पुं.) सरलता, सहजता
**भोला-भाला** (वि.) सोझ, सज्जन व्यक्ति
**भौं** (स्त्री.) भौंह, भ्रू

**भौंकना** (अ.क्रि.) भुकब, कुकुरक भुकनाइ
**भौंचक** (वि.) आश्चर्यमे पड़ल
**भौंचक्का** (वि.) भौंचक्का
**भौंरा** (पुं.) भ्रमर, भँओरा
**भौंरी** (स्त्री.) भँओरी, भ्रमरी
**भौंह** (स्त्री.) भौंह, भ्रू, भहुँ
**भौगोलिक** (वि.) भूगोलसँ
**भौगोलिकी** (वि.) भूगोल संबंधित ज्ञानदायक शास्त्र, भूगोल विद्या
**भौजाई** (स्त्री.) भौजी, भाउजी
**भौतिक** (वि.) भौतिक
**भौतिकता** (स्त्री.) भौतिकता
**भौतिक द्रव्य** (पुं.) भौतिक द्रव्य
**भौतिकवाद** (पुं.) भौतिकवाद, एकटा विचार दर्शन
**भौतिकवादिता** (स्त्री.) भौतिकवादिता
**भौतिक विज्ञान** (पुं.) भौतिकविज्ञान
**भौतिकी** (स्त्री.) भौतिकविज्ञान से संबंधित शास्त्र
**भौमिक** (वि.) भौमिक, भूमि से संबंधित
**भौमिकी** (स्त्री.) भौमिकी
**भ्रंश** (पुं.) नीचाँ ससरब, पतन
**भ्रम** (पुं.) संदेह, शंका, भ्रम
**भ्रमजनक** (पुं.) संदेह उत्पन्नकर'बाला, भ्रामक
**भ्रमजाल** (पुं.) अत्यधिक भ्रमसँ पूर्ण
**भ्रमण** (पुं.) घुमब, विचरण करब, पर्यटन
**भ्रमणकारी** (पुं.) भ्रमण कर'बाला
**भ्रमणशील** (वि.) जे सदा भ्रमण करैत रहय, बुलंता
**भ्रममूलक** (पुं.) भ्रम उत्पन्न कर' बाला
**भ्रमर** (पुं.) भमरा, भ्रमर
**भ्रमवश** (क्रि.वि.) संदेहवश, भ्रमवश
**भ्रमित** (वि.) जे भ्रममे पड़ल हो, भ्रमित
**भ्रष्ट** (वि.) 1. खसल ससरल, ससरिकेँ खसल (नीचाँ आएल) पतित, अधःपतित 2. दुराचारी, कुकर्मी, बैमान
**भ्रष्टाचार** (पुं.) कुकर्म
**भ्रष्टाचार-उन्मूलन** (पुं.) कुकर्म उन्मूलन, भ्रष्टाचार-निवारण
**भ्रष्टाचार-निरोध** (पुं.) कुकर्मक रोक, भ्रष्टाचारकेँ रोकब
**भ्रष्टाचारी** (वि.) कुकर्म कर'बाला, भ्रष्टाचारी
**भ्रष्टाचारी शासन** (पुं.) भ्रष्टाचार कर'बालाक शासन, भ्रष्टाचारी शासन
**भ्रांत** (वि.) भोतिआएल, भ्रममे पड़ल
**भ्रांति** (स्त्री.) भ्रम, संदेहक स्थिति
**भ्रांतिजनक** (वि.) भ्रामक, भ्रमजनक
**भ्रांतिमूलक** (वि.) जाहिमे भ्रम हो, भ्रामक
**भ्राता** (पुं.) भाए, बंधु
**भ्रातृत्व** (पुं.) भायक भाव/व्यवहार, भाइचारा
**भ्रातृभाव** (पुं.) भ्रातृत्व, भ्रातृभाव

# म

**मँगता** (पुं.) माङ'बाला, भिखारि
**मँगनी** (स्त्री.) 1. मङनाइ, याचना 2. विवाह संबंधक निश्चय 3. तात्कालिक प्रयोजनार्थ आनक वस्तु आनब
**मंगल** (पुं.) 1. नीक, शुभ, सौभाग्य 2. कल्याण, इष्टसिद्धि 3. सप्ताहक तेसर दिन 4. मंगल ग्रह
**मंगल कलश** (पुं.) रंगल-ढंगल सुसज्जित कलश जे पूजास्थल पर राखले गेल हो, मंगल कलश
**मंगलकारी** (वि.) कल्याणकर'बाला, लाभकारी
**मंगलगान** (पुं.) स्तुति, मंगलगान
**मंगलमय** (वि.) शुभ, नीक
**मंगलवार** (पुं.) सप्ताहक तेसर दिन, मंगल
**मंगलसूत्र** (पुं.) कल्याणकारी सूत्र, विवाहिताक सौभाग्यक गहना
**मंगलाचरण** (पुं.) शुभ कार्यक प्रारंभमे कएलगेल देवताक स्तुति, निर्विघ्न

काज समाप्तिक लेल कएल गेल स्तुति, रंगकर्ममे प्रयुक्त रीति

**मंगली** (वि.) जाहि पुरुष वा स्त्रीक जन्म-कुंडलीमे मंगल प्रथम, चतुर्थ, सप्तम, आठम वा द्वादश भावमे हो जे अशुभ मानल जाइछ

**मंगेतर** (पुं.) मङेतर, जकरा संग विवाह हेबाक स्थिरता भेल हो

**मंच** (पुं.) उच्च आसन व्यवस्था, जाहि पर नाटक वा सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कएल जाय

**मंचन** (स.क्रि.) अभिनय वा नाट्यकेँ प्रस्तुत करब

**मंजन** (पुं.) दाँत साफ करबाक भस्म, दंतमंजन

**मंजना** (अ.क्रि.) अनुभवी होएब, अभ्यास करब, दक्ष होएब

**मंजरी** (स्त्री.) फूलक पराग वा केशर, मज्जर

**मंजिल** (स्त्री.) प्राप्तव्य स्थान, मंजिल

**मंजीर** (पुं.) 1. नूपुर 2. मजीरा, छोट झालि

**मंजीरा** (पुं.) हाथसँ बजाब'बाला छोट झालि

**मंजु** (वि.) सुंदर, मंजुल

**मंजूर** (वि.) स्वीकार, स्वीकृत, सहमत

**मंजूर करना** (स.क्रि.) स्वीकार कर'ब

**मंजूरी** (स्त्री.) स्वीकृति, सहमति

**मंजूषा** (स्त्री.) छोट पेटार, मंजूषा

**मंडन** (पुं.) सजाएब, आकर्षक बनाएब

**मंडप** (पुं.) मड़वा, माड़ब, बिनु घेरल चौकोर घर सभा समारोह हेतु बनाहोल अस्थायी बैठक

**मंडराना** (अ.क्रि.) मड़राएब, मंडलाकार फेरी लगाएब, चक्कर देब

**मंडल** (पुं.) 1. परिधि, वृत्त 2. दल, समूह, वर्ग, संघ 3. जिला, भूभाग

**मंडलाकार** (वि.) गोलाकार

**मंडलाधिकारी** (पुं.) एक निश्चित भाग वा जिलाक प्रशासक अधिकारी

**मंडली** (स्त्री.) दल, समूह

**मंडित** (पुं.) विभूषित, सजाओल

**मंडी** (स्त्री.) वस्तु सभक सामूहिक विक्रय स्थल, बजार

**मंडूक** (पुं.) बेङ, मंडूक

**मंतव्य** (पुं.) मानब, मंतव्य, विचार, धारणा

**मंत्र** (पुं.) जकरा मनन कएलासँ इच्छित कामनाक पूर्ति हो, जकर उच्चारण नहि कएल जाय से, मंत्र

**मंत्रणा** (स्त्री.) विचार, विमर्श, परामर्श

**मंत्र-तंत्र** (पुं.) मंत्र-तंत्र, दिव्यशक्तिबाला शब्द आ क्रिया

**मंत्रालय** (पुं.) राजकीय मंत्रणा, परामर्शक विभाग

**मंत्रिपरिषद** (स्त्री.) मंत्री सभक सभा

**मंत्रिमंडल** (पुं.) मंत्री समूह, मंत्रिमंडल

**मंत्री** (पुं.) सरकारकेँ मंत्रणा देनिहार अधिकारी (मंत्री)

**मंथन** (पुं.) मथनाइ, मंथन

**मंथनी** (स्त्री.) मथनी, दही आदिकेँ मथ'बाला उपकरण

**मंथर** (वि.)मंद, सुस्त

**मंदता** (स्त्री.) सुस्ती, ढीलापन

**मंदबुद्धि** (वि.) सुस्त बुद्धिबाला

**मंदा** (वि.) 1. सुस्त, आलसी 2. सस्त जकर भाव खसल हो

**मंदाकिनी** (स्त्री.) 1. गंगा नदी 2. गौरीक माता

**मंदाग्नि** (स्त्री.) भूख नहि लगबाक रोग

**मंदार** (पुं.) पारिजात फूल, पर्वत जे समुद्र-मंथनमे मथनी बनल रहय

**मंदिर** (पुं.) देवालय, पूजास्थल, मंदिर

**मंदी** (स्त्री.) मंदता, वस्तु सभक मूल्य कम होएब

**मंशा** (पुं.) विचार, इच्छा, धारणा

**मंसूबा** (पुं.) चिंतन, विचार, आकांक्षा

**मँगवाना** (स.क्रि.) अनबायब, मँगबाएब

**मँगाना** (स.क्रि.) आनब, अनबाएब

**मँझधार** (स्त्री.) मध्यधारा, धाराकबीच

**मँझली** (स्त्री.) मध्यम, माझिल

**मँझोला** (वि.) मध्यम आकारक, माझिल

**मई** (पुं.) अंग्रेजी वर्षक पाँचम मास

**मकई** (स्त्री.) मकै, एक अन्न जेकर लाबा प्रशस्त होइछ

**मकड़ी** (स्त्री.) मकड़ाक आकारक मूठि वा किल्ली जे ऐठिकेँ कल चलाओल/बंद कएल जाइत अछि

**मकबरा** (पुं.) मुसलमानक कबर पर बनल स्मारक भवन

**मकरंद** (पुं.) पराग, फूलक केसरक गरदा

**मकर** (पुं.) 1. ज्योतिषमे दशम राशि 2. गोहि, सौंस, ग्राह

**मकसद** (पुं.) तात्पर्य, आशय, भाव, उद्देश्य

**मकान** (पुं.) घर, भवन

**मकान मालिक** (पुं.) घरक स्वामी (मालिक वा अधिकारी)

**मक्का** (पुं.) 1. मक्का 2. मुसलमान सभक तीर्थ स्थान

**मक्कार** (वि.) चतुर, धूर्त

**मक्कारी** (स्त्री.) धूर्तता

**मक्खन** (पुं.) माखन, नेनु, नवनीत

**मक्खी** (स्त्री.) माछी

**मक्खीचूस** (पुं.) कृपण, भारी कंजूस

**मक्खीमार** (पुं.) माछीमारैक उपकरण

**मखनिया** दूध (पुं.) जाहि दूधमे छाल्ही हो

**मखमल** (पुं.) मखमल, कोमल ऊनसँ बुनल कपड़ा

**मखमली** (वि.) मखमलसँ बनल, मखमल सन कोमल

**मखाना** (पुं.) एक जलीय तत्वयुक्त फल जकर लाबा/फोका खाएल जाइत अछि, मखान

**मखौल** (पुं.) विनोद, परिहास, मजाक

**मखौल उड़ाना** (अ.क्रि.) विनोद करब, परिहास करब

**मखौल करना** (अ.क्रि.) उपहास करब

**मखौलिया** (पुं.) उपहास कर'बाला, विनोदी प्रकृतिकेँ लोक

**मगज़** (पुं.) बुद्धि, विवेक, मस्तिष्क

**मगज पच्ची** (स्त्री.) बौद्धिक परिश्रम

**मगजी** (स्त्री.) कोर पर किछु बढाए जोड़ल दोसर कपड़ा

**मगन** (वि.) 1. मग्न, डूबल, लीन 2. प्रसन्न

**मगर** (अव्य.) 1. परंतु 2. गोहि, ग्राह

**मगरमच्छ** (पुं.) ग्राह, मगरमच्छ

**मग्न** (वि.) मग्न, लीन, डूबल

**मचकना** (अ.क्रि.) मचकब

**मचकाना** (स.क्रि.) मचकाएब

**मचना** (अ.क्रि.) मचब, जोरसँ परम प्रभाव-कारी रूपमे आरंभ होएब

**मचलना** (अ.क्रि.) मचलब, उद्विग्न होएब

**मचली/मितली** (स्त्री.) बोकरैक आशंका, औकेक इच्छा खायल वस्तुकेँ मुँहबाटे बहरायब

**मचान** (स्त्री.) चारि खुट्टा पर बनाओल ऊँचधरातल वा खाट, मचान

**मचाना** (स.क्रि.) मचाएब, (मचब'क प्रेरणार्थक)

**मचिया** (स्त्री.) बैसबाक गोरा लागल ऊँच आसन, कुरसी

**मच्छर** (पुं.) मशक, एक अति छोट दंशक पतंग, मच्छर, मोस

**मच्छरदानी** (स्त्री.) मोसक दंशसँ बचै लेल जालीदार वितान

**मछली** (स्त्री.) माछ

**मछलीमार** (पुं.) मछबार, माछ मारबाक व्यवसायी, मछमार

**मछुआ** (पुं.) मछबार, मछुबारि

**मज़दूर** (पुं.) 1. जन, दैनिक बोनि/वेतन पर खटनिहार व्यक्ति 2. कर्मचारी, कारखानामे नोकरी कएनिहार श्रमिक, लिपिकवर्गक लोक

**मज़दूर दल** (पुं.) श्रमिकवर्ग, श्रमिकदल

**मज़दूर वर्ग** (पुं.) श्रमिक समूह

**मज़दूर संघ** (पुं.) श्रम कएनिहार व्यक्तिक संघ/समुदाय

**मज़दूरी** (स्त्री.) बोनि, मजदूरी

**मजनूँ** (पुं.) 1. प्रेममे उन्मत्त, प्रेममे पागल 2. लैला-मजनू प्रेमकथाक नायक 3. दुब्बर-पातर लोक

**मजबूत** (वि.) कठोर, मजगूत

**मजबूती** (स्त्री.) मजगूती, कठोरता

**मजबूर** (वि.) विवश, बाध्य, लाचार

**मजबूरन** (क्रि.वि.) विवश, बाध्यतावश, लाचारी

**मजबूरी** (स्त्री.) विवशता, बाध्यता

**मजमा** (पुं.) जनसमूह, लोकक मेला, लोकक रेड़ा

**मजमून** (पुं.) लिखित विवरण, लेखक विषय-वस्तु

**मजलिस** (स्त्री.) बैसक, मनोरंजन गोष्ठी, जलसा दरबार, राज-सभा

**मजहब** (पुं.) धर्म, धार्मिक पंथ

**मजहबी** (वि.) धार्मिक, धर्म-पंथ संबंधी

**मज़ा** (स्त्री.) आनंद, सुख

**मज़ाक** (पुं.) उपहास, ठट्ठा, मखौल, हंस्सी-ठठ्ठा

**मजाकिया** (वि.) उपहास कर'बाला

**मजाल** (स्त्री.) सामर्थ्य, शक्ति

**मजेदार** (वि.) मजगर, सोहाओन, शोभन, रमनगर

**मज्जा** (स्त्री.) हाड़क भितरका चरबी

**मझला** (वि.) मझिला, बिचला, मध्यम

**मटकना** (अ.क्रि.) मटक'ब, आँखि मटकाएब

**मटका** (पुं.) पैघ कलश जाहिमे द्रव पदार्थ राखल जा' सकए, मटका

**मटमैला** (वि.) माटि सन मलिन रंगक, माटिक रंगबाला, धूमिल

**मटर** (पुं.) एक प्रकारक दलिहन, केराओ, मटर

**मटरगश्ती** (स्त्री.) एम्हर-ओम्हर घूमब, निरर्थक छुछुअएनाइ

**मटियामेट** (वि.) तोड़िफोड़िकँ माटिमे मिलाए अस्तित्वहीन कएल, नष्ट क' देब

**मट्ठा** (पुं.) 1. घोर, दही दूधसँ बहराएल पानि 2. माठा, वलय

**मठ** (पुं.) 1. संन्यासीक घर 2. मंदिर, शिवमंदिर, बौद्धमठ 3. महंथक निवास

**मठाधीश** (पुं.) महंथ, मठक स्वामी, मठाधीश

**मड़वा** (पुं.) मड़बा, चौकोर घर, मंडप

**मढना** (स.क्रि.) मढब, उपरसँ धातु/वस्त्र/चाम आदिक तह

**मढवाना** (स.क्रि.) मढाएब

**मढाई** (स्त्री.) मढाइ, मढबाक बोनि

**मणि** (स्त्री.) रत्न, मूल्यवान पाथर विशेषतः गोल कए सरजल आ छेद कएल रत्न

**मणिबंध** (पुं.) पहुँचा, तरहत्थीक नीचाँ

**मत** (पुं.) 1. मानल, स्वीकृत, वांछित 2. मानल सिद्धांत/विचार 3. समर्थन, पक्ष 4. संप्रदाय

**मतगणना** (स्त्री.) देल मतक गणना (गननाइ)

**मतदाता** (पुं.) मत देब'बाला, मतदाता, वोटर

**मतदान** (पुं.) मत देब, मतदान, भोट खसाएब

**मतदान केंद्र** (पुं.) जाहि स्थान पर मत देल जाय, मतदानक हेतु निर्धारित स्थान

**मतदान कोष्ठ** (पुं.) मतदान कर'बला अ'ढ कएल स्थान

**मतदान पेटी** (स्त्री.) जाहि पेटीमे मतपत्र खसाओल जाय, मतदान पेटी

**मतभेद** (पुं.) विचारक अंतर, मतभेद, वैचारिक अंतर

**मत-मतांतर** (पुं.) अनेक मत, विचारमे अंतर

**मत-याचना** (स्त्री.) वोट माँगब, मतयाचना

**मतलब** (पुं.) अर्थ, भाव, रुचि

**मतलबी** (वि.) स्वार्थी, अपन हित चाह'बाला

**मतली** (स्त्री.) वमनकरबाक इच्छा, रद्द

**मतवाला** (पुं.) उन्मत्त, निसाँ कएनिहार, माँतल

**मताधिकार** (पुं.) मत देवाक अधिकार, मताधिकार

**मताधिकारी** (पुं.) मत देबाक हेतु सक्षम, मताधिकारी

**मतानुयायी** (पुं.) मतक अनुयायी, विचारविशेषकेँ मान'बाला

**मतावलंबी** (पुं.) कोनो विशेष धार्मिक संप्रदायक विचार मान'बाला, मतावलंबी

**मति** (स्त्री.) बुद्धि, विचार

**मतिभ्रम** (पुं.) बुद्धिक दुविधा, मतिभ्रम

**मतिमंद** (वि.) मूर्ख, अज्ञानी, सुस्त

**मतैक्य** (पुं.) समान विचार, विचारमे एकता, मतैक्य

**मत्त** (वि.) बताह, पागल, भ्रमित, निसाँ लगलासँ ज्ञानहीन

**मत्था** (पुं.) कपाड़, माथ

**मत्सर** (पुं.) क्रोध, द्वेष, ईर्ष्या, डाह

**मत्स्य** (पुं.) माछ, मीन

**मत्स्य उद्योग** (पुं.) माछ पोसैक उद्योग, मत्स्य उद्योग

**मत्स्य पालन** (पुं.) माछक पालन, मत्स्य पालन

**मथना** (स.क्रि.) महब, मथब, द्रव पदार्थकेँ आलोड़ित करब

**मथानी** (स्त्री.) 1. मथनी, महनी, दूध महबाक रही 2. एक महिआ

**मद** (पुं.) 1. निसाँ 2. अभिमान, घमंड 3. हाथीक माथसँ बहराएल रस जे ओकर प्रौढावस्थाक प्रतीक थीक 4. महाल

**मदद** (स्त्री.) मदति, सहायता

**मददगार** (वि.) सहायक, मदति कर'बाला

**मदमत्त** (वि.) निसाँमे मातल, मदमत्त

**मदरसा** (पुं.) मुसलमानक पाठशाला

**मदहोश** (वि.) निसाँसँ मातल, मदहोश

**मदांध** (वि.) घमंडसँ आन्हर, मदांध

**मदारी** (पुं.) वानर-भालुक नाच देखाए जीविका उपार्जन कएनिहार

**मदिरा** (स्त्री.) दारू, मदिरा, निसाँबाला पेय

**मदिरालय** (पुं.) जत' दारू बेचल जाय

**मदोन्मत्त** (वि.) निसाँ पीकए उन्मत्त, मदोन्मत्त

**मद्धिम** (वि.) मध्यम, जे तेज नै मंद/मध्य अवस्थाक ताप/आँच

**मद्य** (पुं.) मदिरा, सुरा, पेय निसाँ

**मद्यप** (पुं.) मदिरापान कर'बाला, जे मदिरा पीबय

**मद्यपान** (पुं.) मदिरा वा दारूक पान

**मधु** (पुं.) 1. मधु, मधुमाछी द्वारा चूसिक' जमा कयल गेल मीठ पुष्परस 2. मकरंद फूलक रस 3. मधुर, मीठ

**मधुकर** (पुं.) भ्रमर, भओरा

**मधुकरी** (स्त्री.) 1. भ्रमरी 2. महुअरि, एक बाजा

**मधुप** (पुं.) 1. कोकिल 2. भंओरा 3. मैथिलीक एक महाकविक नाम 'मधुप'

**मधुमक्खी** (स्त्री.) मधुमाछी, मधुमक्षिका माछी सन एक पतंग जे फलसँ रस चूसि अपन छत्तामे संचित करैत अछि

**मधुमय** (वि.) मधुमय मधुसँ भरल

**मधुमेय** (पुं.) प्रमेह, मधुमेह नामक रोग

**मधु मोम** (पुं.) मधुमाछीक छत्तासँ निकलल मोम

**मधुर** (वि.) 1. मधुबाला, मीठ, मधुर 2. रमणीय, प्रिय 3. मिठाइ, मिष्टान्न

**मधुरता** (स्त्री.) मधुराइ, मिष्टता, माधुर्य

**मधुशाला** (स्त्री.) दारू बेच'बाला स्थान वा दोकान

**मधूलिका** (स्त्री.) 1. मधुरिमा 2. राइ 3. मुलेठी 4. गहूमसँ बनाओल दारू

**मध्य** (पुं.) 1. बीच, बिचला भाग, केंद्रस्थल 2. भीतरी भाग 3. अवकाश भितरका

**मध्यकाल** (पुं.) बीचक समय, दू कालक मध्यवर्तीकाल

**मध्यकालीन** (वि.) मध्यकालमे होब'बाला

**मध्यपूर्व** (पुं.) मध्यक पूर्वार्ध (मध्यपूर्वकाल)

**मध्य रात्रि** (स्त्री.) आधा रातिक समय, मध्य रात्रि

**मध्य वर्ग** (पुं.) मध्यश्रेणीक लोकक (वर्ग) समाजमे मध्यस्तरक लोक

**मध्यवर्ती** (वि.) बिचला, मध्यमे रह'बाला

**मध्यस्थ** (पुं.) 1. बीचमे पड़ल 2. स्पर्धाक साक्षी आ निर्णायक 3. दूत, दलाल

**मध्यस्थता** (स्त्री.) बीचमे पड़ि काज वा निर्णय करब, मध्यस्थता

**मध्यांतर** (पुं.) दू समयक बीचमे पड़'बाला अवकाश, मध्यावकाश

**मध्याहन** (पुं.) दिनक मध्यकाल

**मध्याहन भोजन** (पुं.) दुपहरियाक भोजन, दिनुक मध्यकालक भोजन

**मन** (पुं.) 1. अन्तःकरण, चित्त, मन 2. एकभार-मान तौलमे

**मनका** (पुं.) मणिका, मालाक एक दाना

**मनगढंत** (वि.) मनगढंत, काल्पनिक

**मनचला** (वि.) मनमौजी, साहसी, चंचल मोनबाला

**मनचाहा** (वि.) मोनक अभीष्ट, मनोभिलषित

**मनन** (पुं.) गहन चिंतन, सोचविचार

**मननशील** (वि.) गहनचिंतन कर'बाला, चिंतनमे लागल व्यक्ति

**मनपसंद** (वि.) लोकक अपन पसिन्नक वस्तु

**मनबहलाव** (पुं.) मनोरंजन, मोन बहटारब

**मनमाना** (वि.) मोनक इच्छानुसार, मोनक रुचिक अनुसार किछुओ

**मनमानी** (स्त्री.) स्वैच्छिक, अपन मनोभिलषित

**मनमुटाव** (पुं.) विपरीत संबंध, मोन-मोटाब

**मनमौजी** (वि.) अपन इच्छानुसार, स्वच्छंद

**मनवाना** (स.क्रि.) मनवाएब, अपन बात स्वीकार कराएब, सहमति लेब

**मनसा** (क्रि.वि.) मोनसँ, हृदयसँ, विचारसँ

**मनसूबा** (पुं.) मनोरथ, मनोकामना

**मनसूबा बाँधना** (अ.क्रि.) मनोरथ करब, मनोकामना

**मनस्ताप** (पुं.) मोनक दुःख, मनोव्यथा

**मनस्वी** (वि.) उच्च विचार बाला, बुद्धिमान, स्थिरचित्त लोक

**मनहूस** (वि.) मनहुस, हतोत्साह, उदास

**मना** (वि.) निषिद्ध, वर्जित

**मनाना** (स.क्रि.) मनाएब, अनुरोध करब

**मनाही** (स्त्री.) निषेध, वर्जन, रोक

**मनीषा** (स्त्री.) बुद्धि, प्रज्ञा

**मनीषी** (स्त्री.) विद्वान्, प्रबुद्ध

**मनुज** (पुं.) 1. मनुष्य, मनुख, लोक 2. सत्पुरुष

**मनुष्य** (पुं.) मनुष्य, मनुक्ख, मनुख, मानव

**मनुष्यजाति** (स्त्री.) मनुखजाति, मनुष्यजाति

**मनुष्यता** (स्त्री.) मनुष्यता, मानवीयता

**मनुहार** (स्त्री.) अनुनय, विनय, मनाएब

**मनोकामना** (स्त्री.) मनोकामना, मनोरथ

**मनोग्रंथि** (स्त्री.) मनोग्रंथि, कुंठा

**मनोदशा** (स्त्री.) मोनक स्थिति, मनोदशा, मनःस्थिति

**मनोनयन** (पुं.) मनोनयन, कोनो पद पर विवेकाधिकारक अनुसार व्यक्तिक चयन

**मनोनीत** (वि.) अधिकृत व्यक्ति द्वारा चुनल, मनोनीत

**मनोनीत करना** (स.क्रि.) विशेषरूपसँ चयनित करब

**मनोनुकूल** (वि.) मोनक अनुरूप, मनोवांछित

**मनोबल** (पुं.) मोनक बल, मोनक शक्ति, मनोबल, आत्मविश्वास

**मनोबल ह्रास** (पुं.) मनोबल कम होएब, आत्मविश्वास कम होएब

**मनोभाव** (पुं.) मोनक भाव वा विचार, मनोभाव

**मनोमालिन्य** (पुं.) मनमोटाब, मनोमालिन्य, मोनक मलिनता, अनबन, वैमनस्य

**मनोयोग** (पुं.) मनोयोग, मोन मिलब, संलग्नता

**मनोरंजक** (वि.) विनोद कर'बाला, मनोरंजक मोनकेँ प्रसन्न कर'बाला

**मनोरंजन** (पुं.) मनोविनोद, हास्य विनोद

**मनोरंजनकर** (पुं.) मनोरंजनक हेतु देल जाएबाला कर

**मनोरथ** (पुं.) मोनक अभिलाषा, आकांक्षा

**मनोरम** (पुं.) मनलग्गू, आकर्षक, रमनगर

**मनोरोग** (पुं.) मानसिकरोग, मनोरोग

**मनोरोग-चिकित्सक** (पुं.) मानसिक रोगक चिकित्सक

**मनोवांछित** (वि.) मनोभिलषित, मनोकामना

**मनोविकार** (पुं.) मोनक विकार

**मनोविज्ञान** (पुं.) मनोविज्ञान, साइकोलॉजी

**मनोविनोद** (पुं.) मनोविनोद, मनोरंजन

**मनोविश्लेषण** (पुं.) मनोविश्लेषण, मनोविज्ञानक एक सिद्धांत

**मनोवृत्ति** (स्त्री.) मोनक भाव, चित्तवृत्ति

**मनोवेग** (पुं.) मनोवेग, मोनक तीव्रता

**मनोवैज्ञानिक** (वि.) मनोविज्ञानक विद्वान्, मनोवैज्ञानिक

**मनोव्यथा** (स्त्री.) मोनक दुख, मनोव्यथा

**मनोहर** (वि.) मनोहर, चित्ताकर्षक, रोचक

**मनोहारी** (वि.) मोनकेँ नीक लाग'बाला, मनोहारी, मन मोहित करयबला

**मनौती** (स्त्री.) कबुला, देवताक प्रति ई प्रण करब जे अमुक मनोरथ सिद्ध भेलापर अमुक वस्तु चढाएब वा अमुक आराधना करब, कबुला करब

**ममता** (स्त्री.) ममत्व, अपनत्व

**ममत्व** (पुं.) ममत्व, अपनत्व, ममताक भाव

**मयंक** (पुं.) चंद्रमा, चान

**मयस्सर** (वि.) प्राप्य, उपलब्ध

**मयूर** (पुं.) एक पक्षी मजूर, मोर

**मरघट** (पुं.) श्मशान, मुरदा डाहबाक घाट, मुरदघट्टी, मरघट

**मरज** (पुं.) रोग, बेमारी, खराप आदति

**मरजी** (स्त्री.) इच्छा, मनमर्जी

**मरण** (पुं.) मृत्यु, मरण

**मरणासन्न** (वि.) जकर मृत्युशीघ्र होब'बाला हो, मरणासन्न, मरयमान

**मरणोत्तर** (वि.) मुइलाक बाद, मृत्युक उपरांत

**मरणोन्मुख** (वि.) मरै लेल तैयार, मरणोन्मुख

**मरदानगी** (स्त्री.) 1. वीरता 2. पौरुष

**मरना** (अ.क्रि.) मरब, मृत्यु

**मरम्मत** (स्त्री.) भङठल चीजक मरम्मति, सुधार करब

**मरम्मत करना** (स.क्रि.) मरम्मति करब, सुधारब

**मरसिया** (पुं.) शोकगीत, मोहर्रममे गएबाक शोकगीत

**मरहम** (पुं.) घाव पर लगाब'बाला लेप, मलहम

**मरहम-पट्टी** (स्त्री.) घावक उपचार करब, घाव पर मलहम पट्टी करब

**मरहूम** (वि./पुं.) मृत, स्वर्गीय, मुइल

**मरियल** (वि.) 1. मृत जकाँ 2. कमजोर, दुर्बल, शक्तिहीन

**मरीचिका** (स्त्री.) मृगतृष्णा, माया, रेगिस्तानमे जलक मिथ्या आभास

**मरीज** (पुं.) रोगी, रोगग्रस्त

**मरुभूमि** (स्त्री.) रेगिस्तान, अनुर्वरभूमि

**मरुस्थल** (पुं.) अनुर्वरभूमि, जे भूमि उपजाऊ नै हो, रेगिस्तान

**मरोड़** (पुं.) 1. ऐंठन 2. गर्व 3. क्रोध

**मरोड़ना** (स.क्रि.) ऐंठब, मोड़ब

**मर्कट** (पुं.) बानर, वानर, मर्कट

**मर्ज** (पुं.) रोग, बिमारी

**मर्जी** (स्त्री.) इच्छा, स्वेच्छा, विचार

**मर्तबान** (पुं.) पाथर/ चीनीमाटि/ शीशाक पात्र जाहिमे विशेष रूपसँ अचार, मोरब्बा आदि राखन जाइछ

**मर्त्यलोक** (पुं.) मृत्युलोक, भूलोक, पृथ्वीतल

**मर्द** (पुं.) पुरुष, मनुख

**मर्दन** (पुं.) 1. रगड़ब, मालिश करब, तेल आदि रगड़ब 2. कुचब

**मर्दानगी** (स्त्री.) पौरुष, पुरखाही, पुरुषत्व

**मर्दुमशुमारी** (स्त्री.) जनगणना, लोक सभक जाहिमे गणना कएल जाए

**मर्म** (पुं.) 1. कोनो वस्तुक सर्वाधिक संवेदी तनुक आ महत्वपूर्ण बिंदु 2. गूढ तत्व भीतरी आशय, रहस्य 3. आंतरिक, केंद्रीय तल

**मर्मज्ञ** (पुं.) मर्म जननिहार, रहस्यक ज्ञाता

**मर्मवेदना** (स्त्री.) आंतरिक व्यथा, भीतरी पीड़ा

**मर्मस्थल** (पुं.) आंतरिक स्थल, हृदयसंवेदी तत्व

**मर्मस्पर्शी** (वि.) मर्मके स्पर्श कर'बाला

**मर्माहत** (वि.) जकरा आंतरिक चोट लागल हो, जकर मर्म आहत भेल हो, मर्माहत

**मर्यादा** (स्त्री.) 1. समुचित सीमा 2. गौरव, मान, प्रतिष्ठा, व्यवहार

**मर्यादित** (वि.) सीमित, समुचित सीमामे रह'बाला, शालीन

**मल** (पुं.) 1. विकार, दोष, मैल, कश्मल 2. विष्ठा

**मलद्वार** (पुं.) गुदामार्ग, मलद्वार

**मलना** (स.क्रि.) रगड़ब, साफ करब, मर्दन करब, माजब, मलब

**मलनाल** (पुं.) मल निष्कासनक नाला, मलनिकास

**मलपरीक्षण** (पुं.) मल/दूषित पदार्थक जाँच, मलपरीक्षण

**मलबा** (पुं.) दूषित पदार्थ, अपशिष्ट

**मलमल** (स्त्री.) एक प्रकारक पातर सूती कपड़ा, झलफल कपड़ा, वस्त्र

**मलहम** (पुं.) घाओमे लगएबाक लेप, दवाइ, मलहम

**मलहम-पट्टी** (स्त्री.) घाओकेँ साफ कए लेप आदि लगाएब, मलहम पट्टी करब

**मलाई** (स्त्री.) मलाइ, छाल्ही, दूधक सार

**मलाल** (पुं.) दुख, पश्चात्ताप

**मलावरोध** (पुं.) मल रुकिजेनाइ, कब्जियत

**मलाशय** (पुं.) मल रहबाक स्थान, मलाशय

**मलिका** (स्त्री.) रानी, राजाक गृहिणी, राज्ञी

**मलिनता** (स्त्री.) स्वच्छताक अभाव, अपवित्रता

**मल्लक्रीड़ा** (स्त्री.) युद्धक्रीड़ा, मल्लयुद्ध

**मवक्किल** (पुं.) मवक्किल, जकरा कोन काज देल गेल हो, देखू - मुवक्किल

**मवाद** (पुं.) 1. पीज, पीजु 2. मसाला, सामग्री

**मवेशी** (पुं.) पशु, गाय-महीस आदि

**मशक** (स्त्री.) पानि मरबाक चामक धोकरा 2. मसकब 3. एक बाजा

**मशक्कत** (स्त्री.) कठिनाइ, श्रमसाध्य, मेहनति

**मशगूल** (वि.) व्यस्त, कोनो काजमे लागल, संलिप्त

**मशविरा** (पुं.) विचार-विमर्श, परामर्श, सलाह

**मशहूर** (वि.) प्रसिद्ध, विख्यात

**मशहूरी** (स्त्री.) विख्याति, प्रसिद्धि

**मशाल** (स्त्री.) प्रकाश पुंज, मसाल

**मशालची** (वि.) प्रकाश पुंज ल'के चल'बाला, प्रकाशवाहक, प्रकाशव्यवस्थाक

**मशीन** (पुं.) मसीन, यंत्र, मिसिन/मशीन

**मसका लगाना** (स.क्रि.) खुसामद करब, प्रशंसा करब

**मसखरा** (वि.) 1. विदूषक, हास्य विनोद कर'बाला 2. मखौलिआ

**मसखरी** (स्त्री.) हास-परिहास करब

**मसनद** (पुं.) पैघ गोल गेडुआ जाहिमे ओङठिके बैसल जाइत अछि, मसनद, मसलङ, मसलंद

**मसल** (स्त्री.) कथन, उक्ति

**मसलन** (अव्य.) उदाहरणस्वरूप, उदाहरण, जेना, जेना कि

**मसलना** (स.क्रि.) मसलब, रगड़ब, मीड़ब

**मसला** (पुं.) समस्या, प्रकरण, विषय

**मसहरी** (स्त्री.) मच्छरसँ बचबाक लेल जालीदार ओहार, मच्छरदानी, मुसहरी
**मसान** (पुं.) श्मशान, मुरदाघाट, मरघट्टी
**मसाला** (पुं.) 1. स्वाद बढएबालए मिलाओल गेल पदार्थ हींग आदि 2. मकान बनएबामे सुखीचून आदि संयोजक उपादन
**मसालेदार** (वि.) जाहि खाद्यपदार्थमे मसाला पड़ाल हो, मसालेदार व्यंजन
**मसि** (स्त्री.) 1. मोसि, मसी, लिखवाक कारी रंग सि आही 2. चित्रकारीकरंग, काजर
**मसिजीवी** (पुं.) लेखक, मसिजीवी, लेखन वा चित्रकारीक वृत्तिसँ जीवनयापन कर'बाला
**मसीह** (पुं.) ईसामसीह, इसाइ धर्मक प्रवर्तक
**मसूड़ा** (पुं.) मसकूट, मसूड़ा
**मसूड़ा शोथ** (पुं.) मसकूटमे होब'बाला घाव
**मसोसना** (स.क्रि.) पश्चाताप करब, मोनकेँ मसोसब
**मसौदा** (पुं.) प्रारूप, विवरण
**मस्जिद** (स्त्री.) महजित, मुसलमानक उपासना-स्थल
**मस्त** (वि.) आनन्दमग्न, प्रसन्नचित्त
**मस्तक** (पुं.) माथ, मस्तक
**मस्तमौला** (वि.) निश्चिंत, निफिक्र
**मस्ताना** (वि.) आनंदप्रद, निश्चिंत
**मस्तिष्क** (पुं.) माथक भितरका तंत्र, दिमाग, मस्तिष्क
**मस्ती** (स्त्री.) उल्लास, निश्चिंतता
**मस्तूल** (पुं.) गुनबाँस, नाओ पर लगाब'बाला ओहार
**महंत** (पुं.) मठाधीश, कोनो मंदिर वा देवोत्तर संपत्तिक प्रबंधक साधु, जनिक उत्तराधिकार शिष्य परंपरया चलैत अछि
**महँगा** (वि.) महग, महार्घ, बेसी दाम/मूल्यबाला, दुर्लभ
**महँगाई** (स्त्री.) महगी, बेस कीमती, मूल्य वृद्धि, महार्घता
**महँगाई भत्ता** (पुं.) महगाइ भत्ता
**महक** (स्त्री.) गंध, महक
**महकदार** (वि.) एक देवता जे कुसिआरक रक्षा करैत छथि
**महकना** (स.क्रि) महकब, सुगंधित करब
**महकमा** (पुं.) विभाग, विषय क्षेत्र
**महज़** (अव्य.) मात्र, केवल
**महत्तम** (वि.) श्रेष्ठ, उत्तम, सभसँ पैघ
**महत्ता** (स्त्री.) 1. एक उपनाम 2. बड़प्पन, पैघत्व
**महत्व** (पुं.) मूल्य, उत्कर्ष, वैशिष्ट्य
**महत्व देना** (अ.क्रि.) महत्व देब, मोजर देब
**महत्व** (वि.) बड़प्पन, प्रतिष्ठा
**महत्वपूर्ण** (स्त्री.) उत्तमता, वरिष्ठता, विशिष्ट
**महत्वाकांक्षा** (स्त्री.) उत्कर्षक इच्छा, महत्व-पूर्णक होएबवाक आकांक्षा, विशेष कामना करब
**महत्वाकांक्षी** (स्त्री.) उत्कर्ष प्राप्त करबाक इच्छुक
**महफिल** (स्त्री.) मनोरंजनक सभा, सामंतक ओतए दरबारी लोकनिक गोष्ठी
**महफूज** (वि.) सुरक्षित
**महबूब** (पुं.) प्रिया, प्रेमिका
**महर्षि** (पुं.) संत-मुनि, महर्षि
**महल** (पुं.) राजभवन, महल, अट्टालिका
**महसूल** (पुं.) कर, सरकार द्वारा निर्धारित कोनो वस्तु पर देय कर
**महसूस** (वि.) अनुभव, अनुभूति, विचार
**महसूस करना** (स.क्रि.) अनुभव करब, अनुभूति राखब, बोध होएब
**महा** (वि.) महान, महत्, पैघ, शक्तिशाली
**महाकाय** (वि.) विशालकाय, पैघशरीरबाला

**महाकाव्य** (पुं.) कोनो विशेष व्यक्ति आ चारित्रसँ संबंधित काव्यग्रंथ जे शास्त्रीय लक्षणक अनुरूप लिखल गेल हो

**महाजन** (पुं.) 1. सूद पर धन ऋण देब'बाला, धनाध्यक्ष, व्यापारी 2. दोकानदार

**महाजनी** (स्त्री.) सूद पर धन देबाक वृत्ति, धनदेबाक व्यवसाय

**महात्मा** (पुं.) 1. महान संत 2. राष्ट्रपिता महात्मा गांधीक नाममे जोड़'बाला विशेषण

**महाद्वीप** (पुं.) महाद्वीप, पृथ्वीक खंड

**महाधिवक्ता** (पुं.) महाधिवक्ता

**महान** (वि.) पैघ, विशाल, भारी, बड़का

**महानगर** (पुं.) महानगर

**महानता** (स्त्री.) पैघत्व, विशालता, विशेषता

**महानिदेशक** (पुं.) महानिदेशक

**महानियंत्रक** (पुं.) महानियंत्रक

**महानिरीक्षक** (पुं.) महानिरीक्षक

**महान्यायवादी** (पुं.) महान्यायवादी

**महापरिसंघ** (पुं.) महापरिसंघ

**महापाप** (पुं.) महापाप

**महापापी** (पुं.) महापापी

**महापुरुष** (पुं.) महापुरुष

**महाप्रलय** (पुं.) महाप्रलय

**महाप्रस्थान** (पुं.) मृत्यु, महाप्रस्थान

**महाप्राण** (वि.) 1. अधिक बलबाला, महाशक्तिवान् 2. व्याकरणमे ध्वनिविषयक एक भेद

**महाभियोग** (पुं.) महाभियोग, पैघ अधिकारीक प्रति लगाओल अभियोग

**महाभूत** (पुं.) महाभूत, पंचभौतिक तत्त्व, पृथ्वी, जल, तेज, वायु, आकाश

**महाभोज** (पुं.) विशेष प्रकारक भोज

**महामंत्री** (पुं.) महामंत्री

**महामना** (वि.) उच्च विचारबाला, महामना

**महामहिम** (वि.) महामहिमावान्, राज्यपाल आदि उच्चपदस्थ व्यक्तिक संबोधन-मे प्रयुक्त

**महामारी** (स्त्री.) महामारी, एहेन संक्रामक रोग जाहिसँ बहुत लोक मरए

**महायज्ञ** (पुं.) विशाल यज्ञ, विशिष्ट यज्ञ

**महायात्रा** (स्त्री.) महायात्रा, मृत्यु

**महायुद्ध** (पुं.) महायुद्ध

**महायोजना** (स्त्री.) महायोजना, बड़का योजना

**महारथी** (पुं.) महान् योद्धा, महारथी

**महाराजा** (पुं.) महाराजा, पैघ, विशिष्ट राजा

**महारानी** (स्त्री.) पैघ रानी, महारानी

**महारोग** (पुं.) पैघ रोग, महारोग, असाध्यरोग

**महालेखपाल** (पुं.) महालेखापाल

**महालेखा परीक्षक** (पुं.) महालेखापरीक्षक

**महावत** (पुं.) महाउत, हाथीके हाँक'बाला, फीलवान

**महाविद्यालय** (पुं.) महाविद्यालय, उच्चशिक्षाक संस्थान

**महावीर** (वि.) श्रेष्ठवीर, महावीर, महायोद्धा

**महाशक्ति** (स्त्री.) पैघ शक्ति

**महाशय** (पुं.) महाशय, महान् आशयबाला, महोदय

**महासचिव** (पुं.) महासचिव

**महासभा** (स्त्री.) महासभा

**महासागर** (पुं.) महासागर

**महिमा** (स्त्री.) महिमा, महत्व

**महिला** (स्त्री.) महिला, स्त्री

**महिषी** (स्त्री.) रानी, महिषी

**मही** (स्त्री.) पृथ्वी, धरा, धरती

**महीन** (वि.) पातर, मेंही

**महीना** (पुं.) मास, माह

**महोत्सव** (पुं.) पैघ उत्सव, जलसा

**महोदय** (पुं.) आदरणीय व्यक्तिकेँ कयल गेल संबोधन

**मांगलिक** (वि.) शुभ, मंगलकारी

**मांस** (पुं.) मासु, मांस

**मांस-पिंड** (पुं.) मांस-पिंड, मासुक घनीभूत खंड

**मांस-पेशी** (स्त्री.) मासुक भितरका सूत्र-ग्रंथि जे हाड़कैं बन्हने रहैत अछि, मांस-पेशी

**मांस-भक्षी** (वि.) मासु खेनिहार, मांसभक्षी, मांसाहारी

**मांसल** (वि.) मांसल, जाहिमे मासुक अधिक भाग हो, गुदगर

**मांसाहार** (पुं.) मासु युक्त भोजन

**मांसाहारी** (वि.) मासु खएनिहार, मांसाहार कर'बाला, माछ-मासु खएनिहार

**माँ** (स्त्री.) माय, जननी, माता

**माँग** (स्त्री.) माङ, याचना

**माँगना** (स.क्रि.) माङब, याचना

**माँग-पत्र** (पुं.) माङ-पत्र

**माँजना** (स.क्रि.) माँजब, मलब, साफ करब

**माँझी** (पुं.) नाओ खेवनिहार, माँझी

**माँड़ना** (स.क्रि.) माड़ब

**माँद** (स्त्री.) पशु-पक्षीक रह'बाला गुफा

**माँ-बाप** (पुं.) माए-बाप, माता-पिता

**माई** (स्त्री.) माए, जननी, माता

**माकूल** (वि.) अनुकूल, समीचीन, सटीक

**माखन** (पुं.) माखन, नेनु, नवनीत, मक्खन

**माघ** (पुं.) 1. माघ, भारतीय वर्षक एगारहम मास 2. संस्कृत साहित्यक महाकवि माघ

**माचिस** (स्त्री.) सलाइ, दियासलाइ

**माजरा** (पुं.) घटना, प्रसंग, संयोग, उपस्थिति

**मॉडल** (पुं.) नमूना, आदर्श, मानक, प्रतिमान

**माणिक** (पुं.) मानिक, पद्मराग मणि

**माणिक्य** (पुं.) मानिक, माणिक्य

**मात** (स्त्री.) पराजय, हारि

**मात करना** (स.क्रि.) हराएब, परास्त करब, मात देब

**मातम** (पुं.) शोक, दुख

**मातम पुर्सी** (स्त्री.) शोक प्रकट कर'ब, संवेदना

**मातमी** (वि.) शोक संबंधी, संवेदनात्मक

**मातहत** (वि.) अधीनस्थ, वशवर्ती, अनुवर्ती

**माता** (स्त्री.) माए, जननी

**माता-पिता** (पुं.) माए-बाप, अभिभावक

**मातामह** (पुं.) मतामह (मातामह), मायक पिता, नाना

**मातामही** (स्त्री.) मतामही (मातामही), नानी, मायक माए

**मातृका** (स्त्री.) पोथीक मूल हस्तलिखित प्रति पांडुलिपि

**मातृत्व** (पुं.) माए होएबाक स्थिति, माय द्वारा बच्चाकैं जन्म देब

**मातृभाषा** (स्त्री.) पहिल ज्ञात भाषा जे लोक शैशवमे माएसँ सिखैत अछि

**मातृभूमि** (स्त्री.) जन्मस्थान, ओ देश जाहिमे जन्म भेल हो

**मातृवंशीय** (स्त्री.) मायसँ संबंधित वंशबाला

**मातृहत्या** (स्त्री.) मायक हिंसा, मातृवध, मायक हत्या

**मात्र** (अव्य.) नापल तौलल, परिमित, केवल, सिर्फ, जे अधिक नहि हो, एतबे

**मात्रा** (स्त्री.) 1. परिमाण, नाप 2. व्यंजन वर्णमे लगएबाक स्वरवर्णक चिह्न 3. भाषाके वर्णक उच्चारण कालक एकक

**माथा** (पुं.) माथ, मस्तक, शरीरक शिरोभाग, शीर्ष

**माथापच्ची** (स्त्री.) बुद्धि लगाएब, चिंतन करब, सोचविचार करब

**मादक** (वि.) निसाँ अननिहार, उत्तेजक, मस्त कर'बाला, मादक

**मादकता** (स्त्री.) जाहिमे उत्तेजना अनवाक गुण हो

**मादा** (स्त्री.) पशु-पक्षी आदिक स्त्रीजाति, स्त्रीलिंगक पशुजाति

**माद्दा** (पुं.) सामर्थ्य, क्षमता

**माधुरी** (स्त्री.) मधुरता, रोचकता, माधुर्य

**माध्यम** (पुं.) संपर्कसाधक वस्तु, संपर्कमे सहायक

**माध्यमिक** (वि.) मध्यवर्ती, मध्यमे भेनिहार

**मान** (पुं.) 1. सम्मान, आदर 2. परिमाण, नाप, भार, गुरुत्व 3. मूल्य

**मानक** (वि.) आदर्श, मानदंड, कसौटी, निकष

**मानकीकरण** (पुं.) स्तर निर्धारित करब, मानक बनाएब

**मानचित्र** (पुं.) माप पर आधारित भूतलीय नकसा

**मानचित्रण** (पुं.) मापक आधार पर भूतलीय नकसा बनाएब

**मानचित्रावली** (स्त्री.) भूतलीय मानचित्रक समूह

**मानदंड** (पुं.) नापबाक लग्गी, मानक, प्रतिमान

**मानदेय** (पुं.) अवैतनिक कार्यक हेतु देल गेल राशि

**मानना** (स.क्रि.) मानव, स्वीकार करब, सहमत होएब

**माननीय** (वि.) सम्मानयोग्य, आदरणीय

**मानभंग** (पुं.) मानहानि, अपमान

**मानमर्दन** (पुं.) अपमान करब, मानभंग

**मानमर्यादा** (स्त्री.) प्रतिष्ठा, सम्मान

**मानव** (पुं.) मनु संतान, मानव, मनुष्य

**मानव जाति** (स्त्री.) मनुष्यजाति

**मानवता** (स्त्री.) मानवोचित आचार-विचार, मानवोचित गुण

**मानवतावाद** (पुं.) मानवजातिक सहज गुणक अनुरूप विचार, एकटा सामाजिक दर्शन

**मानवतावादी** (वि.) जे मानवता संबंधी विचारकेँ मानय

**मानव विज्ञान** (पुं.) मानव संबंधी विज्ञान, मानवविज्ञान

**मानविकी** (स्त्री.) मानव संबंधी विचार कएनिहार

**मानवीकरण** (पुं.) कोनो वस्तुकेँ मानवक रूप मानि व्यवहार करब

**मानवीय आधार** (पुं.) मनुष्यजातिक सहज गुणक अनुरूप आधार

**मानस** (पुं.) 1. मोन, मस्तिष्क हृदय 2. एक सरोवर 3. मन संबंधी, मानसिक

**मानसपुत्र** (पुं.) मानसिक पुत्र, मोनसँ स्वीकारल पुत्र

**मान-सम्मान** (पुं.) आदर-सम्मान, प्रतिष्ठा, आदर

**मानसिक** (वि.) मनसँ संबंधित, मानसिक, मोनक

**मानसिक चिकित्सालय** (पुं.) जाहि चिकित्सा-लयमे मानसिक विकारक चिकित्सा हो, मानसिक चिकित्सालय

**मानसून** (पुं.) मेघवाहक वायु, मानसून

**मानहानि** (स्त्री.) अपमान, असम्मान, अप्रतिष्ठा

**मानार्थ** (वि.) सम्मान करबाक हेतु, आदरक प्रतीक

**मानार्थ प्रति** (स्त्री.) सम्मान हेतु निर्धारित कोनो पुस्तकक प्रति

**मानो** (अव्य.) मानू (मानु), कल्पना करू, जेना, जनि

**मान्य** (वि.) 1. मान्य, मानबाक योग्य, स्वीकार्य 2. वैध 3. आदरणीय

**मान्यता** (स्त्री.) महत्व, प्रभावित

**मान्यता प्राप्त** (वि.) जकरा मान्यता भेटल हो, स्वीकृति प्राप्त

**माप** (स्त्री.) 1. नपनाइ 2. नाप, लंबाइ-चौड़ाइ आदिक मान, आयाम

**मापक** (वि.) मापन, नाप'बाला उपकरण

**माप-तौल** (स्त्री.) नाप-तौल, नपनाइ आ तोलनाइ

**माप-दंड** (पुं.) मानदंड, मापदंड, मापक

**मापन** (पुं.) मापन, नपनाइ

**मापना** (स.क्रि.) मापन, नपनाइ

**मापनी** (स्त्री.) नपनी, मापनी

**मापी** (पुं.) नाप कर'बाला उपकरण, मापी

**माफ करना** (स.क्रि.) दंडसँ मुक्त करब, क्षमा करब

**माफिक** (वि.) अनुकूल, सहमति, मनमाफिक
**माफी** (स्त्री.) क्षमा, मुक्ति
**माफी माँगना** (स.क्रि.) क्षमा माँगब, क्षमा याचना करब
**मामला** (पुं.) विषय, समस्या, बात, मामला
**मामा** (पुं.) मायक भाय, मामा (माम, ममा)
**मामी** (स्त्री.) मामाक स्त्री, मायक भौजाइ
**मामूली** (वि.) सामान्य, साधारण, मामूली
**मायका** (पुं.) नैहर, मायक घर
**माया** (स्त्री.) 1. सांसारिक प्रपंच, माया 2. धन-संपत्ति, संसार
**मायाविनी** (स्त्री.) माया रचनिहारि महिला, छल प्रपंच कर'बाली स्त्री
**मायावी** (पुं.) इंद्रजाल कर'बाला, मायावी
**मायूस** (वि.) दुखी, उदास, व्यथित
**मायूसी** (स्त्री.) दुख, व्यथा, उदासी
**मार** (स्त्री.) 1. कामदेव 2. मारब
**मारक** (वि.) नष्ट कर'बाला, मार'बाला
**मार-काट** (स्त्री.) मारि-पीटि करब, हिंसा करब
**मार खाना** (अ.क्रि.) मारि खाएब, ककरो द्वारा प्रताड़ित होएब
**मार-धाड़** (स्त्री.) लड़ब आ मारब, मार-धाड़
**मारना** (स.क्रि.) पीटब, मारब
**मार-पीट** (स्त्री.) मारि-पीटि करब, मारब-पीटब मुक्का मारब
**मारा-मारी** (स्त्री.) एक दोसराकेँ मारब
**मारु** (वि.) भयानक, भयंकर, खतरनाक
**मारुत** (पुं.) हवा, वायु
**मार्का** (पुं.) चिह्न, चेन्ह, निशान
**मार्क्सवाद** (पुं.) मार्क्स विचार धारा, मार्क्सवाद
**मार्क्सवादी** (पुं.) मार्क्स विचार धाराकेँ मान'बाला
**मार्ग** (पुं.) रास्ता, सड़क, मार्ग, बाट
**मार्गकर** (पुं.) मार्ग उपयोग करबाक हेतु निर्धारित कर, चुंगी
**मार्गच्युत** (वि.) मार्गच्युत, पथभ्रष्ट, रास्तासँ भटकल
**मार्गदर्शक** (वि.) रास्ता देखौनिहार, गाइड, मार्गदर्शक, पथप्रदर्शक
**मार्गदर्शन** (पुं.) मार्ग देखायब, पथप्रदर्शन
**मार्गरक्षक** (पुं.) मार्गरक्षक, पथप्रदर्शक, मार्गमे रक्षा कएनिहार
**मार्गव्यय** (पुं.) यात्राव्यय, यात्राकालमे कयल गेल खर्च, बटखर्चा
**मार्च** (पुं.) अंग्रजी वर्षक तेसर मास, मार्च मास
**मार्जन** (पुं.) स्वच्छ होयब, मुखशुद्धि, आत्म-शुद्धि, परिमार्जन
**मार्जनी** (स्त्री.) झाड़ू, सफाइ कर'बाला उपकरण
**मार्जित** (स्त्र.वि.) साफ-सफाइ कयब, स्वच्छ
**मार्तंड** (पुं.) सूर्य, सुरुज, दिनकर
**मार्फत** (अव्य.) द्वारा, माध्यमसँ
**मार्मिक** (वि.) अन्तर्हृदयकेँ प्रभावित कर'बाला, मार्मिक, मर्मस्पर्शी
**मार्मिकता** (स्त्री.) अंतस्तलकेँ प्रभावित कर'-बाला भावना वा शक्ति
**माल** (पुं.) 1. वस्तु, माल 2. पशु
**मालकिन** (स्त्री.) महिला स्वामी, संपत्ति आदिक अधिकारिणी
**मालगाड़ी** (स्त्री.) वस्तु आदिक वाहक गाड़ी, मालगाड़ी
**मालगुजारी** (स्त्री.) भूमिकर, कृषि भूमि पर शासन द्वारा लेल जाय बाला कर
**मालगोदाम** (पुं.) वस्तु वा माल रखवाक भंडार, मालगोदाम
**मालडिब्बा** (पुं.) रेलक जाहि डिब्बामे माल भरि लय गेल जाइ, मालडिब्बा
**मालदार** (वि.) धनी, मालदार
**मालबाबू** (पुं.) वस्तु/माल पठेबाक प्रक्रिया कएनिहार किरानी
**मालभाड़ा** (पुं.) वस्तु/माल पठेबाक मूल्य वा भाड़ा, मालभाड़ा
**माला** (स्त्री.) फूलकमाला, माला

**मालामाल** (वि.) धनी, संपत्तिशाली
**मालिक** (पुं.) स्वामी, अधिकारी
**मालिकाना** (वि.) स्वामित्व, मलिकाना
**मालिकाना हक** (पुं.) संपत्तिक अधिकार
**मालिन** (स्त्री.) मालीक स्त्री, फूल बेचनिहारि
**मालिन्य** (पुं.) मलिनता, दुख, उदासीनता, खिन्नता
**मालियत** (स्त्री.) ऐश्वर्य, संपत्तिशालिता
**मालिश** (स्त्री.) मर्दन, मालिश
**माली** (पुं.) फूल बेचनिहार, माली, फुलबारीक रक्षक
**मालूम** (वि.) ज्ञात, जानल, चिन्हल
**मालूम पड़ना** (अ.क्रि.) अनुभूति करब, जानब, बूझब
**मालूम होना** (अ.क्रि.) जानब, बूझब
**मावा** (पुं.) दूधसँ बनल खोआ
**माशूक** (पुं.) प्रेमी, प्रिय
**माशूका** (स्त्री.) प्रेमिका, प्रिया
**मास** (पुं.) महिना, मास
**मासांत** (पुं.) मासक अंतिम दिन, मासांत
**मासिक** (वि.) मासमे होब'बाला, मासिक
**मासूम** (वि.) अबोध, सरल
**मासूमियत** (स्त्री.) सरलता, अबोधता
**माह** (पुं.) मास, महिना
**माहवार** (वि.) मासिक पारिश्रमिक, मासिक वेतन
**माहवारी** (वि.) स्त्रीकेँ मासिक रजोधर्म
**माहात्म्य** (पुं.) ऐश्वर्य, महिमा, महत्ता
**माहिर** (वि.) विशेषज्ञ, कुशल, पटु
**मिचकाना** (स.क्रि.) आँखि मटकाएब
**मिचना** (अ.क्रि.) आँखिक खुजब/बंद होयब
**मिचलाना** (अ.क्रि.) जी ओकाएब, वमनक इच्छा
**मिचली/मितली** (स्त्री.) वमनक आशंका
**मिजाज** (पुं.) विचार, धारणा
**मिटना** (अ.क्रि.) मेटाएब, प्रभावित होएब
**मिटाना** (स.क्रि.) मेटा देनाइ, समाप्त क' देनाइ, मेटाएब
**मिट्टी** (स्त्री.) माटि, भूमि, भुइयाँ
**मिट्टी का तेल** (पुं.) किरासिन तेल, मटिया तेल
**मिठबोला** (वि.) मधुरभाषी, मीठबाज'बाला, मृदुभाषी
**मिठाई** (स्त्री.) मधुर, मीठ खाद्य पदार्थ
**मिठास** (स्त्री.) माधुर्य, मिष्ठान
**मितभाषी** (वि.) कम बाज'बाला
**मितव्यय** (पुं.) कम खर्च कर'ब
**मितव्ययता** (स्त्री.) कम खर्च करबाक प्रवृत्ति, मितव्ययता
**मितव्ययिता** (स्त्री.) अल्प खर्च करबाक प्रवृत्ति, कम खर्ची
**मितव्ययी** (वि.) कम खर्च कर'बाला
**मित्र** (पुं.) सुहृद, आत्मीय
**मित्रराष्ट्र** (पुं.) जे राष्ट्र राजनयिक मित्र सूचीमे हो
**मित्रराष्ट्र शक्तियाँ** (स्त्री.) मित्रराष्ट्रक सम्मिलित शक्ति वा अधिकार
**मिथक** (पुं.) मिथक, पुरान गाथा, कथा
**मिथक विद्या** (स्त्री.) पौराणिक विद्या, मिथक विद्या
**मिथ्या** (स्त्री.) फूसि, मिथ्या, अनर्गल
**मिथ्या आचरण** (पुं.) अनुचित व्यवहार, मिथ्या आचरण
**मिथ्याचार** (पुं.) मिथ्याचार
**मिथ्या धारणा** (स्त्री.) मिथ्या धारणा, अनुचित विचार
**मिथ्या नाम** (पुं.) मिथ्या नाम
**मिथ्याभाषी** (पुं.) फूसि बजनिहार, झुठ्ठा
**मिथ्याभिमान** (पुं.) मिथ्या अभिमान, देखौटी अहंकार
**मिथ्यावादी** (पुं.) फूसि बजनिहार, मिथ्यावादी
**मिनट** (पुं.) क्षण, फल, मिनट
**मिन्नत** (स्त्री.) अनुरोध, निवेदन, मिन्नति

**मिमियाना** (अ.क्रि.) मेमिआएब, बकरीक मेमियेनाइ

**मियाद** (स्त्री.) अवधि, समयावधि

**मियादी जमा** (स्त्री.) सावधिक जमा

**मियादी टिकट** (पुं.) सावधिक टिकट, एहेन टिकट जे कोनो अवधि विशेष तक सीमित हो

**मियादी बम** (पुं.) सावधिक अग्नेयास्त्र, मियादी बम, टाइम बम

**मियादीबुखार** (पुं.) जे ज्वर एक निश्चित अवधि तक रहय, मेयादी ज्वर

**मिरगी** (स्त्री.) एक प्रकारक रोग, मिरगी

**मिर्च** (पुं.) मरिचाइ

**मिल** (पुं.) मिल, निर्माणशाला, कारखाना

**मिलता-जुलता** (वि.) मिलैत-जुलैत, मेल खाइत

**मिलन** (पुं.) मेल, मिलन, मिलाप, भेंट-घाँट

**मिलनसार** (वि.) मेलसँ रहनिहार, मिलनसार

**मिलनसारी** (स्त्री.) मेलसँ रहबाक भावना, मिलनसारी, मनुष्यक एक प्रवृत्ति

**मिलना** (अ.क्रि.) भेंट करब, मिलब

**मिलवाना** (स.क्रि.) मेल कराएब, मिलाएब, भेंट कराएब

**मिलाई** (स्त्री.) 1. मिलायब, जोड़ब 2. बैसक कराएब

**मिला जुला** (वि.) मिलल-जुलल, संयुक्त

**मिलान** (पुं.) भेटब, प्राप्त होएब

**मिलाना** (स.क्रि.) 1. मिलाएब, भेंट कराएब 2. फेंटब

**मिलाप** (पुं.) मेल, संयोग, मिलन

**मिला लेना** (स.क्रि.) मिला लेब, जोड़ि लेब

**मिलावट** (स्त्री.) मिलावटि, मिश्रण

**मिलावटी** (वि.) मिलुआ, फेटबाला, फेटुआ, अपमिश्रित

**मिली-जुली सरकार** (स्त्री.) मिलल-जुलल सरकार, संयुक्त सरकार

**मिली भगत** (स्त्री.) सहमतिसँ भेल, मिली भगत, दुर्बुद्धिक सहमति

**मिल्कियत** (स्त्री.) जमिनदारी संपत्ति/स्वत्व

**मिश्र** (वि.) 1. एक उपनाम 2. मीमांसक, मिलित 3. मिश्रित

**मिश्रण** (पुं.) मिश्रण, मेल, मिलावटि

**मिश्रधातु** (वि.) एक धातु

**मिश्री** (स्त्री.) मधुर पदार्थ, मिश्री

**मिश्रीकरण** (पुं.) मिलाएब, मिझराएब

**मिष्टान्न** (पुं.) मधुर, मीठ खाद्य

**मिस** (पुं.) मेला, जनसमूह, भीड़

**मिसाल** (स्त्री.) उदाहरण, आदर्श

**मिसिल** (स्त्री.) संचिका, कोनो केससँ संबद्ध-कागत-पत्रक वस्ता

**मिस्त्री** (पुं.) यांत्रिक, यंत्रशिल्पी

**मींजना** (स.क्रि.) मीड़ब, मर्दित करब

**मीचना** (स.क्रि.) बंद करब, मूनब

**मीटर** (पुं.) मीटर

**मीठा** (वि.) मधुर, मिष्ट, मीठ

**मीत** (पुं.) मित्र, यार, दोस

**मीन** (स्त्री.) 1. माछ 2. ज्योतिषमे बारहम राशि

**मीन-मेख निकालना** (अ.क्रि.) मीन नीक आ कि मेष एहि प्रकारक गुनधुन करब, संकोच करब

**मीनाकारी** (स्त्री.) गहना रङबाक कला, गहनाकेँ रंगिक' सजायब

**मीनाबाजार** (पुं.) मीनाबाजार जत' साज सिंगारक वस्तुसभक विक्रय होइ, नुमाइश

**मीनार** (स्त्री.) ऊँच टाबर, बाजारमे प्रमुख स्थल वा चौक पर बनल टाबर

**मीमांसा** (स्त्री.) मीमांसा दर्शनक विद्या, भारतीय दर्शन जाहिमे मुख्य वेदवाक्यक अर्थ कोना लगाओल जाए तकर विवेचना कएल गेल हो, मीमांसा

**मील** (पुं.) 1. एक दूरी (दूरीक माप), आधा कोस 2. कारखाना, मील

**मील का पत्थर** (पुं.) मीलक (दूरीक) चेन्ह

**मीलदूरी** (स्त्री.) दूरस्थानक माप, मीलदूरी

**मुंगरा** (पुं.) काठक हथौड़ा, मुङरा

**मुंड** (पुं.) माथ, शिरोभाग

**मुंडन** (पुं.) मूड़न संस्कार, केश काटबाक संस्कार

**मुंशी** (पुं.) किरानी

**मुंसिफ** (पुं.) न्यायाधीश

**मुँडाना** (स.क्रि.) माथक केश कटाएब, मुंडित कराएब

**मुँडेर** (स्त्री.) छत'क किनार परक पक्का बेढ

**मुँदना** (अ.क्रि.) मुनाएब, बंद होएब

**मुँदरी** (स्त्री.) औंठी, मुद्रिका

**मुँह** (पुं.) मुख, मुँह

**मुँह अंधेरे** (क्रि.वि.) भिनुसरे

**मुँह जवानी** (क्रि.वि.) मौखिक, मुँहजवानी

**मुँह तोड़ जबाब** (पुं.) अनुकूल उत्तर

**मुँहफट** (वि.) निःसंकोच बाज'बाला, अनुचितो बात निःसंकोच बजनिहार

**मुँहमाँगा** (वि.) इच्छानुसार माँगल, मनोभिलषित वस्तु प्राप्त होयब

**मुँहमाँगा इनाम** (पुं.) मनोभिलषित पुरस्कार, माँगल पारितोषिक

**मुँहमाँगी मुराद** (पुं.) चाहल, कामना, अभीष्ट

**मुँहलगा** (वि.) मुँहलगुआ, मुँहलागल संगी जकाँ निःसंकोच गप्प कएनिहार, कृपापात्र, विश्वसनीय

**मुँहासा** (पुं.) मुँह पर होब'बाला फोंसरी

**मुअत्तल** (पुं.) सेवारत व्यक्तिकेँ बरखास्त केनाइ, सेवासँ निलंबित व्यक्ति

**मुअत्तली** (स्त्री.) निलंबन, सेवारत केँ कार्यसँ वंचित कर'क कार्य

**मुआइना** (पुं.) निरीक्षण, जाँच-पड़ताल

**मुआवजा** (पुं.) क्षतिपूर्ति अनुदान, हरजाना, क्षतिपूर्ति

**मुकदमा** (पुं.) मोकदमा, कचहरीमे कएल गेल, सिकाइति

**मुकदमा दायर करना** (स.क्रि.) कोनो न्यायालयमे सिकाइति करब

**मुकदमा लड़ना** (अ.क्रि.) मोकदमा लड़ब

**मुकदमेबाज** (वि.) मोकदमा लड़बाक व्यसनी

**मुकदमेबाजी** (पुं.) मोकदमा लड़बाक व्यसन

**मुकद्दर** (पुं.) भाग्य, अदृष्ट

**मुकम्मल** (वि.) पूर्ण, संपन्न

**मुकरना** (अ.क्रि.) निषेध करब, पलटब

**मुकर्रर** (वि.) निर्धारित, निश्चित

**मुकाबला** (पुं.) सामना, परतर, तुलना, मोकाबिला

**मुकाम** (पुं.) स्थान, निवास

**मुकुट** (पुं.) मुकुट

**मुक्का** (पुं.) मुक्का, मुट्ठी

**मुक्केबाज** (वि.) मुक्का मारि युद्ध कर'बाला

**मुक्केबाजी** (स्त्री.) मुक्का चलबैक व्यसन

**मुक्त** (वि.) स्वतंत्र, छोड़ल

**मुक्त कंठ** (क्रि.वि.) स्वतंत्र कथन, तीव्र स्वर

**मुक्त व्यापार** (पुं.) स्वतंत्र व्यापार, निर्बंध व्यवसाय

**मुक्तहस्त** (वि.) उदार, दानी

**मुक्ति** (स्त्री.) स्वतंत्रता, रिहाइ

**मुक्तिदाता** (पुं.) मुक्ति देब'बाला, मुक्तक

**मुक्तिसेना** (स्त्री.) मुक्ति सेना, स्वतंत्रता हेतु नियुक्ति सेना

**मुख** (पुं.) मुँह, मुख, खएबाक विवर, 2. वदन, चेहरा

**मुखड़ा** (पुं.) चेहरा, वदन

**मुखपृष्ठ** (पुं.) पुस्तकक आवरणपृष्ठ, समाचार पत्रक प्रथम पृष्ठ

**मुखबिर** (पुं.) सरकारी गवाह

**मुखबिरी** (स्त्री.) सरकारी गवाही, सरकारी सूचना देनाइ

**मुखर** (वि.) बजंता, मुहजोर, वाचाल

**मुखरित** (वि.) गुंजित, ध्वनित

**मुखसुख** (पुं.) मुँह के सुख लाग'बाला, मुहक सुख, भाषाविज्ञानक एक नियम
**मुखाग्र** (वि.) मुहक आगाँक भाग
**मुखापेक्षी** (वि.) मुह के देख'बाला
**मुखालिफत** (स्त्री.) विरोध, असहमति
**मुखिया** (पुं.) 1. मुखिआ, सरदार, अध्यक्ष प्रमुख 2. ग्राम पंचायतक मुखिआ
**मुखौटा** (पुं.) नकली चेहरा, मुखौटा
**मुख्तार** (पुं.) ओकील, न्यायालयमे बहस कर'बाला, विधिवत प्राधिकृत प्रतिनिधि
**मुख्तार नामा** (पुं.) ओकील द्वारा न्यायालयमे देल गेल शपथपत्र/ हलफनामा
**मुख्य** (वि.) प्रमुख, प्रधान
**मुख्यतः** (क्रि.वि.) मुख्यरूपसँ, प्रमुखतया
**मुख्य-न्यायमूर्ति** (पुं.) उच्चन्यायालय वा सर्वोच्चन्यायालयक न्यायाधीश
**मुख्यमंत्री** (पुं.) प्रदेशक मुख्यमंत्री, मंत्रिमंडलक प्रमुख
**मुख्य समाचार** (पुं.) प्रमुख समाचार, मुख्य समाचार
**मुख्यालय** (पुं.) प्रधान कार्यालय, मुख्यालय
**मुग्ध** (वि.) मोहित, आनंद-विभोर
**मुग्धता** (स्त्री.) मुग्धक भाव, स्तब्धता
**मुग्धा** (स्त्री.) नवयौवना, कामकलामे अप्रवीण नायिका, नायिकाक एक भेद
**मुचलका** (पुं.) मना कएल काज फेर नहि करबाक आ बजओला पर उपस्थित होएबाक प्रतिज्ञापत्र
**मुजरा** (वि.) 1. लाभांश, पुरस्कार 2. गीत जे स्त्री द्वारा गायल जइत अछि
**मुजरिम** (पुं.) दोषी, अपराधी
**मुजाहिद** (पुं.) जेहादी
**मुझे** (सर्व.) हमरा
**मुटाई** (स्त्री.) मोट, स्थूल, मोटाइ
**मुटाना** (अ.क्रि.) मोटाएब, स्थूल होएब
**मुटापा** (पुं.) मोटापा, मोटपन
**मुट्ठी** (स्त्री.) मुट्ठी
**मुट्ठी गर्म करना** (स.क्रि.) उत्कोच देब, घूस देब
**मुठभेड़** (स्त्री.) तुमुल युद्ध सोझां-सोझी भीड़ब, मुठीमड़ओ
**मुठिया** (स्त्री.) प्रतिदिन एक-एक मुट्ठी कए संचित अन्न जे चंदामे देल जाइत अछि, ओजनक एकटा पुरान व्यवहार
**मुड़ना** (अ.क्रि.) मुड़न, माथक केस काटब, मुंडित करब
**मुड़वाना** (अ.क्रि.) केस कटबाएब
**मुताबिक** (अव्य.) अनुसार, मोताबिक
**मुदित** (वि.) प्रसन्न, आनंदित
**मुद्दत** (स्त्री.) अवधि, पर्याप्त समय
**मुद्दा** (पुं.) अर्थ, लक्ष्य, तात्पर्य, विषय
**मुद्दालह** (पुं.) प्रतिवादी, मुद्दालह
**मुद्रक** (पुं.) छपनिहार
**मुद्रक पंक्ति** (स्त्री.) मुद्रक पंक्ति, प्रेस लाइन
**मुद्रण** (पुं.) छापब
**मुद्रण त्रुटि** (स्त्री.) छपनाइमे त्रुटि, अशुद्धि
**मुद्रणाधीन** (वि.) मुद्रणाधीन, छपैक प्रक्रियामे
**मुद्रणालय** (पुं.) छापाखाना, मुद्रणालय, प्रेस
**मुद्रांक** (पुं.) मुद्रांक
**मुद्रांकन** (पुं.) मुद्रांकन
**मुद्रांकित** (वि.) जाहिमे मोहर लगाओल गेल हो, मोहर लागल
**मुद्रांक शुल्क** (पुं.) मोहर लगेबाक शुल्क
**मुद्रा** (स्त्री.) 1. मोहर, साँचा 2. सिक्का, टाका, नोट 3. अंगक विशिष्ट विन्यास जे भावक व्यंजक होइत अछि 4. छाप, चेन्ह
**मुद्राक्षर** (पुं.) मुद्राक अक्षर
**मुद्रानिधि** (स्त्री.) मुद्राक भंडार, मुद्रानिधि
**मुद्रास्फीति** (स्त्री.) मुद्रास्फीति
**मुद्रिका** (स्त्री.) 1. औंठी, अंगुलिमे पहिर'बाला औंठी 2. औंठी जाहिमे पहिने नाम

खोधल रहैत छल आ ओहिसँ मोहर लेल जाइत छल

**मुद्रित** (पुं.) छपल, प्रकाशित

**मुनक्का** (स्त्री.) एक प्रकारक सुखाएल फल

**मुनाफा** (पुं.) लाभ, उपलब्धि

**मुनाफाखोर** (पुं.) लाभ कमौनिहार

**मुनाफाखोरी** (स्त्री.) लाभ कमेनाइक प्रवृत्ति

**मुनासिब** (वि.) उचित, उपयुक्त

**मुनि** (पुं.) मौन धारणक' रखनिहार तपस्वी, स्मृति आदि शास्त्रक रचेता, महात्मा

**मुनीम** (पुं.) लेखाजोखा राख'बाला किरानी, हिसाब रखनिहार

**मुफीद** (वि.) उपयोगी, लाभदायक

**मुफ्त** (वि.) मङनीमे, मूल्य बिना देने, निःशुल्क

**मुफ्तखोर** (वि.) दोसरक आय पर निर्भर, पेटपोस्सा

**मुबारक** (वि.) साधुवाद, प्रशंसा, बधाइ

**मुबारकबाद** (वि.) वर्धापन, बधाइ

**मुमकिन** (वि.) संभव, भ'सकयबाला, शक्य, संभाव्य

**मुरझाना** (अ.क्रि.) मुरझाएब, कुम्हलाएब, मौलाएब

**मुरब्बा** (पुं.) मोरब्बा, चीनीक चासनीमे कोनो कुमहर आदि वस्तुकेँ पागब, मधुरखाद्य, मोरब्बा

**मुराद** (स्त्री.) मोनक अभिलाषा, इच्छा, मनोरथ

**मुरीद** (पुं.) अनुगामी, प्रशंसक, अनुयायी

**मुर्गा** (पुं.) एक पक्षी जे प्रातः बाङ दैत अछि

**मुर्गी** (स्त्री.) मुर्गाक स्त्रीलिंगवाची शब्द (पक्षी)

**मुर्गी पालन** (पुं.) मुर्गी पक्षीक पालन, मुर्गीपालन, एकटा व्यवसाय

**मुर्दा** (पुं.) शव, मृत शरीर

**मुर्दाघर** (पुं.) जत' मृतशरीर (शव) के राखल जाय

**मुर्दादिल** (वि.) जे हृदयहीन हो वा चिंतनमे सजग नहि हो

**मुलजिम** (वि.) अपराधी, दोषी, मुलजिम

**मुलम्मा** (पुं.) 1. मोलम्मा, पालिस 2. कलै

**मुलेठी/मुलहठी** (स्त्री.) एक प्रकार सुखायल मीठ लकड़ी जेकर औषधिरूपमे प्रयोग होइत अछि

**मुलाकात** (स्त्री.) भेंट, मिलन, साक्षात्कार

**मुलाकाती** (पुं.) भेंट कर'बाला, आगंतुक

**मुलाजिम** (पुं.) कर्मचारी, अधीनस्थ सरकारी काजकएनिहार

**मुलायम** (वि.) कोमल, नरम, मोलायम

**मुल्क** (पुं.) देश, राष्ट्र

**मुल्तवी** (वि.) स्थगित, मोल्तवी

**मुवक्किल** (पुं.) अपन पक्षमे मोकदमा लड़बाक लेल ओकील राखयबला व्यक्ति

**मुशायरा** (पुं.) वाक्य-गोष्ठी, उर्दू शायरीक आयोजन, कवि सम्मेलन

**मुश्किल** (वि.) कठिन, दुरूह, मोसकिल, मुसकिल

**मुसाफिर** (पुं.) यात्री, पथिक, बटोही

**मुसाफिरखाना** (पुं.) जत' यात्री सभक ठहरवाक व्यवस्था हो मुसाफिरखाना, प्रतीक्षालय

**मुसाफिर गाड़ी** (स्त्री.) सामान्य यात्रीक यात्राहेतु गाड़ी, पसिंजर ट्रेन, सवारी

**मुसीबत** (स्त्री.) कठिनाइ, परेसानी, विपत्ति

**मुहल्ला** (पुं.) स्थान विशेष, क्षेत्र, टोल

**मुहाना** (पुं.) नदीक प्रारंभिक उद्‌गम

**मुहावरा** (पुं.) लाक्षणिक/व्यंग्य अर्थमे प्रसिद्‌ध पदबंध, मोहावरा

**मुहावरेदार** (वि.) जाहिमे प्रसिद्‌ध पदबंधक प्रयोग हो

**मुहिम** (स्त्री.) अभियान, निरंतर प्रयास

**मुहूर्त** (पुं.) 1. महत्वपूर्ण तिथि, शुभ तिथि 2. दिन/रातिक तीसम (30) भाग, लगभग 48 मिनट

**मुहैया** (वि.) प्राप्त करौनाइ, उपलब्धहोयब
**मूंगरा** (मोगरा) (पुं.) सुगंधित बेली फूल
**मूंगिया** (वि.) गहीर हरियर रंगबाला
**मूँग** (पुं.) मूङ, खेड़ही
**मूँगफली** (स्त्री.) चिनिया बदाम, मूंगफली
**मूँगा** (पुं.) मूंगा, प्रवाल
**मूँछ** (स्त्री.) मोँछ, श्मश्रु
**मूँड़ना** (स.क्रि.) उस्तरा चला' मूड़न, मुंडित करब
**मूँदना** (स.क्रि.) मूनि लेब, बंद करब
**मूक** (वि.) 1. अवाक्, चुप, गुम 2. बौक, मूक
**मूक बधिर** (वि.पुं.) बौक आ बहिर
**मूठ** (पुं.) 1. फसिल वा नार पोआरक मुट्ठी भरिराशि 2. मुट्ठी, हरक मूठ
**मूढ** (पुं.) मूर्ख, धूर्त, अज्ञानी
**मूढता** (स्त्री.) धूर्तता, मूर्खता, अज्ञानता
**मूत** (पुं.) मूत्र, पेसाब, लघी
**मूतना** (अ.क्रि.) मुतब, मूत्र त्याग करब, लघी करब
**मूत्र** (पुं.) मूत, पेसाब, लघी, मूत्र
**मूत्र परीक्षण** (पुं.) पेसाबक जाँच/परीक्षण
**मूत्रालय** (पुं.) लघी करैक निर्धारित स्थान, मूत्रालय, शौचालय
**मूत्राशय** (पुं.) पेटक ओ धोकरी जतए मूत जमा होइत अछि
**मूर्ख** (वि.) मूढ, धूर्त, मूर्ख
**मूर्ख बनाना** (क्रि.) मूर्ख बनाएब, मूर्ख होयब
**मूर्खता** (स्त्री.) धूर्तता, मूर्खता, बेकूफी
**मूर्च्छा** (स्त्री.) बेहोस होएब, अचेत अवस्था, बेहोसी
**मूर्च्छित** (वि.) बेहोस, अचेत
**मूर्त** (वि.) देखबामे अएबाजोग रूपबाला, सद्यः, रूपवान्
**मूर्ति** (स्त्री.) प्रतिमा, मूर्ति
**मूर्ति कला** (स्त्री.) प्रतिमा वा मूर्ति बनएबाक कौशल, कलाक विधा, शिल्प
**मूर्तिकार** (पुं.) मूर्ति बनबैबाला, मूर्तिकार
**मूर्तिपूजक** (वि.) मूर्तिपूजा कर'बाला, सनातनी
**मूर्तिपूजा** (स्त्री.) मूर्तिपूजा
**मूर्तिभंजक** (वि.) मूर्तिकँ तोड़'बाला, विद्रोही
**मूर्तिमान** (वि.) मूर्तिमान, व्यक्तिक रूपमे
**मूर्धन्य** (वि.) 1. मूर्धासँ उच्चरित होव'बाला शब्द 2. परम श्रेष्ठ
**मूर्धा** (स्त्री.) शीर्षस्थ, माथ, मुहक भीतर तालुक ऊपरक भाग
**मूल** (वि.) जड़ि, मौलिक रूप, सीर
**मूल अधिकार** (पुं.) संविधानमे उल्लिखित मूल अधिकार, मौलिक अधिकार
**मूल उद्योग** (पुं.) प्रमुख उद्योग
**मूल कार्यालय** (पुं.) सेवा प्रारंभ करबाक समयक कार्यालय
**मूलतः** (अव्य.) मौलिकरूपसँ, मूलतः
**मूल तत्व** (पुं.) मूलतत्व, सार
**मूल धन** (पुं.) मूलधन, मूर, पुजी
**मूल निवासी** (पुं.) जन्म स्थानमे रहनिहार, मूलनिवासमे रह'बाला, मूल निवासी
**मूल पाठ** (पुं.) कोनो लेखक' मौलिकरूप, मूलपाठ
**मूल प्रकृति** (वि.) मूल प्रकृति
**मूल प्रति** (स्त्री.) मूल प्रति
**मूलभूत** (वि.) मूलभूत
**मूलमंत्र** (पुं.) मूलमंत्र
**मूल वेतन** (पुं.) मूलवेतन
**मूलस्थान** (पुं.) मूलस्थान
**मूल स्वामी** (पुं.) मूलस्वामी
**मूली** (स्त्री.) मूर, तरकारी विशेष
**मूलीय** (वि.) जड़िसँ संबंधित
**मूलोच्छेद** (पुं.) जड़ि काटब, मूलोच्छेद
**मूल्य** (पुं.) 1. दाम 2. महत्व 3. गुण
**मूल्यनियंत्रण** (पुं.) मूल्यनियंत्रण
**मूल्यवान** (वि.) जकर मूल्य वा महत्व होइ, मूल्यवान
**मूल्यवृद्धि** (पुं.) मूल्यमे बढोत्तरी, दाममे बढोत्तरी

**मूल्य सूचकांक** (पुं.) मूल्य सूचकांक
**मूल्य-सूची** (स्त्री.) मूल्य-सूची, दर सूची
**मूल्यांकन** (पुं.) आपेक्षिक गुणवत्ताक निर्धारण
**मूल्यानुसार** (वि.) दामक अनुसार, मूल्यानुसार
**मूसल** (पुं.) मूसर, समाठ
**मूसलाधार** (वि.) भयंकर तेज वर्षा
**मूसली** (स्त्री.) मूसली, मुस्सरि
**मृग** (पुं.) हरिण
**मृगचर्म** (पुं.) हरिणक छाल, मृगछाला
**मृगजल** (पुं.) मृगतृष्णा, हरिणक प्यास, जेना गरमी मासमे पिआसल हरिण मरीचिकाके पानि बूझि दौड़ैत अछि तहिना सांसारिक भोगक लालसामे वृथा दौड़ैत रहनाइ
**मृगनयनी** (स्त्री.) हरिणसन आँखिबाली, मृगनयनी
**मृग-मद** (पुं.) कस्तूरी
**मृगया** (स्त्री.) शिकार, सिकार
**मृगी** (स्त्री.) मृगक स्त्रीजाति
**मृणाल** (पुं.) कमलनाल, कमल फूलक डंटी
**मृत** (वि.) मुइल, निष्प्राण, मृत
**मृतक** (पुं.) मुरदा, शव
**मृतककर्म** (पुं.) व्यक्तिक मुइलाक बाद कयल जाय बाला श्राद्धादि कर्म, श्राद्ध
**मृतजात** (वि.) मृत अवस्थामे उत्पन्न
**मृतप्राय** (वि.) मुइल जकाँ, प्रायः मृत
**मृतभाषा** (स्त्री.) जे भाषा प्रयोगमे नहि हो, अप्रयुक्त भाषा, लुप्तभाषा
**मृतसंजीवनी** (स्त्री.) मृतव्यक्ति केँ जीवित कर'बाला जड़ी, औषधि
**मृत्तिका** (स्त्री.) माटि
**मृत्युंजय** (वि.) मृत्युकेँ जीत'बाला, अमर
**मृत्यु** (स्त्री.) मृत्यु, देहावसान, निधन
**मृत्युदंड** (पुं.) अपराधीकेँ देल जायबाला दंड, मृत्युदंड
**मृत्युदर** (स्त्री.) मृत्युदर
**मृत्युदिवस** (पुं.) मरणक दिन, पुण्यतिथि
**मृत्यु प्रमाणपत्र** (पुं.) मृत्यु हेबाक प्रमाणपत्र
**मृत्युलोक** (पुं.) भूलोक, संसार
**मृत्युशय्या** (स्त्री.) मृत्युशय्या, मृत्युसेज
**मृत्युसंख्या** (स्त्री.) मृत व्यक्ति सभक संख्या
**मृत्यु समाचार** (पुं.) मरणक समाचार, शोक समाचार
**मृदंग** (पुं.) एक प्रकारक वाद्ययंत्र, तालवाद्य
**मृदु** (वि.) कोमल, चिक्कन
**मृदुता** (स्त्री.) कोमलता
**मृदु पेय** (पुं.) शरबत
**मृदुभाषी** (वि.) मृदुभाषी
**में** (अव्य.) हिंदी भाषाक अधिकरण कारकक चिह्न
**मेंड़** (स्त्री.) खेतक आरि, सीमा परक घेर
**मेढक** (पुं.) बेङ
**मेढकी** (स्त्री.) बेङक स्त्रीलिंगशब्द
**मेखला** (स्त्री.) 1. कमरकस, डोराडोरि 2. मूजकडोर जे उपनयनमे बड़ुआक डाँड़मे बान्हल जाइत अछि 3. डाँड़मे बन्हबाक पट्टी, कमरबंद, डँड़कस
**मेघ** (पुं.) मेघ
**मेघगर्जन** (पुं.) मेघक गरजनाइ
**मेघाच्छन्न** (वि.) मेघसँ घेराएल, आच्छादित
**मेज** (पुं.) मेज, टेबुल
**मेजपोश** (पुं.) मेज पर विछब'बाला कपड़ा
**मेजबान** (पुं.) स्वागत कर'बाला, घरबैया
**मेजबानी** (स्त्री.) अतिथिसत्कार
**मेथी** (स्त्री.) एक अन्न पदार्थ जे मसाला होइछ
**मेद** (पुं.) देहक चरबी
**मेदा** (पुं.) 1. बहुत मेही आँटा 2. शरीरमे पर भाग
**मेदिनी** (स्त्री.) पृथ्वी, धरती, धरा
**मेधा** (स्त्री.) बुद्धि, मेधा
**मेधावी** (वि.) तेज बुद्धिबाला, तेजस्विता, तीव्रबुद्धि
**मेमना** (पुं.) भेड़ी/बकरीक नर बच्चा, मेमना

**मेरा** (सर्व.) हमर

**मेरु** (पुं.) 1. एक मिथकीय पर्वत, पहाड़ 2. मालाक मध्यमे गाँथल दाना

**मेरुदंड** (पुं.) रीढ

**मेल** (पुं.) 1. मेल, मिलाएब, सौहार्द 2. समन्वय, अनुरूपता, समानता

**मेलखाना** (अ.क्रि.) मिलान रहब, मेल खाएब

**मेल-जोल** (पुं.) आत्मीयता, मेलजोल

**मेल मिलाप** (पुं.) मेल-मिलाप, संगम, भेंट होएब

**मेला** (पुं.) 1. मेला, एक स्थान पर बहुत लोकक जुटान 2. भीड़, रेड़ा

**मेवा** (पुं.) संखाएल फल, मेवा

**मेष** (पुं.) 1. भेंड़ा 2. ज्योतिषमे पहिल राशि

**मेहँदी** (स्त्री.) हाथमे लगबैबला शृंगार हेतु वनस्पति विशेष, मेहदी

**मेह** (पुं.) 1. मेघ, बादल 2. दाउनिक खुट्टा

**मेहनत** (स्त्री.) परिश्रम, मेहनति

**मेहनत-मजदूरी** (स्त्री.) श्रम केनाइ, शारीरिक श्रम

**मेहनताना** (पुं.) पारिश्रमिक, बोइन

**मेहनती** (वि.) परिश्रमी, मिहनती

**मेहमान** (पुं.) अतिथि, अभ्यागत, पाहुन

**मेहमानदार** (पुं.) अतिथि-सत्कार कएनिहार

**मेहमानी** (स्त्री.) अतिथि जकाँ रहनाइ, पहुनाइ

**मेहरबान** (वि.) कृपालु, सहानुभूति रखनिहार

**मेहरबानी** (स्त्री.) कृपा, दया, सहानुभूति, पक्षपात

**मेहरा** (पुं.) एक प्रकारक उपाधि वा उपनाम

**मेहराब** (स्त्री.) तोरण, बंदनवार, मेहराव

**मेहराबदार** (वि.) तोरणबाला

**मेहरी** (स्त्री.) महिला, सेविका, महिला कार्यसहायिका

**मैं** (सर्व.) हम, स्वयं (वक्ता)

**मैत्री** (स्त्री.) मित्रता, सौहार्द, दोस्ती

**मैदा** (पुं.) मेहीं आँटा, मेदा

**मैदान** (पुं.) विस्तृत खुला क्षेत्र, विस्तृत क्षेत्र, भूमि, धरातल, खाली स्थान

**मैदानी** (वि.) मैदानमे होब'बाला, मैदानसँ संबंधित समतल भूमिसँ संबंधित

**मैना** (स्त्री.) 1. मेना, एक पक्षीक नाम 2. एक वृक्ष जकर कंदक तरकारी होइछ

**मैल** (स्त्री.) मल, विकार, गंदगी, मलिन

**मैलखोर** (वि.) मैल पएबाजोग रंगबाला (कपड़ा)

**मैला** (वि.) 1. मलिन 2. विष्ठा, गूह

**मैला-कुचैला** (वि.) मैल-कुचैल, मलिन आ अपशिष्ट

**मैलापन** (पुं.) मैलपन, घृणास्पद

**मोक्ष** (पुं.) मुक्ति, मोक्ष

**मोगरा** (पुं.) जूहीक फूल

**मोघ** (पुं.) अनुपयोगी

**मोच** (स्त्री.) चोटसँ मोच पड़ब, मचकब

**मोचन** (पुं.) छोड़'ब, मुक्त करब

**मोजा** (पुं.) पैताबा, मोजा

**मोटा** (वि.) मोट, स्थूल शरीरबाला

**मोटा अनाज** (पुं.) घटिया अन्न, मोट अन्न

**मोटा-ताजा** (वि.) हृष्ट-पुष्ट, मोटाएल-सोटाएल

**मोटाई** (स्त्री.) मोटाइ, मोटापा

**मोटापन** (पुं.) मोटपन

**मोटापा** (पुं.) मोटापा, मोटाइ

**मोठ** (स्त्री.) एक प्रकारक अन्न, मूङ

**मोड़** (पुं.) टेढ, घुमाब

**मोड़ना** (स.क्रि.) मोड़'ब, घुमाएब

**मोतिया** (पुं.) जूहीक फूल

**मोतियाबिंद** (पुं.) मोतियाबुंद, आँखिक रोग

**मोती** (पुं.) मोती, मुक्ता

**मोतीचूर** (पुं.) मोतीचूरक लड्डू

**मोतीझरा** (पुं.) टायफाइड ज्वर

**मोद** (पुं.) आनंद, प्रसन्नता

**मोदक** (पुं.) लड्डू, मोदक

**मोदन** (पुं.) खुशी, प्रसन्नता, मनोरंजन

**मोदी** (पुं.) 1. खाद्य पदार्थ बेचनिहार बनिया 2. हलुआइ 3. नाममे लगाब'बाला उपाधि
**मोम** (पुं.) मोम
**मोमजामा** (पुं.) प्लास्टिक कपड़ा, मोमसँ पोतल पहिरन
**मोमबत्ती** (स्त्री.) मोमबत्ती, मोमसँ बनाओल दीप
**मोमी** (वि.) मोमसँ बनल
**मोयन** (पुं.) सानल आँटामे प्रयोग कएल जाइत अछि
**मोर** (पुं.) मयूर (मजूर)
**मोरचा** (पुं.) लोहामे लागलजंग, बीझ लागल
**मोरनी** (स्त्री.) मयूरक स्त्रीलिंग
**मोरपंख** (पुं.) मयूरक पाँखि
**मोरमुकुट** (पुं.) मजूरक पाँखिसँ बनल मुकुट
**मोरी** (स्त्री.) नाला, नाली, गंदा पानि बह'बाला बहाव
**मोल** (पुं.) मूल्य, दाम
**मोल-तोल** (पुं.) मोल-भाव, मोल-तोल
**मोलभाव** (पुं.) मूल्यकेँ घनौनाइ-बढ़ौनाइ
**मोह** (पुं.) आसक्ति, मोह
**मोहक** (वि.) आकर्षक
**मोहना** (अ.क्रि.) मोहित करब, आकर्षित करब, मोहि लेब
**मोहनी** (स्त्री.) मोहित कर'बाली
**मोहभंग** (पुं.) मोह समाप्त भ' गेनाइ
**मोह-ममता** (स्त्री.) माया-ममता
**मोहर** (स्त्री.) राजमुद्रा
**मोहरा** (पुं.) मोहरा, सतरंजक खेलक गोटी (उपकरण)
**मोहलत** (स्त्री.) अवकाश, मोहलति
**मोहल्ला** (पुं.) स्थानीय क्षेत्र
**मोहित** (वि.) मुग्ध, आकर्षित
**मोहिनी** (वि.) मुग्ध कर'बाली
**मोही** (वि.) प्रिय, प्रियगर
**मौका** (पुं.) अवसर संयोग
**मौखिक** (वि.) मुखसँ बाजल वा उच्चरित
**मौज** (स्त्री.) लहरि
**मौजूद** (वि.) उपस्थित, प्रस्तुत
**मौजूदगी** (स्त्री.) उपस्थिति
**मौत** (स्त्री.) मृत्यु, देहांत
**मौन** (पुं.) चुपचाप, किछु नहि बाजब
**मौनव्रत** (पुं.) चुप रहबाक व्रत, चुप्पी व्रत
**मौन-सहमति** (स्त्री.) मौन स्वीकृति, मौन सहमति
**मौलवी** (पुं.) इस्लाम धर्मक विशेषज्ञ
**मौलाना** (पुं.) मुस्लिम विद्वान्
**मौलिक** (वि.) 1. प्राकृतिक, जाहिमे कोनो मिश्रण नहि हो 2. नवीन, नवत्व
**मौलिकता** (स्त्री.) सहजता, नवीनता
**मौसा** (स्त्री.) मायक बहिनक पति, मौसा
**मौसी** (स्त्री.) मायक बहिन, मौसी
**म्यान** (स्त्री.) अस्त्र तरुआरि रखबाक खोल
**म्लान** (वि.) 1. मौलायत, म्लान 2. उदास, सुखायल

# य

**यंत्र** (पुं.) 1. कल, मसीन 2. हथियार, ओजार, उपकरण
**यंत्रचालित** (वि.) कोनो यंत्र वा मसीन द्वारा चालित
**यंत्रणा** (स्त्री.) दबाओ, पीड़ा, यातना
**यंत्र मानव** (पुं.) यंत्रक मानव, मसीनक बनल मानब
**यंत्र युग** (पुं.) यंत्रयुग, मसीनक युग
**यंत्रवत** (क्रि.वि.) यंत्र वा मसीनजकाँ (काज कएनिहार)
**यंत्रशाला** (स्त्री.) जत'यंत्र (मसीन) सभक भंडार हो, यंत्रशाला
**यंत्रीकरण** (पुं.) मसीनीकरण, यंत्रीकरण
**यकायक** (अव्य.) अकस्मात्, एकाएक

**यकीन** (पुं.) विश्वास, आश्वासन

**यकीनन** (अव्य.) निश्चितरूपसँ, विश्वस्त-रूपसँ, अवश्य

**यकृत** (पुं.) पेटक एक अंग (लीभर)

**यकृत्शोथ** (पुं.) यकृतमे भेल घाओ

**यक्ष्मा** (पुं.) क्षयरोग, टी.बी.रोग

**यज्ञ** (पुं.) वैदिक देवताक उपासना जे अग्निमे आहुति दए कएल जाइत अछि

**यतीम** (वि./पुं.) अनाथ, जकर क्यो माय-बाप आदि संरक्षक नहि हो

**यतीमखाना** (पुं.) अनाथालय, जत'अनाथ बच्चा सभक पालन-पोषण होइत अछि

**यत्किंचित** (अव्य.) जे किछु, जतबे ततबे, जएह-सएह

**यत्न** (पुं.) प्रयास, चेष्टा, प्रयत्न

**यत्नपूर्वक** (क्रि.वि.) प्रयासपूर्वक, कोसिस कएक'

**यत्र-तत्र** (अव्य.) उचित अनुचित बिनु सोचनहि, जतए-ततए

**यथा** (अव्य.) जेना, जाहि प्रकारेँ, अनुसरण करैत, अनुरूप, मोताबिक

**यथाक्रम** (क्रि.वि.) क्रमानुसार, क्रमशः

**यथातथ्य** (वि./क्रि.वि.) तथ्यक अनुसार, वस्तुस्थितिक अनुरूप वास्तविक

**यथानियम** (क्रि.वि.) नियमक अनुसार, जे नियम हो तदनुसार

**यथापूर्व** (वि./क्रि.वि.) पहिलुका जकाँ, पहिने जकाँ, यथापूर्व

**यथायोग्य** (वि.) जे उपयुक्त हो, जे उचित हो

**यथार्थ** (वि.) वास्तविक, सत्य, वस्तुस्थितिक अनुरूप

**यथार्थतः** (अव्य.) वस्तुस्थितिक अनुसार, वस्तुतः

**यथार्थता** (स्त्री.) सत्यता, वास्तविकता

**यथार्थवाद** (पुं.) वास्तविकताक बोध कराब'-बाला विचार, सत्यताक विचार, एकटा वाद

**यथार्थवादिता** (स्त्री.) वास्तविकता, सत्यता

**यथार्थवादी** (वि./पुं.) सत्य वा यथार्थकेँ मान'बाला अथवा सत्यवादी

**यथावत्** (क्रि.वि.) उचितरूपसँ, ठीक-ठीक

**यथाविधि** (क्रि.वि.) नियमानुसार, यथाविधि

**यथाशक्ति** (क्रि.वि.) शक्तिक अनुरूप, जेहेन शक्ति हो तदनुसार

**यथाशीघ्र** (क्रि.वि.) जतेक शीघ्रता संभव हो

**यथासंभव** (क्रि.वि.) संभावनाक अनुसार, यथासंभव

**यथासमय** (क्रि.वि.) समयानुसार, यथासमय, यथाकाल

**यथास्थान** (क्रि.वि.) स्थानक अनुसार

**यथास्थिति** (अव्य.) स्थितिक अनुसार, जेहेन स्थिति हो

**यथेच्छ** (वि./क्रि.वि.) जतेक चाही ततेक, पर्याप्त

**यथेष्ट** (वि.) पर्याप्त, जतेक चाही

**यथोक्त** (वि.) जेना कहल गेल हो, यथोक्त

**यथोचित** (वि.) जे उचित हो, उपयुक्त

**यथोपरि** (अव्य.) जेना उपर (पूर्वमे) कहल गेल हो

**यदा** (क्रि.वि.) जखन, जाहि समय पर

**यदा-कदा** (अव्य.) कखनहु-कखनहु

**यदि** (संयो.) यदिजँ, यदिचेत्

**यदृच्छ** (वि.) स्वेच्छासँ, स्वाभाविकरूपसँ

**यद्यपि** (पुं.) जैओ, ई प्रतिकूलता रहितहुँ जे, यद्यपि

**यमदूत** (पुं.) यमराजक दूत (परिचर) जे आयु पुरला पर लोककेँ पकड़ि पापक दंड देबा लेल यमलोक लए जाइत अछि।

**यमलोक** (पुं.) नरक, यमराजक राज्य

**यवनिका** (स्त्री.) यवनिका, नाट्यशालाक पर्दा

**यश** (पुं.) जस, कीर्ति, सुख्याति

**यशस्वी** (वि.) कीर्तिमान्, प्रसिद्ध, जकरा यश भेटल हो, नामी, जसबाला
**यशोगान** (पुं.) कीर्तिक बखान, जसक वर्णन
**यह** (सर्व.) ई, सम्मुख उपस्थित
**यहाँ** (क्रि.वि.) एतय, एहिठाम
**यहीं** (अव्य.) एतहि, एहीठाम
**यहीं-कहीं** (अव्य.) एतहि कत्तहु
**यांत्रिक** (वि.) मसीनी, यंत्र संबंधी
**यांत्रिक त्रुटि** (स्त्री.) जाहिमे मसीन संबंधी त्रुटि हो
**यांत्रिकता** (स्त्री.) मसीनी, यंत्र संबंधी
**यांत्रिकी** (स्त्री.) यंत्र-विज्ञान
**या** (संयो.) अथवा, वा
**याचक** (वि./पुं.) माङ'बाला, याचना कर'बाला, याची, याचक
**याचना** (स्त्री.) माङब, याचना केनाइ
**याचिका** (स्त्री.) मङनिहारि
**याचिकादाता** (पुं.) कोनो सरकारी प्रतिष्ठानमे याचिका कएनिहार
**यातना** (स्त्री.) सजाए, कष्ट, दुख
**यातायात** (पुं.) गेनाइ-एनाइ, गमनागमन
**यात्रा** (स्त्री.) भ्रमण, एक स्थानसँ दोसर स्थानक यात्रा, जतरा (जत्रा)
**यात्रा विराम** (पुं.) 1. यात्रा(जत्रा)कैं बीचमे रोकि देब 2. यात्रामे रुकि जाएब
**यात्री** (पुं.) यात्रा कर'बाला, यात्रामे जाएबाला, बटोही, यात्री
**यात्री चेक** (पुं.) यात्रामे व्ययहेतु ल'जायबाला चेक
**याद** (स्त्री.) स्मृति, स्मरण
**याद आना** (स.क्रि.) स्मरण होएब, मोन पड़ब
**याद करना** (स.क्रि.) स्मरण करब
**यादगार** (स्त्री.) स्मृति, स्मरण, स्मरणीय
**याददाश्त** (स्त्री.) स्मृति, यादगार
**याद दिलाना** (स.क्रि.) मोन पाड़'ब
**यादृच्छिक** (वि.) विवेकाधीन, स्वैच्छिक
**यान** (पुं.) वाहन, गाड़ी, सवारी
**यान चालक** (पुं.) वाहन चालक, वाहन चलब'-बाला, बहलमान, ड्राइवर
**यानि/यानी** (अव्य.) अर्थात्
**यापन** (पुं.) बितोनाइ
**यामिनी** (स्त्री.) राति, रात्रि
**यायावर** (पुं.) 1. घुमंतू जाति 2. राजस्थानक एक विशेष जाति
**यार** (पुं.) मित्र दोस्त, सुहृद प्रेमी इयार
**याराना** (वि.) मित्रता, दोस्ती, इयार
**यारी** (स्त्री.) इयारी
**यावत्** (वि./क्रि.वि) जा'धरि
**युक्त** (वि.) जुटल, सटल
**युक्ति** (स्त्री.) उपाय
**युक्तिपूर्ण** (वि.) तर्कसहित, तर्कपूर्ण
**युक्तिपूर्वक** (क्रि.वि.) युक्तिपूर्वक, संगत, उचित
**युक्तिसंगत** (क्रि.वि.) औचित्यपूर्ण, उचित, उपयुक्त
**युग** (पुं.) समय, एक निर्धारित अवधिक समय
**युग परिवर्तन** (पुं.) समयक परिवर्तन
**युगपुरुष** (पुं.) एक युगक पुरुष, नव विचार धाराक प्रवर्तक
**युगप्रवर्तक** (वि.) युगपुरुष, महापुरुष
**युगल** (पुं.) जोड़ा, सम्मिलित दू
**युगलबंदी** (स्त्री.) दू व्यक्तिक सम्मिलित काज, संगीतविद्याक एक रूप
**युगांतर** (पुं.) युगांतर, युगक अंतर
**युगावतार** (पुं.) युगक अवतार, युगावतार
**युग्म** (पुं.) दूसँ विभाज्य संख्या जेना, 2, 4, 6 आदि जोड़ा
**युद्ध** (पुं.) युद्ध, लड़ाइ, संग्राम, समर
**युद्ध अपराध** (पुं.) युद्ध अपराध
**युद्ध-अपराधी** (पुं.) युद्ध-अपराधी, युद्ध-दोषी
**युद्धक विमान** (पुं.) युद्धक विमान, युद्धमे प्रयुक्त वायुयान
**युद्ध काल** (पुं.) युद्ध-काल, युद्धक समय
**युद्धकौशल** (पुं.) युद्ध-कौशल, रण कौशल
**युद्धक्षेत्र** (पुं.) युद्धक्षेत्र, युद्धमैदान

**युद्धनीति** (स्त्री.) युद्धनीति, युद्धक आचार-नियम

**युद्धपोत** (पुं.) युद्धपोत

**युद्धबंदी** (पुं.) युद्धबंदी, युद्धमे भ'गेल कैदी

**युद्धभूमि** (स्त्री.) युद्धभूमि, समरभूमि

**युद्धविराम** (पुं.) युद्धविराम, युद्ध रुकनाइ

**युद्धविराम रेखा** (स्त्री.) युद्धविराम रेखा

**युद्धविराम संधि** (स्त्री.) युद्धविराम संधि

**युद्धहताहत** (पुं.) युद्धहताहत, युद्धमे मारल गेल, घायल

**युद्धाभ्यास** (पुं.) युद्धाभ्यास, युद्धक अभ्यास

**युयुत्सा** (स्त्री.) युयुत्सा, युद्ध करबाक इच्छा, शत्रुता

**युयुत्सु** (वि.) युयुत्सु, युद्धक इच्छुक, महा-भारतक एक चरित्र

**युवक** (पुं.) युवक, बाल्यकालक उत्तर अवस्थामे पहुँचल पुरुष

**युवक आवास** (पुं.)युवक आवास

**युवक समारोह** (पुं.) युवक समारोह

**युवती** (स्त्री.) युवती, तरुणी, यौबति

**युवराज** (पुं.) युवराज, राजाक जेठ बेटा जे राज्यक उत्तराधिकारी हो

**युवराज्ञी** (स्त्री.) युवराज्ञी, युवराजक भार्या

**युवा** (वि./पुं.) युवा, जबान

**युवावस्था** (स्त्री.) युवावस्था, जबानी

**यूँ** (क्रि.वि.) एहि प्रकारसँ, एहितरहें, ओना, एना

**यों** (क्रि.वि.) अस्तु, एहि प्रकारसँ, एहितरहँ

**योग** (पुं.) योग, मेल, संग, जोड़, संकलन, कुल, एक भारतीय दर्शन

**योगदान** (पुं.) योगदान, सामूहिक कार्यमे संग दए कएल गेल कार्य

**योगफल** (पुं.) योगफल

**योगाभ्यास** (पुं.) योगाभ्यास, योग साधना

**योगी** (पुं.) योगी, वैरागी, संन्यासी

**योग्य** (वि.) योग्य, उपयुक्त, अपेक्षित गुणबाला 2. समर्थ, क्षमतावान्, अनुरूप

**योग्यता** (स्त्री.) योग्यता, पात्रता, पटुता, क्षमता, कौशल

**योग्यता प्राप्त** (वि.) योग्यता प्राप्त, योग्य

**योजक** (वि./पुं.) योजक, जोड़निहार

**योजक-चिह्न** (पुं.) योजक-चिह्न, लेखनमे दू पदक बीच छोट सरल रेखा

**योजना** (स्त्री.) योजना, भावी कार्यक पूर्व निर्धारित रूपरेखा, आयोजन, कार्यक्रम

**योजना-आयोग** (पुं.) योजना आयोग, संप्रति नीति आयोग

**योजनाबद्ध** (वि.) योजनाबद्ध

**योजनेतर** (वि.) योजनेतर, योजनासँ इतर, योजनासँ भिन्न, फराक

**योद्धा** (पुं.) योद्धा, फौजी, सैनिक, लड़निहार

**योनि** (स्त्री.) 1. योनि, नारीक जननेन्द्रिय, भग 2. कोखि, गर्भ, उद्भव

**यौगिक** (वि.) यौगिक, अनेक उपादानक मेलसँ बनल, व्युत्पत्तिमूलक

**यौगिक शब्द** (पुं.) यौगिक शब्द

**यौन** (वि.) यौन योनि संबंधी, प्रजननत....

**यौनरोग** (पुं.) यौनरोग, योनिसँ संबंधित रोग

**यौनविकृति** (स्त्री.) यौनविकृति, रोगक प्रकार

**यौनविज्ञान** (पुं.) यौनविज्ञान, यौनशास्त्र

**यौनसंबंध** (पुं.) यौनसंबंध

**यौनाचार** (पुं.) यौनाचार

**यौवन** (पुं.) यौवन, जवानी, युवावस्था

**यौवनावस्था** (स्त्री.) यौवनावस्था, जबानी, यौवन, जुआनी

# र

**रंक** (पुं.) रंक, गरीब, निर्धन, दरिद्र

**रंग** (पुं.) रङ, रंग, वर्ण, रंजक द्रव्य, कांति, छवि, आभास

**रंगकर्मी** (स्त्री.) रंगकर्मी, रंगमंच पर नाट्य-प्रस्तुति कएनिहार, कलाकार, अभिनेता

**रंग-ढंग** (पुं.) रंग-ढंग, आभास, चालि, व्यवहार
**रंगत** (स्त्री.) रङ, रंग, वर्ण, कांति, छवि
**रंगदारी** (स्त्री.) रंगदारी, गुंडइ, दबंगै
**रंगना** (स.क्रि.) रंगब, रंगाइ, वर्णबदलब
**रंग-बिरंगा** (वि.) रंग-बिरंग, नाना रंगक, विविध
**रंग-भूमि** (स्त्री.) रंग-भूमि, रंगमंच
**रंगभेद** (पुं.) रंगभेद
**रंगमंच** (पुं.) रंगमंच, रंगभूमि
**रंगरूट** (पुं.) चयन, भर्तीकरब, नियोजन
**रंगरेज** (पुं.) रंजक, रंगनिहार, रंगसाज, रंगरेज, वस्त्र रंगबाक व्यवसायी
**रंग रोगन** (पुं.) रंग-रोगन, रंगब
**रंगशाला** (स्त्री.) रंगशाला, रंगमंच
**रंगसाज** (पुं.) रंगसाज, भीतमे चित्रलिखि घर सजओनिहार
**रंगसाजी** (स्त्री.) रंसाजी, रंगनिहार, भीतमे चित्रलिखि घर सजओनिहार
**रंगाई** (स्त्री.) रंगाइ, रंजन
**रंगारंग कार्यक्रम** (पुं.) रंगारंग कार्यक्रम
**रंगीन** (वि.) रंगीन, रंगल
**रंगीनी** (स्त्री.) रंगीनी, रंगाएल
**रंगीला** (वि.) रंगीला, रंगीन, रंगल, चमक
**रंच** (वि.) रंच, बहुत कम, अल्प, थोड़, किछु, किंचित
**रंज** (पुं.) रंज, तामस, क्रोध, अप्रसन्नता, दुःख
**रंजक** (पुं.) रंजक, रंगनिहार, रंगसाज
**रंजन** (वि.) रंजन, रंगाइ
**रंजित** (वि.) रंजित, प्रसन्न, खुस, रंगल
**रंजिश** (स्त्री.) वैमनस्य, दुश्मनी, शत्रुता, अनबन, झगड़ा, खट-पट
**रंडी** (स्त्री.) रंडी, वेश्या
**रंडुआ** (पुं.) विधुर, जकर पत्नी मरि गेलि हो, रंडुआ
**रंदा** (पुं.) रंदा, छीलब
**रंध्र** (पुं.) रंध्र, छेद, भूर
**रंभाना** (अ.क्रि.) मवेशीक बोल/बाजब, गरजब, चीखब, चीत्कार करब
**रईस** (पुं.) रईस, अमीर, धनाढ्य
**रईसजादा** (पुं.) रईसक संतान रईसजादा, धनाढ्य, विलासी
**रईसी** (स्त्री.) रईसी, विलासिता, संभ्रांतता
**रक़बा** (पुं.) रकबा, क्षेत्रफल, वर्गमान
**रकम** (स्त्री.) रकम, राशि, मान, नगद धन, उपजा, रीति
**रकम वापसी** (स्त्री.) रकम आपसी, धन प्रत्यावर्तन
**रकाबी** (स्त्री.) तश्तरी, थाली, छिपली, छोट-थारी
**रक्त** (पुं.) रक्त, सोनित, लाल, खून
**रक्तचाप** (पुं.) रक्तचाप, ब्लडप्रेशर
**रक्तदान** (पुं.) रक्तदान
**रक्तदाब** (पुं.) रक्तदाब
**रक्तदाबमापी** (स्त्री.) रक्तदाबमापी यंत्र
**रक्तपात** (पुं.) रक्तपात, खून बहनाइ, खून-खराबी
**रक्तबैंक** (पुं.) रक्तबैंक, ब्लडबैंक
**रक्तरंजित** (वि.) रक्तरंजित
**रक्तवर्ग** (पुं.) रक्तवर्ग, ब्लडग्रुप
**रक्तशर्करा** (पुं.) रक्तशर्करा
**रक्तसंबंध** (पुं.) रक्तसंबंध, वंशगत, कुलक संबंध
**रक्तस्राव** (पुं.) रक्तस्राव, खून बहब, सोनित निकलब
**रक्तहीन क्रांति** (स्त्री.) रक्तहीन क्रांति
**रक्त-हीनता** (स्त्री.) रक्तहीनता, खूनक नहि होएब
**रक्ताल्पता** (स्त्री.) रक्ताल्पता, सोनितक कमी होएब
**रक्षक** (वि.) रक्षक, बचओनिहार, रक्षा कएनिहार, पहरू
**रक्षण** (पुं.) रक्षण, बचओनाइ, हिफाजति

**रक्षा** (स्त्री.) रक्षा, हिफाजति, बचओने राखब, प्रतिरक्षा, त्राण, उद्धार
**रक्षा कवच** (पुं.) रक्षा कवच
**रक्षात्मक** (वि.) रक्षात्मक
**रक्षिका** (स्त्री.) रक्षिका, राखी
**रक्षित** (वि.) रक्षित, रक्षण
**रक्षी** (पुं.) रक्षी, रक्षा कर'बाला, रक्षा कएनिहार
**रखना** (स.क्रि.) राखब, रखनाइ, ठाम धराएब, धरब
**रख-रखाव** (पुं.) रख-रखाब, रक्षण, रहबा-सहबाक ढंग
**रखवाला** (पुं.) रक्षा कएनिहार, हिफाजति कए-निहार
**रखवाली** (स्त्री.) रक्षा करब, हिफाजति करब
**रखैल** (स्त्री.) रखैलि, धौरबी, उपपत्नी
**रग** (स्त्री.) रग, सिरा, स्नायु तन्तु
**रगड़** (स्त्री.) रगड़, रगड़ा, घर्षण
**रगड़ना** (स.क्रि.) रगड़ब, मलब, घसब
**रचना** (स्त्री.) रचना, कृति, रचितवस्तु
**रचनाकार** (पुं.) रचयिता, लेखक, ग्रंथकार
**रचनात्मक** (वि.) रचनात्मक, रचनासँ संबंधित, सृजनात्मक
**रचयिता** (पुं.) रचयिता, लेखक, गंथकार, रचनाकार
**रचित** (वि.) रचित, लिखित
**रज** (स्त्री.) रज, धूरा, गरदा
**रजत** (पुं.) रजत, चानी
**रजत-जयंती** (स्त्री.) रजत-जयंती, पचीसम वर्षपूर्तिक उत्सव
**रजनी** (स्त्री.) रजनी, राति, रात्रि
**रजनीकर** (पुं.) चंद्रमा, चान, चंद्र
**रजनीचर** (पुं.) राक्षस, चंद्रमा, रजनीचर, दैत्य, दानव
**रजनीश** (पुं.) रजनीश, चान, चंद्रमा
**रजस्वला** (वि.) रजस्वला, ऋतुमती, मासिक धर्मबाली
**रजाई** (स्त्री.) रजाइ, सीरक, तुराइ
**रजामंद** (वि.) सहमत, सहमति
**रजामंदी** (स्त्री.) सहमति, ऐकमत्य
**रजोधर्म** (पुं.) रजोधर्म, स्त्रीक मासिकधर्म
**रजोनिवृत्ति** (स्त्री.) रजोनिवृत्ति
**रज्जू** (स्त्री.) रज्जू, रस्सी, डोरी, रसरी
**रटना** (स.क्रि.) रटब, कण्ठस्थ करब
**रट्टू** (वि.) रट्टू, कण्ठस्थ करअबला
**रण** (पुं.) रण, रन, युद्ध
**रणकौशल** (पुं.) रणकौशल
**रणक्षेत्र** (पुं.) रणक्षेत्र, युद्धभूमि
**रणनीति** (स्त्री.) रणनीति
**रणभूमि** (स्त्री.) रणभूमि
**रणभेरी** (स्त्री.) रणदुंदुभी, रणभेरी, रणवाद्य, युद्धघोष
**रति** (स्त्री.) रति, मैथुन, प्रेम, अनुराग
**रतौंधी** (स्त्री.) रतौन्ही, रातिमे कम सुझबाक रोग
**रत्न** (पुं.) रत्न, बहुमूल्य पाथर, जेना मानिक, पन्ना आदि
**रत्नाकर** (पुं.) रत्नाकर, समुद्र, सागर
**रथ** (पुं.) रथ, सबारी, गाड़ी, यान
**रथवान** (पुं.) रथवान्, सारथि, रथ चलाब'बाला
**रथी** (वि.) रथी, योद्धा
**रद्द** (वि.) रद, निरस्त, अमान्य
**रद्द करना** (स.क्रि.) रदकरब, निरस्त करब, अमान्य करब
**रद्दी** (वि.) रद्दी, अकाजक बूझि हटाओल, अकार्यक
**रद्दोबदल** (पुं.) उलट-फेर करब, परिवर्तन करब, कांट-छांट करब
**रन** (पुं.) रन, क्रिकेट क्रीडामे धावन
**रपट** (स्त्री.) सूचना, प्रतिवेदन
**रपटना** (अ.क्रि.) फिसलब, सरकब, पिछड़ब
**रपटीला** (रपटीली) (वि.) पिछड़ाह
**रफादफा करना** (स.क्रि.) खतम करब, अंत करब, फैसला करब

**रफू करना** (स.क्रि.) रफ्फू करब, वस्त्रमे फाटल जगहकेँ सुइ-तागसँ भरनाइ, मजगूत करब

**रफू चक्कर होना** (अ.क्रि.) निपत्ता भ' जायब, गायब होएब

**रफ्तार** (स्त्री.) गति, चालि, चलबाक विशेष ढंग, वेग

**रफ्तार पकड़ना** (अ.क्रि.) गति पकड़ब

**रब** (पुं.) ईश्वर, परमेश्वर, भगवान्, देव

**रबड़** (पुं.) रबड़, एक गाछक लस्सा जाहिसँ साइकिलक ट्यूब आदि बनैत अछि

**रबड़ी** (स्त्री.) रबड़ी, राबड़ी, दूधक एक मिष्टान्न

**रबर** (स्त्री.) रबड़

**रबी** (स्त्री.) रबी, चैती फसिल

**रमणी** (स्त्री.) रमणी, सुंदरी

**रमणीक** (वि.) रमणीक, सुंदर, मनोहर

**रमणीय** (वि.) रमणीय, आनंदप्रद, आकर्षक, रोचक, सुंदर

**रमणीयता** (स्त्री.) रमणीयता, सुंदरता

**रमना** (अ.क्रि.) विहार करब, रमण करब, भोग-विलास, अनुरक्त होयब

**रम्य** (वि.) रम्य, सुंदर, मनोहर

**रवा** (पुं.) रबा, राबा, कण

**रवानगी** (स्त्री.) रबानगी, प्रस्थान, प्रयाण

**रवाना** (वि.) रबाना, प्रस्थान, प्रेषण

**रवाना करना** (स.क्रि.) प्रस्थान करब, भेजब, पठाएब

**रवाना होना** (अ.क्रि.) प्रस्थान करब, रबानगी

**रवादार** (वि.) दानासँ युक्त, दानाभरल

**रवि** (पुं.) रवि, सूर्य, सुरुज

**रविवार** (पुं.) रवि, रविवार, सूर्यक दिन

**रवैया** (पुं.) व्यवहार, चालि, आचरण, रबैआ, रुखि, प्रवृत्ति, ढब

**रश्मि** (स्त्री.) रश्मि, किरण

**रस** (पुं.) रस, फल आदिसँ बहराएल जल, रुचि आनंद, काव्यक शृंगार आदि रस

**रसज्ञ** (पुं.) रसज्ञ, काव्यमर्मज्ञ, निपुण, रसिक, भावुक, सहृदय

**रसद** (स्त्री.) रसद, भोजन सामग्री, विशेषतः सेनाक वा कोना समूहक

**रसदार** (वि.) रसदार, रसगर, सरस, झोरगर

**रसहीन** (वि.) रसहीन, नीरस, रसशून्य, सुखाएल

**रसातल** (पुं.) रसातल, धरतीक तरका जगत, पाताल

**रसात्मक** (वि.) रसात्मक, सुंदर, रसयुक्त, सरस

**रसायन** (पुं.) रसायन, कृत्रिम विधिसँ संयोजित मौलिक पदार्थ, खनिज आदिसँ बनल परिष्कृत औषध

**रसास्वादन** (पुं.) रसास्वादन, काव्यानन्द

**रसिक** (वि./पुं.) रसिक, रसज्ञ, सहृदय, भावुक

**रसिया** (पुं.) रसिक, रसास्वादन कएनिहार, रसिआ, रसज्ञ

**रसीद** (स्त्री.) रसीद, पएबाक लिखित प्रमाण

**रसीदी टिकट** (पुं.) रसीदी टिकट

**रसीला** (वि.) रसगर, रससँ भरल, रसपूर्ण, सरस स्वादिष्ट, रुचिकर

**रसोइया** (पुं.) भनसिआ, भानस कएनिहार, पाककर्ता

**रसोई** (स्त्री.) भानस, पाक

**रसोईघर** (पुं.) पाकशाला, महानस, भनसाघर, भनसार, भानसक घर

**रसौली** (स्त्री.) गिलटी, त्वचाक भीतर फुलल कठोर गंथि

**रस्म** (स्त्री.) प्रथा, रीति-रेवाज, ढंग, तरीका, परिपाटी, रेबाज, पद्धति

**रस्मरिवाज** (पुं.) रीति-रेबाज, प्रथा, पद्धति, रेबाज

**रस्मी** (वि.) रीति-रेबाजसँ संबंधित

**रस्मीपरेड** (स्त्री.) रस्मीपरेड, अवसरक परेड जेना स्वतंत्रतादिवसक परेड

**रस्सा** (पुं.) रस्सा, अनेक गुनक डोरी, मोटगर रस्सी

**रस्साकशी** (स्त्री.) खीचातानी, खीचब-तानब

**रस्सी** (स्त्री.) रस्सी, पातर रस्सा

**रहट** (पुं.) रहट, अरघट, कूपसँ पानि भरबाक चाक, घटचक्र

**रहन** (पुं.) गिरबी, बंधक, भरना, जामिन, प्रतिभू

**रहन-सहन** (पुं.) रहन-सहन, चालि-चलन, जीवन निर्वाहक ढंग

**रहना** (अ.क्रि.) रहब, टिकब, थम्हब

**रहनुमा** (पुं.) निर्देशक, प्रतिनिधि, मार्गदर्शक

**रहनुमाई** (स्त्री.) निर्देशन, प्रतिनिधित्व

**रहम** (पुं.) रहम, दया, कृपा

**रहम खाना** (अ.क्रि.) दया करब, रहम करब, कृपा करब

**रहमदिल** (वि.) दयालु, सदय, कृपालु

**रहस्य** (पुं.) रहस्य, गुप्त बात, मर्म, निर्जन

**रहस्यपूर्ण** (वि.) रहस्यपूर्ण

**रहस्यवाद** (पुं.) रहस्यवाद, एकटा दर्शन

**रहस्यवादी** (वि.) रहस्यवादी, हिंदी काव्यक एक काव्यप्रकार

**रहस्योद्घाटन** (पुं.) रहस्योद्घाटन

**रहा-सहा** (वि.) बांचल-खुचल, अवशेष, परिशिष्ट, छुटल

**रहित** (वि.) रहित, हीन, वंचित, मुक्त, विना

**राँधना** (स.क्रि.) रान्हब, भानस करब, आँच दए पानि/दूधमे खीर इत्यादि

**राई** (स्त्री.) राइ, एक तेलहन, करिआ सरिसओ, रैंची

**राका** (स्त्री.) पूर्णिमाक राति, राका

**राकेश** (पुं.) राकेश, चान, चंद्रमा

**राक्षस** (पुं.) राक्षस, दैत्य, दानव, असुर

**राक्षसी** (वि.) राक्षसी, दानवी, राक्षसक स्त्री, क्रूरस्वभाववाली स्त्री

**राख** (स्त्री.) राख, छाउर

**राखदान** (पुं.) राखदान, छाउर राखबाक वर्तन

**राग** (पुं.) राग, अनुराग, प्रेम, आसक्ति, धुनि, भास, स्वरसंयोजन

**राग-रंग** (पुं.) राग-रंग, मनोरंजन, विलास, रंग-रभस

**राज** (पुं.) राज, राज्य, शासन, राजमिस्त्री

**राजकाज** (पुं.) शासन संबंधी, राजकाज, राज्यसँ संबंधित कार्य

**राजकीय** (वि.) राजकीय, राजाक, सरकारी

**राजकुमार** (पुं.) राजकुमार, राजाक बेटा, युवराज

**राजकुमारी** (स्त्री.) राजकुमारी, राजाकपुत्री

**राजकुल** (पुं.) राजकुल, राजवंश

**राजकोष** (पुं.) राजकोष

**राजगद्दी** (स्त्री.) राजगद्दी, राजसिंहासन, राजपद

**राजगीर** (पुं.) 1. राजमिस्तरी 2. बिहारक एक बौद्धतीर्थ

**राजगीरी** (स्त्री.) राजमिस्तिरीक कार्य, भवननिर्माणक कार्य

**राजचिह्न** (पुं.) राजचिह्न

**राजतंत्र** (पुं.) राजतंत्र, शासन करबाक एक प्रकार

**राजतंत्रीय** (वि.) राजतंत्रीय

**राजतिलक** (पुं.) राजतिलक, राज्याभिषेक

**राजदंड** (पुं.) राजदंड

**राजदूत** (पुं.) राजदूत, राजाक प्रतिनिधि

**राजदूतावास** (पुं.) राजदूतावास, राजदूतक आवास

**राजद्रोह** (पुं.) राजद्रोह, राजाक विरुद्ध विद्रोह

**राजद्रोही** (पुं.) राजासँ विद्रोह करए बाला, राजशासन के विरोधमे स्वर उठाब-बाला, बागी

**राजधानी** (स्त्री.) राजाक निवास-स्थान, राजधानी शासन-सत्ताक केंद्र राजा शासनक मुख्यालय

**राजनय** (स्त्री.) राजनीति, राजा आ शासनक नीति, राज्य चलयबाक हेतु निर्धारित नीति वा सिद्धांत, राज-काज

**राजनयज्ञ** (पुं.) राजनीतिज्ञ

**राजनयिक** (वि.) एक देशक दोसरदेशमे स्थापित दूत, राजदूत

**राजनयिक अधिकार** (पुं.) राजदूत लोकनिकेँ अधिकार

**राजनीति** (स्त्री.) राज्य चलयबाक हेतु निर्धारित नीति आ सिद्‌धांत शासनक नीति

**राजनीतिक** (वि.) राजनीतिसँ संबंधित

**राजनीतिज्ञ** (पुं.) राजनीति कर’बाला, नेता लोकनि, राजनीतिकेँ जानअ बाला, राजनीतिक सिद्‌धांत क’ जनअ बाला

**राजनीतिशास्त्र** (पुं.) राजनीतिसँ संबंधित विषय, राजनीतिशास्त्र, राजनीति विज्ञान

**राजनेता** (पुं.) राजनीति करअबाला, नेता लोकनि, राजनेता

**राजपत्र** (पुं.) राजपत्र

**राजपत्रित अधिकारी** (पुं.) राजपत्रित अधिकारी

**राजपथ** (पुं.) राजमार्ग, राजपथ

**राजप्रमुख** (पुं.) राजा

**राजप्रश्रय** (पुं.) राजकीय आश्रय

**राजप्रासाद** (पुं.) राजाक महल, राजाक निवास-स्थान

**राजभवन** (पुं.) राजभवन, संप्रति राज्यपालक निवासस्थान

**राजभाषा** (स्त्री.) राजकीय भाषा, राजभाषा जेना हिंदी

**राजमहल** (पुं.) राजाक प्रासाद, राजाक निवासस्थान

**राजमार्ग** (पुं.) राजमार्ग, राजमहलके जायबाला लंबा चओड़ा सड़क

**राजयक्ष्मा** (पुं.) क्षयरोग, टी.बी.

**राजरोग** (पुं.) एहन रोग जाहिमे उत्तम भोजन ओ अधिक आराम अपेक्षित होइछ जेना यक्ष्मा

**राजवंश** (पुं.) राजवंश, राजाक कुल आ वंश

**राजवंशी** (वि.) राजकुल, राजाक वंशज

**राजवित्त** (पुं.) राजवित्त, राजसम्पत्ति, राजधन

**राजवित्तीय** (वि.) राजसंपत्तिसँ संबंधित

**राजवृत्ति** (स्त्री.) राजकीय व्यवसाय राजकीय जीविका, राज्य दिसिसँ भेटल आर्थिक सहायता

**राजव्यवस्था** (स्त्री.) राजव्यवस्था

**राजसत्ता** (स्त्री.) राजसत्ता, राजाक सत्ता

**राजसिंहासन** (पुं.) राजगद्‌दी, सिंहासन

**राजसी** (वि.) नृपोचित, राजा जकाँ ठाठ-बाट

**राजस्व** (पुं.) सरकारी जमीनसँ प्राप्त आय, प्रजासँ राजा द्‌वारा शुल्करूपमे संगृहीत धन

**राजा** (पुं.) राजा, कोनो भूभागक स्वामी ओ शासक

**राजाज्ञा** (स्त्री.) राजाक आज्ञा, राजाक आदेश

**राजी** (वि.) सहमत, अनुकूल, प्रसन्न

**राजी खुशी** (वि.) कुशल समाचार, सब ठीक भेनाइ, कुशल क्षेम

**राजीनामा** (पुं.) परस्पर मेलक स्वीकारपत्र, सहमति पत्र

**राज्ञी** (स्त्री.) रानी

**राज्य** (पुं.) राजाक संख्या, राजाक अधिकार क्षेत्र, शासन

**राज्यक्षेत्र** (पुं.) राज्यक सीमा, चौहद्‌दी

**राज्यतंत्र** (पुं.) राजतंत्र, शासनक एक पद्‌धति विशेष

**राज्यपरिषद्** (पुं.) राज्यपरिषद्

**राज्यपाल** (पुं.) राज्यपाल

**राज्यपोषित** (वि.) राजाद्‌वारा पालन-पोषण, राज्यक संरक्षण प्राप्त

**राज्य-विप्लव** (पुं.) राज्य-विप्लव, राजद्रोह

**राज्य-व्यवस्था** (स्त्री.) राजव्यवस्था, राज्य-व्यवस्था

**राज्यसभा** (स्त्री.) राज्यसभा

**राज्याध्यक्ष** (पुं.) राजा, राज्याध्यक्ष

**राज्याभिषेक** (पुं.) ओ अनुष्ठान जे राजपद पर बैसबाक समय कयल जाइत अछि, राज्याभिषेक राजतिलक, सिंहासनारूढ होएब

**राज्यारोहण** (पुं.) राज्यारोहण

**रात** (स्त्री.) राति, रात्रि

**रात्रि** (स्त्री.) रात्रि, राति, निशा

**रात्रिभोज** (पुं.) रात्रिभोज, रातिक भोज

**रान** (स्त्री.) जाँघ, जंघा

**रानी** (स्त्री.) रानी

**रामबाण** (वि.) रामबान, अचूक

**रामराज्य** (पुं.) रामराज्य

**राय** (स्त्री.) 1. विचार, मत, राय, मनक बात 2. कुलक उपनाम 3. राजाक उपाधि

**रार** (स्त्री.) रारि, झगड़ा, विवाद

**राल** (स्त्री.) धूमन आदिसँ बनाओल तेलाह लस्सा

**रावटी** (स्त्री.) कपड़ाक घर

**राशन** (पुं.) रासन, सरकार द्वारा अल्प मूल्यमे बंटबाओल उपभोग्य पदार्थ

**राशि** (स्त्री.) 1. राशि, एक प्रकारक बहुत वस्तुक समूह, ढेर पुंज, रास टाल, 2. रश्मि, लगाम 3. सौर वर्षक बारहम अंश जे क्रमशः मेष वृष इत्यादि कहबैत अछि

**राष्ट्र** (पुं.) देश

**राष्ट्रकवि** (पुं.) राष्ट्रकवि

**राष्ट्रगान** (पुं.) राष्ट्रगान

**राष्ट्रचिह्न** (पुं.) राष्ट्रचिह्न

**राष्ट्रध्वज** (पुं.) राष्ट्रध्वज

**राष्ट्रपति** (पुं.) राष्ट्रपति, राष्ट्रक निर्वाचित प्रमुख, लोकतांत्रिक व्यवस्थामे देशक प्रथम नागरिक

**राष्ट्रपति शासन** (पुं.) राष्ट्रपतिशासन

**राष्ट्रभाषा** (स्त्री.) राष्ट्रभाषा, संपूर्ण राष्ट्रमे प्रचलित संपर्क भाषा

**राष्ट्रमंडल** (पुं.) राष्ट्रमंडल

**राष्ट्रवाद** (पुं.) राष्ट्रवाद

**राष्ट्रवादी** (वि.) राष्ट्रवादी, केवल राष्ट्रक हितके लक्ष्य बनाय चलनिहार एक विचार

**राष्ट्र-विरोधी** (वि.) राष्ट्रविरोधी, राष्ट्रक विरोध करनिहार

**राष्ट्रसंघ** (पुं.) राष्ट्रसंघ, राष्ट्रक समूह (लीग ऑफ नेशन)

**राष्ट्राध्यक्ष** (पुं.) राष्ट्राध्यक्ष

**राष्ट्रीय** (वि.) राष्ट्रीय, राष्ट्रसंबंधी

**राष्ट्रीयकृत** (वि.) राष्ट्रीयकृत

**राष्ट्रीयता** (स्त्री.) राष्ट्रक नागरिकता, राष्ट्रीयता

**राष्ट्रीय संग्रहालय** (पुं.) राष्ट्रीय संग्रहालय

**रास आना** (अ.क्रि.) नीक लागनाइ, पसंद भेनाइ

**रासायनिक** (वि.) रसायन संबंधी

**रासायनिक प्रदूषण** (पुं.) रासायनिक प्रदूषण

**रासायनिक हथियार** (पुं.) रासायनिक हथियार

**रास्ता** (पुं.) बाट, मार्ग, उपाय, रीति, रास्ता

**राह** (पुं.) बाट, मार्ग

**राह-खर्च** (पुं.) पाथेय, बटखर्चा

**राहगीर** (पुं.) पथिक, बटोही

**राहजनी** (स्त्री.) लूट, डकैती, छीना-झपटी

**राहत** (स्त्री.) चैन, सुख, आराम

**राहतकार्य** (पुं.) राहतकार्य, आपद कालक मदति

**राही** (पुं.) बटोही, पथिक, राही, मुसाफिर

**रिक्त** (वि.) खाली, शून्य

**रिक्तता** (स्त्री.) शून्यता, खाली छल, कुनु स्थानक खाली होयब

**रिक्तहस्त** (वि.) खाली हाथ, शून्यहाथ

**रिक्ति** (स्त्री.) खाली भेनाइ, रिक्तता, खाली जगह वा पद

**रिक्शा** (पुं.) रिकसा, तिनपहिया साइकिल

**रिझाना** (स.क्रि.) रिझायब, मनायब, बौंसब

**रिटायर** (वि.) सेवानिवृत्त, अवकाशप्राप्त, कार्यमुक्त
**रिपु** (पुं.) शत्रु, दुश्मन
**रिपोर्ट** (स्त्री.) प्रतिवेदन
**रिपोर्टर** (पुं.) प्रतिवेदन कर्ता, संवाददाता
**रिमझिम** (क्रि.वि.) रिमझिम, मंद-मंद वृष्टि, हल्लुक वर्षाक ध्वनि
**रियाज़** (पुं.) अभ्यास, रिआज, रटब
**रियायत** (स्त्री.) छूट
**रियायती** (वि.) छूटसँ संबद्ध, रिआयति
**रियासत** (स्त्री.) राज्य, शासन
**रिरियाना** (अ.क्रि.) कानब, गिरगिड़ाएब
**रिवाज** (पुं.) रिबाज, प्रथा, परंपरा, रीति
**रिश्ता** (पुं.) संबंध
**रिश्तेदार** (पुं.) सगा संबंधी, सर-संबंधी
**रिश्तेदारी** (स्त्री.) संबंधी
**रिश्वत** (स्त्री.) घूस, उत्कोच
**रिश्वतखोर** (वि.) घुसखोर, घूस लेबअ बला
**रिश्वतखोरी** (स्त्री.) घुसखोरी, घूस लेबाक क्रिया वा प्रवृत्ति
**रिसना** (अ.क्रि.) चुअब
**रिहा** (वि.) रिहा, बरी, मुक्त, दोषरहित घोषित
**रिहाइश** (स्त्री.) आवास, निवासक स्थान
**रिहाइशी** (वि.) आवासीय
**रिहाई** (स्त्री.) रिहाइ, न्यायालयमे आरोपसँ मुक्ति बरी, रेहाइ
**रीछ** (पुं.) भाउल, भालु
**रीझना** (अ.क्रि.) रिझब, प्रेमासक्त होयब, अनुरक्त होयब
**रीढ** (स्त्री.) रीढ, मेरुदंड, पीठक बीचला हाड़ा
**रीता** (वि.) खाली, शून्य
**रीति** (स्त्री.) रीति, ढंग, तरीका प्रकार, परिपाटी प्रथा, चालि, रवैया
**रीति-रिवाज** (पुं.) रीति-रेबाज, प्रथा, परंपरा
**रुंड** (पुं.) ओ धड़ जाहिसँ मस्तक काटि देल गेल हो
**रुँधना** (अ.क्रि.) रुकब, उलझब, फँसब
**रुआँ** (पुं.) रोम, रुइयाँ, शरीरक छोट रोम, रोइयां
**रुआँसा** (पुं.) कानब, आँखि डबडबाइब, स्तब्ध रहि जाएब
**रुई** (स्त्री.) रुइ, तूर, रुइया
**रुकना** (अ.क्रि.) रुकब, ठहरब
**रुकावट** (स्त्री.) बाधा
**रुक्का** (पुं.) रुक्का, चिट, छोट पत्र
**रुक्ष** (वि.) कठोर, रुक्ष, सुखायल
**रुक्षता** (स्त्री.) शुष्कता, कठोरता, सुखायल
**रुख** (पुं.) भाव, ध्यान
**रुखसत** (स्त्री.) विदा होयब, आज्ञा आ अनुमति लेब
**रुखाई** (स्त्री.) रुक्ख, शुष्कता, रुक्ष, सुखायल
**रुखानी** (स्त्री.) रुखानी, छोटका रुखान, बढीगिरीक ओजार विशेष
**रुग्ण** (वि.) रुग्ण, बीमार, रोगग्रस्त, दुःखताह
**रुग्णता** (स्त्री.) रुग्णता, बीमारी, अस्वास्थ्य
**रुचना** (स.क्रि.) रुचब, नीक लागब, पसिंद
**रुचि** (स्त्री.) रुचि, इच्छा, पसिंद, अनुराग
**रुचिकर** (वि.) रुचिगर, भोजनमे परमप्रिय, प्रिय, रमणीय, जिह्वाप्रिय
**रुझान** (स्त्री.) लगाव, झुकान, प्रवृत्ति
**रुतबा** (पुं.) पद, प्रतिष्ठा, ठाट-बाट, सम्मान
**रुतबेदार** (वि.) प्रतिष्ठित, पदप्राप्त
**रुदन** (पुं.) कानब, कननाइ, क्रंदन
**रुद्ध** (वि.) रुद्ध, रोकल, अटकल, घेरल
**रुधिर** (पुं.) रुधिर, शोणित, रक्त, खून
**रुधिरस्राव** (पुं.) खून बहब, रुधिरस्राव
**रुनझुन** (पुं.) रुनझुन, गहना आदिक ध्वनि
**रुपया** (पुं.) टका, टाका
**रुपहला** (वि.) चाँदी सनक, चानी जकाँ
**रुलाई** (स्त्री.) कननाय, कानब, बकोर लागब
**रुष्ट** (वि.) रुष्ट, रूसल, नाराज, अप्रसन्न
**रुष्टता** (स्त्री.) रुष्टता, रुसाफुली, नराजगी, अप्रसन्नता
**रूखा** (वि.) रुक्ख, रुखि, रुक्ष, उदास, नीरस

**रूखापन** (पुं.) नीरसता, रुक्षता, उदासी, सुखापन, आर्दताक अभाव

**रूठना** (अ.क्रि.) रुसनाइ, रुष्ट, रुसब, रुसा-फुल्ली

**रूढि** (स्त्री.) प्रसिद्धि, परंपरा, प्रथा, ख्याति

**रूढिग्रस्त** (वि.) रूढिग्रस्त

**रूढिवाद** (पुं.) रूढिवाद, परंपरावाद, पुरानपंथी

**रूढिवादी** (पुं.) रूढिवादी, परंपरावादी

**रूधना** (स.क्रि.) रुकब, बाझल, बाधा

**रूप** (पुं.) रूप, सौंदर्य, छवि, शोभा, वस्तुक ओ गुण जे आँखिसँ देखि पड़ैत अछि, आकार, स्वरूपा

**रूपक** (पुं.) रूपक, नाटक, दृश्यकाव्य, एकटा अलंकार

**रूपरेखा** (स्त्री.) रूपरेखा, योजना

**रूपवती** (वि./स्त्री.) रूपवती, सुंदरि स्त्री, सुंदरी

**रूपवान** (वि.) रूपवान, सुंदरपुरुष, सुंदररूपरंग बला, आकर्षक

**रूपविज्ञान** (पुं.) रूपविज्ञान, सौंदर्यशास्त्र

**रूपसज्जा** (पुं.) रूपसज्जा, सिंगार-पटार, वेषविन्यास

**रूपांतर** (पुं.) रूपांतर, रूपपरिवर्तन, कोनो वस्तुक बदलल बदलल रूप, साहित्यक अनुवाद रूप

**रूपांतरण** (पुं.) रूपांतरण, बदललरूप, अनुवाद

**रूबरू** (अव्य.) आमने सामने, साक्षात्कार, सोझा-सोझी, मुखोत्तर होयब

**रूमानी** (वि.) मनमर्जी, स्वच्छंदता

**रूमाल** (पुं.) रूमाल, मुँह पोछयबाला, लघुवस्त्र

**रूह** (स्त्री.) आत्मा, मन

**रूहानी** (वि.) आध्यात्मिक, आत्मा संबंधी, मन संबंधी, हार्दिक

**रेंकना** (अ.क्रि.) बेसुरा गायब, गधाक बोल

**रेखांकन** (पुं.) रेखांकन, डाँरि पारब, कोनहु आकृतिके रेखा द्वारा स्पष्ट करब, रेखामे भाव व्यक्त करब

**रेखांकित** (वि.) रेखांकित, डाँरि अंकित करब, चिह्नित

**रेखा** (स्त्री.) डाँरि, लकीर, सूत-सन लंबाकार (चेह्न)

**रेखाकृति** (स्त्री.) रेखाकृति

**रेखागणित** (पुं.) रेखागणित, गणित शास्त्रक एक शाखा जाहिमे रेखाक द्वारा कतोक मान ओ अनुपात निकालल जाइत अछि

**रेखाचित्र** (पुं.) रेखाचित्र, डाँरिसँ बनाअल, गोलचित्र, साहित्यक एक विधा

**रेखामानचित्र** (पुं.) रेखामानचित्र, लकीरसँ बनाओल गेल मानचित्र

**रेखीय** (वि.) रेखीय, डाँरिसँ बनाओल गेल

**रेगिस्तान** (पुं.) रेगिस्तान, मरुभूमि

**रेचक** (वि./पुं.) रेचक, दस्तावर

**रेणु** (स्त्री.) धूलि, रेणु, गरदा, धूरा

**रेत** (स्त्री.) बालू, रेत

**रेतना** (स.क्रि.) काटना, काटब, चिक्कन करब

**रेती** (स्त्री.) रेती, लोहक एक औजार धार तेज करबाक एक उपकरण

**रेतीला** (वि.) बालूबला भूमि, बलुओट भूमि

**रेल** (स्त्री.) रेल

**रेलगाड़ी** (स्त्री.) रेलगाड़ी, लोहाक पटरीपर चलनिहार एक गाड़ी

**रेल-पटरी** (स्त्री.) रेलपटरी, लोहाक पटरी जाहि पर रेलगाड़ी चलैत अछि

**रेल-पथ** (पुं.) रेलपथ, रेलमार्ग जाहि पथपर रेल चलैत अछि

**रेल-पेल** (स्त्री.) रेलम-पेल, धक्का-मुक्की, बहुत भीड़

**रेलमार्ग** (स्त्री.) रेलमार्ग, रेलपथ, जाहि मार्गपर रेल चलैत अछि

**रेलयात्री** (पुं.) रेलयात्री, रेलमे यात्रा कएनिहार

**रेला** (पुं.) भीड़-भाड़, पानिक तेज धार, तेज बहाव

**रेशम** (पुं.) रेसम, पाट, एक कीड़ाक कोषसँ बहराएल सूत

**रेशमी** (वि.) रेसमसँ बनल (वस्त्रदि)

**रेशा** (पुं.) सूत, ताग, फल-फूलकँ रेशा, महीन सूत, तंतु

**रेशेदार** (वि.) रेशासँ युक्त फल

**रेहन** (पुं.) गिरवी, बंधक, बन्हकी

**रेहनदार** (पुं.) गिरवी राखअबला, बंधक रखनिहार

**रेहननामा** (पुं.) गिरवी-पत्र, बंधकपत्र

**रैन** (स्त्री.) राति, रात्रि

**रैन-बसेरा** (पुं.) राति बितयबाक स्थान

**रोआँ** (पुं.) रोम, रोइआँ, केस

**रोएँदार** (वि.) जे शरीर/देह रोमसँ युक्त होयत/ रोइआँसँ भरल देह

**रोक** (स्त्री.) रोकब, नगद, रोध, वर्जन, मनाही

**रोकड़** (स्त्री.) नगद राशि, बिक्रीसँ आयल टाका

**रोकड़-जमा** (पुं.) नगद-राशि जमा, शुरुआती नगद-जमा

**रोकड़-बही** (स्त्री.) नगद-बही, नगद-पंजी

**रोकड़-बाकी** (स्त्री.) नगद जे बचिगेल, शेष नगदी

**रोकड़िया** (पुं.) हिसाब रखनिहार, नगद के हिसाब राख’बाला

**रोक-थाम** (स्त्री.) बीच बचाव करब, धरहेरि, तात्कालिक निरोध, शमन कारक

**रोकना** (स.क्रि.) रोकब, अवरोध करब, मनाही

**रोक लगाना** (स.क्रि.) मनाही करब, रोकब, अवरोध करब

**रोग** (पुं.) रोग, व्याधि, बिमारी

**रोगग्रस्त** (वि.) रोगाएल, रोगग्रस्त होएब, रोगायब, बीमारीसँ युक्त

**रोगन** (पुं.) चिकनइ, लकड़ी आदिक तलकँ चिक्कन आ चकबक करबाक मसाला

**रोगशैय्या** (स्त्री.) रोगीक शय्या, बीमारक सुतबाक चौकी बिछाओन आदि

**रोगी** (वि.) बिमार, रोगी, अस्वस्थ, रोगग्रस्त

**रोगी कक्ष** (पुं.) रोगी कक्ष, बिमार लोकक लेल निर्धारित कक्ष, अस्पतालमे रोगीक लेल कक्ष घर

**रोचक** (वि.) रुचिगर, खयबामे सुस्वादु, रमनीय, आनंददायक, सोअदगर, रुचिकर

**रोज** (पुं.) दिन, रोज, बोनि, दैनिक मजूरी, प्रतिदिन

**रोजगार** (पुं.) व्यवसाय, उद्योग, नोकरी, आजीविका, रोजगार

**रोजगार कार्यालय** (पुं.) रोजगार कार्यालय

**रोजनामचा** (पुं.) दैनिक क्रिया, दैनंदिनी

**रोजमर्रा** (क्रि.वि.) प्रतिदिन, हररोज, दैनिक क्रियाकलाप

**रोजा** (पुं.) रोजा, दिन भरिक व्रत जे रमजान भरि मुसलमान करैत अछि

**रोजाना** (क्रि.वि.) दैनिक, रोज, प्रतिदिन

**रोजी** (स्त्री.) आजीविका, नौकरी, काम, दैनिकमजूरी, काम-धंधा

**रोजी-रोटी** (स्त्री.) आजीविकाक साधन, काम-धंधा, नौकरी, जीविका, कामधंधा

**रोटी** (स्त्री.) रोटी, तबमे पकाओल ऑटाक चकती, सोहारी

**रोड़ा** (पुं.) ईटा, पाथरक छोट-छोट टुकड़ा, ढेपा, ढेप

**रोड़ा अटकाना** (स.क्रि.) कुनु काजमे बाधा उपस्थित करब, काज के अटकायब, रोकब

**रोड़ी** (स्त्री.) गिट्टी, छोट-आकारक पाथर आ ईट के टुकड़ा, एक प्रकारक चानन

**रोना** (अ.क्रि.) रोदन, कानब, कननाइ, क्रंदन करब

**रोना-धोना** (अ.क्रि.) कानब-खीझब, बड़ी काल धरि कनैत रहब, रोना-धोना

**रोना-पीटना** (अ.क्रि.) बहुत विलाप करब, बहुत जोर-जोरसँ कानब

**रोपण** (पुं.) रोपनाइ, रोपब, टिकाएब, धान-रोपब

**रोपना** (स.क्रि.) रोपब, रोपनाइ, रोपनि, आधार पर दृढ क' स्थापित करब, जमीनमे होयब, रोपाइ

**रोपनी** (स्त्री.) रोपनि, गाछ रोपबाक क्रिया, धान रोपबाक क्रिया, रोपनी

**रोब** (पुं.) रोब, रोआब, रोब जमाएब, प्रभाव, धाख, प्रताप, दर्प

**रोब-झाड़ना** (अ.क्रि.) रोब जमाएब, धाख जमाएब, प्रताप देखाएब, अभिमान

**रोबदार** (वि.) रोबदार, रोबीला, प्रभावशाली

**रोबीला** (वि.) रोबदार, प्रभावशाली, बकड़क आवाज, भरिगरि आवाज

**रोमंथन** (पुं.) पाउजि, पशुक खाली मुहचर्वण, पागुर, विचार, मनन

**रोम** (पुं.) देहक केस, रोम, रोइआँ, रोइँ

**रोमांच** (पुं.) रोमांच, देह सिहरब, हर्षादिसँ रोइआँ ठाढ होएब, देहक रोइयाँ ठाढ होयब

**रोमांचित** (वि.) रोमांचित, देह सिहरब, भावोद्रेकसँ रोमांच होयब

**रोयाँ** (स्त्री.) रोम, रोइआँ, रोई, देहक केस

**रोली** (स्त्री.) हल्दीसँ बनल घोल, लाल-घोल, हल्दी चुनाययोगसँ बनल लाल घोल

**रोशन** (वि.) प्रसिद्ध, प्रकाशित, प्रकाश, चमक, ख्याति प्राप्त करब, यशप्राप्त करब, चक-चक करब

**रोशनदान** (पुं.) रोशनीदान, घरमे रोसनीक लेल बनाओल गेल खिड़की

**रोशनाई** (स्त्री.) रोशनाइ, मसि, इंक, सिआही

**रोशनी** (स्त्री.) रोसनी, प्रकाश, ज्योति, प्रदीप, इजोत

**रोष** (पुं.) रोष, गुस्सा, क्रोध, आवेग, उत्तेजना, तामस

**रोष प्रकट करना** (स.क्रि.) तामस करब, क्रोध प्रदर्शित करब, तमसाएब

**रौंदना** (स.क्रि.) थकुचब, दबायब, बर्बाद करब, पिचड़ा करब

**रौद्र** (वि.) प्रचंड, प्रलय मचओनिहार, संहारक, रौद्र एक रस काव्यक, भीषण, विकट, रौद्ररूप

**रौनक** (स्त्री.) सुंदररूप ओ आकृति, चमक-दमक आ शोभा, बहार

# ल

**लँगड़ा** (वि.) लँगड़ा, लाङड़ पंगु, नाङर

**लँगड़ाना** (अ.क्रि.) लङड़ाएब, लङड़ा क' चलब, नङराएब

**लँगड़ापन** (पुं.) लाङड़ , लाङड़ क' अवस्था

**लँगड़ा बुखार** (पुं.) डेंगु बुखार

**लंगर** (पुं.) लंगर, नाओ के रोकेबाक एक चरिमुहा अंकुश, धार्मिक भोज जे गुरुद्वारा इत्यादिमे करैछ

**लंगर उठाना** (स.कि.) लंगर हटायब

**लंगर डालना** (स.क्रि.) लंगर डालब, शुरु करब

**लंगूर** (पुं.) पैघ पुछरी आ कारी मुहबला बानर

**लंगोट** (पुं.) लङौटा, भगवा, कच्छी, धरिआ, लङौटी

**लंगोटिया** (वि.) लंगोटिया, बाल्यकालहिसँ संग रहनिहार, बाल संगी

**लंगोटी** (स्त्री.) लङौटी, धरिआ, कच्छी

**लंघन** (पुं.) नांघब, फानब, उपर होइत टपब, अतिक्रमण पार करब, उपवास करब, व्रत, अनशन

**लंघनीय** (वि.) नांघब, उपर होइत टपै योग्य, अतिक्रमण योग्य

**लंठ** (वि.) बुद्धिहीन, बदमास, अनुचित बल-प्रयोगसँ स्वार्थ सिद्ध कयनिहार, उद्दंड

**लंपट** (वि.) लंपट, छिनार, कामुक, व्यभिचारी

**लंपटता** (स्त्री.) लंपटता, कामुकता, छिनरपनी

**लंब** (पुं.) लंबा, लटकन, ठीक उपर दिस उठल रेखा, लटकल वस्तु

**लंबरदार** (पुं.) प्रमुख, गामक मुखिया

**लंबा** (वि.) लंबा, अधिक मानबाला, पैघ

**लंबाई** (स्त्री.) दैर्घ्य, लंबमान

**लंबित** (वि.) लटकल, रुकल, अटकल, अपूर्ण आ अनिश्चित व्यवस्थामे पड़ल, टाङल, विचाराधीन, स्थगित

**लंबी** (वि.) लंबी, पैघ, लंबाई, नम्हर, लंबी कनिया

**लंबू** (वि.) लंबा, लंबाइमे पैघ, जकर पएर खूब पैघकर हो, अधिक ऊँच

**लकड़बग्घा** (पुं.) लकड़बग्घा, एकटा जंगली जानवर भेड़जातिक

**लकड़हारा** (पुं.) काठ/लकड़ी/जारनि बेच'बाला, जंगलसँ लकड़ी लकड़िहार, तोड़िके, काटिके बेच'बाला लोक

**लकड़ाना** (अ.क्रि.) काठक समान, लकड़ी जकाँ

**लकड़ी** (स्त्री.) काठ, लकड़ी

**लकदक** (वि.) सदबद

**लकवा** (पुं.) लकवा, पक्षाघात, सकरोग

**लकवाग्रस्त** (वि.) लकवाग्रस्त, लकवारोग भेएनअ

**लकवा मारना** (अ.क्रि.) लकवा मारब, लकबारोग होएबाक क्रिया

**लकीर** (स्त्री.) लकीर, रेखा, डाँरि

**लकीर खींचना** (स.क्रि.) रेखा खीचब, डाँरि पारब, लकीर घीचब

**लकुटी** (स्त्री.) लकुटी, छोट पातर डंटा

**लक्षण** (पुं.) लक्षण, परिचय कारक विशिष्ट गुणधर्म, आभास, हाव-भाव, परिभाषा, क्रमपात

**लक्षित** (वि.) लक्षित, प्रतिभासित, संकेतसँ बुझाएल, भान भेल लक्षणसँ ज्ञात

**लक्षितार्थ** (पुं.) लक्षितार्थ, लक्षणासँ निकलल अर्थ, मुख्य अर्थसँ संबद्ध कोनो आन अर्थ

**लक्ष्मीवान** (वि.) धनिक, समृद्धियुक्त, धन-संपत्तिसँ युक्त लोक

**लक्ष्य** (पुं.) लक्ष्य, उद्देश्य, साध्य, निसान, प्राप्य स्थल, गंतव्य स्थान, लभ्यवस्तु

**लक्ष्यपूर्ति** (स्त्री.) लक्ष्यपूर्ति, उद्देश्य पूर्ण होयब, प्रयोजन सिद्ध होयब, लभ्यवस्तुक प्राप्ति, उद्देश्यसिद्धि

**लक्ष्यबिंदु** (पुं.) लक्ष्यबिंदु, ओ बिंदु जत' तीर वा गोली चलाएब इष्ट हो

**लक्ष्यार्थ** (पुं.) लक्ष्यार्थ, लक्षणासँ प्राप्त अर्थ

**लखना** (स.क्रि.) लखायब, देखि पड़ब, देखब, लक्षित करब

**लखपति** (पुं.) लखपति, परम धनवान, लाख टाकाक संपत्तिबाला

**लगन** (स्त्री.) लगन, लग्न, विवाहादिक शुभ मुहूर्त मनोयोग, अध्यवसाय

**लगना** (अ.क्रि.) लगना, लागल, काम-काजमे लागब, जुड़ब

**लगभग** (अव्य.) लगभग, मोटा-मोटी, किछु कम वा बेसी, निकटतः

**लगवाना** (स.क्रि.) लगाएब, लागब, जोड़ब, लेपब, औंसब, बंदकरब, रोपब

**लगातार** (क्रि.वि.) लगातार, निरंतर

**लगान** (पुं.) लगान, भूमिकर, पट्टा पर लगाओल भवन आदिक भाड़ा, मालगुजारी, जमाबंदी

**लगाना** (स.क्रि.) लगाएब, जोड़ब, लेपब, रोपब, बंदकरब, औंसाएब सटाएब

**लगाम** (स्त्री.) लगाम, घोड़ाक गलफड़मे पहिरएबाक कड़ी

**लगाव** (पुं.) प्रेम, स्नेह, संबंध जोड़ब

**लग्गा** (पुं.) लग्गा, पातर हल्लुक बाँस जाहिसँ फल तोड़ल जाइछ, खेत नापल जाइछ, वा नाओ खेबल जाइछ

**लग्न** (पुं.) लगन, विवाहादिक शुभ मुहूर्त संलग्न, लागल, सटल, जुटल

**लघु** (वि.) लघु, छोट, हलुक, तीव्रगामी, तेज

**लघु-उद्योग** (पुं.) लघु-उद्योग, छोट रोजगार

**लघुतम** (वि.) लघुतम, संबसँ छोट, सबसँ हल्लुक

**लघुशंका** (स्त्री.) लघुशंका, छोटका शंका, लगही, लघ्वी, लघी

**लचक** (स्त्री.) लचक, लचकब

**लचकदार** (वि.) लचकदार, लचकबाक स्वभाव-बाला, लचकब

**लचकना** (अ.क्रि.) लचकब

**लचकाना** (स.क्रि.) लचकाएब, लचकायब, लचकब केर प्रेरणार्थक

**लचर** (वि.) लचर, लचर-पचर, लचपच, ढील, कमजोर, दुर्बल

**लचीला** (वि.) लचीला, लचकसँ युक्त, लचक'-बला, मुड़'बाला, लोचदार

**लचीलापन** (पुं.) लचीलापन, लचकक' भाव, लचकसँ युक्त

**लच्छा** (पुं.) लच्छा, तार/डोरीक गुच्छा

**लच्छी** (स्त्री.) छोट लच्छा, तार/डोरीक गुच्छ

**लच्छेदार** (वि.) लच्छेदार, धाराप्रवाह बाज'-बला, हुक्काक नली लच्छासँ युक्त

**लजाना** (अ.क्रि.) लजायब, लाज होयब, अपन कुकर्मसँ स्वयं मुह छिपाएब, नुकाएब

**लजीज** (वि.) स्वादिष्ट, सुस्वादु, रुचिकर

**लजीला** (वि.) लजकोटर, बहुत लजएनहार, लज्जाशील, लजमुह

**लज्जत** (स्त्री.) लज्जति, बल, दृढता, सार, तत्व, रस

**लज्जा** (स्त्री.) लाज, एक प्रकारक चित्तवृत्ति, संकोच, धाख

**लज्जाजनक** (वि.) लज्जित, लज्जाजनक, कुकृत्यसँ उत्पन्न लाज लजायल

**लज्जाशील** (वि.) लज्जाशील, लजकोटर, लजमुह, बहुत लजएनिहार

**लज्जाहीन** (वि.) निर्लज्ज, लज्जाहीन

**लज्जित** (वि.) लज्जित, लजायल

**लज्जित करना** (स.क्रि.) लज्जित करब, बेइजत करब, लाज करायब

**लज्जित होना** (अ.क्रि.) लजायब, लाज लागब, लाज पायब, लज्जित होएब

**लट** (स्त्री.) लट, केसक लटकल गुच्छ, मेल, संगति, केशराशि, अन्वय

**लटकना** (अ.क्रि.) लटकब, लंबित होएब, रुकब, पराश्रित रहब, काज रुकब, अटकब

**लटकाना** (स.क्रि.) लटकायब, लटकब, रोकब

**लट्टू** (पुं.) लट्टू, खेलओना, घिरनी, एकटा खेल

**लट्ठ** (पुं.) लट्ठ, पैघ लाठी

**लट्ठमार** (वि.) लट्ठमार, लाठी चलाबय बला, लाठी मार'बाला

**लट्ठा** (पुं.) लट्ठा, लस्सा, माड़ी

**लड़कपन** (पुं.) लड़कपन, बचपन, बाल्यावस्था, नेनपन

**लड़कबुद्धि** (स्त्री.) बालबुद्धि, नासमझी, नेनमति, बालमति

**लड़का** (पुं.) लड़का, बेटा, छऔंड़ा, बर, बौआ, बालक, पुत्र

**लड़की** (स्त्री.) लड़की, बेटी, बुच्ची, छओड़ी, बालिका, पुत्री

**लड़खड़ाना** (अ.क्रि.) लड़खड़ायब, एम्हर-ओम्हर खसब, डगमगायब

**लड़ना** (अ.क्रि.) लड़ब, लड़ाइ करब, स्पर्धा करब, भिड़ब, युद्ध करब

**लड़ना-झगड़ना** (अ.क्रि) लड़ाइ-झगड़ा करब, युद्ध, विवाद, टक्कर, द्वंद्व, आपसमे भिड़ब

**लड़ाई** (स्त्री.) लड़ाइ, झगड़ा, युद्ध, विवाद, टक्कर, द्वंद्व, प्रतिद्वंद्विता

**लड़ाई बंदी** (स्त्री.) लड़ाइ बंद करब, युद्ध समाप्त करब, युद्धबंदी

**लड़ाकू** (वि.) लड़ाकू, लड़बामे कुशल, लड़बाक प्रवृत्तिबाला

**लड़ाना** (स.क्रि.) लड़ाएब, लड़ब, लड़ायब, आपसमे लड़ायब

**लड़ी** (स्त्री.) लड़ी, हारी/गहनाक छड़, पंक्ति, गुच्छ, माला

**लत** (स्त्री.) लति, आदति, अभ्यास, स्वभाव, तराजूक पलड़ा झुकब

**लतखोर** (वि.) लतखोर, लातसँ मारि खायबला, लत कुच्चा

**लता** (स्त्री.) लता, आश्रयपाबि पसरनिहार, वनस्पति, लत्ती

**लताकुंज** (पुं.) लताकुंज, लतामण्डप

**लताड़** (स्त्री.) लताड़ब, डाँटब-फटकारब, अपमानित करब

**लताड़ना** (स.क्रि.) डाँटब, फटकारब, अपमानित करब, नीचा देखायब

**लतिका** (स्त्री.) छोट लत्ती, छोट लता

**लतियाना** (स.क्रि.) लतिआएब, लातसँ मारब, लातसँ पीटब

**लतीफा** (पुं.) चुटकुला, हँसी-मजाक करब, फकड़ा, चुट्क्का

**लथपथ** (वि.) लथपथ लतपत, भीजिक’ भारी आ शिथिल भेल

**लदना** (अ.क्रि.) वस्तु बोझब, राखब, लादब

**लदवाना** (स.क्रि.) लादब, लदाएब, वस्तु आ समानक गाड़ीमे लादब

**लदान** (पुं.) लादब, लादअ बला समान, लादबक क्रिया

**लद्धड़** (वि.) लदगोबर, आलसी, सुस्त, ढीला

**लपकना** (अ.क्रि.) लपकब, हाथ बढाए सहसा छिनब, फुरतीसँ हाथ बढाय पकड़ब, झटकारि क' चलब

**लपट** (स्त्री.) लपट, ज्वाला, धधरा, लूँक झौका, आगिक लौ, आगि पजरब

**लपलपाना** (स.क्रि.) लपलप, लपालप

**लपेटना** (स.क्रि.) लपेटब, फेरा/भत्ता लगाएब, पैसाएब, बझाएब, समेटब

**लफंगा** (पुं.) लफंगा, लुच्चा, लंपट, लबरा

**लफ्ज़** (पुं.) लबज, शब्द, बोल, वचन, वाणी

**लफ्फाज** (वि.) वाचाल, लपौड़ि, लफौड़ी, मिथ्या-गप-सप

**लफ्फाजी** (स्त्री.) मिथ्या प्रशंसा करब, निरर्थक हाँकल गप, लपौड़ी, गप हँकैबला

**लबादा** (पुं.) लबादा, चपकन

**लबालब** (वि.) लबालब, कंठ धरि भरब, पूर्ण, जतेक अँटि सकैत अछि ततेक मात्रामे

**लब्धप्रतिष्ठ** (वि.) लब्धप्रतिष्ठ, प्रतिष्ठित, विख्यात, प्रतिष्ठाप्राप्त

**लम्हा** (पुं.) समय, काल, घड़ी

**लय** (स्त्री.) लय, भास, राग, धुनि, तर्ज, लीन होयब, डूबब, प्रलय, तिरोधान, विलय

**लयात्मक** (वि.) लयात्मक, सुर आ तालसँ पूर्ण, लयगर

**ललक** (स्त्री.) चाह, इच्छा, ललक, मन होयब, लालसा, लोभ

**ललकार** (स्त्री.) ललकारब, चुनौती देब, गंजन करब, डपटब, गार्जन ललकारबाक शब्द

**ललकारना** (स.क्रि.) ललकारब, गंजन करब, डपटब, गर्जन करब, चुनौती देब

**ललचाना** (स.क्रि.) ललचायब, लोभायब, लालच, लालसा, ललचाएब

**ललाई** (स्त्री.) लाली, ललका, लालरंगक

**ललाट** (पुं.) ललाट, कपार, माथ

**ललित** (वि.) ललित, सुंदर, मोहक, रमणीय, ललितगर, कोमल

**ललित-कला** (स्त्री.) ललितकला

**लल्लो-चप्पो** (स्त्री.) ललो-चपो, खुसामद, अनुरंजन, कखनहु आशा देब आ कखनहुं निराश करब

**लवंग** (पुं.) लवंग, लौङ, लङ, सक फूल जे मसाला एवं ओषध होइत अछि

**लवण** (पुं.) लवण, निमक, नोन, नमक, नून

**लवणता** (स्त्री.) लवणता, नोनगर, निमकक बेसीमात्रा

**लवणीय** (वि.) लवणीय, निमक बेसी पड़ब, बेसी मात्रमे नूनक सोआद

**लश्कर** (पुं.) लसकर, सेना, लशकर

**लसदार** (वि.) सरबाक गुणबाला, लसलसी, लसलसाएब, लसलस

**लहँगा** (पुं.) लहङा, घघरा, साया, नूआ

**लहजा** (पुं.) ढंग, बाजबाक ढंग, रीति, प्रणाली, बाज'क तरीका

**लहर** (स्त्री.) लहरि, तरंग, ज्वाला, झरक

**लहराना** (अ.क्रि.) लहरब, लहरायब, धधकब, पजरब, फहरायब, तरंगित होयब

**लहलहाना** (अ.क्रि.) लहलहायब, तरंगित होयब, लहलह करब, हरा-भरा होयब, फसिल लहलहाएब

**लहसुन** (पुं.) लहसुन, लसुन, एक खाद्य कंद

**लहू** (पुं.) रक्त, खून, लहू, शोणित

**लहूलुहान** (वि.) खूनसँ लथपथ होयब

**लांछन** (पुं.) लांछन, चिह्न, दाग, कलंक, बदनामी, दोषारोपण

**लांछित** (पुं.) लांछित, कलंक, बदनामी, दाग लागब

**लाँघना** (स.क्रि.) लाँघब, नांघब, पार करब, उपर देने टपब, अतिक्रमण, लंघन, फानब

**लाइलाज** (वि.) लाइलाज, जै रोगक कोनो उपचार आ चिकित्साक नहि विना इलाजक बीमारी अछि, उपायरहित रोग

**लाक्षणिक** (वि.) लाक्षणिक, गौण अर्थ, लक्षणा शक्तिसँ प्रकट अर्थ

**लाक्षा** (स्त्री.) लाक्षा, लाह, लाख

**लाख** (वि./पुं.) लाख, सय हजार, अपार, असंख्य, अनेक बेर दोहरायब, लक्ष, कतबो

**लागत** (स्त्री.) लागति, उत्पादन/खरीदमे लागल खर्च, लागल धन

**लागू** (वि.) लागू, प्रयुक्त, प्रचलित, प्रवृत्त, चालू, मान्य

**लागू करना** (स.क्रि.) लागूकरब, लगायब, चालू करब, प्रवृत्त करब

**लागू होना** (अ.क्रि.) लागू होयब, प्रवृत्त होयब, प्रचलित होयब, चालू होयब

**लाघव** (पुं.) लाघब, लघुता, आयासक-अल्पता, श्रमक बचत, फुरती

**लाचार** (वि.) लाचार, लचार, नचार, असमर्थ, निरूपाय

**लाचारी** (स्त्री.) असमर्थ, लचारक भाव, नचार

**लाज** (पुं.) लाज, लज्जा, संकोच, धाख, शरम

**लाजबाब** (वि.) लाजबाब, अनुपम, बेजोड़, अद्भुत

**लाजिमी** (वि.) आवश्यक, अनिवार्य, स्वाभाविक

**लाटरी** (स्त्री.) लाटरी, भाग्य-चिट्ठा, अंकुर

**लाठ** (स्त्री.) लाठ, ढेकी, ढेकुल

**लाठी** (स्त्री.) लाठी, हाथमे लय चलबा जोग मुठबाँसक डंटा

**लाठी चार्ज** (पुं.) लाठीचार्ज, पुलिसक द्वारा लाठी बरसायब

**लाड़-प्यार** (पुं.) लाड़प्यार, अधिक दुलार करब, स्नेह करब

**लाड़ला** (वि.) प्यारा, दुलारा, अत्यंत प्रिय

**लात** (स्त्री.) लात, पायर, गोड़

**लात मारना** (स.क्रि.) लात मारब, पएरसँ मारब, उपेक्षा करब, त्यागब

**लादना** (स.क्रि.) लादब, बोझब, गाड़ी/पीठ/माथ पर बोझ चढाएब

**लानत** (स्त्री.) धिक्कार, बेकार, भर्त्सना, धितकार, धिक्, छिह

**लानत भेजना** (स.क्रि.) धितकारब, छिह करब, भर्त्सना करब

**लाना** (स.क्रि.) आनब, लाएब

**लापता** (वि.) लापता, निपत्ता, नापता, गुम

**लापरवाह** (वि.) लापरवाह, भुलक्कड़, असावधान

**लापरवाही** (स्त्री.) लापरवाही, असावधानी

**लाभ** (पुं.) लाभ, उपकार, हित, नफा, प्राप्ति, आय, आमद, सुधार

**लाभ कारक** (पुं.) लाभकारक, लाभ देबअ बला, जाहिसँ लाभ होयत अछि

**लाभकारी** (वि.) लाभकारी, जाहिसँ लाभ पहुचैत अछि

**लाभदायक** (वि.) लाभदायक, लाभ देब'बाला, फायदेमंद

**लाभप्रद** (वि.) लाभप्रद, लाभक प्राप्ति

**लाभांश** (पुं.) लाभांश, लाभक हिस्सा, आयक अंश

**लाभार्थी** (पुं./वि.) लाभार्थी, लाभ प्राप्ति कर'-बाला

**लाम** (पुं.) युद्धक्षेत्र, लड़ाइक मैदान

**लामबंदी** (स्त्री.) लामबंद होयब, इकट्ठा होयब, एकजुट होयब

**लामा** (पुं.) चाकक बिचला काठ, तिब्बतक धर्मगुरु

**लायक** (पुं.) लाएक, योग्य, उपयुक्त, अनुरूप

**लार** (स्त्री.) लार, नार, थूक

**लाल** (वि.) लाल, रक्तवर्ण, मानिक, रोहित, दुलारू, प्रियपुत्र

**लालच** (पुं.) लालच, लोभ, विशेषतः खएबाक

**लालची** (वि.) लोभी, लालची

**लालन-पालन** (पुं.) लालन-पालन, दुलार करब, पालब-पोसब

**लाल फीताशाही** (स्त्री.) लालफीताशाही, कार्यालयक क्रिया-कलाप, लेट-लतीफी

**लालमिर्च** (स्त्री.) लालमिर्च, लालमिरचाइ, ललका मिरचाइ

**लालसा** (स्त्री.) लालसा, कामना, मनोरथ, इच्छा, लोभ

**लालायित** (वि.) लालायित, ललचायल, चपचपा-यल, लोभ करब

**लालित्य** (पुं.) लालित्य, सुंदरता, रमणीयता

**लाली** (स्त्री.) लाली, लालिमा, रक्तिमा, लाल होयबाक भाव

**लालिमा** (स्त्री.) लालिमा, लाली, रक्तिमा

**लावण्य** (पुं.) लावण्य, सुंदरता, रमणीयता

**लावा** (पुं.) लावा, पर्वतसँ निकलअबला पदार्थ

**लावारिस** (वि.) अनाथ, टुगर, विना पहचानक वस्तु, विना ठेकानक वस्तु, जकर कुलक कुनु पता नहि हुए

**लाश** (स्त्री.) मुरदा, शव, लाश, मृतक

**लिंग** (पुं.) चिह्न, प्रतीक, पुरुषक जननेंद्रिय, नर-नारी होयबाक चिह्न

**लिखत** (स्त्री.) लिखत, लिखल प्रमाण, दस्तावेज, लिखित

**लिखत-पढत** (स्त्री.) लिखत-पढत, दस्तावेज, चित्रदि अंकित करब, लिखल प्रमाण, लिखापढी

**लिखना** (स.क्रि.) लिखब, लिखाइ, लिखबाक क्रिया

**लिखवाना** (स.क्रि.) लिखायब

**लिखाई** (स्त्री.) लिखाइ, लेखन, लिखबाक क्रिया

**लिखाई-पढाई** (स्त्री.) लिखा-पढी, अध्ययन कार्य, लिखनाइ-पढनाइ, पत्राचार

**लिखा-पढी** (स्त्री.) लिखा-पढी, लिखनाइ-पढनाइ, पत्राचार, लिखबाक क्रिया

**लिखावट** (स्त्री.) लिखाइ, लेखन, लिखावट, लिखबाक क्रिया, लिखल, लिखबाक ढंग, लिपि

**लिखित** (वि.) लिखित, लिखल

**लिटाना** (स.क्रि.) लेटाएब, सुतायब

**लिपटाना** (स.क्रि.) लेपटायब, मोड़ब, लपेटब

**लिपाई-पुताई** (स्त्री.) लिपाइ-पुताइ, नीपब-पोछब, नीपबाक क्रिया, पोतबाक क्रिया

**लिपि** (स्त्री.) लिपि, अक्षर, जेना तिरहुता

**लिपिक** (पुं.) लिपिक, कर्मचारी, किरानी, लिखापढ़ीक काज कयनिहार

**लिपिबद्ध** (वि.) लिपिबद्ध, लिखित, अक्षर-बद्ध कयल दस्तावेज

**लिप्त** (वि.) लिप्त, लेपल, सटल, ग्रसित, शामिल, संसक्त

**लिप्यंतरण** (पुं.) लिप्यंतरण, दोसर लिपिमे परिवर्तन कयल गेल

**लिप्सा** (स्त्री.) लाभक इच्छा, लोभ, लिप्सा, चाह, कामना, मनोरथ

**लिफाफा** (पुं.) कागतक खोल, खाम, लिफाफ

**लिबास** (पुं.) परिधान, पहिरन

**लियाकत** (स्त्री.) गुण, योग्यता, कुशलता, पटुता

**लिहाज** (पुं.) सम्मान, आदर, मान

**लिहाजा** (पुं.) एहि कारणसँ, अतः अतएव

**लिहाफ** (पुं.) तोसक, तूर भरल ओछाओन, गद्दा

**लीक** (स्त्री.) लीख, गाड़ीक पहिआक चेन्ह, रथ-रेखा, लीक, बैल-गाड़ीक बाट

**लीचड़** (वि.) आलसी, सुस्त, काजसँ देह चोरओनिहार, थाकल, मंद

**लीची** (स्त्री.) एक फल, लीची

**लीद** (स्त्री.) हाथी/घोड़ाक विष्ठा, लीद, लिद्दी

**लीन** (वि.) मग्न, डूबल, तत्पर, लीन

**लीपना** (स.क्रि.) निपब, गोबर-माटिक घोरसँ पोतब

**लीपा-पोती** (स्त्री.) झाँपब-तोपब, उपरसँ आवरण द' दबाएब, छिपाएब

**लीलना** (स.क्रि.) हड़पब, गिड़ब

**लीला** (स्त्री.) उमंग भरल क्रिया-कलाप, लीला, चरिताभिनय, केलि-विलास

**लीलामय** (वि.) लीलासँ भरल

**लुंगी** (स्त्री.) घघरा-सन पुरुषक पहिरन, लुंगी

**लुंज** (वि.) कटल हाथ-पएर बला, लुल्ह, नाङड़

**लुका-छिपी** (स्त्री.) नुका-चोरी, नुकायब-छिपबक एकटा खेल, नुकाछिपी, नेनाक एक खेल

**लुगदी** (स्त्री.) लुगदी

**लुगाई** (स्त्री.) पत्नी

**लुच्चा** (वि.) उत्पाती, दुष्ट, बदमास, लंपट, लुच्चा

**लुटना** (अ.क्रि.) लुटब, आनक वस्तु बलात् हरण करब

**लुटाना** (स.क्रि.) लुटाएब, लुटायब

**लुटिया** (स्त्री.) टुकनी, लोटकी

**लुटेरा** (पुं.) लुटिहारा, लूट-खसोट कर'बला

**लुढकना** (अ.क्रि.) लुढकब, गड़कब

**लुढकाना** (स.क्रि.) लुढकायब, गड़काएब

**लुत्फ** (पुं.) आनंद, मजा

**लुप्त** (वि.) गाएब, बिलाएल, नष्ट, लुप्त

**लुब्ध** (वि.) लोभाएल, लुब्ध, ललचाएब

**लुभाना** (अ.क्रि.) लोभायब, ललचाएल

**लुभावना** (वि.) आकर्षक, नीक, मनपसंद, मनोहर

**लुहार** (पुं.) लोहार, लौहकार, लोहाक वस्तु बनओनिहार कारीगर

**लू** (स्त्री.) लूह, एक रोग जे ग्रीष्म ऋतुक गरम बसात लगलासँ होइत अछि, झरक, रौदसँ तप्त, हाबाक झौक

**लूट** (स्त्री.) लूटि, आनक धन बलात् छीनब, लुटब

**लूट-खसोट** (स्त्री.) लूटि-पाटि

**लूटना** (स.क्रि.) लूटि, लुटब, आनक वस्तु बलात् हरण करब

**लूट-पाट** (स्त्री.) लूटि-पाटि

**लूट-मार** (स्त्री.) लूटि-मारि, लूटि-पाटि, लुटब आ मारब

**लूला** (वि.) लुल्ह, कटल हाथबला

**लेई** (स्त्री.) लेइ, लस्सा, लेहा

**लेकिन** (संयो.) मुदा, मगर, किंतु

**लेख** (पुं.) लेख, निबंध, आलेख, दस्ताबेज, अभिलेख

**लेखक** (पुं.) लेखक, लिखनिहार, विशेषतः पोथी आ पत्र-पत्रिकमे प्रकाशनीय वस्तु लिखनिहार

**लेखन** (पुं.) लिखबाक क्रिया, लिखब

**लेखनी** (स्त्री.) कलम, लेखनी

**लेखपाल** (पुं.) लेखपाल, पटबारी

**लेखा** (पुं.) गणना, हिसाब, आकलन, लेखा

**लेखा-अधिकारी** (पुं.) लेखा-अधिकारी, लेखाकार

**लेखाकार** (पुं.) लेखाकार

**लेखा-जोखा** (पुं.) गणना कर'बला, आयव्यय गणक, लेखा-जोखा

**लेखा-परीक्षक** (पुं.) लेखापरीक्षक, जाँचकर्ता, आयव्ययक जाँच करअबाला

**लेखा-परीक्षण** (पुं.) लेखापरीक्षण, आयव्ययक जाँच

**लेखा-बही** (स्त्री.) खाता-बही, लेखा-पंजी, आय-व्ययक पोथी

**लेखिका** (स्त्री.) लिखनिहारि, नारी-लेखक, लेखिका

**लेटना** (अ.क्रि.) लेटब, देह पसारि पड़ब

**लेनदार** (पुं.) लेनिहार, ग्रहण कर'बाला

**लेन-देन** (पुं.) लेनाइ, आदान-प्रदान, लेन-देन

**लेना** (स.क्रि.) लेनाइ, लेब, ग्रहण करब

**लेना-देना** (पुं.) लेन-देन, आदान-प्रदान

**लेप** (पुं.) कोनो तल पर गाढ वस्तुक जमाओल तह, लेप

**लेपन** (पुं.) लेपब, पोतब, औंसब, पोचकारब

**लैंगिक** (वि.) यौन, लैंगिक

**लैस** (वि.) युक्त होयब

**लोंदा** (पुं.) माटिक ढेपा, ढेप, सानल माटि

**लोई** (स्त्री.) कंबल

**लोक** (पुं.) मानव, मनुख, जनता, परिवार, भुवन, भूमंडल, लोक

**लोक-कथा** (स्त्री.) लोककथा

**लोक-गीत** (पुं.) लोकगीत

**लोकतंत्र** (पुं.) लोकतंत्र, जनतंत्र

**लोकतांत्रिक** (वि.) लोकतांत्रिक, जनतांत्रिक

**लोकनर्तक** (पुं.) लोकनर्तक, लोकनटुआ

**लोकनाट्य** (पुं.) लोकमे प्रचलित नाटक, लोकनाट्य

**लोकनिंदा** (स्त्री.) लोकनिंदा, समाजमे व्याप्त निंदा

**लोकनृत्य** (स्त्री.) लोकनृत्य, लोकनाच, नृत्य, नाच

**लोकप्रिय** (वि.) लोकप्रिय, लोकमे जे परमप्रिय होइत अछि

**लोकप्रियता** (स्त्री.) लोकप्रियता

**लोकमत** (पुं.) लोकमत, समाजमे स्वीकृत सिद्धांत

**लोकसभा** (पुं.) लोकसभा

**लोकसेवा** (स्त्री.) लोकसेवा, समाजसेवा

**लोकसेवा-आयोग** (स्त्री.) लोकसेवा आयोग

**लोकाचार** (पुं.) लोकमे व्याप्त आचार-विचार, लोकाचार, लोकपरंपरा, लोकव्यवहार

**लोकापवाद** (पुं.) लोकापवाद, समाजमे व्याप्त कलंक, बदनामी

**लोकोक्ति** (स्त्री.) लोकमे प्रसिद्ध उक्ति, कथन, लोकोक्ति, लोकमध्य प्रचलित रोचक बात

**लोग** (पुं.) मानव, मनुख, जनता, लोग, लोक

**लोच** (स्त्री.) लचक

**लोचदार** (वि.) लचकदार

**लोचन** (पुं.) आँखि, लोचन, नयन

**लोटना** (अ.क्रि.) लोटब, औंघड़ाएब

**लोट-पोट** (स्त्री.) अधिक हंसी आ आनंदसँ ... पर लेटि जाएब, लोट-पोट

**लोढा** (पुं.) पाथरक वा लोहाक छोट मूसर, लोढी, लोढा

**लोथ** (स्त्री.) बिनु हाथ-पएरक धड़, लोथ, बहुत भारी

**लोथड़ा** (पुं.) लोथरा, बहुत भारी

**लोप** (पुं.) नाश, उच्छेद, लोप

**लोबिया** (पुं.) लोबिया

**लोभ** (पुं.) लाभक इच्छा, लालच, लोभ

**लोभी** (वि.) लालची, लोभी

**लोम** (पुं.) रोम, रोइआँ, केश

**लोमड़ी** (स्त्री.) लोमड़ी

**लोमहर्षक** (वि.) रोमांचक

**लोरी** (स्त्री.) 1. एक लोकगीत, ममतामयी गीत, लोरि 2. कानक एक गहना

**लोलक** (पुं.) फुदना, झूमक, लोलक

**लोलुप** (वि.) लोभी, लालची, लोलुप

**लोलुपता** (स्त्री.) लोभ करब, लालच प्रदर्शित करब, लोभाएब

**लोशन** (पुं.) लोशन, लेप

**लोहा** (पुं.) लोह, अयस, इस्पात

**लोहा मानना** (अ.क्रि.) योग्यता स्वीकारब, सामर्थ्य स्वीकारब

**लोहार** (पुं.) लौहकार, लोहार, लोहाक वस्तु बनओनिहार

**लोहा लेना** (अ.कि.) बराबरी करब, चुनौती देब, हारि नै मानब

**लोहू** (पुं.) रक्त, लहू, खून

**लौंग** (पुं.) लौङ, लवंग

**लौंडा** (पुं.) लड़िका, छऔंड़ा

**लौ** (स्त्री.) लपट, धधरा, लहास

**लौकिक** (वि.) लोकसंबंधी, सामाजिक, सांसारिक, लौकिक

**लौकी** (स्त्री.) सजमनि, तुंबाबाला सजमनि, लौकी

**लौटना** (अ.क्रि.) लौटब, घुरब

**लौटाना** (स.क्रि.) लौटाएब, घुमाएब

**लौह** (पुं.) लोहा, लोह, अयस, लौह

**लौह-अयस्क** (पुं.) लोह-अयस, इस्पात

**लौह पुरुष** (पुं.) लौहपुरुष

**लौह-युग** (पुं.) लौहयुग

# व

**वंचना** (स्त्री.) ठकब, वंचना, छल

**वंचित** (वि.) ठकाएल, वंचित, विरहित, लाभच्युत

**वंटन** (पुं.) बाँटब, वंटन, वितरण करब, हिस्सा लगाएब

**वंदन** (पुं.) स्तुति, गुणगान, प्रार्थना, वंदन, प्रशंसा, नेहोरा

**वंदन-गीत** (पुं.) स्तुतिक गान, वंदनक गीत

**वंदना** (स्त्री.) वंदना, स्तुति

**वंदनीय** (वि.) वंदनीय, पूजनीय, पूज्य, वंदनाक योग्य

**वंध्याकरण** (पुं.) वंध्याकरण, वंध्या कराएब

**वंश** (पुं.) कुल, कुलक्रम, प्रजाति, वंश

**वंशक्रम** (पुं.) कुलक्रम, पितृपरंपरा, वंशावली

**वंशचरित** (पुं.) कुलक इतिहास, कुलपरंपरा

**वंशज** (पुं.) संतति, वंशज

**वंशपरंपरा** (स्त्री.) कुलक्रम, कुलपरंपरा, वंशपरंपरा, वंशावली

**वंशवृक्ष** (पुं.) कुलवृक्ष, वंशावली

**वंशागत** (वि.) आनुवंशिक, जनमाहु, वंशागत, कुलक्रमसँ आयल

**वंशानुक्रम** (पुं.) कुलक्रम, पितृपरंपरा, वंशानुक्रम

**वंशावली** (स्त्री.) वंशावली, कुलक्रम, पाँजि

**वंशी** (स्त्री.) बँसुरी, वंशी

**वक** (पुं.) बगुला, बक

**वकत** (स्त्री.) महत्व, मोल, मूल्य, दाम

**वकालत** (स्त्री.) ओकालति, वकालत

**वकालतनामा** (पुं.) ओकालतनामा

**वकील** (पुं.) वकील, ओकील, अधिवक्ता

**वक्त** (पुं.) समय, काल

**वक्त की पाबंदी** (स्त्री.) समयनिष्ठ, समयक पाबंद

**वक्तव्य** (पुं.) कथन, बयान, जे बजबाक हो, जे बाजब उचित हो, भाषण वक्तव्य

**वक्ता** (पुं.) बजनिहार, वक्ता, भाषणकर्ता
**वक्तृता** (स्त्री.) भाषण, व्याख्यान, वक्तृता
**वक्तृत्व** (पुं.) वक्तृत्व, भाषणक शैली, बजबाक कला भाषण, व्याख्यान
**वक्र** (वि.) टेढ, वक्र
**वक्रता** (स्त्री.) जे कथन घुमाएके कहल जाइत अछि, वक्रता, वक्रकथन संयुक्त
**वक्रदृष्टि** (स्त्री.) वक्रदृष्टि, क्रोधसँ देखब, गुस्सामे भौंह टेढ करब, वक्रनजरि
**वक्रोक्ति** (स्त्री.) घुमाएके कहनाइ, काव्यक एक अलंकार, वक्रतासँ युक्त कथन, वक्रोक्ति
**वक्ष** (पुं.) छाती, वक्ष
**वक्षस्थल** (पुं.) छाती, स्तन, वक्षस्थल, पयोधर
**वगैरह** (अव्य.) बगैरह, वगैरह
**वचन** (पुं.) कथन, बोल, संवाद, वचन
**वचनपत्र** (पुं.) वचनपत्र, कथनक-पाँति, प्रतिज्ञा
**वचनबद्ध** (वि.) वचनबद्ध, प्रतिबद्ध, वचन-पालन
**वचनभंग** (पुं.) वचनभंग, प्रतिज्ञाकेँ तोड़ब, अपन बातपर कायम नै रहब
**वजन** (पुं.) ओजन, वजन, तौल, भार
**वजनदार** (वि.) भारी, भरिगर, अधिक भारी
**वजनी** (वि.) भरिगर, अधिक ओजनबाला, अधिक भारी
**वजह** (स्त्री.) कारण, ओजह, हेतु, निमित्त, मूल
**वजीफा** (पुं.) छात्रवृत्ति, वृत्ति
**वजीर** (पुं.) ओजीर, वजीर, मंत्री
**वजूद** (पुं.) महत्व, सत्ता, अस्तित्व, मूल्य, मोल
**वज्रपात होना** (अ.क्रि.) वज्रपात होयब, ठनका खसब, भारी दुखद घटना
**वज्राघात** (पुं.) वज्राघात, बहुत कठोर आघात, वज्रसन आघात
**वटवृक्ष** (पुं.) बड़क गाछ, वट
**वटी** (स्त्री.) बड़िआ, गोली, वटी, बड़ी, छोट आकारक बड़
**वणिक** (पुं.) बनिआ, वैश्य, वणिक
**वणिकवृत्ति** (स्त्री.) खरीद बिकरीक व्यवसाय, बनिआ क कर्म, वणिकवृत्ति
**वतन** (पुं.) जन्मभूमि, राष्ट्र, मातृभूमि, देश
**वत्स** (पुं.) बच्चा, वत्स, बाछा, बौआ
**वत्सल** (वि.) दयालु हृदय, वत्सल
**वदन** (पुं.) मुखमंडल, वदन, आनन, चेहरा
**वध** (पुं.) प्राणहरण, हत्या, वध
**वधक** (पुं.) वधिक, जल्लाद, चांडाल, वध कर'-बला
**वधशाला** (पुं.) कआइखाना, कसाइघर
**वधू** (स्त्री.) पत्नी, वधू, कनिआँ
**वन** (पुं.) जंगल, वन, बन
**वन-जंतु** (पुं.) वनजीव, बनमे रह'बला प्राणी
**वनपाल** (पुं.) वनपाल, बनरक्षक
**वनमानुष** (पुं.) बनमानुष, बनमानुख
**वनरोपण** (पुं.) बनरोपण बनरोपनि, बनरोपब
**वनवास** (पुं.) बनवास, वनवास
**वनवासी** (वि./पुं.)बनबासी, वनवासी
**वनस्थली** (स्त्री.) बनस्थली, बनस्थान, बनक्षेत्र
**वनस्पति** (स्त्री.) वनस्पति, गाछ-बिरिछ
**वनस्पति-विज्ञान** (पुं.) वनस्पति विज्ञान
**वनस्पति संग्रहालय** (पुं.) वनस्पति-संग्रहालय
**वनिता** (स्त्री.) नारी, वनिता, स्त्रीगण, महिला लोकनि, जनीजाति
**वन्य** (वि.) जङली, वन्य, बनसंबधी, वन्य
**वपन** (पुं.) बीजारोपण, रोपब, वपन, बीआ छीटब, बोअब
**वपु** (पुं.) देह, शरीर, वपु
**वफा** (स्त्री.) विश्वास, निष्ठा, भरौस
**वफादार** (वि.) विश्वासी, विश्वासपात्र, विश्वसनीय, निष्ठावान
**वफादारी** (स्त्री.) विश्वासु, भरौसमंद, विश्वसनीय
**वमन** (पुं.) बोकरब, वमन
**वयःसंधि** (स्त्री.) वयःसंधि, बाल्य आ यौवनक मध्यावस्था
**वय** (पुं.) बएस, वय, उमेर
**वयस्क** (वि.) बालिग, प्रौढ, वयस्क

**वयस्क अपराधी** (पुं.) वयस्क अपराधी

**वयस्क मताधिकार** (पुं.) वयस्क मताधिकार

**वयोवृद्ध** (वि.) वयोवृद्ध, बएसमे श्रेष्ठ

**वर** (पुं.) दूल्हा, वर, पति, स्वामी

**वरण** (पुं.) चुनब, वरण

**वरद** (वि.) वरदाता, कल्याणकर, वरद

**वरदहस्त** (पुं.) वरदहस्त

**वरदान** (पुं.) वरदान

**वरन्** (संयो.) मुदा, मगर, किंतु

**वरिष्ठ** (वि.) वरिष्ठ, कालक्रममे अग्रतम, पैघ

**वरिष्ठता** (स्त्री.) वरिष्ठता

**वरीयता** (स्त्री.) वरीयता, वरिष्ठता

**वरीयताक्रम** (पुं.) वरीयताक्रम, वरिष्ठता क्रम

**वरुण** (पुं.) वरुण, जलक अधिष्ठाता एक वैदिक देवता

**वर्ग** (पुं.) वर्ग, समान वस्तु/व्यक्तिक समूह, कक्षा, श्रेणी

**वर्ग पहेली** (स्त्री.) वर्ग पहेली, बुझौअलि

**वर्गभेद** (पुं.) वर्गभेद, लोकवर्गमे भेद करब

**वर्गमूल** (पुं.) वर्गमूल, समान गुणनखंडद्वय

**वर्गसंघर्ष** (पुं.) वर्गसंघर्ष

**वर्गहीन** (वि.) वर्गहीन, बिना वर्गक, जे कुनु वर्गसँ संबद्ध नै अछि

**वर्गाकार** (वि.) वर्गाकार, चौकोर

**वर्गीकरण** (पुं.) वर्गीकरण, वर्गमे बाटब, वर्गमे वितरण करब

**वर्गीकृत** (वि.) वर्गीकृत, वर्गमे विभाजित

**वर्चस्व** (पुं.) वर्चस्व, प्रभाव

**वर्जन** (पुं.) मनाही, वारण, निषेध, वर्जन

**वर्जनीय** (वि.) निषेधक योग्य, वर्जनीय, त्याज्य

**वर्जित** (वि.) वर्जित, निषेधित, त्याज्य, मनाही, रोक

**वर्ण** (वि.) बरन, वर्ण, रंग,जाति, अक्षर

**वर्णक्रम** (पुं.) वर्णक्रम, वर्णमाला, सकल वर्णक क्रमबद्ध समूह

**वर्णन** (पुं.) विवरण पूर्वक स्वरूप कथन, स्तुति, प्रशंसा, वर्णन

**वर्णनकर्ता** (पुं.) वर्णनकर्ता, वर्णन कएनिहार, विवरण दएनिहार

**वर्णनातीत** (वि.) वर्णनातीत, जकर वर्णन नै भ’सकैत अछि

**वर्णनात्मक** (वि.) वर्णनात्मक, वर्णनक योग्य

**वर्णभेद** (पुं.) वर्णभेद, जातिक मध्य अंतर, रंगक मध्य भेद वर्णमाला

**वर्णमाला** (स्त्री.) वर्णमाला, वर्णक्रम, अक्षरक समूह

**वर्ण-व्यवस्था** (स्त्री.) वर्ण-व्यवस्था, जाति-व्यवस्था

**वर्णसंकर** (वि./पुं.)वर्णसंकर, मिश्रवर्ण, अन्तर्जातीय विवाहसँ वर्णक मिश्रण

**वर्णांध** (वि.) वर्णांध, रंगक पहचान जिनका नै होइत अछि

**वर्णांधता** (स्त्री.) वर्णांधता, रोग जाहिमे रंगक मध्य अंतर नै क’ सकैत अछि

**वर्णानुक्रम** (पुं.) वर्णानुक्रम, अक्षरक क्रम

**वर्णित** (वि.) वर्णित, वर्णन कएल

**वर्ण्य विषय** (पुं.) वर्ण्यविषय, कथावस्तु, विषयवस्तु, इतिवृत्त

**वर्तनी** (स्त्री.) वर्तनी, आक्षरिकी, अक्षर-प्रयोगक नियम ककहरा

**वर्तमान** (वि.) वर्तमान, चलि रहल, चालू, एखनुक, काल जे चलि रहल अछि

**वर्तमान सदस्य** (पुं.) वर्तमान सदस्य

**वर्तिका** (स्त्री.) बाती, वर्तिका, दीपक बत्ती

**वर्तुल** (वि.) गोल, वृत्ताकार, वर्तुल, मोट, स्थूल

**वर्दी** (स्त्री.) वर्दी

**वर्धक** (वि.) बढब, वर्धक, बढाएब, उन्नति कएनिहार

**वर्धमान** (वि.) वर्धमान, बढिरहल

**वशीभूत** (वि.) वशीभूत, वशमे कएल, काबूमे कएल

**वर्ष** (पुं.) बरख, साल, वर्ष

**वर्षगाँठ** (स्त्री.) वर्षगाँठ, सालगिरह
**वर्षा** (स्त्री.) वर्षा, वृष्टि, बरखा
**वर्षा-ऋतु** (स्त्री.) बारिस, वर्षा ऋतु
**वर्षानुवर्ष** (वि.) सालक साल, बरखक बरख, वर्षानुवर्ष
**वर्षामापी** (पुं.) वर्षामापी, बरखाक नापयंत्र
**वलय** (पुं.) कड़ी, कंगना, वलय
**वल्द** (वि.) पिता, जनक, बाप
**वल्दियत** (स्त्री.) पितृत्व
**वल्लरी** (स्त्री.) लता, वल्लरी, वल्ली, लती
**वश** (पुं.) वश, काबू, नियंत्रण, प्रभुत्व
**वसंत** (पुं.) वसंत, एक ऋतु, फागुन
**वसंती** (वि.) 1. वसंत ऋतुक हवा, बसंती, वसंतऋतु संबंधी 2. पियर रंग, पीत रंग
**वसन** (पुं.) कपड़ा, वसन, वस्त्र, पहिरन, बस्तर
**वसा** (स्त्री.) चरबी, वसा
**वसीयत** (स्त्री.) वसीयत, इच्छापत्र
**वसीयतकर्ता** (पुं.) वसीयतकर्ता, वसीयत कए-निहार
**वसीयतनामा** (पुं.) वसीयतनामा
**वसीयत प्रमाण पत्र** (पुं.) वसीयत-प्रमाण पत्र
**वसीयतवार** (पुं.) वसीयतवार
**वसीयत संपदा** (स्त्री.) वसीयत संपदा
**वसुंधरा** (स्त्री.) धरती, पृथिवी, धरा, भूमि, वसुंधरा
**वसुधा** (स्त्री.) धरती, पृथिवी, धरा, वसुधा
**वसूल करना** (स.क्रि.) ओसुलब, वसूल करब, ओसूल करब
**वसूली** (स्त्री.) ओसुलब, वसूल करब, ओसूल करब
**वसूली प्रभार** (पुं.) ओसुलबक भार
**वस्तु** (स्त्री.) चीज, असबाब, वस्तु, कोनो पदार्थ
**वस्तुतः** (क्रि.वि.) वस्तुतः, यथार्थ रूपमे वास्तवमे, वास्तविक
**वस्तुनिष्ठ** (वि.) वस्तुनिष्ठ, निर्वैयक्तिक
**वस्तुनिष्ठता** (स्त्री.) वस्तुनिष्ठता, निर्वैयक्तिक
**वस्तुनिष्ठ परीक्षण** (पुं.) वस्तुनिष्ठ-परीक्षण
**वस्तुपरक** (वि.) वस्तुपरक, वस्तुसँ संबद्ध
**वस्तु-विनिमय** (पुं.) वस्तुविनिमय, वस्तुक आदान-प्रदान करब
**वस्तु स्थिति** (स्त्री.) वस्तुस्थिति, वास्तविक स्थिति
**वस्तु स्थिति अध्ययन** (पुं.) वास्तविक स्थितिक अध्ययन वस्तुस्थितिक पता करब
**वस्त्र** (पुं.) कपड़ा, पहिरन, वस्त्र, बस्तर
**वस्त्र उद्योग** (पुं.) कपड़ाक कारखाना, वस्तु उद्योग, कपड़ाक मील, वस्त्र उद्योग
**वह** (पुं.) ओ
**वहन** (पुं.) वहन, अपना उपर भार लेब, उघनाइ, बहनाइ
**वहन करना** (स.क्रि.) वहन करब, उघब, बहब, ढोअब
**वहम** (पुं.) शंका, संदेह, संशय, द्विविधा, आशंका, शक
**वहमी** (वि.) संदेही, संशयालु, शंकालु, आशंका कएनिहार, सकी
**वहशियाना** (वि.) जंगली, असभ्य, पागलपन, उन्मत्तता
**वहशी** (वि./पुं.) जंगली, पागल, बताह, उन्मत्त, विक्षिप्त,
**वहशीपन** (पुं.) पागलपन, बताह होयब, उन्मत्तता, विक्षिप्तता
**वहाँ** (क्रि.वि.) ओहि ठाम, ओइठाँ
**वहीं** (क्रि.वि.) ओहि ठाम
**वही** (वि.) ओहन, ओहि सदृश, वैह
**वह्नि** (पुं.) आगि, अग्नि, वह्नि
**वांछनीय** (वि.) वांछनीय, प्रिय, कामना करबाक योग्य
**वांछा** (पुं.) वांछा, इच्छा, कामना, चाह, चाहति
**वांछित** (वि.) अभिलषित, वांछित, अभीष्ट
**वाकई** (क्रि.वि.) वास्तविक, निश्चितरूपसँ, यथार्थ, वस्तुतः

**वाक्** (स्त्री.) वाणी, बोल, भाषा, सरस्वती

**वाक्-चातुर्य** (पुं.) वाक्चातुर्य, भाषणकला, वाणीक चतुर प्रयोग

**वाक्-तंतु** (पुं.) वाक्तंतु

**वाक्-पटु** (वि.) वाक्पटु, बाजबमे पटु, वाग्मी, बजवामे दक्ष

**वाक-पटुता** (स्त्री.) वाक्पटुता, बजबामे निपुण, वाक्कलामे प्रवीण

**वाकया** (पुं.) घटना, समाचार, आयोजन, खबरि, वार्ता

**वाकिफ** (वि.) ओआकिफ, वाकिफ, ज्ञात

**वाक्य** (पुं.) वाक्य, शब्दसभक सार्थक समूह, कथन

**वाक्य विन्यास** (पुं.) वाक्यविन्यास, वाक्यक संरचना, बनावट

**वाक्यांश** (पुं.) वाक्यांश, वाक्यक अंश

**वाग्जाल** (पुं.) वाग्जाल

**वाग्दान** (पुं.) वाग्दान, वचनसँ द' देल गेल

**वाग्दोष** (पुं.) वाग्दोष, वाणीक दोष, बजैमे दोष

**वाङ्मय** (पुं.) साहित्य, व्यापक अर्थमे, वाङ्मय

**वाचक** (पुं.) वाचक, अर्थबोधक शब्द, बाजि-बाजि पढनिहार, वाचन कएनिहार, जेना समाचार वाचब

**वाचन** (पुं.) पारायण, सोच्चारण पाठ, वाचन, मौखिक पाठ

**वाचनालय** (पुं.) वाचनालय, स्वाध्याय-संस्था

**वाचाल** (वि.) फचाँड़ि, बहुत बजनिहार, वाचाल, बजंता

**वाचालता** (स्त्री.) बजंता, वाचालता, बहुत बाजबक प्रवृत्ति

**वाचिक** (वि.) मौखिक, वाचिक, जुबानी

**वाच्यार्थ** (पुं.) शब्दक प्राथमिक अर्थ, शब्दार्थ, वाच्यार्थ, अभिधेयार्थ

**वाजिब** (वि.) समुचित, तार्किक, वास्तविक, सही, ठीक

**वाटिका** (स्त्री.) बाड़ी, बाग, वाटिका, फुलबाड़ी

**वाणिज्य** (पुं.) वाणिज्य, बनिआक व्यवसाय

**वाणिज्यदूत** (पुं.) वाणिज्यदूत

**वाणिज्यदूतावास** (पुं.) वाणिज्यदूतावास

**वाणिज्यमंडल** (पुं.) वाणिज्यमंडल

**वाणी** (स्त्री.) बोली, वचन, भाषा, वाणी, सरस्वती

**वात** (पुं.) वायु, वात, शरीरक एक तत्त्व (आयुर्वेदमे) वात-पित्त आ कफ

**वातानुकूलक** (पुं.) वातानुकूलक, शीतताप-नियंत्रक

**वातानुकूलित** (वि.) वातानुकूलित, शीतताप-नियंत्रित

**वातायन** (पुं.) खिड़की, वातायन

**वातावरण** (पुं.) वातावरण, चारु दिसक, वायुमंडल, बाह्यपरिस्थिति, परिवेश

**वात्सल्य** (पुं.) वात्सल्य, बच्चाक प्रति प्रेम

**वाद** (पुं.) अपन मतक प्रतिपादन, वाद, वैचारिक सम्प्रदाय, विचारधारा

**वादक** (पुं.) वादक, बजनिआ, बाजा बजओनिहार, कलाकार

**वादकर्ता** (पुं.) वाद कएनिहार, वादकर्ता

**वादपत्र** (पुं.) वादपत्र, प्रतिवेदन

**वाद-विवाद** (पुं.) वाद-विवाद, उत्तर-प्रत्युत्तर, पक्ष-विपक्षमे उत्तर बहस, प्रत्युत्तर

**वाद-विषय** (पुं.) बहसक विषय, वादक' विषयवस्तु, मुद्दा

**वादा** (पुं.) प्रतिज्ञा, दृढ निश्चय, प्रण, संकल्प, वचन देनाय

**वादा-खिलाफी** (स.क्रि.) प्रतिज्ञा तोड़ब, प्रतिज्ञा नहि निबाहब

**वादा-निभाना** (स.क्रि.) प्रतिज्ञापूर्ण करब

**वादी** (पुं.) वादी, विवादक प्रथम पक्ष

**वाद्य-यंत्र** (पुं.) वाद्य-यंत्र, बाजा, संगीतक यंत्र जेना सितार, सरोद

**वाद्यवृंद** (पुं.) संगीत कएनिहारक समूह, बजाबज एनिहारक समूह, विविध वाद्यसंगीत कलाकार समूह

**वाद्यसंगीत** (पुं.) वाद्यसंगीत, बाजासँ उत्पन्न ध्वनि, बाजासँ बजाओल संगीत
**वानर** (पुं.) बानर, वानर
**वानिकी** (स्त्री.) बनक अध्ययन, वनसँ संबद्ध, वानिकी
**वापस** (वि.) आपस, वापस, घुराओल
**वापस करना** (स.क्रि.) आपस करब, घुराएब, प्रत्यावर्तन करब, वापस करब
**वापसी** (स्त्री.) आपसी, वापसी, प्रत्यावर्तन, घुराएब, लौटाएब
**वापसी टिकट** (पुं.) आपसीक टिकट, वापसीक' टिकट, घुरती
**वापसी यात्रा** (स्त्री.) आपसी यात्रा, वापसी यात्रा, घुरती यात्रा
**वाम** (वि.) बाम, वाम, विमुख
**वामन** (पुं.) बओन, वामन, भुट्ट
**वामपंथ** (पुं.) वामपंथ, वाममार्ग, एक समाजिक/ राजनैतिक विचारधारा
**वामपंथी** (पुं.) वामपंथी, वाममार्गी अनुसरण कयनिहार
**वामावर्त** (वि.) वामावर्त, अपन वाम हाथ दिस घुमैत कएल गेल परिक्रमा
**वादा** (पुं.) प्रतिज्ञा, वचन
**वामा** (स्त्री.) पत्नी, नारी, बामकात
**वायवीय** (वि.) वायुसंबंधी, वायुमय
**वायु** (स्त्री.) बसात वायु, वात, पेटमे उत्पन्न गैस, हाबा
**वायु-दाब** (पुं.) वायुदाब, वायुक दाब
**वायुपथ** (पुं.) वायुमार्ग, हबाइजहाजक बाट, आकाश
**वायुपोत** (पुं.) वायुयान, हबाइ जहाज
**वायु प्रदूषण** (पुं.) वायुप्रदूषण, वायु प्रदूषित पर्यावरण
**वायुमंडल** (पुं.) वायुमंडल, वातावरण, आकाश
**वायुमार्ग** (पुं.) वायुमार्ग, हबाइ जहाजक बाट, आकाश मार्ग
**वायुयान** (पुं.) हबाइ जहाज, वायुयान
**वायुरोधी** (पुं.) वायुरोधी, वायुक अवरोधक
**वायुसेना** (स्त्री.) वायुसेना, वायुसैनिक, वायुमार्गसँ लड़निहार फओज
**वायुसेवा** (स्त्री.) वायुसेवा
**वायुसैनिक** (पुं.) वायुसैनिक
**वारंट** (पुं.) वारंट, न्यायालय आदेश
**वार** (पुं.) दिन, बेरि, दफा, खेप, वार, आघात
**वार करना** (अ.क्रि.) प्रहार करब, आघात करब, चोट पहुंचाएब
**वारदात** (स्त्री.) दुर्घटना, दुखद घटना
**वारना** (स.क्रि.) निछाउर करब, त्यागब, छोड़ब, तेजब, समर्पण, बारब
**वारांगना** (स्त्री.) वेश्या, वारांगना, रंडी
**वारान्यारा** (पुं.) बहुत लाभ, खूब कमाएब
**वाराह** (पुं.) वराह, सुगर, शूकर रूपमे अवतीर्ण विष्णु
**वारि** (पुं.) पानि, वारि, जल, नीर
**वारिज** (पुं.) कमल, वारिज, कमलक फूल
**वारिद** (पुं.) वारिद, मेघ, बादरि
**वारिधि** (पुं.) वारिधि, समुद्र, सागर
**वारिस** (पुं.) मालिक, स्वामी, अधिपति, उत्तराधिकारी
**वारुणी** (स्त्री.) वारुणी, मदिरा, दारू
**वार्डन** (पुं.) अभिभावकीय संरक्षक, वार्डन
**वार्ता** (स्त्री.) वार्ता, कुशल समाचार, वृतांत, सूचना
**वार्ताकार** (पुं.) सूचना देओनिहार, कुशल आलेखकर्ता, कहनिहार
**वार्तालाप** (पुं.) वार्तालाप, गपशप, बातचीत
**वार्धक्य** (पुं.) बुढारी, बुढौती, वार्धक्य
**वार्षिक** (वि.) वार्षिक, वर्षसंबंधी, वर्षमे एक बेर भेनिहार
**वार्षिकी** (स्त्री.) वार्षिकी, वार्षिक अनुष्ठान/ उत्सव
**वालिद** (पुं.) पिता, बाप, जनक
**वालिदा** (स्त्री.) माता, जननी
**वाष्प** (पुं.) भाफ, नोर, वाष्प

**वाष्पन** (पुं.) भाफब, भाफमे सिझाएब
**वाष्पीकरण** (पुं.) भफाएब, भाफ होएबाक स्थिति
**वासंती** (स्त्री.) माधवी, वसंतक एक लतापुष्प, वासंती
**वास** (पुं.) बसनाइ, रहनाइ, वास, रहबाक नियमित स्थान
**वासना** (स्त्री.) धारणा, भावना, हृदयमे संचित कामना
**वासर** (पुं.) दिन, वासर
**वासी** (वि.) बसनिहार, वासी
**वास्तव** (वि.) यथार्थ, वास्तव
**वास्तव में** (क्रि.वि.) यथार्थमे, असलमे
**वास्तविक** (वि.) वास्तविक, यथार्थ
**वास्तविक आयु** (पुं.) यथार्थ बएस, वास्तविक बएस, वास्तविक उमेर
**वास्तविकता** (स्त्री.) यथार्थता
**वास्तुकला** (स्त्री.) वास्तुकला, भवन निर्माण कला
**वास्तुकार** (पुं.) वास्तुकार
**वास्तुविद** (पुं.) वास्तुविद्, वास्तुकार
**वास्तुशिल्प** (पुं.) वास्तुशिल्प, वास्तुकला
**वास्ते** (अव्य.) लेल, निमित्त, कारणे
**वाह!** (अव्य.) प्रशंसनीय कार्यक लेल प्रयुक्त शब्द, कमाल, सराहब
**वाहक** (पुं.) वहन कएनिहार, उघनिहार, पहुँचओनिहार, चालक, वाहक
**वाहकता** (स्त्री.) वहन करबाक भाव, वाहकता
**वाहक विमान** (पुं.) वाहक विमान, वहन कएनिहार वायुयान
**वाहन** (पुं.) सवारी, यान, गाड़ी, वाहन
**वाहन-भत्ता** (पुं.) वाहन-भत्ता
**वाहवाही** (स्त्री.) वाहवाही, यशप्राप्ति
**वाहिका** (स्त्री.) सिरा, नस, वाहिका
**वाहिनी** (स्त्री.) सेना, वाहिनी
**वाहियात** (वि.) अधलाह, बेकार, निष्प्रयोजन
**वाही** (वि.) वाहक, वहन कएनिहार, उघनिहार, चालक
**वाह्य** (वि.) बाह्य, बाहरी, बहरिया
**वाह्यांतर** (वि.) बाहरी आ भीतरी
**विकट** (वि.) भयानक, असामान्य, आकृति-बाला, जटिल विकट
**विकराल** (वि.) विकट, भयंकर, विशाल
**विकर्षण** (पुं.) विपरीत दिशामे घिचाएब, विकर्षण, विरक्ति
**विकल** (वि.) व्याकुल, आतुर, विकल, खिन्न, दुखी
**विकलांग** (वि.) विकलांग, जकर कोनो अंग आहत भ' गेल हो, निःशक्त अंगबला
**विकल्प** (पुं.) दोसर मार्ग/उपाय, प्रकारांतर, विकल्प, वा
**विकसित** (वि.) क्रमिक परिवर्तित, विकसित, फुलाएल
**विकार** (पुं.) अपन प्राकृतिक स्वरूपसँ विचलन, परिवर्तन, विकार, बिगड़नाइ
**विकारी** (वि.) विकारी, अपन स्वरूपसँ हटनिहार
**विकास** (पुं.) उन्नति, क्रमिक परिवर्तन, फलकब, विकास
**विकासशील** (वि.) विकासशील, विकास करैत
**विकिरण** (पुं.) छिटकब, छिड़िआएब, विकिरण
**विकिरण चिकित्सा** (स्त्री.) विकिरण चिकित्सा
**विकिरण चिकित्सा विज्ञान** (पुं.) विकिरण चिकित्सा विज्ञान
**विकिरण चित्र** (पुं.) विकिरणशीलता
**विकीर्ण** (वि.) विकीर्ण, छिटकल, छिड़िआएल
**विकृत** (वि.) बिगड़ल, विकृत
**विकृति** (स्त्री.) विकृति, बिगड़ल
**विकृति-विज्ञान** (पुं.) विकृतिविज्ञान
**विकेंद्रित** (वि.) विकेंद्रित, बांटल, पसारल
**विकेंद्रीकरण** (पुं.) विकेंद्रीकरण, पसार
**विक्रय** (पुं.) बिकरी, बेचनाइ, विक्रय
**विक्रय केंद्र** (पुं.) विक्रयकेंद्र, वस्तु बेचबाक स्थान, दोकान
**विक्रय-विलेख** (पुं.) विक्रय-विलेख
**विक्रेता** (पुं.) विक्रेता, बेचनिहार, दोकानदार

**विक्रेय** (वि.) विक्रेय, बेचअबाला वस्तु, विक्रय-बला वस्तु

**विक्षत** (वि.) घाएल, टूटल-फूटल

**विक्षिप्त** (वि.) बताह, सनकल, विक्षिप्त

**विक्षिप्तता** (स्त्री.) विक्षिप्तता

**विक्षिप्ति** (स्त्री.) विक्षिप्ति, सनकब

**विक्षुब्ध** (वि.) विक्षुब्ध, उत्तेजित, अशांत, रुसल, रुष्ट, क्रुद्ध

**विक्षोभ** (पुं.) विक्षुब्ध होएब, विक्षोभ

**विखंडन** (पुं.) काटब, रद करब, विखंडन

**विखंडित** (वि.) विखंडित, काटल, रद कएल

**विख्यात** (वि.) प्रसिद्ध विदित, नामी, विख्यात

**विगत** (वि.) बीतल, विगत

**विगलन** (पुं.) विगलन, मिश्रण, गलनाइ

**विग्रह** (पुं.) युद्ध, झगड़ा, देवमूर्ति

**विघटन** (पुं.) संघटन, अर्थात् संरचना टूटब, विघ्न, विघटन

**विघटनकारी** (वि.) विघटनकारी, अव्यवस्था उत्पन्न करबाक दुर्भावनाबाला, नका-रात्मक प्रवृत्ति

**विघटनशील** (वि.) विघटनशील

**विघटित** (वि.) विघटित

**विघ्न** (पुं.) भाङठ, बाधा, विघ्न

**विचरण** (पुं.) बुलब, टहलब

**विचलन** (पुं.) विचलन, सामान्यस्थिति/मार्गकेँ छोड़ब

**विचलित** (वि.) विचलित

**विचार** (पुं.) मनमे भावक संचार, चिंतन, अभिमत

**विचारक** (पुं.) विचारक, चिंतक, विचार कर'बाला

**विचारगोष्ठी** (स्त्री.) विचारगोष्ठी, सेमिनार, संगोष्ठी

**विचारणीय** (वि.) विचारणीय, विचारक योग्य विषय

**विचारधारा** (स्त्री.) विचारधारा, दर्शन

**विचारयोग्य** (वि.) विचारयोग्य, विचारणीय

**विचार-विनिमय** (पुं.) विचारक आदान-प्रदान, विचार-विनिमय

**विचार-विमर्श** (पुं.) विचारविमर्श

**विचार-शक्ति** (स्त्री.) विचार-शक्ति, विचारक ताकति, तागति

**विचार-स्वातंत्र्य** (पुं.) विचारक स्वतंत्रता, विचार-स्वातंत्र्य

**विचाराधीन** (वि.) विचाराधीन, विचारार्थ राखल विषय

**विचारार्थ** (वि.) विचारार्थ विचारक लेल राखल

**विचारित** (वि.) विचारित, विचार भ' चुकल

**विचारोत्तेजक** (वि.) विचारोत्तेजक, प्रबल विचार

**विचारोत्पादक** (वि.) विचार उत्पन्न करब, विचारोत्पादक

**विचित्र** (वि.) विचित्र, अजगुत, असाधारण

**विचित्रता** (स्त्री.) विचित्रता, असाधारणता

**विच्छिन्न** (वि.) टूटल क्रमबाला, मध्यमे अवरुद्ध, विच्छिन्न, भग्न

**विच्छेद** (पुं.) भग्न, विच्छेद, टूटल

**विच्छेदन** (पुं.) विच्छेदन, विच्छेदन होयबाक क्रिया

**विछोह** (वि.) वियोग, विरह, विछोह, बिछुड़न

**विजन** (वि.) जनशून्य, एकांत, विजन, सुनसान

**विजय** (स्त्री.) जीत, विजय

**विजय-पताका** (स्त्री.) विजय पताका, जीतक चिह्न, विजय-ध्वज

**विजय-श्री** (स्त्री.) विजयश्री

**विजयी** (वि.) विजयी, जितल

**विजयोपहार** (पुं.) विजयोपहार, जीतबाक पुरस्कार, इनाम

**विजातीय** (वि.) भिन्नजातिबाला, भिन्नतरहक, विजातीय, अनजातीय

**विजित** (वि.) जितल गेल, विजित

**विजेता** (पुं.) विजयी, जितनिहार, विजेता

**विज्ञ** (वि.) जननिहार, ज्ञाता

**विज्ञप्ति** (स्त्री.) विज्ञप्ति, सूचनापत्र, निवेदनपत्र

**विज्ञान** (पुं.) भौतिक विद्या, विज्ञान

**विज्ञानी** (पुं.) विज्ञानक ज्ञाता, विज्ञान जननिहार, वैज्ञानिक

**विज्ञापक** (पुं.) विज्ञापक, विज्ञापन, देब'बाला

**विज्ञापन** (पुं.) विज्ञापन, जनाएब, लोकक ध्यान आकृष्ट करबाक प्रचारित संदेश, प्रचार

**विज्ञापन करना** (स.क्रि.) विज्ञापन करब, प्रचारित करब

**विज्ञापित** (वि.) प्रकाशित, विज्ञापित

**विटप** (पुं.) गाछक-शाखा, विटप, पादप, छोट गाछ

**विडंबना** (स्त्री.) विषमस्थिति, विचित्रता, विडंवना

**वितंडा** (स्त्री.) उद्देश्यहीन निरर्थक बहस, वितंडा, कठविवाद जे केवल आनक मतकेँ काटक हेतु कएल जाय

**वितरक** (पुं.) बटनिहार, वितरक

**वितरण** (पुं.) बिलहा, बाँट, वितरण

**वितरित** (वि.) बाँटल, वितरण कएल, वितरित

**वितर्क** (पुं.) विपरीत पक्षक तर्क, वितर्क, विशेषतर्क

**वितान** (पुं.) चनबा, वितान

**वितृष्णा** (स्त्री.) विरक्ति, विकर्षण, नैराश्य, उदासीनता, वितृष्णा

**वित्त** (पुं.) धन, संपत्ति, वित्त, आर्थिक-साधन

**वित्तविधेयक** (पुं.) वित्तविधेयक,धनविधेयक

**वित्तीय** (वि.) आर्थिक, वित्तीय

**विदा** (स्त्री.) विदा, प्रस्थान, गमन, जाएब

**विदाई** (स्त्री.) विदाइ, बिदा होएबाक कालक व्यवहार उपचार

**विदाई भोज** (पुं.) विदाइक अवसर पर आयोजित भोज, सम्मान स्नेहमे प्रदत भोज

**विदाई समारोह** (पुं.) विादइ समारोह, सौप्रस्थानिक, सेवानिवृत्तिक अवसर पर आयोजित समारोह

**विदा करना** (स.क्रि.) बिदा करब

**विदा लेना** (स.क्रि.) बिदा होएब, अनुमति मांगब, बिदा होएबाक अनुमति

**विदारक** (वि.) विदीर्ण कर'बाला, फाड'बाला, बिदारक, कष्टकारक

**विदारना** (वि.) विदीर्णकरब, फाड़ब, चीरब, पसारब

**विदित** (वि.) ज्ञात, जानल, विदित, बुझल

**विदीर्ण** (वि.) फाटल, दरकल, विदीर्ण

**विदुषी** (स्त्री.) पंडिताइनि, विद्वान् महिला, विदुषी

**विदूषक** (पुं.) विदूषक, नाटकमे हास्याभिनेता, विपटा, निंदक

**विदेश** (पुं.) देशांतर, विदेश, बिदेस, अपन देशसँ भिन्न आनदेश

**विदेश-नीति** (स्त्री.) विदेशनीति

**विदेश प्रचार प्रभाग** (पुं.) विदेश प्रचार प्रभाग

**विदेशभत्ता** (पुं.) विदेश भत्ता

**विदेश-मंत्रालय** (पुं.) विदेश मंत्रालय

**विदेशयात्रा** (पुं.) विदेशयात्रा, विदेशक यात्रा

**विदेश-व्यापार** (पुं.) विदेशव्यापार

**विदेश सेवा** (पुं.) विदेशसेवा

**विदेशी** (वि./पुं.) देशांतरवासी, विदेशी, बिदेसी

**विदेशी मामले** (पुं.) विदेशी मामले, विदेशसँ संबंधित

**विदेशी मुद्रा** (स्त्री.) विदेशी मुद्रा, विदेशक टाका

**विद्यमान** (वि.) स्थित, वर्तमान, टिकल, विद्यमान

**विद्या** (स्त्री.) विद्या, ज्ञानराशि, शास्त्रज्ञान

